Ongka 1, Kemis kaping 4 Januwari 1879

Surakarta
Kala angrintenaken tanggalkaping 29 Dhesember kapengker punika, Kanjeng Pangeran Arya Anyakrakusuma putra dalem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan sapunika seda, ing dinten Senen tanggal kaping 30 wulan wau wanci jam 11, siyang kunarpa kaangaktaken dhateng ing astana Imagiri sarana kareta asep, menggah rerengganipun kunarpa, punapa dene pakurmatanipun boten anguciwani, malah kenging kabasakaken amamunjuli ing samuwanipun para priyantun ageng alit tuwin bongsa luhur jawi ing Surakarta meh sadaya sami anguntabaken saha nalika bidhalong kunarpa sarta sadumuginipun ing setatsiyun Surakarta, mawi kacihnan ungeling Mariyem ngantos ambal-ambalan.
Pujining kang para tresna, mring jeng pangeran ingakng lalis mangubingratdon satata, mugyantuk kara sajati, ywa kasiwo ing margi, ngadhatona ing Puragung, line ber barkah allah, netepana kang kaesthi, pinaringan gagantunganing sawarga.Amin.

Sampun rambah-rambah wonten panjurung ingkang sami anyaruwe pamemenipun sinjang, wonten pinggiring radinan ageng beking kampung kauman panggenan ingkang kadamel ameme wau, pancen marginin ggrobag tuwin kapal momotan dados grobag tuwin kapal momotan anyingkiri memeyan aseing aseing medal ing tengah,mongka andulu watakipun para konca momot anggenipun ken anglampahaken grobag tuwin kapalipun saestu pamememenipun sinjang pinggiring margi wau, andadosaken mutawatosipun kareta sapanunggilipun embok bilih tunjang-tunjangan anuwuhaken sangsara. Sarehning lalampaha punika kasub ing bekipun pulisi, punapa priyantun pulisi ingkang dinunungaken ing kauman boten ta conggahanandukaken wenangipun amurih sirnaning lalapah wau. Saestu bilih para priyantun pulisi alit sami anglamapahi bekipun ing satemen-temenipun kados nagari asale omber, saged amanggalih prakawis ingkang ageng, ingkang acuwuhaken indhaking raharjaning praja, kadosta, pangudinipun dhateng ngabotohan bilih boten kadhawhawan saking ing nginggil inggih boten kalampahan punapa malih lalampah awon ingkang andadosaken resahing pakampungan inggih boten kasaruwe bilih dereng wonten ingkang angggutag utawi dereng tampi dhawah saking mminggil punapa ngantotohan kaanggep remeh, tiyang lek-lekan kalihan tiyang ngabotohan saestu wonten bedanipun ananging asring aseing kapethuk tiyang mantuk jagong namung kathokan kemawon lo, punika punapa boten tutuwuhing ngabotohan awin jagonganipun ingkang kadamel cagak lek kertu, ananging totohanipun asring asring langkah saking ing murwat kadadosanipun inggih balindhis kerep anuwuhaken osiking kang manah dhateng ing awon tiyang lajeng kamipurun anyahak dhateng darbekingliyan. Mugi kagaliha para ageng.

Nalika dalunipun kaping 31 Dhesember jawajipun saha ngriwis, enjingipun kula dolan dhaeng ing Lawiyan kapethuk kaliyan tiyang estri ingkang anggegendhong badhe sadeyan dhateng ing nagari, sasandhanganipun sami keproh pating keyuyus, kula pitakeni: kasabab dening banjiripun ing lepen Pelemwulung, dene sagedipun kalampahan dumugi ing bangwetan sarana dipun lanting dening titiyang sacelakipun ing ngriku, saupami boten purun kalanting kedah angambah margi ngengkol ingkang angubengi pasareyan dalem Lawiyan dhatengipun wonten ing peken badhe kasiyangen. Pramila bilih wektu mangkatenpunika andadosaken kabingahanipun para nem-neman ingkang niyat agaot ngrabekaken epek-epek, awit lajeng sedhiya dados juru panglanting, mongka estri sade sedhah punika kathah ingkang radiklemis-klemis.
Boten kenging dipun wastani basa kaumukan, tiyang ingkang anguwartosaken saenipun margi bawah ing GEdong Tengen, sanadyan boten onjo piyambak, ananging kenging kagelengaken anretepi ing pangajeng-ajeng, awit kawontenanipun margi neracak ageger sapi, dhaha sarta

gumrining, among margi pratigan ingkang anjog dhateng ing kabupaten taksih kuciwa sanget, awit sami jeblog, punapa pancen boten kaupadamel.
Dereng lami ing Bramartani suka pepenget prakawis cina dagang wacucal lembu ingkang manggen ing sakidulipun griya pajagen ing Natakusuman asring aseing angepe wacucalipun wonten sapinggiring margi, ambetipun wacucal wau anglangkungi banger, suprnadene taksihkungkulan kaliyan kawontenanipun pasamakanipun cina dagang ingkang manggen ing sawetanipun griya pajagen ing Ngadikusuman, awit wacucalipun ingkang kaepe wonten sapinggiring margi ngriku taksih teles saweg mentas kasamak, dados ambetipun bacin angenek-eneki, ambet banger mangkaten punika prayogi sanget bilih kadamel anggodha atasing seger kasarasan. Mugi mugi parentah karsaha anyaruwe ingkang tumuten,.
Sanadyan ing mangke masajawah, suprandene kula asring asring maireng pawartos sampun wonten ingakng nemahi pejah, pramila prayogi ingkang angatos-atos yen wonten ingakng kenging ing sakit cacar, inggal kasingkirna, sampun ngantos kacelakaken kaliyan ingkang dereng nate sakit cacaren supados sampun ngnatos anulari.
Sareng ingmangke jawahipun angreceh, titiyang alit ingkang pangupajiwanipun among abeberah, kathah ingkang sami anggersah, sabab yen ing wanci enjing sedhengipun tiyang pados pandamelan sampun wiwit grimis dipun tekadi anglucud derengkantenan bilih angsal pandamelan awit kabenthengen denign jawah ingkang anglandeg sadinten, mongka angancik dhiwahipuning brahat padatanipun titiyang jawi, sanadyan boten gagadhah inggih nyambut nyambut parlu kadamel sidhekah ing wulan mukaram, mugi mugi parentah karsa amranata ing sapikantukipun.

Cariyosing lalampahanipun Putri Pipitu
Wonten raja akagungan putra putrid pipitu, ingkang sami ayu warniiun wuragilipun anama Dewi Baliyah, punika ingkang langkung saged katimbang para sadherekipun. Sarehning nalika para putrid wau tinilaripun sedan gang ibu taksih timur, dados anandhang susah sanget awit boten wonten ingkang ngopeni,. Ing saben saben sang raja lenggah angrembag prakawis ingkang migunani nagari, para putrid sami angolah-olahaken dhadhaharan ingkang rama gentos-gentos. Anuju satunggiling dinten papatihipun sang raja puput yuswanipun atilar garwa sarta putra estri satunggil ing saben dinten manawi para putrid angolah-olahaken dhadhaharan ingkang rama, warandhaning patih akaliyan anakipun amurugi nedha latu, dewi Baliyah asring asring wicanten dhateng sadherekipun tembungipun: wong iku purihen lunga, cik men adadek geni ana ing omahe dhewe,menawa kebanjur-banjur enggone anjaluk geni marene, masthi andadekake sangsara ku lan para sadulur, ananging sadherekipun wonten ingkang mangsuli, tembungipun: Baliyah kowe menenga, sabab apa kowe pendhak-pendhak anyenyela marang wong wadon malarat iku, embok iya sikmen anjukuk geni ing kene sathithik warondha anunten lumebet ing pawon amendhet latu, manawi pinuju boten wonten tiyang sumerep dhadharan ingakng badhe dados cawisanipun sang raja dipun dekeki siti.
Sang raja sanet awelas asih dhumateng para putranipun jalaran sasedanipun ingkang garwa, punika ingkang angolah-olahaken dhadhaharan saha saupami ingkang ngolah-olahaken dhaharan dede putranipun saestu badhe kawatos bok vilih kenging wisayaning mengsah saking ingkang kadhahar, kala sang raja aningali siti wonten ing dhadhaharan anggalih manawi among awit saking kiranging resikan para putranipun boten pisan-pisan kagalih manawi saking pandamel sanajan sampun kerep kerep mangkaten putranipun boten dipun dukani, sabab kapambeng dening welasipun.
Saweneh dinten sang raja alampah singidan badhe uninga kados pundit anggening dhadhaharanipun kaolah, pamurihipun angonangana ingkang dados sababipun dhadhaharan wau wonten sitinipun sang raja tumunten lumebet ing kamar sasisih ingpawon anginjen saking babolonganing tembok ing ngriku anguningani resikaning para putranipun dhateng sabarang ingkang kaolah, bilih sadaya badhe dhadhaharan sampun dipun bumboni,lajeng wonten putrid satunggil ingkang pancen dados juru angengkrengaken ing keren boten dangu warandha ning

patih katingal dhaeng ing korining pawon anembung nedha latu, kados adat Dewi Baliyah wicanten kamoran nepsu tembungipun, sabab apadene kowe teka ora adad geni ing omahmu dhewe, saben-saben anjaluk geni marene, e, sadulurku, muga aja anglilani wong iku anjaluk geni renemaneh, cikmen tuku kayu dhewe, sadherekipun pambajheng mangsuli, wicantenipun: Baliyah,cikmen ta wong malarat iku amek geni lan kayu, dheweke rak ora gawe piala marang aku lank owe, ananging dewi Baliyah mangsuli,wicantenipun: bokayu, Manawa wong iku saben saben kaliyan amek geni marene, amasthi bakal gawe sangsara ku lan para sadulur, sarta ing buri aku kaduwung.

Saking kamar sasisih ingpawon sang raja aningali warandhaning patih amurugi panggenan cumawisipun ingn dhadhaharan saha nalika amendhet latu satunggil tunggiling dhadhaharan kadekekna siti, kala sang raja aningali patrap mangkaten punika sakalangkung ing dukanipun lajeng andhadhawah nyepeng waragndhaning patih kaladosna ing ngarsanipun.

Wonten ngarsanipun sang raja warondha matur, manawi pandamelipun wau among supados dados jalarankalampahanipun sowan ing sang raja, sarta kadugena anggenipun badhe asaos atur, wektu amamatur sanget alus ing tembungipun saha agumunaken sagedipun amendhet galihipun sang raja ingkang amurih piyambakipun kalepatakensaking paukuman wasananipun sang raja sirna dukanipun malah kacaryan ing galih, warondha lajeng kapundhut garwa, kamanggenaken wonten salebeting kadhaton akaliyan anakipun.

Sang Dayita sakalangung sengit dhateng para putrid, putranipun kawalon sarta angudi pikantukipun margi anggenipun badhe anyertu, supados putranipun piyambak tampiya kasaenan sangking sang raja saha dadosa putrining kadhaton sang Dayita boten pisan-pisan kagungan sedya abdhe anarimah dhateng kasaenanipun para putrid wau, ingkang kaesthi among sageda anandukaken panggodha.

Ing mangsanipun tiyang nedha para putrid wau, among kacawisn roti tuwin toya sakedhik mongka sabenipun muktiwibawa sarta boten kakirangan busana ingkang adi,mila rumaos sanget anandhang sangsara miwah susah ing galihiun saen dinten paa putrid sami kesah dhaeng astananipun ingakng ibu sarwi muwun sarta sesambat ibu-ibu punapa sampeyuan boten anguningani sangsaraning putra sampeyan saha kados pundit kula kaluwekaken dening ibu kula kawalon.

Anuju saweneh dinten nalika para putrid amuwun malih wonten sacelaking kijingipun ingkang ibu, aningali witjeram wohipun ambiyet pating grandhul ingkang sami mateng sarta eca raosipun paraputri nunten angundhuhjeram sarta kadhahar, ciptaning galih badhe boten karsa adhahar malih cacawisanipun ananging samasa nandhang luwe lajeng sami hdateng astananing kang ibu adhahar jeram.

Sang Dayita angandika dhateng putranipun aku ora sumurup marang lalakoning putrid pipitu, dhweke calathu ora susah diwenehi pangan nyatane iya ora mangan ananging ora sangsaya kuru lan cahyane manther bae,malah kaanane wuwuh seger sarta ayu, beda karo kowe.

Sang Diyata nunten utusan putranipun angadhang para raja putrid saha kadhawahan nelik punapa wonten ingkang suka tedha dhaengpiyambakipun, ing wanci enjing para raja putrid lumampah dhateng astananipun ingkang ibu, putraning patih tut wingking, salajengipun sumerep manawi raja putrid angundhuh jeram.

Dewi Balnah ingkang sumerep putraning patih lajeng wicanten dhateng sadherekipun tembungipun: apa kowe ora weruh, yen anaking patih anelik laku ku sapara sedulur, ayo padha nundhung dhweke, utawa andhelikake jeruk iki, Manawa ora mangkono masthi bakal amadulake apa kang padha linakonan marang biyunge, lan bakal andadekake kasusahan aku sapara sedulur.

Satunggiling sadherekipun dewi Balnah wicanten tembungipun: Balnah kowe aja luwih bengis ora ora ne anaking patih anduweni sedya ala banget gonemadulake kowe marang biyunge, malah becik tinakonan apa arep angicipi jeruk, putraning patih nunten dipun ulungi jeram satunggil sasampunipun anedha lajeng mantuk apratelakaken dhateng kang ibu, tembungipun: ibu, kula boten eram dene para raja putrid boten karsa andhahar cacawisanipun margi astananipun ingkang ibu wonten witipun jeram ingkang whoipun asring asring dipun undhuh dados tedhanipun kula

ugi sampun nedha satunggil salami kula gesang dereng nate anedha jeram ingkang raosipun eca kados jeram wau.
Badhe wonten sambetipun. Kajawekaken saking basa Malayu dening S.P. Ing Kratonan.

Wangsulan dhateng T.R. MMagangan Keniten ing Wriyadiningratan.
Asmaradana. Dahat renaming tuyas mami, nanggappi srat jengandika, kang malembana wiyose, maring S P ing Kratonan, lan nyangking Asmaningwang, sira kadereng sawastu, mah tyakensotaning driya. Peksarsa anayogyani, miyat kawruh kayektian.,panglocitan ta ing mangke, lir nguswarumingkang padma, sumyah umalbeng ngongga, dadya arasaning kalbu, misungsung arsa yeng nala. Malah wonten kang amuni, kaladuken sawatara, lir anuunjunt antebake, amingkis kang andupara, ngarani samya limpad, ing kawruh sabab angelung, ing reh maring kasunyatan. Prasasatan pasisiring, yeku ing pamisranira, panggagas ingkang mangkono, bokmanawa kliru tompa, lamun mungguh wakingwang, parlu musthikaning parlu, tan lyan prakara agama. Iku kena den arani, mongka pathokaning cipta, nanging iya saksenenge, wondene pamintanira, ing ngabtumambang inhgkang, arka wanci ngumunumun, kagantyan prabaning cahya. Bang-abang wetan kaeksi, sumirat maring akasa, tan kawuryan lumrenge, lawen kanang moncawarna, mangkene wijangira, kuing ijo abang biru, kuning mas lan kapuronta. Yeku kaprah den arani,mlugu sunaring baskara, dhwe nalikane,mlethek, rumamreng mring rawis mara, nanging yen elmu palak, kalamun masa puniku, mangkaten panerangira. Mungguh ingkang den arani, mlethek sumuruping ngarka, mung basak lumrahing ngakeh, kalantur datan rinasa, sayektine hyang surya, datan malethek mungsurup, wondene tatelanira. Bumi ingkang angubengi, indhen dalem patlikur jam, sapisan iku tegese, among muybeng saubengan, decahya moncar warna, yeku susumubing banyu, utawa tanduking daya. Kang saking naliyaneki, akeh kalamun winarna, sarta sira apitakon,priyayening wektu enjang, genging surya kalintang, pan setan karya rapuh, mangkaten panerangira. Kalamun sira umeksi, saluhuring cakrawala, tumrontong mamba srengenge, malah ageng tingalira, satedhok datan siwah, amawapraba umancur, puniku tikelingpraba. Kagawa dening pangeksi, wawasan saking kadohan, sadhegnah maujud katon, rada dhuwur sawatara, mongka nyatane surya, dereng prapta enggonipun, woring bumi lan akasa. Among uwalanireki, tinanggapan dening toya, tumikel ing wekasane, animbulken kawujudan, ingkang dereng kababar, pramila papanasipun, karasa datan patiya. Geseh yen ing tengah ari, yeku saluguning praba, aruna ingkang sumorot, mila panase kalintang, wangwang surya diwasa, cekaking gunem umangsul, panjarwa kadi duk enjang. Nanging taksih kathah ugi, kang anyabab tan den andher, ing ngatasipun patakon, cukup kalamun kinarwan, kadya kang wus winijang, wondene katranganipun, kang kawstan candhikala. Tan lyan susumubing warih, mangkaten cekakanira, den terangna sakabehe, maujud ingkang anyabab, tangeh lamun rinipta, ngriki sanes papanipun, mundhakan akarya ewa.//i// Katandhan M.T. Ing Kadipala, mitranipun S.P.ing Kratonan

Panjurungipun saestu tuwin pun Warta sanyata sami boten kapacak awit sami boten amrasajaken namanipun ingkang saestu. Jurungarang.

Ongka 2 Kemis kaping 9 Januari 1879

Pawartos kawat saking Eropah
ISTAMBUL, Sultan ing Turki sampun andhawahaken bab ing bdhaminipun kalihan ustenreik saha sampun amatah nayaka, kinen angleresaken pagnelaring watesipun praja grikenlan amendhet saking bawah Turki. Sultan ing Turki angrembag anggening badhe aminta saraya kangge raragading praja, mawi katanggel praja liyan.

PETRESBUREH, serat pawartos sami angwedharaken bilih Ruslan abadhami kalihan Ami ring AFganistan angekahaken prajanjiyan lami ingkang anjibahaken dhateng Ruslan ananggulangi bedhahipun tanah Afganistan.

KALKUTAH, Yakub Khan awit saking gumolonging rembagipun para nayaka, ing mangke jumeneng Ami ring Afganistan menggah Yakub Khan wau putranipun pambajeng sang Amir ingkang ing mangke sampun aseleh kaprabon sampun nate kakunjara ingkang rama tigang taun laminipun saha kacariyos ragi wegig dhateng nalar kaprajuritan tuwin mungggguh ing kaluhuranipun.

WENEN, Sultan Turki sampun amarengaken pangelaring watesipun nagari Montenegro, anglojok tanah Turki.

Pawartos saking (Ng)Aceh
Benteng masjid Lamyong sampun kapikut soldhadhu pejah satunggal kataton gangsal, oOpisir satunggal, sareng angrisak baluwartinipun beteng wau, wonten kapitan satunggal taton sanget raja teluk nerut asowan ing Kitharaja, acumadhong prakawis bab asil.

Surakarta
Amarengi dinten Krama dalem Srimaharaja Nederlan ing Dalem paresidhenan wonten pasamuan menggah pranatanipun pasamuan wau, sami kalihan pasamuhanipun tingalan dalem wiyosan srimaharaja, ingkang sinuhun kanjeng susuhunan inggih anedhaki, kondur dalem wanci jam tiga enjing.
Ing sacelaking buh lepen leengan wonten kere mecati badhe pejah anggenipun wonten ing ngriku kere wau sasumerep kula sampun tiga dinten aananging boten wonten ingkang anglegewa.
Kala kaping 9 Dhesember kapengker punika, tiyang nama Trunamenggala pinuju anyambut damel wonten ing griyanipun tuwan W ing sambireja bawah Sragen dumadakan kacakot dening segawonipun tuwan W wau, Trunamenggala angancam mancam bilih segawon anyakot malih badhe dipun pejahi, pangancam-ancam wau kapireng dening tuwan W, andadosaken nepsunipun Trunamenggala lajeng dipun pisakit ngantos anjalari pejahipun.
Wonten sawneh tiyanging kampung pamotan ingkang sanget angenipun kapengin sugih utawi dados priyantun kapinujon boten antawis lami anggenipun karaos manahipun kadhatengan tiyang saking kawageyan tanah Bayalali, sumerep osiking manahipun tiyangingkang dipun dhatengi, pitembungipun tiyang kawageyan wau, sagah badhe

anyukani isaratipun kadugena ing sakajengipun ananging ingkang gadhah griya kinen kesah upados tawas ingkang panggenanipun tebih saking kampung ngriku, punapa malih batihipun inggih kinen sumingkir sadaya awit anggenipun badhe amumuji supados sampun ngantos kadenganan ingakng gadhah griya bingah sanget rumaos badhe kadugen saesthining manahipun gupuh lajeng anundhungi batihipun saha piyambakipun inggih lajeng kesah angupados tapas sareng sampun amendhet tapas saha sampun sawatawis dangu nipun anggening kesah, aingkang gadhah girya lajeng mantuk ambikak konten sareng aningali tiyang wau boten wonten saha d wuwungipun inggih musna, lajeng acaluluk lah bilahi aku, saiki kalebon cina gundhulan wangsuling griya sasarengan kaliyan ingkangtri, dados ingakng estri amireng sambatipun wau, lajeng kawelehaken pakne thole, wong dak tuturi ora ngandel wong sugih iku kudu kalakon saka anyambut gawe, gemilan wekel mungggguh kapriye yen kalakone saka katemenaning pangengeran surti lan gati menyang sabarang karsaning bandara, payo lakonana kandhaku iki, masthi bakal kalakon ing sakaremu, bareng insarat iku panemuku, p[adha karo besel mandar anipisake pangerngeran awit Manawa asalin pacandhelanamu,kowe bakal ora dipitaya, sabab wong kang landhesan besel iku wong ala, mawi tinengeran Bramana ambaraksari ratunggal.

Panjurung

Tiyang pakampungan ing salebetipun nagariSurakarta, ing sadinten-dinten kadhawahan sarta mawi kauring-uring, kapurih damel sae bebahanipun radinan ageng sampun ngantos jeblog ngolah-ngalih, anaming sadaya margi kedhik ingkang sampun prayogi, awit panggarapipun radinan boten damel inggil ing tengah teksih sami katingal radin kemawon, mila bilih wonten jawah jeblogipun nolah-ngalih, ing mongka sapunika sakelangkung kathah kareta grobag kapal momotan kang langkung ing radinan ageng meh boten wonten kendhatipun rinten dalu, tuwin tiyang lumampah dharat ugi sakelangkung dening kathah, ingkang punika punapa boten kenging kasaekna ingkang sak yeltos, bok bilih ingkang ngasta wjib amarsudi temen sarta mawi kagantungan kukum bilih dhawah boten kalegsanan sakin gwetawis mokal yen boten ajriha ingkang gadhah garapan, para tiyang ingkang sangking monca nagari samilumampah rantap-rantap wiraosanipun , o, kok eman temen Negara gedhe lurunge ora diopeni. Kaserat ing Tyas Raja sinengkalan PUjongga ngambarangesthi gusti pun Kyai Temen.

BATAWI

Tuwan-tuwan ingkang angsal anyepeng apyun peteng salebetipun sela giling Ngancet kala ing dinten saptu kapengker punika angsal anyepeng apyun peteng malih, ignkang gadhah tiyang Cina saking Singapura awasta Li A Nam dhatengipun wonten ing ngriki anumpak baita Prasman. Li A Nam wau kathah menggah babektanipun barang, sarta ambekta enceh kakalih, sakin gpratelanipun among isi angger-angger, ananging yen kagalih tan tingipun sanes wawrat bilih enceh kakalih punika ngemungna isi angger-angger, awit saking awratipun, pramila tuwan ingkang jagi ing ngebum anggdhahi sujana, panggargasipun embok manawi enceh kakalih wau pancen wonten isinipun maujud sanes. Wasana kontening gudhang kasuprih nginep, saeng sampun minep pun Li A Nam kaistara anggenipun kalithihan jalartan saking rumaosipun boten saged oncat, enceh

lajeng kagledhah ananging isinipun among angger-angger thothok, sanajan panggaledhahipun tuwan wau boten angsal damel nanging dereng amarem ing galih, yen kasujananipun wau tanpa akayeltosan pramila encehipun kadhawahan mecah, sareng sampun pecah lajeng kapanggih isinipun candu, dipun wawrat werat 204 tail.
Ing mangke sareng titiyang ingkang lampah salingkuh asring asring kacelik, embok manawi badhe andadosaken sudanipun salingkuh ing sawatawis.

Kinanthi atur panjuwun, katurra sumitra mami, M T kampung Kadipala, kang wus karsa narbukani, pamitamba kakodhengan, tumambanging rat dityari. Tumrap Koran wedalipun, ongka sapisan marengi, dinten Kemis ping sakawan, januwari ongka warsi, seu wolungatus miwah, pitung dasa songa muni. Katrangan salajengipun, nyumeploken ing tyas nmami,mamanah ulun prasasat, karuban ing Madugendhis, dadya wewah sung manrma,kalingga murda pinunthi. Cinancang munggeng gegelung, tinrap gelaring pangeksi,mugi-mugi rumangrema,lumengketing sanubari,temah dados sagagaran, pamiyatking reh tang werit.Anggayuh sadungkapipun sinau damel mawarti, paduka kanga sung bondha, beya mrih kinarya kanthi, kondha kandhaning uwudan, widadaha ing pangudi. //i//
Katandhan magangan keniten ing Wiyadiningratan pun T.R..

Candhakipun Cariyos Putri PIpitu
Sareng sang Dayita miring aturing putra, awit saking darengkipun andadosaken sakalangkung susahing galihipun saha lajeng boten miyos-miyos saking kamar, sarta matur dhateng ingkang raka bilih gerah puyeng sanet sang raja anantun dhateng kang garwa punapa ingkang masthi tumunten dipun lampahi, supados inggal senggang.
Sang Dayita matur ugi wonten ingkang saged angicalaken sakit kulaing astananipun garwa dalem wonten witipun jeram satunggil ingkang langkung prayogi, punika mugi wontena karsa dalem utusan negor, witipun kabekta amariki kagodhok kaliyan oyod-oyodipun manawi toyanipun kaangge nelesi rah kula, amasthi kula lajeng saras.
Sareng sang raja miring atur makaten anunten utusan abdi dawatawis kathahipun anegor wit jeram ingkang thukul wonten astananipun kang garwa, sasampunipun kategor, wit dalah oyod-oyodipun lajeng kagodhog sareng sang Daiyta sampun aneles mestakanipun kaliyan toya godhoganing wit jeram tumunten matur pratela dhateng ingkangraka yen mantun gerah puyeng, saha karaosing sariranipun pulih kados ing waunipun.
//SINOM// Sangkaya inesing gita, dupi paranarpa putrid, mentar mring kuburingrena, tan miyat wit jeram nguni, kaget ngungun tan sipi, nir sadarga karanipun, dadya sru trenyuhing tyas, denya tinilaring wibi, pating kringik tangise ngraron tondriya. Awit katrap turidarda, aman ruminta ing widhi, sung ngausadaning rapa, wau ta duk raja putrid, mular magres mamuji, gya wonten tlaga kadulu, sajuga datan wiyar, warihe asalin warni, dadi puwan akenthel pindha dharan. Nalikaa sang putrid narpa, anon aneh ing kadadin, anduga pitulung suksma, nembadani kang pamuhi, mila dangu cap sami, mususung sokur hyang agung, myang gal mrepeki tlaga, dhahar puwan tuwuk nganti, reh raose eca lan arum kang gonad.

Sareng makaten punika smapun kalampahan sawatawis dinten sang dayita ngandika dhaten gputranipun aku kodheng, dene para raja putrid ora susud awake lan cahyane manther bae, mongka wit jeruk kang thukul ing kuburing ibune wus kategor, sarta sadhiyane pangan katampik.
Putraniupnmatur, mangke kula anelik malih pratingkah ing para raja putrid, saweneh dinten nalika para raja putrid lumampah dhateng astananing pun kang ibu, putraning patih angodhol saking katbiyan kalapa raraja utri amendhet puwan saking talaga, dewi Balnah andengangi putra ning patih, anunten wicanten dhateng sadherekipun tembungipun: galo anaking patih nelik ayo padha linggih angupeng talaga iki, supaya dhweke ora sumurp isine, sarehning sadherekipun amanah bilih dewi Balnah sanget botenpitados dhateng putraning patih, mila putraning patih lajeng kaundang dipun sukani tuwan, sasampunipun anedha puwan tumunten mantuk dhateng kadhaton sarta amadulaken pratingkahipun para raja putrid dhateng ibunipun,
Sareng sangDayita miring aturing putra, sakalangkung bendunipun saha lajeng utusan abdi asngisak astananing marunipun sarta sela-selanipun kadhawhan masekaken ing talaga wau, ewadene mangkatenpunika dereng andadosaken leganing galihipun liya dinten Sang Dayita angundher kemawon wonten ing kamar, saha utusan matur dhateng ingkang raka, yen gerah sanget ingkang kagalih badhe anjalari sedanipun.
Sareng sang raja miring pratelan mangakten punika sanget susah ing galihipun sarta andangu dhateng ingakng garwa, jampi punapaingkang tumunten kadhahar, supados waluya kados ing waunipun.
Sang Dayita matur, among wonten usada satunggil ingkang saged angicalaken sakit kula, ananging kula nginten bilih ingkang dados atur panuwunkula, badhe boten panjenenegan dalem turuti.
Sang raja ngandika, aku prajangji mesthi amituruti apa kang dadi atur mu. Dayita matur: Amurih kula wilujeng, putra dalem pipitu mugi sami dipun telasana, mangke rahipun kagosokaken sirah tuwin asta kula, amasthi kula lajeng saras.
Sareng sang raja miring aturing kang garwa sakalangkung susah miwah pakewed inggalihipun ananging sarening sampun kalajeng prasetya mesthi anuruti punapa ingkang dados aturing kang garwa, dados inggih tedah dipun tuhoni, sang raja anunten linggar saking kadhaton angupadosi putranipun ingkang putra kapanggih saweg sami lenggah wonten sacelaking cungkupipunigkang ibu sarwi amuwun amelas asih, kala sang raja aningali paraputranipun sanget boten mentala lajeng arawat waspa sarta trenyuh inggalihipun kang putra tumunten dipunliliput kadhawahan dherek dhateng ing wana, wonten ing ngriku sang raja adados latu kaangge ngiwet sareng mateng lajeng kapandum dhateng para putranipun. Sarehningpara raja putrid mentas lala,pah tebih miwah kebenteren lajeng sami sare boten ngalisik.
Sang raja awit saking ajrihipun dhateng kang garwa nunten mangkat kondur, ingkang putra dipun tilar, sabab anggalih, manawi para putranipun prayogi kantun wonten ing wana katimbang dipun telasi. Wonten ing margi sang raja nyanjata sangsam rahipun kagosokaken sirah tuwin astanipuningkang garwa, kalamentas kagosok sang Dayita lajeng jenggelek saha matur dhateng ingakng raka bilih gerahipun sirna.
// Maskumambang // Gentya kocap duk pra putrid wungu guling, tan mulat kang rama, tiarda wingwrin matistis lan kumembeng waspanira. Dene kerine wana ageng pribadi, gya samya sesambat mring ramendra kang wus aglis swarane nrenyuh wardaya.
Kajawekaken saking basa Malayu dening S.P. ing Kratonan badhe wonten sambetipun.

Ongka 3,Kemis kaping 16 Januwari 1879

Pawartos kawat saking Tanah Eropah

KITHA DHENHAH: 11 ingkang sinuhun Srimaharaja asung tatengering Ordhenederlan Senleyo pangakt KOmandhur dhumatneg ingakng sinuhun Kanjeng Sultan ing Ngayogyokarta. 13 Januwari Prince Hendrik seda jalaran gerah berurte.

Surakarta

Kawartos salebetipun wulan Januwari punika polisi ing Kranganom anindakaken papriksan prakawis raja Pejah ingkang kepanggih wonten patebon ing sawetanipun dhusun JUngkare, jalaranipun bangke wau konangan mangkaten: saweneh dinten wonten tiyang andhangir rosan, sareng paculipun kagaclokaken angengingi baunipun ing bangke, ingkang pambucalipun among kasasaban ing siti sawatawis, bangke ingkang pamendhemipun amarasandi mangkaten punika, sampun tamtu kemawon yen pecating jiwanipun ing wau, sarana lampah panganiaya utawi pangimpes, tiyang dhangir wau inggal lapur dhateng ing parentah polisi inggihlajeng papriksa, sareng kadhungkar kapanggih bangkenipun tiyang estri kakalih, ingkang satunggal sampun kapara lunges, satunggalipun taksih radi nem, ananging menggahkawujudanipun ing badan kalih pisan sampun sami risak sarta meh ical sisipatanipun ing manungsa, boten antawis lami pawartos bab raja pejah punika umum kapireng dhateng ing ngrika-ngriki, saestu boten andadosaken sakecaning manahipun tiyang, ingkang gadhah kulawarga saweg kesahan dhateng sakiwatengenipun ing ngriku, kacreiyos radenngabei Samaita, abdi dalem kaliwon Kemasan sanget kujoting galih,s areng midhanget kabar ing bab raja pejah ingkang pinan damel sarana panganiaya, awti dereng antawis kalih dasa dalu kaliyan anggenipun miring pawartos kaleres mara sepuhipun nami mas Sajeng Pujadiwati kalayan rencangipun estri satunggil ugi dhateng ing dhusun Parlu badhe sasadeyan (Para) menggah bebektanipun barang warni mas inten ngantos pangaos 8420 rupiyah slaka, ingkang dipun purugi sampun asring-asring kemawon dhateng ing tanah karangano,,mongka pawartos ignkang kapireng punika, layonipun estri kakalih, pramila raden Ngabei Samaita inggal anyidikaken badhe uninga punapa ing kayektosanipun, salajengipun dumugi ing Karanganom kepanggihh kaliyan priyantun polisi, Raden Ngabei amratelakaken saesthining galih, polisi inggih trangginas andedahaken enggening jisim sarta mawi kadhukaran malih, supados bangke punika dipun waspadakna, wasana sareng raden ngabei Samaita sampun amriksani kawujudaning jisimipun tiyang ingknag kaaniaya wau, ljeng angencengi panginten bilih ingkang kawisaya punika tan liya inggih marasepuhipunpyambak sarencangipun estri satunggil ingkang kasebut nginggil, sarehning bananipun ing bangke sampun risak dados ingkang kadamel tondha among tatahaming wajanipun ingkang gebyakan sarta mentas lathi, utawi remanipuningkang sampun radi pethak. Boten angeramaken menggah pangunek-kunekipun kang kagungan kukupan, dhateng genthong ingkang angingkes, pantes pamurinanipun wau terusa inglair batos lajeng manekung nyunyuwun inggalipun kaplaksana dening sapu dhendhaning jawata, sarta amuji mugi pun gentho inggala akpikut dening nagari, anaming pamurinanipun priyagung polisi, ingkang panindakipun tata tentrem katambung lampah dening bangsat durhaka, pangruruhipun ingkang ngatos kacepeng, mawi gagaran titi

kaliyan sruti, dados boten angaping kalih damel, tuwin pamuhi kula dhateng lalam,pahanipun anyepeng, sampun ngantos kados pratikelipun tiyang ignkang tutumbas sadengah anyandhak sak ceke, mongka katembung ing wekasanpunika asring asring katindakaken dados gelaripun pulisi alit, kayektosanipun ingggih yen wonten tiyangluwar saking kunjaran amargi boten angsal papriksanipun kang mongka pangimbu punika prasasat meh mateng,punika ingkang amelasaken sanget patut upami tiyang esu ngacemonga kados babasan malaejng ingkang ungelipun *Tiada makan sienangka, kenak poeloetnja.*

Samangke sansaya mindhak mindhak raharjanipun ing nagari, ingpeken utawiing pamondhokan kampung Kajawen boten wonten sepinipun titiyang sabrang tuwin tiyang jawi, ing ngamonca pat ingkang sami lampah gagramen, wondene menggah padatanipun para sudagar jawi ing ngriki, bilih wektu mamanton, samangke modhelipun kados jorjinoran apundhingan anggenipun angarak ing temanten, sudagar ing kauman wonten ingkang ambayang kare nanakipun angangge kreta sewan ngantos 37 kreta, sudagar ing Lawiyan wonteningkang ngangge kreta 45 mawi ing nguyu-uyu sarta jinajaran priya nem-neman ingkang sami tumambirah ana turongga cacahipun dasan, swaranipun ngantos gumledheg kados ambengkahna bantala.

Ing Bramartani miring kabar babaratan raden Ngabei Jayapranata abdi dalem polisi bawah ing kaparak kiwa, gadhah kucing anak-anak medal kirik, punika saestu anggumunaken, dados kenging dipun watani blaster segawon kaliyan kucing, ananging kados pundit kawontenanipun ingkang maujud, punika mug-mugi wonten asu mitra ingkang angsung kabrangan.

Sareng ing mangke kerep jawah, para priyantun ingkang gadhah kuwajiban rumeksa sarta amrdi saesnipun margi-margi, sawanganipun sami pating sariwet, wondene oregipun tiyang kampung ingkang nampeni dhawah sarta lajeng anggarap bagiyanipun ing radinan wangunipun dereng mathem ing manah, among katingal a bilih sampun anggarap kemawon, awit saking kakathahen ing gagrag pangurugipun radinan sanadyan ing mangke niyat kaepenga, benjing enjing inggih santun gagrag malih, kala anu punika anggenipun damel wadhah tandhon krikil mawi epot banon kalabur gamping, andadosaken kaparengipun sabab awet sarta andadosaken asrining panbingal, suprandene ingggih dereng waradin dumugi salebetipun kitha sadaya, prayantun anem tuwin prayantun polisi kula alem sanget anggenipun anggatekaken, kencenging pangerehipun boten mawi awing-awangen anggeripun andadosaken saening nagari, malah kenging kaupamekaken islah kados cariyosing malaekatipun prabu Rabusamawati Ahli raja ing Jambinambar, kala anjenenegi pakaryan amulyakaken kaluhuraken langit kasapta pnapa dene kados amirid watekipun bathara bayu ingkang mungel ing Asthabrata tandukipun dhateng sadhengah pangreh, prasasat sampun boten wonten nalar ingkang angaberaken ing tindakipun kajawi bilih among kaestokaken punapa sadhawahipun ingkang maidahi, suprandene kala kaping 12 Januwari punika kula langkung dhateng prapatan Secayudan, marginipun teka taksih wonten ignkang letheh, ngantos sedhih manah kula pados ingkang radi dhahas ing sawatawis, punika anjawi radinan terus terusan salebeting kampung kauman. Kala kaping 20 Dhesember kapengker punika, ing dhusun Ngaglik sela bawah Ngampel wonten prahara, ngantos angrebahaken griya, 130 iji, wit-witan inggih kathah ingkang risak tuwin esol.

Yogyakarta
Nalika ing dinten Salasa Pon tanggal kaping 7 Januwari taun 1879 pakurmatan pikrama dalem kanjeng srimaharaja Willem ingkang kaping 3 (III) ing nagari Ndrelan dhaup kaliyan sang putrid Adhelhid Emawil Elmin Teresia, ing WAsdhekpirmon sampun kalampahan kalayan wilujeng, wondene kawontenanipun kaos ing ngandhap punika:
Ing wanci enjing jam 7 prajurit kumpeni ing Benteng Fredhebereh utawi prajurit ing Lisiyun Pakualaman tuwin prajurit Seketri, punapa malih dragunder ing kraton saha dragunder ing Pakualaman sami baris wonten ing kagungandalem alun-alun ing Kraton, kapriksanan deningkanjeng tuwan residhen, kadherekaken kanjeng gusti pangeran adipati Arya Prabu Suryadilaga, sasantananipun, utawi gusti pangeranArya Mangkubumi, sasedherek para putra dalem swwatawis, raden tumenggung Gondakusuma, minongka susulihipun kanjeng raden adipati Danureja, bitnang Singaning Nederlan, kanthi bupati nayaka lebet kaparak tengen bupati nayaka jawi tengen panumping, sami kadherekaken prikancanipun reh sawatawis. Wondene tedhakipun kanjeng tuwan residhen wau, anitih swandana, kuda, mgangem grutenan, anamung cuwa kedhik uposir walandi ingkang anampeni dhawuhing kondhanipun badhe anata lampah ing baris, punika dhawah saking kuda, ananging sanalika wau boten angewahaken tataning baris, srta boten dados punapa, sasampunipun kanjen gtuwan residhen lajeng pamanggihan kalayan sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan wontening tratag ramabt, boten antawis dangu sampeyan dalem lajeng jengkar kondur angadaton kanjeng tuwan residhen tuwin tuwan komandhan ing loji ageng, lajeng kondur ing dalem karesidhenan lenggah sawatawis para ageng ingkang sami dherek wau lajeng kondur asowang-sowangan. Makatenmalih wonten ingkang andadosaken eraming manah kula, aningali panganggenipun satunggal priyayi ingkang andherek nalika wau, pangangge kalung rante ingkang ageng ipun sanyari pamekkrun, rante kaset kalih nyari agengipun supe inten mungging jejeg dhik namaning priyayi kuciwa kula dereng sumerep. Nalar ingkang saantenpunika, punapa boten kalebetnerak dhawuh dalemundhang-undhang ingkang duateng kanjeng raden adipati Danureja, sarta ignakng sampun mupakat para abdi dalem bupati nayaka jawi lebet sadaya, kados ingkang kasebut prakawis kaping 2, bab sapisan saking nalar pnika, lajeng parentah ageng sami turutipun, yen boten katindakaken punapa badhe ngicalaken prakawis kaping 2 bab kaping 2 yen makaten badhe abre, lah punapa tumindakipun prakawis kaping kalih, bab kaping 7 bab punika yen sampun kalamapahan kula badhe sumerep kados pundit kadadosanipun supados ing tembe dados satuladha rajinipun dhawuh pranatan dalem ratu kula, Ngayogyakarta Adiningrat.
Sareng wncijam 10 siyang, para ageng ing ngayogyakarta sami sowan ing ngarsanipun kanjeng tuwanresidhen Fanbak, anyaosaken kaurmatannipun konjuk ing sangandhap paduka dalem kanjeng srimahraja, katampenaning kanjeng tuwan residhen sasampunipun rampung sadaya, lajeng mundur asowang-sowang.
Sonten wanci jam ½ 6 kanjeng sampeyan dalem ingkang sinuhunkanjeng gultan tedhak ing loji karesidhenan mangagem teni jendral mayor wiyosan dalem kados adat yen tedhak dinten wiyosan dalem kanjeng srimaharaja ing wulan Pebruwari kaping 19 mawi dhahar pista,kondur dalem jam 3 enjing.
Ing dinten Kemis kaliwon wanci jam 8 enjing para suldhadhu ing Benteng Fedhebereh tuwin ing Pakualaman sami ambikak peken baru wonten sakilen benteng, katedhakan ing kanjeng sampeyan dalem ingakng sinuhun sagarwa dalem saha sadherek putra dalem kakungputri sawatawis kacihna suka senenging nala dalem,lumeber bekaping ignkang

wawadenan sadaya, wondene ingkang dados titingalanipun maneka warni, titi (Panjurung).

SAMARANG

Kala dinten Saptu kaping 4 Januwari punika Cina daganging kampung Pakojan saweg sumerep bilih kalebetan yatra keton tiron nanging boten sumerep sangkanipun anggening tampi, saweneh tiyang ingaknng aningali boten wonten ignaknng anginten yen yatra punika pancen tiron saking kawujudan sarta seseratanipun emeh nyamleng, wondene konanganipun yen yatra punika palsu, badhe kalintokakensaweg sanalika punika kasumerepan dening kancanipun bilih temen tiron.

Angeramaken saking kapurunanipun tiyang ingkang nerak wawaler, punapaampun ical poncadriyanipun dene teka boten gadhah karjihan, (Slompret Malayu).

Panget-enget saben-saben upas polisi jagi wonten ing peken anggepipun dhateng titiyang ignaknng sasadeyanladakipun anglangkungi , boten purun amirengaken dhateng dululuring prakawis angggeripun sampun anendhang sarta anggebak.

Dereng antawis lami wonten estri spuh miwah budheg anggegendhong godhong jati,langkung wonten sapinggiring peken, nalika samanten anuju wonten kreta langkung, upas polisi aba, aken sumingkir, nanging pun sepuh boten miring, priyagung upas tanpa titipariksa malih, estri punika wau lajeng kajorogaken dhawah ing blethokan, gendhonganipun godhong jati kaaawut-awut turut ing margi, para tiyang ingkang sami sumerep patrap mangkaten wau sumlengeren malah wonten ingaknng rawat uh, sarta miraos, mesakaken temen wong uwis tuwa mangkono teka digarap ing sawenang-wenang. Kang mangko pramila ing nagari andakeki polisi ingkang jagi ing saweneh peken punika, elidipun sampun ngantos wonten nalar padudon ingkang salajengipun mitunani dhateng ing liyan, sumongga kagaliya, ing sanajan tiyang ingkang katandangan punika wau kendela kemawon sarta prasasat sampun boten saged kmrejet nanging ing pawingkingipunkula purun anamtokaken bilih kapara ageng daya pagrundelipun, O bok sampun kagunganpatrp sawiyah-wiyah mangkaten priyantunpolisi, punapa sampeyan boten kagungan welas dhateng sepuh ingkang miskin, bilih sampeyan botenkagungan welas, inggih sampeyan boten dipun welasi iing liyan, mongka ing ngatasipun titiyang alit punika, sampun malih ing kalepat, sanajan leresa kados sipat inggih boten purun amabeni,lah sabab punapa, inggih saking rumaos ing alitipun,lo ingkang alit uninga ing alitipun, wangsul ingkang sampun kasebut priyantun sarta kagungan wajib anjagi lulusing tata kaliyan tentrem teka boten karsa anindakaken palimarma, punapa mumpung kasrempilan wewenang, ayo nganggo patrap sawenang-wenang,yen estu mawi tingkah mangkaten kula ina yen sageda lulus, sanajan lulusa, inggih anama panglumuning setan, benjing manawi wonten akirat: *djaga baik-baik.*

Pramila anuwun kula dhateng priyantun polisi ingkang sawegkasupen,mung enget dhateng tepa-tepaning sarira, sampun ngantos damel sawiyah-wiyah dhateng ing tiyang miskin e kula kalonnyongen ingpangucap, panjenengan rak dereng nate amiskin, among inggih kagagas kemawon sarana amangwang kawontenanipun ingkang sami miskin. (Slompret Malayu)

Pulau Bandhah

Kala wulan NOpember kapengker punika ing Kebon Pala winastan Kastiyu, wonten kacilakan ingkang jalaran saking pangamukipun tiyang kontrak kakalih, ingkang winastan tiyang Kontrak punika, tatiyang ingkang anyanggemi nyambut damel amawi wawangen, ing dalu sampun natoni dhateng nini-nini satunggil prawan satunggil. Wondene titiyang ngamuk wau ingkang satunggil sampun pinejahan ing dalu punika ugi satunggilipun kacepeng sabab saking poprog labeting tatunipun ingkang angranuhi, amargi tinandangan ing kathah tiyang ingkang kamuk sarta ingakng angamuk ing mangke sami kabekta dhumaeng ing griya panggenanipun amulasara titiyang sakit menggah bab paukumanipun pangamuk dereng kinanten.

Dereng antawis wulan ing kebon Pala ingkang kawastan Artatog inggih wonten tiyang ngamuk malih, anatoni dhateng titiyang estri, ususipun ngantos medal aklawer-klawer, pun melas asih punika ing waktu wau ugi lajeng kapurugaken dhateng ing griya panggenanipun amulasara titiyang sakit, ingkang anatoni lajeng kalebetaken dhaeng ing kunjaran, karampunganipun ugi dereng kinanten.

Punapa dene taksih salebetipun wulankasebut nginggil sawijining tiyagnjawi ingkang sampun dados suldhadhu natoni sanget ing bebedhanganipun, begja dene sageg inggal kapitulngan dening tuwan dhokter pun Durhaka lajengkaprenahaken dhateng ing griya tretip sarta kajagi santosa, lah punapa ukumanipun punika dereng kintenan.

Mangkaten ugi taksih salebetipun wulan punika, derneg antawis dinten kaliyan kawontenanipun nginggil, estri kakalih kapanggih pejah wonten ing kebon Pala kang karan,,,,,,,,,,,,,,? Labetipun kapulasara dening lalandhep badanipun ngantos rojah-rajeh,pun Durhaka kapanggih gesang, ingggih dereng kantenan punapa ingkang dados paukumanipun.

Saestu boten angeramaken sakedhap kedhap wpnten prakawis raja pejah, bilih dipun wangwang, inggih punika dadosanipun tiyang ingkang angatulaken nalar agonjakan, tamtu anuwuhaken ambege tapan, atasing rerejengan sampun masthi kemawon ingkang rinejeng ingkang badhe wurung tiyang, kilap tatu utawi pejah, o mesakake temen.
(Slompret Malayu)

NAGARI CINA

Narengi kaping 12 NOpember kapengker unika ing Kwanton utawi ing Fathan wonten lindhu anglangkungi sanget,nantos bekakasing griya ingakng awarni: Banggku, kursi, utawibarang sanes-sanesipun ingkang sampun boten kuwawi anahan panduking daya, sami anglewang, titiyangipun ing ngriku sanget sumelanging manah, ngantos sami amundhil kemawon sabab saking pameca utawi pangenasipun ingkang sampu lumengket ing sanubari, bilih wonten mangkatenpunika lajeng kaanggep ilawat, amasthi abdhe wonten kacilakakan ageng ingkang sumanthang, pramila dumugi ing salajengipu taksih kados kapal ingkang gilap, ajrih dhateng samukawis ingkang boten saged damel punapa-punapa.

Ing Santing kawartos bena, sabin sabin kathah igkang risak, dalah baita layar boten saged dumugi ing ngriku, kasabab denign santeripu nili ning toya lepen, waiyah teka dumulur temen kacilakanipun ingkang sumandhang salenbeting nagari punika ingg taun 1878 ingkang rumiyin titiyangipun sami kathah ingakng kaluwen, lajeng kaparak ing sasakit, ing mangke ebemipun bena ageng.

Serat Koran oingkang kaaran EMOIGAZETE angedharaken pawartos, dereng antawislami ing pulo Ferbamoseka semerep wonten lisahipun put petroliyun lisah tanah ananging tiyangipun ing ngriku, boten wonten ignakng anglegewa.
Ing sacelakipun kitha Bahli wonten ulekan ingkang terus dumugi ing lepen Owlan, menggah ulekan punika toyanipun kathah ingkang kaworan lisa petroliyun upami wonten ingkang mendhet tir, saking pamurat ing dalem sadinten kemawon kados angsal sapikul, sampuna asring asring wonten tiyang ingkanganggumuni, bilih lepen punika banjir, toyanipun teka kaworan lisah tanah, ananging dereng wonten ingkang kawengan ing budi, saking ing pundit etukipun. Dhokter Enggris ingkang ajujuluk tuwan Letebei ugi sampun amriksani, menggah kawontenanipun lisah punika, saking pamanggihipun, saenipun ugi boten benten kaliyan lisah petroliyun ing tanah Amerikah, kawewahan bilih ing ngriku punika gampil pamendhetipun, sabab sanajan among sarana baita api alit kemawon inggih saged angambah dhateng ing lepen Owalan wau, salajengipun saged anyelaki dhateng enggening ulekanipun kang mongka ing sacelakipun ngriku arengipun sela inggih kathah sanget tur kawical sae.

Candhakipun cariyos putrid pipitu
Kala samanten kapanujon para putra nata ingkang nagari nipun kaprenah ing sasisihing nagarinipun sang raja, sami ambubujeng kewan dhateng ing wana wau, wektu lumampahipun kondur saking ambubujeng ingkang waruju wicanten: sami kendela, kula miring swaraning manungsa, punapa sampeyan sami boten miring, lah sumongga sami amurugi ing pundit pinangkaning swara wau. Ing ngriku paraputra sumerep para raja putrid sami amuwun keronta-ronta,lajeng dipun pitakeni jalaranipun anggening wonten ing wana mawi amuwun sareng para putra dipun rpatelani sami eram sarta ing sanalika katawis ing semu belasungkawa.
Awit saking kagendeng ing welas para putra lajeng angrembagi dhateng para raja putrid kaajag kndur ing nagarinipun sarta dados jatukrama, putra nata pambajeng anggawa raja putrid pambajeng, putra nata panenggak anggarwa raja putrid panenggak mangakten saurutipun para raja uptri sami adhangan anyuwani.
Sareng para nata putra kondur satunggil tunggilipun angandthi garwa ayu titiyang salebeting nagari sami suka seneng manahipun.
Kacariyos sareng anggenipun palakrama dewi Balnah angsal sataun laminipun lajeng apuputra kakung ingkang sanget dipun tresnani denig para paman sarta bibekipun saha karengkuh kados anakipunpiyambak jalaran aliya dewi Balnah boten wonten ingkang puputra.
Kocap sasareng anggenipun pamijajodhon sawatawis laminipun akalayan kabegjan kakungipun dewi Balnah pamitan badhe kesah ambubujeng kewan sarta lajeng mangkat, ananging wasananipun boten kondur, sadherekipun nenem tumunten angupadosi, ananging ugi boten wangsul.
Sabab saking tinilaring kakung para garwa sami linglung miwah sengkel ing galihipun saha anginten bilih ingkang raka sami seda.
Anuju saweneh dinten kala dewi Balnah angemban putranipun sarwi lineal-lea, sarta para sadherekipun sare wontening kamar sanes wonten tiyangjaler dhateng maangangge sarwa cemeng, anguk-anguk wonten sangajenging kori kadhaton mawi wicanten anganken tiyang Pekir.

Para abdi kadhaton sami angelikaken dhateng Pekir, yen boten kenging lumebet awit para kakung sami tedhakan ingkang kakinten sami seda wonten ing urug saha garwanipun boten kenging manawi kagodha, nanging tiyang ekir wicanten: aku iki wong suci lilanana lumebu, jalaran saking bodhonipun abdi kadahaton tiyang jaler dipunlilani lumebet mongka satemenipun tiyang wau dede Pekir, ananging juru tenung anama Pansekin. Pansekin laju angambah jajahaning kadhaton aningali samukawis endah-endah, ing wekasan dumugi kamaripun dewi Balnah, kala smanten dewi Balnah saweg lenggah wonten sasisih ing pasareyanipun ingkang putra, pan sekin amanah bilih dewi Balnah langkung adi tinimbang samukawis ingkang sampun dipun tngali,mila lajeng dipun sembranani badhe kapendhet bojo, dewi Balnah amangsuli: sanajan bojoku kakira wus mati, ananging sarehne anaku isih cilik, aku ora pisan-pisannedya lunga saka ing kene, mung trima angopeni anaku kongsi tumeka ing diwasane,lan banget panyuwun ku marang Allah, aja nganti aku duwe kaniyatan alaki maneh.

Sareng juru tenung miring wangsulanipun dewi Balnah nepsu sanget dewi Balnahlajeng kawalik sipatipun dados saggawon cemeng alit sarta katuntun Pansekin wicanten rehne kowe ora nurut dadi tak peksa.

Dewi Balnah sakalangkung amelas asih dene kapeksa tumut Pansekin sarta boten kawsa oncat utawi suka sumerep dhateng sadherekipun ing Bab lalampahanipun.

Sarenglampahipun juru tenjng meh dumugi ing jawi,para abdi kadhaton anunten mitakeni, tembungipun: asu iku olehmu ngendi juru tenung amangsli: gone aweh putrid kadhateon sarehne wangsulanipun mangkaten dados lampahipun kalestantunaken kemawon.

Boten dangu sadherekipun dewi Balnah miring pamuwuning wulunanipun lajeng sami anuweni dhaeng ing kamar sareng boten aningali dewi Balnah sakalangkung ing kagetipun sarta andangu dhateng abdi kadhaton anunten dipunpratelani kados ingkang sampun dipun serepi wau raja putrid enggal utusan angupadosi tiyang pekir, sareng kaupados boten kapanggih, raja putrid sami narimah kawogan angopeni putranipun kaponakan ingkang tinilaring ibu.

Genti mangkokang winarneng kawi, duk putrane sang kusuma Balnah patbelas warsa yuswane, saksana wineyan wruh, dening para ibune bibi, lalakoning rama, ibu pamanipun, putra Balnah dupi myrsa, langkugn kaget kantaka dhawah ing siti, nging tandau gya yitna. Tumambanging sedya yunngulati, marang yayah rena miwah paman,yen bisa pinanggih mangke, arsa binekta kondur, deniyatesang putra pekik, dahat karya bramantya, pan krantaning kalbu,nira ingkang prawigya sumarmane sang bagus tansah tinitr, tutur panyandhet karsa. Ujaring kang bibi rum amanis, ngasih-asih adhuh jiwaningwang, away sidamentar angger, wit rame bupamanmu, wus tan ana baya ngemasi, dadi mung kari sira kang mongka panglipur, mring oremin gnglipur manira, lamun si dewi satalah apa maning, ingkang sun arsa-arsa. Putra Balnah mangsuli tan kongkih, lawan tembung kang ngrarujid driya, nihan ireku delinge, allah bibi ulun, ywa padu kaamong rudatin, sarta gung wancadriya, putranta sawastu, tan lami dera wisata, mantuk lawan rame bu bapa taruni, pitadosa ingsuksma.

Kajawekaken saking basa Malayu dening S.P. ing Kratonan badhe wonten sambetipun.

Ongka 4, Kemis kaping 23 Januwari 1879

Surakarta

Kawartos benjingkaping 30 januwaripunika, pangadilan pradata ageng abdhe amatrapai paukuman kisas dhateng pasakit anama Sura Andaya, ingkang sampun maha amejahi tiyang sarana kagantung.

Nalika daluniun tanggal kaping 22 wulan punika ing dalem purbanagaran wonten pasamuwahan awit ingkang kagungan dalem angundhuh putra dalem ingkang mentas sami dipun palakramaekaken amarengi salapanipun dinten. Para tamu sadaya katingal sami resep rerenggan prasaja ananging boja karma boten anguciwani, sakonduripun putra dalem wau wanci janm satengah kalih dalu lajeng bibar.

Kanjeng tuwanResidhen panjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati anom tuwin kanjeng gusti pangeran adipati arya Mangkunagara inggih sami anedhaki, para ageng sanesipun kasunanan tuwin kaMangkunagaran ugi kathah ignkang sami rawuh.

Kalakaping 25 Dhsember taun 1878 wancijam 6 enjing tiyangingakng anumpak baita api nama KOnengdher Nederlandhen aningali baita winastan Sekunyer, lumampah wonten tembing ler laut Madura, tanpa layar, sareng radi celak bandera Nederlan katingal kumlabet ing sapucuking saka baita wau katon kathah titiyangipun sami ambengok nedha tulung, sarwi anawoni toya saking baita, minongka tondha bilih baitanipun borot,sarehningwektu samantenaluning saganten pinuju ageng kapitaning baita api konengdhernederlandhen botenkadugi angewunaken baita sekoci, nanging inggal anglampahaken baitanipun marepeki sekunyer, sawi bengok angatagdhatengtiyangingkag wonteningsekunyer wau supados ambikak layar, sarta sekunyer kaselakna dhatengingbaita api, ananging boten kaleksanan,ngantos kapitaning baita api angayoni layar mubeng, dangu-dangu dumugi sasisih ing sekunyer ngantos sagedmitulungi kalayan rekaos sareng baita sampun aparekan ngantos saged ambucal tangsul, sekunyerlajeng katarik celak ing baita api, para tiyang ingkang wonten ing sekunyer nunten kapindhaking baita api, titiyang estri sarta para rare kakerek kaliyan kranjang, titiyangjaler sarana tangsul, wondene ingkang warni bara among katulungan sakedhik, jalaran sekunyer tansah golong-goling dening ombak, saha baita api ajrih iyambak manawi celak awit bilih ugi anandhang bancana.

Para tiyang baita katingal sampun saatwis dinten anggenipun kasangsaran jalaran saking agenging ombak tuwin alun sarta tigang dinten boten nedha, sekunyer wau nama Timbangcing layart saking gapura dhateng ing Baweyan.

SURABAYA

Mentas punika wonten soldhadhu Bugis kakalih angamuk anatoni sersan titiga tuwin purir satunggil akalayan dadamel dhuwung, sersan igkang kalih lajeng pejah sanesipun kapethek denign dhokter inggih badhe anemahi pejah, soldhadhu wau lajeng minggat, Salajengipun soldhahdu bugis kaupaya dening ulisi tuwin usar kapanggih wonten ing sabin Tawawa, kapurih nutut boten purun dados lajeng kasanjata, sareng soldhadhu Bugis gumlimpang ing siri, anunten kakrocok dening tiyang ing dhusun ngriku sarana damel waos tuwin penthung ngantos anemahi pejah, ewadene kala samanten soldhadhu Bugis taksih saged anatoni tiyang dhusun satunggil.

Pranaraga

Ing salebetipun wulan Besar kapengker punika ing kitha tuwining padhusunan kathah tiyang mantu, sakingpamatawis mangkaten punika andadosaken awising rejeki, ananging temenipun boten regining wos malah suda awit kathah tiyang anempuraken wosipun arta papajenganipun kaangge nuymbang dhateng akrab ingkang mantu tuwin kaangge sangu anjagong. Nalika samanten ingkang mindhak reginipun among sasandhangn miwah sekardene kala ing taun liya-lliyanipun boten kathah tiyang mantu kados taun ingkang mentas punika, awit ucapipun para musanip ingpadhusunan nalika taun kang kapengker amarengi masa cenggerengan jurunge tangi tiyanglaki rabi pindha griya ananem palawija, sareng taun Be punika kawstanan masa buntungan tiyang boten kenging mantu, bilih wonten ignkang mantu musthi badhe kenging sambekala, utawi kacilakan.

O. bongsa kula tiyang Jawi punika taksih kathah ingkang oumongket ing gugon tuhon pitados dhateng samukawis ingkang mokal mokal manawi dipun sanjangi ingkang yekti sami botenpurun gega, milaleres ujaripun serat among tani, yen manahipun tiyang padhusunan upnika upami tosan sumeleh ing siti, lami-lami amasthi ninja. Tujunipun kanjeng gupremen boten kendhat anggenipun marsudi kawiyaking budinipun para tiyang Jawi ingkang taksih katutupan ing bodho, ngantos anyebar serat pinten-pinten ingkang nedahaken dhaeng kawruha warni-warni, sarta ngadegaken griya pamulangan wontening para padhistrikan satunggiling padhistrikan ngantos wonten griyanipun pamulangan 2, utawi 3.

Menggah pamardinipun kanjeng gupremen dhateng para bongsa Jawi ingakng taksih kabuntel budinipun mangkaten wau, ugi kasayogyan jalaran kathah rare dhusun igkang sami lumebet ing pamulangan.

Wasana kula tansah angalembana ing kangjeng gupremen ngatasingpasihanipun dhateng kawulanipun bongsa Jawi, lami-lami bilih anggenipunpara rare dhusun sinau kawruh Eropah tuwin kawruh ing namonca sampun saged masthi badhe nydakaken cacahingtiyang ingkang balilu ing gugon tuhon.

CIANJUR

Kala kaping 14 Januwaripunika, tiyangnama Pak Ending anyanjata babi, nanging lepat mimisipun angengingi tiyang nama Pak Mawi, ingkang andadosaken jalaraning pejahipun.

Bab pamikuting bengteng ahli mesjid

Ing serat kabar Inggras wonten serat panjurungipun Opesir Enggris ingakng tumutur yuda ing ngriku anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Kala kaping 21 Nopember wanciu enjing jam 7 Jendral Bone Bodhol saking bengteng jamrut dhateng ebnteng ahli misid, lampahing prajurit saweg angsal 4 utawi 5 pal sampun miring ungeling mariyem mengsah ingkang katata wonten ing redi Ayit mimisipun buwah angina dhawah satunggil wonten sacelaking prajurit enggris nanging boten nantos andadosaken sangsara, jalaran boten ambaledhos, sadaya sami eram dene E mirpi kantuk

mimis mangkaten wau, jendral Bone sumahab angabani ngajengakenmariyem nanging boten saged majeng malih, amargi dipongga ingkang narik boten kuwawi.
Jendral Bone tumunten angabani prajurit benggala anggeret mariyem wau, kalampahan sadaya mariyem saged minggah ing redi Alit sarta lajeng wiwit kaungelaken panggenaning mariyem saking mengsah tebihipun kakinten wonten 3000 elo ewa samanten saged amrawasa mengsah kathah, dne mimising mengsah boten dumugi enggening prajurit Inggris.Prajurit Inggris kaperang dados tiga dening jendral, sabagiyan lumampah medal saking rining benteng Ali Mesjid sababgiyanipun malih lumampah ing sakananipun dene jendral Bone tindakipun angenceng kemawon ananging ngentosi samasa prajurit kalih perangan sampun angepang beteng wau, mariyem lajengkaungelaken prajurit sanjata tuwin mariyem alit amajengantos 1000 elo saking benteng sampun langkung pukul 1 siyang dereng wonten tondha bilih prajurit sampun angepang benteng. Jendral Bone anginten manawi awit saking sami kasasar lampahipun Jendral anunten nganbani majeng prajuritipun jalaran angeling margi lampahipun prajurit sampun kalih jam dangunipun benteng sawegkatoncetha, ungelingmariyem mengsah wiwit kendel benteng katingal risak sabab saking kamriyeman dening Enggris,
Salajengipun jendral aparentah dhateng Kaptin Makleyan ngrumiyini lampah kaliyan prajurit Shiks anglangkungilepenAlit prajurit Punjaub ugi kaabananlumampah, sareng lampahipun angsal 300 elo tebihipun saking bengteng, wonten prajurit titiga ingkang kasambut kaptin Makleyan anunten nganturi ayor Bereh supados lajeng dhaeng ambiyantoni, nalika punika kaptin Makleyan inggih kennging mimis walikatipun angantos dhawah, litnan Pritsegerel ugikatriwandhan saking mimis lajeng seda, mimising mengsah lampahipun ngantos kados jawah, jendral aparentah wangsul dhateng prajurit ingkang lumampah rumiyin jalaran sampun kaselak ing dalu, kala prajurit mundur wonten ingkang p[ejah utawi kabranan nanging upsir boten wonten ingkang katriwandhan.
Prajurit anyiupeng wonten ing pakuwon wanci enjing wiwit perang, mariyem kaungelaken malih ngantos kaping 12 nanging mengsah boten lawan.
Prajurit sanjata kaabanan majeng aningali bilih bengteng sampun kothong, prajurit Emir sami lumajeng atilar pirantos.
Ngantos dumugi wektu wau jendral Brone boten pakantuk warti, puruging prajurit ingkang kaprentahan angubengi bengteng.
Ingkang sabageyan inggih temen kasasar ing lampah, ingkang sabageyan kaleresan dumugi ing sawingkingipun benteng Ahli Mesjid prajuritipun Emir sami kaplajeng saking ngriku, ananging kathah ingkang kapikut.
Enggris amanggih mariyem 21 iji, tuwin sanjata punapa dene dadamel sanesipun wonten ing benteng wau, sadaya lajeng kawrataken ing dipongga wangsul dhateng jamrut ing beteng taksih kathah obat miwah mimis manawi mengsah pancen urun lawan ing dalem kawandinten obat wah mimis taksih anyekapi.Taksih wonten candhakipun.

Panjurung
Serat kabar Bramartani ongka 1 sampun nyariyosaken karameyan ing nagari Surakarta, nalika dinten kramadalem ingkang sinuhun Srimaharaja Wllem kaping III, ing nagari Nederlan anaring saweg cekakan menggah gancaripun kados ing ngandhap punika.
Bab 1

Ing dinten slasa wanci jam 6 enjing , tuwin militer komandhan sampun anyanegakaken karereyanipun prajurit wonten sangajenging beteng amangangge pameran saha tuwan militer komandhan lajeng angaturi uninga ingkangjeng tuwan residhen bilih para prajurit ingkang badhe dipun sepeksi sampun mirantos:
Wanci jam ½ 7, enjing kanjeng gusti pangeran adipati Aryya Mangkunagara rawuh ing dalem paresidhenan kadherekaken para putra Santana ingkang boten tumut baris tuwin para upsir memuri bongsa luhur Jawi ugi sami rawuh ing paresidhenan.
Prajurit ing Lesiyun Mangkunagaran ugi mangangge pameran bidhal sakin gkaMangkunagaran lampahipun lajeng sarengan akaliyan prajurit Walandi, anjujug ing ara-ara sawetaning beteng.
Kanjeng tuwan residhen tumunten anedhaki nitih rata nunggil kanjeng gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, sasarengan tuwan militer komandhan sarta para upsir memuri bongsa luhur Jawi, kadherekaken para upsir pangeran putra santtana ing Mangkunagaran ugi sami anitih rata, dumugi ing ara-ara sawetaning beteng, titiyan kareta kendel kanjeng tuwan residhen kanjeng gusti pangeran adipati Arya Mangkunagara sapanunggilanipun satmi tindak dharat musikan militer Walandi tuwin musikan ing lesiyun Mangkunagaran angungelaken gendhing, winsenir lan Seblud, angurmati rawuhipun para ageng wau kanjeng tuwan residhen tuwan kanjeng gusti pangeran adipati Arya Mangkunagara, saha para upsir memuri bongsa luhur Jawi wau jumeneng wonten antawising baris.
Tumunten lkitnan ajidan Walandi umareg angaturi uninga ing kanjeng tuwan residhen bilih prajurit Walandi tuwin Jawi sampun pepak kanjeng tuwan residhen andhawuhaken supados para prajurit lumampah mubeng patraping baris wau andadosaken kabingahanipun para tiyang ingkang sami aningali.
Bab2
Wanci jam 10 enjing , kanejng gusti pangeran adipati anom akaliyan para kanjeng pangeran putra Santana dalem kanjeng gusti pangeran adipati arya Mangkunagara akaliyanpara upsir pangeran Mangkunagaran kanjeng raden adipati akaliyan para bupati, para tuwan tuwan amtenar militer tuwin mardika, saha kaptin litnan cina utawi pangagengipun bongsa sabrang, sami pakempalan wonten ing dalem parentsidhenan angaturi wilujeng ingkang eng srimaharaja, sakaliyan pra,aswari dalem saramp[ungipun ing pralu lajeng sami bibaran.
Bab 3
Wanci jam 3 siyang, wiwit ing pagerlaran dumugi ing ngalun-alun ingkang sisih ler, lajeng turut pinggirt margi ageng galadhag dumugi paresidhenan kapasangan bandera runtek umbul-umbul payung agung, gongsa cara balen kodhok ngorek sakaning pancake suji sapinggiring palataran paresidhenan kapasangan ronronan waringin sasaminipun utwi dilah sewu, margi ingkang anjog ingparesidhenan ler kidul kapasangan plengkung tosan isi dilah sewu.
Bab 4
Wanci jam 4 Kanjeng Radin Adipati Bidhal saking dalem kapatian magnagem garebegan nitih rata pameran rakitan 4 sami jragem pakeyan pethakan kajajaran abdi panakawan, pamalang, lurah, bekel, jajar ngajeng, jagasura, jagasatru, kinten 300 salong angampil upacara, ingkang andherekaken sawingikingipun titiyan rata para panewu mantra mangangge garebegan songsongan, ingakng ngampingi sacelaking rata, urdenas Walandi

tunggal tedhakipun kanjeng raden adipati wau anjujug ing pasowanan kapalan ing ngalun-alun pakempalan akaliyan para bupati.

Bab 5

Wanci jam 4 ½ andungkap rawuhipun para ytamu para tuwan tuwan ingakng sami dipun patah angacarani para tamu wau saha pangagengipun bongsa sabrang, sampun sami pakempalan wonten ing dalem paresidhenan amangangge ageng,.

Bab 6

Wanci jam 4 ½, langkung palenggahan dalem dhampar sarta ampilan pirantos dhahar dalem kabekta dhateng paresidhenan kaayab abdi dalem panewu mantra kaparak kiwa tengen sawatawis amangangge garebegan songsongan utawi abdi dalem wadana estri sapanekaripun mangangge rasukan sikepan ageng sangkelat abrit ngangge wedhung, songsongan, sawingkingipun malih kagungan ddalem gongsa salendro pelok kaayab abdi dalem wiyaga.

Bab 7

Wanci ngjajengaken jam 5 kanjeng tuwan residhen utusan kaptin militer satunggal amethuk kanjeng gusti pangeran adipati arya Mangkunagara, anitih rata, sadumuginipun ing Mangkunagaran apapanggiyan kalayan kanjeng gusti,ingkang sampun magnanem pangagemanipun militer, boten dangu kanjeng gusti bidhal saking dalem anitih rata pameran rakitankapal sini, e sami pancal pethak pakeyan barlin pethak kusir kenek mangangge cara Walandi, ingkang nitih anunggil sarata, kanjeng pangeran ARya Prabu Pranwadana 2 kanjeng PangeranKOlonel Arya Suryadiningrat, 3 tuwanKaptin militer ingkang methuk wau, dumugi ing regolkaurmatan tambnur sarta musikan dening prajurit ingkang jagi, sarta gongsa munggang, ing ngajeng wingkingipun rata kajajaran drahgunder Jawi bekta runtek kathahing drahgunder 24 iji, katindhihan upsir 2 rata kaamping ampingan urdenas Walandi 4 sami anumpak kapal, sawingkingipun malih lajeng rata titiyanipun para putra Santana upsir Mangkunagaran sareng dumugi ing ngajeng beteng loji ageng, kaurmatan ungeling mariyem rambah ping 9 rawuhipun ing paresidhenan papanggiyan kalayan kanjeng tuwan residhen

Taksih wonten candhakipun.

Ongka 5 Kemis kaping 30 Januwari 1879

Warta saking Eropah

Osterik sampun amadegaken paprentahan utama ga komandhan militer sawatawis sawatawis wonten ing praja Bosni sarta ing Ersegowinah, ing tembe badhe kasantunan paprentahan mardika, kabawah parentah ipun nayaka ingkang ngasta sakathahing prakawis sajawining praja, dene paprentahan mardika wau badhe nipun amadeg wonten ing kitha Serapeyo.

Serat wartos ing Pesset (Hongari) amratelakaken bilih serrate prajangjiyan bedhaminipun Ruslan akaliyan turki sampun kadadosaken Ruslan aprasetya abdhe anilar siti sahaantawising kitha Setambul sarta Adriyanopel wonten salebeting wulan Pebruwari utawi Maret 1879 saha Turki ngake nyambut waragading perang 600 uta rupiyah dhaeng Ruslan sambutan samanten wau badhe kabayar akalayan nicil saben taun.

Karateodhoripasah susulih ing Turki tatkala konggres ing Berlin kinulawisudha dados nayaka dening kanjeng sultan minongka tondha manawi paprentahan Turiki andarbeni sedya anetepi prajangjiyanipun inggih punika anggenipun badhe amangun pranatan salebneting tanah Turki tuwin wewengkon bawahipunl, kados ingkang sampun katamtokaken nalika konggres wau.

Ing saweneh dinten susulihipun kanjeng sultan Armeniyah angandika dhumateng para pangagenging nagari ingkang sumewa angaturi wilujeng ing panjenenganipun mangkatan pangandikanipun: sakabehe abdine kanjeng sultan iku padha bae, sarta pangukume bakal alandhesan adile ora pilih asih, lan Manawa ana pakaryan gupermen lowong uga bakal ora binedakake marang sawijiing wong awit saka agamane amarga sanajana wong agama Islam nyembah Hyang ana Masjid wong Kristen nyembah Hyang ana ing greja, ananging satemene padha tunggal piyandel marang Allah.

SURAKARTA

Babenggoling durjana

Saking pawartos pulisi dhsitrik Sambungmacan Srgen pikantuk katrangan durjana ingkang begal demang Sawikrama, wonten ing Ngarum dhistrik Sambungmacan inggih punika babenggolipun durjana anama Mangundikrama, ingkang sampun miruda sakin gbucalan sarta lajeng kenging tarka anyanjata kamisepuh ing POnjen, bawah kabupaten Ngawi 2 anama Raden Surawijaya, ugi ingkang sampun miruda sakin gbucalan 3 Trunareja, pulisi midhanget bilih tiyang durjana titiga wau salebetipun wulan dhesember 1878 singidan wonten ing wana bawah kabupaten Sragen mawi asikep dadamel sanjata tuwin pedhang, andadosaken pakewed pangupados tuwin panyepengipun ewa dene dereng lami durjana igngkang satunggal anama raden Surawijaya, sampun kenigng kapikut dening pulisi Sragen ngantos udreg-udregan temahan wonten pulisi ingkang nandhang tatu, ananging owel sanget dene pun Mangundikrama dereng saget kacepeng.

Tiyang Kapejahan

Engal punika Panewu dhistrik bendha (Kartasura) manggih jisimipun tiyang jaler, anama RAnudikrama, ing Plumbon wontenlepen saler dhusun plumbon mawi nandhang tatu

labet dadamel dhuwung, awit saking kenceng trangginasipun pulisi kabupaten Kartasura, ing mangke sampun saged anyepeng durjananipun ingkang nganiaya, anama Jayareja, gagriya ing dhusun Bakungan dhistrik Jenon (Kartasura), mawi tondha saksi ingkang anelakaken yektinipun saha Jayareja sampun angakeni, wondening ingkang dados sababipun kala teksih gesangipun Ranudikrama, sagah nyadekaken lopak-lopak anggenipun ngampit Jayareja, saben katedha tansah siannggi ing krami, jalaran lopak-lopak sampun kagantosaken dening ranudikrama, ngantos dados paben pun Ranudrikrama lajeng kapejahan sapunika prakawis wau sampun kaladosaken ing panadilan dalem pradata ageng, kilap kadadosanippun.

Prahara Ageng

Salebetipun wulan Dhesember ingkang kapengker, bawahkabuptenBayalali wonten angina ageng, ngantos andadosaken risakipun griya utawi wit-witan, sasampuning katiti pariksa dening pulisikatranganipun kados ing ngandhap punika,

Bawah dhistrik kitha Bayalali, griya ingkang rebah 27 iji, kajeng dhadhap tuwin kajeng taun ingkang rebah 4356 uwit, kopi ingkang sepal tuwin risak 49, 718.

Bawah dhsitrik Tumang, griya ingkang ical kabekta angina 6 iji, griya ingknag risak tuwi ambruk 159, kajeng dhadhap tuwin kajeng taun ingkang rebah 91, 126, uwit, kopi ingkang sempal tuwin risak 85, 808 uwit.

Bawah Dhistrik Jatinom, griya ingkang rebah 2 iji, glugu ikang rebah 2 uwit, gunggung salebetipun bawah kabupaten Bayalali, griya ingkang ical tuwinrebah 194 iji,kajeng taun sapanunggilanipun ingkang rebah 95, 485 uwit, kopi ingkang risak 135, 526 uwit.

Menggah kawontenanipun angina wau andadosaken rudatos tuwin kapitunanipun para tiyang alit ingkang gagriya, utawi para tuwan ingakng amaosi siti dhusun ngriku, ananging begja dene boten wonten tiyang ingkang manggih kasangsaran, prahara ingkang narajang dhateng bawah kabuypaten Bayalali ngantos andadosaken karisakan ingkangkanngkaten wau, pantes kemawon jalaran ing ngriku tanah pareden sawawratipun salebetipun nagari Surakarta, sampun ssawatawis dinten punika anginipun ageng sanget andadosaken boten sakeca tumraipun ing badan.

Banjir

Salebtipun wulan Januwari punika, ing bawah dhistrik Masaran sarta Tawang (Sukaarja) adhusunan tuwin pasabinan sacelaking lepen Dengkeng kabanjirantoya ngantos anglanjak sarta angelebi griya-griya, saha wiji pantun ingkang sampun katanem wonten ing sabin kathah ingkang pejah, pangageng ing ngriku kapuji ing kathah, sageda angrigenaken para among tani ingkang nandhang pituna wau ananema pantun malih sampun ngantos lunges mangsanipun.

Arta Salaka tiron

Tiyang anama Bok Madyakrama 2 bok Sutameja, sami gagriya ing dhusun Mantup dhistrik Jabeng sarta 3 am,at sarja, ing Karanggayam dhistrik Panaraga, sami bawah kabupaten Panaraga, titiyang wau dereng lami sami tumbas sinjang wonten ing peken Bekonang (Sragen) ingakng kaangge bayar arta ringgit tiron 6 iji, dene wujudipun ringgit

manawi boten kawspaosaken sami kemawon kalayan ringgit ingkang lugu, estri tiga wau lajeng kacepeng denign pulisi, mila para ingkang tampi arta salaka kedah ingkang ngatos-atos supados boten katrocoban arta tiron dene arta tiron ingkang kapanggih punika sulagipun cemeng.

Tiyang begal ngaken dados pitaya utawi Congsun
Tiyang anama bok Sastraprawira, ing Wanasari dhistrik Ngalwang (Ngampel) kakesahan sumedya dhateng nagari, kilak sata, mawi ambekta sengkang 2 rakita regi 80 rupiyah, sareng lampahipun dumugi dhusun Dhempul ugi dhsitrik Ngalwang, kacegat tiyang anama Sakiman ugi griya ing Dhempul arta malang kerik wonten ing margi wicanten makaten: E e mandhega, aku iki congsun arep galedhah gawan mu apyun, bok Sasraprawira gumeter, sarwi matur, kula niki boten bekta apyun, sarta angulungaken gegendhonganipun, sareng pun Julig ingkang mindha Congsun angungkabi gendhongan wonten isinipun sengkang, sengkang pajeng kabekta lumajeng, tujunipun pun Julig sanalika lajeng kenging kacepeng ing kathah, kaladosakening dhistrik.

MADIYUN
Kala tanggal ping 15 wulan Januwari punika, kinten jam sakawansiyang, ing Madiyun jawah deres dumugi jam sedasa dalu saweg terang, antawise saejam engkas benawi Madiyun banjir toya minggah ing dharat angalebi pemahan utawi radinan ageng ingkang celak benawi tuwining lepen Umis lebetipun toya ing wradinan sangjaneging griya tokonipun tuwan Dhepitson kinten gangsal kaki, sangajenging buwi, tiga satengah kaki, sangajenging griyanipun rahadenPrawirajaya gangsal welas kaki, sangajenging gredhu sindon pitung kaki. Kinten jam nenem sonten tanggal kaping 16 toya sampun surud, wondene karisakan margi kabanjiran wau, kadosta: pager-pager, griya-griya atep pantun tuwin sanes-sanesipun barang, kataksir sadaya pangaos wolungatus sangang dasa gangsal rupiyah (Rp. 895,--)
Kula boten miring bilih wonten tiyang ingkang manggih cilaka, panginten kula pancen wilujeng.
Panjurung

Ing mangke dursila kecu bribik-bribik awit mancungul malih, pratandhanipun nalika dintnSalasa tanggal kaping 27 bawah kawadanan kaparak Kiwa,kaleres akilen dalem wadanan kalebetan dursila kecu, sawatawis kathah angsal angsalanipun lampahing dursila wilujeng, nalar ingkang sumanten wau, punapa boten kenging kabasakaken kawenganan dening korining pulisi, ingkang tansah ginubel ing weya, gawoking manahkula, para pulisi ingkang dipun langkahi pamidhanganipun punapa boten sami wungu panggalihipu dene ngantos karumiyinan kaprayitnanipun parentah ageng ing nagari, ingkang tansah kalengseng salebet wawengkoning nagari, meh saben dalu, sanadyan linampahan ijen sasumerep kula cukup anggenipun ngawat-awati dhumateng prikancanipun para pulisi, anggenipun rumaos kawogan rumeksa tata tentreming nagari dalem, suprandene malem ipun Rebo tangggalkaping 28 bawah kabupatenKalasan Reh dhistrik ing Jejeran inggih wonten dursila kecu, dados boten angamungaken icaling

lembu sakawan panggenan kemawon, inggih punika ingkang anelakakenkawekening para pulisi, kacihna icaling lembu sakawan panggenan wau, yen makaensampun pantes kamawon ingkang ngastapusaraning nagari nandukaken duduka ingkang boten kenging dipun oncati, ing ngatasipun para ingkang sami kabebahan amudhi panguwasa dalem kanjeng parentah ageng. Ingkangpunika kredyatingpamuhi kula, mugi mugi para juti sampun kalajeng-lajengaken diksuranipun angrisak tata tentreming nagari, kabirata dening pananduking ririgening para abdi dalem ingkang sami rumaos kawogan rumeksa arja kartanipun ing nagari.
Wasana kabula pamuji kula Amin, Panjurung

YOgyakarta
Ing Pakualaman
Nalika ing dinten Setu kaping 24 wulan Sura ingkang kapengker punika, wonten 1 tiyang wasta Patmaparyaka, abdi dalem wadana punakawan ing Pakualaman, kaundur sangking pangkat kalenggahanipun wondenten lepatipun purun-purun angangge Asma dalem, Abdi dalem ing kasultanan utawi ing Pakualaman bupati mangandhap boten klilan mangangge kampuh utawi sinjang sapanunggilanipun kadosing ngandhap punika:

1. sinjang seratan jawah riris
2. sinjang seratan Rujak Senthe
3. Sinjang seratan Clunthang
4. Sinjang seratan dlereng
5. sinajng seratan Ukel pakis
6. sinjang seratan ima-ima thathit
7. sinjang seratan orang-aring

Panjurung

Yogyakarta
Ingkang kadamel sarem saking toyaning saganten, ananging kula pyambak dereng nate sumerep sarem emper kados wedalan ing Ngayogyakarta, anggenipun amabluk pethak sarta lembat, among owel kula sakethik bilih sarem punika kasimpen radi lami teka lajeng angmu toya, upami wonteningkang angreka supados kesatipun sarana kadekekakening gendul ingkang lajeng kasumpet rapet embok manawi langkungprayogi, suprandene regining gendul boten patosa awis, bilih sarem sampunkawadhahan ing gendul, sanajan angemuwa toya, toyanipun masa sageda rembes saking gendul, wonten malih sarem ingakng kadamel saking toyaning telaga, anggenipun mastani toya saking salebetipunredi, ananging saking pangintenkula toyaning telaga wau embok manawi inggih toya tetembusan saking saganten.
Kawartos ing bawah Pakualaman wonten tiyang gadhah aturan anyuwun lilah dhateng ing parentah, adamel sarem wuku, punapa ingkang dadosanipun ing mangke dereng miring.
Ingkang kadamel enjet (gamping) saking sela pethak, menggah angsalipun sela pethak punika sarana andhudhuk ing salebeting siti utawi salebeting redi, rediingkang asring kadhudhukan wonten selanipun pethak inggih punika ingkang kawastan redi gamping, menggah ageng alitipun redi gamping punika among sadaeg kemawon, malah kenging

dipun wstani pancen kageleng redi alit, wondene pasiten ingkang asring asring dipun dhudhuki, sage amanggih sela pethak sae kadamel enjetpunika meh sadaya papan ingkang lempar, awis wonten ingkang andhudhuk dhaeng ingpupunthuk, inggihleres salenbeting pupunthuk ngriku pancen enggenipun sela pethak, ananging rekaos pamehdetipun, miwah bilih angsal sela salebeting pupunthuk punika yen kabesmi dangu ing mempanipun pramila geseh sanget bilih dipun tandhing kalayan enjet ing tanah pasisir ler, ingakng dipun damel saking karng utawi ece-ece ing saganten, mongka tumrap ing paidahipun inggih sami kemawon kaliyan gamping wedalan Ngayogyakarta, sami kenging kadamel mager banon sarta yasan gedhong-gedhng,menggah bentenipun among yenkadamel ganten,enjet saking redi kados kaworan rcun, bilih tiyang ganten kaladuken enjitipu nsawatwis lajeng bangoren.
Tksih wonten candhakipun.

Candhakipun Criyos Putri Pipitu

Akalayan kamempengan sawatawis wulan lamanipun anggening purta mudha lalana angupados si rama ibu tuwin paman pamanipun ananging meksa dereng pinanggih, sareng putra mudha wiwit kemba anggenipun ngupdosi,lampahipun lajeng dumugi ing saweneh nagari, ingkang katon ing ngriku among sela, karng tuwin wit-witan.
Menggah ingkang katingal wau stemeniun karaton mawi wonten pangunggiun sarta ing sacelaking karaton wonten griyanipun satunggil ingkang dipun enggeni juru rumeksa taman.
Nalika putra mudha nolah-nolih, estri nipun juru taman medal saking griya amurugipura mudha sawi anyelabasa, tembungipun: angger, kowe iku sapa, dene wani ngambah panggonan weritiki, putra mudha mangsuli: aku uju oytrabatam kakaba abggikeju rana ubu lan paman-pamanku kang kena gunane juru tenung, tiyan gestri awicanten: nagari miwah kratonpunika gadhanipun juru tenung ingkang sanget ageng kawasanipun saha manawi amrangguli tiyang ingkang boten dipun renani, amasthi lajeng kawalik sipatipun dados sela utawi wit-witan dene sela utwin wit-witn ingkang sampeyan tingali punika ing wau manungsa, sarta sampun sawatawis taun laminipun wonten putra nata pipitu dhaten ging ngriki anunten dipun walik sipatipun ddos sela tuwin wit-witan, kajawi punika sampun kalih welas taun laminipun dumugi sapriki, wontenputri ayu satunggil kinunci wonten ing panggung, jalaran kapendhet bojo dening Juru Tenung boten purun.
Sareng putra mudha miring cariyosing tiyang estri, lajeng anggagas salebeting galih, saiki aku bakal kaleksanan kang dadi sedyaku, putra pipitu lan putrid siji kang ana ing panggung iku masthi wong tuwaku, putra mudha tumunten amratelaken jalaranipun anggening dumugi ing nagari wau, sarta gadhah panedha dhaeng tiyang estri alilanana kendel ing griyanipun swatawis dinten awit kapengin badhe sumerep kados pundit lalampahaning tiyang sepuhipun panedhaning putra mudha ugi dipunpituruti, sarta tiyang estri sagah abdhe mitulungi ing sasaged-saged dipun ananging putra mudha dipun purih asantun pangangge esri rumiyin supados juru tenungkakilapan dhatengwarninipun saha manaw9ijuru tenung mitakekaken putra mudha tiyang estri sagah ngaken anai dhaeng piyambakipun putra mudha ugi lajen gdandos cara wanodya.
Anuju ing saweneh dinten juru tenung dhaeng ing taman aningaliptra mudha dolan wonten ngriku, lajeng aitaken tembungipun kowe sapa, putra mudha amangsuli, kula anakipun Juru taman Juru tenung awicanten: kowe iku owng wadon kan gmanis kowe

sesuk angundhuha kembang,nuli wenehna marang wong wadon kang ana ing panggung kae, lan tutura yen aku kang menehi.
Sareng putra mudha dipun prentahi juru tenung mangkaten sakalangkung bingah ing galihipun saha nyipta badhe tumunten saged angentas ibunipun sangking cintraka, sarta lajeng amratelaken bab punika dhateng bok Juru taman.
Kajawekaken saking basa Malayu dening S.P. ing Kratonan Badhe wonten sambetipun.

Candhakipun Kramadalem Kanjeng Srimaharaja Willem III ing nagari Nederlan
Bab 8
Wanci jam5 langkung, kanjeng tuwan residhen akaliyan kanjeng tuwan Asisten REsidhen Sepan mangkat saking dalem paresidhenan anitih rata pameran, rakitan 4, pakeyan Berlin pethak mawi kadherekaken Drehgunder Walandi, 12 anumpak kapal malebet ingkaraton methuk badhe wiyos dalem , wiwit ing paresidhenan dumugi ing pagelaran kaurmatan ungeling gongsa cara balen ingkang urut margi wau dumugi ing pagelaran tedhak saking rata lajeng dharat lumebet ing kadhaton knurmatan slomopret tambur musik dening prajurit ingkang jagi, nalika samanten sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan sampun angagem agem prajuritan, agem dalem songkok cemeng lugas rinengga ing sosotya nawaretna, agem dalem sepatu mawi rinengga ing nawaretna, sarta magnagem agem dalem bintang Karajan ingkang rinengga ing inten barleyan yen tiningalan teka ting galebyar ambalerengi, sampeyan dalem miyos ing sasana sewaka, ginarebeg ing para wanudya ingakng anggaranararas angampil upacara dalem babak dhalang sawunggalingardawaleka, lajeng lenggah ing singgasana Kancana,kanjeng gusti pangeran adipati anom tuwi para kanjeng pangeran putra Santana dalem para mayor upsir para Santana dalem panji, urdenas punakawansami andher sowan ingngrasadalem boten antawis dangu lenggah dalem wau, kanjeng tuwan wau, aknjeng tuwan residhen sakaliyan kanjeng tuwan asisten residhen rawuh ing kori srimanganti, kapethukaken ing nyai tumenggung, kanjeng tuwan sakaliyan lajeng sowan ing Sasanasewaka, papanggiyan kalayan sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan, sasampunipun tatabeyan sampeyan dalem kaaturan tedhak ing loji, sampeyan dalem lajeng jumeneng saking palenggahan dalem singa Angsana Kancana, akanthen asta wonten tengenipun kanjeng tuwan residhen, kanjeng gusti pangeran dipati anom akanthen asta kalayan kanjeng tuwan asisten residhen lajeng bidhal tdhak dalem dharat dumugi ing sitiinggil kinurmatan ungeling gongsa munggang kodhok ngorek sarabalen, musik dumugi ing pagelaran, sampeyan dalem lajeng anitih titiyan dalem rata pameran ingkang rinengga sarwajene, rakitan 8 iji sami ules janjan jene, pakeyan sapirantosipun sami jene, mawi ceplok bintangansirah ing kapal rakitan dalem wau mawi bulu-bulu ugi jene, kusiripun walandi kenek 4mangangge cara Walandimawi mantering agem dalem songsong gilap tinepi ing bara sekarsedhah binabur tumrap sanginggiling titiyan dalem rata, kanjeng tuwan residhen dherek anunggil sarata, ananging owel sanget ing wekdal punika pinuju jawah, dados boten anitih kagungan dalem rata kyai garudha kancana, menggah uruting lampah ingkang anjajari, enget-enget tan kilap leres utawi kalintu, katranganipun ing ngandhap punika.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 6, Kemis kaping 6 Pebruwari 1879

Surakarta
Kulawisudhan
Raden Mas Ariya Atmaja, PUtra dalem mantu, kakulawisudha dados bupati Gedhong Kiwa

Kala ing dinten Rebo tangggal kaping 5 wulan Sapar punika, bawah kabupaten Kapak Kiwa, wonten tiang jaler nama Setradipa, dados abdi dalem jajar Nirbita ing kaparak Kiwa, maha pejah tantung, wondene konanganipun mangkaten: semahipun nem dhateng saking peken griyanipun kapanggih minep, kontenipun kawegakaken angel, ananging dipun titi boten wontenpratandhanipun bilih kakunciya utawi kagemboka saking jawi, dene kekahing panginebipun embok manawi panen uger sakin glebet, yen estu mangkaten teka sepen sebawa, sarehning pamanahipun estripunika radi kodheng, dados anyanyambat dhateng tongganipun kasuprih amengakna konten wau, ananging tangganipun inggih ngantos kiyu pangugek-ugekinpun maksa amalahi, kapanggih ing rembagipun among kajawi kabujat, rembuag mangkatenpunika ingkang kalampahan sareng konten sampun angeblak, setradipa katingal gumandhul wonten sangandhapingpangered, gulunipun dipun gantung sarana tangsul ingkang kasingsetaken dhateng ing pangeret, ngandpipun wonten dhingklik gumlimpang, punika ingkang dados cihana yen alikanipun tumandang mawi angancik-ancik pu estri sareng amanoni tingkahing jaleripun gumanteyong boten saged ngampet raosing manah, anjrit amelas asih,lajeng katungkepan tandangipun para tongga tepalih, anangin gbadanipun setradipa sampun bongka, menggah jalaranipun setradipa mawi angendhat gantung badanipun pyambak punika ing Bramartani dereng amireng.

Ing ngrika-ngrika nyariyosaken jawahipun angreceh, wiwit bangun samu mendhung, ing wanci tumikelipun prabaning surya ingkang katanggapan ing toya, lajeng katingal wonten woring bumi ln akasa inggih punika ingkang nama: Bangbang Wetan sampun boten katingal babar pisan sabab kaaling-alingan dening pangukusing toya ingkang awangun hawa: pedhut anglimputi bumi, sweneh lepen sami banjir, margi-margi kirang dhahasipun mandar kahth ingkang sami jeblok ing ngriki mangkaten ugi, bilih para abdi dalem konca mantra anom bote taberi anyaruwe, ing wingking saestu badhe rakaos ing panggarapipun.

Pawartos saking Ngampel amratelakaken salebetipun wulan Januwari ingakng kapengker padhusunan bawah dhistrik Karanggedhe, tuwin ing Nglawang sami kabawah ing Ngampel ingkang celak wana wonten sawelas dhusun kaambah ingama warni-warni, agengipun sajempolipun tangan anedhani gagodhongan katela pohong jagung kalapa tuwin wit-witan sapanunggilanipun kathah ingang telas babar pisan sarta padhusunan bawah ing Nglawang tuwin ing Karanggedhe wau kathah ingkang kaambah sasakit potho, saben raja kaya kenging sasakit saleebtipun 24 jam lajeng dados pejahipun. Para

tiyang alit ing padhusunan sarta pangagenging ngriku, sanget padatosipun, jalaran dereng saget anandukaken ing sarat murih sirnanipun.
Mugi amirsanana pretelanipun tuwan Mailse wingking punika: Juru Gubah)
Nalika tanggal kaping 22 Januwari 1879 tuiyang nama Karya Setika, ing dhusun Sawit dhistrik Ngter kabawah ing Sukaarja mantuk saking anglembara garap sabin anumpak kapal sareng dumugi lepen sabrangan dhusun Gampingan kabawah ing mangkunagaran toyanipun ageng pancen boten kenging dipun sabrangi, ewadene karya setika angungasaken kakendelanipun meksa anyabvrang kalayan anumpak kapal kadadosanipun Karya Setika sakapalipun ambles ing toya ical boten kinanten manggenipun kaupadosan ngantos kalih dinten meksa boten pinanggih, inggih punika lepiyanipun tiyang ingkang ambeg, kaduk wani kurang duga.

Yogyakarta
Singadikrama gagriya wonten ing kampung Nataprajan anegor gadhahanipun galugu, sareng sampun rebah lajeng kaglethekaken wonten ing pakaranganipun pyambak,glugu punika wau ing dalunipun ical kabekta pandung, mongka saking pamurwat boten saged kangkat, bilih boten dipun sekawani utawi dipun gangsali, ingih sakin gageng sarta panjangipun galugu, suprandene pun durjana teka saged ambekta sarta wilujeng lampahipun bote kaserepan dening tiyang jagi ing margi (Patrol) tuwin Polisi rundha, punika tansah anggumunakan/. Saweneh tiyang ingkang numpak kreta andhong saking sepur dhateng ing nagari, bilih kreta kagunganipun para tuwan ingkang karsa angandhongaken telas, amesthi lajeng nempuh anumpaki kreta andhong gadhahanipun titiyang jawi, punika kalimrah sami angresula, awit kreta inakng dipun andhongaken wau sampun sami risak, sarta wujuding kreta inggih pancen awon, awonipun punika kakungkulan kaliyan boten sakecanipun bilih dipun tumpaki, samasa dipun lampahaken anggening pating grnjot miwah saleyoran, kawewahan swaranipun pating glodhag pating kreket, punapa dene kapalipun alit-alit, alit-alita punika prasasat sampun ical karosanipun, dalah prabotipun ing kapal angwiragani dhateng ing awonipun, suprandene pun kusir inggih boten anggadhahi welas katondha sakin gderesing panyambukipun, bilih tangsuling sambukipun sampun boten miyatani, lajeng anancaraken penthongling sambukipun kapal wau nantos amelas asih sanget ngantos panarikipun pating predeng pating cekeneng, langkung malih sarenglampahipun dumugi margi sudhetan enggal kangkaprenah saler kilening pakualaman amargi radinanipun saweg mentas dipun urug uwuh, prasasat pawuhan, ing ngriku bilih badhe angraosaken sakitng badan bilih medhun saestu lajeng rumaos raosipun titiyangingkang mentas dipun gebagi.

Candhakipun cariyos Redi Gamping
Ing mangke kula anglairaken panggagas ing bab kawontenanipun titiyang jawi mawi angganten, ing kinanipun embok manawi titiruan sakin ging tanah Sumatra, ingkang dados gagaran kula purun amastai, sabab titiyang jawi boten wonten ingkang adamel gambir, menggah gambir punika saking pulo Precah.
Mula bukaning panilasipun, embok manawi muhung kadamel paingaran kemawon , tegesipun amawi wanci anggenipun anuymringahaken ing semu jalaran sakin gmenger-mengeripun ing lathi, tumanduk bilih wonten ing wektu pamer pameran, sareng ing

salajengipun kamanah prayogi, awit angicalaken mesuming ulat lajeng limrah dados pakareman saengga dhaharan, margi pangantenipun boten angemungaken yen wonten in gpasamuwan, sanajan wonten ing dalem ingih kathah ingkang boten kenging kantendhakan, malah padatanipun titiyang ingkang karem sanget, nglilir tilem ing wanci dalu inggih lajeng angganten, bilih boten anganten wiraosipun kecut, pramila ing bab dhaharan ganten punika tumrapipun dhateng ing titiyang jawi, boten wonten sanesipun kaliyan tetedhaningkang manggen ing wanci, inggih saking anagihaken.Wadhah gantenipun para panjenengan dalem nata yenanuju miyos siniwaka, asring tiningalan, inggih sakin gmemeting pandamelipun, andadosaken tondha, bilih ingkang angaggit pancen moncar dayapangathik-athikanipun, titiyang ingkang nembe tumingal amesthi boten kajegan panginten yen wawarnan mangkatenpunika wadhah ganten, sakin gendahipun ing rerengggan, wadhah wau dipun wastani: *Lancang*, wujudipun nyaruweni kados telawah alit, ingkang kadamel sakin gkancana mulya, mawi rinujit ingpangriptan adi, luwe kandhaning lulunganipun, uwoh cineplokan sosotya, salebeting lancing isi conthong kalih iji ugi kancana, ingkang alit wadhah delakan sadak, ingkang kapra ageng wadhah racikan sedhah sarta isi epuk kancana tiga iji katatah, tatahanipun angrawit, ingkang sartunggal isi glindhingan sata panasar, satunggalipun isi parincen gambir, satunggalipun isi woan utawi wonten kacipipun kencana pirantos kangge anyinggar wohan, sanginggiling lancing kancana wau mawi kaluruban ba….abrit, ingkang sinongket ing burdiran mas, tepinipun gine…….mbyokan bara sekar sedhah temu gelang, dalah kecohipun katadhan ….wi kancana, anama **Paiduan*:***

Wadhah gantenipun para badnara pangeran inggih sae, anama **lopak-lopak** mawi panadhahan alit, ugi kadamel sakin gkancana mawi tinatah rineka lunglungan wonten ingkang lugas, panadhahanipun kinarawangan asri, ananging sedhah sahadunipun wau boten kawadhahan pyambak-pyambak, katungilaken dados sawadhah kemawon, among panasaripun kadekekaken ing klikip pan alit.

Wadhah gantenipun prayantun ugi anama lopak-lopak kadamel saking slaka, tuwin wonten kang kawastan epok ingkang kadamel epok sakin gwacucaling maesa lumapis dhateng balunganipun kajeng wadhah kinangipun para alit anama: Slepa, kadamel saking wacucaling maesa, utawi wacucaling slira saweneh batokipun penyu, wadhah kinangipun titiyang bau ing dhusun anama: Slepi, ingkag kadamel saking anam-anaman ron pandhan kaguthek-guthek kadamel wawadhah saha dupuni kang wau kamot monggen piyambak-piyambak.

Wadhah kinangipun sudagar utawi bakul estri anama Pakinangan ingknag kadamel sakin gkuningan tuwin kemrakas ugi mawi kagutheg-guthek sarta amawi lorogan minongka wadhah tandhon, wondene caranipun titiyang ing dhusun bilih katamuwan mitra utawi kulawarganipun ing sawanci-wanci, sasampuning ambagekaken atasing kawilujengan, pakinangan ingkang kasumaosaken rumiyin, anggene anawekni ganten tembungipun: aku jupukna tai manuk.

Cekakipun ing bab kinang punika tumrapipun dhateng tiyang jawi, dhaharan ingkang sampun kapasthekaken dhinahar.

Pramila pamuhi kula dhateng tuwan tuwan mugi mugi wontena ingkang karsa ananem wit gambir ing tanah jawi, salajengipun anyadenana piyambak wonten ing tanah jawi, amesthi kathah kauntunganipun, awit tiyang jawi kathah sanget ingkang angganten, gambiripun taksih saking ing tanah Sumatra, nalikanipun tiyang jawi pyambak ingggih wonten bongsa sanes ingkang wonten ing tanah jawi katularan karem angganten, inggih

punika kpara nyonyah Cina, padhasaranipun meh mratah angadhepaken pakinangan, malah pakinanganipun kathah ingkang edi-edi, angungkuli dhaten gpakinanganipun titiyangjawi, awit pakinanganipun wonten ingkang kadamel saking kajeng cendhana, tembalo, utawi barlin, bilih anuju katamuwan tuwin sawegya dening dhateng titiyang ingkang tutumbas sarwi nyamuk-nyamuk angganten, punika ingkang anglangeni. Dhasar silanipun panggung, saduwa astanya kering, kang kanan ngasta panasar, anggosok kang waja kengis, wangunlir tetesing tirta, pangguting netya mimbuhi. Ujwalanya padi madu, dumadi kontep mrak ati, susilatyasipun bauya,, ngmalan wus lair batin, tan titining mamucang, anyeneng lathinira abrit. (Toblas, Jurugubah.

Ingkang kawatan sila panggung punika patrap pasilanipun estri, geseh kaliyan pasilanipun kakung, sabab talapakan kiwa tengen dumunung sangajenging bokong, meh gathuk, jengku kalih pisan jumengat manginggil, dados patrapipun radi amringkus. Panjurung

Candhakipun cariyos putrid pipitu.
Kacariyos kala putra mudha taksih alit dipun paringi supe dening kang ibu, pikantukipun sakin gkakung nalika apalakrama, supe wau mawi cinapitondha astmanin gkakungipun dewi Balnah, wektu putra mudha wiwit ageng, kapurih dening para bibi anglar supenipunsupados kenging kaangge salaminipun.
Bab supe wau putra mudha acariyos dhateng estrinipun juru taman sarta bkjuru taman lajeng amisanajngi dhateng putra mudha, masa anyaosaken sekar dhateng putrid ingkang wonten ing panggung, supenipun katangsulan kaliyan sekar ingkang kasaosaken bilih putrid ingkang wonten ing panggung temen ibunipun putra mudha, awit saking supe wau masthi sumerep dhateng ingkang anyaosaken sekar, ananging pangangkah mangkaten punika boten gampil linampahan jalaran putrid ingkang wonten ingpanggung mawi rineksa, sampun ngantos saged papanggiyankaliyankulawarga miwah mitranipun punapa malih sabenputra mudha anyaosaken sekar dhateng sang putrid, masthi sarengan akaliyanjuru tenung utawi rencangipun juru tenung.
Anuju saweneh dinten kala putra mudha wontening panggung tanpa rowang enggal amocot supenipun sarta dipun lebeti ggaganging sekar,lajeng kaunculaken sangajenging sampeyanipun sang putrid, sarehne dhawah ing sekar wau amawi sabawa nyala wadi, sekar tumunten kapendhet dening sang putrid sarta dipun iling-ilingi, wasana wonten supenipun.
Jalaran sakin gsupe wau dewi Balnah yitna dhateng putranipun sarta lajeng karangul sarwi dipun aras tondha ssuka seneng ing galihipun, putra mudha aariyos dhaten gingkang ibu bablalampahanipun sadaya, sarta ngaturi ingkang ibu sampun ngantos sumelang ing galihipun awit putra mudha badhe saged angoncataken ingkang ibu saking wasesanipun juru tenung sarana pambudi memet, dewi Balnah angandika dhateng putranipun: O Iya nggger, wus rolas taun lawase gonku kinunci ana panggung denign juru tenung, marga aku lenggana kaalap dadi jatukrama nganti aku meh ora duwe cipta kawasa oncat saka papasthen kang tumiba ing awaku, ing mengko aku berag

maneh,nanging kowe kang ngati-ati ngger, aja kongsi juru tenung anawruhi kaniyatanamu, awit yen ora mangkono kowe uga bakal ginawe cntraka kaya aku..
Sarehne putra mudha landhep miwah moncar ing galih, mila patitis wangsulanipun dhaeng kang ibu, tembungipun: Ibu, mugi sampeyan sampunkawatos kula badhe ngupadosi srepanrumiyin sapintenkawasanipun juru tenung, bilih kula sampun angsal seserepan saestu aganpilaken anggen kula mitulungi ibu tuwin rama sata para paman paman, samasa ibu kapanggih kaliyan juru tenung amratelakna manawi ibu boten pisan-pisan kagungan pangajeng-ajeng dhateng kakung, saha ibu ing mangke anembadani pikajengannipun juru tenung, karsa kapendhet dados jatukrama, tuwin ibu angudi aseserepan ingakng dados kawasanipun juru tenung, sarta juru tenung punapa saged pejah dening pandamelanipun manungsa.
Badhe wonten sambetipun.
Kajawekaken saking basa Malayu dening S.P. ing Kratonan.

Candhakipun Krama Dalem Kanjeng Srimaharaja Willem kaping III ing Nagari Nederlan
Bab 1

1. Para abdi dalem panewu mantra nagari dalah anon-anonipun panewu mantra, pamajegan pulisi sami amangangge garebegan songsongan lumampah jajari urut margi, wekasanipun panewu matnri, bupati kaliwon jawi anon-anon pulisi, pamajegan songsongan dharat satengah ing margi, katindhihan kanjeng raden adipati.
2. Prajurit tamtumama, kinten 50 miji pinih, 50 mangangge cara prajurit jawi kulukan saruwal panji-panji, rasukan mawi rabadan benang jene, numpak kapal asikeppedhang, katindhihan upsir.
3. Titiyan dalem kapal, tuwin titiyan ing kadipatenpandengan prabot sarwa jene dipun jajari sarta kinarung abdi alem panewu mantra magel gajah mati, mangangge garebegan songsongan, kaurung-urung jajaran waos kinten 50 iji.
4. Prajurit sarageni kinten 100 mangangge dodotan rasukan sikepan ageng sakelat abrit asikep sanjata, upsiripunpangkat mantra asikep pedhang.
5. Upacara dalem waos galodhog gendhaga, kaampil ing abdi dalem jajar kapara kapriyantaka, rasukanabrit kethu kepleh abrit, dodot lurik.
6. Abdi dalem panakawan 200 kiwatengen sami bebet bathik sabuk wala, tanpa rasukan cundhuk jungkat penyu plengkung, ngore rambut mawi samir kesting abrit.
7. Abdi dalem lurah panakawan 20 kiwa tengen mangangge bebet bathik sabuk cindhe, ngangge bara pethak rasukan sikepan sangkelat cemeng, iket jeplakan nyankelit pedhang suduk balongsong jene,
8. Panakawan Santana 60 kiwatengen mangange bebedan iket jeplakan rasukan sikepan cemeng anyangkelit pedhang dheken
9. Ranan 30 kiwatengen panganggenipun sami bebedan iket jeplakan rasukan sikepan cemeng nyangkelit pedhang suduka.
10. Urdenas dalem 20 mangangge garebegan kados panewu mantra nyankelit pedhang suduk balongsong jene, mawi kalung samirenda
11. abdi dalem panakawan panyutra 60 mangangge sami iket sekaran jeplakan cundhuk sekar sumping oncen-oncen sekar malathi, rasukan kotang sangkelat

jene, tan palengenan, mawi boreh jene, saruwal panji panji biru, sabuke apek abrit tinepi bara pethak dhuwung katothek ing kiwa, warongka tuwin ukiran sami kaparada, nyepeng gandhewa, anggendhong panah, ingakng kadamel gendhong cindhe abrit.

12. Musikan sapirantosipun sami kaungelaken urut margi
13. abdi dalem panewu mantra lurah bekel jajar anggandhek mangangge garebegan angampil upacara dalem banyak dhalang sawunggaling, ardawaleka, sami kalung samir renda jene, urdenas walandi 4 sami numpak kapal.

Taksih wonten candhakipunn

Ongka 7 Kemis kaing 13 Pebruwari 1879

Surakarta
Angancaraken cariyos kula wisudhan ingkang kasebut ing Bramartani ongka 6

Awit saking wiyosipun dhawuh ing timbalan dalem amarengi ing dinten Kemis kaping 6 Pebruwari punika, ing salowongipun nayaka dalem bupati gedhong kiwa, ingkang kakarsakaken anggentosi, bandara raden mas Arya Atmaja, kaganjar nama Raden mas Arya Kartadipura kalayan lenggah siti dhusun cacah 50 jung, jungjungan ing Surakarta, sarta mawi tampi tehdan dalem kampuh balenggen sangkelat tuwin sutra kagem rasukan cindhe tuwin renda kagem calana, renda dalah boliyun sekar sedhah kagem ukup songsong bawat tuwin songsong jene, sasaminipun kados songsongipun paranayaka dalem wondene bandara raden mas Ariya Kartadipura wau, putranipun suwargi Kanjeng Pangeran Arya ATmaja, sarta ingakng katariman putrid dalem nalika tanggal kaping 18 Dhesember 1878 menggah wontenipun patdhan dalem agem-ageman kados ingakng kasebut ing nginggil punika, boten ngemungaken dhateng mantu dalem kemawon ananging saben wonten kulawisudhan prayogi ageng kaliwon mangginggil inggih mawi patedhan dalem pangageman sapangadeg.

Banjir
Ing Bramartani tampi pawartos saking ing Grobogan amratelakaken nalika dinten malem Jumungah kaping 24 Januwari ingkang saweg kapengker punika, wanci jam 12 dalu, inglepen Lusi bawah dhistrik Sela Surakarta banjir ageng, angelebi dhusun-dhusun tuwin pasabinan sacelaking lepen banjir wau kantos dinten Saptu sonten saweg surut dados kalih dintenkalih dalu, toya ingkang angelebi joganing griya lebetipunkaki 5 dumugi 10 kaki, girya griya tuwin pantun maenad, banyak bebek ayam sarta pirantos griya, pnapa dene witwitan palakirna, kathah ingkang keli, kapitunanipun para tiyang ing dhusun ingkang sami kabanjiran kakinten kiranglangkung 2000 rupiyah, dene para tiyang ing ngriku sami wilujeng.
Nalika dinten Malem Jumungah kaping 7 wulanpunika, ing lepen Pepe banjirm kantos minggah dhateng waradinan tuwin palataran dalem presidhenan ingkangsisih kidul tujuniun ilinipun toya sage santer, dados botenkantos dangu toya wau lajeng rob, saupami lampahipun boten santer, jalaran anyarengi toyanipun benawi nuju ageng, saestu badhe sagetminggah dhateng kampug Cina, utawi griya-griya ingkang kacelak lepen.
Saking pawartosing ngakathah, nalika tnggal kaping 1 Pbruwari ugi, ing lepen Mungkung bawah kabupaten Sragen inggih banjir, ngantos angrisakaken waradinan sakilenipun karetek saha griya griya sapanunggilanipun ingkang sami celak lepen wau, kathah ingkang risak rebah, utawi keli.

Yogyakarta
Bupati wadana dhistrik ing Wanasari Kidul Kaliyer, dados bupati miji reh kadipaten Anom lenggah sabin tuwi bayar kantun sapalih.

Riya Bupati dhistrik ing Semanu, Redi Kidul akarsakaken dados bupati wadana dhistrik ing Wanasari, redi Kidul nama, Raden Tumengung Prawira Sentika,lenggah sabin tuwin bayar midhak tikel sakawan,
Wanda Punakawan ing kadhaton kakarsakaken dados riya bupati dhistrik ing Semanu redi kidul nama Raden Riya Suryakusuma, inggih punika putranipun Raden Alibasah Abdulmustapa, Prawiradireja, ing Bangkulon Sumatra.
Panji dhistrik ing Jumeneng, bawah Kabupaten Ler Nagari Suleman dipun undur.
Panewu ing Suleman kakarsakaken dados panji dhistrik ing JUmeneng, sabin midhak tikel
Panewu Reh Kori, kakarsakaken dados Panewu POlisi Suleman
Panji dhistrik ing Kalegung, bawah Suleman sarta panji dhistrik ing Kajabon bawah kalasan sami kaundur.
Dene ingkang kakarsakaken gentosi Panji dhistrik kakalih wau sami putranipun Raden ADipati Danureja Dheordhe Nederlan Senleyo, putra sakng ampeyan.

Bab Larangan mangangge Sinjang utawi Kampuh.
Abdi dalem bupati sapangandhap kadipratelanipun serat Bramartani ongka 5 wonteningkang kalentu katranganipun:

1. Danliris,2 rujak Senthe, 3 ukel pakis, 4 gondasuli. Kajawi ingkang kasebut nginggil sawarnenipun bathikan ingkang mawi malinjon tuwin lung parang rusak sarta ingkang nama parang-parang, inggih boten kenging ngangge, yen wonten ingkang nerak dhawuh, namung dipun engetna kemawon boten kalilan angrampas kados ingkang sampun mindhak adamel titrimipun para kawula alit,Panjurung.

NGAWI
Nalika salebeting wulan Dhsember ingkang kapengker punika pulisi Onderdhistrik Sine kabupaten Ngawi, midhanget pawartos manawi bobonggoling durjana ingkang sampun kasusra dados bubujenganing nagari Ngawi saha Surakarta nami Mangundikrama, panunggilanipun Surawijaya ingang sampun kacepeng ing Sragen asring galibet awira-wiri wonten ingn bawah dhistrik Sine, malah sring kendel wonten warung ing tengah lurung dhusun Tulakan dhistrik sine ugi, sarehin gpulisi Onder dhistrik rden Wongsadirja Asisten wadana, miring makaten lajeng mrekuwat dhateng tiyang sesadeyan wau, samongsa mangundikrama dhateng dipun purih pertiya, sarengkaleresan satunggiling dinten Mangundikrama pinuju kendel saha saseretan ing ngriku, tukang sesadeyan lajeng lapur dhateng Asisten wadana ingkang lajeng mepak dedamelan saha tiyang pulisi kathah angepang dhateng wande pakendelanipun Mangundikrama, cekakipun mangundikrama bekta rencang 3 saeng sumerep sampu kakepang, lajeng purun saha lajeng anyanjaya dhatengpulisi anamung lepating wekasan mangundikrama saha rencangipun tiga kapikut ing pulisi, sampu nkatur ing nagari Lumebet ing kunjaran kilap kadadosanipun anamung kang satunggal pejah kenging kasanjata dhatengpulisi, wondenin gpulisi wonten ingkang nadnhang tatu anamung boten andadosaken tiwasipun.

Nalika tanggal kaping 30 wulan Januwari punika, ingkang bupati nagari Ngawi, wanci enjing jam 5 nampeni serat inggal inggal, palapuran sangking wadana Jagarga, mratelakaken ing wana Kedhung Jambe, laladan wana Ketongga, dhistrik jagaraga, wonten tiyang dhadhekah wonten satengahing wana ing ngedegaken romok ambek tatiyang kakempalan kathahipun 25 iji sarta amepak dedamelan, saha sampun mawi bekta runnek saha umbul-umbul, ignkang sampu kapireng pireng tiyang wau ngaken nami Raden Surya aliyas mondraguna, putranipun sinuwun lepen ing Kadilangu, badhe jumeneng ratu adil ing Wana Ketongga, sarta garwanipun pamungkas sadherekipun ratu acih, ingkang punika wadana jagaraga anyadhong dhawuh punapa kengin gkascepeng, awit wingi bekel ingkang gadhah siti wau dhateng saha yektekaken bab wau ananmung sareng dhateng lajeng dipun thungi sanjata dhateng muridipun ingkang badhe junmeneng ratu wau, sareng kang bupati nampani lauran makaten lajeng inggal boten mawi mepak dedamel mangkanitih kuda sasanderan badhe sumedya amikut pun sedya dadya nata wau, sareng dhateng ing wates wadana saha panekaripun sampun mirantos ing ngriku, cekakipun lajeng makat anelasah ing wana wana wau, sareng dumugi panggenan rompokipun sang sedya dadya nata wa sepi watawis dereng dangu anglesipun ing wsana kang bupati adhadhawah kakersakaken ngubres wana wau , sepi watawis deteng dangu anglaesipun ing wasana kang bupati adhadhawah kakersakaken ngurbes wau antawis tebihipun satengah pal sang sedya dadya nata wau sampun mangunbrayasa sarana rompok, lajeng kakepang wangkul kabayamangap, wekasan kasuwaranana kalayan tembung sumeh pun murid saha sang sedya dadya nata lajeng nutut pasrah dadamel sarencangipun wekasan kapikut, wondening warninipun anggumunaken sang sedya dadya nata wa picak kalih kalihipun anamung sampun nyariyosaken dhaeng para muridipn yen pyambakipun badhe jumeneng ratu adil ing Wanaketongga, sarta nyariyosaken manawi piyambakipun sampun jumeneng ratu masthi mantun picak, saha kathah pamecanipun, akdos ta badhe jawah sela amasthi tiyang sabin boten badhe medal, punapa dene salebeting wulan Sapar punika sang sedya dadya nata badhe angawiti mangun merta parehning badhe jumeneng ratu, pramila sampun andhawahaken dhatengpara muridipun supados ugi tumuntena mertapa, sampuning mertapa tumunten lajeng pasang umbul-umbul sasampuning kapasang umbul-umbul wau amesthi abdhe lajeng wonten bagowong lamenipun 7 dinten pitung dalu lajeng terang ing wasana byar badhe lajeng katingal kadhaton ingang sampun mirantos samubarnagipun saha sampuh babadheni papatih ongka 1 ongka 2 tuwin senapati prajurit sapiturutipun sadaya, lan malih sinten tiyangingkang boten purun tumut lumebet ngelminipun badhe pejah.
Ing wasana sedya dadya nata wau sampun kabekta ing nagari NGawi lajeng lumebet ing kunjaran kilap kadadosanipun.

Apyun Peteng:
Rehning pulisi sampu miring pawartos kathah tiyang bawah Surakarta, utawiing Panaraga, ingkang sami kakesahandhaten gtawah Bojanagara,kitten-kinten badhe sumedya tumbas apyun peteng, wekasan nalika malem tanggal kaping 2 wulan punika, pulisi kanthi, teliking pak wnyegat wonten ing margi ingkang dhateng bojanagara, sareng wanci jam 3 dalu wonten tiyanglumampah gagolongan kathaipuh knten-kinten tiyang pitu sareng kasapa amangsuli tiyang pumampah saenan pulisi nagandheg sarehning dalu dalu pun lampah peteng amangguli pramila lumampah dalu dalu awit kapesthekaken purun

kalayan tiayng, sarehning pulisi dipun wangsuli makaten lajeng angundang tembungipun dara wadana punika wonten tiyang, pun lampah peteng sareng miring makaten lumajeng sakatekipun sarehningkapangkalan ing lepen ingkang pinuju banjir pun lampah petenglajeng ambyur inglepen, katututan kalayan pulisi saha enjing saren gkalabet manggih 5 impes isi apyun peteng, kawrat 12 kati, saha inglepen panggenaning ambyur wau kaupados ing manggih, 1 barengnging tiyang jaler sareng sonten manggih bathanging tiyang malih jaler, saha manggih salebeting lepen Impes kathahipun 12 isi apyun kathahipun 30 kati gungung sadaya 42 ing wasana mayit wau sabukanipun kapanggih pas lumampah saking kawadanan gunggung Karanganyar, dados sakingpanginten pun lampah peteng wau pancen tiyang sangking Karanganyar Mangkunagaran.
Boten langkung kula Mangayubagya dhaeng karaharjaning nagari Ngawi. Panjurung.

JEPARA
Kala tanggal kapng 4 wulan Besar kapengker punika Kyai Kaji Muamat Saleh, ingkang mandhegani guguyubanipun para ngulama tuwin sakathahing sudagar ingKudus, anyrempengaken anggenipun andadosi masjid ingkang wonten sanginggiling redi Murya,(Muria), ananging sampunlami anggenipun risak boten wonten ingkang ngupadamel, sareng ing mangke sampun rampung anggenipun dandosi, dados sae malih, saestu andadosaken asrining paningal, sarta para guguyuban wau iyeg sanggup angedegaken teteping sembahhyang, ing pendhak Jumungah, ing saben Jumungah para guyuban minggah dhumateng ing ing masjid sapucaking redi ngriku,wondene yen anuju dinten Jumungah Paing para guyuban gilir gumantos amaos kotbah tuwin angimami, pramila ngantos awon kaji utawi santri salebeting nagari Kudus tuwin saking sanesipun nagari jaler utawi estri delidir sami kapilayu tumut Jumungahan dhateng mesjid ing Murya, Malah rumiyin wonten saweneh tiyang ingkang angepal, anduparakaken sagedipun tetp jumungahanipun masjid Murya, inggih saking sepi sarta tebihipun ingkang cepak pamanahipun tiyang, amesthi ayag-ayagan andulu inggilipuning redi, saiba rekaosing lalampahanipun suprandene ing mangke teka kayektosan punapa pangajeng-ajengipun para ingkang guyuban, ewon kaji tuwin santri ingkang dhatengmakmun sembahyang Jumungahan,punika embok manawi saking kramatipun ing Waliallah, ingkang babadhe salajengipun sumare wonten ing ngriku, inggih punika ingkang sinuhun Murya . mandhar ing pendhak Jumungah boten wonten sepi sepinipun titiyang ing kang dhatenging Masjid sarwi sidhekah, sekul ulam ayam sarta amik-amikan, dipun anggerat tobah ing sasampunipun bakda Jumungahan.

SAMARANG
KoisiningLotre Griya Miskirum ing Samarang angaturi pawartos wontening serat kabar slompet Malayu, bilih benjingkaping 30 Mareta taun 1879 punika tamtuning panggebakipun lotre wau.

Serat kabr Bitnang Timur angaturi uninga dhumateng ing saeneh titiyang, bilih ing Surabaya sapunika wonten satunggaling baita Api enggal anama Merkuriyus, ingkang lalampah saben dinten wira-wiri saking Surabaya dhateng ing GResik, saking Gresik

dhateng ing Surabaya, baita api enggal punika pancen sae sarta santosa ing pandamelipun, tur endah ing pangrengganipun, pramila pantes kaalembana ing ngakathah, ing nalika baita Merkuriyus saweg kaobi sapisan sampun wonten ta ndhanipun bilih amaredahi sanget jalaran sakin glepasinglampahipun, awit mawi mudhik angubengi plabuhan Surabaya medal ing Lepen Mas, lajengkendel wonten ing lepen sacelakipun romah makan ing Surabaya, punika among dipun lampahi satengah jam dangunipun, mongka masanpun ilining toya santer-santeripun.

MANILA(H)

Serat kabar Strait Time s angedharaken pawartos kados ngandhap punika.
Kanjeng Gupremen badhe adamel margi kreta api saking Manilah dhateng ing Dhagepan.
Ing kampung KOmpostala, arengipun sela saes sae anglkangkung kathah, baita api gangsal iji ingkang sampun ngemot areng sela saking ngriku, lajeng kabekta dhateng ing nagari liyan.
Anggsal-angsalanipun pantun ing Sambales pituna sanget, awit ing nalika pantun saweg tanem kakirangan toya, sareng pantun gumadhung, lajeng risak dening walang.
Ing pengasinan kala wulan Oktonber karaaban jawah, punika anuwuhaken panginten anddosaken kabegjanipun para among tani, awit ing mangke taksih kakirangan tedha,uwos reginipunapis sanget, tujunipun tumuntenkajogan uwos saking nagari Cina utwin saking Jepang, anjalari tumurunipun ing regi sawatawis, ing saderengipun kajogan uwos saking ing nagari sanes, titiyang ingkang miskin ingkangsami katedhamaung gagodhongan oyod-oyodan sarta dhadhangkelan, Ing saweneh dinten titiyang ingngriku semerep ama walang ingkang kumerap anggolong-golong wonten ing ngantariksa, tumunten dipun elokaken kalo: kalo, amane, wang pirang-pirang kanga rep angrusak tanduraku kabeh sakonca, mulane ing ngendi bae kangkatrajang, ing sabisa-bisa ayo padha dipelagani, sarta dipateni, mangkaten ing salajengipun titiyanging ngriku sami gaguyuban saking talatos sarta pametanipun boten ametang kangelan, ngantos saged ambirati amanipun ing patun sawatawis sareng walangipun sampun kathah ingkang dipun pejahi, ing mangke pantunipun dados sae-sae. Taneman kopi utawi soklat jalaran saking kirangan toya, eme sadaya sami pejah, ananging titiyang ing ngriku boten niyat anguduri nanem taneman kakalih punika, awit taksih angandelaken saening sitinipun Kawontenanipun rosan ing mangke sae-sae, pramila kenging dipun kinten bnejing ing tau ngajeng embok manawi kathah gendhis.

Serat kintunanipun tuwanF.H. Poih tuwintuwan Tepan ARdhe, dhokter kewan katitimagsan Betawi kaping 31 Yanuari 18799 dumunung wonten kabar selompret Malayu, suraosipunkados ngandhap punika.
Ing wawengkonipun tanah Indhi Nederlan samangke wonten sasakit, ingkang asring asring angengingi dhateng kewan tuwin dhateng rajakaya sapanunggilanipun, ing Betawi utawi ing sakiwatengenipun betawi saman samankapuserepan kalayan kayektosaken araning sasakit wau ing tembung Malajengipun wastani: sampar, ing tembung Welandi pun Wastani; Rundherpes,utawi Petyepais (ing tembung jawi embok manawiingkang dipunwastani sakit dhingkel utawi potho).

Saestu ageng paidahipun upami saweneh tiyang ayo nyomerepi ing kawontenanipun sasakit punika, wondene tnadhanipun ingkang sampun kalimrah, bilih wonten rajakaya kaparaks asakit wau, bubukanipun amesthi boten patosa doyan nedha, yen kewan wau estri bubukaning panandhanipun sakin gsendhating wedalipun toya susu, upami sampun wonten tandhanipun ing sasakit, mongka kasep boten tumunten dipun selagani, saweg sakedhap kemawon gemoking badanipun amesthi panas, sakedhap malih mendha, boten dangu panas malih, wulunipun sami anjegrig, badanipun lajeng gumeter, bilih lumampah lampahipun sempoyongan, guwayanipun lajeng cowong, untunipunlajeng kerot-kerot, ambekanipun sesek tansah amenggah-menggah, terkadhang mawi watuk miwah aninja, tinjanipun garing kaworan umbel, sarta nalikanipun angenen anglangkungi rekaos manawi badedengan, dangu-dangu cangkem tuwin irungipun katingal amuruh, lajeng gebros-gebros amedalaken umbel warninipun radi cemeng, punapa dene matanipun carocosan eluhipun anglangkungi buthek sarta pliket,wondene lebeting cangkem irung, tuwin matanipun sampun tamtu katingal abrit, salajengipun katingal kados cape, lajeng anglunggsar sarta sakedhap-kedhap angiling-ilingi pdharanipun, antawis kalih utawi tiga dinten sasakitipun sangsaya angranuhi, badan lajeng asusut sarta boten saged angadeg malih, tansah ngolang-aling tuwin angleleh wonten ing pasuketan, sirahipun kaglethakaken kados karaos mumet panonipun, wekasan lajeng botengadhahkarkat, saemper among angraosaken rumapsing sasakitipun kemawon, kalih dene malih salebetipun lambe ingkang ing ngnadhapucuking ilat, salebeting irung,sart ing cethak katingal pating mencunus sabotor-botor, inglebeti isi nanah, sangsaya dangu sangsaya mindhak ingpasrepanipun, matanipun nylot angowok tansah carocosan, punika lajeng boten doyanedha babar pisan, ulatipun sangsaya mangluh, kedah glungsaran kemawon cangkemipun cacathuken (wel-welan) ingngriku kasangsarya anggenipun sakedhap nedha pengiling-ilingi padharanipun, andadosaken tondha bilih weteng ingkang karaosaken sakit, ing salajengipun sakedhap kedhap aninja, talethongipun ledeng cemeng sarta kaworan rah, ambetipun anglangkungi Niprbah, manawi sampun makaten punika mugi kayektosanana ing dalem 8 dinten kemawon amesthi lajeng pejah, Taksih wonten andhakipun.

Mitra satuhu

Prabu Napoleyon sampun andhawahaken mirantos anggening badhe angleksanani esthining driya, mangangsah praja Ruslan ing dalunipun angajeng-ngajeken dinten badhe bidhalipun wdya bala, prabnu Napoleyon jumeneng wonten epering kadhaton ingkang umareg jendral kakalih ingkang satunggal awata Bertren saweg nyerat satunggalipun awasta Lerprang punuju ngadega ngajengan jandhela, tumenga ing ngawiyat ingkang sanget sumilakipun lintang pating karelip mandar wontensatunggal ingkang amancorong, prabu Napoleyon tindak amurugi jendral Leprang dinangu, kang pakenira pandeng iku apa, Leprang munjuk nuhun gusti amba andulu lintang ing kang mancorong punika, ambag gagaslir prabawa alem ingkang anyuremaken pancoronging praja liyan,s ang prabu ngandika: apa temen iku, nuhun ssaestu gusti, pnapa kadadosanipun praja Prangkeik, punapa kawekasanipun tanah Eropah, bilih boten sumungkem dhatengprabawa dalem purbawasesa ingkang tumanduk ing jagadpramudita, pancen tan kenging oncat saking asta dalem, sanadyana prabu Napoleyonasring kadunungan ambeg gumulung,s areng amiarsa tembung makaten wau,lajeng angoncati sarwi angandika eh

ora Leprang, ora ana titah ing pangeran kang linuwih ake saka papadhane, wruhanira, mung begja iku tumibane ana bedane, mara pakenira titeni sasedaning sun obah osiking praja Prangkreik apa maneh tanah Eropah iya ora liya kaya saiki, mara Bertran apa apa panemunira nalisir saka pangandikaningsun ini, jendral Bertran tumenga sakin gpanyeratan amunjuk nuhun inggih sami gusti.
Tigang taun kapengker Prabu Napoleyon lajeng jengkar saking kaprabonipun pindhah dhateng pulau Sintelenah (Sinhelena) Prabu Lodheweik kaping 18 nunten jumeneng wonten ing Prangkreik jendral Prang kalulusaken ing pangabdinipun inggih asring aseing umareg ing kadhaton sawijining dnten prabu Lodhewik hdahar enjing wonten ing emper ingkang kacriyos ingnginggil wau, jendral Prnag pinuju saos amunjuk sarwi agunggung dhateng sang nata. Gusti sapinten a nugrahaning praja Prangkreik saged oncat saking cangkereming janma paripeksa, Napoleyon saha ing mangke kaerehing panjenengan dalem.

Suwawi sami kagalih alalampahanipun jendral Kakalih wau,nalika prabu Napoleyon jengkar, jendral Bertran arsa andugekaken lalabetipun dhateng badnaranipun lajeng andherekaken pindhahipun dhateng ing Sintelenah, ngantos dumugi iing sedanipun wangsul jendral Prang nutnen asowan ingparentah enggal anyaosaken katemenanipun waatoning supaos aselak dhateng Prabu Napoleyon, prmaila para ageng sampun age-age anyelakakenpara abdi,ingkang kadunungan ambeg micara, wasis dhateng panggunggung tur sugih rembag pamurihipun namung karuhunraning badanipun piyambak boten amanah kadadosanipun ing tembe, abdi makaten wau lir sarpa galak ingkang tindak tandukipun sarwi alus tur anyemburaken wisanipun ananging ing mongsa sapunika leres kawon kalih anrimah. Juru ngarang.

Ongka 8 Kemis kaping 20 Pebruwari 1879

Surakarta,
Kala wingi tingalaning wiyosan dalem ingkang sinuhun kanjeng raja ing Nederlan pasamuan kados adat, kaotipun namung boten mawi baris ageng, jalaran sedanipun rayi dalem kanjeng pangeran Hendrik menggah pasamuhan ing dalem paresidhenan tamunipun boten kathah awit kakinten amargi sedan wau badhe boten wonten pasamuhan dados kathah para b\nyonyah ingkang boten sadhiya busana, menggah kondur dalem wanci jam tiga dalu.

Kula wisudhan ing Mangkunagaran, nalika dinten Akad Legi tanggal kaping 9 wulan Pebruwari 1879

1. Mas Yutenan Prawirakertarta, Irstelitenan Infantri, kaelih pandamelanipun dados mantri kasmpung ler, sarta kapatedhan nama, Mas Ngabei ArjaKertarta.
2. 2. Mas Prawirabisana, 2 Dhe Litnan Infantri kawisudhan dados Irstelitnan Infantri
3. Raden Mas Surasma, Kadhet infantri kawisudha dados 2: Dhe Litnan Infantri, sarta kapatedhan nama, Raden Mas Panji Londa Surasma.

Kudus
Kala dinten Akad kaping 12 Januwari kapengker punika wanci jam 4 sonten, wonten tiyang wolu iji pejah jalaran kasamber ing gelap, menggah tatiyang wau griyanipun boten atunggil sadhusun kemawon, ananging tunggil samiabawah dhateng ing dhistrik Cendhana, titiyang ingkang sekawa griyanipun wonten ing dhusun Padurenan, ingkang kalih gagriya ing dhusun GEtas, ingkang kalih malih griyanipun wonten ing dhusun Klumpid, titiyang ingkang sampun pejah jalaran kasamber ing gelap wau saking antawis uuripn babarakan kemawon, ngumur ngawandasa utawi nyeket taun.
Nalikanipun titiyang wolu ingkang sampun pejah punika wonten tiyang satunggil malih, namanipun Satruna, ugi gagriya wonten salebeting dhusun Padurenan, punika tumut jagongngan ing wektu nalka titiyang wolu wau dereng kasamber ing gelap, saking cariyosipun Satruna: kala ing dinten Ajkat kasebut nginggil, titiyang wolu kalebet pyambakipun sami kepanggih kaliyan pak Basirah, ingkang saweg anuju wonten ing tegal pajagungan, parlunipun titiyang wolu punika badhe angalap epah, tumut anggarap sabin gadhahanipun Pak Basirah, trimah kaberahan jagung ing samurwwatipun ing pandamelan, pak Basirah inggih anyagahi detreng dumugi anggenipun awis-awisan atasing pituwas, katungka jawahipun ders nadyan punusus, miwah swaraning sangyang Wraha sapati munya awanti-wanti, titiyang sanga wau dados pating jrumbul sami angeyup dhateng ing gubug sacelaking pajagungan ing ngriku, wondene ingkang gadhah gubug ingkang sami dipun eyupi punika inggih pun pak Basirah, nanign gsarehning gubug wau radi alit dados boten cekap bilih dipun eyyupi ing tiyang sanga, pramila satruna puyambak kapeksa ngawon apados pangeyupan sanes, lajeng nekat angebes-ngeyub dhateng ing gubugipun pyambak, boten patosa tebih kalayan prenahing gubugipun pak Basirah wau, wasana dereng antawis dangu kendelipun SAtruna, angentosi kendeling jawah wonten ing gubugipun pyambak, miren gswarnin ggelap jumepret sarta jumegluk rambah kaping tiga, satruna radi giris manahipun mila tansah andhepepel wonten cagakin ggubug sarwi angentosi sateranging jawah, sareng jawahipun sampun angawis-aswisi, Satruna sumeja andugekaken rembagipun kaliyan pak Basirah ing wau, dados lumampah wangsul dhateng ing gubugipun pak Basirah malih, sareng sampun dugi, amanoni salebeting tubug titiyang wolu wau sampun sami pating jepapang sarta sampun sepi ing keketekipun, mila manahipun satruna dahat kasmaran badhe anilingaken wawartosipun. Dheleg tysira umeksi, sapanduratan ngandika, dehastha wus dadya layon, gumlinting aeng ngingkisma, pirasuwene baya, goningsun ninggal ingmauy, teka wus ssaya pralaya. Ginagas

nyelot awingwrin, binudi saya karasa, mangkana sotaning tyase, Manawa kasamber gela, ing seara kang kapyarsa, jumegluk kang kaping telu, karya wagugening driya. Lir suduk gunting tatu dwi, sapisan pangrasanira, saab legek tan andipe, nalika wawan wicara, sasat sakedhep netra, kapanggih malih wus surud, pin gkalih katuju masa. Gubug dhatan anyukupi, kung gyan an mring janma sanga, dadya katemahan mire, yen sampuna tan mentar, yekti katut kababan, jedhet kasamber ing guntur, girising tyas nulya kesah.

Sareng Satruna sampun dumugi ing griyanipun salebeting dhusun padurenan, lajeng angungelaken titir, kadamel terngara bilih wonten kacilakan ingkang sumandhang, inggih makaten kadadosanipun kalayat para polisi sarta kadhatengan tiyang tandang kathah, ananging punapa ing angdipun galih malih, awit sampun boten saged nutui dhateng pamuksaning jiwanipun, kajawi inggih among urun lenger-lenger getun angungun, sarta giris aningali wujuding jisimn ingkang pating tulempang, punapa dene amiraos ing lalampahanipun Satruna saupami taksih tumuta ngeyup tunggil sabubug kaliyan tiyang wolu wau, amesthi tumut kasamber ing gelap, wondene kalampahanipun boten tumut lajeng angupados pangeyupan sanes, punika sampyn takdiring Allah ingkang tinumrapaken pyambak-pyambak. Ing sasampunipun mayit wolu iji wau sampun kapriksa dening Asisten wadana ing Gebog Candhana mayit mayit wau lajeng kapasrahaken dhateng para ahli warisipun pyambak-pyambak, supados dipun etaka ing sakuwasanipun.

Surabaya

Mas Iman Mahadi asung pawarti dhateng ing kabar Bintang Timur, yen kala kaping 28 Januwari taun 1879, ingkang sampun kapengker, pyambakipun miring pawartos kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Wonten estri satunggal karan anak embok Din, sakanipun sakin gdhusun Paloreja, ing wanci enjing kesah dhateng ing peken Ngara badhe tutumbas betahing griya, sarwi ambekta yatra keton ingkang badhe kadamel tutumbas, sarehning sangunipun yatra among wetah, nongka ingakng badhe dipun tumbas barang becer, dados ketonipun punika kedah kalintokaken, ing yatra pecah, ing salajengipun yatranipun keton wau kalintokaken, dhateng titiyang jaler ing anuju sarengan wonten wonten ing peken ngriku, keyton sampun tinampenan dening pun jaler, sareng pun jaler anggogohi kanthonganipun lajeng creiyos, bilih yatranipun ingkang badhe minongka lintu kawical kirang satengah rupiyah, pramila yatranipun ketosn estri wau kaangsulaken malih,pun estri inggih anampeni, pun jaler sareng sampun amangsulaken yatra dhateng estri lajeng angles boten kantenan, mongka yatra keton wangsulan saking jaler wau sareng kawaspadakaken dangu dangu tetela bilih budheng (tiron) dados sanes saluguning ketonipun piyambaking wau, pun pangapus kapadosan boten pinanggih dhateng ing pundit purugipun, sakin gbebeging manahipun estri lajeng gembor anedha tulung, pangge,boripun punika kapireng dening upas polisi ingkang kaleres jagi ing peken namanipun Suradiwongsa, sasampuning aniti sababing pambengok lajeng trangginas amadosi, ananging sampun boten pikantuk lacak, pramila suradiwongsa among lapur dhateng ing Asisten wadana ongka II ngara, kadhistrikan Jombang (Majakreta) anama mas Ngabei Prawira Adireja.

Sangking kencengipun asisten wadana anindakaken saparluning kuwajibanipun, dupi midhanget plapuran mangkaten punika wau lajeng anyebar rencangipun titiga, kapurih angisep-isep pawartos atasing prakawis punika.

Sareng pangupadosipun laminipun dumugi kawan welas dinten rencangipun satunggal sakin gtiga wau anami Pak Kun angsal pawartos katranganipun tiyang ingkang adamel yatra slaka tiron, pramila kaleksanan kala ing dinten Akat kaping 26 Januwari ingakng sampun kapengker, asisten wadana kanthi upas polisi amikut tiyangkakalih igkang satunggal nama pun Kusim bongsa madura, satunggalipun malih nama pun Pak Rameja bongsa jawi, nalika wektu griyanipun kagledhah sampun wonten tandhanipun bilih titiyang kalih punika pancen temen gadhah reka adamel yatra slaka tiron, kacihna saking dadamelanipun yara ing sampun dados ringit satunggal

rupiyah kakalih, ingkang kepanggih kadhelikaken wontn sangandhaping bantal patilemanipun, wah malih reja sakathahipun sekati, sarta sakathahing bekakas pirantosipun ing pandamel. Tiyang pasakitaningkang nama Pak Rameja ngaken bilih pyambakipun inggih temen agadhah reka damel yatra trion rencangipun kalayan wau estri.
Saking kawontenaning prakawis punika, dumuluring pamuhi kula, mugi mugi ing nagari Amlaksanaha dhateng tiyang kakalih punika, awit purun-purun anerak waalering parentah, kajawi saking cihnanipun ingkang sampun kabestupl kukum sakin gpratelanipun tiyang seksi tiga iji punika sami sumerep nalika pasakitna gadhah reka sarta nalika ayambut damel damel yatra slaka tiron, malah seksi titiga punika sampun nate dipun wulang, supados saged dadamel yatra tiron.

Panjurung
Bilih kapareng serat kula punika mugi kapacaka wonten ing serat pawartos ingkang panjenengan kkuwasani, pamurih kula namung badhe angalembana dhumateng tiyang, ingkang pancen pantes kaalembana.
Kados panjenengan inggih sampun nate sumerep dhateng abdi dalem Nyangkrak keparak kiwapun Kiyai Baleber, inggih punika janma ingkang anyeplesi dhateng jajulukipun baleber dhateng Ngayogyakarta lajeng saged anyepeng durjana, ingkang amandungi tiyang banjar ing kampung Kmlayan saged ambekta cihnanipun pindhah awarni sosotya elas-elasan saha sampun lumados ing parentah, Baleber malih lajeng saged anyepeng papara, ingkang angempit barangipun babah kapitan aregi 14000 ugi sampun los saking balegriyanipun tiyang tuwin cihnanipun inggih sampun lumados ing parentah, sanesipun malih Baleber-Baleber inggih masthi anyepeng durjana, sampu rambah-rambah kauningan ing parentah, sumongga kagalih ha lalabetipun abdi dalem wau, punapa saking pamanggih panjenengan dereng anyekapi dados jalaran atampi ganjaraning parentah, kula boten sumedya amanceni karsaning nagari, ananging saking pamanggih kula lalampahan makaten wau, pantes yen kagalihha para ageng, awit badhe agugah kretkatipun para badi sanes, Katur kala kaping 14 Pebruwari sinangkalan Gapura pitu manggalaning abdi. Pun Minta.

Manawi andadosaken kaparenging panggalihipun tuwan C. Mudhi jurubasa tembung jawi ingkang angarang pustaka pawarti nagari Surakarta, panjurung punika mugi kapacaka:
Ing nalika wulan MUlut taun Dal ingkang sawek kapengker punika, kula dhateng nagari Surakarta, prelu aningali ungelipun kagungan dalem gongsa sekaten, kula sumerep kathahipun para bongsa awarni-warni, sami asasadeyan, sareng antawis surup ing surya, sadaya bango panggenanipun para ingkang sasadeyan wau ktingal sangsaya asri, awit karengga ing dilah abyor: sanadyan nalika punika kabarung ing jawah, suprandenipun tatiyang ingkang anininga li prasasatan pawicalan, ingkang andadosaken pangunguning ngakathah: ing bab pambaureksaipun para wajib dhateng lampahing kadurjanan anglangkungi karaharjanipun, namung lampahipun para janma nem-neman: ingkang sami kadunungan pembekan calunthangan: punika taksih sami andumugekaken tingkahipun ambrakasakan inggih punika kapatrapipun para tatiyang nem-nemaan krompolan sami mangangge adiluhung, anggalibet wonten sangajenging gapuranin gmajid, parlunipun sami ngadhang-adhang: manawi wonten pawestri ingkang resik warninipun aningali sarta lumampah manjing medal ing gapura, punika lajeng dipun sarengi ing para ambeg gemblungan: inggih boten neja mendhet busananing ngestri, nanging sukaning manah badhe angrayah wawadining ngestri, ingkang sampun boten kuwatos badhe amanggih wawales saking ingknag wajib umales dhaeng para gemblung, amila pamuhi kula lelampahan makaten wau mugi mugi saged a sirna saking pambauregsanipun para wajib awit badhe angindhakaken kabingahanipun para alit, utawi anentremaken tatiyang estri ingkang sami aningali. Pangajeng-ajeng.

Mugi nagari kaarsa amaggalih sirnaninglalampah kasebut ing nginggil punika, awit manawi boten embok bilih anuwuhaken nepsunipun para kadang, boten wande andadosaken ribeding parentah.
JURU NGARANG

Candhakipun serat pakintunipun tuwan F.H.Poih tuwin tuwan T. PANAERDHE, dhokter kewan katiti mapan Betawi kaping 31 Yanuwari taun 1879 kawrat wonten in gserat kabar slompret Malayu.

Menggah pamarakipun sasakit sampar (dhingkel) dhateng sato kewan sapanunggilanipun emeh kengng katamtokaken dados margining kamatiyanipun wondene kewan ingkang asring0-asring katrajang atasing sasakit wa ingkang mesthih among raja kaya, inggih punika kembur sarta maesa, maenad jawi tuwin maenad brenggala.
Kantos dumugi samangke ing kawruh pdhukunan dereng amanggih jampi ingkang istijab sarta dereng kawngan ing budi damel tarekah ingkang kadamel anulak atasing sasakit mau.
Suwawi sami dipun piyarsakna ing nalika sasakit punika angrisak rajakaya pinten pinten nagari salebetipun taun 1714, ing nagari Pimon(Piemont kapejahan lembu kathahipun 70000 pitungngasaewu, ing negari Welandi 300000, tiga atusewu, ing nagari Rum 26000 nemlikur ewu, tumunten nalika ing salebetipun taun 1745, dumugi ing taun 1749 ing nagari welandi kala laminipun saweg 6 wulan kemawon sampun kapejahanlembu kathahipun 114000 satus kawanwelas ewu, ing Priselan *West Frieselan*: 43000 kawan dasa tiga ewu tumunten kala salebetipun taun 1776 ing nagariWelandi ugi kapejahan lembu malih kathahipun 300000 tigng atus ewu, ing nagari Selswikapristein *sleeeswijk Priestein* ugi kapejahan lembu malih kathahipun 143000 satus kawandasa tiga ewu, wondene ingkang dados jalaraning pejahipun lembu maewu-ewu punika tan liya inggih saking sasakit sampar (dhingkel) kasbut nginggil.
Sumanten malih kala salebetipun taun 1865 dumugi salebetipun taun 1866 ing nagari Welandi ugi kapejahan lembu malih kathahipun 50000 seket ewu, ing negari Enggris lembu ingknag pejah langkung saking 200.000 kalih atus ewu, menggah jalaranipun tan liya inggih sasakit punika ugi.
Sasakit sampar (dhingkel) punika sawijining sasakit ingkang ambilaeni pyambak dhateng ing rajakaya sapanunggilanipun, ing sapunika sampun tumerah dumugi ing tanah Indhiya Nederlan saweneh tiyang pened anyumelangana dhateng kawontenaning sasakit punika, embok manawi tular-tumular anrajang dhaeng sakathahing nagari nuswa jawi.
Pramila tuwan-tuwan ingkang angsung tondha asma punika rumaos kawajiban angengetaken dhumateng ing saeneh titiyang ingknag ngangingah, supados amengakaken pangatos-atosipun, punapa dene saking dumuluring pamuhinipun dhateng titiyang ingkang gadhah ingah-ingahan, ing sasaged saged anjagiya ingah-ingahanipun ingkang prayogi, bilih wonten rajakayanipun ingkang kaparak ing sasakit inggal katebihena, sampn ngantos kaeworaken kalayan rajakaya ingkang waras-wiris, awit embok manawi katularan ing sasakitipun, pramila bilih sumerep punapa punapa igkang riknaosaken dados tandhaning panyakit dipun inggala lapur dhumateng ingkang ngasta pusaraning nagari, sampun ngnatos laleda, kajengipun kagalih ingkan gminongka tatulakipun.
Wasana bilih saweneh titiyang guyub kalayan kamempenganipun anjagi ing kawarsanipun sapanunggilaning mahluk, saestu boten kangelan pangupadosipun sarana ingkang kadamel. Anulak ing ngatasipun prakawis ingkang kinuwakiraken, titiyang pantes anggetekna saliring papaakipun ing nagari, ingkang suraos anrekah atasing seger kawarasan, sarta ingkang tansah anggalih tumandukipun sakathahing pambudi, parlu angamel saenipun ing ngakathah.

Candhakipun Krama Dalem Kanjeng Srimaharaja Wllem kaping III ing nagari Nederlan.

14. Rata titiya dalem kadherekaken para mayor kapitan Litnan sami kampuhan kuluk kanigara, nyakelit pedhang blongsong jene, rasukan sakelant cemeng mawi rabadan renda, sakoder kuwasa ing jaja, tuwin bupati kaparak kiwa, sarta onder mayor raden Mas tumenggung Wiryadiningrat, tuwin para Santana dalem ariya Panji kangjeng pangeran Kolonel Arya Purbanagara, sarta Opresteh Raden Mas Ariya Cakrawinata, anitih kapal Ebeg-ebegan ingkang rinengga sarwa jene, mangangem kuluk kanigara, lancingan panji panji rasukan laken cemeng mawi rabadan jene sakoder kuwas ageng sungsung, angansta pedhang wonten sakiwa tengening titiyan dalem, sata sakiwatengening titiyan dalem rata au, sajawinipun ingkang dherek tuwin ngampil –ampil, kaurung-urung abdi dalem prajurit jayengan 100 bebet cincingan saruwal panji-panji, kulukan asikep waos.
15. Sawingkingipun titiyan dalem rata, para abdi dalem panewu mantra kaparak kiwa tengen mangangge garebegan rasukan abrit ngangge sami renda jene, angampil upacara sanjata talempal sapanunggilanipun.
16.Prajurit Drahgunder, 50 anumpak kapal asikep pedhang katindhihan upsir walandi satunggal.
17. Abdi dalem Urdenas ing kadipaten sarta panewu mantra ing kadipaten angampiil upacara kadipaten lajeng Urdenas walandi 2.
18. Rata pameran titiyanipun kanjeng gusti pangeran adipati anom, rakitan bopong 6: pakeyan jene, kusir walandi kenek 2pameran, ingkang nunggil sarata kanjeng tuwan asisten residhen, songsong gilap binabr tumrap sanginggiling titiyan dalem rata kaayab dening abdi dalem bupati kaliwon kadipaten anom sawingkingipun titiyan rata, inggih abdi dalem lurah bekel jajar, kadipaten angampil upacara.
19. Prajurit praiwranom 50 mangangge rasukan sakelat ijem mawi rabadan benang jene, saruwal panji panji sankelat ijem numpak kapal asikep pedhang katindhihan upsir.
Taksih wonten candhakipun.

Brantaning sujanma suci, kawruh wredining sembayang, pinurweng gendhing dimene, resep rumaketing gita, nguni wonten patanya, paran perluning ngasujud, limang wegtu saben dina. Sujud rukuk saka ngendi, angadeg purweng sembayang, rukuk ping tiga sujude, lungguh jangkep ping sakawan, samene kang winahywa, ngadeg geni asalipun, nging tan agni keneng lena. Dwan nala tan kena gingsir, iyeku papeteng dahat, tan ana urub sirebe, langgeng nora kena owah, sajatining kang cahya, kakbatolah arepipun, miwah kaananin gsukma. Kasuciyan dating winih dene rukuk ponang asal, saka maruta yektine, dudu anginkang sring pegat,dudu angina kekayun, dudu samirana rosus, iya duduran pawana. Tan kandheg tedhuh kang angina, nora raywan ing sakala, yeku napas sajatine, sruning lampah kadi toya, militant kena pegat, dumunungin gpujinipun, pikukuhia ngagesang. Ubenging napas lesati, andina ratri rtan pegat, yen raywan sadhela bae, satemah lebur kang jagat, sujud teka narmada, dudu sajatiing ranu, kangkena lokak lan asat. Nora mijil sing pratiwi, dudu rirising ngakasa, tan saka oyod asale, wenora sakin gngaldaka, dudu toya katingal, tan wening butheg lan letuh, nora wuwuh nora suda. Ing sayekti kaang warih, urip kang tan kena lena, anguripi sakatbehe, sangking nugrahaning suksma, gumelar ing bawna, dene lungguh asalipun, tan lyan saka ing bantala. Dudu bumi den anciki, dudu siti rug urugan, dudu pratala ginawe, yektine bumi antaka, tan kena gingsir owah, mangsuli malih ing ruhur,, ngadeg asal sing dawn nala. Madheping sasotya adi, amandeng pucuking grana, rukuk kang den arepake, sirollah jatining cahya, kadya sawarena retna, tan yun myat ing liyanipun, sujud asaling narmada. Mareping rasuullulahi, gumebyar cahya gmilang, tan amiyat ing liyane. Dene wredinipun malih, angadeg saka dwanala, narmada dadya warnane, wah toya kang dadya atma, udya dadya swara, toya kang dadyapangrungu, wijang-wijanging narmada. Toya warna kang sajati, dumununging asma allah toya swara sayektine, iku banyu sujud dolah, toya dadya paningal, kang dadya cahyapuniku, banyu madikiranira. Kang dadya warna anami, banyu mulayat anama, de kang dadya paningale, banyu wadi aranira, yeku kang dadi cipta,nengna malih kang cinatur, denira babar sesotha. Wawali sanga tinari, denira prabu satama, pangeran saron

kanthine, kalawan pangring toya, pangeran ngardiliman, pangeran meksa na tumut, lan pangeraning siraman. Seh siti Jenar tan kari, pangeran toya tinambak, miwah pangeran garage, pangeraning pisang manah, angling sultan ing Demak, sokur pepaksanak ingsun, manira yun medharasa. Sampun wonten aling-aling, kadang manira sadaya, nedha sami saantahe, ambabar sesotya mulya, sami miyak warana, sampun wonten masang semu, den ngalela den tetela. Pangeraning saron angling, ambabar kang pangawikan, sujanma iku yektine, iya biku kan gran allah, nanging kinarya tondha, ing donya delahanipun, kadya satulak rimbagan. Pangeran meksana angling, punapa ciptaning driya, sarira iku temune, sajatine iya allah, kang murba amisesa, amurba ing wndanipun, suksma tankena ing ngowah. Jeng sunan ing Kudus angling, umahya rasaning driya, sujanma iku temune, iman urip lan nugraha, budi uripe iya, urip kalawan walikun, mangkana kawruh manira. She Pisang tanah mangyangling, amedhar esthinin gmanah, wondene sujanma temune, kun allah sajatinira, tegese kun punika, nabi Wali jenengipun,s ayektining Asma allah,. Seh ing Danawangi angling, yeku pangram toya tambak, sarira janma temune, rasullulahiAllah, nanging kinarya tondha, ing donya puniku namung, ing ngakerat ambegena. Pangeraning ngardi esthi, ambabar kang pangawikan, sarira iku temune, cahya mancur kadya surya, mijil sakin gprahara, amadhem ing napsunipun, anguripi lampahira. Seh siti Jenar lon angling, amedhar pamanggihira, sarra janma temune, sujud rukuk padha Allah, sembah sinembah Allah ingsun kang ngamurba sagung, amisesa ing sun ora.Angling sakeh war wali, sitijenar kadariyah,nyengaja bariyahg ake, she sitinejar manabda, sira adoh bebena, ingkang parek iku emuh, iya iki ananging wang. Molanamaribi angling, sitijenar menesira, ngaku Allah sayektine, she Sitijenar delingnya, inggih allah kawula, inggih allah ananing sun, sirna jenar ana allah. She mulana anulya angling, Sitijhenar wus Nemaha, kabeh sanakira kiye, tan lyan iya kaya sira, nanging away ngalela, menawa ana kang weuh, tentu akeh wog gegampang. Aninggal ing sarak pasthi Ywang Suksma away pinanjang, ing masjid SUwung temahe, adoh bekti mring pangeran, angrusak agame Slam (Islam), gegampang sakaliripun, marma ywagan tika dawa. Ling nyang Molana Mahribi, ajiimpaparan karsa, pun sitijenar ing mangke, linabuh ing kukumira, ajijimpadelingnya, sawastu ing kukumipun, Sitijenar ngaku Allah. Sitijenar nulya angling, payo away kelayatan, swargawus menga dwarane, sitijenar wus pinedhang, mijil rudira seta, arum kongas gandanipun, amrik lir kasturi ngambar. Nebut Lailailahi, duk mijil kanang rudira, nulya musna kunnarpane, sabatnya bela palastra, samba ting gurunira, jisim sabat musna tumut, yeku jatining sampurna. Bubar sakeh para wali, sami mantuk sowing-sowang, Sunan Kudus sakundure, ing masjid dupi sembayang, She Siti Jenar prapta, arum pangandikanipun, mangkana wijiling sabda. IKi santri modin jail, tan dya wu sinauran, susunan kudus ature,lah kadipundi kawula,taksih akntun odonya, malih pangandikanipun, patut aneng donyasira. Sampurnaning ngelmu iki, kauwis buwang warana, nora nganggo tetebenge, iki sajatine janma, tuhu seca legawa, jiwaraga datan ketung, datan wruhing subasita. Dene kang nganggo lingga ling iya iku maksih ngreksa, de isih ngeman badane, sejatine isih mentah, ngelmune durung nyata, marmane arangkang gayuh, iya sangking angelira. Angele minongka gampil, yen wus antuk kanugrahan, tan ana ing sesamane, gampang ujare kang wigya, angel kang maksih taha, iya marmane amuwus, away kongsi kataksisan. Lumrahe jaman saiki, ngelmu isih tetironan, namung bisa ngucap bae, kagawe gebyak rerasan, sanggupe anggegulang, gandhang tembang melang-melung, namung makenaken swara. Rasane nora pinikir, pijer ngolah cangkokan,lo aplaup saben sore, marma sakehe kang maca, miwah ingkang miyarsa, away kalanturing tutur, mijila swaraning driya. //i//Mangunbrata.

Ongka 9, Kenmis kaping 27 Pebruwari 1879
Yogyakarta
Serat pawartos mataram amedharaken bilih nunten badhe wonten pasamuhan ageng, awit kacariyos manawi panjenengan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan badhe ami Kramakaken rayi dalem kakalih, Raden Ayu Sekar Kadhaton tuwin RdenAyu Sekar Taji, saha putra dalem kakalih, Raden Ajeng Murjimah tuwin RAden Ajeng Murjinah.

Serat pawartos wau ingggih awedharaken parwatos anangin gdereng kenging kaagep sayekti, bilih kanjeng raden Adipati Danureja arsa badhe aseleh, anywyn pensiyun ingkang andum pawartos wau dhumateng Mataram anyumanggakaken ing kalimpanipun para ruhur, amarengaken utawi botenipun ing panyuwuniipun kanjeng raden adipati Danureja, saha gumantosipun pangkat ageng wau dhumateng priyantun ingkang pantes.

Kala dalunipun kaping 26 januwari kapengker punika wanci jam 2 ½ wonten tiyang nami Kramadongsa gagriya ing dhusun Bombongngalor (Suleman) gadhah lembu gangsal iji kabekta ing durjana pandung, Kramadongsa sumerep nalika lembunipun saweg kawedalaken sakinging kandhang, ananging boten purun alok tuwin ambujeng dhateng ing pandungipun, among lajeng angungelaken titir kemawon, para tongga tepalih sarta tiyang sanes dhusun sareng miring titir tumunten tandang mawi sikep dadamel pun pandung dupi rumaos badhe katungkeb ban kalayan tandangipun ing tiyang kathah, lajeng anggepak malajeng medal sawetanipun dhusun bombing ler, sarta panuntunipun lembu gangsal punika ingkang kalih lajeng dipun uculaken, ingkang tiga kabekta angles, wasana ittiyang tandang au saged anyandhak lembu kakalih ingkang sampun dipun emohi ing durjana, lajeng dipun pasrahaken dhateng Kramadongsa, pun Kramadongsa sanget bingahing manah anampani wangsuling lembunipun kakalih, sawi gumujeng acekakakan, tembungipun dhateng tiyagn ingkang sami tandang, Manawa aku waniya maang si maling, ora wurung amesthi aku mati disuduk wetengku, mulane luwih becik aku ora turu, anggere aku inggal angunekake titir bae, amesthi tongga teparo sarta wong desa liyane kang anandangi, amapak kake marang si maling, saiki aku anamapani baline sapi ku loro iji, dadi ora kakeyan enggon ku kelangan sapi, iku kang andadekake bungahing atiku.

Wonten tiyang nami Patrsentana gagria ing dhusun TEgalwaru (Sleman) yen dalu asring-asring kesahan saking griyanipun dhateng ing pawidadaren, mantukipun ing saben sebaen sampun wanci jam 6 enjing, lajeng tilem anglugur boten kemutan dhateng pandamelanipun pados isarating gesang, kala kaping 2 Pebruwari punika patrasentana dalunipun inggih mentas saking pawidadarren, antukipun sampun kerinan lajeng tilem wonten ing griyanipun angles ngantos wanci jam 2 siyi dereng tangi, patrasentana estri sanget ing nepsunipn aningali pratingkahipun ignkang jaler makaten punika, tumunten katuwuhan panggagas ingakng boten leres sareng aningali bojonipun saweg sakeca-kecanipun anggening tilem angasah berang, sareng sampu ladnhep lajeng kadamel angehok pirantosipun ingkang jaler sakin gpangangkahipun supados ingkang jaler sampun gnatos kesahan dhateng ing pawidadaren malih, ingkang jaler kaget rumaos sakit sarwi angembor biyung-biyung, saha sareng aningali kadhalipun bunting lajeng

andhawah boten enget, ing ngriku tumunten kadhatengan tandangipun para tongga tepalih, ananging pun patrasentana jaler taksih sanget anggenipun kapidhara, miwah akuthah rah, pun Patrasentana estri lajeng dipun epeng ing titiyang kathah mawi dipun bonda, kaaturaken dhatengkanjegn parentah ageng nagar9i, dalah pun patrasentana jaler inggih kaladosaken nanging boten mawi dipun besta, lah punika wtakipun estri ingkang namung tarimah pundhuh kemawon (Jurugubah).

KUDUS

Ing dhestrik Undhakan mentas wonten sima anedha sampiling lembu gesang-gesangan wonten in gpangonan, lembu punika wau ing mangke sukunipun dados kantun tiga, ing salajengipun kalapuraken dhateng ing nagari, ananging sima sampun boten wonten embok manawi saba dhateng ing wana Jooran rumiyin inggih sampun kacriyos wonten wadana dipun begal dening sima, kenging punakawan satungil ingkang ambekta songsong, lare wau anakipun petinggi ing dhusun, mlawat sanes dinten rare wau sampun kapanggih pejah, dalah sakapalipun ingkang waunipun dipun tumpaki, pancen kyai sima ing perwata punika anglangkungi bengis,

Ing wektu punika ing dhistrik Undhakan katrajang ing banjir, tranggulang-tranggulangipun lepen ing serang dhadhal sadaya, margi-margi tuwin pasabinan kathah ingkang kaleban ing toya, tiyang tani sawnget sumelanging manahipun, ingkang kinuwatiraken embok manawi pejah kaluwen kados kala wektu paceklik tujunipun gusti allah subanahu ingknag sipat kadirun karsa nulungi esatipun ing toya saatawis dados titiyang among tani saged anyebar pantun malih.

SAMARANG

Kala dinten Jumungah wedana ing Srondhol dhateng ing dhusun Gemah, padhestrikan Sondhol amikut titiyang tiga, jalaran kadengangan anggening sampun purun purun adamel yatra slaka tiron, ingkang dipun angge yatra tiron saking timah, amawi cithakan kajeng randhu, sarta kepanggih sacihnanipun wani yatra rupiyah tiron satungil, tuwin satunggal malih ingkang sawweg dipun babadheni, kaliyan tiyang kalih iji malih ingkang kenging dakwa angubyungi ing prakawispunika, titiyang ingkang sampun katondha yekti punika wau sampun sami kalebetaken ing kunjaran.

Ing saben dinten kreteg tuwin ing griya pajagen malaten tangi, yen wancijam 12 siyang, wonten priya nem-neman pinten pinten sami keplok wontening ngriku, swaeneh tiyang ingkang kawon anggenipun keplok sami anyadeni sinjang tuwin rasukan sarta ing sawontenipun, wonten ugi ingkang kawon anggodhil lajeng angumbar awa napsunipun katandukaken dhateng tiyang ingkang menang, tumunten kerengan tatabokan tuwin sasongkolan labetipun ngantos sami briu erem, pramila saking pamuhi kula bilih ing wanci asanipun titiyang sami keplek punika pangajeng-ajeng kula mugi wontena priyantun polisi ingkang nukup minongka katranggulangipun ing raresah sarta angkara cipta, amargi saking pamanah kula, inggih nalar mangkaten punika ingkang angrisakaken sarta anuwuhaken ambek anekad,bilih kawon anggenipun keplek sampun anggondhil, utawi sampun boten wonten ingkang kajagekaken, saestulajeng lumampah pados pados dhateng pakampungan, yen mrangguli wonten konten ingakng ngeblak, mongka boten wonten tiyang kemliwer, sampun tamtu lajeng agahan amendheti barang ingkang

tiningalan, bilih angsal saestu tumunten kasade utawi kagadhekaken ing sekenyoh-kenyohipun kemawon, punika sampunmesthi padatanipun ……ingknag kabentel ing kyai ageng betah.

Wonten tiyang jawi nami Jasman gagriya wonten ing dhusun Tandhang kadhistrikan Srondhol, kala dalunipun kaping 11 Pebruwari punika mandung dhateng ing griyanipun embok jakimah ing dhusun Tamper ugi kadhistrikan ing Srondhol, saweg mendheti barang wonten salebeting griya dereng dmugi, selal kadenangan dhateng ingakng gadhah griya lajeng dipun lokaken, pun Pandung nutnen malajerng, ananging katungkeban dening tiyang tandang kathah, lajeng kacepeng dalah sacihnanipun pisan, ing dalu punika pandung lajeng kabekta dhateng ing kawedanan Srondhol, ing sarehningkacepengipun pandung punika taksih kedalon, dados boten tumunten kapurugaken dhaenging kunjaran Samarang, among kakendelaken wonten ing kawedanan kemawon, kalayan dipun reksa ing tiyang jagi kakalih, kilap tiyang jagi wau tilem utawi ngantuk teka punpandung saged miruda sakin gpangreksanipun tiyang ingkang jagi, Sarehning titiyang jagi punika rumaos boten saged anyepeng dhateng pandung malih dados bengok-bengok anedha tulung, ananging boten wonten tiyang ingakng miring, sareng pambengokipun dipun kinten boten miyatani, laeng angungelaken titir ing kawedanan, titiyang sakiwatengenipun ing ngriku ingkang sami miring ungelipun titir, sami katuwuhan panggagas bilih kawedanan kakecu, boten sumerep bilih among maling minggat, nanging pandung kapadosan boten kapanggih.
Kala malem Jumungah wonten gelap anyamber wit losa pinggiring lepen wot Gandhul nantos rubuh, angrubuhi griya pasewan gadhahanipun Mas Ca:Di:Pa: ngantos risak,Punapa malih ing dalu punika wanci jam2 dalu, wonten banjir radia geng, kreteg ig Randhusari risak kajeng-kajengipun sami ical kanyut ing toya banjir, utawi kreteg ing wotgandhul rebah, ugi katut kabekta ing toya banjir, sarta griya griya ing pacinan ingkang kaprenah ledhok kados ta ingga warung, kaleban toya lebetipun ½ elo, ing ngalun-alun toyanipun banjir ngantos minggah dhateng salebeting griya pasowanan, ing kabupaen inggih kingghan toya lebetipun ½ kaki.
Sampun antawis pinten pinten dinten titiyang ingkang lumampah mantuk dhateng ing plabuhan utawi titiyang ingkang nanambangi tuwin tiyang salebetipun ing baita kapal api anglangkungi susah, jalaran saking sangetipun sumiliripun ing angina, amurugaken pangombakipun ing saanten anglangkungi ageng, baita api ngantos boten saged andhudhah sarta anginggahaken barang barng ingkang badhe kaemot, dalah titiyang ingkang sumeja badhe amedhun sarta anumpak boten saged angleksanani sejanipun, begja dene dereng wonten pawartos bab pecating jiwa,. Kala Kemis sonten wonten tiyang ingakng ngabaraken bilih kapitanipun baita api Bintang, badhe wangsul dhaeng ing baita lajeng pejah keleleb, enjingipun tumunten wonten kabar malih, bilih kapitan sampun saged minggah dhateng ing kapal kalayan wilujeng, baita api pinang ingkang saweg mentas wangsul saking palabuhan, inggih kecalan kapitan, kilapkados pndi jalaraning kacilakan dene ngantos kecalan kapitan saking parinten embok manawi dhawah saking baita dhateng ing saganten.

KENDHAL

Wiwit kaping 25, ing wulan Januwari dumugi kaping 6 ing wulan Pebruwari, wonten banjir kaping kalih, ngantos angelebi sabin sabin sarta pakampungan ing papanipun radi ledhok, lebetipun toya ngantos 1 ½ kaki, griya kakalih ingkang rebah jalaran katrajang ing prahara, ingkang satunggal kaprenah wawengkonipun kampung Plumbungan ingkang satunggal griya salebeting kampung Sepondhok Wetan, malah kaatos wonten rare satunggal ngumur 12 taun, ical katut ing banjir, sedalu muput dipun padosi ing tiyang kathah boten kepanggih, sareng wanci jam 6 enjing bangkenipun rare wau kapanggih kemampunl wonten sangandhaping kreteg kampung Pajenangan padhistrikan Kendhal. Pawartos punika pantes dados sawenganing pamanahipun titiyang ingkang gadhah kuwajiban angemng ing rare, sampun ngantos weya, mugi anyegah abilih wonten rare ingkang dolan sapinggirng lepen, awit samangke punika marenipun lepen-lepen banjir. Ing dhusun papahan2 dhusun KaliAncang kadhistrikan Kaliwungu, sami katrajang ama walangm angrisakaken taneman palawija kados ta : Jagung, POhong, sarta pakiten wit taun ingkang risak kadosta: Klapa, tuwin oelem, ing wektu walang punika aneba sakedhap kemawon lajeng angludhesaken gagodhongan pinten-pinten wit, ingkang taksih katingal among uwitipun ambluju, ing kebon kopi ingkang nama SEtengga ing Gebangan kadhistrikan Selakaton, inggih katrajang ing ama walang, sami nedhani godhong dhadhap ing Pakopen, Parentah kadhistrikan anggenipun anglapuraken palapuranipun ing bab ama punika sarwi anyaosaken pinten pinten walang mawi dipun wdhahi, kasaosaken dhumateng ing nagari, menggah warginipun ama walang punika boten ngemungaken sarupi kemawon, nanging ulesipun warni-warni wonten ingkang jene, abrit, pethak tuwin nyamburat cemeng, agengipun nrecak sajenthik-jenthikipun tiyang sepuh, sarta anglangkungi esit sampun wonten ingkang anyobi, niyatipun badhe kadekep, awit kaleresan anuju wonten walang ingkang saweg anedba ngrurubung mencok godhong jati cacahipun atusan, sareng godhong jti wau kapethik walang pitnen-pinten punika kalajeng mabur pating kaleper pandekepipun tiyang wau among angsal kalih iji, wondene ingkang anguwatosi sanget manawi sakathahing walang wau anggenipun mamongsa godhong dhadhap sampun telas, gek lajeng neba anedha godhong kopi, punka ingkang niwasi, mongka wiyaring pakopen ing ngriku kinten-kinten wonten 1- bau, badhe srina tanpa kukupan, saking pamuhi mugi inggal kabirata.

Sambetanipun cariyos banjir, Juwana

Kala kaping 9 Pebruwari ing Juwana wonten dhusun wolu ingkang sami kabanjiran, ingkang sakawan dhusun ugi bawah ing Juwana, ingkang sekawan ing bawah Mantup, malah ing sapunikanipun dhusun cacah 25 ingkang sami kalebon toya banjir, ing margi ageng juwana ingkang atepang wates bawah Pathi lebetipun toya 4 kaki, wondene sabin sabin ingkang sami kaleban toya banijir kathahipun kirang langkung wonten saking 1500 bau.

Saweneh tiyang alit ing dhusun-dhusun ingkang sami anandhang sangsara jalaran saking banjir, ing sapunika mlarat sanget.

Tujunipun wonten ingkang gadhah welas angular-uluri tedha ing sawetawis inggih punika litnan Cina ing Juwana, ing nalika titiyang ing ngriku saweg nandhang sangsara,litnan wau anyukani uwos kathahipn 100 pikul, pramila titiyang wau sami anrimah sanget dhumateng pitulunganipun litnan, punapa dene amumuji

kapradhahanipun nalika anyadeni winih pantun teka among dipun aosi punapa sareginipun anggenipun tumbas ngajeng.
Nalika dinten Saptu kanjeng tuwan residhen kalihan tuwan Aisten tuwin bupati sami karsa tindak piyambak, amriksani dhaeng enggenipun titiyang alit ingkang sami amanggih kasangsaran jalaran saking banjir kasebut nginggil.
Anjawi punika wonten malih pawartos bab banjir, kados ing ngandhap punika.
Ing Antrugeneng dumugi ing Juwana kabanjiran ageng, dhusun-dhusun taneman pantun sarta palawija sami kaleban dening toya, taneman katela pohong kathah sami risak amargi rebah, margi ageng ingkang anjog ing Rembang katingal kados saganten, wondene margi ageng sacelaking epos guyangan lebetipun toya 3 kaki, ilinipun anglangkungi santer, mawi angombak kados dene saganten, kreta-kreta, glindhing-glindhing tuwin cikar cikar jalaran saking santeripun ilining toya, ngantos boten saged lumampah, pramila bilih wonten kreta-kreta badhe dhateng ing Juwana amesthi boten sged dumugi, ketanipun kedah kendel wonten ing dhusun Darakandhang, ingkang nitih kedah medhun, lajeng anumpak jungkung, punika saged dumugi ing Pacinan Juwana, titiyangjawi tuwin titiyang Cina ingkang sami gagriya wonten sacelaking lepen lepen salebeting griyanipun amesthi kalebetan toya banjir, punapa dene titiyang ignkang sami simpen pantun utawi kaang wonten ing lumbung tuwin wonten inggudhang, sampun tmtu kapitunan sanget, amargi salebeting lumbung tuwin gudhang wau kabanjiran.
Pramila saking dumuluring pangajeng-ajeng kula mugi wontena sih kawelasanipun para pangageng ingkang rumentah dhumaeng ing saweneh tiyang ingkang saweg anandhang sangsara, amitulungi supados saged dipun enggal tanem pantun utawi palawija.

REMBANG
Kala kaping 25 dumugi kaping 26 Januwari ing Rembang wonten banjir ageng, awit dinten ingakng kapengker jawahipun ing saben dinten saha ngriwis kemawon, kreteg-kreteg ing Kendhal dhahal kanyut ing toya, pramila bilih wonten tiyang badhe dhateng ing saweneh imbang, kedah amawinumpak baita, sampun kacawisan baita ingkang badhe kadamel anabrangaken ing titiyang ingkang kedahanglangkungi ing ngriku.
Ing kampung Tanjungpuri kathah tiyang pejah jalaran saking banjir, kreteg-kreteg tuwin bendung-bendungan ing padheistrikan Jatiraga inggih dhadhal sirna babar pisan, tiyang nem tuwin maesa satunggl sami pejah kasabab saking kanyut ing toya banjir punika ugi.
Lepen Lusi ugi banir, padhestrikan Karangjati utawi Ngawen sami kingghan toya, ananging begja boten patos sakathah atasing karisakan, titiyang alit wontenigkang anandhang pituna, ananging boten patosa rekaos.
Jalaran saking ytoya banir titiyang ing Rembang tuwin tiyang Cina ingakng manggen ing ngriku kathah ingkang kapitunan.
Sampun pinten pinten dinten margi ageng saking Tuban ingkang dhateng ing Rembang PRasat boten kenging dipun langkungi, inggih saking risakipun jalaran toya banir, anangin gsamangke sampu pulih sae malih.
Nagari Rembang sarta Bojanagara inggihkingghan toya banjir, anangin boten sapintena, miwah boten adamel pituna.

Candhakipun Kramadalem Kanejng Srimaharaja Willem kaping III ing nagari Nederlan.

20. Lajeng titiyan karetanipun para kanjeng pangeran putra Santana dalem dalah saupacaranipun panakawan ingkang andherekaken.
21. Para panewu mantra ngajeng mangangge garebegan baris ambegta waos wonten ing galadhag kajawi punika taksih kathah sanget karoncenen bilih kacariyosna sadaya, namung kacekak sawatawis nalika tadhek dalem wau, saking kathahipun ingkang andherek sarta anjajari titiyan dalem rata taksih wonten pagelaran jajaran ngajeng piyambak sampun dumugi ing palataran paresidhenanjajaran wiwit lumampah sawarnipun gongsa cara balen kodhok ngorek munggng ing siti inggil sarta ingakng manggen turut margi lajeng sami kaungelaken tiyangningali dheseg-dhineseg pipit pinipit uyeg-uyegan wondene ingkang sami ningali wau para tuwan-tuwan tuwin nyonayh para cina tuwin nyonyah cina, para bandara, saha koja tiyang jawi jaler estri, somahan walanjar parawan taledhek sami mangangge warni-warni, sae-sae para nem-neman jaler sami suka manahipun sumerep para estri tuwin taledhek ingkang endah-endah warninipun, kathahipun tiyang ningali wau leksan sareng titiyan dalem rata dumugi ing parapatan galadhag kaurmatan ungeling mariyem ing beteng loji ageng rambah kaping salikur.

Bab 10
Sarawuh dalem ing paresidhenan, kaurmatan ungeling musik gendhing mares sarta kagungan dalem gongsa pelog mungel ladrangan para tamu oreg sami jumeneng saking kursi, tedhak dalem saking rata wonten taritisipun dalem paesidhenan akanthen asta kalayan kanjeng tuwanresidhen kanejng gusti pangeran adipati anom kanthen asta kalayan kanjeng tuwan aistenresidhen Sean, lajeng tatalenggah, sampeyan dalem lenggah wonten singa angsanagadhing, ingkang sampun kapasang ingjarambahipun Trun ingkang kapeernahaken ing dalem sisih kilen majeng mangetan, menggah wujudipun Trun wau kados dene kathik, inggilipun jarambah ing Trun kinten 2 ½ kaki, payonipun ing nginggil wujut jene kados praosan kalambu sutrta jene katepi ing boliyun sekar sedhah, jarambahipun Trun kagelaran babud sangajengipun Trun wau mawi kadekekan undhak-undhakan.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 10, Kemis ,kaping 6 Maret 1879

Surakarta

Salaminipun kula ameningi udhunipun kagungandalem gongsa sakaten boten kados ing samangke, para tiyang sasadeyan sansaya angrebda, katandhing kalihan taun ingkang kapengker, samiadhasar bngsa warni-warni, tiyanganingali boten wonten kendhatipun para wanodya jibeg balenger lathinya akinyis-kinyis lir paksi galathik gandheng mungyang pika pramila para jalu saestu kewedan anandukakenpamilih, awit para anodya rebat tandhing, tombolahpinten-pinten panggenan wuwunipun wiwit saringgit dumugi gangsal sen ignakng narik angsal lajeng mesem kados kapanggih bedhangipun ingkang den arsa arsa, wangsul para jalu taruna tombolah wau, den enggep endon parisuka: dhadhesekan subasita, wewah sami-sami suka bingahipun amargi gangsal dinten angajengaken ungelingkagungan dalem gongsa sakaten para tiyang ingkang sami sasadeyans ampun kalilan adhasar, para culika inggih mindhak ananging awit saking kencenging pangreksa, tiyangsasadeyan lantantun sanadyan wonteningang kaecalan inggih kenging winastan boten kathah, utawi para ambeg culika sanalika lajeng kacepeng tatingalan inggih mindhak ayam suku tiga, paksi galathik ingkang mawi kuncung, pindha pun Cina ingkang aningalaken tuwin endhas galundhung ing meja ingkang saged wicanten sadhengah tembung, punapa malih sulapan cina ingkang tabuhanipun ambarebegi talingan bayaranipun satali lenggah sakethip anjejer dadhesakan, sasadeyan dhadhaharan sapanungilanipun sami kaklempakaken ing sisih wetan capjahe, bakmi, sekul tumpang Madura, tuwin sekulanggi, punapa malih wedang kopi, cao,papaning dhasar sami mirantosi para wanita, ingkang warninipun anuwuhaken kanggeging pangawis ingkang sami aningali mongka arsa ambeg asor,punika papanipun wonten ing sakiwatengenipun waringin sengkeran awit ing ngriku imbal waananipun para wanita utwin para jalu tanpa sasab. Wasana nipun kula acumandhak sumundhul ing atur, ing tembe mugi wontena karsanipunnagari amurih, papanipun tiyang sasadeyan sageda dhahas.

CIANJUR

Inggal punika inggahipun regiing uwos angagetaken signet, uwos ingkang pancen regi 90 sen, minggah dados regi1 rupiyah, 20 sen sadangan, punika sakin gakalipun tiyang Cina ing panggilingan nama Biyanse, sarta saking akalipun tiyang kaji-kaji ingkang simpen pantun ngantos purun anginggahaken aos ingkang mingklik-mingklik sanget, punika saestu andadosaken tambahing kamlaratanipun titiyang miskin, ananging andadosaken kauntungan ageng dhumateng titiyang Cina ingkang gadhah panggilingan utawi kaji ingkang niat gaotan pahaniti, pamelasipun titiyang alit.

Wah ing mangke pantunipun ingkang taksih wonten ing sabin dereng kenging katamtokaken saenipun, inggih kasinggihan kawontenanipun wit seger-seger, ananing godhongipun sami risak katedha ing walang sangit, tikus ama angina, tuwin ama menthu, sarta ama sapanunggilanipun ingkang pancen andadosaken risakin gpantun, punapa dene pangasilan ingkang sakin gtaneman kopi, inggih sami kabilaen, awit sakin gkathahing who kopi ingkang sami gogrok dening prahara, kawartos ing bandhung langkung saking 18000 pikul who kopi nem ingkang nyeblok jalaran katempuh ing angina sasabab wau

andadosaken karugiyan langkung saking 120000 satus kalih dasa ewu rupiyah, punika saweg drbekipun ing titiyang alit kemawon, langkung malih kagunganipun kanjeng gupremen saweg padhestrikan ing Bandhung kemawon inggih wonten saking 20000 kalih atusewu rupiyah, saiba biih kacacahaken satunggili tunggiling padhestrikan, pramila sapinten kemawon badhe gunggungipun kabilaen samangke punika.
Saweneh enggen ingkang wonten seratipun Koran sami angurwastosaken ing bab kacilakan, ing Batawi anyriyosaken bab raja pejah ing kewan, tuwin rajakaya, kapal, , babi, maenad, ayam bebek, lemnbu utwi maesa, olah kados pundit kadadosanipun saweneh titiyan gsami gumeter saking kawontenanipun beya inggal, ingkang amurugaken susah tuwin pangredatosipun ing sadinten-dinten, amargi saking boten pisan-pisan cumipta angsal bathi langkungngipun kadamel pagesangan miwah kadamel buyar beya ageng, awit pangupadosipun pangupajiwa bongsa kulit pethak tuwin para titiyang selam anglangkungi siyal, punika kemawon sampun andadosaken susah, mongka kawwahan mawi kenging beya inggal punapa kula saged angeled rijeki, pramila leres ingakng sami raraosan badhe anyadeni raja darbe sarta balegriyanipun, salajengipun kadamel sangu dhateng ing sanes panggenan, malah kawartos sampun sami kathah ingkang pindhah, dalah pasabinan ing mangke sampun kathah ingkang bera, boten dipun sambut damelipun katambahan ambekipun para nem-neman ing wektu samangke punika kathah ingkang nuruti karkat aras-arasen kakesetan mangkaten punika prayogi sanget kadamel animbrung kasusahan saarta pangredatosipun titiyang ingkang sregep tuwin ingkang sugih, awit babalunganipun kajengipun titiyang keset saking anggenipun boten purun nyambut dame ling saben saben amulang lajeng angendelaken pitulunganipun ing lyan kemawon, saking rumaos sakecanipun dipun pitulungi, mindhak dinten sangsaya kathah cacahipun titiyang ingkang keset.

BATAWI
Sasakitkewan dereng wonten mendha-mendhanipun utawi oncatipun saking Batawi, sampun pinten-pinten lembu ingkang dipun pejahi, jalaran inggih katrajang sasakit sampar (dhingkel) mila inggal dipun pejahi pamrihipun sampun ngnatos anulari dhaten gkewan sanes-saneipun, kala dinten REbo kaping 5 wulan punika tuwan Soldhenop ing lepen Baru (Kalibaru), gahdh lembu cacahipun 12 iji, ugi kenging ing sasakit punika, lajeng dipun pejahi dening dhokter kewan kumpeni angedalaken yatra kathahipun 100000 satusewu rupiyahg, kadamel tatempah lembu-lembu ingkang dipun pejahi.
Ing saweneh dinten kinten-kinten wanci jam 5 ½ sonten dumugi ing dalu, titiyang Cina anglakungi ramenipun kala angarak jengge, mawi amider-mider dhateng ing kampung Srani, Jagamoit gang Pacenongan Pasarbaru, tuwin Pasar Senen, lajeng dhateng ing Mester Konelis, nalika samanten wonten rarte estri ngumur 6 taun, ingkang kadamel jengge, kaleresa anakipun tiyang Cina, sarta sampun tinamtu rare wau katumpakaken jengge, ananging pun rare boten purun sabab rumaos risi tuwin sanget ajrih ipun dipun tumpakaken jangge mawi kakirabaken dhumaten ging ngriki, saking kajrihanipun dipun jiyat ngantos nangis jempling-jempling.
Bapa ingkang sampun nyeakaken anakipun kadamel jengge, sanadyan anyat mata pangangising anakipun akekejer, inggih boten amaelu, anakipun kajiyat kemawon mawi dipun tangsuli kalayan tosan sakaning wawangunan (Jengge) awit kabujeng ing melikipun nampeni yatra opahan mila rare wau mawi dpun rut sabab sampun ngantos

saged ebah bilih kakirabaken dhateng ing ngrika-ngriki, wondene saking karjiyaniun kajiyat sarta saking awanipun ing titiyang kathah, utawi mambet gandaning obor-obor deling tuwin ambeting delancang ingkang dipun besmi, ing wektu punika wau rare lajeng karaos sakit sanget andadosaken ing pejahipun.

Manawi kagalih pantes, srat kula punika mugi kapacaka wonten ing Bramartani.
Kula sampun maos srat kabar Slompet Malayu ongka 11, 12, 13 sami wulane Pebruwari, 1879 ing ngriku wonten undhang-undangipun, bab pangkat, pengangge paamuwan, saha payungipun para mantra guru jawi tuwin pulo Madura.
Semanten wau sampun sami andadosaken kabingahanipun para mantri gurum, awit sampun kapijipyambak, ananging namung kalih bab ingkang taksih andadosaken prihatosipun.

1. Bab Guru Bantu, pangkatipun kasamekaken juru srat dhistrik, wasana payungipun tanpa seret, dados birubyur, punika kados pundit, punap aboten mesakaken labok inggih kaparingi seret miyar kalih dim Nederlan, manggen ing ngandhap, dados kengin gkadamel tenger, mongka adatipun tiyang jawi punika, sanajan songal-sangil, sok ugi kalanipun wonten ing pasamuwan katingal mubyar.
2. Bab Kwekling punika boten kasebut undhang-undhang wau, mongka punika gegelengane para mantra guru, leres damelan panggenan gnriku mawon, nanging beslit ugi sangking kanjeng tuwn dhirektur pamulangan jawi, punika penganggenipun kados pundit, kadosta: kancing tuwin ingkang kaangge tenger ing tudhung, awit sami abdinipun kanjeng gupremen. Kejawi punika sarehning kanjen ggupremen sampu karsa merang penganggene para mantra guru jawi, dados boten sami klayan penganggene para mantra sanesipun ananging sapunika kanjeng gupremen punapa boten karsa ngatur penganggene para marti sanesipun tuwin pengangge sadaya jurusrat, kadosta: mantra pulisi (mantra Jati) punika prayogenipun nganggeya kancing dhasar pethak tengah jeni (silih asih) nanging tengah ingkang jeni wau, mawi sratan aksara Welandi A B

Mantri Ulu-ulu, sami ugi Mantri Pulisi, nanging tengah mawi sratan aksara Welandi W T
Mantri Godhang Sarem sami ugi Mantri Ulu-Ulu, nanging tengah mawi sratan aksara Welandi P Z
Mantri Godanhg Kopi sami ugi mantri Godhang SArem, nanging tengah mawi sratan aksara Welandi P K
Mantri Staksetik Upname, sami ugi mantri Godhang Kopi, nanging tengah mawi sratan aksara Welandi S T
Sadaya juru serat sami ugi mantri SEtak-Setik Upname, nganing tengah mawi gambar Wenler
Makaten ugi ingkang kauge tenger wonten ing tudhungipun, inggih prayogi nuruta kados kancingipun.
Amargi sapunikanipun para mantri, saha para jurusrat sami nangge kancing, Letter W, ugi silih-asih.
Mila kula gadhah atur ingkang makaten wau namung supados sampun ngantos jumbuh.
Kula pun Sasra Paminta.

Kados kanjeng gupremen badhe kewedan yen anurutana panuwunipun pun Sasra Paminta, mandar prayogi sanget bilih busananipun para mantri Guru boten kapranata kados ingkang sampun kaundhangaken panganggenipun mantri Guru kedah prasaja tegesipun lajeng katawis bilih para guru punika titiyang ingkang sami kawogan amencaraken ambeg utama.
Juru Ngarang

Sami-sami bongsa Jawi punika, katimbang kaliyan bongsa sanes-sanesipun, kawentar sugih tembung piyambak, pramila ing mangke manawi kapareng dhangan ing karsanipun para sarjana, mugi-mugi wontena karsanipun paring barkah pitedah namaning satunggal tunggaling tembung kadi dene ingkang kasebut ing ngandhap punika.
Nomer 1 kadosta tembung
Kawiryan, kasugihan, kautaman, kaamtepan, karaton, kadhaton, kalakuwan, kadadihan
Nomer 2
Pakinangan, pagantungan, patileman, pajagan, pacinan, paturon, pasarehan, pasantren, patehan, papon,pocapan,polatan, petunan, paidon, pawon.
Nomer 3
Pangasahan, panjalan, pangisisan, pangedhepan, pangaron, panggorengan, pamepean, pamusuhan, pangimpunan
Nomer 4
Pangasah, panacad, panjala, pangili, panyingi, pagoreng
Nomer 5
Kasepuhan, kabriten, kaliten, kaciliken, kakecuten, kagengen, kalegenen, kawanen, kempuken
Nomer 6
Kapiandhem, kapiluyu, kapiadreng, kamipurun, kaituwa, kamiwelasen, kumawani, kulapurun, kumayu, kumini, kumingsun.
Nomer 7 kdosta tembung
Tak mulih, tak sumingkir, tak turu, tak lunga, tak mangan.
Ingkang punika manawi sampun wonten karsanipun sarjana ingkang paring pitedah panyuwun kula sasarepann wijanging tembung nginggil wau sadaya, bok manawi ing tembe sged mewahi nyuwun berkah pitedah malih. Makaten malih kula nyuwun serep wijanging tembugn: kadosta kacang lanjaran, punika pinten tembung.

Kacang lanjaran
Manawi wonten bedanipun punap ingang dados sabab inggih boten punapaha, panyuwun kula pitedah wau namung sageda kalimrahing ngakathah.
Mintasih.

Snadyan kosok wangsuling pangraita, badhe angindhakaken kawruh, ewadene pamuhi kula, panjurung punika mugi sampun ngantos anuwuhaken babantah ingkang amboseni.
Juru ngarang

Candhakipun Krama Dalem Kanjeng Srimaharaja willem kapign III ing nagari Nederlan.
Ingkang sami lenggah wonten salebeting Trun kangjeng tuwan Residhen lengah kursi wonten sakiwa dalem kanejng gusti pangeran adipati anom ugi lenggah wonten ngeTrun enggah ing ngandhap, jarambah dalem Paresidhenan wiwit sangandhap trun mangetan kagelaran babut ageng, para pangeran putra Santana dalem lenggah ngandhap sowan wonten sangajengipun Trun, para urdenas dalem tuwin para abdi dalem kaparak ingkang ngampil-ampil upacara dalem sami pepak andher wonten sakiwa tengening Trun, sangandhapipun Trun kapara mangetan sawatawis dados jarambah dalem parResidhenan Nyonyah Residhen, para nyonyag Asisten Residhen kanjeng gusti pangeran adipati Arya mangkunagara, sarta tuwan Asisten Residhen para nyonyahg-nyoyah lenggah wonten sisih ler tuwin kidul mujur mangetan ajeng-ajengan para tuwan tuwanmiliter tuwin mardika, para upsir mangkunagaran sami lenggah ngemper jawi, papatih dalem srta paa bupati kaliwon sami sowan kapernah ngajenging konten dalem Paresidhenan ingkang tengah lenggah ngandhap majeng mangilen.
Bab 11
Salenggah dalem wonten ing Trun dereng watawis dangu, lalangen dalem badhaya sarimpi, medal saking karaton, anumpak joli dipun jajari musik sarta kaurung-urung prajurit dorapati, 50, sakiwatengenipun joli mawi obor saha ting, kadherekaken abdi dalem panewu mntri panandhon mangangge garebegan songsongan dumuginipun ing dalem Paresidhenan anjujug ing kamar wingking, badhaya sarimpi wau sampun mangangge kang sarwa sotya pating galebyar amilangeni, dhatengipun boten dangu lajeng wonten dhawuh timbalan dalem dhateng nyai tumenggung, badhaya sarimpi kinen abeksa, ugi lajeng majeng abeksa, kaernah wonten ing ngarsa dalem kasenggakan abdi dalem bawut, tuwin abdi dalem pasindhen ingkang manggen anunggil kagungan dalem gongsa wonten ing ngemper dalem Paresidhenan, ingkang sisih wetan, lalangen dalem wau dhasar wanudya endah karengga ing busana, mila teka sambada tiningalan bokmanawi ingkan gkacariyosaken apsari tumurun saking swargaloka punika: kawujudanipun boten kathah sungsatipun akaliyan badheya sarimpi wau, sarehning dalu ing dalem Paresidhenan kathah dilah dhepok tuwin gantung ingkang wujudipun peni sami kasuled abyor padhang kados rahina, tiyang ningali ing palataran tuwin ing undhak-undhakan, ajejel rebut papan, tur punika nuju jawah, saiba boten ajawah, sauwukipun kagungan dalem gongsa, beksa kendel lalangen dalem badhaya sarimpi mundur dhateng kamar wingking malih, tuwmunten wangsul malebet ing karaton, nitih joli lampah-lampahipun kados dene nalika dhatengipun kang kasbut ing ngajeng wau.
Bab 12
Watawis jam 8 sonten sarampungipun sarimpi badhaya abeksan sampeyan dalem ingkang sinuhun Kanjeng susuhunanjumeneng ytedhak saking ngetrun akanthen asta

kaliyan kanjeng tuwan Residhen , kanejgngusti pangeran aidpati anom akanthen asta akaliyan tuwan Asisten Residhen para nyonyah utawi para tamu sadaya urmat jumeneng saking kursi,lajeng musik mungel gendhing mares, sampeyan dalem miyos dhatenge emper jawi, kadherekaken para Nyonyah-nyonyah sadaya, sampeyan dalem lajeng lenggah ing resban pi ring ngemper ingkang sisih kidul lajeng nyonyah Residhen para nyonyah Asisten Residhen punapa dene para tuwan Asisten Residhen tuwan Opreste Komandhan sami majeng tatabeyan akaliyan sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan para pangeran putra Santana dalem lajeng sami lenggah wonten ing salebeting dalem Paresidhenan papatih dalem akaliyan para bupati, lenggahingpasowanan waringin binatur kasukan para nyonyah utawi para tuwanlajeng dhansah wonten ing ngemper ngajeng, wonten ingkang main wis tiyang ningali ugi taksih sakalangkung kathah ingpalataran ngantos kebak.

Bab 13

Watawis jam 1 kendel dhansah lajeng majeng dhahar wonten ing Gadri wingking, sampeyan dalemlenggah ing kursi ingkang sisih wetan majeng mangilen ing kiwa dalem kanjeng tuwan Residhen saurutipun kados adati bilih pista tedhak dalem ing loji, ananging saking kathahipun tamu, ngantos kathah ingkang boten dherek dhahar, jalaran papanipun sampu kebak menggah pasugatanipun tuwin pirantosipun dhahar sakalangkugn sae, sareng sampun sawatawis anggenipun dhahar, lajeng Kunthisi wilujengipun karma dalem kanjeng Sri Maharaja Willem kaping III ing nagari Nederlan sakaliyan prameswari dalem salajengipun kunthisi kados adat manawi pinuju dinten wiyosan dalem Srimaharaja, bibar dhahar sampeyan dalem jumeneng akanthen asta akaliyan kanjeng tuwan Residhen sawatawis dalngu para tamu sami wangsul kados ingkang wau, wonten ingkang dhansah wonten ingkang kasukan, watawis jam 3 sampeyan dalem karsa kondur angadhaton, anitih rata, kanjeng tuwan Residhen angonduraken nunggil sarata, tuwan Asisten Residhen Sengpan anunggil sarata kalihan Kanjeng gusti pangeran adipati anom, ingkang andherekaken tuwin pakurmatanipun kados kala tedhak dalem, namung wonten sudanipun sawatawis sarawuh dalem ing kadhaton kanjeng tuwan Residhen akaliyan tuwan aResidhen pamitan wangsul dhateng dalem Paresidhenan, kanejgn gusti pangeran adipati ARya Mangkunagara, dalah putra santananipun nunten kondur, patraping lampah-lampah boten sanes kalayan nalika tedhakipun, tamu lajeng sami bibaran. Tamat.

Katandhan Pawarti.

Candhakipun Cariyos Putri Pipitu.

Aturing putra mudha dipun turut dening kang ibu, saweneh dinten dewi Balnah ngundang pansekin lajeng dipun rembagi kados mawarah ingputra wau.

Sareg juru tenung amireng rembagipun dewi Balnah, sakalangkung gumbiraning manah saha anggadhahi panedha, dintenipun nikah lajenga katamtokaken pisan awit juru tenung batos selak kapengin alambang santun kaliyan dewi Balnah, ananging dewi Balnah boten anjurungi panedhanipun Juru tenung, rembagipun kedah tetepangan rumiyin awit mentas satron lami, saha dewi Balnah wicanten: sampeyan punika punapa temen manungsa ingkang bote kenging pejah ing salaminipun sarta punapa inggih temen sampeya ndados juru tenung ageng, ingkang b0ten nate angraosaken sakiting manungsa, juru tenung amangsuli: Saba baa kowe takon

mangkono marang aku, dewi Balnah awicanten sarehne kula badhe sampeyan garwa, dados kedah sumerep dhateng sakathahing kekeran sampeyan juru tenung amangsuli: iya bener karepmu iku, aku iki sajatine beda karo manungsa akeh, apa dene lalakon pirang pirang ewu jam saka ene ana sawenehing nagara kang kalimputan ing alas satengahe kathukulan wit kurma jejer mubeng kaya kalangan ing madya ana tmpukan guci ngade nenem padha isi banyu, guci kang ngisor dhewe tumumpang ing kurungan kang ana manuke nuri io siji,Manawa manuk nri mau mati, aku iya mat, ananging masthine ora ana wongkang bisa anandukake sawijiing ppanggawe marang manuk nuri, amarga sarupaning wit kurma padha tak ingoni jim pirang-pirang ewu, gawene amateni manungsa ag nedya cedhak ing kono:
Dewi Balnah sakalangkung sukarena ing galih, dene ingkang dados pamurihipun katurutan sarta punapa ingkang sampun kawedharaken dening Pansekin lajeng kacariyosaken dhateng putranipun nanging panedhanipun dewi Balnah dhateng kang putra sampun ngantos anyikara utawi mejahi peksi nuri, utra mudha amangsuli: ibu bilih peksi nuri boten kula pejahi, sampeyan tuwin rama sarta para paman masthi badhe boten saged oncat saking kacintrakan sampeyan sampun kawatos mangke kula enggal wangsul ibu kemawon sampun ngantos kirang adamel renaming manahipun Pansekin saha dinten badhe tamtunipun ing nikah kagaliya unduripun, saderengipun juru tenung sumerep manawi badhe kula paeka, masthi kula sampun wangsul ing ngriki.
Badhe wonten sambetipun.
Kajawekaken saking basa Malayu denign S.P. ing Kratonan

Ongka 12 Kemis kaping 20 Maret 1879

Pawartos kawat saking Batawi

Tumenggung Cakranagara, bupati ing Banyumas lereh kalastantunaken ing karuhuran Kaangkat dados bupati ing Banyumas martadireja, ing Purwakerta: Cakraseputra.

Surakarta
Ing wulan Mulud taun Be punika ongka 1808 wonten kaji anama Muhamad Akil asal ing Banjarmasinh ambekta dagangan inten sarakit wawrat 70 krat wujuding inten sami barleyan sae sarta sami agengipun sarakit wau pangaos 100000 sakethi rupiyah slaka, salami kula gesang ngumur 66 taun dereng nate mirsa inten ingkang samanten agengipun pamireng kula ingkang sedya badhe anumbas arta kalampahan nganyang, nyai udakara, lurah pasindhen estri ing Surakarta. Panjurung.

Siyam
Enggal punika gajah pethak kagunganipun Sinuhun Siyam pejah, ngumur 107 taun gajah wau ing nalika gesangipun pinanggenaken wonten kadhaton ing Bangkok ingkang sakalangkung endah, sarta wadhah ing tedhanipun dinamel saking kancana, ingkang kapatah angreksa tuwin mulasara dhateng gajah wau sanget kathah. Kala gajah wau dipun kubur kauntabaken dening sang raja kakalih, tuwin para tuwan ingkang sami ngrenggep pakaryan nagari saha sanes-sanesipun prayantun ageng, saking cariyosing tiyang nalika gajah pethak wau taksih gesang sakalangkung marta miwah kenging kaanggep terang budinipun.

Aprikah (Afrikah)
Raja ing nagari Dhahomi sapinggiring saganten Aprikah kilen eenggal punika dipun wiyata dening Engellan awit adamel onaring nagari rehipun Enggelan ingkang wonten watesing nagarinipun, ing mangke raja wau saemper nedya tempuh yuda akaliyan Engggelan sarta Portegis.
Ing nagari Widhah kapernah satepining saganten akathah titiyang Enggris tuwin Portegis ingkang sami among dagang nagari wau ingkang sapalih kabawah dening sang raja Dhaomi, kongsul tuwin para tiyang Portegis ingkang wonten ing ngriku sami kapikut dening sang raja kabekta dhateng Abomi kithanipun nagariinipun Sang raja, wonten ing ngriku titiyan gwau sami kinunjara, sarta saben ing wanci enjing kaatag baris sang raja sanget kacaryan aningali mangkaten punika, saweneh tiyang POrtegis anama Ihnatiyo Magatiyas dipun patrapi rante sarta lajeng kabucal dhateng nagari monca ingkang boten kasumerepan dening tiyang.
Akathah titiyang Enggris sami kacepeng denign sang raja sarta kalebetaken ing kunjara, ugi wonten satunggal kalih ingknag saged oncat saha asuka wata punika, Titiyang Enggris ingkang taksih wonten ing Widhah sarta boten dipu ncepeng, sami boten kenging kesah miwah akintun serat dhateng amonca, saha rineksa kados dene tiyangkunjaran mila titiyang wau sanget ing pangajeng-ajengipun mugi kadhatengana baita Enggris.
Kajawi punika sang raja wau sampun angangsah nagari Biwi, titimbang jaler ingkang dipun pejahi langkung saking 500 iji, anak bojoipun kabekta dhateng kithanipun

nagarinipun sang raja kaangge rencang tutumbasan, tiyang nginten Enggelan masthi perang ing ngriku malih.

ARAB

Serat wartos saking Bombai anyariyosaken bilih para titiyang ing nagari Nayid sami ambalela paprentahan Turki, ingkangdados panggeng E.M. Abdullah Leskul inggih punika lulurah bongsa Wahabit ing Pridhah.

Tiyang pikantuk warta saking Muskat bilih Oman nagari Arab saking dukilenipun teluk Persi, taunpunika kerep jawah awit saking punika titiyang boten pakantuk woh kurma. Tiyang Awan sampun sumerep bilih kurma punika ngatasipun ngrika kaanggep kados pantun mila manawi kurma boten who saestu andadosaken kangelan dhaten gpangupadosipun tetedhan ing mangke dereng wonten warta bilih titiyang ngrika kikirangan tedha, nanging sinten ingkang sumerep sawatawis wulan malih.

JUDAH

Ing nalika tanggal kaping 8 Dhesember 1879, para tiyang nagari sami angandhut sumelang embok bilih badhe wonten reresah ingakng andadosaken sangsaranipun bongsa Eropah ingkang sami gagriya ing Judah, menggah mula bukanipun kados ingkang kawartosaken ing ngandhap punika:

Amarengi tanggal kaping 7 Dhesember wau, baita latu perang Enggris anama Reyadhi amide ring saganten Arab parlu amambengi tiyang sade tumbas rencang, ing nalika punika asarawungan kaliyan baita Arab ingkang amawrat rencang wau, baita Arab anunten dipun sanjata ngantos ambal-ambalan temahan kepeksa angedalaken sakathahing rencang ingkang kawawrat sarta lajeng kaborongaken dhateng baita perang Enggris saweneh ing tiyang Baduwi ingkan gnumpak ing baita Arab wau anandhang tatu, jalaran kataman mimis lajeng kabekta dhateng dharat enjingipun pejah: wonten ing Judah, sareng warta punika kamireng dening titiyang kitha ing ngriku anjalari hawa nepsunipun dhateng ingkang sami angalang-alangi pikajenganipun aside tiyang, temahan badhe anandukaken wawales amejahi dhateng ingkang sami sumungkem dhateng sarengating kanjeng nabi Ngisa ingkang wonten ing Judah.

Ing nalika samanten para punggawa Islam ingakng angrenggep panguwasa ing nagari Judah saweg sami dhaten ging Mekah, awit kaleres dinten ageng Iwul Korban pramila titiyang Islam sami boten ajrih bilih badhe wontena ingakng angandheg utawi ingakng angalang-alangi.

Awit saking nalar mangkaten punika Kongsul Nederlan anama tuwan Y.A..Kreit lajeng anandukaken upadi anandhegi pandamelipun bongsa Arab ing Judah wau, sarta para kongsul tuwin para bongsa Eropah sami kakalempakaken wonten ing griyanipun miwah dipun reggepi dadamel saha amatah caraka dhateng Mekah angaturi kondur tuwan gupernur dhateng ing Judah, tangal kaping 10 tuwan Guprenur dumugi ing Judah, mirantos ambekta prajurit ingkang sanalika anjalari tentremin gngriku, mila titiyang anggenipun anguwedharaken pangalembana dhateng ngatasing kawegiganipun tuwan Kongsul Nederlan yayah garising madya mandhala, ewadene para bongsa Eropah dereng tentrem manahipun awit prakawis wau dereng birat amargi bongsa Arab anedha

tatempahing kapitunan saha panedha punika mawi rinembagaken dening ingkang ngawasani piyambakipun.

SURABAYA

Sampun lami kula sami miring cariyos bab pirantos kanamanan Ponograp ingkang kawontenaken dening pambudinipun tuwan E Dhison, pirantos wau wujudipun kados pethi alit amawi bumbungan utawi cangkem dhateng ing lebet pethi ingkang dipun selehi kertas tipis dinamel sakin gwaja, sarta ingkang dipu

Dekeki teken alit alampah

Magninggil manga

Ndhap samara kning angining swara ingalbetaken dhateng pethi sarta teken wau sake dhap- akedhap angengingi jrontra ingkang amubeng kabuntel ing timah tipis, tuwan Grip sampun amitontonaken Ponograp wau wonten ing griya kumidhi ngriki, ngantos ewontitiyang ingkang ningali, nalika samanten tuwan Dhegrip awicanten sakin gcangkeming pirantos wau, tembungipun mangkaten.

Cara Ingggris Ponograp bisa cara Enggris

Cara Prasman Ponograp bisa cara Prasman

Cara Londa Ponograp bisa cara Londa

Cara Mlayu Ponograp bisa cara Mlayu

Boten dangu kuncining pethi kabikak jontra ingkang wonten ing lebet lajeng amubeng, wicantenipun tuwan Dhe Grip wau medal sakin gpethi tanpa wonten gesehipun, tuwan Dhegrip anunten ngundang panyompret kapurih angungelaken gendhing ingkang raras-raras saking cangkemin gpethi, sareng pethi sampun kabikak lajeng kakunci malih, swaraning trompet kapireng medal saking pethi wau.

Ing tembe Pnograp wau badhe dados pirantos kangge kintun kinintunan serat saking nagari tebih, kadosta: tiyang Cina sugih ingkang gadhah anak wonten ing pamulangan nagari Cina, manawi anak wau kangen amireng swara ing bapa, saged kaleksanan sarana Ponograp wau.

AFGANISTAN

Para tiyang ingakng sami maos kabar kawat ing wulan Januwari kapengker punika amesthi taksih sami kengetan cariyosipun wadya tontra Enggris kala amikut kitha: Kandhahar, ewadene inggal punika saeneh serat pawartos Inggris sami angwedharaken cariyos malih kados ngandhap punika.

Kala kaping 8 januwari wadya tontra Enggris ingkang dipun senapateni dening Jendral Stewart, umrenah wonten sacelakipun kitha Kandhahar, guprenur salebeting kitha Kandhahar sareng miring wartos tumunten dhadhawah dhumateng sakathahing suldhadhu kapalan, kapurih sami sedhiya badhe alolos sarta sampun sae karembag kalayan para amtenar ageng-ageng ing ngriku, sumeja oncat sakin gkitha Kandhahar, suldhadhu kapalan lajeng dhateng ing Kabul.

Salajengipun ingkang amakili guprenur akintun serat dhateng ing Jendral Stewart, suraosing serat angaturaken panungkulipun sarta angesrahaken kitha Kandhahar. Enggris untung sanget angsal amikut kitha tanopa perangan, mongka kitha kandhahar punika mashur pancen pelag miwah santosa ing sawawengkonipun nagari Afganistan boten wonten ingkang mapaki ing endahipun, upami ingakng dados senapatining sawaunipun

undhagiya ing galih, purun andhadhagi, tuwin suldhadhunipun puruna anandukaken kasuran, Engris masa sageda anempuh, sarta angejegi kitha ing ngriku.
Ing mangke masanipun anglangkungi asrep sakathahig suldhadhu Enggris radi anandhang prihatin, awit saking kakirangan tedha, sawaunipun ingkang kadamel ngimbal tedha dhateng ing ngriku unta, samangke unta-untanipun kathah ingkang pejah.
Inggal punika kawartos wontenunta 700, ammota tedhan wasana ing dalem tigang dintenpejah 42 iji, mongka anggening anglampahaken punika sampun dipun kuwayani, among saselot-selotipun kemawon, suprandene kalongipun samanten, kaabab saking ribed punika sarta kasabab sakin gasrpipun anglangkungi, pramila jendral Stewart tinamtu lereh wonten ing Kandhahar rumiyin, angentosi samarem-maremipun bilih radi rumembesa kecanipun sakedhik, awit jendral Pinrose sampun wonten ing Uetah.
Para Suldhadhu ingkang dipun senapateni dening Jendral Robert wonten pawartosipun kados ngandhap punika.
Kala kaping 9 Januwari titiyang AFganistan bongsa Monggol ambrubul kinten-kinten kathahipun wonten saking 4000, punika sami giyak-giyak lajeng angepang dhumateng suldhadhu Enggris.
Suldhadhu Penyaut panempuhipun miyatani, mengsah ngantos kengser, kathah ingkang sami kasambut ing ngadilaga, wonten tiyang 80 kabandhang gesang, utawi anilar unta kathahipun 17, tuwin lambu kathahipun 500.
Ing nalika mengsah kengser, Siwai 50, anututi sumeja angodol, wasana saged angsal imbet amejahi mengsah malih kathahipun wonten saking 200 punika sami tiyang bongsa Monggol. Suldhadhu Enggris among pejah kalih, ingkang tatu sekawan..
Jendral Robert tuunten anuduh suldhadhunipun kadhawahan ambesmeni kampung sacelakipun ing ngriku, kathahipun wonten saking 10 pramila pakampungan wau kembet dados puruging pangontog-ontog, awit titiyangipun ing ngriku waunipun sami ambabaluhi dhateng ing bongsa MOnggol.
Sang senapati jendral Robert punka sampun rambah-rambah ajeng-ajengan wonten ing ngadilaga, mengsah kalayan tiyang Afganistan, suprandene ing saben saben mentas campuh ing prang, prasasat boten kecalan wadya inggal punika jendral amedal saking Taasub dumugi ing KUrem, sanadyan perangipun kerep silih ungkih suldhadhunipun among kalong 121, sarta upsir 7 ingkang pejah utawi tatu. Jendral Bune kendel wonten ing Yelalabat kasabab saking masa asrep utawi suldhadhunipun kathah ingkang nandhang sakit kasrepen,
Suldhadhunipun Iyakoban ingkang wonten ing Kabul kantun sakedhik sampuna kasabab dening masa asrep sarta anglangkungi ing asrepipun wdya Enggris saestu sampun mempuh dumugi ing Kabul.
Bongsa Afgasnistan punika kapurunanipun builihdipun tandhing kalayan bongsa Aceh, saestu kuciwa sanget, kang mawi titular Afganistan wonten madyaning ngalaga kancanipun atusan, tiyang samanten punika bilih manoni kancanipun wonten ingkang pejah sadasa kemawon lajeng buyar asasaran,lajeng angung gesang malajeng sadaya, ingkang upami tiyang ing Afgaistan sayuk sarta kapurunanipun kadosa bongsa Aceh, Enggris amesthi katiwasan, awit nagari Afganistan punika pancen tiyang sugih beteng santosa, sarta sugih sanjata ingkang migunani kadamel andon yudabrata. M.D.W. ing Kadipala.

Panjurung

Kula amaos cariyos bab lalampahanipun putrid pipitu tetedhakan saking basa Malayu ingkang kagubah dening S.P. ing kratonan sakalangkung ing remen kula, ananging teka andadosaken cuwanin gmanah, dene pamacakipun cariyos wau randhat temen amila sakin gpanedha kula dhateng S.P. mugi anggenipun amacakaken cariyos wau sampun dipun randhataken sarta radia dipun panjangaken murih sampun anggelakakenmanahipun ingkang sami maos.

Surakarta tanggal kaping 20 Maret 187. Katandhan Dahatmangayam-ayam.

Candhakipun Cariyos Putri Pipitu.

Putra mudha anunten mangkat: sareng lampahipun angsal sawatawis jam dangunipun lajeng dumugi sawenehing wana ageng,s arehnine putra mudha sanget ing sayahipun tumunten sare wonten ing ngandhap wit boten dangu kaget dening sabawa kumrasak sareng nolih aningali sawer ageng amrambat dhaten gwit ingknag ngandhapipun dipunsareni amurugi susuhing peksi raja wali ingkang wontenanakipun kakalih: nalika putra mudha anginten manawi anak peksi rajawali badhe kamongsa ing sawer lajeng kaejegan welas ing galihipun nedya anamengi raganipun anak peksi rajawali, supados sampun ngantos kalajeng dipun mongsa dening sawer, mila enggal anarik sabetipun katamakaken ing sawer dumugi pejahipun, boten dangu peksi rajawali jaler estri dhateng ing susuh ambekta tetedhan sarta lajeng sumerep bilih Putra Mudha amambengi kacilakan ingkang badhe dhumawah anelakaken suka renaningmanahipun dhaten gputra mudha sarwi wicanten, masa putramudha atma kula, saingba suka sokur kula, dene sampeyan anetepi kawajjibaning tumitah amitulungi anak kula, esthinin gmanah kula badhe amangsul sih dhateng sampeyan manawi kagungan perlu dhateng kula,lajeng utusan nimbali, saha kula amasrahaken jiwaraga nipun anak kula ingkang mentas sampeyan tulungi wau.

Sareng putra mudha miring aturing peksi Rajawali sakalangkung suka rena ing galihipun, anak peksi Rajawali kakalihlajeng ambeber swiwinipun nunten dipun umpaki denin gputra mudha malesat ing dirgantara,ngantos tebih aburipun anglangkungi sakathahing wana ageng, sareng wanci madyaning rahinten aburipun dumugi saweneh panggenan ing tengah kathukulan wit kurma patrapipun mubeng saemper kados kalangan mangkaten ing madya wonten gucinipun nenem sami isi toya, anyeplesi ingkang kapratelakaken juru tenung dhatneg dewi Balnah.

Kala samanten para jin ingkang rumeksa ing panggenan wau sami tilem ananging manawiwonten manungsa angambah ing ngriku ugi kadengangan jalaran jin ingkang rumeksa sakalangkung kathahipun ewadene aburing peksi lumastantun tanpa gendhak sikara dumugi panggenan ingkang sinedya dening putra mudha: putra mdha lajeng mudhun sakin gpeksi rajawali, sarta engggal anuntaki guci nenem iji, miwah nyepeng peksi nuri dipun lebetaken ing kanthong rasukan, putra mudha tumunten numpak peksi rajawali malih, wektu punika para jin sami tangi, sumerep manawi peksi nuri ijem dipun pendhet lajeng sami alok sarta ngancam-ancam dhateng putra mudha.

Badhe wonten sambetipun. Kajawekaken saking basa Malayu dening S.P. ing Kratonan.

Candhaking Cariyosipun putraning Basah Omar

Kang putra alon umatur, rama ambayun nglampahi, punapa sakarsa tuwan, ananging panuwun mami, ulun purun palakrama, kang netepi kawan warni. Wanodya kang langkung baud, karya gingsir sujanmi, kalih asor wijilira, tembe dadosipun inggil, kaping tri wanodya wigya, warna seta warna langking. Paminta ulun kang catur, wanodya ingkang garbini, kang karya nora uninga, lamun wonten kang netepi, sayekti sumangge karsa, ambapurun anglampahi. Kang rama saklangkung ngungun, dhuh kulup nganeh-anehi, apa ta bias katekan, ana bangkit anocogi, sigra kinen undhang-undhang, warata wong sak negari. Ngantri lama tan asanggup, undhang warata sanegri, dadya undhang mring padesan, nulya sajuga pawestri, nguwuh sagah den unjukna, wus marak umanjing negri. Umar Basah ngandika rum, apa bener sira nini, nyaguhi pamintanira, Sait Basah catur warni,pawestri umatur sagah, nuwun waragat rumiyin. Kangge rumantosing laku, Umar Basah minangkani, wanodya panuwunira, benjang astha condhara malih, amba nuwun dhaupira, putra tuwan lawan mami. Benjing arinipun dhaup, ambayekti nembadani, punapa pamundhutira, Umar Basah wus ngidini, cekaking gitra wus nengkah, wanodya lan raja siwi. Nging gantung kawin rumuhun, benjang yen wus minangkani, punika kepanggihira, tembe yun binoja krami, wanodya tumulya mentar, laju mring nagari Turki. Tumbas busana kaprabbon, mputra narpati, sarta atumbas busana, soldhahdu nagara upsir, kawasnatus kathahira, sadaya sampun rumanti. Gya ngangyakarya cap palu, asmanira sribupati, jeng sultan SEtambul ingkang, tinelat ora nalisir, sigra met janmapadesan, kawanatus sinupicis. Ing driya wus sabiyantu, andinala tri ginendhing, sanjata pedhang samakta, pawestri wektu mring Turki, wus mamba busana priya, tan ana sujanma auning. Tan dya mangkat sing nagri rum, ngancik jajahaning Mesir, kamimba prabu Taruna, utusan asung palupi, marign Basah askandriya, suraos paring udani. Sang Prabu Taruna ayun, rawuh ing prajanireki, yun papriksa abdinira mongseku nagari Mesir, kareh ing Turki narendra, marma gepah Basah Sait. Parentah ing wadyanipun, sadaya busana teni, methuk sajawining kitha, pakurmatan anglangkungi, yata wau kang mamembang, narendra mudha rumanti. //
Taksih wonten candhakipun. Mangunbrata.

Ongka 13 Kemis kaping 27 Maret 1879

SURAKARTA

Awit saking dhawuh pangandika dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan amarengi ing dinten Isnen tanggal kaping 24 maret punika, putra dalem titiga sami kakarsakaken dados Pangeran 1: Bendara RAden Mas Iman DAwud kaparingan nama Bendara Kanjeng Pangeran ARya Pakuningrat. 2; Bendara Raden Mas Sutendra kaparingan nama: Bendara Kanjeng Pangeran Arya Prabuningrat. 3:Bendara Raden Mas Sumadi, kaparingan nama: Bendara Kanjeng Pangeran ARya Kusumadiningrat. Taksih satunggal putra dalem ingkang sampun diwasa, saha ingakng saking karsa dalem dereng kaangkat dados pangeran kilap nalaripun, menggah pamujinipun ing ngakathah: putra dalem wau mugi-mugi alimpada ing panggalihipun sageda anyandhak ing karrsa dalem.

Raden Mas BOjana, maganganing Sujanapuran, griya sawetan ngregol, malem Rebo Legi wanci jam 3, dalu, griyanipun kalebetan durjana pandung, dawek bikak kori griya, ingkang gadhah griya sumarep lajeng kaoyak sarana dadamel dhuwung, wonten wingking griya dangu ujeg-ujegan, kalayan swara sora, tongga tepalih gupuh medal sami tandang, saksana sang drujana ranarajang purun, temah saged lumajeng mangetan dumugi sangajenging griya den Suma Dimeja adhinipun Jaka KUmala kala medal saking griya dipun suduk kinten saking pangot pejah sakkal pamanipun kasampluk kenging bathukipun llabet nanging boten pejah, jurjana lajeng angles, ingkang gumunaken patrolan gajahan kalayan ing kakapandungan, tebih-tebihipun satus tindak, teka ngeca-eca wonten griya patrolan boten tandang, punapa ingkang dipun jagi griya patrolan, naming pamireng kula tyang ingkang sami patrol pancn berahan tiyang sami mondhok, menggah patrap makaten wau damel kasusahanipun tyang ingkang sami gagriya, bilih kapara yektos, ananging sarehning griya kula tebih pamireng kula boten terang, mugi katrangena ingkang sami gadhahi griya celak tuwin murina dhateng ingkang pejah supados titiyang ingkang sami jagi patrol rumeksa salugunipun.
Katandhan Pun Mugi.

YOGYAKARTA

Rerenggan tatengeripun komandhuring Bintang Leyo Nederlan ingkang badhe kaagem ingakng Sinuhun Kanjeng Sultan sampun katampen Mandar pawartosipun benjing ing dinten Isnen ngajeng punika badhe kaunjukaken.

Marengi dinten SEtu kapengker punika ing kamarbolah mentas wontenpasamuhan dhansah, pisungsungipun para tuwan tuwan dhumateng panjenenganipun kanjeng gusti pangeran dipati Ariya Prabu Suryadilaga, bibaripun adhungkab wanci enjing.

Pun setradrana in gdhusun Kayen bawah Kalasan kapandungan maesanipun kakalih, ingkang amandung durjana kakalih, sareng maesa oncat saking kandhang, pun Setradrana tangi gupuh lajeng anjeleh nedha tulung durjana sansaya sengkut lampahipun ananging wonten ing margi apethuk lajeng kaandheg denin gpak Kopyak

ugi ing Kayen durjana satunggal lajeng kanganacas dhateng pak KOpyak sarwi dipun sabet baunipun kiwa, pak KOpyak tan saronta nunten anumamakaken berangipun durjana wau tatu rainipun anemahi pejah, tan antawis tiyang tadnang sami dhateng saged anyepeng pandung satunggalipun ingkang ugi katatonragi rakaos.

SAMARANG

Nalika wulan ingakng kapengker ing padhestrikan Wirasari angadegaken masjid enggal miwah bagus waragadipun medal saking rurukunanipun para titiyang nagari, sidekah marasuk, babalunganing masjid wau kadamel saking kajeng jati ingakng sampun kawak, saka ingkang kidul wetan nalika taksih dados balok sinebut ing nama: Kyai Panji, saka ingkagn kidul kilen anama : Kyai Sela Gendhana, saka ingkang ler wetan anama Kyai Remeng, saka ler kilen ingkang dinamel saking sigaraning saka titiga wau ing mangke kasebut nama Saka Tatal.

Balok titiga wau tiyang sami boten sumerep saking pundit pinangkanipun sarta sampun pinten taun ngumuripun, wondene balok kyai panji wau wektu taksih wonten ing lepen saben ing dinten malem jumungah utawi anggara kasih dipun pupuja dening para tiyang kasuwunan berkah saha usadanipun tiyang anandhang sakit sarana mawi dipun pisusung sekar konyah tuwin gandaning dupa ingkang marbuk arum, kacariyos kala kyai Panji dipun usung saking lepen Lusi dhateng masjid ingakng ngiring sakalangkung kaakathah, sarta para tiyang Cina ingkang kamergenan sami angobar dupa,minongka sasaji aminta lumunturing barkahipun kyai Panji wau.

(Sampun pinten taun jumenengipun Kanjeng Nabi Isatuwin Mokamad ingkang sami mumulang sasebutan Bismillah, teka ing jaman angke taksih wonten titiyang, ingkang sami anembah dhateng kajeng. Juru Gubah)

SURABAYA

Wonten pawartos saking Majakerta,anuju madyaning rahinten wonten tuwan kakalih sami kesah ambubujeng ambekta sanjata, ananging tebih dahulatipun ngantos dumugi ing wanci sasuruping surya boten angsal punapapunapa: boten watawis dangu tuwan satunggilipun aningali andhapan sanalika lajeng kasanjata, o, ananging teka cilaka temen dene mimisipun angengingi manungsa, kapernah ing geger terus ing weteng, tiyang ingkang kasonja ing baya anunten dipun bekta dhateng ing kawadanan saha katiti pariksa, dene tuwan ingakng adamel kasangsaran ing ngajeng anindakaken padamelan wontening griya pamulasara, dados anggadhahi seserepn ing bab usada, mila lajeng nyuwun lisah dhateng wadana ususing tiyang wau badhe kawangsulaken ing wadhuk sarta tatunipun kabungkus ing sinjang, anelad patrap ingkang katindakaken ing griya pamulasara supados tumunten puliy, ananging wadana lenggana anglilani panedha mangkaten punika,jalaran badhe andadosaken sulayaning suraosipun serat papriksan naming amurih mayaripun raosing sakitipun tuwan kalilananyukanana jampi dhateng pun tatu, wasana saren kabekta dhateng nagari tiyang wau anemahi pejah wonten ing margi.

(Eman sanget dene ing jaman sapunika kok taksih wonten kawulaning kanjeng gupremen ignkang taksih kadunungan ambegkina, mandar prayogi sanget bilih pun tatu taksih gumlimpang wontening balabag dados genah alangkujuripun punapa boten makaten den wadana: Inggih kasainggihan pejah gesangpunika kodrattullah, ananging menggah kalilana usus kawangsulaken dhateng wadhuk kados puntatudumugi ing

nagari taksih gesang, kengin g kadangu malah adamel teranging prakawis terkadhang saged waluya, O Inggihgih tallah den wadana. Jurugubah.

Kala kaping 6 maret punika, tiyang estri anama marodin dipun lebetaken ing griya pamulasara, awit anandhang tatu sakin gpandamelipun saweneh ing tiyang jaler anama Astrareja, mula bukanipun kados ing ngandhap punika:
Sampun sawatawis dinten anggenipun Astrareja anandhang ronggaasmara nedya ambedhang dhateng bok marodin, ananging bok Marodin lenggana anglanggati,kacariyos anuju saweneh dinten wanodya wau lingiyan kaliya R, wonten malih rencangipun priya satunggil sareng Asmareja sumerep mangkaten punika, sakalangkung bentering manahipun sarta angancam-ancam badhe anandukaken piawon dhateng mbok marodin, kapasang yogi nalika bok Marodin amususi wos wonteningpakiwan nunten dipun purugi dening Astrareja, saha korining pakiwan dipun ineb gulunipun bok Marodin dipun candhak badhe katigas sareng bok Marodin budi ing sarosanipun ananging boten migunani awit sanajan tiyang estri langkung rosa, masthi taksih rosa tiyang jaler, bok Marodin lajeng kaceguraken ing sumur, tujunipun saged gocekan kendharating timba, dados patrapipun anggandhul Astrareja nunten nandukaken dadamel dhateng bok marodin ngantos anandhang tatu kathah, ingkang cerek-cerek anedha tulung, sanalika lajeng kathah tiyang dhateng saha anyepeng pun AStrareja wau.

BATAWI
Saweneh ing kawasanipun ingknag amaosi wewenangipun aside apyun nedya tumbas ulam babi dhateng tiyang Cina ing kampong patuwakan Kwasa pak pitaken pinten reginipun ulam babi wawrat sakati, Cina amangsuli builih sakati reginipun 35 sen Kwasapak nganyang 25 sen awit saking panganyang samanten punika anukulaken nepsunipun Cina sade ulam babi, sarta amicanteni kasar, kuwapak ugi lajeng angembari nepsu saha wicanten wontenngajengipun tiyang kathah,mangkaten ujaripun: mengk kowe dak ajar supaya weuh ing tata, Kwasapak tumunten kesah boten dangu wangsul acanthi kumetir apyun tuwin Opas Pulisi, sami nyegat lampahipun Cina juru sade ulam babi wau, sareng Cina badhe mantuk lajeng kaandheg dening kumetir apyun ingkang badhe anggaledhah, Cina sakalangkung kagetipun sarta wicanten nkenging tumuntendipun galedhah, awit piyambakipun botn ambekt ingkang dados awisan kumetir ugi enggal anandukaken pagledhahipun dhateng Cina, wasana amanggih apyun kalih dhs alit dumunung wonten ing kranjang, wektu Cina sumerep apyun wonten ing krajangipun sanget anjingklak saha sapandurat kendel kemawon kwasapak lajeng angakenkancanipun angladosakencina wau dhateng sekaut ananging lurahipun cina juru sade ulam babi enggal dhateng angrembagi dhaengKwasapak supados prakawis punika dipun sigeg kemawon miwah kadugi amisungsung arta pituwasipun skeet rupiyah, samantena Kwasapak ajrih anampeni, tiyang Cina lajeng kaajak mantuk ing griyanipun, badhe kaulur ing titi pariksanipun, tiyang boten sumerep punapa ingakng kalampahan wonten salebeting griya, ananging boten dangu tiyang Cina medal sakin ggriya sarwi wicanten iya ta lah digesek urip-uripanaku.
Mugi para mitra sami anatos-atosa, sampun ngantos dipun pitenah denign kwasap kados Cina juru sade ulam babi wau.

RUSLAN

Parayodhakosak ingkang wangsul sangkin gTurki ing mangke sami wonten ing Astrakan sapunika ing ngriku wonten sasakit winastan Tipus inggihpunka sasakit ingkang boten kenging kasirnakaken ing usada. Akathah titiyang ingkang kasrambah saasakit wau ngantos anjalari pejahipun ingkang pejah ingkang kathah tiyang estri tuwin rare, gupermen Rus sanget pangudinipun ingkang murih sasakit wau sampun ngantos nular dhateng nagari Sanes.
Titiyang bongsa Tartar ingkang wonten nagari Kasan sami oreg jalaran saking paprentahanipun gupermen kalih prakawis.
Ingkang sapisan sakathahing para rare ingpamulangan nagari ngriku masthi dipun sinau wicanten tuwin anyerat basa Rus.
Ingkang kaping kalih sakathahing panggenan ing pakampungan ingkang kaleres langkunginggil kedah dipun dekeki jam ageng satunggil perlunipun samasa wonten jawah salju ingkang kininten badhe andadosaken kaangsaran jam wau lajeng kagoyang kangge tengara supados para tiyang ingkang sami lumampah enggal nguypados pasingidan.
Sarehne para masnjid ing nagari wau sami inggil-inggil mila dipun pasangi jam.
Titiyang Tar-Tar lajeng sami jagi-jagi, bok bilih badhe kapeksa dening tiyang Rus manjing agami NGisa. Inggih mangkaten punika ingkang andadosaken mula bukanipun oreg, paprentahan ing ngriku suka serat biilih ngatasing prakawis punika badhe boten kalajeng-lajeng, sarta badhe kendel piyambak.
Saweneh Insinyur Rus sampun adamel gambaring margi kareta latu saking paris dhateng Galsita (Benggala).
Margi wau panjangipun 1277, Militslan saking paris dhateng Galsita saged dumugi ing dalem sangang dinten sarta sinten ingkang numpak among ambayar 450 rupyah.
Margining kareta latu wau saking paris anglangkungi Dhitslan sarta Ruslan boten anglangkungi saganten dumugi ing Benggala.

Tamatipun Cariyos putrid Pipitu.

Anak peksi Raja Walika kalih laju ing aburipun ngantos dumugipanggenan watahing rahipun, putra mudha nuntenngandika dhateng bapak biyungipu peksi rajawali: aku amasrahake anak mu amarga wus mitulungi aku mung Manawa ana prelune maneh akulilanana anjaluk tulung.
Putra mudha tumunten dhateng karatonipun Juru tenung, peksi nuri ijem wau kaangge dolanan wonten sangjaengingkori kadhaton sareng juru tenung sumerep lajengpitaken: e, engger, manuk nuri iku olehmu ngendi, mara coba ulungna ing ngaku tak delenge, putra mudha amangsuli, kula boten saged amewehaken peksi nuri punika jalaran sanget kula tresnani sarta anggen kula ngingah sampun sawatawis taun laminipun juru tenung amangsuli: Manawa kowe tresna marang manuk iku dollen bae reganana kang akeh, mengko tak tukune, putra mudha amangsuli, sanajanpeksipunika badhe sampeyan tumbas pengaos kathah nanging kula boten suka.
Kala juru tenung miring wicantenipun putra mudha mangkaten wau sanget kumejoting manahipun sarta angrintih malih, tembungipun: tuturra bae manuk iku pira regane, mengo tak tukune,putra mudha amangsulo: inggih prayogi: manawi sampeyan badhe pikantuk peksipunika, puta nata pipitu ingkang sampun sampeyan walik sipatipun dados witwitan tuwi nsela, sampeyan gesangaken malih, juru tenung

wicanten: lah prenekna manuk iku juru tenung lajeng angangkat tekenipun kakungipun dewiBalnah tuwin sadherekipun sami gesang malih kados ing waunipun juru tenung nunten awicanten saiki manuk nuri wenehna marang aku putra mudha amangsuliL sampun sanget pangunggkih sampeyan kula anggadhahi pamanggil rumiyin sakathahing manungsa ingakng sampeyan walik sipatipun sampeyan gesangaken malih, juru tenung enggal anangkat tekenipun saliring wit-witan tuwi sela sela sami mebah saha dados manungsa, nalika samanten anunten wonten raja katon akaliyan para punggawa mantrinipun sarta para bongsa saluhur tuwin para prajurit sami wahana kuda utawi alampah dharat dhateng sakia tengening taman juru tenung sanget ing pangrintihipun akaliyan nangis, prenekna lah prenekna manuk ku nuri iku. Sarehning putra mudha rumaos manawi sedyanipun sampun dipun pituruti, peksi nuri lajeng dipun cepengi kekah, saha swiwinipun tengen dipun athungaken lajeng kacandhak Paksekin akalayan tangan tengen sarta tanganipun kiwa dipun acungaken sarwi wicanten: nurti kuwenehna bali, putra mudha enggal angulungaken swiwining nori kang kiwa, lajeng kacandhak Pansekin akalayan tanganipun kiwa.
Pansekin sangsaya pngrintihipun tembungipun: O allah balekna nuri ku iku, nanging putra mudha ana-anaken inggalih, sarta angathungaken sukunipun peksi nuri kang tengen anunten dipun japit ing suku tengen dening pansekin putra mudha lajeng angathungaken sukuning peksi nuri kang kiwa, anunten dipun japit ing suku kiwa dening pansekin, sanadyan tangan miwah sukunipun pansekin sampun amranggang sadaya dhaeng Peksi nuri, ewa dene tgsih adrengpanedhanipun peksi nuri lajeng kaulungaken babar pisan nagging sarwi kauntir sirahipun pejah wonten sangajenging pansekin awit sakig punika pansekin lajeng sesambat sarta pejah dhawah ing siti.
Sreng pansekin sampun pejahputra mudha nutenminggah ingpanggung akaliyan ram tuwin pamanipun angentas dewi Balnah saking cintraka, sarta lajeng sami mantuk ing nagarinipun akalayan kasenengan mangkatenugi para manungsa ingkang katulungan saged gesang malih inggih lajeng sami mantuk asowang-sowang. Tamat
Kajawekaken saking basa malayu dening S.P. ing Kratonan.

UNDAHANG-UNDHANG

Kanjeng tuwanResidhen ing Surakarta aparing weuh, Manawa amarengi pasamuaning garebeg mulud nalika tanggal kaping 6 sasuimaret tauniki, ana bocah wadon watara umur 3 taun endhase gundhul kulitan ireng, di temu ana ing alun-alun kene, mungguh ana kanga rep anungsung katerangane, padha anemonana priyayi dhistrik ing Bendha, kapupaten Kartasura.
Surakarta kaping 22 maret 1879
Katandhan Kanjeng tuwan Yekel.

Ongka 14 Kemis kaping 3 April 1879

Surakarta

Nalika malemipun tanggal kaping 20 Maret kapengker punika, griyanipun Carang Sutikna ing kampong Bujanagaran kalebettan durjana sarana ambabah, sadangonipun durjana angangkuti barang, pun Carang Sutikna estri anglilir aningali durjana nangkuti barng wau kakinten bilih bojonipun sareng katamataken sumerp biih sanes laeng kendel kemawon mandar saged angyektosaken bilih pun pandung, tiyang manogan ingkang aasta pun Patrasemita, sasampunipun dumugi ing sedyanipun pandunglajeng mundur sanalika pun Carang Sutikna ambengok nedha tulung, sanadyan para tandang sengkut dhatengipun dalu au pun pandung maksa boten kacepeng, sarehning genah ingkang amandungi pun arang sutikna lajeng anyebar batihipun sami kinen anglacak palajengipun pun pandung, enjing gurjana kacepeng wontening peken ananging boten terang punapa barang ingkang kabekta inggih tumut kapanggih.Lah punika punapa boten kenging kadamel amirid kawontenanipun tiyang tiyang ingkang sami wonten ing peken baberah jagi lerepanembok bilih lampahanipunkados lalampahan ingkang kenging dipun salokani tenggiling api mati, mugi para kawogan sami amanggaliha ingkang kawalehaken ing nginggil punika:

Awit saking mituhu ingkang kasebut ing kitab para tiyang agami Islam sami angaramaken daginging babi tuwin anajisaken dhateng sagawon punika ugi kenging kaleresaken jalaran babi tuwin sagawon wau yektinipun kewan : cemir, menggah bongsa ingakng sampun kalunturan sawabing kitab mangkaten wau leresipun rak resikan sanget dene celakan sagawon kemawon kokk boten purun sabab punapa ing pakauman punika teka sarwa cemer jithek jarene enggonsukci (Tiyangnamung suraosing kitab mas bedah awisanipunnagari, lah punika mawi kagantungan patrapan kampungngriku niku prelunipun rak naming amal. Juru gubah)

SAMARANG

Tiyangcina anama Ka, Sa, ing gubug ing wanci dalu kesah kakaring anumpak kareta akaliyan wanodya, sarta lajeng tilem wasana kuciripun kumlawe angubet ing rodha, mongka lampahing kareta panuju rikat temahan kuciripun coplok saking sirah katutan daging , awit saking deresipun wedalin grah badanipuns akour dados abrit kados dipun teres salajengipun Cina badhe anggugat dhateng pun Kusir.

Tiyang asring manoni kewan bangsaning ulam ingkang sakalangkugn aneh wnten ing Lepen Baru, badanipun kados sawer nanging tanpa sisik sirahipun kados sirah ing manungsa, sarta ugi kathukulan ing rambut ingkang pethak waninipun saemper wandene panjanging badanipun watawis 2 dhepa, agengipun sami kaliyan badaning manungsa, salaminipun tiyang dereng nate sumerep ulam mangkaten wujudipun kajawi saweg punika.

SIYAM

Nembe punika sang raja Siyam tedhak titi pariksa ing wawengkoning nagarinipun kawartos abdi dalem bupati ingkang kapiji amakili sang raja nalikanipun dereng kondur, amancasi satunggiling prakawis inggihpunika sawenehing jajaka abebedhangan akaliyan abdi edalem cethi, sarehne sang raja saweg tedhakan anuju madyaning dalujur jaka wau akami purun menek pager banoning karaton badhe amanggihi bedhanganipun ingkang tansah andadosaken lam-lamen ing manah, dumadakan konangan lajeng kacepeng, menggah anggenipun sang bupati andhawahaken paukuman dhateng jajaka tuwin cethi bedhanganipun sarana dipun tanduki dadamel ngantos pejah sarta renyek balungipun.

AFGANISTAN

Angeramaken kawontenanipun paprangan salebeting nagari punika, sadangunipun dipun wartosaken bilih Ekelan menang sarta angejegi ing kandhaharmongka ing kandhahar punika beteng anglangkungi santosa salebeting nagari AFganistan.

Ingmangke wadya tontra Enggris sampun aleres saking ngriku, inkang dipun kantunaken suldhadhu among 1500 beteng ageng mangakten saestu boten nyekapi bilih amungkasadhiyan suldhadhu samanten.
Jendral Robert sampun anampeni dhawah kinen amundur,s arta alerehya wontening beteng koram
Leres sanget cariyosipun titiyang ingkang sumerep kawontenanipun nagari Afganistan anyriyosaken bilih wadya tontra Enggris gampil lumebetipundhateng ing nagari, ananign susah wangsilipun malih.
Unta-unta tuwin gajah ingkang kaemotatan tatedhan sarta ambekta sakathahing pirantosipun kangge suldhadhu Enggris kathah ingkang kinintunaken taksih kirang prayogi.
Ing beteng Rawut pindhe suldhadhunipun Enggris 500 punika ingkang sakit 163
Kajawi punika, bongsa AFrindhi sawaunipun ambantoni dhateng ing suldhdhu Enggris, samangke wartosipun amemengsahan, bilih suldhadhu Enggris kalenan amesthi ginacak denig bongsa Afrindhi, bongsa Mohmun ugi mangakten, ing Basur ngantos satunggal bagiyan ingkang kedahmundur,tujunipun ing dalem sadinten anggenipun saged kendell peangan, gnantos suldhadhu Enggis saged anglangkungi lengkeh-lengkeh ing redi ngriku.
Taksih mamelas asih sanget kawontenanipun suldhadhu-suldhadhu Enggris samun malih ignakng tatedhan, dalah rumupt kemawon anglangkungi rekaos pikantukipun sakin gngriku.
(***M.d.W.S.M***.)

RIYO (Riau)
Kala salebetipun wulan Pebruwari kapengker punika, wonten wartos bilih titiyang Cina ing Riyo sami kendel anggenipun sasadeyan warungipun sami kainep saemper anelakaken seriking manahipun awit sakin gwontenipun beya raja darbe tumrap dhateng tiyan ggigriya enggal punika. Akathah titiyang kuli Cina gogolongan ajajagi sangajenging warung-warung, sedyanipun badhe anandukaken kadurjanan dhateng tiyang Cina ingkang boten kelu serik ing manah, manawi ngantos purun ambikak warung utawi mider sasadeyan mila pangagenging nagari enggal anglempakaken barisan wadya. Menggah pangrumeksa dhaeng lamah mangkat wau saweg wonten tigang panggenan para wadya sami angalempak ing wawengkoning awisan akalayan mirantos sarta ing wanci siyang dalu akathah juru ngangla mider sakubenging kitha:
Ing beteng kasudhiyan gedhong satunggil kangge saos lurah ing prajurit ing sadalu muput, awit saking kempalin grembagipun kanjeng tuwan residhen akaliyan senapatining wadya, titiyang Cina lajeng kadhawahan mawi pangancam-ancam masthi ambikak griya warung pendhak ing wanci jam 12, siyang sarta wangsul gagramen saben dinten kados ingkang sampun kalampahan bilih boten mituhu badhe kapeksa sarana kadayanipun barisan wadya, sanalika sadaya lajeng sami wangsul gragramen malih, saking pamatawising tiyang pakempalanipun ageng lalampahan wau boten wonten ing tanjung pinang, nanging wonten ing pulo Sengarang, mila saben dinten ing sengarang wau dipun mintuni reksaka ingkang badhe boten nguciwani, mawi katindhiyan dening opsisir satunggil, ing mangke dereng wonten tuwuhipun ingkang anama reresah, among wonten tiyang Cina kakalih alok, ngamuk wonten ing peken ulam lajeng kacepeng.

SUNDHA
Nalika jaman kina ananging inggih dereng kalebet lami, ing tanah Sundha wonten tiyang awasta pun Anteha, rayatipun gendheng ingkang kadhang-kadhang kapanjingan wantunipun tiyang ewah, saweneh dinten ambalayang, kaupadosan ingkang jaler kapanggih wonten sapinggiring lepen dipunpurugi katingal bilih anyepeng kanthong, ingkang isinipun sela warni-warni tuwin untu sagawon sanget anggenipun angemi-emi, awit sanjangipun sela wau ajimat tuwin musthikaparingipun kanjeng nabu Suleman kanthong lajeng dipun rebat dening ingkang jaler denyempelungaken ing lepeningkangjaler nunten malajeng anyabrang andugekaken lampahipun pun estri anjeleh sarwa nyegur ing lepen gogo angupadosi kanthongipun, boten antawis dangupak Lawi saking dhusunipun badhe dhateng ing sabin ugi

anyabrang lepen wau, aningali embok Hanteha tan saronta waisyat wau lajeng kacandhak alokipun iya kiye kang dak goleki uculna dhisik Manawa uwis udhar kendharate, mengko gawanen mulih, sareng uwal pak Lawi lajeng malajeng angemprit wangsul dhateng ing dhusunipun embok anteha anuti ananging kasaru dhatengipun tiyang kathah, dados pak Lawilulus uwalipun saking embok Anteha,Suwawi sami kagagasa, ing jaman sapunika, punapa wonten tiyang ingkang kados pak Lawi watakipun saemper anyeplesi lalampahanipun kanjeng nabi Yusup nalika wonten ing kunjara dipun bedhang sang Dayitaji ing Mesir boten anglanggati.

Tamating cariyosipun putraning Basah Umar

Nrasuk busananira, mirib raja putra Turki, ngagem polet bintang, buridir topi amantereng, dhasar laliteng warni, sedheng ageng alitipun, soronbing jaladiyan, ujwalanira nawengi, mardun subbing nindhitaning maha redya. Manis-manising wadana, sedhep-sehdep ingakng lathi, katon pamulu wanodya, nging tan ana kang ngudani, ajidanira kalih, busana samyd pinartut, miwahpraup sirira, mimilih ingkang respati, gagah-gagah samya prawira taruna. Ginarbeg nitih turongga, raja mudha nagri Turki, dupi cundhuk Sait Basah, lamun tumrapa wong jawi, sayekti angastuti, cipta lamun gustinipun, wusnya umanjing praja, samarga tinoning janmi, rame oter sapraja miyat kang prapta. Langkung genging pakurmatan, sinuba andina ratri, yata wau kang amimba, raja mudha Turki angling, eh Sait Basah mami, kuwangkungen lama ayun, kasukancatur apa, sireku bangkit mamain, matur embah gusti deregpatos lebda. Kan gmimba malih ngandika, mongsa dadak nora bangkit,coba payo dadolanan, iya sabisanireki, wus samakt gya main, kang mamba ris delingipun, becik padha patowan, yen sira kasor lan mami, gundhikira sawengi yekti sun bandhang. Yen ingsun kasor lan sira, sayekti sira saresmi, kalawan gundhi manira, iya padha mung saratri, Sait Basah semujrih, pinaksa wus amiturut, lekas ing permainan, kan gmimba sampun katitih, angandika Sait Basah sun kasoran. Bandhangen selir manira, iya ing sawengi iki, Sait Basah sru lenggana, ajrih amba anglamaphi, kang mamba lingira ris, ta kena wus janjining sun, inggal sira muliya, nging sadhela bae bali, asalina wastrairantine nendra. Cucul-cucula busana, manira uga yun guling, tan susah malihpepanggya, ajidan sira jagani,mengko yen Sait prapti, tuduhena kamaripun, doning gundhik manira, kang mamba wus bukaroki, salin wastra wanodya wus manjing kamar. Doning kang dhinawuhena, tan dangu basah wus prapti, ing ngatag dening ajidan, Sait Basah wus umanjing, ing kamar done putrid, cinekak wusnya wulang hyun, dahat denya tan nyana, lamun kena ing piranti, nora dim pelamun iku raja putra. Anglugas dadi wanodya, tur endahing warna kadi, musthikanign waranggana, cahya lir gebyaring sasi, tangeh bangkit ngulati, wanodya kadi sangayu, sarira lurus raras, kadya kancana sinangling, sait Basah kamanisen ing paningal. Wus luwar maring udyana, pungkuran siram sasuci,nulya ngrasuk agemira, nenggih pangeran dipati, mijil aneng pandhapi, sigra animbali gupuh, Sait Basah manemba, jrih muka konjeming siti, angandika kang mamba mesem delingnya. Eh Sait Basah paranta, denira bandhang pawestri, apa taw us karon jiwa, sait Basah turi raris, nuwun kalangkung gusti, wau dalu wus salulut, apa sira sanyata, nora dora maring mami, SAit Basah matur acanthi sapata. Lah mara ngambil capira, yen sira temen saresmi, anggaweya tondha tangan, sait Basah sampun kardi, kaecap katur maring, kang mamba sukeng jrokalbu, gya pamit arsa tedhak, maring kitha nagri Mesir, wus utusan kang serat paring uninga. Maring wau Umar Basah, gupuh denira umijil, methuk sajawiing kitha, sarta amawa prajurit, kurmat samargi-margi, wit tamiyan gustinipun, wus cundhuk nata mudha, umar Basah mangastuti, datan siwah lan wektu ing Ngaskandriyah. Kalangkung pangrepanira, Umar Basah mamaladsih, dupi praptanira praja, kang mamba lega ing nginggil, umar Basah tanapti, den ajak jajar alungguh, tan lama wus pamitan, raja muha kondur maring, nagri Turki soldhadhu wus bibar samya. Sampun takdiring pangeran, cumbana sapian dadi, sang retna nyidham kaworan, mantuk mring wismanireki, dupi wus astha sasi, denya bobot sampun sepuh, ing Mesir kang kawarna, wus rinengga rengga sami, denya arsa mamantu karya sarkara. Langkugn asri deipun busanani, nagri ing Mesir kadya kaswargan, dupi wus prapteng mangsane, sait Basah prapta wus, amakuwon sajroning puri, wanodya wus samakta, aneng jro kadhatun, duypyarsa medhar paminta, wus sanega sadaya

para kumisi, pryagung agung samya. Miwah sagungkang para musanip,pepak aneng madyaning pamedhan, pawestir saos ngarsane, wiwit pambukanipun, umar Basah ngandika aris, eh nini paran warna, ing pamintaningsun, wanodya wasis akarya, gingsiring rasa ugning para sujanmi, sang dyah lon aturira. Nguni tuwan Tamiyan narpati, mudha putra ing Turki narendra, punika ambayektine, kula lenggah ing luhur, jeng paduka ing ngisor mami, amba saged gagodha, maring praiyaywagung, umar Basah kagawokan, dahat ngungun gnadika marang kang siwi, lah kaki paran sira. Inggih leres rama turing estri, Umar Basah malih delngira, ninilahen diwarnane, nguni sor mijilipun, ing satemah dadine inggill sang retna aturira, dhuh tuwan pukulun, punapa boten kebegjan, ulun tiyang sudra ing dhusun salami, samangke tuk nugraha. ARsa dadi garwanipun siwi, dalem tuwa nenggih sait Basah, temtu dados tembangane, prameswarining prabu, umar Basah ngandika malih, kaki paranta sira,jeng rama sawastu,leres turipun wanita, kaping telu eh nini paraning warni, bangkit seta lan kresna. Sang dyah sigra ngadeg medhar weni, keswanira winalik mring muka, tinutupken wdanane, wrdin badan sakojur, suku nganti data kaeksi, sakng kathahing rema, wonda dadya rambut, keng sreh singga ing bantala, ebat mulat sadaya ingkang umeksi, salami tan uninga. Keswa sigra winangsulan malih, katon gumebyar cahya gumilang, lir golek mas sarirane, kucem kang samya lungguh, umar Basah ebatan sipi, sang retna aturira, tuwan wujudipun, warna putih lawan kresna, lah punka wau gen kula mastani, umar Basahngandika. Eh ta kaki paran sira mangkin, apa bener ature sirara, sait Basah lonature, leres jeng rama sampun, namungkantun sapisan inggih, wanodya temtu datan, saged tur pukulun, gabini dene kawula, tan rumasa saresmi lawan pun nini, sang retna tandya buka. Baju katon sang dyah wus garbini, Sait Basah nabda sira dora, nora sun antuk mukuwe sang dyah lon aturipun, lahpunapa tuwan ing nguni, limut catur kalawan,putrane rajeng ngrum, gaya saresmi lan wanodya, seliripun kanjengpangeran ing Turki, sayektinekawula. Ingkang mamba pangeran diti, miwah selir ingkang sasumbana, punika ambayektine, pratondha tuwanasung, mrma mene ambagar bani,, sait Basah anjola, enget solahipun, gawok kang sami amyrsa, wus pinasthi putrid dadya prameswari,lestaripalakrama. Langkung ageng baahanin gkrami nora susah ginaluring warta, wus tamtu kalakung rame, bobotanira wau, wus tinakdir mijil pnekik, ddya prajurit wagya, nuruniyangipun, sri Umar basah Prawira, sing pawati deren gtemtu yen sayekti, yeku sulemanpaha. Kang minongka senapati TUrki, babaripunkangponang wawratan, sri Sait Basahputrane, punika kojah dhusun, bongsa Arab inkang pawarti,rinipta aneng praja, Panaraga Mulud, Dite Kliwon pingSajuga, ing Warsa Be sangkalanira Winarni Astha nir Liman tunggal. //i// Ngabei Mangunbrata.

Sakalangkung bingahkula mas Mangunbrata sanget sarju amanjurung, mongka sadaya panjurungipun pancen amigunani, pramila kula saben lakar angarsa-arsa anggitanipun. Jurungarang.

UNDAHANG-UNDHANG

Kanjeng tuwanResidhen ing Surakarta aparing weuh, Manawa amarengi pasamuaning garebeg mulud nalika tanggal kaping 6 sasuimaret tauniki, ana bocah wadon watara umur 3 taun endhase gundhul kulitan ireng, di temu ana ing alun-alun kene, mungguh ana kanga rep anungsung katerangane, padha anemonana priyayi dhistrik ing Bendha, kapupaten Kartasura.
Surakarta kaping 22 maret 1879
Katandhan Kanjeng tuwan Yekel.

Ongka 15, kemis kaping 10 April 1879

Surakarta
Wenang kasebut sarta kapurji ratukula ingSurakarta, ageng prabawanipun kawastara awit sakingkathahing tiyang ageng alit jaler estri, ingkang medal lumebet saking ing karaton inggihpunika sami anyaosi panjurung wedhi, anyembadni karsa dalem anggening sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan badhe mangun angingilaken pandhapa ageng: sanasewaka, tuwin pandhapa Sanaondrawina, sanadyan panjurngan wau bten mawi kadhawuhaken ing tiyan galit ewadene sangking setya sungkemipun para kawula dalem ageng alit jaler estri, ingkang gegriya tebih celak sami dhateng, kumedah anyaosi panjurung wedhi wau, awit ing dinten kemis kaping 3 april punika, ing saben dinten tansah mindhak mindhak kathahing tiyangingkang manjurung, bilih ing wanci pukul 4 sonten dumugenipun pukul 10 dalu lampahing tiyang ingkang sangking lepen Pepe, lumebet ing karaton wonte ingkori Brajanala, boten kenging kapiyak pepet pipit pinipit punap amalih boten kirang para arum-arum ingkangpiningit pindha apsari, sami tumedhak inglepen Pepe, agogo wedhi kadamel panjurung punika. Kasembadan teranging wah sinawungpajaring wulan ing ngontariksa katingal padhang angilak-ilak yayah budiing pandhita, kados amitulungi murih sakecaning paradyah ingkang manjurung, dumugenipun wedaling Bramartani punika, menggah kawontenaning panjurungan wedhi dereng kendhat malah kabar wau bilih sampun sumebar ing monca desa, tamtu badhe anambahi malih kathahing tiyang manjurung, pramila kathah para tiyang sepuh sepuh ingkang ngaken dereng nyumerepi panjurung kathahing titiyang kados punika.
Panjurung.

(Saka engetankula, nalika panjurungan dhateng masjid ageng ugi anjalari oregingpraja, ananging inggih boten kados panjurungan ing mangke, lampahing itiyang manjurung kados semut boten wonten kendhatipun, sanadyan ing pentasan wonten ingkang anandho wedhi, pancen kadhasaraken para titiyang ingkang sami manjurung kamanah kirang utaminipun bilih naming tumbas wedhi wonten ing pentasan pramila sami anggbyar naybrang amedhet wedhi ingkang wonten ing gisik wetan mongka toyanipun ing lepen taksih lebet andulu nglingkabing nyampingipun para dyah ingakng sami anyabrang, sinawung padhangiing rembulan lir kartika cumlorot mubyaring dirgantara, ingkang awek angendhanu, eh eman sanget embok inggih tumbas wedhi ingakng sampun cumawis kredyating tiyas dhumawahipun rak inggih sami, ingkang saestu gustinira boten badhe anampik sengsemipun sahing kawula. Juru gubah).

Kala ing ditnen Akad kapengker punika, wanci siyang wonten sawenehe rare jaler gundhul Anjanggigis kinten ngumur 12, taun dolan wonten saweneh bale agriyan ing mampung Pagajahan ingkang gadhah griya boten sumerep bilih rare wau temenipun gendhong ingkang pakaremanipun anyeler angutil tuwin ambedhog mla boten patos dipun raosaken kocap sareng pun Anjang Gigis nolih ngiwa nengen sarta ing wingking boten wonten maripat ingakng andengangi, enggal anggeret sinjang ingkang kapepe ing genter, wonten ngiring ganing griya, cilaka dene katut dalah genteripun ingkang dhawahing siti magrepyak swaranipun awit saking sabawaning genter inking gadhah griya radi gita medal ingjawi anuweni, wasana sumerep rare jaler wau lumajeng makbrubut mawi bekta sinjang kadhelikaken wonten slaebeting tasukan pun anjanggigis enggal dipun tututi sarta kaelokaken:nayab nayab sanalika tongga tepalih

sami kapita sumarapat saking griya asikep dadamel sedyanipun badhe anandukaken sanjata pitulung, sarehnine pungenthong janggigis malanen sukunipun dados lampahipun boten patos rikat temahane anggal kaepeng, tanganipun lajeng sinambrama ing kandhaat wektu punika ulatipun sigentho Anjanggigis pindha semak sarta amrebesmili amewek mewek cangkemipun tumunten para tandang angrumpyung ujar: lah iki sirku sing sok ambedhogi pitik ku kae, saweneh wonten ingkang wicanten: kadek bebeku kerep ilang.

SAMARANG

Kala salenbetipun wulanMaret kaingker punika ing wanci siyang para opas polisi kinten wonten 20, akaliyan sekaut kakalih sami anjarah tiyang ngabotohan ing griyanipun S. ing kampong Demang Banyu, karang Widara, nalika opas pulisi tuwin Sekaut dhateng ing ngriku, para tiyang ingkang sami main lajeng lumajeng sasasran sami andhelik dhateng sawingking griya, saeneh wonteningkang andhelik ing sapinggiring lepen tuwin wonten ing wit-witan mangkaten ugi anggenipun para opas pulisi anututi inggih sasaran palajengipun wonten ingkang ngidul ngaler,ngilen tuwin mangetan, awit saking kacakepanipun para opas polisi tuwin marinyo tiyang ingkang ngabotohan saged kacepeng 20 akalayan arta cihna 52 sarta pirantosipun ngabotohan titiyang ingkkang anerak parentah wau lajeng sami kalebetaken ing kunjara.

Bakul anama Bok Sarijah estrinipun tiyang nama Tisna Wiajaya ing dhusun Sayung dhistrik Singen Kilen kala kaping 1 Maretkapengker punika kaundang dening tiyang anama Sastra ing kampong dharat saking sanjangipun sastra badhe wontentiyang tumbas barang mas inten bok Sarijah ugi mituruti dhatenging griyaniun Sastra, mawi ambekta barang dagangan mas inten regi 800 wasana ngntos pinten pinten dinten bok Sarijah boten mantuk kajujul dening kang jaler dhateng ing griyyanipun Sastra boten kapanggih sastra lajeng lapur ing pulisi sarta nyuwun biwara kaangge ngupdosi bok Sarijah, nanging ngantos ing mangke dereg kapanggih, prakawis punika pancen anggunmunaken amargi kesahipun embok Sarijah wau, wonten ingkang ngundang dados wonteningkang kajujug teka pulisi meksa boten saged andelingaken.

CIANJUR (PRIANGAN)

Kala ing dinten Jumungah tanggal kaping 28 Pebruwari kapengker punika wancijam 5 sonten titiyang samimireng swara gumledheg ing salebeting siti kados swaranipu nkareta lumampah, nalika punika redi gedhe lajeng angedalaken kukus walirang awor awu, ingkang sanget banter panyemburipun andadosaken kukus wau tumenggel lampahipun ngnatos inggil katonipun sakin gkatebiyan kados wit camara asungsun sungsun boten dangu wedaling kukus sangsaya santer sarta kathah meh anglimputi sawiyaring dirgantara, kukus wau awit saking kapraben sorating surya tumunten angowntenan rurupen amonca warni, kados ta ijem kuning, wungu tuwin dadu, tujunipun nalika samanten iditing angina saking kidul-kilen saupami boten mangkaten upanipun amasthi wutah kitha Cianjur, anglimputi saliring maujud sadaya, dados apu wau katut ing angina dhateng ing Ciputri, ing dhistrik Ciblagung, ing Cikalong tuwin ing Cipamingkis wutahipun ing Bogor kados ngantos dumugi ing Kraang iwah ing Bandhung, ing dinten Saptu wedaling kukus saking kaah gdhe taksih ssanter kemawon begja sanget kawahing redi boten kapepetan dados sumuking bumi angsal margi, medal ing ngawiyat awarni kukus bilih boten makaen sestu anjalari oyaging

buwana, ewa makaeneled sawatawis dinten bawah Cianjur ugi wonte nlindhu, ingkang ngantos adamel risaking nagari, awit kathah griya tembok tuwin sanesipun sami ambruk dhokter Lerute griyanipun rebah, anakipun sami karebahan ananging saking kuwasanipun ingkang sipat rahmat sami waluya sadaya, griya kabupateninggih risak griya-griya gebyok sami pating jalepat balabagipun iyasanipun kanjeng gupremen kathah ingkang risak menggah pitunanipun kanjeng gupremen tuwinpara tiyang-tiyang, kakinboten kriang saking tigang kethi, ing mangke kathah tiyang ingkang karisakan taksih sami manggen ing Ompok-ompok.
Raden Tumenggung Prawiradireja bupatiing Cianjur, kapatedhan sesbutan Raden Adipati, inongka ganjaran awit saking sih sumungkemipun dhateng nagari akalayan setya tuhu ing sadangunipun angawula, saha awit saking taberi anggenipun biyantu anindakaken paprentahan enggal ing Priyangan punapa malih awit saking taberinipun amardi dhateng pamulasaraning tataneman pantun tuwin kahwa kagunganipun kanjeng gupermen ing kabpatenipun.
Panjurung

Kala tanggal kaping13 wulan Rabingulakir punika anggen kula dhateng ing nagari ngriki, anggatekaken tuwin kawilujenganipun sadherek kula, dintenipun malem Senen tanggal kaping 14 wanci jam 7 sonten rembulanipun sampun andhadhari, kula mangkat saking pondhok badhe dolan dolan dhatenging Pacinan, kalayan rencang kula tiyang kalih sami mider-mider turut adinan ageng, aningali rakitipun toko-toko sarta dhadhasaran warni-warni. Saking pamanggih kula nagari surakarta punika tuhu adining nagari, gemah sarta raharja, sanajan ing wanci dalu untapipun titiyang lumampah anglur aselur, kreta bendi tuwin dhosadho pating seliring kemawon dalah priyantun tegar teka boten amilih bilih wektu siyang, punapa malih pinten-pinten tiyang ingkang tindak angenggar-enggar manah, sarana kliyek-kliyek sarimbit, punika saestu andadosaken sengsemipun tiyang ingkang nembe tumingal. Ing tokonipun bongsa Sabrang tuwin bongsa “Cina taksih sami binukak dilah-dilahipun pating palencer, amadhangi sarta amimbuhi asrining nagari, wah malih sakedhap kedhap wonten tiyang pating garudug maleet dhateng ing took atutumbas sadhengah, wngunipun sami suka seneng.
Sareng anbggen kula lumampah dumugi kreteg ageng ingkang saking pacinan, kula amireng sebawa sarta swaraning titiyangkathah, ananging boten katingal tiyangipun, among saking dumilinging pamireng kemawon kados saking lepen, sarta ing tembing kidul kados wonten garemengipun tuwin kapireng pating kecubuk, wasana sareng kula nolehing wingking wonten tiyang sagrombolan cacahipun kinten kula wonten bilih tigang dasa kemawon, punika wonten ingkang raraosan tembungipun makten: wadhah ku amanjurung wedhi iki tonggak, saweneh kancanipun amangsuli: wadhah ku amanjurung tompo.
Punika anuwuhaken panggagas kula bilih ing ngriki wonten yayasan, awit wonten guguyuban badhe amanjurung, tumuwuh saking kadrengan kula badhe sumerep, kula enggal pitaken dhateng titiyang ingkang sami raraosan wau, wangsulanipun tiyang inakng kula takeni, gustikula sang prabu dhadhawah amangun nginggilaken kagungan dalem pandhapi ageng, ingkang ing mangke kaparingan nama sangsana sewaka, kula sadaya punika badhe amanjurung wedhi, awit anggenipun anyak anggarap benjing dinten Rebo ngajeng punika, suwawi andika miringaken mengggah swra ingkang kapireng punika, inggih punika swaranipun titiyang ingkang amendhet wedhi saking lepen Pepe ngriki, lajeng badhe kapanjurungaken dhateng karaton, wangsulanipun tiyang iingkang kula pitakeni punika, andadosaken bingah sarta kumacelu kula badhe aturi panjurung, nanging kula badhe uninga tatalampah lampahipun rumiyin, pramila

kula lajeng anginthil dhateng titiyang wau, dumugi margi sangajengipun dalem parisidhenan kla ningali mangiidul sumerep titiyang lumampah anglur abayak-bayakan, ingkang saking kidul angener dhateng ing lepen Pepe, ingkang saking lepen Pepe saemper ambebekta buntelan gendhongan utawi sunggen angener mangidul dene satunggalin gkrompolan wau boten kirang saking tiyang skeet tuwin sewidak wondene tiyang ingkang kula kinthil wau inggih lajeng dhateng in glepen, kula sarencang kula among aningali wonten satepining lepen kemawon. Menggah ingkang dadosaken dumuluring gumun pangungun kula punika dene anyipati titiyang kathahipun samanten, jaler estri tuwin rare teka pating keyuyus anggo goni, sarta lajeng angusungi wdhi sdaya, sawenehipuntiyang wonten ingkang among tumbas wedhi ing pentasan wonten ingkang mendhet mawi anyabrang saking pupundhuk ler wetan, suprandene taksih ambrubul kemawon tiyang ingknag dhateng saking saweneh keblat, paningal kula ngantos kisruh andulu untap ingkang makaten, kados bilih dipun gunggunga kathah ipun tiyang ingkang sami manjurung ing dalu punika embok manawi wonten bilih 7000 tiyang, layak taw au dereng katingal tiyangipun sampun kapireng swaranipun angumandhang, tiyang ebyuk-ebyukan makaten, kados oreging tiyang ngriki ing mangke kenging kaupaekaken sami kalih analika Sri Rama anambak saganten kala badhe anginggahi nagari Ngalengka, wondene ing bab seserean kula tiyang kang sami manjurung wedhi punika boten ngemungaken bongsa Jawi piyambak sanajan kaji, encik tuwin Cina sanyonyahipun ugi wonten ,s aweneh titiyang amesthi anggegeendhong anyanyangking, utawi amamanggul buntelan pyambak-pyambak, ing lebetipun botena liya isi wedhi, malah kula merep tiyang Cina singkek sakrompol punika sami giyak-giyak amikul bagor ageng, ing lebet inggih isi wedhi nanging tangkepipun cina wau radi resah lampahipun boten purun sumingkir, sanadyan wonten tiyang rantap-rantap kathah inggih lajeng katrajang purun, pramuila tnsah sinurakan ing kathah, ananging pun Cina teka malah bingah, sangsaya anggenipun betho, lampahipun kadamel-damel murih wiraganipun.

Wasana karejeging manah kula boten kenging dipun sayuti,kedah kapilayu ambelo tumut sapton, awit kula boten bekta pirantos kadamel wadhah, dados among kacu kula kemaon ingkang kula beber, tumunten tumut nyemplung dhateng ing lepen anggogoni wedhi, mongka toyanipun lepen dumugi sanginggiling dhengkul boten kula manah anggeripun kula boten kantun ing grubug, mila sareng kacu kula sampun isi kebek, kula lajeng sami amentas sarta angombak untpipun ing tiyang kathah, samargi-margi sngsaya sangsaya eram kula aningali kathahipun ing tiyang.

Kula inggih sampun nate ningali ungelipun kagungan dalem gongsa sekaten, yen ing wektu prepegan mongka punika kathah-kathahipun tiyang ningali, nanging boten ngungkuli kalayan wektu panjurung wedhi punika.

Anggen kula angmbyk untipipun tiyangkathah sareng dumugi ing alun-alun anglangkungi senenging manah kula, aningali papandhananipun ing tiyang lumampah, kados semut cemeng ambrubul saking rongipun katingal anggame, selur boten wonten letipun sarebahing landheyan, dupi lampah kula dumugi ing konten Brajanala ler, ing ngriku kocapa sakitipun badan, sabab lebetipun pipit-pipitan kemawon, saking pangraos dumugi kul asaantawising konten mandhungan punika, prasaat suku kula tanpa jumangkah, tumindakipun sakedhik-kedhik jalaran among katrunjel tuwin kasembadanan ing liyan, anggen kula anggrubyug wiwit saking konten brajanala ler lajeng menggok mangilen, dumugi saleripun Brajanala kidul anglangkungi konten gadhung malathi, lajeng anjok palataranipun bangsal pamagangan, dumugi ing ngriku kasangsaya anggen kula sumleren andulu kathahipun tiyang ingknag mlebet medal sakig regol srimanganti, kantos swaranipun kados jawah sinemeni.

Nalika samanten ingakng andadosaken gujengkula punika, amargi amiregaken raosanipun priya nem-neman wangunipun taksih sami tumambira, wicantenipun: ing wektu iki aku oleh papan enggon ku anggaota, ngrabekake miripat dhek andeleng para dyah cincing anggogoni wedhi, utawa bias ngrabekake sikut dhek dhesekan anaing Brajanala, tumunten dipun wangsuli ing titiyang wicantenipun antak, melu-meluwa sing begja, aku nrima bae, anggonku ora oleh gagepok, enggon ku anggugat marang ngendi.

Ing samadyanipun konten srimanganti mawi dipun jageni priyantun basahan, jagi anggirekaken ingkan glumampah sarta andukanana ingkang gumeder, suprandene ramenipun taksih anggodhegaken sirah, ing waunipun seja kula ngentosi sepinipun ing sawatawis, temahan lepat ingpangajeng-ajeng kula, awit sangsaya dangu malah sangsaya matinbun-timbun, pramila kula lajeng nekat malebet mawi gelung kundhe miwah sabuk wala, bebedan cara punakawan.

Sareng lampah kula dumugi plataraning kadhaton aningali kathahipun tiyang rapsila ajibeg, wonten ingkang lenggah, wonten ingkang saweg ngasokaken panjurungipun wedhi, wondene panjurung kula inggih lajeng kula suntak angnut tatanipuning kathah, sarta kula lajeng alenggahsila wonten sawetanipun pawedhen, menggah tiyang ingkang mentas amanjurung lajengkendel, jalaran boten angsal mergi, punika atusan jaler estri punapa dene rare, dalah nyonyah Cina inggih kenging malebet ananging sinanipun boten. Ingkang kula gumuni malih among kathahipun wedhi, wiwit swetanipun sasana swaka mangidul dumugi pungkasipun bangsal panjangkang kidul, inggilipun pupundhukanipun wedhi 4 kaki, rtebihipun kinten-kinten wonten saking 12 cengkal, menggah bangsal panjang sakidulipun sasana sewaka punika mawi ram kaca mubeng, kula sampun pitaken namanipun sasana andrawina, sawetanipun bangsal panjang andrawina wonten bangal panjang malih, namanipun bangsal sasana bojana, wasana boten kula lajeng ngaken titingalan kula wontenplataraning kadhaton cekaking prasasat kaswargan ngalih, ingkang kula criyosaken amungpakewedipun manah kula nalika badhe medal, awit srimanganti wau sampun seksekan kemawon, kantos dumugi pukul kalih welas dereng wonten sopsopipun, ewadene kula inggih nempuh amedal awit mripat kula sampun arip, samargi-margi kula miring ngaken pangrundelipun titiyang nalika suksukan, malah wonten sasernehipun titiyang ingang raraosan bilih pamanjurungan punika laminipun sampun sadasa dalu, ing sadalu-dalunipun inggih makaten kemawon, antuk kula medal ing slompretan, sanadyan madyaning dalu, took-toko teka dereng sami kukut, wah malih sareng kula dumugi Cayudan gumun ningali kathahipun tiyang dolan sarta tiyang sasadeyan, kantos diolahipun pating kalencar, took-tokonipun tiyang Cina inggih dereng kukut, titiyangipun katingak sami suka seneng, nyonyah Cina inggih salong taksih ownten ingakng sami dhasar, ingakng guwayanipun kasorotan ing dilah, prasasat embola rembulan andhadhari, katingal amaya-maya, para jalu ing sakwat kapanjingan dayaning kasmaran leleng ingpanggalih lajeng kumedah-kedah tumbas naming upados jalaran sagedipun imbal wacana.

Salatiga kaping 14 Rabingulakir, Candrasangkala: ngesthi luhuring sarira gusti,. Kula babah Ti Yok Ki

(*) tiyang pancen tanpa karti.

Juru Gubah

Ongka 16 Kemis kaping 17 April 1879

PEPENGET

Sampunkaping pinten-pinten kathahing serat pawartos anyarriyosaken tiyang kacepeng, awit saking anggenipun anerak parentah, babwawenang amaosi asislipun kanjeng gupremen inggih punika tiyang gramen apyun peteng.
Para tiyang nagari aliya basa Nederlan kawada kasami dereng magretos dhatengkarsanipun kanejgn gupremen teka amaosaken wawenanging aside apyun.
Sampun wiwit kala rumiyin anggenipun kanjeng gupremen amranata, bilih pangasilanipun pak Apyun dados kagunganing nagari, sarta pangasilan wau kaangge waragad tatentremipun ingpraja, inggih punika pangrumeksa ingkangmurih kawilujenganipun para titiyang nagari sadaya.
Mila kanjeng gupremen anyiyagakaken baita baita ing lautan sarta wadya tontra wonten ing dharatan punapa malih angabdekaken para priyantun pulisi, punika supados anjagi rahayuning nagari, sarta para titiyang samiya manggih suka seneng, lumastantuna ing sadaya karyanipun punapa malihkanjeng gupremen ing pundit pundiha yasa radinan ageng, amuri gampilipun lampahing sudagaran.
Punapa para tiyang boten rumaos amanggih kasenengan awit saking kathahing pulisi ingkang rumeksa, wontenipun pranatan ingkang sampurna mangkaten punika punapa tanpa waragad
Mila saestu wonten pahalanipun asuka pepenget dhateng para tiyang nagari, mugi sampun ngantos gramen apyun peteng, adamel kapitunanipun kanjeng gupremen, awit sinten sintena ingkang gramen apyun eteng wau nama nyolong pangasilaning tiyang sepuhipun piyambak.
Lah, sabab saking kasebut ingnginggil punika amasthi lajeng wungu angen-angenipun bilih sadhengah ingkang gramen apyun peteng mong kang boten kacepeng, lami-lami saestu poprok jalaran anggenipun dosa anglampahi kadurjanan anyolong pangasilaning tiyagn sepuhipunpiyambak saha masthinipun sami enget bilih abdinipun kanjeng gupremen ingkang kabebahan angulat-tulataken utawi anyepeng tiyagningkang anglampahi paneratk wau, ingangke sangsaya taberi saarta kenceng, punapa malih sinten sintenna ingkang cumipta dados paduka saha lungiyanipun kanjeng gupremen amasthi badhe boten kendhat anggenipun anyepengi tiyang, ignkang sami angresahilalampahing ratu gustinipun inggih andhelik kawok wonten ing leng-lengan semut amasthi badhe saged kacepeng, aliya punika botenna eses pindhah, embok inggih botena anglampahi piyambak naming kakosodan kemaown inglalampahipun tiyang asae apyun peteng, inggih sampuna angasoraken badan tuhu nitha sanget lalampah mangkaten wau, prayoginipun pancen naming tumrap dhateng titiyang ingkang ambrakasak dhateng ing nagari liyan.
Katur ing pabarataning Bramartani kaping 14 rabuingulakir sangkala tinengran: ngesthi Kombulingsarira janma.
Pun Setya

Surakarta
Ing Klathen ing sak punika lampahipun kareta boten wonten kendhatipun, naming sakedhik ingkang dados samaring tiyangkathah menggah lampahipun tiyang grobagan,menawi langkung sangajengan ing pacinansami anupak, sami amenyanyi, punapa kiyambokipun baten gadhahi samara menawi tumbukankaliyan kareta, ing mongka ngriku wau kathah lae alit sami kakengken tiyang sepuhipun utawi tiyang

mantuk sakingpeken, menggah panyuwuning tiyang kathah mugi wontena karsanipun parentah angemutaken ingkang naglampahaken grobag.
Ing sapunika sarengjawah saklangkung ngrceh, margi-margi ing salebetipun pakampngan kutha Klathen saklangkung jenes, sarta jeblog denten ingkang saklangkung jenes ngantos sanget mergi ingang dhateng kampong Sikenong tiyang salebetipun kampong ngriku ngantos sami gersah anggenipun sami lumampah ngupados pangupajiwa, ing mongka sapunika kitha Klathen kalebet reja anget wah tambah wonten tokonipun wewadeyan barang dagangan warni-warni tur mirah-mirah, deneten wadeyan wau bongsa encik-encik wasta, Mukamad kalih Pah Mustam naming inggih kuciwa mergi wau, sanget sami reged, mila sangking panuwunipun ing ngakathah mugi parentah aparing pitulung amaringana konca krakalan kapurih garap, margi kang sami risak risak wau, kang supados anambahi rahrjanipun kitha.
Ing mangke bawah ing Klathen kathah kewan ingkang pejah jalaran sami sakit abuh, embok inggih wontena ingkang anyaruwe paring jampi.

KUDUS
Kala kapign11 wulan maret kapengker punika, wanci jam 7 sonten wonten lampahan ingakng amelas asih, inggih punika Asisten Wadana ing Sabakerta guwa dhistrik Mayang Japara dipun gebagi dening titiyang Cina ngantos lempe-lempe, ingkang andadosaken mula buka pawestri Cina,titiyang Cina wau ingmangke sami kinunjara. (Kados ko nyonyah Cina ingkang dados rebetanpunika awit urup Juru gubah).

Kala kaping 28 ugi Maret kapengekr punika wanci dalu patinggi ing dhusun Gedhangan dhistrik Undhakan Kudus saweg eca-eca angembat watangan wonten ing ngamben lajeng kaanjata ing durjana saking jawi, kenging ing gulu ngantos pedhot gurungipun wasananipun patinggi anemahi ing pejah, durjana lumajeng kabujung boten kacandhak.

AMBAHRAWA
Kala tanggalkaping 1 Maret 1879, wanci dalu tiyang anama Mangundikrama griya ing dhusun Naba bawah dhistrik KLepu bawah Ungaran kesah dhateng griyaning lurahipun anedha arta kathahipun 50 sen pituwas anggenipun anyambut dame ling ngriku, wasana ngantos ing dinten enjingipun boten mantuk ing wanci siyang dinten wau tiyanganama Kertawijaya ugi ing dhusun Naba dipun cariyosi dening rare angon bilih ing Barongan deling gadhahanipun tiyang anama Salimin ing dhusun Kalepu wau, wonten jisim tiyang, kala kertawijaya dipun cariyosi mangakten sanget kaget sarta enggal anyidikaken wasana ing ngriku temen wonten jisim ing tiyang jaler ingakng kasingsetan gulunipun akaliyan iket jisim kapriksa dening Kertajaya wonten labetipun kenging gotri,sanalika Kertajaya lajegn adamel tengara titir saha lapur dhateng Asisten wadana ing Kelpu, asisten wadana klepu ugi lajeng dhateng titipariksa dhateng panggenan jisim wau,jisimm tumunten kanbekta dhateng Ungaran sakingpapriksaning dhokterpejahipun Mangindikrama tetela awit saking kaaniaya dening tiyang, katondha ing badan wontenlabetipun kasanjata, awit saking kawicaksananipun pulisi lajeng saged angsal katrangan bilih ing kang nganiaya tiyang anama SAwijaya, inggih punika ingkang dipun tedhani arta berahan dening mangundikrama, Sawijaya lajeng kacepeng kalebetaken ing kunjara.

TEMANGGUNG: KEDHU

Kala kapign 10 Maret 1879 wanci siyang wonten sawenehing tiyang Cina anama KA WA KA, dhaten ging griyanipun Nyonyah Juweha kaliyan lampah singidan ing nalika samanten Nyonyah Juweha saweg tilem I angles awit mentas rarencang tiyang agadhah damel Cina Kawaka,lajeng amendhet lading ingkang wonten sacelakipun sarta katamakaken dhateng gulunipun Nyonyah Juwe ngantos labet wiyar, tujunipun nyonyah enggal ngalilir lajeng lumajeng serek cerek nedha tulung, Cina durhaka tumunten kacepeng dening kathah taksih ambekta lading ingkang mentas katamakaken dhateng nyonyah Juwe, cina laeng kalebetaken ing kunjara, dene nyonyah Juwe kakintunaken dhateng Magelang badhe kapriksa dening dhokter saha salajengipun supados kapulasaraha.

BATAWI

Pangadilan Justisi sampun angrampungi prakawisipun tuwan L.Y.B.P. ingkang nyambutdamel wontening pasiten ggelengan Bogor, jalaran kadakwa kados ingakng kapratelakaken ing ngadhap punika.

Kala kaping 8 Mei 1878 tuwan wau angundang tiyang tani, lajeng dipun tangsuli gulu tuwin sukunipun ngnatos boten saged gumreed saha dipun sabeti kaliyan panjalin kaping wolu, mila mangkatenjalaran tiyang tani wau boten dhateng pandamelan sarta boten anglapuraken ingkan dados jalaranipun.

Kala kaping 15 ugi Mei tuwan Wa sampun anggebagi sarta ambonda dhateng tiyang anama Aspan jalaran boten anyambdudamel ing pabrik, saupami pangandilan anguningani dhateng teranging dosanipun tuwan Y. amasthi kapatrapan paukuman awrat murih para tuwan tanah botenpurun angalmpahi pandamelan kados tuwan wu, sajatiing pangadilan ingkang kaadegaken dening pakempalan (Kompeni) boten wonten tiyang ingkang wenang amatrrapaken paukuman pribadi.

PRANSE

Ing nagari Prasman wonten sawenehing nyonyah kapatrapan paukuman kunjara, awit saking anggenipun dosa anglampahi kadurjanan ngapusi: nyonyah wau ngaken saged adamel ayu warniniing pawestri, inggihsanajana sampun sepuh pisan, kacariyos satunggiling wanodyanipun tiyagn sugih sampun pikun sareng miring makatenpunika sakalangkung kapengin malih anem sarta ayu ingwarni mila enggal amanggihi nyonyah wau kapurih angenemaken saha angayokaken warninipun nyonyah anyagahi annggggeripun dipun mejaneni: 2500 rupiyah sarehning wanodya punika sugih boten kangelan angwujudaken arta samanten lajeng kemawon dipun bayar, nyoyah tumunten angrsiki raining wnodya, sarta kasukanan jampi rupinipun kados toya, kapurih anggge ing rai wontening griya, sareng isarat wau kaange, wanodya boten amalih enem saha ayu, nanging wadananipun malah risak pating balenteng saweneh dinten rencangipun wanodya anyolong isarat wau kaangge ing rai, sanalika rainipun dados pating balenteng, mongka ing waupancen sampun radi ayu, henm saibata keduwungipun pancen badhe ngupados mimbuh ayu, malah dados awon. (Embok inggih nguler kambang kemawon tarimah ing satitah: nun, Juru Gubah)

MESIR

Ing mangke kitha Kairo kadhatonipun Sang Basah Ismail Kedhif ing tanah ngriku wonten raresah, tumuwuh saking rembagipun para nayaka amaurih rejanipun nagari

amrayogekaken bilih bala tontra kasuda akantuna sadasa ewu tiyan gkemawon menggah kantunipun lajeng kaundura, kalebet para opsir kalih utawi tigang ewu para opsir wau sami amampang, punapa malih awit sadaya sami anganggekaken balanjanipun dhateng nagari, ingkang pambayaripun waled ngantos pinten-pinten wulan. Patihipun Sang Kedhif awasta Gubar Basah kapikut dening paa purun busananipun ngantos rontang-ranting, saha anemahi tatu kasanjata, sang Kedhif pribadi sareng amiyos arsa angandikani dhateng para purun wau, inggih kauman-uman saha kaserang, temahan prajurit sinelir ngantos anamakaken dadamelipun. Pawartos kawat angedharaken Kedhif sasampunipun den rembagi mamitranipun praja Inggris ana praja Pranse, mongka boten arsa amranata pahasilanipunnagari, praja kakalih wau sami badhe angaturi sang prabu ing Turki, supados Sang Kedhif kaundura, mandar ingmangke sampun kawentar, bilih sang prabu ing Turki sampun asung rembag dhateng praja Inggris ataas anggenipun badhe angundur sang Kedhif saha ingkang kakarsakaken anggentosi pangeran Atdul Alim Basah.

CINA

Ing saleripun nagari Cina sangsaya lami sangsaya kathah tiyang ananem wit apyun. Ing nagari Junan sabinipun sapratigan ingakng ing ngajeng kataneman pantun sapunika kataneman wit apyun ngantos lalampahan pinten-pinten atus pal tebihipun ingkang dinulu boten liya among wit apyyun dalah tiyang ingkang dudunung wonten ing redi-redi inggih sami adamel apyun.

Awit saking kathahipun apyun pesinipun ing nagari wau saranipunboten akaliyan peksi ing nagari sanes, manawi tiyang anyanjata peksi bibis agampil sanget sanajan dipun indhik-indhiki ngantos celak inggih boten purun mabur, jalaran saking mendem anggenipun nedha ampas apyun ingkang kabucal wonten sabin saha peksi wau dagingipun mambet angganda kados apyun, pramila para cina ingkang pakaremanipunanyeret boten mawi angothok naming anyanjata paksi kemawon pikantukipun dados kaping kalih angsal ulam wahh angendemi.

DARMAWASITA

Sampun sawatawis lami anggen kula amanah-manah meksa dereng saged dumugi ing duksina, dene bongsa kula titiyang jawi ing nagari tuwin ing dhusun ngadhusun dereng angsal pamanggih utawi kawruh sunyata, taksih anglastantunaken pitadosipun dhateng samukais ingkang kalebet bangsaningdupaa, inggihpunika ujaripun titiyang ing jamankina. Bab ing wontenipun jinising wisyaca kadosta: jrangkong, Wewe, Thethekan tuwin Wedhon sasaminipun, manawi wontensela utawi wiwitan ingkang aneh sawatawis lajeng dipun selehi sekar konyoh tuwin menyan kakinten wonten setan ingkang manggen ing ngriku, mila tumunten dados pupundhen utawi panyadranan titiyang ingkang sami angalap barkahawarni-warni panedhanipun wonten ingkang nedha kasudanan saweneh anedha kawilujengan tuwin sanes-sanesipun kakathahen bilih kapratelakna sadaya.

Punapa malih manawi wonten tiyang sugih kamanah awit saking anggenipun angingah setan utawi blorong, mongka tiyan gdereng sumerep dhateng wujuding balorong tuwin setan kajawi amungmireng cariyos jarene, ewa dene sanget pitadosipun.

Ing nagari, P wonten pajarataningkaji ingkang sakalangkung kawentar ing sanagari, punika dados panyadranan utawipupundheningpun para titiyang bongsa kula jawi tuwin para titiyang Cina, awit kacariyosaken saged anembadani panedhaning

manungsa saben malem Jumungah Kaliwon akathah titiyang dhatenging ngriku ngantos puluhan ramenipun ngantos kados peken titiyang wau wotnen ingkangmisngsung sekar konyoh utawi dudupa, saweneh wonten ingkang anyemabeleh maenad kadamel mumulya,dene esthiing tiyang satunggil-tunggil abeda-beda,wonten ingkang nedha jajampi utawi nedha palarisan anggenipun a,ong dagang, saweneh anedha brkah panjang ing ngumur kados ingkang cinungkub ing ngiku.
Nalika titiyang wau anganlap barkah sami maki dhupuh sarta angenjali, angasoraken panyembah wajib dhateng Allah sunyata, ingakng anitahaken langit tuwin bumi sarta anyembadani saliring panuwunipun para dumadiing jagad pramudita.
E bongsa kula tiyagnjawi, punapa kaji ingkang sampun pejah sirna saranduning badanipun saged tangi angulungaken jajampi, sarta punapa saged anykani uwang mas tuwin manggih punapa kawasa adamel papasthen celak panjanging umur, O, saking panginten kula boten, mila mugi sinau angwiyaraken jajahaning kaengetan murih antuk kapamanggih utawi kawruh sunyata.
Punapa anungsa boten yitna dhateng Gusti Allah, ingakng kawasa atutulung tuwin angrisak saliring isen-isen ing ngalam dunyapunika, punapa manungsa boten langkungprayogi ngabektisarta angaturaken panarimah dhateng gusti Allah, ananging panuwun dhateng allahpunika amasthi sarana isarat kadosta; tiyagn sakit kedahajajampi, tiyang nedya sugih kedah agagramen akalayan setiti angatos-atos awit saking pamanggihing manahkula, gusti allah anitahaken saliring dumadi supados angupados sandhang tedha, antukipun sandhang tedha wau sarana anandukaken isarat manawi boten mangkaten dha tuwin sandhang masthi boten dhateng piyambak.
Gusti allah anitahaken anulung tuwin angrisak saliring tumitah sarana sabab awarni-warni.
Saupami setan sarta blorong yekti saged asukakasugiyan dhateng manungsa, punapaha taksih mawi gagramen teka botenamung nganggur kemawon O kados pundit anggen kula sged pitados awit tiyangsugihingkang kakinten angingah balorong utawi setan taksih gegramen angupados kauntungan mila kula purun anamtokaken manawi kasugiyan punika boten saking balorong.
Wonten malih tiyang ingkang angandel dhateng japa-montra,punika ugi awist saking saweg aras-arasen amanah kemawon awit mokal manawi tiyang sakit saged saras saking swara tuwin cuh-cuh.
Menggah seta wau sampun mesthi boten wontenjalaran akathah para bogsa Eropah, ingkang angambah guwa sganten tuwin sanesipun panggenan ingkang boten nate kaambah manungsa boten amanoni setn utawi sanesipun bangsaning brakasakan.
Kaaosaken ingpasamuanipun para Wigya kala tanggal kaping 13 Rabingulakir, sinengkalan Bramana sirna ngeswthi tunggal Katandhan D.

Ing tanah-tanah bawah Eropah inggih taksih wonten tiyang-tiyang, ingkang sami gugon tuhon apitados dhatengsetan ananging katimbang taksih kathah ing tnah ngriki, awit bongsa kula tiyagnjawi lenggana, oncat saking sabarng ingkang lullurinipun dhatengkina-kimina, ananginging mangke para luhur sampunkathah ingkang sami limpad ing panggalih, lahpunika ingkang badhe dados tutuladanipun para alit. Juru ngarang.

BAB PANGINGAHING KAMBANGAN

Sakawit tiyang angupados tigan ingkang sedhengan agengipun sarta kulitipun ingkang kandel supados bilihdipun angrmi utawi kacuuck sampun pecah, tigan wau kawatesan kalih dasaiji kathahipun lajeng kaangrema ing aym babon.
Bilih sampun kaangemna ing dalem kalih dinten kapriksaha awontenan panggenan ingkang padhang utawi sarana katawangakening dilah, tigan ingkang badhe netes ing lebetipun amesthi katingal kados maripating mina utawi ingkan gwinastan underan manawi tigan wau sampun dipun angrem sawulanlaminipun saestu lajeng netes ananging kerepbotennetes sadya, wonten ingkang kmlekeren utawi gagar 6 utawi 5 iji.
Meri ingkang mentas netes kaselehna ing sengkeransarta kacanthelna, supados boten kenging asrep tedhanipun menir akalayanurang alit godhogan bilih sampun ngumur 14 dinten tumunten kasadhiyanana pangomben toya.
Manawi badhe sumerep jaler utawi estri sanondha saking cocor tuwin bokongipun bilih jaler cocoripun cemeng saha ing bokong katingal wonten elaripun ingkang kados dom mangkaten dene manawi estri cocoripun asemu ijem ing bokong boten wonten elaripun ingkang kados dom wau.
Meri angumur 15 dinten wau limrah kawastanan Demeleg
Tedhanipun tumunten kasantunanana sekul akaliyan dhedhak sarta ing sadinten-dintenipun sareng kasantunana sekul akalayan dhehdak pangaos 5 rupyah 2 ½ sen
Ngumur 15 dinten dumugi 3 wulan tedhanipun telas pangaos 9 rupiyah 90 sendados wiwit netes dumugi ngumur 3 wulan tedhanipun meri 15 telas pangos 10 rupiyah 42 sen.
Manawi meri sampun ngumur tigang wulanlimrah kawastanan Kemlambi, utawi semuri-muri, punika lajeng kenging ka-engen ing sadinten muput sarta kenging katunggilaken akaliyaningkang sampun nama: kambangan tedhanipun dhedhak akalyan jagung utawi among bungkil thok kemawon
Sareng sampunngumur 7 wulan santun nama Kambangan saha wiwit nigan pangengenipun prayogi wonten ing sabin ingakng menstas kaenenean pantunipun supados anocori keceran pantun utawi bangsanipun gagremetan alit.
Tedhaning kambangan wau wiwit ngumur tigang wulan duugi 7 wulan nelasaken angaos 28 rupiyah 20 sen ddos wiwit netesdumugi ngumur 7 wulan telas pangaos 29 rupiyah 62 sen.
Wondene tandhaningkambangan ingkang kerep anigan mangkaten: cocoripun panjang, badanipun ageng, gulunipun gilik panjang, lampahipun alon sarta manawilumampah sirahiun andheglag kambangan mangkaten punika nigan saben dinten ngantos tigang wulan laminipun kendelipun boten nigan sawulan dados ing dalem satawun anggenipun botennigan naming 3 wulan, samanten punika bilih boten kirang tedhanipun.
Reginipun tigang satunggil 2 sen
Meri estri satunggil regi 10 sen
Meri jaler satunggil regi 2 ½ sen
Meri demeleg satunggil regi 25 sen
Meri Kemlambi satunggil regi 30 sen
Kambangan ongka 1 regi 1 rupiyah 20 sen
Kambangan ongka 2 regi 1 rupiyah 80 sen
Kambangan ongka 3 regi 1 rupiyah
Tiyang 1 ambasthi ngingah kambangan 100 iji,satus punika ingkang sae piyambak among wonten 5 iji, dados kambangan 100 iji, kapetang rampak ing dalem sadintenanigan 50 iji
Kauntunganipun tiyagnangingah kambangan 100 iji ing dalem staun 270 rupiyah kasuda wragading tedha 180 rupiyah dados kantun 90 rupiyah.

Ongka 17 Kemis kaping 25 [evidently error for 24] April 1879

Pawartos kawat saking Eropah
Ing Stambul kaping 2 April para praja tanah Eropah sami anayogyani dhateng rembagipun praja Rusi, supados ing tanah Rumili dipun reksa awadya sakingpraja liyan ingkang nalika kasigeg ing palagn sami asurembag badhaminipun praja Rusi kalian Turki, nanging Dhitslan sarta Prngkrik lenggana akintun bala dhateng ing ngriku.
Peter Sebereh kaping 14 April Sinuhun ring Ruslan badhe kacidra, dereng ngantos kalampahan pun dursila lajeng kacepeng.

SURAKARTA
Nalika malem Salasa panjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati Ariya Mangkunagara, animbali tuwan ingkang dhatengipun ing ngriki, sumedya angantingalaken ponograp sareng abdi dalem kamangkunagaran sampun umareg wonten ing pandhapi panjenengan dalem kanjeng gusti amiyos tuwan wau kinen miwiti anatingalaken pirantosipun sadaya tiyang ingkang angadhep ing ngriku sami gumun anggenipun pirantos wau saged amangsulaken suwaranipuntiyang satunggal-tunggalipun saiba yen kadamela nadhahi suwaraning dwipangga, kados inggih anjalarikuwuring manah,pawartosipun tuwan wau kaganjar 500 rupiyah.

Nalika tanggalkaping 21 wulan taun punika wanci jam kalih siyang bawahAdikusuman wonten griya kabesmen sanadyan trangginas patrapipun para tandang, maksa kalebet kathah ugi griya ingkang dados awu, kiranglangkung cacah wuwung kathahipun kalih likur iji, punika para pulisi kabupaten pancen sami kawogan arumeksa, sarehningsampunangangkat mongsa katiga, supados atiti pariksaha dhateng pakampungan bawahipunpiyambak piyambak, dhadhawaha nyingkirraken gedheg-gedheg ingkang sampun remot punapa malih uwuh sampun ngnatos angundhuk-undhuk celaking griya-griya, ananging para priyantun pulisi sami dipun aturi, anggenipun andhaahaken parentah wu, sampun bau kapine utwi kanggeg amargikasengsem dhatn ging pirukun sami dipun aturi angemana dhatengkaruhuning badan parentah saestu anyambadani sadaya pranatan ingkang tumuwuh sakingpaa abdi, amurih tentreming para kawula supados angindhakaken raharjanipun praja.

KADUWANG
Ing Kamantran Purwaantara mentas wonten lalampah ingkang elok ing salebetipun kunjaran ing ngriku wonten pasakitanipun titiga samikabelok rinten dalu kunjaran wau wonten ingkanganjageni, mongka pasakitan ingkang kalih saed uwal saking belokanipun lajeng oncat sakingkunjaran medal ing cocoripun kunjaran au, ah belokan au kapariksa, pantekipunboten wonten ingkang ewah.
Nalika tanggal kaping 6 wulan taun punika ing dhusun Jaladri, wonten tiyang dipun pethelparipeyanipun piyambak ngantos tatu raagi rakaos saking cariyosipun tiyang ingkang methel wau, pancen boten ganep ing poncadriyanipun.
Bawah ngriku ing dhusun Sambeng wonten pandung, dereng ngantos saged anandukaken pakajenganipun lajeng kadengangan dipun pulasara ing alu ngantos pejah, wonten malihpandung ing pategalan aamban kacang, kadengangan ingkang gadhah tegal dipun sabet ingpedhang tatu kalih ananging boten pejah.

Ing dhusun Sanggle ugi bawhing ngriku wonten lare kabalabag enjing wanci jam sanga lae wau adus wonten ing lepen ambyur-ambyuran kalihan sawatawis lare sanes sareng dipun entosi saatawis boten mathungul-mathungul kancanipun asanjang dhateng bapakipun dumugi ingpanggenan dipun salulupi kapanggih sampun pejah wontening kedhung.

NGAYOGYAKARTA

Kala kaping 27 Maret kapengker punika griyaniipun kaji Ismangil ingkampung Manduran kalebetan durjana pandung sarana ambabah, sasampuning angsal barang awarni warni lajeng medal saking griya, durjana ingkang satunggil nedya angsul badhe angukudi barng ingkang taksih kantun sawontenipun nanging lajeng konangandurjana lumajeng anggenjret dipunbujeng deningkaji Ismangil sarwi kaelikaken sata kasabet ing pedhang, nalika punika durjana nedya laan nanging malah dipun kaping kalihi kenging rainipun ngantos anandhang tatu wiyar, saha lajeng kakroyog dening dadamelipunpara tandang ngantos gumuling ing siti, sareng durjana kaladosaken ing ngarsanipun parentah musna jiwanipun.

SAMARANG

Kala kaping 16 Maret kapengker punika mariyem ing benteng POncol kaungelaken kaangge angurmati rawuhipun jendral Mayor saking Batawi, nalika ungeling mariyem wau, anakipun tiyangCina ing kampong Petekan watawis umur 1 ½ taun saweg tilem angles wonten ing ngamben lajeng kaget tangi guragapan sarta macicil bapakipun sanget bingung sarta lajeng angundang dukun anangin gboten saged tulug, jalaran ing dalem saprapat jam lare wau lajeng pejah.

Wonten kaji anama Sabodhin ing dhusun Bugangan dhisrik Grogol kala kaping 3 April punika dhaeng gisiking saganten mara senik anumpak baita alit akaliyan anakipun jaler anama Rajimannedya ngupados kapithing, sadumuginipun ing gigisik kaji Sabodhin lajeng medhun saking baitanipun sarta baita kacancing ing pathok sangunipun sekul wonten ing tumbu kacanthelaken ing pathok wau dereng dangu pangupadosipun kapething, nunten wonten lisang satunggil amrambat ing pathok amurugi sekul enggal dipun rundhuk lajeng kapendthung, sareng lingsang kapenthung lajeng nyuwara saemper anedha tulung dhateng bangsanipun sanalika kathah lingsang andhatengi ngroyok pun Sabodhin dipun cakoti, kendelipun anyakoti sarng pun sabodhin ethok-ethok pejah, para lingsang nunten enggal lumajeng, wonten ingkang silem ing toya, saweneh angering, nalikka samanten pun Sabodhin boten saged ebah, lajeng kaselehaken ing baita dening anakipun kabekta mantuk.

SURABAYA

Ing mangke kathah titiyang Cina sami remen angingah peksi dara, manawi wanci enjing utawi sonten tiyang Cina wau mertamu dahteng griyaning sadherek utaw pawong mitranipun ambekta ingah-ingahanipun peksi dara ingkang dipun seelehi ssawangan sadumuginipun griyaning pawong mitranipun peksi dara tumunten kauculaken malesat ing gagana, nanging sawangan punika boten mungel saupami sawangan yektos masthinipun rak mungel mila saking panginten maujud ingkang rineka sawangan wau isi barang peteng, awit saking tarekah mangkaten punika saestu anggampilaken pambektanipun barang peteng.

Kala kaping 3 April punika tiyang estri anama Ngadiyani ing dhusun Rama bawah Gresik pinuju martuwi anakipun ingkang pinuju sakit wonten ing griyanipun tuwan

Ka, ing kampong Baru, nedya angatnyut tuwuh, jalaran saking bentering manahipun dhateng kang jaler, tujunipun kala Mbok Ngadiyani saweg anggorok gulunipun lajeng kasumerepan dening bojonipun tuwan Ka, ingkang enggal jerek-jerek anedha tulung dhateng tongga tepalih, dados sareg kadengangan bok Ngadiyani boten saestu anglajengaken panganyutipun tuwuh, menggah jalaranipun badhe anganyut tuwuh wau mangkaten.
Nalika bok Ngadiyani pinuju wonten ing griyanipun tuwan Ka, sanget panginggit-igiting manahipun dhaten gkang jaler, jalaran anggenipun kacepeng dening pulisi kadakwa anglampahi kadurjanan anyolong, mongka sajatinipun resik ananging ingkang nyolong temenipun kang jaler piyambak kala pulisi dhateng nyepeng bok Ngadiyani, kang jaler mungkir nyolong, nanging mratelakaken bilih kang nyolong bok Ngadiyani, sarta mungkir boten rumaos anggadhahi bojo bok Ngadiyani wau, awit saking pratelan mangkaten punika pulisi lajeng gita nyepeng mbok Ngadiyani.

MADIYUN
Babau pulisi sampun anyepeng tiyang titiga, ingkang sampun angangkah niru arta ringgit rupiyah tuwin talen menggah paukumanipun tiyang ingkang anglampahi panerak wau dereng kenging kapesthekaken.

BATAWI
Ing mangke sasakit kewan ingkang sumrambah ing Batawi sampun meh sirna. Anggenipun kanjeng gupremen ambayar dhaen gkapitunanipun para titiyang ingkang gadhah maesa dipun pejahi, kathahipun meh satus ewu rupiyah. Sapunika ing tengara wiwit wonten sasasakit kewan wau. Ing tanah Tigaraksa wotnen maesa: 76 iji ingkang kasrambah ing sasakit lajeng kemawon dipun pejahi sadaya. PUlisi sanget ingpanjaginipun sampun ngantos wonten maesa utawi sapi kabekta medal saking tanah Tigaraksa, pranatan makaten punika kalangkung prayogi, awit sasakit wau saestu badhe boten tular-tumular.
Kawartos kanjeng tuwan residhen ing Batawi asaos atur ingkangkeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral supados para titiyang Cina ing Batawi ingkang sami manggen awor bongsa liyan mugi kadhawahana nglempak wonten pangggenanipun ingkang sampun katamtokaken, supados kaereh deningpangagengipun piyambak-piyambak miturut pranatan ingkang leres sapunika tansah asasar-susur, manawi wonten saweneh tiyang Cina anglamaphi kalepatan utawi among kenging tarka, lajeng kaladosaken dhateng kapala kampong sanes bngsa, lampah makaten punika kirng prayogi, awit tiyang Cina sampun anggadhahi panggeng piyambak-piyambak.
Presidhening pangadilan landrat adhaah ngajengaken para saksi, ingkang satunggal sareng sampun kadangu panggaotan tuwin sanesipun lajeng kasumpah presidhen andadngu apa kowe sumurup ngatasing prakara iki, saksi mangsuli, kula boten sumerep punapa-punapa, pun bapa ingkang pancen katarik dados saksinipun prakawis punika, nanging sarehning saweg kapambeng sakit dados kula ingkang kasulihaken sowan ing pangadilan, nalika samanten para tiyang ingkang sami ningali adeging pasamuwanipun pangadilan sami gumujeng kapingkel-pingkel. Wonten satunggal malih kadangu makaten anane prakara iki saprene wus pirang taun saksi matur O, kula boten enget mugi kagaliya piyambak nalika wontenipun prakawis wau untuku la taksih wetah, ing mangke kula sampun ompong boten gadhah untu satunggil-tunggila, sumongga kagaliya wontenipun prakawis wau dumugi sapriki dados sampun pinten taun.

JEPAN

Ing mangke pranatanipun nagari Jepan wimbuh sae, pantes tinuladha dening gupermen sanes. TItiyang nagari sami kaawisan ambekta utawi aside apyun awit sampun kayakten bilih apyun wau adamel kacilakan awarni-warni. Mentas punika ing Kanah Gawah wonten tiyang Jepan aside apyun dhateng tiyang Cina ing ngriku, lajeng kacepeng dening pulisi, sarehne tiyang sade apyun ing ngriku, saweg kacepeng sapisan punika, dados kapatrapan paukuman anyambut damel peksan laminipun 10 taun. Sadaya kantor-kantorring nagari ngriku sami angangge pigunaning telepon ingggih punika kapirantosna angge ijenman saking katebihan. Ing nagari liyan ugi sampun wonten pirantos makaten wau, ananging ing mangke dereng kaangge pigunanipun wonten ing kantor-kantor kados ing tanah Jepan. Marginipun kareta api dipun dumugekaken ing pundit-pundi, meh sawiyaring nagari wonten marginipun kareta api. Margining kareta asep wau kedah anglangkungi redi ingkang sanget inggili winastan redi Otsu, mila kangelan sanget kengingipun dipun langkungi dening kareta asep, karsaning gupermen redi wau ing ngandhap kajebos kalandhak supados kareta asep sageda langkung ing ngriku. Jendral Grantilase prasidhen ing tanah Amerikah badhe rawuh ing Jepan ing mangke gupermen sampun siyaga anggenipun badhe anyambut dhaeng rawuhipun sang jendral kawartosa konduripun saking Jepan lajeng rawuh dhateng ing Batawi.

CAMBURAN

PANJURUNG RARE KABEKTA ING WEWE

Kala dalunipun tanggal kaping 20 wulan April punika, kula saweg nyerat anganggit ingkang minongka dados panggugahiing budi, boten dangu kula kaget dening sabawa gumeder kaprenah sakidul-kilen griya kula , sanalka ngriku panyepeng kula kalam angregeli, (*) sarta kula kapita sumarapat medal saking griya asikep dadamel liyan saking sadyaning manah badhe anandukaken sanjata pitulung, awit panginten kula boten liya wonten lampah kadurjanan utawi babaya latu, saedal kula saking griya boten age-age dhateng panggenan gumeder wau, nanging angadeg wonten ing latar nolah-nolih dhateng keblat sakawan ambok bilih wonten griya kabesmen saa andelingaken pamireng kula dhateng opyaking tongga g tepalih, ananging boten angsal pamireng ingkang radi tatela, awit aloking tiyang satunggil –tunggil ambenten-benten wonten ingakng alok pandung, wonte ingkang alok griya kabesmen dereng mubal saweneh tiyang angusap makaten tak kira dudu omah kobong, dudu maling, nanging omahe si anu di gledhah ora aweh, awit si au iku tukang, sareng kula miring alol tuwin caluluking tongga tepalih anbenten-benten angen-angen kula kuwur, wasana anunten wonten tiyang wicanten sora kados amangsuli tiyang pataken ingkang sawatawis tebih panggenanipun Si Sait abdine raden mas Mayor, ariya Adipranatadiprana digawaing wewe, sareng kula miring tiyang alok mangkaten kula enggal dhateng ing Ngadipranatan anyidikaken sadumugi kula ing ngriku akathah titiyang sami uyel-uyelan ambekta obor pating kalencar angupadosipun Said umyungngipun kabekta ing wewe gombel ing panggenan salebetipun capuri ngadipranatan boten wonten ingkang kakakungan sami kajajah sadaya, annging pun Said boten kapanggih, anggenipun sami ngupadosi lajeng dipun wangsal-wangsuli, nangingugi meksa boten kepanggih, mila ingkang sami ngupadosi ngantos anyel sara nyipta bilih pun Said sampun kabekta musna dening wewe, kantun tiyang satunggil ingkang taklatos ing pangupadosipun dhateng panggenan ingkang sampun dipun dalajahi wangsal-wangsul boten dangu tiyang wau alok: la iki gilo si Said ana ngisor

gedhogang, sanalika titiyang lajeng sami lumajeng amurugi ambekta obor, pun Said lajeng kajunjung saking ngandhap gedhogang kabekta dhateng pandhapi, dipun pitakeni boten saged mangsuli sakecap-kecapa, naming andalegeg saemper mentas angalami lalampahan ingkang sakalangkung aeng, gemoking badanipun kumrangsang kados anandhang sakit: saking pangintenipun tiyang mila pun Said thenger-thenger boten saged ngucap labet saking ajrihipun nalika kagondhol ing wewe, wonten ugi ingkang angraosaken eram dene pun Said teka kapanggih wonten ing ngandhap gadhogang, mongka ing ngandhap gadhogang wau sampun dipun dlaajahi wangsal-wangsul Said boten wonten menggah mula bukanipun Said kabekta ing wewe mangkaten.

Ing wanci saseraping Surya pun Said kakengkeken dening biyungipun atumbas tigan badhe kaangge lawuh, wasana wangsulipun said saking wande boten angsal tiga, nanging angsal kimpang-limpung sarehne biyungipun selak luwe dados amuring muring sanget dhateng pun Said sareng pun Said ments dipun srengeni lajeng thenguk-thenguk wonten ign pandhapi ngadipranatan sarwi anggiyeng panangisipun dipun tulungdening biyung tuwin sanesipun boten kendel anggenipun nangis kalampahan ngantos katulung dening wewe gombel wau.

Katandhan Watasajati.

Warninipun Wewe Gombel punika kados punap amas punapa sampeyan sampunnate dipun gondhol embok inggih kagagasa rumiyin jalaranipun kesahipun Said saking griya, rak nangge dipun nesoni biyungipun lajeng wonten pandhapi angggiyeng, dangu-dangu said lajeng musna, bilih ciptanipun lare, cik bena biyung-biyung, aku dinesoni iya dhak dhelik menggah thenger-thengeripun lare nalika kapanggih inggih leres awit sareng kaupadosan mawi tabuhan aneh, wah obor pating kalencar, said saestu ajrih, manah anggragap tarapan gemoking badan kumrangsang wau, punika tumuwwuh saking ajrih tarapan wua, yen sampeyan ajrih punpa inggih boten mangkorok lah gemokipun pun boten kumrangsang, boten sae ingjaman sapunika teka gugon-tuhon.

//i//Kanthi sinawung ing kidung, denira marne palupi, gancaring prawali ylah, duk karaton Majapait, wekasan sir Brawijaya, bapa babuning prawali. Ing Ngampel ngasramanipun Sayid Ngalirahmat nmi, garwa kakalih pangarsa, Nyi Ageng Bela satunggil grwane Nyi Ageng Manila, putra Arya Teja Tubin. Sunu kathah tan cinatur, anamung lajering warti, kang mijil nyi geng Manila, ranpangran mandum Ibrahim, karan Sunan Ratu Wahdad, Anyakrakusuma luwih. Bonang padalemanipun , marma kasebut ing nami, kanjeng Susunan ing BOnang, salami tan arsa krami, bentur kasutapanira, pinunjul sasameng wali. Yata arining kang ibu, kang panengran raden Sait, putra arya Teja Tuban, diwasa kareming juti, wus dha ngampak miwah begal, gung denya madhem sujanmi. Prakosa kalangkung langkung, kineringan ing sesame, raden Sait tanpa lawan, saben marga den adhangi, lamun wonten janma liwat, rinampas dipun pendheti. Yen bongga yekti linampus, naming tuking busanadi, dinumaring sudrapapa, kinarya lampah salami, marma kathah marga pejah, yen ing ngambah raden Sait. Saben ri pakaryanipun, sade rumput yen tuk picis, den lebetaken ing kranjang, nulya dipun sade malih, kang tumbas kalangkung suka, nyana kekatutan picis. Raden Sait sigra buruh, mring janma sade serabi, saben ri ater kajeng dang, samana to wang sahari, nora angayteri wreksa, den krawus ing nguring-uring. Apa kinarya rub-urub, wus awan tan sade srabi, iku tangan mu pinanggang, pantesi nuggoken ani, raden Sait sigra mara, astane nulya binasmi. Kantar-kantar urubipun, eram kabeh kang ningali, kekes tan ana kang ngucap, raden Sait basah nuli, angadhang maring dadalan, arsa begal wong lumaris. Wau ta ingkang pinuju, susunan Bonang kapanggih, lan kang paman sarwi mawa, teken cis bungkule jeni, tan wruh

kalamun kang putra, wit salamidereng uni. Raden Sait nguwuh-uwuh, eh janma ingkang lumaris, mandheg gamanira minta, ecis mu iku prayogi, bungkule sinung kancana, jeng sunan Bonang anolih. Sarwi lon andikanipun, kancana naming sathithik. Lah arsa kogawe apa, raden Sait anauri asung tan asungsun minta, yen budi sun sambadani. Jeng Sunan Malih ling nyarum, amesem sarwi lumaris, tut wuri nen lakuningwang, sira mengko sun paringi, kancana kang langkung kathah, raden Sait anututi,. Jeng Sunan mring ngisor taru, areninojoh ing ngecis, wreksa taru lan wohira, sadaya awarna jeni, jurub ujwalanya mubyar,mrangangah ngebat-ebati. Raden Sait dipun uwuh, lah iki yen arsa rukmi, mara sira angambila, nora cuwa ing sakapti, bungkul cisna mung sapala, teka sireku kapengein. Jeng Sunan boning wus kondur, raden Sait marepeki, saklangkung gawok ing driya, wreksa arenda direjni, dheleg-dheleg sapandurat, anjetung tan bangkit angling. Dahat ing pangungunipun, ngunadi kajroning galih, tan paguna karyaning wang, salami ngong ngadhang margi, gung ngrebut wastra kancana, tur nora kadya puniki. Ing saciptane jinurung, sabarang kinarya rukmi, kalintang dening kawasa, yen ingsun bangkita mirib, nora susah ambebegal, karya susah ing sujanmi. Yen mangkono sukma guru, pasrah atur pati urip, tan lega rasaning driya, yen nora punjul sasami, tandya dyan sait umentar, jeng sunan dipun tutui. Neng na kang lagya mumuruk, jeng Sunan Bonang mring panti, atusan gungingkang siswa,wau ta rahaden Sait, wus prapta mabukuh lengggah, taksih dereng den aruwi. Sadina lenggah tumungkul, muka lir konjem ing siti, prasantri kathah kang awlas, rine malih taksih linggih, andinatan ebah-ebah, yen majenga ler sahari. Sadinten amajengidul, angilen ngetan sahari, dupi wus tuk sapta dina, jeng sunan Bonang Tanya ris, lah paran sedyaning driya, sira prapta wisma mami. Raden Sait nembah matur, kawula dahat kapengin, miyat kadebyan paduka, marma atur pati urip, mugi karsa angabdekna, nadyan kinarya pakathik.Ajura den kumur-kumur ing ngayahan tuwan mamih sayekti sampun kasedya, jeng Sunan arum denya angling, lahiya Sait allah, payo tutwuriya mami. Jeng Sunan lumampah nglangut, manjing wana minggih ardi, nusup tumuruning jurang, wus tebih doning sujanmi, alon wau andikanya, eh Sait pituduh mami. Tapa angidang sireku, away ngati mulih-mulih kalamuning sun tan prapta, jeng sunan akondur nuli, wau ta kang Mangunbrata, raden Sait lami-lami.

Taksih wonten candhakipun.

Ongka 18, Kemis kaping 1 Mei 1879

SURAKARTA

Kaping 20 April wonten satunggaling rare jaloer wanci ngumur 11 taun anakipun tiyang wasta Truna Karya ing kampong Gandhekan TEngen omben-ombenan janewer kaliyan kancanipun sami rare, wasana sakit andadosaken jalaranin gpejahipun lah saiba turidaning manah ingkang kasandhang dening tiyang sepuhipun rare wau, ananging inggih lepatipun para sepuh piyambak yen ta para rare wau kapredi ing satemenipun kados boten wonten lalampahan makaten.

Kaping 28 April ing pasabrangan Jantren sacelakipun kagungan dalem pasanggrahan Parangjara, ing wanci enjing pukul 7 wonten kabilahen jalaran baita ingakng kadamel nambangi kerem isi tiyang nupang 40 iji, ingkang angsal pitulungan 15 iji tiyang, ingkang kalajeng pejah 7 iji tiyang, ingkang satengah pejah 8 iji tiyang.

Panewu dhistrik ing Grogol ngabei Darmapranata, sanalika ngriku lajeng gupuh atiti pariksa sarta apitulung sakareyanipun angering sadaya btiyang padhusunan ingknag uruyt lepen mongka ing nalika samanten ilining toya benawi ageng. Kathah ing tiyang pitulung sarta baita bandhangi, osiking toya benawi kados kinebur. Embok inggih pulisi amatrapi dhumateng tiyang ingkang anglampahaken baita, awit keremipun rembangan wau tamtu jalaran saking saratipun punapa tiyang ingkang anambangi boten saged amambengi, bilih pancen kathah ingkang badhe anumpang, kabagea ing sawawratipun ing tambangan ananging konca tambangan sadaya anggening anglampahaken baita pancen sambrana, boten amanah bilih piyambakipun anaggel pejah gesangipun para tiyang ingkang sami anumpang.

Kala kaping 25 april punika wanci jam 9 enjing ing margi Pacinan sacelakipun peken ageng, wonten kareta tinumpakan ing walandi kaliyan nyonyahipun anunjang padhasaran tetedhan ngantos morak-marik tujunipun tiyang ingkang gadhah sadeyan nalika kareta katingal badhe nunjnag lajeng enggal sumingkir, dados wilujeng boten tumut katunjang, among kala samanten katingal pucet sarta andharedheg ingkang numpak sarta kusir saking sasumerep kuula lajeng kairit dening opas dhateng kantor Paresidhenan.

SAMARANG

Mentas punika raden Panji Wirakusuma Ajung Jaksa akaliyan tuwan Maribopan Piyanen anggledhah ing griyanipun tiyang estri bongsa Cina anama, NGA, Juru gadhe sidheman ing kampong Ambengan jalaran kadatwa kanggenan barang kadurjanan sareng kagledhah inggih yektos kanggenan barang mas inten kathah ingkang langkung saking marwat, panimbangipun polisi barang wau kedah kabaya warakaken dhateng para tiyang ingang sami adarbe atur kaecalan barang, ingkang laminipun dumugi sapriki 5 utawi 6 taun sinten ingkang rumaos gadhah supados sowan ing parentah, kadhawahan nitik wujuding barang, bilih yekti pangakenipun barang kaparingaken wangsul.

BATAWI

Tiyang klaki-kaki anama Kuiyam watawis ngumur 70 taun griya ing kampong TEgal angus Tenbgara, ing nalika ngolah pategilan sumerep waluh ageng sampun sepuh gumandhul ing witipun lajeng dipun undhuh sarta kabekta mantuk wasana sareng waluh wau kapecah medal tikusipun ambarubul kathahipun kinten-kinten 50 utawi 60 iji, andadosaken kagetipun tiyang kaki-kaki, sareng let tigang dinten tiyang kaki-kaki dumugi ing jangji mantuk ing jaman langgeng, jalaran saking kaget wau.

SINGAPURA

Wonten tiyagn bongsa kulit pingul mentas dhateng saking Dhayak ambekta pawartos ingkang adamel gadwok kados ing ngandhap punika.

Ing Dhayak wonten sweneh ing tiyang tani ananem wiji waluh, sareng sampun marenipun ui lajeng thukul sarta lami-lami amrambat ngantos 25 dhepa panjangipun para tiyang ingkang

manoni sami eram sanget dene wit waluh wau anyeplesi sawer, inggih punika sirahipun angering ing siti, buntutipun andalejer manginggil lami-lami saya panjang miwah lema anglangkuni, kandeling badanipun watawis wonten 3 kaki, saha warninipun abrit kados kasinungan roh, sareng paartos bab kaelokan mangkaten punika kawentar, akathah titiyang dhateng ningali, sarta wonten sawenehing tiyang wicanten: bilih wit waluh wau sajatinipun sawer, kirang pitung dinten sirahipun amasthi oncat saking siti, kala sang raja ing ngriku miyarsa warta, tumunten utusan dhateng tiyang ingkang ambekta pawartos supados nigas wit waluh ingkang kacariyosaken asantun maujud dados sawet, wasana sareng katigas andaledeg medal rahipun sarta mebah anggigilani, godhong-godhong wau lajeng alum dados ingkang sinengguh wit waluh wau tetelanipun sawer, kayekten saking anggdhahi sirah, maripat daging, buntut tuwin rah.

MEKAH

Sampun langkung 50 taun laminipun botn wonten wartosiun bilih tiyang kesah dhatengMekah utawi antukipun kabegal dening tiyang bongsa Wahabit, ing mangke kadurjanan wau wonten malih.

Kala kaping 21 Dhesember ing taun kapengker punika wnten sawenehing tiyang Baduwi anama She Adikatbinsan agolong kaliyan tiyang Wahabit kathahipun 1300 ambegal titiyang mantuk sakin gMekah ingkang kairingaken dening prajurit 1500.

Tigang jam dangunipun Bansan campuh aprang kaliyan para prajurit pangiring wau, tujunipun kala samanten lajeng wonten prajurit sakin gMekah sumahab ambiyantoni dhateng para prajurit pangiring ingkang campuh aprang kaliyan She Adikatbinsan sakancanipun awit sakin gtiyang Wahabit kaseser ing aprangipun tumunten sami lumajeng sasaran.

Prajurit 100 tuwin tatindhih 3 sami kasambut ing aprang tiyang 50 ingkang mantuk saking Mekah ugi pejah, titiyang Mekah lajeng sami ambujung akalayan pangontog-ontog dhateng tiyang Wahabit pundit ingkang kacepeng tumunten dipun pejahi.

Titiyang ing ngriku sami sanget sengit dhateng tiyang Wahabit jalaran damelipun boten liya among ambabegal.

Raja Jemen sampun angagya dhateng prajurit anyepeng tiyang Wahabit wau, ananging katitih lajen gsami mundur.

Wakipun She Adikatbinsan ugi dados pangagenging durjana begal ingkang tansah damel rubedipun sultan Istambul ing wau sampun kapikut binekta dhateng Istambul katigas gulunipun wasana sapunika kadurjanan betgal wonten malih.

ENGGELAN

Salebeting kunjara ing LOndhon wonten lalampahan ingkang sanget adamel gujeng, kados ingkang kacariyosaken ing ngandhap punika.

Dumugi sapriki watawis sampun 6 taun laminipun tuwan Predherik Sares kaukum kunjara laminipun 5 taun awit saking dosa anggenipun anerak papacaking nagari, sarehning tuwan wau tiyang sugih saha ewon sapaladosanipun pangadilan ingakng kaleres amancasi prakawisipun andarbeni welas sarta angaturaken panuwun dhateng ingkang ngasta pangreh nagari, salebetipun tuwan Predherik Sares wonten ing kunjara, ingkang dados tedhanipu kalilana kakintun saking ing griya utawi saking losemen panuwun mangkaten punika ugi kalilan.

Awit saking boten kikirangan arta tuwan wau saben dinten tansah nedha ngombe eca, saha sanget anggep boten kesdu kempal akaliyan kancanipun tiyang dodosan sarta boten nate purun medal sakin gkamar. Jalaran saking manggung nedha ngombe eca, lami-lami tuwan wau amasthi kemawon dados lema, kados sawung kabincih dumunng sengkaran ciyut boten kikirangan tedhanipun.

Kinten saeg wonten tigang wulan laminipun dumugi sapriki, tuwan Predherek sares kaleres kaluwaran saking kunjara, ananging teka cilaka temen dene awit sakin glemanipun kontenin gkamar ingkang dipun enggeni sepen dipun edali. Titiyang moncapraja amasthi anggampilaken wedalipun tuwan Prederik saking kamaring kunjara ingkang dipun enggeni,

jalaran saestunipun tomboking kamar kabobol sacekapipun dipun edali dening tuwan wau, anangin mangkaten punika boten pisan-pisan awit ing tanah Enggelan wonten angger-anggeranipun bilih sakathahing griya kina-kina boten kenging karisak sakedhik-kedhika, temahanipun tuwan Prederik sares boten siyos kawedalaken sakin gkunjara, mongka pancen sampun pundhat wawangenin gpaukumanipun, ing mangke tuwan wau dipun kirangi tedhanipun supados kera, lajeng saged medal saking kunjara.

SURAKARTA

Ing sawatawis laminipun dhusun Sarap bawah kabupaten Kalathen, wonten tiyang mantuk saking jagong, sarenganipun mantuk sadherekipun jaler, sadugining griya pisah mantuk dhateng dunungipun piyambak-piyambak, pun WEya sangsara wau, sareng dumugi ngajeng griya, miring sebawaning tiyang wonten salebeting gandhok nanging konten taksih minep, ingkang darbe griya anyapa kaliyan wiraos sumbrana sapagluthekan ana pawon kuwe, wong becik apa wong ngala, ing lebet sumaur, kula tiyang sae, ingkang darbe griya awicanten makate, yen wong becik metuwa, Manawa kowe maling mngo mundhak tak suduk ananging ingkang darbe griya wau, sanajan sumerep yen ingkang wonten salebeting gandhok tiyang kalih, saha pancen seja awon ewadene boten purun alok, naming mapanaken dadamelipun, ing sadangunipun tatentinaken wau, kancanipun pun awon ingkang wonten ing jawi lajeng anglambung, anamakaken dadamelipun pangot, pun awon saget oncat ingkang gadhah griya ambruk gereng-gereng wonten ngajeng konten, sadherekipun ingkang sarengan mantuk punika miring sebawaning tiyang lumajeng, tumunten murugi bekta dilah, katingal sadherekipun nandhang tatu, punika saweg opyak yen katiwasan, tiyang ingkang kataton lajeng kaladosaken dhateng kabupaten, kapriksa dening tuwan dhokter, ananging tiyang wau lajeng anemahi pejah.

Mas Angabehi Suta Sanjaya, ing kitha Sukaarja, punuju jagi ng dalem kawadanan jaler estri, nalika jumungah dalu angrintenaken Saptu paing kaping 23 wulanMaret ingkang kapengker punika, griyanipun kalebetan tiyang durjana pandung, sarana ambabah baturan griya ing wingking, ing griya pandhapi wonten ingkang dilemi tiyang tiga, inggih pu nika konca jagi nagari, sarehning dalu wau jawah petengipun sanget pun jagi sami tilem sareng tiyang jagi ingkang kaleres bekel dhusun Groyokan bawah dhestrik mekenan tangi tilem, miring swara salebeting griya pambikakipun pethi tuwin benet pun durjana tiyangjagi wau gugah-gugah ingakng tilem salebeting griya boten anyauri, nunten ngadeg badhe ngupengi griya, sarta nyangking dadamelipun arit, ngundang kang wonten salebetipun griya sarana garanipun arit kathuthukaken deling wontening jawi, pun awon ingkang lajeng angancap kalayan dadamel sabet, rehni panyabetipun boten parigel dados rambah-rambah eksa boten temama, pun jagi inggih ngagar arit boten mawi alok, durjana lumajeng dipun baledig, pandung ingkang wonten salebeting griya, medal kapethuk kaliyan pun Jagi, lajeng anydyuk angsal weteng, pun Jagi males pandung kapecok kalayan arit tatu bathukipun pandung oncat tiyang jagi wau gugah kancanipun, ingkang sami tilem ing pandhapi, lajeng opyak pandung, sarta ngatrui ingkang kagungan dalem dhateng Kliwonan, dene tiyang tatu kaladosaken dhateng nagari lajeng pejah.

Pawartos enjingipun prayantun dhestirk ing Tawang badhe sowan dhateng Sukaarja, wonten margi katrnjuh tiyang lumampah mangidul tatu bathukipun saking prayitnaning panggalih tiyang wau kapurih kendel lapahipun boten purun, salajengipun pun nandhang labet bathukipun malah genjret lumajeng, kilap kadadosanipun.

Panjurung.

PANJURUNG

Kula mentas maos srat Bramartani ongka 14 Kemis kaping 3 April 1879 wonten ingkang mestani, pekampungan Kauman Cemer Jithek, juru gubah amangsuli, tiyang naming suraosing kitab mas, bedhah awisanipun ngari, lah punika mawi kagantungan patrapan, kampong ngriku niku prelunipun rak naming amal punika yektos jalaran anggen kula dados kaum, 8 taun, sapunika kula sampun dados abritan malih, o Allah kapok-kapok kula,

kumpulan kaum pamila kula pengeti pikajengan kula, ing nalika kula tegsih dados kaum, saprikonca kula kaum sadaya, kados boten geseh sarambut pinara pitu, gedhohan kula kalatekgsih dados kaum sakonca kula kaum sadaya, rekane –rekanipun mawi kula sekaraken ing sasaget-saget kula, kados ing ngandhap punika.
//POCUNG//Sekar pocung nalika mba dadi kaun, wus dudu manungsa, lakune wong dadi santri, kang punuju ulun ginanjar kelingan. Sampun wangsul dados abrit malih ulun, angal ayatollah, wah mindhak kaweruh mami, pewadine kang para kaum sadaya. Nora jamak karepe kang para kaum, caritane tekat, thole kaum den pangeti, budi ngadat lumrah kaum wulang sarak. SArak rasul dhinarusul kaum kaum mrusul, mursal tekeng ngasal, salewengan sri nyalingi, wiwinihe kaum karem-karemasan. Basa wenang leleceyan marang kukum, kukum kaliwatan liwat saes wani ngisin, sisinau kang tekat men tak selawat. Selawate tilawat kinarya pulut, gullet manis sulat, lelanteh prantine ngemis, mitututi tutur tetes-titis tatas. Aneratas tetes dalil kadisipun, putus sung wewarah, ngarah-arah ngirih-irih, ruruh rereh yen angarah melik malak. Melok melok yen dedelok wong memuluk, memelas tan giras, gigiris singa ris-aris, saya krantan angiras angurus raras. Rerasane rasa risi wus ginerus, rosa ngungsuh ngangsah, angsahan kikinuwarti, watirira Manawa kakeyan rowang. Renteng-renteng rereyongan berkat bungkut, rikad denya ngangkat, kareket barengkut ngindhit, ngundhet dhuwit kinandhut kendho-kendhitnya. Ana kaum angliwati ngilmunipun, iku kaum Pola, lelakone kudu olih, lumuh kalong galong gilig badenira.
TEksih wonten candhakipun
Katandhan tilas kaum Kurya Kimbalaka.

KACARIYOS ING JAMAN PURWA

Nalika Prabu Basurata angsal sasmita salebeting supena, kinen angudi wekasaning tumuwuh ambabaraken wiji, sareng enjingipun ssang prabu basurata animbali sagunging pandhita miwah para tapa sumewa pepak wonten ing panangkilan, menggah pangandikaniipun Prabu Basurata, eh sagung para mitra ningsun, ing sun iki lagi kandhuhwan ing asmara cipta, mara padha tarbukanen, ngumuring sun patang puluh nem warsa, teka wus rumongsa tuwa, mongka during pinaringan kabungahan dening dewa, kang dadi santosaning tyasipun, iku wite saka ngapa, sagunging para pandhita miwwah para tapa boten wonten ingakng saged narbuka, mangkana wonten pandhita satunggal anama REsi Wisama, resi Wisama punika putranipun Bathara Laksmana, putranipun Sangyang REsi Wiksmaka, sangyang REsi Wiksmaka putranipun sangyang Poncaresi, resi Wisama wau angaturaken witing kabingahan.
Menggah aturipun Resi Wisama dhateng Prabu Basurata ing Wirata, ingkang dados pangesthining manungsa punika boten medal saking pitung prakawis ing nadhap punika wijang-wijangipun.

1. Kasuran, tegesipun kawanteran, pamrihipun kineringan, witipun saking kasekten, kalampahanipun saking cegah bukti, kadadosanipun saking santosa, ingkang dados sambe kalanipun yen anjajawa, lawan anganiaya.
2. Kagunan tegesipun kasagedan, pamrihipun kinedhepan, witipun sakin g puruita, kalampahanipun saking cegah nendra, kadadosanipun saking taberi, ingakng dados sambekalanipun yen resah lawan sungkanan.
3. Kabegyan tegesipun sugihan, pamrihipun kinalulutan, witipun saking anggaota, kalampahanipun saking sabar anarima, kadadosanipun saking gemi nastiti tuwin angati-ati, ingakng dados sambekalanipun yen ler weh lawan angundhet.
4. Kabrayan tegesipun sugih putra wayah, pamrihipun kopen kinamulen, witipun saking sih, kalampahanipun saking ambisu, kadadosanipun saking montra lawan sarana, ingkang dados sambnekalanipun yen para sengitan sumelangan.
5. Kasinggihyan tegesipun karuhuran, pamrihipun kajen kinurmatan, witipun saking nastapa, lawan tataki, kalampahanipun saking puja lawan pangabekti, kadadosanipun saking anoraga, ingkang dados sambekalanipun yen loba angkara murka.

6. Kayoswan tegesipun panjang ing kayoswan, pamrihipun kinandelan, witipun saking sadu budi, kalampahanipun saking wahdad, kadadosanipun saking satya tuhu, ingkang dados sambekalanipun yen dora lawan cidra.
7. Kawidadan tegesipun kayuwanan, pamrihipun kinopaman, witipun saking suci, kalampahanipun saking cegah nginum, kadadosanipun saking angutameni,lawan paramarta, ingkang dados sambekalanipun, yen nistha lawan sugih duka.

Taksih wonten candhakipun.

Kula pinuju aleledhang ing pustaka Bramartani ongka 16 ingkang medal Kemis kaping 17 april, 1879, wonten panjurungipun katandhan D suraos adarma wasitani dhateng para bongsa kula kang sami gugon tuhon, sakin gpamanggih kula sadaya leres, yen tiyang kang sampun kinubur boten saget tangi saha bukani dhateng tiyang kang gadhah panuwun ananging kula sampun kereb sumerep saha miring wonten patilasaning para wali sarta kuburipun tiyang ka sing nalika sugengipun ing sapunika dados angker, kados ing panteran kuburipun she Maulana Ibrahim, punika saben wonten peksi mabur ngungkuli lajeng andhawah dados pejah, ing sela gilang tilas pasalatanipun kanjeng sinuwun Giri, saben wonten tiyang anglangkahi nyengka anglenggahi lajeng dados edan mila sareng sang tondha D wau amancah nalar gugon tuhon ddados kadhenging manah kula, ananging mugi mugi,, sang D wau karsa adunungaken punapa ingkang dadosaken makaten kula ugi badhe anarimah titi ing Kapatiyan A ping 21 April 1879

Katandhan Semangtri.

O rak gampil mas anyorahi pandango sampeyan ananging sampeyan kedah amangsuli pandango kula rumiyin kados ta manuk miber ngungkuli kuburipun She Maulana Ibrahim lajeng dhawah, punika punapa sampeyan anyipati piyambak saha tiyang anglangkahi nyengka anglungguhi sela tilas pasalatanipun Sunan Giri lajeng eedan punika punapa sampeyan piyambak sampun nate anglampahi, bilih sampeyan sampun anjawab pandangon kula kalih punika, mangke kula inggih lajeng badhe andhanganaken panggalih sampeyan.

Juru Gubah.

CANDHAKIPUN WALIOLLAH

Wus nirka manungsanipun, prasasat sato saekti,marang kang wus kadi kidang, tarunem ingkang binukti, jrih kapapag ing sujanma, kesit rikate kapati. Wus lama antaranipun, jeng Sunan Bonang ninjonil, dhasar wus praptaning mongsa, dupi keksi raden Sait, lumayu kebat kaliwat, tan kena dipun parpeki. Jeng Sunan karamatipun, buwana riningkes dupi, wus rupak palajengira, rade Sait bola-bali, sasolah sampun katingal, sigra wau den adhangi. Sinawat kepelan sekul, kenging rebahan neng siti, pepes bayu tan biso bah, cinandhak wus den mantrani, waluya sinungan adhah, seger sarira wus pulih. Tutwuri laju wus kondur, dupi ing ngalami-lami, jeng sunan malih lalana, raden Sait datan kari, ing jro wana wonten wraksa, wuri ngarsa geng nglangkungi.

Wreksa gurda gorarupa, rinambatan dening gandhu awingit, ngrembuyung rungkut asirung, wau jeng sunan BOnang, angandika eh Sait den eca lungguh, sesendhena maring wraksa, ywa mentar yen sun tan prapti. Jeng sunan tumunten kesah, laju kondur dupi nga lami la, wus prapta ing mangsanipun, tutuwi maring wana, mawa sabat kakalihkang atut pungkur, nengka Raden Sait ingkang, lenggah sendheyan waringin. Mituhu sabdeng sogata, nganti lama jeng sunan nora prapti, sarira datan kadulu, binebed yot-oyodan, dadya aneng sajroing wreksa gurda gung, praptanipun kanjeng sunan, ebat kang sabat kakalih. Sulur oyot wus rinampas raden Sait keksi asawang mayit, sarira yayah lir kapuk, mung kari napasira, den paringi sekul panas rumbu-rumbu cahya sampun sirat-sirat binopong winawa mulih. Lami-lami wus waluya, rtadenSait winawa maring kali, sarya lon andikanipun, kaki sira kariya, maring gisik manira nutugen laku, away sira lunga-lunga, lamun ingsun nora prapti. Wekte ku mongsa katiga nganti rendheng lepen bena dyan Sait, dadya wonten jroning ranu, bentur subratanira, tinurunan nugraha dening hyang agung, jumeneng wali kutub nulya, waskitha sabarang kalir. Mumpuni ing kaninditan , datan kewran punjul sameng dumadi, angungkuli gurunipun,

marma wau panengran,jeng Sunan Kalijaga duk puniku, Mangun Brata jro narmada, soga wus aninjoni. Winawa kondur ing wisma, sampun bungkar denya mamangun teki, sajatining wali kutub, jeng sunan Kalijaga, pernah sepuh nanging dadya muritipun, marma nemnbah mring pulunan, punika kula kuning wali
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 19, Kemis kaping 8 Mei 1879

SURAKARTA

Sabening wanci pajr wulan sumilak anelahi jagad pramudita, akthah para mudha gegembyakan akakaring wonten ing margi ageng, mawi emon-emen ongka 1 inggih punika sundel wah swaranipun sakalangkung rame acalemedan saweneh wonten ingkang ura-ura sarosanipun ngantos andadosaken sudaning tentremipun para tiyang ingkang gigriya sacelakipun margi wau.

Tiyang patrol sami ethok-ethok tilem andhepis awit ajrih manawi dipun tendhangi. Sabab punapa tiyangpatrol boten purun anyaruwe, mongka patrap mangkaten wau pancen agempalaken singeripun praja, pantes yen kagantungana patrapan.

Kanjeng pangeran Ariya Cakrakusuma, tuwin kanjeng pangeran Ariya PUjakusuma, ing Yogyakarta,jalaran gerah sepuh, kanjeng pangeran Adipati Pakuningrat calon Panembahan ing Bangkalang, madura, jalaran gerah encok sami dumugi ing jangji, kondur ing kalanggenan. Panjurung.

YOGYAKARTA

Ing mangke terusanipun margi kareta saking pakendelanipun kareta asep kadamel margi ageng, kenging kaedalan ing kareta, ingakng wetan terusanipun margi garobag kaanjogaken ing Pakualaman ing nalika saweg dados aresah sanet wonten kapal titiga ingkang ical, sapunika margi-margi para priyantun ingkang sami gagriya ing iringaning margi wau, tampiya dhawuh, angedalaken ting kapasang ing ngriku murih damel padhanging margi.

SAMARANG

Sampun wangsal-wangsul titiyang ing kampong Petatongan angaturi uninga dhumatengpulisi, ing bab tiyang ngabotohan dhadhu tuwin sanse-sanesipun ananging ing mangke dereng wonten kendelipun wektupunika para tiyang kampugn boten saged ambetahaken dhatengkathahipun ing reresah, mila para tiyang ingkampung sami angajeng-ajeng mugi pulisi karsa anitipriksa sakawontenaning ngabotohan wau akalayan temen-temen ingkang dados pangagenging ngabotohan wau tiyang Cina.

Kala kaping 21 April kapengker punika wancijam 4 sonten ing griya pamulasara militer wonten pepejah, ingkang mejahi tiyang ewah ingkang dipun pejahi inggih ewah, ingkang dipun pejahi anama Bukak ingkang mejahi anama Sasemita ugi nama Naladrana, menggah jalaraning mangkaten wau boten kasumerepan wonten ingkang cariyos bilih pun bukak ing nalika sawegeca-eca linggih sarwi adamel upet tanpa saronta lajeng kapenthung saking wingking dening pun Sasemita ngantos ambal-ambalan temahan andadosaken pejahipun wau.

Sampun sawatawis dinten wonten soldhadhu bongsa Jawi kakalih minggat saking kompeninipun ing mangke umpetan wonten ing Bugangan Sekip manawi manawi ing wanci sonten sami angaglah wonten ing margi ageng Petolongan apa riman dhateng tiyang ingkang sade sekul ing ngriku, bilih boten dipun sukani tumunten angunus dadamelipun amasthi kemawon awit saking ajrih tiyang ingkang sadeyan ingggih lajeng amituruti gurawalan dhateng pikajenganipun soldhadhu.

KUDUS

Kala salebetipun wulanArpil pengker punika wanci dalu titiyang amireng swaraning kenthongan jam tuwin bedhug sakalangkugn rame, amratandhani bilih wonten babaya

latu, kala samanten tiiyang sumerep kukus alimengan wonten ing keblat kilen para titiyang sami lumajeng age-age dhaeng panggenaning griya kabesmen wau, sadumuginipun ing ngriku akathah para ageng jawi tuwin walandi sami anjenengi anggeningpara tiyang tutulung amejahi latu, nalika punika wonten sawenehing kaji angucap mangkaten: Astagapirollah angalim lailahailollah, dene kang kobongan dudu omah manungsa,anangin gpasareyanne Sinuhun ing Kudus mongka dadi pupundhening wong sapraja, o Allah aku eram dene teka kobong.
(Punapa suwargi Sunan Kudus punika sanes manungsa: mas Kaji)
Juru Gubah.

Afganistan

Ing mangke para wadya Enggris ingkang wonten ing Afganistan anandhang susah, jalaran pijer dipun bibidhu dening titiyang ingkang manggen ingredi-redi, bilih dipun tandhingi lajeng angoncati, nanging tumunten lajeng amiwiti malih.
Tujunipun tiyang Afganistan boten kempal sarta biyantu anglawan dhateng prajurit Enggris saupami golonga, tiyang Enggris amasthi badhe kaleson.
Sareng Seri alki tilar dunya, nagari wau kados boten wonten ingkang marentah, titiyang ing ngriku sami anglampahi sakajengipun piyambak-piyambak,
Ingkang erat wonyten wdyanipun bongsa Afganistan kathah ipun 10.000.
Kawartos kitha wau bdhe dipun pracondhang deing Enggris, saking wicantenipun titiyang ing ngriku samara balatontra Enggris andhatengi, nedya amracondhang kitha wau among badhe lajeng kaborongaken boten pisan badhe ananggulangana.
Bala tontra Enggris taksih kendel wonten ing Kandhahar, salajenging purugipun ing sapunika dereng kinanten;
Kala kaping 13 Maret wadya kapalan Enggris anyabrang lepen Yelalabat mongka ing nalika punika toyanipun pinuju ageng miwah santer ilinipun mila ngantos wonten lulurah ingprajuirt satunggil tuwin prajurit rehipun 40 samikendhang, saha andadosaken pejahipun.

CAMBORAN

Ing sacelakipun nagari Italiye akathah redi-redi ingkang inggil redi wau wonten satunggal ingkang kanamanan redi Sinbernaret ing pucak sakalangkung asrep awanipun sarta siti-sitinipun sami kalimputan ing salju ewadene kathah titiyang ingkang minggah dhateng anggraning redi wau.
Manawi tiyang Switser badhe dhateng nagari Italiye kedahanglangkungi anggraning redi Sinbernaret sampun kalampahan kathah ingkang pejahing ngriku jalaran katisen.
Ing sarat ingkang amambengi kasangsaran mangkaten punika tumuwuh saking budidayanipun para sugih ingihpunika anggraning redi wau kaaadegan griya, dipun enggeni tiyang sadasa iji juru amitulungi samasa wonten tiyang kang kasangsaan ing ngriku, saben dinten tiyang wa masthi mubeng mubeng angupadosi tiyag ingkang kasangsaran mawi ambekta sagawon ageng ingkang sampun dipun sinau ngupadosi tiyang kasasar saha tiyang ingkang kurugan salju.
Asring-asring sagawon wau angupadosi piyambak tiyagn ingang kasangsaran samasa amrangguli lajeng enggallumajeng mantuk anjugug sarosanipun wonten ing ngajeng konten saemper kados atur pariksa bilih wonten tiyang kasangsaran ing margi, sarehne juru rumeksa amangertos dhateng kajenging jugug wau lajeng tutwigking sagawon dhateng ing panggenanipun tiyang ingkang kasangsaran saben saben sagawon wau dipun wawrati kranjang isi roti tuwin anggur, kangge tiyang ingakng

kasangsaran saweneh sagawon ing ngriku wonten ingkang sampun wasis ing sinaunipun bilih amangih tiyang ingkang kasangsaran lajeng dipun geret piyambak mantuk dhaeng ing griya pamilasara wau, sumongga punapa pratingkahipun para sagawon wau, boten anglingsemaken dhateng para manungsa, ingkang saking kodratolah sami kapanjingan poncadriya.

PANJURUNG CARIYOS DHUSUN.

Ing masa rendhengan taun Dal punika, para tiyang amongtani, bawah kitha Sukaarja, kalih bawah ing Kartasura, tuwin bawah kitha ing Klathen, sami wawengkon salebeting karaton dalem ing nagari Surakarta Adiningrat, pamedalipun pantun rendhengan punika katingal prayogi sanajan katimbang rendhengan ingkang sampun kalampahan, warnining taneman pantun lema ingkang rumiyin nanging bab isinipun prayogi sapunika, jalaran rendhengan ingkang sampun kalampahan wau wujuding taneman kalemanen dados ngantos sami rebah temah gandhor anyuda isinipun, mugi-mugi dumugining panen lastantuna sami kalaksanan pamujining tiyang amongtani, sami katulusan, dene sami mamelas enggenipun sami sabin kawanrendheng punika, saweg ing mangke gadhah cipta badhe tuwuk nedha, saking patuwasipun kangelan ingkang boten ketang jawah inggih dipun tekadi dhateng sabin, ingkang mongka sami sami ya pandamelan sabin punika: kajawi rekaos panggarapipun pancen kapetang kauntunganipun ingggih naming sakedhik, yen pinuju medal makaten punika saget angsal untung gangsal welasan, awit pacak gara sabin dumugining panen laminipun 5 wulan, saingga sageda gentos samasa medal sasama boten kamedalan taksih sedhengan ingkang sampun kalampahan punika, ngantos tigang masa para amongtani, kabaldheg boten kamedalan, tujunipun wonten wedalipun kasepa, saking bawah kamangkunagaran, punika ingkang dados kamayaranipunpara tiyang alit, ing amngke pangaosing uwos ingkang pethak 5 kethip sabethakan 8 kati, wos wuluh sabethakan 4 kethip pamuhi kula mugi tanah Sokawati sageda kamedalan, supados saged lastantun mirah rijeki.

Mujwarja.

DARMAWASITA

Para wigya ing jaman kina sami rerembagan taken tinaken babpejah punika punapa, saha kaupamekaken kados punapa, tumunten satunggiling para wigya wau anama Sopokles punika amangsuli rumiyin piyambak ing pitakenan wau, wicantenipun mangkaten: pajah punika minongka dados dhukunipun wekasan para sasakit sadaya, pikajenganipun pitembunganpunika, bilih dhukun sampun boten saged nyarasaken sasakit kaliyan guna tuwin rembagipun punika pejah ingkang ngicalaken sasakit wau, wonten malih satunggil saking para saged wau, anama Soladhes anglairaken pitembunganipun makaten pejah punika kaupami muhara ingknag pancen kapurugan ing titiyang sadaya, lajeng wonten satunggal malih saking para saged wau anama Sokrates awicanten makaten: Pejah punika upaminipun kados tilem dene tiyang saged ingkang anama Aristoteles Amastani manawi pejah punika sakalangkung anggenipun gigirisi, wasana wonten satunggil malih anama Periyander, punika ngupmekaken pejah wau kados kumandhanging gesang, upami mangkaten punika prayogi saha patitis awit boten wonten kumandhanging swara ingkang nyamleng kados pejah kaliyan gesang.

Tiyang boten kenging amastani bok manawi oten mesthi pejah, punika boten kenging boten tiyang masthi pejah, benjing punapa pejahipun punika dereng tamtu, kados

pundi badhe pejahipun inggih boten temtu, sarta wonten ing pundit badhe pejahipunpunika inggh ugi boten tamtu, ananging pejah punika amasthi sampun tamtu.
Menggah wedharipun kumandhang wau makaten alokipun ing kathah sasampunipun pejah ing tiyang, suprandosipun kathah manungswa ingkang watakipun salamiipun gesang, enging dipun salokani: mumpung udan payo padha tadhah banyu, boten pindhah pindhah angengetana dhaeng pejahipun kadosta: para alit ingkang saweg dipun celakaken dhateng para ageng, sadaya atur rembagipun kaanggep ambegipun inggih lajeng kumingsun boten yen angangkah alabet dhateng praja ingkang dipun suwitani, ingkang cepak naming mapanaken badanipun piyambak lalantaran watak nguthuh. Para tiyang ingkang saweg kadunungan amal ingggih daya-daya sageda angindhakaken amalipun kok mawi angtohaken ilining karinget utawi osiking poncadriya sadaya sampun boten naming bingah bilih sasami wonten ingkang asasambat lajeng dipun rangkul ananging den pithing ngantos anggaloso, tumuwuh saking pamandengipun sampun peteng. Para tiyang ingkang saweg kasrempilan kuwasa,patrapipun inggih lajeng masesa dhateng sasami, boten mawi amanah bilih piyambakipun wau, inggih titah ing pangeran. O, ngagesang embok sami angengetana, bilih gesang punika lampahipun naming saelapan mongka labet punika kaberkah ing pangeran ingkang kabekta ing kalanggenan kula aturi sami amaos serat Sewaka, serat Wulangreh, serat Makuthaning para Ratu, punapa alih angestokna parentahing para nabi.
Kaanggit ng Imanreja: Sangkalabinengeran
Brahmana Ngambara samadyaning manusa. Pun Sudarma.

Candhakipun serat Cariyos ingkang mentas anglampahi dados Kaum
Nora kena kaunm iku mambu kutug, jengginggat jelalat, panyananane ona mayit, tigang rubyug anyendhal kulambi jubah. Ting sarunthul kaum cilik padha nusul, kopyah balong tengah, bathokan nganam penjalin, gumari wis nyana bapa nemu boja. Nora weruh ambune kutug puniku, wong marangai tumbak, kaum jola gelis bali, yitnanira yen tinumbakna dhukira. Ting klenthung kyai kaum saba lurung, prapata ing pacinan, sakeh lawang den inengi, yen pinareng beja ona cina modar. Lagi mujur ki kaum katiban wahyu, nugraha geng prapta, kamurahaning yang widi, sapa wonge ingkang temen tinemenan. Pan pinuju ona cina lagi lampus, tangisira umyang, duk myarsa kuping jepiping, bekos gebres lir manjangan mambu obat. Capeng karma ki kaum saronwangipun, sareng denya mangsah, anyalatken cina mati, kaum cilik ambrubul lir laron medal. Nyandhung beja salawate keton wutuh, kaum cilik samya, nyarupiyah denya tampi, saeng bubar kaya lampor nunggang reta. Giyak-giyak kaum suka banyak untung, langkung anggugunya, ing wau mring cina mati, dene kathah salawate nora jamak. Kyai kaum langkung sagah munthak-manthuk, nolih mring woangnya, lah dalah ona wong mati, kamurahan panakeh rejeki mijah. Prapta ing nggon kaum atapa gen ngayun, langkung beragira, dyk wauning ngali mayit, linurupan kelangkung ageng apanjang. Saya suraka umirsa tangis umyang, tyasira gambira, Lir mirsa gamelan muni, ambadhedheg ki kaum ulat mrengangang. Wus mangkono iya lumrah budi kaum, kaya jak-ajakan, kana-kene iya sami, nora kena yen tinampik piniliya. Gedhe cilik tuwan anom lamin kaum, sugih lan melarat, kaum cilik kaun pyayi, kang somahan iya lawan kaum dhudha.Padha uga tan wonten geseh sarambut, aluri maksiyat, budi saking embah kaki, kaum dhongka ubengan sangsaya dadra. Sareng mangsah anyalaken para kaum, wus tompa salawat, kaum jadhuk mung rong dhuwit, kaum beyes sadhuwit salawatira. Sareng bubar kaum kabeh padha

misuh, bayua kena nglanat, wong modar tan wruh ing ngisin, tan sembada bathange gedhe adawa. Anjepupung lir sapreti gajah abuh, talah iya tallah, weh selawat mung rowng dhuwit, nora patut wong modar mangkono baya.
Taksih wonten candhakipun.

CANDHAKIPUN WALIOLLAH

Seca tuhu mring sogata, den labuhi tumekeng lara pati, lawan maleca pituduh, jeng Sunan Kalijaga, tetep mantep punapa sareh ing guru, marma tuk nugraheng suksma, nengena ingkang winarni. Jeng Sultan Demak yasa, masjid ageng sagunging para wali, binagi pakaryanipun, jeng Sunan Kalijaga, sakajuga kang mongka bubuwanipun, duk arsa pangadegira, sadaya sampun rumanti. Kantun sadinten kewala, wegtu ratri saka irang satunggil, Sunan Kali bagyanipun, tandya manegesing yang, sakeh tatal sadaya sampun kinumpul, tinata pinindha saka, kalawan mangunah dupi. Enjig wus dadi santosa, saka tatal bakuh kuwat nglangkungi, para wali sampun kumpul, tandya adeging wisma, majid ageng tundha tiga langkung bagus, ing tengah kang pangimanan, nangin gprawali pradondi. Ajenging masjid lan keblat, sami riyondi nuwalan dariji, moyak-mayik ngalor ngidul, langkung emenging driya She Malaya Sunan Kali puniku, tnadya nunuwun yang Suksma, mamangun semadi ening. Kakbatollah wus katingal, nulya minggah aneng saluhur masjis, margagah panjangkahipun, suku sajuga mancad, Kakbatollah, ing masjis sajuganipun, ginathuk sami sakala, Kakbatolah laan masjid. Pra wali suka sadaya, ngalembana mring jeng Sunan Kali, nulya na katon gumandhul, dhapur carmaning menda, aneng nginggil masjid wonten cirinipun, sangking gusti Rasulullah, pinaringken sunan Kali. NGing para wali sadaya, datan rena minta sami binagi, supadi angsal pepandum, wau jeng Sunan Bonang, sru ngandika eh sanak sanak sadarum, manira karya ubaya, wacucal sun buwang mangkin. Ing ngulakaken gagana, singa ingkang katiban andarbeni, wus sami rembag adarum, wacucal wis binuwang, ing ngawiyat dhawah maring pangkonipun, Jeng Susunan Kalijaga, amuji sokuring Widi. Sunan Kali gya ngaluwat, scarma menda dinoman jroning siti, kinarya rasukan sampun, laanan nedheng suksma, dimen dadya pusakaning para ratu, kang jumeneng ing Nuswa Jawa, sinung aran Kyai Gundhil. Marma samangkin rasukan, tetep dadya pusakaning pra aji, neng namangsuli ing ngayun, duk karya masjid Demak, naming kantun pamasanging sirapipun, dereng wonten tangsulira, kemengan sri sarkaradi.
Kanjeng sultan Yatna mring sawiji, janma tama dereng binagiyan, Kyai Nagur panengrane, samana denya ngutus, maring gandhek mawa sathithik, duk aren mung sakrakab, lon andikanipun, eh gandhek sira sun duta, katemuwa kyai Nagur salamami, lamun sambadeng karsa. Lah iki duk konen karya tali, kyai Nagur mongka kang bubuwan, talining sirap bakale, ene panggonanipun, Kyai Nagur, pinggiring kali, turuten lamun ana, wong aneh puniku,Kyai Nagur nora liya, gandhek kalih tur sembah tandya lumaris,nut pinggiring narmada. Dangu-dangu wonten janma keksi, sarya sembayang mring papah pisang, gandhek kalangkung ebate, wus nyana yen puniku, kyai nagur kang den ulari, samana mendhak nembah, gandhek kalih matur, dhuh tuwan amba dinuta, ing jeng Sultanmaring ken kang salam taklim, janma neh kipa-kipa. Eh ta gandhek dutane sang aji, kula dede kang di kaupaya, ambapuniki sabate, inggal andika laju, lamun wonten janma linuwih pununjul ing ngakathah, yeku kyai nagur, gandhek langkung kagawokan, ngunadika paran warnane kiyai, dene iki kang siswa. Wus pinujul sasameng dumadi, bangkit sembayang mring papah gedhang, sigra laju nurut lepen, nulya na kang kadulu, janma salatr mring undhuk warih, , gandhek sampun anyana, lamun kyai Nagur, mendhak-mendhak sarwi

nembah, dereng matur janma kang neng undhuk wari, dahat akipa-ipa. Dhuh cunda kywa sira kasilip, ulun dede kang dika upaya, kula puniki muride, gandhek kakalih matur, wau amba panggih sujanmi, salat mringpapah pisang, warti muritipun, saklangkung gawok kawula, mene tuwanpratikel nganeh-anehi, bangkit mring undhuk tirta. Ugi sanes kang amba ulari, kyai nagur paran ingkang warna, dene talagi murite, sekti prawira punjul, datan limrah padhaning janmi, dhuh ulun tedahena, paran kyai Nagur darapon tan kasamaran, janma salat mring warih mesem nauri, gandhek gurumanira. Kyai nagur done wus tan tebih, anuruta pingiring narmada, yen wonten pasantren gedhe, atusan muritipun, kyai Nagur ageng nglangkungi, tan pegat denya nadhah, sinambiyu muruk, puniku sogata kula, andhek kalih ngungun denira miyarsi, gya laju lampahira. Nurut lepen samana amyarsi, swaraning janma kang puruita, gumerah kalangkung rame, gandhek panyptanipun, baya iki done kiyai, miyat santri atusan, gurune guruhur, tan kaprah padhaning janma, kyai Nagur leman nganti kadya gundhik, langkung saking trijanm. Lenggah mring tengah rinubung janmi, datan pegat denira anadhah, wuri kakalih santrine, kang ngliwet sekulipun, nora kendhat denya geneni, ing salami mangkana, gandhek ciptanipun, paran iki kang pratingkah, kyai Nagur aneh tan kaprah sujami, denya tan pisah nadhah. Sarirane anganti lir gundhik, sangking denira tan betah lapa, dene pinunjul murite, lah paraan wadinipun dupi manjing gandhek kakalih, kyai nagur asora, ing panguwuhipun, eh kene den sami lenggah, gandhek kalih manembah umatur ris, salami pun jeng sultan.Ulun kinen amaringken kardi, duk sakrakab andikaning nata., paduka ingkang kinengken, nampar kinarya tangsul, sirap masjis kang yun kinardi, kyai Nagur turira, sandika andheku,lah antenana sakedhap,Kyai Nagur duk sakrakab den tampeni, pinalun tuing ngasta. Dadyakendhat denira abukti, dangu-dangu benggang sing bantala, kyai Nagur lalenggahe, sari rendhe lir kapuk, saya inggil pisah lan siti, namu angsal sadhepa, denira maluntu,kyai Nagur lon ngandika, eh ta gandhek iki mung oleh sathithik, aturna sri narendra. Kaya wus cukup manira iki,noa bangkit suwe aneng dnya, amaluntu sadangune, nora kambonan sekul, dadi entheng saria mami, tan tara sampun musna, gandhek kalih ngungun, sarwi angusapi jaja, tan koyo atitah iing yang maha suci, dene aneh kalwat. Apa baya kang dipun wastani, **Ngragasuksma nir sarira Tunggal**, kaya kyai nagur kiye, tamper winawa mantuk, tandya marak byantoreng ngaji, matur sasolahira, wau kyai Nagur, jeng sultan mesem ngandika, tamper iki inggal gawanen mring masjid,kinarya tali sirap. Ing wusana nymleng nora luwih, datan kirang ebat kang umiyat, kyai Nagur pakaryane, yeku mukjijatipun, para waliing nguni-uni, tan kena yen dinuga, elok anehipun, cinipta ing Panaraga, depa ngindhu sasaneng ing langen sari, Ngabei Mangunbrata. //titi//.

Ongka 20, Kemis kaping 15 Mei 1879

Bab Panjurung

Para mitra ingkang sarju ambiyantoni ing pangarang kula serat bramartani, sami kula aturi angintuna panjurungipun dhateng ing griya kula, wiwit enjing wanci jam wolu dmugi siyan gwancijam kalih, kajawi bilih wonten damelipun ingkang gatos ing saestonipun saben dinten kula tamtu wonte ning griya, manawi kula pinuju kesah panjurung daweg katampekna ing pangecapan: menggah panjuruipun Semangtri lampahkan ringgit sarehning kaedalakeningpos kakathahan waragad mugi kakintuna kalayan kuli kemawon waragad kabayar ngirki, tuwin kajujugna ingpangecapan, wasana sakalangkung ing panuwun kula, dhumateng para mitra ingkang sami s arju ambiyantoni ing paangarang kula wau. Tinengeran kaping 15 Mei Candraning sangkala: WEnganing swara esthining Janma.
Juru ngarang

Surakarta

Serat pawartos sami angwedharaken bilih ingkang sinuhun kanjeng susuhunan mentas atampi tata tenger saking ingkang sinuhun ing Ngustenreik winastan KOmandhuring Ordhepranseyosep ingkang mungging jongga tuwin ing jaja. Ingkang dhateng kanjeng tuwan Residhen ngriki, winastan: Komandhuning Ordhepranseyosep naming ingkang mungging j0ongga kemawon, ingkang dhateng kanjeng gusti pangeran adipati ariya Mangkunagara, winastan: Ridering Eiserenkrunordhe, ingkang dhateng kanjeng pangeran Ariya LOndasiwaya, winastan: Ridering Pranseyosep Ordhe.

Kala kaping 4 Maret kapengker punika rare anama Mariman ing dhusun Jethis bawah Klathen amecok carang deling apus andhawahi rare anama Serok Ngumur 12 taun ugi griya ing dhusun Jethis wau, andadosaken jalaraning pejahipun pun Mariman ingkang adamel pejah lajeng kacepeng dening pulisi kalebetaken ing kunjara.

Kala kaping 3 wulan Mei punika Mbok Jayengprayitna ing kampong Kartawiranan bawah kabupaten Kaparak tengen andulang anakipun ngumur 5 taun wasana awit saking kirang dudugi ing pandulangipun andadosaken jalaraning pejahipun rare wau, kilap sakin gkaselak utawi kesasar.

Kula eram angraosaken dhateng tiyang Cina, ing bab kakethuhan tuwin tahanipun dhateng gandanin gsusuker. (*) ing sakidulipun lepen awisan wonten cina ana gang Wacucal saben ing wanci enjing wacucal wau katepe wonten ingpinggir mergi, ambetipun sanget boten eca, ngantos anangekaken ususing tiyang, kula langkung ing ngriku sampun masthi mutah, jalaran boten tahan ambeting banger wau, sarehning patrap makaten wau tamtu anyudakaken seger kawarasanipun titiyang ingkang sami dudunung ing kiwa panengenipun kampong ngriku, para wajib teka boten karsa anyaruwe, punika saestu andadosaken kodhenging ngakathah, punapa ina poncadriyanipun punapa awit saking sesem ing rurukunan.

Kala kaping 7 Mei kula sangkin gnagari Yugya, mantuk dhumaten gnagari Sala, pangkat Sepurtrein: 2, numpang kareta klas tiga, sareng lampahing sepur wau dungkap dhateng ing setatsiyun Kalasan ing ngara-ara sacelaking margining sepur,panjrah kathahing rare angon lembu, maesa, sareng lampahing sepur celak sakathahing rare angon sami anyawati, dhumaeng tiyangingkang wonten salenbeting kreta klas tiga, sarta surak-surak ami-misuh: ngiwi-iwi, menggahingkang kadamel

anyawati: lungka, sepet kulit jeruk sebawaning tiyang ingkang wonten salebeting kreta sakalangkung rame, uyel-uyelan rebat aling-aling sasamining tiyang, awit sangking sanget giris sarta sumelanging manahipun sawatawis ugi wonten ingkang kenging ing sesawatan wau. Wasana pamuji kula mugi panjenenganipun tuwan ingakng ngasta pangwasaning sepur, anggaliya sirnanipun lelampahan ingkang makaten wau, margi punika badhe anuntuni jalaraning kabilahen. Panjurung.

Pantes kapuji awit saking karsanipun ingang ngsta paprentahaning nagari, amajibaken satunggaling tiyang wasta Suradrana, abdi ing Suryabratan ingkang dayanipun amigunani, nyirnakaken retuning jagad wiryawan ingkang ametengi salebeting nagari Surakarta, inggih punika durjana ingkang alelampahing wanci siyang, kadosta: ngutil, nyeler, nyebrot, milah, ing sapunika samun telas tapis saking suradrana,ingkang wau ing nagari /Surakarta ing saben dintenpunapa malih ing wektu wonten raramen boten kendhat-kendhat kawontenaning reresah: ngutil nyebrot milah, mongka ing mangke sangking tlatosipun Suradrana, anembahi telas ingkang lampah juti katur ing nagari, kasembadan sinantosan ingkang ngasta pangreh ing Karajan mila ing mangke nagari : Sala wewah-wewah tentremipun.
Panjurung.

GROBOGAN
Kala kaping 2 Mei punika, lare jaler ngumur 12 taun griya ing kampong Jeglong dhistrik PUrwadadi angundha layangan wasana layanganipun kasangsang ing wit asem awit saking remen dhateng layanganipun rare wau tumunten menek ing wit asem sumedya ngerah, wasana pang ingkang dipun enciki sempal rare lajeng dhawah kasanggrok ing pager andadosaken pejahipun.
Awit sakingkasebut ing nginggil punika, mugi para sepuh angengetna dhateng anakipun ingkang sami asring mamenek.

MADURA
Kanjeng Pangeran Adipati Pakuningrat ingkang timuripun anama Raden Mas Abdul Jamali, kaleres sadherekipun taruni Kanjeng Panembahan Cakraningrat ingkang jumeneng ing mangke, dados putranipun sawargi kanjeng panembahan ingkang kaping 7, kala kaping 25 April kapengker punika wanci jam ½ 6 sonten dumugi ing jangji kondur dhateng jamam kamuksan ayuswa 47 taun jalaran gerah lumpuh among 14 dintenlaminipun sareng dinten enjingipun kunarpa kasarekaken ing masjid ageng kitha Bangkalan mawi pakurmatan sartauparenggan kados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika.
Wanci enjing jam 8 , Kanjeng PPanembahan tuwin tuwan Asisten Residhen Pandheldhen tuwan Prasidhening Landrat para pangeran tumenggung, Riya panji tuwin para priyantun puapa malih tiyang Arab Koja, Cina, Kaji, katib sarta Modin sampun sami mepak wonten ing kadipaten wanci jam 8, kunarpa kasalataken wontening pandhapa, ing masjid ageng rinengga ing bandera rontek sutra kuning pethak mawi kaserat ing asma allah, sarta ing Alun-alun sampun siyaga. 1 baterei akaliyan mariyem ingkang kaulesan ing muselim pedhanging titindhih tuwin prajuritipun inggih kaulesan ing muselim, sareng jam ½ 9 kunarpa kaangkataken saking kadipaten rinengga ing sagunging pracihna ruhuripun ingkang seda, kadosta:

ongka 1, Dhetahsemen barisan inpanteri prajurit 300 ingkang wawanipun sanjata kaulesan ing muselim dipun pramugarenan dening mayor komandhan
Ongka 2, Barisan Waos Kancana 40
Ongka 3, Barisan gambuh 30
Ongka 4, Upacara kadipaten 40
Ongka 5 ampilan awarni-warni cacah 40
Ongka a6 Turongga titiyan, 1
Ongka 7 Swandana
Ongka 8 Kunarpa ingakng ngrbat para Santana arya panji, sarta kaji tuwin modin pupuluhan sarwi dhikir
Ongka 9 Dhetasemen barisan kapaleri 40 dharat
Ongka 10 Dhetasemen barisan inganteri 100 boten mawi magrenggep dadamel sanjata.
Sareng kunarpa kalebetaken in gmasjid dumuginipun ingkori ageng lajeng kaurmatan ungeling mariyem barisan inganteri sarambahan sinauran dening ungeling mariyem barisan arterleri, kunarpa tumunten kabekta minggah in gmasjid inggahipun saking sisin ler, saha wonten ing ngriku kasalataken sareng sampunlajeng kabekta dhateng ing cungkub kapernah sasisih ing masjid udhuningkunarpa sakin gmasjid dumugi ing cungkup wau kaurung-urung denign barisan inganteri, sarengkunarpa sampun kalebetaken ing cungkup barisan inganteri tumunten wangsul ing panggenanipun angungelaken sanjata sarambahan lajeng kasauran dening ungelipun mariyem 4 rambahan,jam 10 kunarpa sampun kasarekaken.
Ingkang dados imam ing nalika nyarataken kunarpa sarta amaos donga tolekipun tiyang alim anama Kaji MUkamad alil ing nalika maos sarwi araat warpa tumetes ig pamidhangan.
Ing dinten Jumungah saderengipun kanjeng pangeran wau seda, ing dirgantara boten pisan kalimputan ing ima, cahyaning hyang dinangkara gilang-gumilang mancur anelahi ing jagad pramudita, saking benteripun adamel rapuhing badan wasana antara dangu lajeng jaah drees ananging baskara taksih tumlorong kemawon, mangkaten malih nalika dintenipun Saptu Pon wanci enjing saderengipun kunarpa kasarekaken para tiyang sami eram amireng swara glegar-gleger wonten ing ontariksa, ananging boten jawah, sarta mendhung ugi boten mila mangkaten wau tetela wirayatipun tiyang kina, sariranipun sang narendra putra rama raja ibu sori.

SAMARANG
Koran Surabaya angwartosaken biluh tuwan Bikbis kaptining baita Asep Sindoro, sampun kabegjan pikantuk peksi dewata gesang saking Ternate, peksi wau awit saking adinipun badhe kaaturakeningkang jeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral.
Mantra Guru ing Samawis atampi ganjartan arta saking kanjeng gupremen kathahipun 50 rupiyah, awit saking katrimah anggenipun anjawekaken serat elmu siti kapulowan Indi Nederlan.
Ing nagari punika wonten pranatan enggal ingkan gkawastanan dening tiyang dhusun: Jagi Tetek saben griya 5 kajagi tiyang 1, mangkaten punika ownten saenipun awit amedahi dhateng titiyang gigriya ing kamung-kampung utawi ing dhusun-dhusun awit saking pranatan wau para tiyang awon sami rumaos pakewed anggenipun badhe anandukaken kadurjananipun jalaran kathah tiyangjagi, punapa malih para priyantun ing dhistrik-dhistrik saben dalu kenging katamtokaken tumindak rundha lumebet ing kampong-kampung tuwin ing dhusun-dhusun sarta boten angemungaken lumampah

kemawon ananging mawi nitipriksa dhatengpra tiyang ingkang jagi, manawi wonten ingakng tilem utawi anglowongaken pajagenanipun lajeng kaladosaken dhateng jaksa, kapatrapan paukuman ing saleresipun mila para tiyantg jagi awis iingkang purun tilem utawi ngantuk saben ½ jam anuthuk kenthongan turut-tinurut samasa liyanipun boten tumut nuthuk kenthongan tondha manawi tilem lajeng kagugah denign tiyang jagi sanesipun.

BATAWI

Rad Panyustisi sampun angrampungi prakawisipun tuwan P.L. ingkang kadakwa amimisuhi tuwan H, punapa malih angidoni rainipun tuwan wau tuwan P.L> kaleres kadhendha, gangsal rupiyah, ananging ambayar wragading prakawisipun kirang langkung skaing kalih atus rupiyah (Rp. 200).

Ing tilas griyanipun tiyang Cina anama Kim HO Ceng wonten bab ingkang anggawokaken inggih punika sawenehing pisang raja kusta atuntut kalih, sarta wohipun inggih kalih tundhun ananging mangkaten punika boten sanget angeram-eramaken awit wonten pisang ingkang wohipun ngantos tiga, sarta wektu sekaripun megar woh sampun mateng.

Saeng wiytpun kategor ngepoktumuntenkathah tubrusanipun sarta lami-lami dados wit satunggal ing magnke wit pisang punika sekar sakalangkung ageng sarta warniniupun kadi kusuma terate ingakng sawek megar, saben dinten akathah tiyang bongsa Islam tuwin Cina sami angalab barkah dhateng pisang wau, sarana mawi sungsung sekar konyah wonte tiyang Cina kakalih akaliyan estrinipun sami anunuwun dhateng pisang aneng wau, supados angsala pris ongka 1 lotrei yatra ingkang badhe katarik kirang sawatawis dinten.

SURABAYA

Mentas punika Asisten Wadana ing Pangkah Sidayu. Toto[arolsa djatemg griyaning saweneh tiyang kampong ingkang kakinten asring tumbas baangkadurjanan sareng Asisten wadana akaliyankanthinipun lumebet ing griya, ingkang gadhah griya tumunten enggal anyandhak waos para ingkang badhe nandukaken pagledhah lajeng sami lumajeng sasaran asalah tunjang tubruk tinbruk awit saking gugupipu asisten wadana dhaah mangkureb tiyang ingkang darbe griiya tumunten anglarihi dhaten g Asisten wadana, tujunipun angangge sabuk kandel dados boten ngantos anandhang labet tiyang wau enggal lumajeng dumugi sapriki dereng kacepeng, sareng ingkang gadhah griya mlajeng, asisten wadana lajeng anjenggelek tangi, saha lumebet ing griya ingakng badhe kagledhah sakanthinipun ing ngriku amanggih barnag kadurjanan kathah.

Serat saha ingkang tabe pakurmatan akathah-kathah, katur ing panjenengan ipun tuwaningkang ngarang serat wartos Bramartani.

Sasampuning kadyapunika wiyosipun bilih taksih wonteningkang sela papaning wartos Bramartani, panjurung kula punika mugi kapacaka wontening dintenKemis ngajeng punika.

//ndra// Kinanthi srat mugi katur, para bangkit bramartani, kula darbe ngon –ingonan, cangkriman muhung sakedhik, kang tansah ngodhengken driya, marma nedhah para wegig. Mugi nulungi mring ulun, ngudhari ruweting kapti, ambatang kanan cangkriman, tulnya: ingngandhap puniki, kang sarana mawi sekar, linuting bondhan

kinanthi. Wonten warni kang winuwus catur wanda ranireki, sage ngambah rawismara, yen dadya wantah ing nami, para lluhur jaman kina, punap aarane yakti. Saptawamda aran ulun kang kalih wanda ing ngarsi, dadya tetembunging amba, aksara tengah kang katri, dadya tedhaking kusuma, raning darmarwanda kalih. Katri wujud pan ing ngetung, pratistha kumpul sapanti, kalamun condra sangkala, kangge watak sandda mami, satunggal juganing warna, darbe nama wanda kalih. Wonten wujud adununung, aneng sapucakin gwukir, tan tumurun yen tan ana, tulunging hyang maha suci, yenlapa meres prabata, wening siti dyan binukti. Mung unika darbe ulun, yen adhedhanganing kapti, sarju resep ambatanga, cangkriman amba puniki, supadi son tadyasing wang, anambahi sukeng kapti. O Emas nadyan tan parlu, ngatasing lumakyeng kardi, anging pajampu abatang,tutulung mring janma pinging, ambok jalaraning wudhar, winedhar pramitra wegig. Saiba sukaning kalbu , lamunkang kasebut nginggil, kabatang sadaya bebas, dyan bongkas ruweting kapti, wudharing sang driyaswara, gambling cumemplonging galih. Wus titi dera mangapus, arisoma tanggal kaping Dewiwelas Mei kang wulan, sanga kalanira rinukti, terus genira anumpak, onta Boganireng ngaji.
Katandhan dening pun Mintasraya.

Candhakipun Serat Cariyos ingkang mentas anglampahi dados Kaum.
Nora bias mati-mati kudu lampus, dadak duwe reka, angundang kaum premati, tan sembada rong dhuwit selawatira. Laha dene sanak saneake sedarum, layak kena tolah, bernere padha nguruni, ra-orane aweya anyuwang-nyuwang. Nora kaya patine si Cina mau, pan luwih utama, bias mati su arani, Cina cilaksa lawate keton wetah. Iku patut pinidholan piningtelu cina bias pejah, tan kaya wong jawa iki, ngadelaken selame mata tan pakra. Arep kapok nora ilok trima lothung, andel tinampika, karo ngemis becik iki, ayo padha ing ngetung sedhekahira. Nelung dina mitung dina matang puluh, satus lan rong pendhak, tekad sewu dene tungi, saben saben sedhengkah tan kongsi ngundang. Sedhekahe wus ing netung para kaum bener mitung dina, kaum wus samya lumaris, pukul gangsal enjing prapta ggen sedhekah. Bangun esuk anjongok neng tengah salu, begagog alenggah, gedheggedheg netra nglirik, kang den lirik jroning ngomah mung ambengan. Kancanir ting sarunthul padha nusul, samya rebut enjang, kaum cilik gumariwis, kaum kaak kaya lindhu sareng prapta. Wusnya lungguh kaum uyel aneng salu, seseg adhesekan, ona timpuh ona miring, dhadhok jengkeng dengeng nganggok dhangak anglenggak. Oyog-oyog, sok sedhenga tanganipun, tan kongsi andong, aselak ambene gonjit, ambenjeplok kaum klumah pindhang wutah. Ting jenggelek udreg gapruk padha tumbuk, bruk-tinabruk tampah, ambeng mawut kocar-kacir, wau ingkang darbe wisma giris mulat, Pan lumayu inglar balo omahipun, angungsi mring tongga, ajrih miyat solahneki, nora jamak kaum duwe tenaga. Seje nama iya kampak iya kaum, tunggal solahira, miwah tekat nora tebih, mung kacee kaum nora ngabong omah. Pangarepe ing melok padha jaligut, kampak simpenira, kaum saen wani ngisin, mungpunika bedane tan kanthen karya. Wus babar kang para kaum, ulat payus ting paringis, denira rebut ambengan sadaya sungkaweng galih, cuwa nora nganti mangan, tuna bet pan kowar-kawir. Tuwas udreg ora muluk, pindhang gubras neng kulambi, kang muka gegabul upa, suntrut becu laku nginyik, ngungun nora kongsi brekat, getune kapati-pati. Neng marga tutuh tinutuh, padha rawang tiba rekis, asendhu diya diniya, ting paleleng tudang-tuding l nistha temen ing ocapan, ngethel nora bias mari, Sangsaya sibtane kalbu, iyeg samya apupulih, kumreseg denira ngucap, payo padha miling-miling, endi yogya kang tinebak, enggone malok kagampil. Ona kaum cetdha tutur, duk wingi ingng nujoni,

adus menyangkali sangkrah, banyne pinuju banjir, peres nglars lir samodra, dadya engong banjur bali. Dene tam au baliku, kapethuk mong nyangking kendhi, kendhi abyur isi toya, toya tmbane wong sakit, lumaku agetancangan, ingong takoni tiniti. Anyauri cetha tutur, yen sangkrah ona wong sakit, payo padha pinaranan, wajib titi jo wong sakit, rehning padha bongsa Islam, ujar sangking dalil kadis. Rina wengi becik tunggu, nadyan dudu karuh mami, mung ngalap sugih lan loma, tinalaten bae dhingin, pasthi kolur krep sehdekah, kang siji nambungi kangling. Waras untung mati untung, wus adate yen wong sakit, kang waras bingung tyas susah, apa saujaring jalmi, sedhekah tetulak lara, derapos gelisa mari. Yen sira matiya untung, bakal seger konca santri, tadhahe ngomah pan mayar, tuk selawat rina wengi, bojo awak mangan berkat, yen tura dadi jerangking. Malah ingong bias wauh, yen akeh wong mati sugih mula becik wong ngopenan, watak kerep oleh mellik, lemu nora macul lemah lambe limit datan dhuwit. Rembug sadaya pra kaum, tana sulayeng galih, wus putus porempeg iyeg budi gilik, piker ngadata ding lumrah, lumrah kaum nyalekuthis.
Teksih wonten candhakipun.
Katandhan Tilas kaum Nuryakimbalaka.

Panjurungipun pun Prawirapura boten kapacak awit boten amigunani, saha sedayanipun naming anyanyampah dhateng tiyang
Juru ngarang.

Ongka 21, Kemis 22 mei 1879

SURAKARTA

Kala wau dalu putra dalem ingkang sinuhun kanjeng Susuhunan gusti Raden Ajeng Sudarmi seda, jalran gerah panas layon kasarekaken in g Imagiri, angkatipun ing dinten punika medal sepur, Eksetratrein.

Wonten rare kinten angumur 17 utwi 18 taun anandhang sakit ewah, saben ing wanci siyang amenek methangkrong wonten ing pang wit waru utawi asem ing pinggir margi ageng, sarwi nyariyosaken lalam,pahaning ringgit wacucal akathah rare ingkang ningali, sarta mawi anyraki sarta nyawati dhateng rare ingkang nandhang ewah wau ngantos arame sanget saben medhun saking wit lajeng karubung sarta katutaken dhateng ing pundit purugipun kalayan para rare-rare wau.

Saking karsaning nagari ing mangke para bango ingkang anyahak margi sami abibrah, lah punika prayogi sanget amargi boten damel resekipu ing margi: O, allah among ing slompretan punika kados pundit dene tiyang ingkang sami dhasar sesadeyan sangsaya majeng-majeng, ngantos adamel sumelang manawikatunjang ing kareta utawi kapal.

Sami-sami bongsa tiyang Cina punika baud piyambak angupados kautungan ing mangke kathah titiyang Cina ingkang sami anglampahaken arta, satusipun ing dalem sawulan saremanipun mitu utawi molung rupiyah, wonten ugi ingkang saremanipun sawulan 10 rupiyah, anadyan sareman punika kathah, ewadene sarehne betah sanget inggih dipun tempuh, awit saking agenging sareman wau ingkang naymbut temahan angether, mongka ing prajajiyan mesthi mawi papacak, samasa anglompongaken sareman amasthi ambayar arta wit dalah saremanipun sapisan pundhat cina ingkang darbe arta saestu kemawon lajeng age-age anggugataken dhateng pangadilan pradata, ingkang dipun gugat sanget pulintiran anandhang rekaos mila kathah para ….

…….ingknag anjepapang wonten ing ngamben sarwi angesah, awit saking sangeting susah ipun anggening ngraosaken sambutan ingkang saemanipun ageng ngantos boten kadunungan cipta sae, ingknag dipun ajap amungpejahipun kemawon, wonten tiyang ingkang anggadhahi panginten saupami wonten tiyang cina ingkang nglampahaken arta satusipun ing dalem sawulan saremanipun 12 utawi 15 rupiyah inggihmeksa badhe pajeng, awit ciptanipun tiyang betah punika saestu sanes akaliyan ciptanipun tiyan gingkang kebak kanthongipun ciptanipun tiyang betah langkung kuwur, anggeripun angsal nyambut ing wingking boten mawi kamanah, mangkaten wau andadosaken karisakan.

Wonten pawartos wah sampun dumeling, bilih anakipun estri Kaji Yahya ing Kalyasa, kagledhah kaengangan anggening aside apyun peteng, ananging nalika kapratrapan paukuman karya peksa, saking cacriyosaninh ngakathah, tiyang wau boten nate medal kados punika inggih amargi saking pirukun sae.

YOGYAKARTA

Litna Cina Li Ti Yam Ling uygi tilar dunya, jalaran sakit tatu ing sukunipun wiwinihipun karaos gatel lajeng kakukur dados koreng wiyaripun saarta rupiyah, sareng angangge jampi saking dhukun Cina tumunten sanget tiyang boten saged andungkap dene jampi wau malah anyangetaken.

Serat pawartos Jawa Sekoran amratelakaken kala kaping 14 Maret kapengkerpunika, kampong Cina ing dindhang, Borneyo sisih kilen kabesmen dangunipun among sajam griya griya cina sami bebas dados awu dadaya, among griyaning kaptin Cina ingkang

boten kabesmen wondene karugiyan kathah sanget ananging etangipun derneg kasumerepan.
Mahmud Ali amratelakaken wonten ing serat kabar Bintang Timur dosa kados ing ngandhap punika:
Kula tiyang Turki sampun amaos serat kabar Andel Seblad anyariyosaken bilih ing Nedrelan wonten peksi Jaka tuwa ingkang saged nigan ing dalem sataun paniganipun kaping sapisan ngantos sakawan utawi gangsal iji, ing nagari kula ing kitha Astambul wonten peksi Jakatuwa cemeng mulus sarta saged wicanten aneh sanget manawi nigan ngantos 8 utawi 10 iji, saha saged netes raja Setambul sampun angawis peksi wau sewu rupiyah, ingkang gadhah boten nyaosaken jalaran sanget dipun tisnani.

SAMARANG
Tiyang jawi anama Wongsadrana ing dhusun Jaga dhsitrik Singen Ler kala taun 1800 kenging prakawis kadakwa anyembeleh lembu kadurjanan kalereskapatrapan ukuman bucal dhateng Surabaya., anggening anglampahi paukumanipun dereng pundhat lajeng miruda agriya wonte ing dhusun bawah Salatiga Samarang, lai-lami adados panggenging dhusun ngriku ngantos 19, taun lamiinipun saweg sapunika anggenipun pulisi angsal katrangan Wongsadrana tumunten kacepeng.
Toblas teka tambun sanget Jurugubah.

MADIYUN
Kala kaping 11 Mei punika wanci dalu tiyang Ambon anama Ngowit ing dhusun Dungus dhistrik Kanigara dhateng ing griyaning kamisepuh, nalika punika pinuju kesah, ingkang wonten ing griya among estrinipun kemawon sapandurat ngriku pun Sowt kapanjingan manah awon sumedya angiwat dhateng bok Kamituwa, ananging boten dipun langgati, awit saking pun sowit boten kapi angampah pikajenganipun bok kamituwa dipunpeksa purun boten kedah dipun remeni, sarehning tiyang estri punika gampil ing pambacananinipun mila bok kamituwa inggih lajeng purun dipun remeni, boten dangu pak kamituwa mantuk sarta laeng ambikak kancinging konten sareng pun sowit sumerep manawi pak kamituwa dhateng, tumunten enggal gumregah saking patileman taksih wuda, saha lajeng nyandhak kancing konten katamakaken dhateng pak kamituwa, narik punika pak kamituwa sanget kaget sarta enggal angrebat kancing konten wau kawalesaken dhateng pun sowit kengin gsirahipun ngantos pecah medal polonipun kamituwa lajeng bengok-bengok nedha tulung, saha lapur dhatengpulisi bilih griyanipun kalebetan durjana pandung, sarta pandung kagebag pejah utawi boten pak kamituwa boten sumerep jalaran wektu samanten dilahipun panjeran pejah, pulisi tumunten dhateng titipriksa ing griyanipun pak kamituwa, ing ngriku pun sowit anjepapang taksih wuda sarta angemprak-emprak sirahipun.

Sangking Pandangon atur kula makaten
Baten sangkiing lumuh kula uran ing sabda, anggen kula kamipurun ing ngajeng angaturi wawangsulan dhateng sang D, kabekta saking sanget bingahing manah kula rumaos angsal pamangggih ingkang badhe buncang manah kula kang sakalangkung gugon tuhon ingkang lumengket anggubet tuwuh salebeting manah yen kasapta ing sotya kawuryan wangkel ing kaengetan kula nalika daweg enggal angenger mara sepuh ing kaluwiyan, saben Jumungah, lan Anggara Kasih, katingal pating kaleninh sekar konyah, kabekta rencang setri lajeng kadekek ing ngajeng patanen, sataning, padaringan, plawungan, patoyan, pangon, gedhong gongsa, ngandhap tothak wayang,

sumur, padursaning griya wingking, jaban, kebon, sami nyetani, kakathahen kasebutna sadaya, wah lajeng dupa besmi menyan, kukusipun kantos amuleg, utawi sareng wulan ruwah bibar brayatan lajeng anyadran dhateng kubur, sadumuginipun ing makam lajeng ngalempakaken santri sami ngaji maos kuran lajeng dhikir pating karogel, lajeng waris ingkang sepuh piyambak amanembah ngujung kubur, maejan binalonyo ing lisah wangi kubur sinampiran sekar rocen malathi, kaum Arkan sekar telasih tigang pontha, mandar wulan ruwah kapengker punika anggen kula nyadran dhateng ing ngastona kitha ageng, kasarengan priyantun kathah gumarubrug saren gkula pitangletaken priyantun kathah wau cudaka dalem, gusti kula ingkang sinuhun kanjeng sultan, utawi cudaka dalem, gusti kula ingkang sinuhun kanjeng susuhunan pramila kula boten gadhah panggraita sagalugut manwi gugon tuhon kula wau kalepatan pamanggih kula kang kabasakaken sarengety lakuning badan, utawi wawadhah ing tatakrami, kados kasebut wulang sagsanasunu, ing mangke kula kados badhe ucmeplong ing manah kula manawi sang D karsa anglajengaken tumerabpipun andarmawasitani dhumateng tiyang kang pumugung ing gugon tuhon kados badan kula punika tan langkung sakathahing dudukanipun ingkang anjuru gubah kula nyuwun pangapunten kanga gung.
Semangtri.

Sampun duka rumiyin embok inggih angagema ambeg santamas inggih bongsa kula tiyang jawi sami kawuryan ing wangkel ananging nalika sampeyan laerpun palajeng janggeleg satiyang ageng sampeyan rak inggih boten ta, rak warni bayi rumiyin lami-lami lajeng ageng, nyelot ageng, lah dados tiyang lajeng saged anandukaken driya, nunten gadhah pamanggih la salajengipun sampeyan dumugekeken piyambak mange sampeyan wastani angeleh-ngelehaken.
Juru Gubah

Panjurung
Sampun sawatawis lami angen kula boten nyumerepi panjurungipun Arta Manungkara tuwin Nawungkrida, ingkang adamel regengin gbramartani, saking panuwun kula dhateng priyantun kakalih wau bilih boten kapambeng ing damel ingkang ngawigatos, ambok inggih andhanganaken manjurung bramartani, awit kula kapewin badhe sarawungan,
ARsa.

CAMBURAN
Salaminipun tiyang katuwuhan pamanggih adamel tumpakan karetka, awit ing kina kimina dumugi ing mangke, ingkang sampun kalampahan sanadyan kagereda sabarang kewan ingkang pancen telas kalihan manungsa, pamaangipun kewan wau amesti wonten angajengan kareta, mongka ing amngke tanah Amerikah wonten tutuwuhing pamanggih enggal inggih warni kareta naming rodha sakawan agengipun sami, palenggahanipun wonten tengah, dados ingkang sami anumpak patrapipun ungkur-ungkuran kusir wonten sanginggiling payon kapal ingkang kageteta amasangipun wonten sangandhaping gerbongan badan tuwin sukunipun boten katingal ingkang katingal naming gulu tuwin endhasipun menggah tuwuhipun pamanggih wau saking ujudipun keyong.

SERAT PIWULANG ANGGITAN ENGGAL

//Ndra// Purwaning reh sinawung artati, sekunging tyas manitra ing kata, pustaka pamarsudine, ing kawiryan mamangun, nistha madya prapteng utami, dipun sami kawangwang, saesthining kalbu, darapon amanggih arja, tata titiywa tingal udanagari, wulang Reh den waspada. Warna-warna ginelar palupi, wus mepaki lalakoning janma, kapamrih kautamane, tan alisir sarat but, prapujongga denya amarni, miwah para narendra, pangrehireng sunu, nabi wali tan prabeda, nanginglamun kangngge ingjaman samangkin, kathah kirang sambada. Seje jaman pamarsudeng ngelmi, mangunbrata maring kaprawiran, samene wus datan kangge, miwah ngawuleng ratu, yen ing tanah monca nagari, miwah ing pasisiran , tebih ing kaprabun, tan lyan magang angawula, mring bupati lawan sangung priyayi, kang darbe pangawasa. Maringkantor kathah andadasih,warna-warna pangabdine janma, amamelas pratikele, saking adrenging kalbu, sru kapengin dadi pryayi, nging nora winatara, nguni sedyanipun, kongsi windon tataunan, kadhang nora katurutan ing sakapti, temah dadi kapirran. Tani nora anggaota tebih, miwah dagang wus tan yatna pisan, mung meleng ing pangabdine, waragadnora tutug, dadi kowan sedyaning kapti, priyayi nora angsal, tiwas warna bawuk, donya wasatra tateelasan, morot mulih temah cipta kang tan yukti, kareming kadursilan. Bathenira lama denya ngabdi, wruh praptikel dora lan sembada, ngapus apus pakaryane, miwah angarubiru, mamarahi ing laku juti, ngicuk-icuk ngakathah, met awoning batur,,ngubungi wong tatukaran, antuk pokily malar kawentar yen wasis, utamane wong magang. Undurira dadya juru tulis, gadhe miwah mandhoring pabrikan, iku kang taberi gawe, nging kathah-kathahipun, papedhotan magang yen mulih, suthik sabarang karya, kareme mung nganggur, ing tetanen nora mempan, anggaota dagang ngeceh-eceh picis, kinarya gagembyakan. Main madon minum amadati, iku lir rewong tuna panyipta, tan poonikir pamburine, denye masudeng sunu, ing satemah bena-benisthip, abote wong mamagang, kudu sarwa bagus, nyenyandhang sadina-dina yen kusiya sayekti dipun ewani, tebih kinoning karya. Lamun nora antuk sih ing gusti, yekti lama tibaning nugraha, kudu akeh waragate, ywa kongsi temah murat, kadi kang wus winahyweng nginggil mene manira kojah, kang wajib tinurut, kalakuwaning sujanma, gedhe cilik kang sugih lawan kang meskin, miwah anak sudagar. Suteng priyayi putra bupati, jalu estri puruitanira, mrih dadya kautamane, winiwitan ing dhusun, anak kuli kang luwih meskin, kalamun mijil priya, ywa ciptakumlungkung, merang lamun kinon ing lyan, iku luput balik den banget pamardi, mamrih pangupajiwa. Yen wus kena angon kebo sapi, umur astha lan sadasa warsa, nuli kon buburuh angon, yen wus tut telung taun, yekti oleh gudel sawiji, kinaryowa bibitan, adapt kongsi antuk, gudel loro nganti gtiga, diwasane lamun sira anyunati, ywa nganggo kabesaran. Wataking janma merang sasami, kudu kudu anganggo pradongga, tayuban beleh kebone, lah iku liwat bingung, aja nganti sira kapengin, den kanthiya samurwat, salametan cukup, , angundang wong satetongga, ingkang cedhak akeh sithik ing sujanmi, iku sira watara, Aja kongsi lamun malarati, ngenak-enakaken kang tanan, dene wong slametan kuwe, kanga gung kadi gunung miwah ingkang kedhik satakir, lah iku padha uga,ing manpangatipun, dening yang kang maha mulya, angger rila sathithik baes ngluwihi, loawan kan gkathah-kathah. Yen sutamu denya ngon mus mari, babo babo lah dipu prauyitna, ywa nganti karem taledhek, miwah guyup kumpul, prasinoman iku tan becik, thukule kadurjanan, miwah ngapus-apus, memaling lawan bebegal, main madat labane karemp pawestri, marga sangking gembyakan. Den taberi mardi ing tetani, tegal sawah met pangupajiwa, lamun ana kathekere, sih maring wanodyayu, inggal sira taninen krami, kanthilawan pangrepa, yen manah wus sarju, nanging ywa sira sumengka, wewatake yen sumengka angerobi, tetukon tuduana. Iku away sira pindho

kardi, ngupayaha kang sami sabongsa, kang padha padha meskine, nora kakeyan wuwus, lawan aja angrubageni, prelu mimilih besan, kang raharjeng kalbu,lan kulite kang prayoga, lire becik dudu trahira wong sakit, budhug busung lan barah. Nanulari maring wuri-wuri, sakit baring uga nora layak, lamun pineta turune, bakal mantumu iku, lamun bias milih kang bceik, warnane dimen tresna, asih atmajamu, lawan kang uwis diwasa, rabi cilik dadine sok nora becik, lan aja patirowa. Nadyan mantu ngangge sawatawis ywa ngupayua barang kang tan ana, cukup salametan bae, duk kadi sunatipun, aja mragat kebo lan sapi, yen sira during kaya, luwih ardanamu, kalamun wus duwe somah, atmaja mu ing ggal upayakna panti, tarunan tatrukaha. Janma kumpul maratuwa,lamun lamano becik, sok nemu rarasan ala,mrmeng enggal ngupaya panti, den santosa akardi,ngupaya tebih ingpandung, lawan taberi karya,ywa nganti kurang binukti, wong kaliren watak nyuda katemenan. Thukule manah durjana tan lyan janma kurang bukti, wong becik dadi ne ala, iku lakuning ngaurip, marma den ngati-ati, gemi nastiti winangun, pangrengkuh maring garwa, sabarang kapti den tunggil, wit wanodya puniku gedhonging priya. Yen wus cukup sandhang pangan, away nalisir ing kapti, dumeh wus duwe simpenan, sabarang tan winetawis, sakarsa den turuti, ngumbar budi kang tanarus, satemah ngombra-ombra, luamahe saya mijil, iku lire wong kudu kasorang-sorang. Pakaremaning sujanma, kalamun dipun taruti, sayekti nora kabat, wuwuh-wuwuh saben ai, wus kodrating ywang widi, nora nana watesipun, balik sira ciptaha, kadya sujanma kang meskin, nadyan ana den banget denya ngupaya. PIkiren ari ing wuntat, away rupak ing pambudi, lumrahe janma padesan, yen wus duwe simpen pari, tadhahe akng sasasi, nuli wiwit melang-melung, amaca saben dina, lali benjang yen wus enting dharadhasan lagi malih angupaya. Den merit lakuning Cina, iku pangilon sajati, arang ana kang malarat, sangking taberining kardi, wismanira wuss becik, donya brananira langkung, prandene isih ngrmbat, sasadeyan sabenari, nora kendhat denira mardika dunyan. Ywa ngadi-adi busana, iku tiwas dipun kadi,donya nora bakit mundhak, lumrahe jaman samangkin, yen wus mendhetl sathithik, pendhok masingkang binuru, lawan suweng ing semah, during anduwe pamikir, lamun arta tinarya tatumbas barang. Iku cuthel ora mundhak warma den sabar panggalih, yen wus cukupekti gampang, barnag becik becik prapti,bangkit anandhing milih, away kasusu ing kayun, yen luwih kang pinangan, inggal amamriya bathi, dhandhak kulak sinauwa adadagang. Dimen wuwuh kasugiyan, iku wajibing sujanmi, lamun sira wus santosa, singa kang cinipta dadi, tan ana kang nalisir, tumuli marnah ken sunu, prelu pinardi wigya, rarene konen angaji, basa Arab iku pituduh ing Islam. Weruh batal lawankaram, duraka lumaku juti, nuli panjing na sakolah, mring dhistrik miwah nagari, dimen wruh tatakrami, wigye sastra ngetang putus, tan kena pinaekan, sbarang nganggo tiniti, iku lagi sira abdeken bendara. Pamagang kadi ing ngarsa, yekteng eenggal dadi priyayi,nging bocah kudu winawang, yen dhasar tuning pambudi, wekel driya tan lantip, ywa pamrih ing kapriyantun, balik sira gulanga, ing tetanen bae becik, miwah ngudi kabangkitan agaot,Kaya ta greji kemasan, pandhe miwah tukang kulit, keh warnanira kabisan, iku nora ulah piker, yen balilu pinardi, ing sasta tan bangkit putus, dadine tan pakarya, tiwas ngentekake picis, dadimagang wus lama nora katekan. Jeng gupremen sampun karya, sakolahan cara jawi, ing dhistrik miwah ing praja wus pinerang perang mawi, ngundhangi para alt,lamun sutanya malebu, nora duwe waragat, linilan tan atur picis, dahat sangkin gpalimarmaning kawula. Mamrih sami wicaksana, gampang dennya mamet bukti, nanging pamanggih manira, yen janma kanglangkungmiskin, prelu ngupaya bukti, lawan sakolah puniku, awit rarening desa, sampun sami dados kanthi,buruh angen maesa kadi ing ngarsa. Lamun pinardi sakolah, karya tunaning sudarmi, satemah kowan kapiran, tan tutug denya marsudi, ing kawigyan srianis, pulih bebeting

ngadhusun, kadhang suthik ing karya, tan pati karem tetani, ke-kehane kadi papedhotan magang. Ciptane kanangsudarma, yen wus sakolah kang siwi, kalawan umanjing magang, ing tembe dadi priyayi, puniku langkung sisip, sapira gunging priyantun, mongsa dadak sadaya, wong sakolah pasthi dadi, tarlen muhung dimen sami brongta karya. //ndra//
Teksih wonten candhakipun.

Ongka 22, Keis kaping 29 Mei 1879

SURAKARTA

Awit saking dhawuhing timbalan dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan

Raden Tumenggung PUrwadiingrat abdi dalem bupati kapark tengen dados Lidipun Pangadilan Dalem Pradata Ageng

Raden Mas Ariya Kartadipura, Abdi Dalem Bupati Gedong Kiwa, dados Lidipun Pangadilan Dalem Kadipaten Anom

SAPELE ANANGING TEKA ANDADOSAKEN PAMIKIR

Ing mangke kathah para rare alit sami sengsem angundha layangan wonten ing margi ageng, saking kathahipun ngantos angalangi tiyang langkug, kenuripun terkadhang anggesrek sirah utawi kuping, terkadhang layangann anaji dhateng mustaka, saking riyelipun ngantos amutawatosi lampahipun kareta, utawi sanesipun tumpakan kados punika pulisi kawogan anyaruwe.

Nalika kaping 24 Mei punika wanci jam 12 siyang griya pawonipun patra kampong Kauman, kabesmen ngantos telas, nanging latu lajeng pejah jalaran katungka sengkutipun para tandang, saupami boten saged inggal katulungan bokmanawi badhe kabesmen ageng malih margi sakiwa tengenipun pawon ingkang kabesmen wau tiyan gingkang gagriya sanget riyel saha griyanipun sami ageng-ageng, wondening jalaraning kabesmen punika saking latunipun piyambak, ing dalunipun angajengaken jam satungal ing kampong Kamlayan kidul ugi wonten griya kabesmen caccah wuwung kirang langkung sakawan iji, bilih kirang sengkutipun para tandang kadoskampung wau inggih bebas, para ageng ingkang sami kawogan ingggih sami anedhaki, ngantos angantawisaken sirepipun ing latu. Sarehning baribik-baribik sampun wonten griya kabesmen mugi abdi dalem pulisi kabupatensampun ngnatos alen ing rumeksanipun dunungipun nagari sampun amitados dahteng para abdi dalem wau, anandukaken tatrap ingkang angindhakaken tatatentremipun ing praja, eliripunmakaten para badi dalem wau kawogan anjageni sampun ngantos wonten babaya, yen ta abdi dalem pulisi ingkang amengku patambangan ing Jantran anandukaken tarapan kados ingkang kasabut punika, punapa inggih kalampahan ngantos wonten baita kerem temahan ngantos wonten tiyang pejah, punapa abdi dalem pulisi punika lampahipun namu ambonggonaken kemawon temah sadaya kalepetan watak kasepan, ma Manawa uwis benjut bae, den popok beras kencur.

Ing sawatawis dangunipun abdi ing Danukusuman Nagari Surakarta, awasta pun Trunawikrama, ingkang estri pinuju inggal inggalan enggenipun arencang rare, watawis rare sawek umur 6 wulan, ingkan gngestri ginanjar sakit benter, dados boten saged amulasara anakipun wekasan pun Trunawikrama jaler anakipun kasambutaken dulang parapeyanipun wasana rare wau, anemahi pejah, dados kasinggihan para bogsa luhur enggenipun boten kalampahan dulang bayi awit bayi kadublag saestu sakalangkung boten prayogi, manda kathah kemawon bilih andublag bayi, cangkemipun mawi dipun gosok ing brambang kasuprih angapaipun bayi dados gampil pandublagipun pramila bilih andulu pamulasaranipun kewan dhateng anakipun kenging dipun wasartani saged kewan kalihan manungsa, mongka punika naming kabekta saking watek kemawon kadosta : kirik punika bilih taksih suson sami gumelo-gumelo.

Ing kabar Bramartani ongka 20 Kemis kaping 15 Mei 1879 wonten panjurung anyariyosaken saking karsanipun ingkang ngasta pusara ning praja ing Surakarta, amajibaken dhateng satunggiling tiyang awasta pun Suradrana, abdi ing Suryabratan, ingkang sampun kayaktosan anyirnakaken, para lampah durjana ing wanci siyang,

ngutil nyler milah nyebrot wonten ing peken salebeting nagari, kula sakalangkung dherek mamuji mugi lestantuna sirnaningpara durbrata, tuwi mugi dadosa pangungakan dhaeng para ngasta panguwasaning peken ing padhusunan, sageda ngirip lampahipun abdi ing suryabratan pun Suradrana wau, sampun teka ngandelaken mitados tiyang estri angreksa peken mindhak boten pijer ngulat tulataken tiyang ingkang lampah awon kisruh kaliyan prelunipun piyambak, inggih punika anggenipun anedha pasapon andadra delasan tiyang ingkang sami anempuraken uwos sabektanipun tiyang satunggal dipun cidhuk ing mangkok kinten-kinten wontena satengahpun, mila yen marepanen makaten punika kauntungan, aluwung tiyang ngutil nyeler mawi madosi kalimpenipun ingkang sasadeyan.

SAMARANG

Tiyang anama B, kaladosaken dhateng pulisi, jalaran kadakwa anglebeti apyun ing griyanipun tiyang anama embok Bulus ing kampong PUsparagan wektu dipun galedhah dening Asisten Wadana Ambengan kala kaping 18, Mei punika, mila mangkaten jalaran B wau dados uopasPakter, ing nalika Asisten wadana tumindak galedhah piyambakipun tumut ananging saderengipun asisten wadana dhateng, B sampun pinanggih wonten ing wingking griya mawi apyun 32 mripat ing mangke B akaliyan bok Bulus sami kalebetaken ing kunjara, prakawisipun badhe kapariksa. Semahipun tiyang awasta mertaleksana ing dhusun tabak mentas rencang rare medali titiga, ingkang satunggal lajeng pejah, ingkang kalih wilujeng gesang ngantos ing mangke.

BATAWI

Raden Saleh abdi dalenm Juru Gambar ingkang sinuhun Kanjeng Srimaharaja ing Nederlan sampun angsal idin dalem anampeni ganjaranipun ingakng sinuhun ing DHeitselan warni tatenger bintang Preiseskrun pangkat kalih.

Wanci jam sawelas enjing tanggal kaping 26 wulan punika, kanjeng tuwan ingkang wicaksana sampun amiyos wonten ing dalem pasamuhan ginarebeg para nayaka tuwin para militer ageng, arsa anampeni pisowanaipun sultan ing Dheli, tuwin cundakanipun pangeng ing Tombuse, ingkang sami angirigd putranipun pangageng wau, menggah dununging pisowanipun sultan Dheli tuwin putranipun pangageng ing Tombase wau, naming badhe anglairaken ing secatuhu tuwin sumungkemipun dhumaeng kanjeng gupremen sasampuning tinampen pisowanipun wau, lajeng sami anyaosaken isungsungipun awarni: gadhing kalih iji ingkang anglangkungi awrat tuwin agengipun kapal batak kalih pasang sae-sae, ingkang sapasang cemeng meles ingkang sapasang cemeng palongka, lameng mawi warongka jene saha anglangkungi agengipun tuwin pateyan ingkang sadaya pirantosipun warni jene.

SURABAYA

Ing griyanipu tiaygn nama mas Wira ing bawah dhistrik Jaban Kutha wonten Marmot cemeng mulus anak anak tikus dhothong, sinten ingkang kapengin ningali kenging tan pawaragad.

KUDUS

Wonten tiga utawi sakawan wulan laminipun jalaran sakin gprahara waringin sengkeran ing alun-alun tuwin satunggal uwit asem ing dhusun Mudal ingkang sampun pejah, sami rebah, uwit asem wau ing ngriku agengipun tan wonten ingkang anandhingi,ing sanesipun dinten epangipun sami dipun rencaki, ngantos kantun delegipun kemawon sasampunipun uwit wau teka saged ajanggelek angadeg malih, satitik wonten pakuburan ki sanasa kawan iji ingkang karebahan sareng dalunipun tiyang ingkang angrencaki wau anyumpena, bilih ingkang kalih kuburipun kiyai Reja sajaler estri, sakabatipun Sunan Muryapada, ingkang kalih kuburipun kiyai Krompol jaler estri, anal bakal ing dhusun ngriku, enjingipun kubur sakawan wau lajeng sami dipun resiki, ing mngke mandar kados pakaulan atusan tiyang ingkang sami dhaeng angalab berkah, salong wonten ingkang sampun rumaos kadugen ing kajengipun ing mangke sami anglangse kubur sakawan wau.

Suwawi ta para gugon tuhon sampun ngantos kasep punapa ta kerdyatipun sugih punapa singih, sedhih anggen kula angraosaken bongsa kula tiyang jawi, sasebutanipun ing jaman sapuniika: Bismillah, teka taksih wonten titiyang ingkang sami angalab berkah dhateng pakuburan Jurugubah

EROPAH

Tiyang Enggris kakalih anama Makdhonal satunggilipun anama Sarwe, sampun dosa anglampahi kadurjanan maha mejahi tiyang, awit saking karampunganipun pangadilan tiang kakalih wa kaleres kapatrapan paukuman pejah, sareng ing dinten badhe dhumawah ing paukuman para pangageng nagari sami rawuh ing kunjaran awit caranipun ing nagari Enggelanmanawi matrapaken paukumanpejah wonten ing salebetipun ing kunjara, pangisasipun sarana kaantung, kacariyos sareng tiyang kakalih wau kainggahaken ing pagantungan sarta sampun kaganteyongaken konten kunjara ingkang mineb kathothok pulisi lajeng parentah supados korining kunjaran dipun engakaken menggah ingkang nothok kori pauopas kantor kawat mawi ambekta serat sareng serat kawaos suraosipun tiyang dodosankalih wau angsal pangapunten linepataken saking paukuman pejah, ananging tiyangkakalih wau sampun kalajeng pejah, dhatengipun serat kawat wau among kasep samenut.

Ing nagari Polen tanah Ruslan wonten rondha bongsa Yahudi umuripun satus taun anakipun pambajeng ngumur 84, taun sarta putunipun sampun adarbe putu. Wanodya wau mentas emah-emah kaliyan tiyang ngumur 88, taun katonipun bok Rondha seneng sanget anggadhahi kakung ingkang ngumuripun langkungi nem tinimbang pyambakipun.

Tuwan Matrinpiser ing Wirtenbereh atampi dhu saking kantor pos ingkang sampun kabayar waragadipun sareng kabikak isinipun pistul satunggal iji sartalajeng mungel gotri angengingi wadana nipun tuwan wau ngantos anandhang labet tujunipun dede mimis supami mimis tuwan matrin amasthi nemahi pejah dene ingkang damel paekan wau boten kasumerepan.

Anunggil dinten tuwan Gotsegrippir ing Arlingen atampi pethi saking kantor pos ananing nalika punika tuwan wau pinuju boten wonten ing griya, sareng pethi kabikak sakedhik dening Nyonyahipun ing lebet katingal wonten pistulipun lajeng boten

kaeslokaken anggenipun bikak sadhatengipun ingkang jaler pambikakipun pethi wau kaangkah sampun ngantos kalampahan malethos sareng pethi ssampun kabikak katingal bilih platukipun pistul karetka dipun angsalaken ing tutup pethi, manawi pethi dipun bikak boten kaliyan alon amasthi pistul lajeng mungel saupami kalampahan mungel saestu badhe aniwasi, jalaran ing ngandhap wonten obt dhinamit inggihpunika ingkang pambaledhosipun angungkuli obat.

Ing Paris wonten tiyang berah ingkang awit sakin gkapepetan budi, lajeng gantung dhiri sumedya anganyut tuwuh, ing nalika agantoeyong kadengangan kancanipun ingkang lajeng anatas tansulipun temahan ingkang gantung dhiri lajeng dhawah, boten kalajeng pejah ananging tugel sukunipun satunggal tiyang ingakng gantung dhiri wau alok boten anarimah, agugat dhateng pangadilan anyuwun pituwasing anggenipun kalajeng gesang, awit nalaripun anggening badhe anyupet gesangipun wau amargi kaewedan sanget ing pangupajiwanipun mongka ing mangke tugel sukunipun satunggal dadosan saya angel malih ing pangupajiwanipun.

BOJANAGARA

Ing mangke ngikri wonten titingalan wayang, ingkang dados dhalang rare sawegngumur 10 taun gangsanipun cangkem ingkang dados niyaga rar 4 iji, akathah paa tiyang ingakng sami ananggap wayang mangakten wau, epahanipun ing dalem sadalu saringgit para ingakng sami ningali sami gumujeng kapingkel-pingkel amirengaken swaraning pradongga cangkem,. Ing kabupaten ngriki wonten tiyang cebol kakalih ingkang sanget endhek warninipun kembar, dalah swaranipun inggh sami, inggilipun namung 2 kaki, ingkang sami sumerep tiyang cebol wau sami eram sarta gumujeng, jalaran sakng aneh sarta lucunipun bilih lumampah meh kados kumbaya, ingkang satunggal umur 18 satunggalipun umur 14 taun pun cebol wau lumebet ing griya pamulangan ing mangke sampun saged maos saha nyerat jawi mlajeng, punapa malih ingkang angeramaken dene manawi pun cebol wau ura-ura, swaranipun sanget raras rum sarta buntas.

(Abdinipun kanjeng pangeran Ariya Cakradiningrat kados langkung alit malih, ugi saged anyerat saha kenging kaewokaken sae seratanipun tuwin inggih saged ura-ura, swaranipun inggih runtut. Jurugubah)

(*) O Inggih saestu punika, eman sanget Jurugubah)

Panjurung

//ndra// Dhuh andhe, umintasraya, patik sampun ngawikani, cangkriman taingakng tumrap,bramartani tanggal kaping poncawlas condra Mei, punika patik brasekung, tiaras amambatang, ananging paminta patik, lamun derengpethuk lan karsa paduka. Ywanganti braminta sira, mandarsing panuwun patik mugi paduka ayuna, masungwahyanira mangkin deta pambatan patik cangkriman ta kang pangayun iku mbok bilih kaga, ingkang aran raja wali, deliyanya maksih kodheng wardayamba. Mene sanadyan patikbra, dereng ambabar pisani, gyan kwula amambatang, nging sadarpa angaturi, cangkriman mung supadi, dadya lalantaranipun anggen patik kumedah, mimitran lawan sireki, ingkang kontra remen angiyar kadibyan. Lah idham cangkriman amba, nama patik brawandani, kenapinetan gunanira, dening sawiyah ingjanmi, sajeg ulun tan bukti wit dene tandarbe tutuk nanging darbe udata, lah kyai

sanak suwawi, den batanga cangkriman amba punika //ndra//Katandhan Katamangripta

Candhakipun Serat Cariyos ingkang mentas anglampahi dados Kaum Pangarep melik kang perlu, agamane gagemeti, yen ngucap sakecaping kitap, nokil nokil nykile pokily, dalil nguthakil anakal, kalakale ngrengkal ati,. Mangkono kang para kaum, sadaya wus mangkat sami, mring sangkrah ngebyak bengawan, nora nganti wong kambangi, kasusu ambyar kewala, anglangi wus prapteng pinggir. Sadaya ageya rawuh, mring wismane ingkang sakit, ing balasak atetanya, ngendi gone ingkang sakit, wus sinungwruh prenahira, gumubyug prapteng gon sami. Auluk salam sadaya wus, lenggah atap aneng nglampit,lajeng samya gelar kojah, ting barengek sareng angling, mrih medale ajadira, ulat manis mekantuki. Asedhep luwe ing tutuk,mring pekolih ambatitis, teteh titih angerenah, tan uwas mardi pakolih, mangkanaingkang kalaran, sakedhapgugup miyarsi,Mring koahe kyai kaum, denira sedhekah minter, siyang dalu pan sedhengkah, tutur kaum den lakoni, supaya gelis sawaras, sadina-dina sesaji. Sadaya ingkang pitutur, ingkang sakit anglampahi, kang jinaluk sinukanan nora nganggo den kumedi, mung enggal warasira, mila sedhekahe gili. Kenthol kaum saya mumblak,ginugu pitutur neki, telung dina aneng sangkrah, lemune kepati-pati, weteng melar dhadha mekar, pipi dhelik irung malik. PUnuk mundhak ginak-ginuk, gundhang-gondhok kuping malik, tabete den nya memangan, sadina-dina gayemi, malah tankober anendra, ngemaruki rina wengi. Serikut tan denya muluk, tan kena piring sumandhing, tan kena layah malumah, sok angop luwe malih, sempug untu siyunge bam, atos empuk den kalethis. Pundhes ludhes den kalethus bundhas-bundhas kang den dhidhis, nora kober andadonga, pijer denya ngemil-emil, mangkana wahu kanglara, sangsaya sedhah angati. Awak kuru donya surut, kaum akeh tanpa asil, nora muji andedonga, malah mundhak bebarosi, aprasasad dadi ama,ngleburake beras pari. Mungrina wengi gegilut, tan ana undhak kemalih, mung mamah-mamah kewala, nora mikir ingkang sakit, susah ngenes mongsa umah, kang lara saya nglayati. Semaput pan lajeng lampus tangis umyang ting jalerit, tongga kanan kering prapta, prasami ngungun anangis, ona gablog-gablog jaga, ona mudhar mudhar weni, Ona lulur-lulur suku, kang ngunteg tyas nora eling, kambah wimbhkawimbuhan, kabebah kuwuring galih, kang myarsa gugup lumajar, praptane ambandhung tangis. Mangkono wau ki kaum, duk kadarbe wisma lalis,myassa tangisnya gumerah, kadya jangkrik mambu kili, kadya macan binasahan, berag gambira ing ngti. Sukeng tyas birawa sengkut, solahe ngebat-ebati, ttandhang sora ngundang-undang, tan dangu prapta anggili, sameta busananira, ngangge kuluk amarneni. Kulit ing gambas sinumbul, respati nyamate jenitri, pinalipit ing gabagan, kalung tasbeh who karandhing, akulambi jubah pelag, kekanthongan tekeng gigir. Nyangkingkacu omba wulung, jinggot arang mubal putih, brengangang cahya sumringah, menger-menger semu abrit, prstondha sumuk tyas bungah, pangucape kaduk dhiri. Aneh-aneh polahipun, panganggo nganeh-anehi, aneh-aneh kang tenaga, alengguk kaduk gumaip, seje yen kaekan mlarat, imul sae ndhemen ngemis. Sabab iku cipta untung, angrasa menang pribadi, angkuhe kaliwat-liwat tudang-tuding pentah ngenting, mendah sinungana wenang, marang kang duwe nagari. Baya wong meteng kinebuk angepaki sami-sami, ngideg pangkon liyang pundhak, teken rai ngising gigir, wong duduwe nora kena, pinundhut ing ngaku melik. Bobode kaum puniku,ingon-ingoning priyayi, ginawe tetonba betah, tan kasrambah tan cinangking, kajata yen ana ajat, iku kaum den timbale. Pradene kudumanjuluk, mandhongol amrih tinari, tur sinungana pakaryan, nora nganti pendhak ari,malele ngulet sesambat, sebute

dudu karyeki. Seje yen ana wong lampus, nadyan dudu kaya neki, saranthal jarundhul ngetheker eker ngetheker angenthir, dheradhas piapi eklas,kumanteng teleng gug adhikir
Teksih wonten candhakipun. Katandhan Tilas kaum Nuryakimbalaka.

Candhakipun serat piwulang anggitan enggal
//ndra// Yenkinarya nambut kardi, tetanem miwah dadagang, tan alingsir pamanggihe,binalilun nora kena , jembar padhang polatan, puniku manpangatipun, sujanma kang puruita. Sumarma wajibpinardi, kang darbe atmaja priya, kang nora banget meskine, yen wus prapta kang sinedya, dadi priyayi sira, kadhang ana ingkang limut, karem atampi ruruba. Enak lamun tan uning, lama-lama saya dadra, kawasregen dadi ngedheng, iku manungsa tn layak, sayekti manggi papa, ing pakaryan dipun undur, salami kasurang-surang. Temtu kirang kang binukti, dagang tan duwe paitan, nora bias nyambut gawe, tetani datan mentala, dadi aniksa raga, satemaha ngicuk-icuk, ngubungi wong tatukaran. Lire tukar rebut melik, yen unggul antuk epahan, mung puniku panguripe, tiwase mintar lelana, maminta anoraga, lung suran pryayi iku, atine nora pasaja. Marma enget ing nguni, duk sira ing sih mamagang, sakalaangkungkangelane, pirang windu pirang warsa, anggon mu puruita, wah gunging waragadipun, sing rena sudarmanira. Yen wus katekan sakapti, den taberi ingpakaryan, ngati-ati sabarang reh, away melik ing ruruba, den adoh dora cara, bektiya mring luhuripun, asih maring pawong mitra. Den ngemonga maring dasih, ywa ngantikarya saking tyas, nanging yen ana prelune, paentah tan kena owah, kang ngadil palamarta, adil iku tegesipun, nora etang sanak kadang. Yen luput dipun tatrapi, tan pilih kasih ing driya, depalamarta tegese, nora pati gung duduka, yen ana kaluputan, saru siku ing ngawakmu, dudu prakaaning praja. Iku den aksama wajib, priyayi wtak sagara, kamot sabarang isine, nora agung nora lokak, iku pambek utama, away kakeyan saciku, dahwen panasten singggahna. Prelu mamardi ing siwi, angaji lawan sakolah, dipun nelaswewulange, nadyan tan dadi pratiwa, kinarya mamet tedha, wong wigya gampang sakayun, buburuha den pilala. Ywa nganti karem ing juti, mados main maling madat, puniku den tebihake, away kumpul lan wong ala, watak sok katularan, tan susah malih cinatur, temtu sampun sami lebda. De kang wus jumeneng bupati, puniku sawarna donya, sasat nata wibawane, sok lalilamun manungsa,enget yen binathara, tan sah denya manggut manggut, sarusikune denumbar. Puniku wong tuning budi, mesiyasat maring raga, labane mendem kamukten, suthik kumpulan sujanma, lamun nora sapadha, marma katon mingak-minguk, ing pratingkah tinemaha. Merang rarangsan lan dasih, tan myarsa wartane jaba, ing suker miwah sakite, para janma lit ing desa, dekang ambek utama, nganggo wawataking ratu, amot amengku ing wdya. Adil palamarteng budi, narendra pambeg samodra, tan ana suda wuwuhe, aywangagengken sarira, den bangkit met wardaya,mring punggawa abdinipun, malar den matrakilasa. Yen wektu siniweng dasih, anjejegaken kang pangkat, den anteng wingit semune, ywa kakeyan pangandika, karya adheming prentah, sembranapanampenipun, dene lamun dhedhewenan. Den semu sumeh yen agling, rumesep mring punggawa, anggepen samatra kabeh, kdi caraning kakadang,mamrih ture tan taha, ingkono wajiling kalbu, dueduga lawan prayoga. Kuningan ciptaning ati de atur ingakng sanyata, lah puniku sira angge, myarsa wartane ing jaba, nging lamun pakumpulan, ywa nganti kakeyan minum, watak nyda prayitnan. Tumrapingpara lit alit, yen wuru limiting tata, anaranyam pangucape, dadi sarutinon ing lyan, nganggowa sawatara, piwulang ring kesan among, mamet kangprelu kewala. Dene pranatan nagari, tan susah kanthi

pinacak, wus kawrat ing setruksine, lawan sagung udnhang-undhang, lelakuning ukuman, ing buku wet wus sinebut, tan mawi kanthi winahya.
Teksih wonten candhakipun

Ongka 23, Kemis kaping 5 Juni 1879

Surakarta

Mangun Arja kaliyan Jaga Pawira, Pothet julig ingkang asring-asring angriridhu atasing katentremanipun pakampungan, ing mangke wartosipun sampun kapikut ing nagari, jalaran kacihna anggenipun anglempai durbrata, malah wonten saweneh priyantun mantra ingkang kacihna amandhegani lampah sarta ambekipun pun durhaka kalih wau, mugi-mugi angsal titi pariksanipun ing ngatasing tiyang titiga wau sampun ngantos kaluwaran amrgi kurang sampe terang dhiya punya salah, dados bilih daweg terang kemawon dereng kenging kagalih lepat.

Klathen sapunka sampun kenging dipun wastani mirah sandhang tuwin tedha raharja ingkang tinandhur, kuciwa sakedhik ingkng dados pangresulaning tiyangkathah, baen wonten malih naming kere punika menawi ngemis dhumaeng peken punika patrapipun sawenang-wenang menawi ngemis boten enggal lajeng nggregut kemawon menai sampun kathah angsalipun lajeng dhumateng ing pacinan tuwin dhateng ing gejawen mongka kere punika klangkung anggenipun gonad, o bok inggih ta wonten karsanipun ing parentah anyirnakaken kere punika.

Margi ageng ing sak ngajenganipun nyonyah molor sak punika katingal reget utawi jenes tuwin jeblik, ingkang mongka ngriku wau kaambah sak kathahipun tiyang dhateng ing sepurweh Klathen kala rumiyin sampun kadandosan tiyang krakalan inggih punika sangking karsanipun ing parentah, bok bilih menawi wonten karsanipun parentah malih karsaha garab margi punika.

Nalika tanggal kaping 25 wulan Mei punika, griyanipun agen nami Tirtadrana sampun kalebetan durjana pandung malebetipun pandung wau mawi babah sangking ngajengan sareng sampu malebet lajeng mendheti barng inakng wonten salebetipun griya, sarehning sampun telas anggenipu nmendheti barang badhe basuli malih, dereng ngantos dugi ngelebt pun Tirta drana estri lajeng nglilir, ngungak-ungak barangipun sampun baten wonten katingal sak wetane lawang wonten babahan pun Tirta estri wau lajeng ngadeg wonten ing sanginggiling babahan pun awon sawek dhumugi tengah tangah babahan tanganipun kumlawe badhe dipun raket baten kacandhak, dados pun tirta wau lajeng alok maling-maling, sarehning malin gsampun agenrit tongga tepalih sami dhateng ing ngriku o sakedhik pun Tirta jaler wau baten wonten ing griya bilih wontena griya antawis kula kecandhak pandung ipun, bate wonten malih ingkang patrol punika punapa tilem mawon, o bok inggih ta wonten karsanipun ing parentah andhawuhaken ingkang parol aken mubeng.

Dereng antawis lami, ing wanci dalu, griya gudhanging setatsiyun Klathen kalebetan pandung, sarana angegol lawanging gudhang wau, ingkang kenging kapendhet jenewe satunggal pathi, enjingipun lajeng tuwan Asisten REsidhen tindak anitipariksa, kadherekaken para agen, sakonduripn kanjeng tuwan, lurah agen, Setradikrama kanthi konca polisi. Lajeng sami angledhah sakiwatengenipun ing nriku, durjana, sacihnaipun kepangih teksih wetah, kathah ing durjana kalih, ing sak punikanipun kalih pisan kalebetaken ing kunjaran, lurah anggen setradikrama wau sampun sering sering anyirnakaken reregeding nagari.

Panjurung

Kinten wonten tigang dinten punika, lurah agen Setradikrama, tuwin langsir jayadimeja, sampun nyepeng apyun peteng wonten ing Kalibajing, dedhistrik kitha Klathen, kathahipun 6 tail, kacepengipun wonten ing margi, denten ingkang bekta apyun wau tiyang estri ingkang mentas balonja saking peken, Klathen, sakin

gaturipun apyun punika anggenipun manggih wonten ing margi, sarta boten sumerep manawi punika apyun, margi anggenipun manggih sampun wungkusan dados kalih.

MADIYUN

1. Ing wektu wuln punika dhistrik Caruban sabin sampun meh bakda panen, saha pantunipun katingal prayogi, andadosaken bingahipun para tiyang ingkang gadhah sabin saha tiyang ingkang sami derep.
2. Palawija ingkang wonten ing pemahan, kadosta: kaela kaspa, tales apanunggilanipun ugi katingal medal saha prayogi.
3. Pager-pager ing dhusun dhusun miwah wradinanipun ugi katingal prayogi.
4. Wradinanipun kreta sepur weh, sampun wiwit kagarap, saha pangajeng-ajenging kathah tumuntena dados, benjing manawi sampun dados saha kretanipun sampun lumampah, saiba ramene tuwin bingahipun para priya, jlig dhateng Surabaya, jlig dhateng Sala, tuwin dhateng Samarang
5. Inggal punika bandara raden mas Tumenggung saha tuwan Kontrolir sami rawuh ingdhistrik CAruban pepirsa kebon kopi ing ara-ara waru tuwin ing Tawangreja, wasana wonten ing Kebon kopi Tawangreja, lajeng paring dhawuh dhateng WEdana, manawi kebon kopi ngriku ingkang pancen sitenipun awon dikakaken anilar utawi kebon taopeni, awit kagalih boten saged medal utawi boten timbang anggening rekaos, saha mindhak damel pitunanin gtiyang alit mawon o punika leres.
6. Bab pandung wektu puika meh boten wonten awit saking kencenging pulisi ngriku, punapa malih bandara raden mas tumenggung, taberi nastiti,boten galih sayah tuwin kirang sare, sok ugi mindhak tentreming tiyan gagriya
7. Ewa samanten inggal punika kula maos srat kabar slompret Melayu, ing ngriku wonten ingkang katandhan Amat Karya, gotek utawi ngacemong, bilih kampongan dhistrik Caruban wiwit kathah pandung, Ah, Em, gumun sanget kula, wonten tiyang makaten punika, punapa badhe pados alem, manawi badhe pados alem utawi pados ihing para ageng, labok pados sanesipun, sampun kok dados tumbak cucukan makaten, manawi ing tembe konangan pulisi ngriku, masthi Amat Karya biru, utawilajeng kadakwa yen Amat Karya ingkang ngresahi kampong ngriku.

CAMBORAN

Wonten tiyang kakalih mentas sami jagong, antukipun sampun sami amendem, ingkang satunggal saweg kemapo, satunggalipun sampun kesangetan ing endemipun, saroning lampahipun tiyang kakalih punika kedah anyabrang ing lepen, dados tiyang ingkang sawek Kemampo wau taksih gadhah pangatos-atos, wicantenipun: iki anyabrang kali, ayo kowe tak tuntun, awit lakumu uwis saleyoran bar, tiyang ingkang mendem sanget amangsuli: mengko sarehne sadhela, awit samubarang kang tak deleng padha amubeng kabeh, saka pangiraku, omah mulane omahku, iya padha mubeng uga, mulane becik anunggoni ing kene bae, angenteni Manawa ubenge omah mulane omah ku wus padha tutu king kene, dadi ora kadohan ing laku.

PANJURUNG

Kula sampun maos ing Bramartani, ongka 21 anyariyosaken bab tiyang nyambutaken arta, utawi tiyang ingkang nyambut, punika saking pamanggih kula, sami denten kemawon saking bab anakan kathah kedhik saestunipun ingkang gadhah arta boten meksa, dados sami rukunan, saupami boten wonten ingkang nglampahaken arta, gek kados pundit kemawon solahipun ingkang sami pinuju betah, wah mawi sanget, mila saking pamanggih kula pyambak tiyang nglampahaken arta wau sami-sami, tulung-tinulungan. Punapa malih tiyang benter amadosaken panyauripun, punika pamanggih kula saking inanipun pyambak liripun makaten, kados ta tiyang nyambut arta mawi anakan, punika saestunipun arta anggenipun nyambut wau badhe kadamel nyambut damel, ing wasana boten, lajeng kadamel angeca-eca kemawon, boten kapurih indhakipun, saestunipun mawon arta inggih lajeng telas, sampun malih ingkang anakipun awrat, sanadyan enthenga pisan inggih susah sanget anggenipun badhe bayar, amargi artanipun sampun telas. Kaliyan malih saupami tiyang ingkang badhe nyambut wau manawi kagalih anakanipun kawraten inggih sampun siyo kemawon anggenipun badhe nyambut, ingkang ngalampahaken arta rak inggih boten meksa, kaliyan malih tiyang nglampahaken arta wau boten nerak awisanipun nagari.

(Inggih leres anyambut tuwin anyambutaken punika tuwuhing rukun ananging tiyang anglampahaken yatra bingahanipun ngantos agangsal welasi utawi anikeli, punika punapa pantes bilih limrah inggih lakar limrah.
Juru gubah

Ing dinten Kemis kaping 29 wulan Mei warsa 1879 wonten cariyos saking Samarang, wonten tiyang anama Be, kaladosaken dhateng pulisi, jalaran kadakwa anglebeti griyanipun embok bulus dipun dekeki apyun 32 mirpat, ing mangke ingkang darbe griya kalih Be sami kalebet ing KUnjara, prakawis badhe kapriksa.
Punapa malih ing Bramartani anyariyosaken lelampahanipun para Cangsun, ingkang sami angarena dhateng Cina, tuwin tatiyang Jawi, malah kacariyos wonteningkang kalampahan nandhang tatu wonten ing sepur, saking ngenipun matrapaken sawenang-wenang, kasembuh kumecer para ngulat-ulatdaken angsala ganjaran ing sawatawis dinten tiyang wasta Karya Semita, dados pangindhungipun Nyai Saraga, gagriya ing Klurahan WEtan Nagari Surakarta, anuju karya semita badhe dhateng Kebon sumerep wotnen wadhah rek sumalempit wonten iga-iga gedhe griya ing wingking, sareng dipun pendhet isi tike, sarehningpun Karya Semita boten rumaos darbe saha karwartos sampun kathah tatiyang ingkang sami kenging pasangan, tiyang wau lajeng lapur dhateng prayantun pulisi ingkang bawahaken bokmanawi kadhatengan para congsun, dhawahipun den rongga, inggih dikakaken ngantos-atos sampun ngantos kalampahan kenging paekan, wekasan wanci jam 4 sonten para prakosa Congsun rawuh, angubes balegriya tuwin kebon nanging boten angsal damel, awit ingakng sumlempit sampun kamanungsan. Mila opera tiyang prayogi prayitna, bokmanawi kenging kala, inggih sanajan anglampahi kenging paukuman manawi temen anglampahi sadetike, tuwin apyun sapanjnggilanipun , kados sampun pantes wangsul tiyang punika wau yen sampuna sumerep pun wadhah rek ingkang kaaturaken raden Rongga, lah rak saksadipun rujag warasan, o inggih talah teka katurutan temen barang sejanipun mas, e inggih kados angsal berkahipun wit asem ing Kudus kang sampun rebah lajeng wungu malih.
Pamyarsa

Cariyosipun Nyonyah kang gadhah pasewan kaliyan Kaptining Baita Kapal
Ing saweneh Nyonyah ingkang gadhah griya pasewn anuju lenggah kaliyan para tuwan tuwan wonten ing Gadri ngajeng, gadrinipun ngajeng punika angongkang

margi ageng, anunten wonten kaptining baita kapal langkung, aningali bilih nyonyah lenggah kempal kalayan tuwan tuwan kathah, kaptin lajeng kendel sarwi wicanten: tabe nyonyah, yen Nyonyah kapareng, mugi anyedhiyakna godhogan tigan 10 ingkang satengah mateng, mangke sakedhap engkas kula kendel sarta anedha wonten ing ngriki, wangsulanipun Nyonyah anyagahi, tembungipun: prayogi, mangke kula sedhiyaning dhadhaharan sampeyan. Kaptining baita kapal sasampuning anganthuki, lajeng kesah malih, ing sanalika Nyonyah lajeng aken angolah sarta nyediyakaken punapa sapanedhanipun tuwan kaptin ing wau sampuning katata amirantos, tuwan kaptin dipun ajeng-ajeng ngantos sadinten muput boten dhateng –dhateng. Wasana laminipun ngantos dumugi 13 taun, punika tuwan kaptin saweg dhaeng sartapapanggiyan malih kaliyan Nyonyah, tuwan-tuwan ingkang ing nalika sawaunipun sumerep pakenipun tuwan kaptin aken angolahaken tigan rumiyin sami angojog-ojoki, Nyonyah kinen angerobena tatempuhipun dhateng kaptining baita kapal, anedha abayaran regining tigan sadasa ingkang sampun dipun ratengi kala samanten, mawi kapetanga upami tigan sadasa wau katetesaken mongka laminipun sampun, 13 taun, punika sampun dados pinten, sareng kapetang petang kapanggih ing gunggunganipun angungkuli aosing baitanipun tuwan kaptin, kuwan kaptin sareng katedhanan tatempah wau dahat lenggan ngantos prakawis punika dipun pilenggahaken datheng ing pangadilan landrat.

Pinten-pinten juru ambombong prakawis (Apokat) ingkang majeng angemban prakawisipun tuwan kaptin, ananging sami kasulaya sadaya, ngantos prakawis punika gumantung lami, sabab saweneh saksi saweg wonten ingkang kapambeng sakit, ddos dereng saged amancasi ing prakawisipun ingkang tamtu. Anuju satunggil dinten tuwan kaptin anganyer wonten ing kreteg aningali baitanipun labuh jangkar wonten ing plabuhan, rempu raosing galih, dangu-dangu kumembeng waspanira, awit ingkang kagagas badhe pitunanipun kang kabeskup dhateng nyonyah ingkang kinen angolahaken tigan rumiyin, tan antara dangu wontten tiyang tani saking dhusun langkung sacelakipun tuwan kaptin wau, sareng tiyang dhusun sumerep semunipun tuwan kaptin anandhang sungkawa,lajeng anyelak sarwi pitaken, sabab punapa tuwan rawat waspa, lah punapa ingkang andadosaken kemenganipun ing galih, ananging tuwan kaptin boten pisan-pisan nanggapi ing pitakenipun tiyang dhusun wau, tansah dipun ewani kemawon, sanajan pitakenipun tiayng dhusun wau ngantos ambal kaping tiga boten dipun rewes, suprandene ameksa pandhedhesipun dipun kaping sekawani tuwan kaptin langkung kewranipun ing galih, cepaking panggagasipun aluwung amangsulana, tinimbang kendel kemawon awit kamanah bilih estu andaluya, ananging wangsulanipun tuwan kaptin kanthi anjelu, kowe arep takon kasusahan aku iku paidahe apa, tur tak kandhanana masa biasha ambirat kasusahan aku,mundhak angodhal-adhil piker tiyang dhusun amangsuli tembungipun yen jawab tuwan dhateng kula mangkaten punika, saestu kenging kula wastani, yen tuwan estu angiyas kuwasanig Allah, sarta boten angengeti bilih maluk mangkaten kasinungan kadayan pyambak pyambak.

Wangsulanipun tiyang dhusun punika wau andadosaken wenganing engetanipun tuwan kaptin, nalika dipun weling denig bapakipun bilih pyambakipun gadhah kasusahan ing bab sadhengah, punika sampun ngantos kadamel wadi, balik anyriyosna dating titiyang ingkang wajib angudi pramila tuwan kaptin enggal anjalentrehaken saking wiwitan dumugi wekasanipun ingkang adamel susah, sarta pratela, biluh benjing-enjing wanci jam 9, tuwan kaptin sampun katamtokaken sowan ing pangadilan, awit saksinipun nyonyah sampun pepak sadaya, tiyang dhusun amangsuli malih tembungipun dene among mangkaten kemawon sasababipun, teka andedosaken celong inggih benjing-enjing kula ingkang nanggeni ing pisowan tuwan

dhateng ing palandratan, nanging tuwan sampun ngnatos angagengaken susah, boten botenipun tuwan boten menang, sarta yen tuwan menang, sampun susah susah anykani punapa punapa dhateng ing kula, tuwan kaptin amangsuli nanging wangunipun kadi angina, lo Manawa kowe bisa amenangake prakara ku, aku prajangji temen angewehi pituwas dhuwit kei 10,000 rupiyah slaka.
Enjingipun wanci jam 9, pasamuaning pradata sampun sami pepakan, dalah saksi saksi sampun sami dhateng, ananging ngantos dumugi wancijam 10, tiyang dhusun ingkang sagah makili ing tuwan kaptin dereng dhateng-dhateng, sareng badhe ngajengaken satengah sawelas wonten tiyang dhusun wandanipun elek indhakngener dhaeng parepatan ing ngriku, dene panganggenipun sarupi kados titiyang tani ingakng saweg anglalah sabin, malah tangan suku utawi awakipun sami tilas kuthah endhut, punika lajeng ngadhepek tanpa dipun larapaken, pangagenging pangadilan andangu kowe iku wong arep apa.
(Tiyang dhusun) kula tiyang tani ingkang dipun wakilaken pisowanipun tuwan katin, sarta ingkang kasuruhan angemban prakawisipun wonten ingngarsa tuwan.
(pangagenging pangadilan(kowe angaku wakile tuwankaptin sabab apa kantijam, satengah sawelas lagi teka,s arta panganggomu aseba ana ingpangadilan kaya mangkono, wah ku thah enthut
(tiyang dhusun) kula nyuwun pangapunten awit kula tiyang miskin ing dhusun,leres anggen kula tangi kala wau enjing wanci umun-umun nanging lajeng dhaenging sabin, anggatekaken nanem godhogan kacang, sareng sampun rampung ing pananem kula, kula kengetan bilih enjing punika kula anangggeni pisowanipun tuwan kaptin ing pangadilan, ing ngriku sanget kumejoting manah kula, mongka sampun radi siyang,mila kua dereng ngantos santun pangangget tuwin awisuh, lajeng enggal-enggal sowan ing ngarsa sampeyan punika.
Pangagenging pangadilan, boten saged ngampet gujeng temahan sinamun ing pangandika (kowe iku apa owah enget tamu, dene kacang kang wus kogodhog mateng teka ko tandur, iku apa bias tukul, ah kowe iku wong desa bodho banget, mara entenana kanti tutug jeboling jagad, marethukul-thukula.
(Tiyang Dhusun) Andengengek sarwi umatur, tuwan saged ngandika mangkaten cobi tuwan kula aturi anggalih, menggah tigan 10 ingkang sampun kagodhog mateng, sakin gpundi sagedipun netes dados ayam gesang laminipun ngantos 13 taun, sakin gpanginten kula tuwan boten anandukaken panimbang ingkang kapara landhung, tandhanipun dene amangalih badhe antesaken tigan buthuk ingkang sampun dipun ratengi.
Wangsulanipun tiyang dhusun mangkaten punika andadosaken dumuluring engetan,s arta anuwuhaken putusanipun ing prakawis, menangaken dhateng tuwan kaptining baita kapal, tuwan kaptin among ambayar regining tigan 10, ingkang kinen anggodhog rumiyin nyonyah kaleres boten angsal pangrobaginipun, sarta kajibah ambayar wragad-wragad wragading prakawis, punapa dene ambayar kapitunanipun tuwan kaptin anggenipun wonten salebetiing seregan, anilar padagangan sara angendelaken lampahing baitanipun kapal, dados ingkang kapitunan sarta kalingseman sanget, among nyonyah sasaksinipun, golongan klingseman.
Tuwan kaptin langkung bingah, awit lepat panyiptanipun, dene tiyang tani ing dhusun kemawon saged ambirat kasusahan sarta pitunanipun, pramila lajeng ambayar kropyok kasagahanipun mituwasi: 10,000 rupiyah slaka, utawi suka panarimah sanget langkung malih ing sungkemipun dhateng Allah, awit kapekasalaken antuk pitulungan ingkang tanpa upami.
Manungkara ing Kadipala.

Panjurung minongka wangsulan

//Sinom// Ulun sampun maos serat Bramartani tanggal kaping sangalikur Mei wulan ongka dwilikur cinari, ingkang katandhan dening, Mas Kata mangripta tuhu, surasaning pustaka, ambatang cangkriman patik, kanang tumrap bramartani kang candrama. Poncawelas ugi wulan ye kang kasebut ingnginggil menggah mangkaten punika, andadyeken sukeng kapti, de paduka ngudhari, kadadya bundheting kalbu, ing mangke lah sampun mudhar, kawahya dening sireki, suka pnther nulung janma miskin budya. Saking sukaning tyas amba, dewus kabatang kang klilip dadya mangke ambamurna,ngalembana ring sireki, ananging mung sakedhik lawan pinet parlunipun tulya kasebut ngandhap pratelanira pun pinging, ywa gumujeng reh ning awon dadatn pelag. O pambatang paduka mas ulun prasasat ken ugi, warek sacandhana ingkang, kacasak kesisan dening, pracundha andhatengi manempuh rising gonda rum dyan tumama gandanya, maring ongga anumusi, malah mandar suka pirena driyamba. Ngelun muleg gandanira, rum-arume amenuhi,maruta ngidit lagsita, marma gonda narambahi, mring sakojuring dhiri, wondene kang mangkoneku, cumemplong raosing tyas, lir janma neng pucak wukir, katetesan tirta sarira wismara. Inggih punika minongka, panggesanging ongga mami, panguncup paduka emas, ulun prasasat nen malih, janma aneng jro panti, peteng dhedhete kalangkung,kang mongka sampun lama, tansah mineptan den ngani, ddya datan pirsa padhang awa donya. Sareng wiwara buinuka, dyan medal suka tansipi, punika upamanira, kula kang aneng jro panti, paduka kang ngengani, patik kamantyan suk sru, ning teka maksih cuwa, dene pambatangireki, mung sajuga kang kasebut nginggil pyambak. Len paduka sung cangkriman, anging ugi mung sasiki, ela-dalah aprasasat paribasane wong meskin, sade udhed den tawani, welut dahat agengipun lumampah gemaiban sandhung sathok jengga patik nging sagadhuk-gaduk ulun dunh esnhdulsn. Lir kasbut ngandhap punika, wahyaning kanang palupi, cangkriman paduka emas tan wonten malih mung sraji, elah kewala mesthi pan wonte paedahipun upami tan wontena, garaji lah kadipundi, nyigar kajeng mung pinethelan kewala. JKang tartamtu pating growal tuwin datan saged aglis malah mandar tanpa karya, kang mongka arsa kinardi, usuk kang alit pami, tonging ngendon pantesipun, mungkaya tedhan brama, marmane graji puniki, sakamantyan akathah paedahira. Ing ngatsing tyang gagriya, sarta tukang wreksa sami, kedah kedah mangingaha, nenggih wau rising graji, menggah ksasebut nginggil, kilap lepat-lkeresipun, jalara mangkaten mas sampun sayah ongga patik, tan tuk bukti tuwin datan antuk nendra. Mung ngagnen-angen cangkriman, asandeya ambok bilah lepat ing panguncup amba, angingkang agung agsami, nenggih dhateng pun patik, rehing ulun taksih pugung, lan kirang seserepan, sarta ingpaminta patik, cangkriman mamba ugi kawahya apisan. Lan patik bram wus pratela, yen amba meskin pambudi, sarta lereging ukara, datan mangreti sathithik, wus sampat denya nganggit, ri soma ing tangggalipun, sawlas madilakirnya, warsa Be sangkala milir, pan angesthi cangkriman sarira amba.

Rare ing Gendhingsari,Katandhan pun Mintasraya

Candhakipun serat piwulang anggitan enggal

Pamardinira mringsunu, sadaya kudu linuwih, sinurupena ing sarak, didimen wruh ala becik, sakolah wigyaning nalar, mamangun udanagari. Ing pramasastra den putus, dimen lantip ing panggalih, kakawin miwah pralambang, ywa kewran sabarng kalir, lawan sakolah walonda, darapon wruh tata titi. Ananduki ing tatamu, tunalamun ora uninigm jeng gupremen sampun karya, ing saben saben nagari, sinung sakolah walonda, nadyaran rasan tan bangkit, Angger pratikele putus, kalamun jaman

samangkin, kathah samya anggagulang, ing gendhing kalawan musik, iku tan kena tinelad, akrya kuwuring galih. Noning guyup lan kukumpul temah kasengsem pawestri, memain lawan minuman, dudunggon-anggon taruni, dene benjang yn diwasa, kawigyan tan den waleri. Sdaya pratikelipun, amarsudi maring siwi, miwah laguning ngagesang, yekti sampun lebda sami, dene kang manira jarwa, kang prelu asring pinanggih. Mene ganti kang cinatur, sak wehning suta pawestri, atmajanira wo0ng sudra, ing dhusun kang sanget miskin, alit mala dadi rewang, babethakna nutu pari. Yen mongsa daderep pantun, nymbang tedhaning sudarmi, mung puniku karyanira, kawigyan arang pinardi, iku luputipun rena, wajib sinauwa bathik. Dondomi ngantih lan nenun, benjang yen wus mangun krami, ana kurangane pangan, ginajulan nambut kardi, buburuh bathine kathah, yekti tan kurang binukti.aywa pijer lenguk-lenguk, petan saseritan dhidhis, yenku wadon tuning karya, tombok Sonja den karemi, nora pantes den tiruwa, lamun nganrienggeng siwi. Adad wadon isih kuncung, kasusu binoja krami, salahe wong uwanira, dadine sok nora becik, mung melet mantu karyanya, den jak rerewang tetani. Lan susulih karyanipun, peparentahan nagari,nora mikir maring weak, simantu lama nganti,lawan wanuh wewanuhan, maring maratuwa estri. Lir kucing sesandhing tikus, yen lena yekti binukti, iku pratikelan layak, marma dipun ngatiyati, rabi lit sring papegatan,karya lewering pawestri. Kalumrahaning ngadhusun, nganti pring tri catur laki, arane lanjar-lanjaran, rondha randhanan salami, lire alit denya karma, kathah samya dadi ringgit.Saking kekathahen jalu, kekerepen mangun krami, bangkit milih nandhing priya, tan marem laki sawiji, dadi lonthe jajamahan,lama-lama manjing sindir. Denprayitna momong sunu, ywa nganti temah kadyeki, yen sutamuwarna pelag, yekti rebutan kang apti, malah sami jorjinoran, tatukon kebo lan sapi. Yen sira wus rada cukup, pasunging besan ywa melik, akarya tiwasing weak, sinambarang-marnag laki, rinenggkuh garwa tumbasan, watak kewong lakirabi. Prasudagar anakipun,lawan suta ne wong sugih, bondha beya nora kurang, kinarya wragading siwi, den pingita kan gprayoga, embane milih kang wasis. Kang kewesa solahipun, micara kang amaryayi, wigya mring udanagari, dimen tinut ing sakalir, embank sogataning weak, wruh ala kalawan becik. Pawestri sumbaganipun, tan lyan muna lawan muni, kewes dhemesing solah, yeku para botinng putrid, wuwuh pinunjul kawigyan, nyulam nyongkat ambalodir. Ywa kinon kang saru-saru, neynyandhak lawanlumaris, nutu adang maring pasar, nyda warnaning pawestri, yen nganti balung kawedal, sikil dubug nora becik.; PRiya kurang resepipun, kalamun suteng priyayi, ing pamarsudi tan kirang, kadya kang winahyweng ngarsi, prelu dimen wruh ing sastra, darapon pratonmeng kawi. Taksih wonten candhakipun.

Ongka 23, Kemis kaping 5 Juni 1879

Surakarta

Mangun Arja kaliyan Jaga Pawira, Pothet julig ingkang asring-asring angriridhu atasing katentremanipun pakampungan, ing mangke wartosipun sampun kapikut ing nagari, jalaran kacihna anggenipun anglempai durbrata, malah wonten saweneh priyantun mantra ingkang kacihna amandhegani lampah sarta ambekipun pun durhaka kalih wau, mugi-mugi angsal titi pariksanipun ing ngatasing tiyang titiga wau sampun ngantos kaluwaran amrgi kurang sampe terang dhiya punya salah, dados bilih daweg terang kemawon dereng kenging kagalih lepat.

Klathen sapunka sampun kenging dipun wastani mirah sandhang tuwin tedha raharja ingkang tinandhur, kuciwa sakedhik ingkng dados pangresulaning tiyangkathah, baen wonten malih naming kere punika menawi ngemis dhumaeng peken punika patrapipun sawenang-wenang menawi ngemis boten enggal lajeng nggregut kemawon menai sampun kathah angsalipun lajeng dhumateng ing pacinan tuwin dhateng ing gejawen mongka kere punika klangkung anggenipun gonad, o bok inggih ta wonten karsanipun ing parentah anyirnakaken kere punika.

Margi ageng ing sak ngajenganipun nyonyah molor sak punika katingal reget utawi jenes tuwin jeblik, ingkang mongka ngriku wau kaambah sak kathahipun tiyang dhateng ing sepurweh Klathen kala rumiyin sampun kadandosan tiyang krakalan inggih punika sangking karsanipun ing parentah, bok bilih menawi wonten karsanipun parentah malih karsaha garab margi punika.

Nalika tanggal kaping 25 wulan Mei punika, griyanipun agen nami Tirtadrana sampun kalebetan durjana pandung malebetipun pandung wau mawi babah sangking ngajengan sareng sampu malebet lajeng mendheti barng inakng wonten salebetipun griya, sarehning sampun telas anggenipu nmendheti barang badhe basuli malih, dereng ngantos dugi ngelebt pun Tirta drana estri lajeng nglilir, ngungak-ungak barangipun sampun baten wonten katingal sak wetane lawang wonten babahan pun Tirta estri wau lajeng ngadeg wonten ing sanginggiling babahan pun awon sawek dhumugi tengah tangah babahan tanganipun kumlawe badhe dipun raket baten kacandhak, dados pun tirta wau lajeng alok maling-maling, sarehning malin gsampun agenrit tongga tepalih sami dhateng ing ngriku o sakedhik pun Tirta jaler wau baten wonten ing griya bilih wontena griya antawis kula kecandhak pandung ipun, bate wonten malih ingkang patrol punika punapa tilem mawon, o bok inggih ta wonten karsanipun ing parentah andhawuhaken ingkang parol aken mubeng.

Dereng antawis lami, ing wanci dalu, griya gudhanging setatsiyun Klathen kalebetan pandung, sarana angegol lawanging gudhang wau, ingkang kenging kapendhet jenewe satunggal pathi, enjingipun lajeng tuwan Asisten REsidhen tindak anitipariksa, kadherekaken para agen, sakonduripn kanjeng tuwan, lurah agen, Setradikrama kanthi konca polisi. Lajeng sami angledhah sakiwatengenipun ing nriku, durjana, sacihnaipun kepangih teksih wetah, kathah ing durjana kalih, ing sak punikanipun kalih pisan kalebetaken ing kunjaran, lurah anggen setradikrama wau sampun sering sering anyirnakaken reregeding nagari.

Panjurung

Kinten wonten tigang dinten punika, lurah agen Setradikrama, tuwin langsir jayadimeja, sampun nyepeng apyun peteng wonten ing Kalibajing, dedhistrik kitha Klathen, kathahipun 6 tail, kacepengipun wonten ing margi, denten ingkang bekta apyun wau tiyang estri ingkang mentas balonja saking peken, Klathen, sakin

gaturipun apyun punika anggenipun manggih wonten ing margi, sarta boten sumerep manawi punika apyun, margi anggenipun manggih sampun wungkusan dados kalih.

MADIYUN

1. Ing wektu wuln punika dhistrik Caruban sabin sampun meh bakda panen, saha pantunipun katingal prayogi, andadosaken bingahipun para tiyang ingkang gadhah sabin saha tiyang ingkang sami derep.
2. Palawija ingkang wonten ing pemahan, kadosta: kaela kaspa, tales apanunggilanipun ugi katingal medal saha prayogi.
3. Pager-pager ing dhusun dhusun miwah wradinanipun ugi katingal prayogi.
4. Wradinanipun kreta sepur weh, sampun wiwit kagarap, saha pangajeng-ajenging kathah tumuntena dados, benjing manawi sampun dados saha kretanipun sampun lumampah, saiba ramene tuwin bingahipun para priya, jlig dhateng Surabaya, jlig dhateng Sala, tuwin dhateng Samarang
5. Inggal punika bandara raden mas Tumenggung saha tuwan Kontrolir sami rawuh ingdhistrik CAruban pepirsa kebon kopi ing ara-ara waru tuwin ing Tawangreja, wasana wonten ing Kebon kopi Tawangreja, lajeng paring dhawuh dhateng WEdana, manawi kebon kopi ngriku ingkang pancen sitenipun awon dikakaken anilar utawi kebon taopeni, awit kagalih boten saged medal utawi boten timbang anggening rekaos, saha mindhak damel pitunanin gtiyang alit mawon o punika leres.
6. Bab pandung wektu puika meh boten wonten awit saking kencenging pulisi ngriku, punapa malih bandara raden mas tumenggung, taberi nastiti,boten galih sayah tuwin kirang sare, sok ugi mindhak tentreming tiyan gagriya
7. Ewa samanten inggal punika kula maos srat kabar slompret Melayu, ing ngriku wonten ingkang katandhan Amat Karya, gotek utawi ngacemong, bilih kampongan dhistrik Caruban wiwit kathah pandung, Ah, Em, gumun sanget kula, wonten tiyang makaten punika, punapa badhe pados alem, manawi badhe pados alem utawi pados ihing para ageng, labok pados sanesipun, sampun kok dados tumbak cucukan makaten, manawi ing tembe konangan pulisi ngriku, masthi Amat Karya biru, utawilajeng kadakwa yen Amat Karya ingkang ngresahi kampong ngriku.

CAMBORAN

Wonten tiyang kakalih mentas sami jagong, antukipun sampun sami amendem, ingkang satunggal saweg kemapo, satunggalipun sampun kesangetan ing endemipun, saroning lampahipun tiyang kakalih punika kedah anyabrang ing lepen, dados tiyang ingkang sawek Kemampo wau taksih gadhah pangatos-atos, wicantenipun: iki anyabrang kali, ayo kowe tak tuntun, awit lakumu uwis saleyoran bar, tiyang ingkang mendem sanget amangsuli: mengko sarehne sadhela, awit samubarang kang tak deleng padha amubeng kabeh, saka pangiraku, omah mulane omahku, iya padha mubeng uga, mulane becik anunggoni ing kene bae, angenteni Manawa ubenge omah mulane omah ku wus padha tutu king kene, dadi ora kadohan ing laku.

PANJURUNG

Kula sampun maos ing Bramartani, ongka 21 anyariyosaken bab tiyang nyambutaken arta, utawi tiyang ingkang nyambut, punika saking pamanggih kula, sami denten kemawon saking bab anakan kathah kedhik saestunipun ingkang gadhah arta boten meksa, dados sami rukunan, saupami boten wonten ingkang nglampahaken arta, gek kados pundit kemawon solahipun ingkang sami pinuju betah, wah mawi sanget, mila saking pamanggih kula pyambak tiyang nglampahaken arta wau sami-sami, tulung-tinulungan. Punapa malih tiyang benter amadosaken panyauripun, punika pamanggih kula saking inanipun pyambak liripun makaten, kados ta tiyang nyambut arta mawi anakan, punika saestunipun arta anggenipun nyambut wau badhe kadamel nyambut damel, ing wasana boten, lajeng kadamel angeca-eca kemawon, boten kapurih indhakipun, saestunipun mawon arta inggih lajeng telas, sampun malih ingkang anakipun awrat, sanadyan enthenga pisan inggih susah sanget anggenipun badhe bayar, amargi artanipun sampun telas. Kaliyan malih saupami tiyang ingkang badhe nyambut wau manawi kagalih anakanipun kawraten inggih sampun siyo kemawon anggenipun badhe nyambut, ingkang ngalampahaken arta rak inggih boten meksa, kaliyan malih tiyang nglampahaken arta wau boten nerak awisanipun nagari.

(Inggih leres anyambut tuwin anyambutaken punika tuwuhing rukun ananging tiyang anglampahaken yatra bingahanipun ngantos agangsal welasi utawi anikeli, punika punapa pantes bilih limrah inggih lakar limrah.
Juru gubah

Ing dinten Kemis kaping 29 wulan Mei warsa 1879 wonten cariyos saking Samarang, wonten tiyang anama Be, kaladosaken dhateng pulisi, jalaran kadakwa anglebeti griyanipun embok bulus dipun dekeki apyun 32 mirpat, ing mangke ingkang darbe griya kalih Be sami kalebet ing KUnjara, prakawis badhe kapriksa.
Punapa malih ing Bramartani anyariyosaken lelampahanipun para Cangsun, ingkang sami angarena dhateng Cina, tuwin tatiyang Jawi, malah kacariyos wonteningkang kalampahan nandhang tatu wonten ing sepur, saking ngenipun matrapaken sawenang-wenang, kasembuh kumecer para ngulat-ulatdaken angsala ganjaran ing sawatawis dinten tiyang wasta Karya Semita, dados pangindhungipun Nyai Saraga, gagriya ing Klurahan WEtan Nagari Surakarta, anuju karya semita badhe dhateng Kebon sumerep wotnen wadhah rek sumalempit wonten iga-iga gedhe griya ing wingking, sareng dipun pendhet isi tike, sarehningpun Karya Semita boten rumaos darbe saha karwartos sampun kathah tatiyang ingkang sami kenging pasangan, tiyang wau lajeng lapur dhateng prayantun pulisi ingkang bawahaken bokmanawi kadhatengan para congsun, dhawahipun den rongga, inggih dikakaken ngantos-atos sampun ngantos kalampahan kenging paekan, wekasan wanci jam 4 sonten para prakosa Congsun rawuh, angubes balegriya tuwin kebon nanging boten angsal damel, awit ingakng sumlempit sampun kamanungsan. Mila opera tiyang prayogi prayitna, bokmanawi kenging kala, inggih sanajan anglampahi kenging paukuman manawi temen anglampahi sadetike, tuwin apyun sapanjnggilanipun , kados sampun pantes wangsul tiyang punika wau yen sampuna sumerep pun wadhah rek ingkang kaaturaken raden Rongga, lah rak saksadipun rujag warasan, o inggih talah teka katurutan temen barang sejanipun mas, e inggih kados angsal berkahipun wit asem ing Kudus kang sampun rebah lajeng wungu malih.
Pamyarsa

Cariyosipun Nyonyah kang gadhah pasewan kaliyan Kaptining Baita Kapal
Ing saweneh Nyonyah ingkang gadhah griya pasewn anuju lenggah kaliyan para tuwan tuwan wonten ing Gadri ngajeng, gadrinipun ngajeng punika angongkang

margi ageng, anunten wonten kaptining baita kapal langkung, aningali bilih nyonyah lenggah kempal kalayan tuwan tuwan kathah, kaptin lajeng kendel sarwi wicanten: tabe nyonyah, yen Nyonyah kapareng, mugi anyedhiyakna godhogan tigan 10 ingkang satengah mateng, mangke sakedhap engkas kula kendel sarta anedha wonten ing ngriki, wangsulanipun Nyonyah anyagahi, tembungipun: prayogi, mangke kula sedhiyaning dhadhaharan sampeyan. Kaptining baita kapal sasampuning anganthuki, lajeng kesah malih, ing sanalika Nyonyah lajeng aken angolah sarta nyediyakaken punapa sapanedhanipun tuwan kaptin ing wau sampuning katata amirantos, tuwan kaptin dipun ajeng-ajeng ngantos sadinten muput boten dhateng –dhateng. Wasana laminipun ngantos dumugi 13 taun, punika tuwan kaptin saweg dhaeng sartapapanggiyan malih kaliyan Nyonyah, tuwan-tuwan ingkang ing nalika sawaunipun sumerep pakenipun tuwan kaptin aken angolahaken tigan rumiyin sami angojog-ojoki, Nyonyah kinen angerobena tatempuhipun dhateng kaptining baita kapal, anedha abayaran regining tigan sadasa ingkang sampun dipun ratengi kala samanten, mawi kapetanga upami tigan sadasa wau katetesaken mongka laminipun sampun, 13 taun, punika sampun dados pinten, sareng kapetang petang kapanggih ing gunggunganipun angungkuli aosing baitanipun tuwan kaptin, kuwan kaptin sareng katedhanan tatempah wau dahat lenggan ngantos prakawis punika dipun pilenggahaken datheng ing pangadilan landrat.

Pinten-pinten juru ambombong prakawis (Apokat) ingkang majeng angemban prakawisipun tuwan kaptin, ananging sami kasulaya sadaya, ngantos prakawis punika gumantung lami, sabab saweneh saksi saweg wonten ingkang kapambeng sakit, ddos dereng saged amancasi ing prakawisipun ingkang tamtu. Anuju satunggil dinten tuwan kaptin anganyer wonten ing kreteg aningali baitanipun labuh jangkar wonten ing plabuhan, rempu raosing galih, dangu-dangu kumembeng waspanira, awit ingkang kagagas badhe pitunanipun kang kabeskup dhateng nyonyah ingkang kinen angolahaken tigan rumiyin, tan antara dangu wontten tiyang tani saking dhusun langkung sacelakipun tuwan kaptin wau, sareng tiyang dhusun sumerep semunipun tuwan kaptin anandhang sungkawa,lajeng anyelak sarwi pitaken, sabab punapa tuwan rawat waspa, lah punapa ingkang andadosaken kemenganipun ing galih, ananging tuwan kaptin boten pisan-pisan nanggapi ing pitakenipun tiyang dhusun wau, tansah dipun ewani kemawon, sanajan pitakenipun tiayng dhusun wau ngantos ambal kaping tiga boten dipun rewes, suprandene ameksa pandhedhesipun dipun kaping sekawani tuwan kaptin langkung kewranipun ing galih, cepaking panggagasipun aluwung amangsulana, tinimbang kendel kemawon awit kamanah bilih estu andaluya, ananging wangsulanipun tuwan kaptin kanthi anjelu, kowe arep takon kasusahan aku iku paidahe apa, tur tak kandhanana masa biasha ambirat kasusahan aku,mundhak angodhal-adhil piker tiyang dhusun amangsuli tembungipun yen jawab tuwan dhateng kula mangkaten punika, saestu kenging kula wastani, yen tuwan estu angiyas kuwasanig Allah, sarta boten angengeti bilih maluk mangkaten kasinungan kadayan pyambak pyambak.

Wangsulanipun tiyang dhusun punika wau andadosaken wenganing engetanipun tuwan kaptin, nalika dipun weling denig bapakipun bilih pyambakipun gadhah kasusahan ing bab sadhengah, punika sampun ngantos kadamel wadi, balik anyriyosna dating titiyang ingkang wajib angudi pramila tuwan kaptin enggal anjalentrehaken saking wiwitan dumugi wekasanipun ingkang adamel susah, sarta pratela, biluh benjing-enjing wanci jam 9, tuwan kaptin sampun katamtokaken sowan ing pangadilan, awit saksinipun nyonyah sampun pepak sadaya, tiyang dhusun amangsuli malih tembungipun dene among mangkaten kemawon sasababipun, teka andedosaken celong inggih benjing-enjing kula ingkang nanggeni ing pisowan tuwan

dhateng ing palandratan, nanging tuwan sampun ngnatos angagengaken susah, boten botenipun tuwan boten menang, sarta yen tuwan menang, sampun susah susah anykani punapa punapa dhateng ing kula, tuwan kaptin amangsuli nanging wangunipun kadi angina, lo Manawa kowe bisa amenangake prakara ku, aku prajangji temen angewehi pituwas dhuwit kei 10,000 rupiyah slaka.
Enjingipun wanci jam 9, pasamuaning pradata sampun sami pepakan, dalah saksi saksi sampun sami dhateng, ananging ngantos dumugi wancijam 10, tiyang dhusun ingkang sagah makili ing tuwan kaptin dereng dhateng-dhateng, sareng badhe ngajengaken satengah sawelas wonten tiyang dhusun wandanipun elek indhakngener dhaeng parepatan ing ngriku, dene panganggenipun sarupi kados titiyang tani ingakng saweg anglalah sabin, malah tangan suku utawi awakipun sami tilas kuthah endhut, punika lajeng ngadhepek tanpa dipun larapaken, pangagenging pangadilan andangu kowe iku wong arep apa.
(Tiyang dhusun) kula tiyang tani ingkang dipun wakilaken pisowanipun tuwan katin, sarta ingkang kasuruhan angemban prakawisipun wonten ingngarsa tuwan.
(pangagenging pangadilan(kowe angaku wakile tuwankaptin sabab apa kantijam, satengah sawelas lagi teka,s arta panganggomu aseba ana ingpangadilan kaya mangkono, wah ku thah enthut
(tiyang dhusun) kula nyuwun pangapunten awit kula tiyang miskin ing dhusun,leres anggen kula tangi kala wau enjing wanci umun-umun nanging lajeng dhaenging sabin, anggatekaken nanem godhogan kacang, sareng sampun rampung ing pananem kula, kula kengetan bilih enjing punika kula anangggeni pisowanipun tuwan kaptin ing pangadilan, ing ngriku sanget kumejoting manah kula, mongka sampun radi siyang,mila kua dereng ngantos santun pangangget tuwin awisuh, lajeng enggal-enggal sowan ing ngarsa sampeyan punika.
Pangagenging pangadilan, boten saged ngampet gujeng temahan sinamun ing pangandika (kowe iku apa owah enget tamu, dene kacang kang wus kogodhog mateng teka ko tandur, iku apa bias tukul, ah kowe iku wong desa bodho banget, mara entenana kanti tutug jeboling jagad, marethukul-thukula.
(Tiyang Dhusun) Andengengek sarwi umatur, tuwan saged ngandika mangkaten cobi tuwan kula aturi anggalih, menggah tigan 10 ingkang sampun kagodhog mateng, sakin gpundi sagedipun netes dados ayam gesang laminipun ngantos 13 taun, sakin gpanginten kula tuwan boten anandukaken panimbang ingkang kapara landhung, tandhanipun dene amangalih badhe antesaken tigan buthuk ingkang sampun dipun ratengi.
Wangsulanipun tiyang dhusun mangkaten punika andadosaken dumuluring engetan,s arta anuwuhaken putusanipun ing prakawis, menangaken dhateng tuwan kaptining baita kapal, tuwan kaptin among ambayar regining tigan 10, ingkang kinen anggodhog rumiyin nyonyah kaleres boten angsal pangrobaginipun, sarta kajibah ambayar wragad-wragad wragading prakawis, punapa dene ambayar kapitunanipun tuwan kaptin anggenipun wonten salebetiing seregan, anilar padagangan sara angendelaken lampahing baitanipun kapal, dados ingkang kapitunan sarta kalingseman sanget, among nyonyah sasaksinipun, golongan klingseman.
Tuwan kaptin langkung bingah, awit lepat panyiptanipun, dene tiyang tani ing dhusun kemawon saged ambirat kasusahan sarta pitunanipun, pramila lajeng ambayar kropyok kasagahanipun mituwasi: 10,000 rupiyah slaka, utawi suka panarimah sanget langkung malih ing sungkemipun dhateng Allah, awit kapekasalaken antuk pitulungan ingkang tanpa upami.
Manungkara ing Kadipala.

Panjurung minongka wangsulan

//Sinom// Ulun sampun maos serat Bramartani tanggal kaping sangalikur Mei wulan ongka dwilikur cinari, ingkang katandhan dening, Mas Kata mangripta tuhu, surasaning pustaka, ambatang cangkriman patik, kanang tumrap bramartani kang candrama. Poncawelas ugi wulan ye kang kasebut ingnginggil menggah mangkaten punika, andadyeken sukeng kapti, de paduka ngudhari, kadadya bundheting kalbu, ing mangke lah sampun mudhar, kawahya dening sireki, suka pnther nulung janma miskin budya. Saking sukaning tyas amba, dewus kabatang kang klilip dadya mangke ambamurna,ngalembana ring sireki, ananging mung sakedhik lawan pinet parlunipun tulya kasebut ngandhap pratelanira pun pinging, ywa gumujeng reh ning awon dadatn pelag. O pambatang paduka mas ulun prasasat ken ugi, warek sacandhana ingkang, kacasak kesisan dening, pracundha andhatengi manempuh rising gonda rum dyan tumama gandanya, maring ongga anumusi, malah mandar suka pirena driyamba. Ngelun muleg gandanira, rum-arume amenuhi,maruta ngidit lagsita, marma gonda narambahi, mring sakojuring dhiri, wondene kang mangkoneku, cumemplong raosing tyas, lir janma neng pucak wukir, katetesan tirta sarira wismara. Inggih punika minongka, panggesanging ongga mami, panguncup paduka emas, ulun prasasat nen malih, janma aneng jro panti, peteng dhedhete kalangkung,kang mongka sampun lama, tansah mineptan den ngani, ddya datan pirsa padhang awa donya. Sareng wiwara buinuka, dyan medal suka tansipi, punika upamanira, kula kang aneng jro panti, paduka kang ngengani, patik kamantyan suk sru, ning teka maksih cuwa, dene pambatangireki, mung sajuga kang kasebut nginggil pyambak. Len paduka sung cangkriman, anging ugi mung sasiki, ela-dalah aprasasat paribasane wong meskin, sade udhed den tawani, welut dahat agengipun lumampah gemaiban sandhung sathok jengga patik nging sagadhuk-gaduk ulun dunh esnhdulsn. Lir kasbut ngandhap punika, wahyaning kanang palupi, cangkriman paduka emas tan wonten malih mung sraji, elah kewala mesthi pan wonte paedahipun upami tan wontena, garaji lah kadipundi, nyigar kajeng mung pinethelan kewala. JKang tartamtu pating growal tuwin datan saged aglis malah mandar tanpa karya, kang mongka arsa kinardi, usuk kang alit pami, tonging ngendon pantesipun, mungkaya tedhan brama, marmane graji puniki, sakamantyan akathah paedahira. Ing ngatsing tyang gagriya, sarta tukang wreksa sami, kedah kedah mangingaha, nenggih wau rising graji, menggah ksasebut nginggil, kilap lepat-lkeresipun, jalara mangkaten mas sampun sayah ongga patik, tan tuk bukti tuwin datan antuk nendra. Mung ngagnen-angen cangkriman, asandeya ambok bilah lepat ing panguncup amba, angingkang agung agsami, nenggih dhateng pun patik, rehing ulun taksih pugung, lan kirang seserepan, sarta ingpaminta patik, cangkriman mamba ugi kawahya apisan. Lan patik bram wus pratela, yen amba meskin pambudi, sarta lereging ukara, datan mangreti sathithik, wus sampat denya nganggit, ri soma ing tangggalipun, sawlas madilakirnya, warsa Be sangkala milir, pan angesthi cangkriman sarira amba.

Rare ing Gendhingsari,Katandhan pun Mintasraya

Candhakipun serat piwulang anggitan enggal

Pamardinira mringsunu, sadaya kudu linuwih, sinurupena ing sarak, didimen wruh ala becik, sakolah wigyaning nalar, mamangun udanagari. Ing pramasastra den putus, dimen lantip ing panggalih, kakawin miwah pralambang, ywa kewran sabarng kalir, lawan sakolah walonda, darapon wruh tata titi. Ananduki ing tatamu, tunalamun ora uninigm jeng gupremen sampun karya, ing saben saben nagari, sinung sakolah walonda, nadyaran rasan tan bangkit, Angger pratikele putus, kalamun jaman

samangkin, kathah samya anggagulang, ing gendhing kalawan musik, iku tan kena tinelad, akrya kuwuring galih. Noning guyup lan kukumpul temah kasengsem pawestri, memain lawan minuman, dudunggon-anggon taruni, dene benjang yn diwasa, kawigyan tan den waleri. Sdaya pratikelipun, amarsudi maring siwi, miwah laguning ngagesang, yekti sampun lebda sami, dene kang manira jarwa, kang prelu asring pinanggih. Mene ganti kang cinatur, sak wehning suta pawestri, atmajanira wo0ng sudra, ing dhusun kang sanget miskin, alit mala dadi rewang, babethakna nutu pari. Yen mongsa daderep pantun, nymbang tedhaning sudarmi, mung puniku karyanira, kawigyan arang pinardi, iku luputipun rena, wajib sinauwa bathik. Dondomi ngantih lan nenun, benjang yen wus mangun krami, ana kurangane pangan, ginajulan nambut kardi, buburuh bathine kathah, yekti tan kurang binukti.aywa pijer lenguk-lenguk, petan saseritan dhidhis, yenku wadon tuning karya, tombok Sonja den karemi, nora pantes den tiruwa, lamun nganrienggeng siwi. Adad wadon isih kuncung, kasusu binoja krami, salahe wong uwanira, dadine sok nora becik, mung melet mantu karyanya, den jak rerewang tetani. Lan susulih karyanipun, peparentahan nagari,nora mikir maring weak, simantu lama nganti,lawan wanuh wewanuhan, maring maratuwa estri. Lir kucing sesandhing tikus, yen lena yekti binukti, iku pratikelan layak, marma dipun ngatiyati, rabi lit sring papegatan,karya lewering pawestri. Kalumrahaning ngadhusun, nganti pring tri catur laki, arane lanjar-lanjaran, rondha randhanan salami, lire alit denya karma, kathah samya dadi ringgit.Saking kekathahen jalu, kekerepen mangun krami, bangkit milih nandhing priya, tan marem laki sawiji, dadi lonthe jajamahan,lama-lama manjing sindir. Denprayitna momong sunu, ywa nganti temah kadyeki, yen sutamuwarna pelag, yekti rebutan kang apti, malah sami jorjinoran, tatukon kebo lan sapi. Yen sira wus rada cukup, pasunging besan ywa melik, akarya tiwasing weak, sinambarang-marnag laki, rinenggkuh garwa tumbasan, watak kewong lakirabi. Prasudagar anakipun,lawan suta ne wong sugih, bondha beya nora kurang, kinarya wragading siwi, den pingita kan gprayoga, embane milih kang wasis. Kang kewesa solahipun, micara kang amaryayi, wigya mring udanagari, dimen tinut ing sakalir, embank sogataning weak, wruh ala kalawan becik. Pawestri sumbaganipun, tan lyan muna lawan muni, kewes dhemesing solah, yeku para botinng putrid, wuwuh pinunjul kawigyan, nyulam nyongkat ambalodir. Ywa kinon kang saru-saru, neynyandhak lawanlumaris, nutu adang maring pasar, nyda warnaning pawestri, yen nganti balung kawedal, sikil dubug nora becik.; PRiya kurang resepipun, kalamun suteng priyayi, ing pamarsudi tan kirang, kadya kang winahyweng ngarsi, prelu dimen wruh ing sastra, darapon pratonmeng kawi. Taksih wonten candhakipun.

Ongka 24, Kemis kaping 12 Juni 1879

SURAKARTA
Ing mangke nagari sanget anggenipun angudi, ingkang amurih sirnaning tiyang Cina ingkang manggen ing kajawen sasampunipun wonten papacak.

YOGYAKARTA
Sampun lami boten wonten pawartosipun tiyang kakecon sami kakinten bilih panggaotan wau sampun angalih dhateng sanes nagari, ananging ing mangke awit wonten malih, ing dhusun Trayu tuwin ing dhusun Wana Peti, bawah ing Pakualaman Mandar kecunipun wonten ingkang kataton ananging kenging karebat dening kancanipun kecu kathahipun ngantos tiyang tigangdasa, saben-saben ingkang kabekta rajakaya.
Wonten parawrtos anginan bilih wonten gegelenganipun para kecu kadenganngan pulisi, dados boten saged anindakaken pikajenganipun awon bilih pulisi lampahipun cukut tuwin patitis makaten saestulapah kadurjanan nunten badhe sirna, sarehnin gpratelaning pawartos wau boten patosa terang, pramila pawartos wau kaewokaken dhatng pawartos anginan ananging bilih saesytu makaten pulisi pantes den alembana.

Ing dhusun Jatingarang bawah kabupaten ing Nanggulan pun Mustai mentasdipun pandungi, lebetipun pun pandung sarana ambabah, ananging pun Mustami boten purun lapur dhateng kapulisen dene dipun takeni wanggsulanipun makaten sanadyan dak lapurna barnagku kang ilang iya ora bali, mandar Manawa aku anglapurake, aku kailangan dhuwit maneh, lan aku kapitunan gawe oleh ku wira-wiri dipariksa, kateranganipun ingkang sampun dados adapt bilih tiyang kapandungan minggahlapur dhateng kapulisen kedah anyangking tumpeng tiga, kanthi dhaharan sanesipun kalih welas warni, wah mawi bibingah warni yatra amurih angsalipun serat biwara, lalampah makaten wau saestu anebihaken pikajengipunpara tiyagn anglanguraken papandungan tuwin sanesipun kadurjanan pramila mugi kapayarsa apara wajib supados saged anyirnakaken lalampah wau, awit badhe anuwuhaken karisakanipun para alit. (Mataram).
Pp----------
(Pramil anak kula jaler kula kudang saageda dados pulisi, ngriki angsal patebasing rukun damel mawi taksih kenging anyambat para tiyang ing bawahipun dipun urupaken gugur gunung, saha kaeccakaken dhateng panggaraping padamelan ingkang sampun katebas ngrika asal tumpeng, dhaharan saensipun tuwin yatra. Juru gubah).

Ing bab Majid Indrapuri kenging kapracondhang denign wadya Nederlan.
Kala kaping 24 Maret kapengker punika wadya Nederlan Bidhal saking Cotbosoturi, ingkang dados panganjur gelengan ongka 2 dipun senapateni denign Obrusgodhin ingkang wonten ing wadya gelengan ongka 1 inggih punika wadya kapalan bataliyon ongka 5 ingkang dados pangirid kumpeni ongka 2, saking batalyon kacawelas.
Ing nalika saweg lumampah wadya panganjur kasanjatan saking peken bakah RIyu sarta sakingkampung anak gle ingkang dumunung wonten anggrani redi, kaptin Dhekrus tuwin sanesipun sami kabranan.
Mengsah ingkang wonten ing peken Bakahriyu katondhak dening mimisiipun wadyua Nederlan sanalika punika kompeni ongka 2 sakin gbataliyon ongka 2 kaabanan anyieg

panyanjataning mengsah ingkang saking anggraning redi, sarta ngoyak mengsah wau kesah saking ngriku.
Lampahing kompeni sanget pakewed awit mawi minggah ing redi miwah muwun ing jujurang, wah dipun senjatani dening mengsah boten kendhat kendhat ananging kengingn kawastanan begja, dene ingkang karaatan among seengsen bongsa Nederlan 1 tuwin juru pamawan sanjata bongsa Afrikah 7 iji.
Wadya ingkang kathah samilumampah ing margi ageng, margipunika sanget risak sarta wadya wau mawi dipun sanjatani dening mengsah saking kampong sameli tuwin kampong riki, boten watawis dangupanyanjataning mengsah kendel saha lajeng mundur dhateng ing Laut Wetan wasana sareng lampahipun wadya Nederlan dumugi ing nglekambi, tumunten dipun sanjatani malih dening mengsah.
Wadya panganjur lajeng kasanjatanan saking anggrani redi-redi, tumunten Kendal lampahipun wonten ing ngriku, sarta angrakit mariyem kakalih sareng mariyem kaungelaken sanalika panyanjataning mengsah saking anggrani redi-redi wau kendel.
Sareng Bataliyon ongka 50 dumugi anggraning redi Glekambi, kompeninipun satunggil tumunten angrakit mariyem kakalih kaangge mriyemi masjid Indrapuri ingkang kapwernah wonten sabrangan lepen watawis 250 jangkah tebihipun panyanjataning mengsah boten kendhat-kendhat.
Sareng barisan ageng dumugi ing kampugn riki lajeng apacak baris wonten ingpasabinan ngriku, sarta wonten wadya, 2 kompeni ingkang minongka dados tatameng:
Sasampunipun mangkaten wadya tigang kompeni saking Bataliyon ongka 5, kaangkataken dhateng ing Glekambing, kawewahan sabragada, saha kala samanten wadya kapalan sagelengan lumampah dhateng lepen Medal iringaning redi ingkang kapernah sisih ler, tuwin malih wadya kapalan tigang kompeni saking bataliyon ongka 39 kaangkataken dhateng ing Glekambing, kawewahan sabragada, saha kala samanten wadya kapalan sagelengan lumampah dhateng lepen medal iringaning redi ingkang kapernah sisih ler, tuwin malih wadya kapalan tigang kompeni saking bataliyon ongka 5 lumampah wonten iringaning redi kapernah sisih kidul angener dhateng sawenehing panggenan ingakng nglangkungi lepen kenging dipun sabrangi.
Lampahipun wadya Nederlan kasisiwo dening panyanjataning mengsah ing kang tanpa kendhat sareng masanipun sampun sae wadya snjata gelengan tuwin sadaya wadya kapal lan lajeng wiwit amriyemi masjid boten kendel-kendel. Kacariyos kompeni ongka 3 saking bataliyon ongka 50 ingkang badhe nyabrang lepen wau sareng saweg mudhun sumerep bilih lepenipun banjir tumunten boten siyos. Lajeng wonten saweneh ing tiyang ngacih juru patedah margi anama pasei sagah nglangi dumugi ing pasabrang sara adados latu wonten ing griya ingkang dumunung wonten ing Sabrang wau, ciptanipun bilih latyu wau sampun dados mengsah amasthi losos saking masjid Indrapuri. Juru patedah margi tumunten ngelagi mawi anyunggi rekbul kanthi prajurit Bugis 4 iji.
Sareng sampun dumugi ing sabrang lajen gtumandang ambesmi griya satungggil ingkang tebihipun kinten tigang atus jangkah saking masjid kala samanten panyanjataning mengsah boten kendhat-kendhat ananging oten karaosakenlitnan Sekewak tuwin litnan Pepradhi kalajeng tumut ngelangi dhateng ing sarbang akalayan prajurit Bugis 50 iji sami sikep dadamel boten ngantos dangu saged angebroki masjid Indrapuri ingkang pancen sampun katilar dening mengsah.
Sareng wanci madyaning rahinte para wadya lajeng sami nyabrang ing lepen ingkang ngebroki masjid wau ngantos jangkep 2 kompeni, wadya kompeni sanesipun punika taksih ngentosi sobbing banjir, manawi sampun sob lajeng nyabrang ambekta rijeki, dene gelengan ongka 2, kaabanan angebroki ing gle kambing, sarta lepen sasisih ing

gle kambing wau, sareng wanci satidhem ming surya sadaya wa saweg purna kala kaping 26 Maret tungkung bintang ing Indrapuri umareg dhateng pabarisan badhe sumungkem dhateng paprentahan gupermen Indiya Nederlan salajengipun tungkung bintang kakintunaken dhateng panggenan komandhan sapangiringipun.

SAWENEHING SERAT BASA MALAYU

Akathah serat basa Malayu ingkang kangge wonten ing pamulanganipun Kanjeng Gupermen serat wau wonten ingakng anama: Kitab hal djinis djinis kapandean orang Europa. Kaanggit dening tuwan N Graplan Pandhita ing Tanawangka paresidhenan Menadho, menggah isinipun anetepi alamatipun kadosta: Amratelakaken bab anglampahaken toya, bab dilah gas ab baita asep bab kareta asep bab pakempalaning serat serat ingkang kawontenaken denign para guyuban bab anglampahaken sarta anglempakaken arta, bab serat kabar, babkawruh kakarangan utawi ikayat bab angecap serat bab awa tuwin sanes-sanesipun.
Ig ngatasing pacrabakanipun kanjeng gupermen ingkang gurunipun sugih kawigyan saha seneng dhateng kawajibanipun serat ingkang isinipun mangkaten wau amasthi mahalani dhateng siswa pangakt katiga, ing bab panggusthi sarta pangudinipun dhateng prakawis ingakng kathah paedahipun.
Sarehning [a,I;amgam kawo omggoj amgamgge serat wau, saderengipun wigya wiyata anerangaken pikajenganipun para murid sami kaweken mila para murid kedah sumerep rumiyin dhateng tegesipun, punapa dene tiyang anggayuh dhateng kawruh inggil punika, kedah mawi gagaran kawruh endhek rumiyin mongka serat ingakng isi pun amaedahi sanget dhateng murid pangkat katiga mangkaten wau dereng wonten santunipun ing basa jawi. Wondene pamulangan malayu sampun watawis lami pakantukipun serat wau, maedahi kangge waosan tuwin dhateng arti (slompret Malayu).

Sakingpamireng kula sampun wonten priyantun jawi ing Surakarta ngriki, ingkang anjawekaken kitab kasebut nginggil punika, malah kawartosa sampun dipun aturken dhateng ing Batawi, nanging katampen utawi botenipun kula dereng midhanget wartos malih.
Juru ngarang

JURU NUJUM

Kala ing jaman kina akathah tiyang ingkang amemeca samukawis ingkang dereng kalampahan ingkang kadamel wawatonin gmeca wau ibering peksi, ungelipun sasaminipun.
Kacariyos wonten ratu anglurug perng, sedheng prajurit sami lumaksana, wonten juru nujum satunggil awawarah, bilih sumerep wonten peksi mencok punika kedah dipun awasaken iberipun manawi iberipun lajeng ngalamat yen sang nata badhe unggul ing yuda manawi wangsul ngalamat badhe katitih.
Sakathahing bala tontra tumunten mandheg angawasaken iberipun peksiingakng mencok sarta sami angandhut sumelang, ananging wonten tontra satunggil ingkang wigya anganungi para kancanipun amusthi gandhewa tuwin hru, peksi ingkang mencok dipun uculi, kenging pejah dhawah ing siti.

Kanca-kancanipun ingkan gsumerep pratingkah mangkaten punika sanget bendu, meh ngroyok dhaeng ingakng manah wau ananging ingakng anglepasaken hru lajeng wicanten sora, eh konca-konca kabeh, karpiye dene kowe teka praaya, yen manukiku bias nyasmitani samubarang kang during kalakon mongka ora dhenger marang papasthening awake dhewe, saupama weruha ing samubarang kang during kalakon amasthi ora gelem menok ing kono, awit weruh yen bakal mati dening panahku. Lah kasebut ingnginggil punika kenging kapingit dados pariwara bilih samukawis ingakng dereng kalampahan punika boten kenging ginayuh dening budinipun manungsa tuwin malih dening sato.

Spaarbank (*)

Sing sapa ora bias simpen dhuwit sadhuwit iya bakal ora bias duwe saringgit inggih punika ibaratipun tiyangingkang boten saged gemi, bilih gadhah yatra sakedhik kemawon lajeng dipun eceh-eceh, pramila layak boten nate kandhokan yatra ingkang radi kathah, mongka ing kayektosanipun tiyang ingkang amanggihkabegyanpunika boten tilar paud sahan sadaya, amawi gagaran narimah satitahing pikantukipun, wondene kadadosanipun ngalempak kathah, bubukanipun inggih sakedhik ugi, sampun asring asring kemawon wonten tiyang rumaos betah, awit saking boten saged anglegani pikajengan, kados ta badhe anumbas sadhengah ingkang maidahi dhumateng ing ngawakipun, utawi wonteningkang sumeja ambuingahaken ing lyan sarana anganakaken ing kabetahanipun nanging boten kadugen, jalaran boten gadhah yatra ingakng kadamel isarat nuruti ing sadungkapipun, wekasan anandha duka cipta, sarta kaduwung, dene ing sawaunipun boten sinau anglempakaken yatra, saking sakedhik-sakedhik.

Ing sayektosipun prakawis angrimati yatra punika pantes dipun sinaokaken dhateng ing tiyang kathah, wondeneingbabpangrimatipun kemawon sampun ngantos kados rekanipun tiyang cethil, nanging kedah mawiya panggalih, bilih rimatanipun sampun anglempak kathah, kenging ugi kadamel sarana andugeni ingkajeng, ingkang kalayanpantes sarta ingkang parlu anggeripun boten angbreh, tuwin saengga ambruwah.

Panglocitanipun tiyang miskin utawi tiyang ingkang among angumbar gampiling pangucap asringkawedal menggah prakawis angrimati yatra punika bebahanipun tiyang sugih, jalaran saking dumuluring pawitanipun ngantos saged anglempakaken yatra kathah, wangsul tiyang ingkang boten adhah, kados pundit anggenipun saged tuwin kober rimat yatra, sabab pikantuking angggenipun beberahing sadinten dintenipun punika telas kadamel anyekap kabetahanipun ing sakretyekan kemawon.

Pinten-pinten tiyang ingknag ngacemong kados ing nginggil punika, bilih boten kamanah panjang, saestu lajeng anututi, yen tembung makatenpunika among saleresipun kemawon, amargi kula pyambak sumerep, epon kadadosanipun tiyang ingkang boten saged rimat yatra, ing temahan tansah anggenipun nandhang kacingkrangan.

(*) tegesipun panggenan anangkaraken yatra.

Punapa dene boten kirang tiyang ingkang katuwuhan panggagas boten kober anglempakaken yatra sadasa rupiyah kemawon,mongka pyambakipun panen saged anglempakaken yatra satus, walak walak kencenging manah, sarta kalantehanipun rimat saking sakedhik-sakedhik.

Inggih wonten saweneh tiyang ingakng remen nyelengi, dene garentesing manahipun inggih niyat anggemeni, ananging awis ingkang kuwagang anglajengaken pikajenganipun wau awit isining celenganipun saweg sakedhik, selak dipun gubel

kapintanan yatra ing anak bo, utawi sanak sadherekipun, terkadhang kasiwo dening kadrenganipunpyambak gumiwang ing panggasahan ingkang sakedhik paidahipun, sanajan sampun sumerep yen badhe dados papalang atasing pangangkahipun ing kacekapan, ewa dene inggih dipun tempuh amecah celengan, among ambujeng bingahing manahipun sakedhap netra, wasana meh kenging katamtokaken yen isining celenganipun wau, mawut mrika-mriki, boten kantenanpigunanipun ingkang estu pramila leres ujaring ungel-ungelan: ***Sing sapa ora bias simpen dhuwit adhuwit iya bakal ora bias duwe saringgit***
Para bongsa luhur ing tanah Eropah sampun makina-kina, anggenipun murih ngupados margi, sageda anjagi ing kabetahanipun tiyang alit, sarana pratikel ingakng mikantuki, wasana kapanggihing pambudayanipun, anyiyagakaken panggenan anangkaraken yatra, awit para luhur wau welas sanget aningali tiyangingkang boten saged angemeni sarta angrimati yatranipun, amargi sampun katamtokaken, upami yatranipun taksiya dipun simpeni wonten ing griyanipun pyambak saestu masa sageda anglajengaken sejanipun murih kasekapan. Pramila gumeleng paguyubanipun, lajeng angumumaken pawartos bilih wonten ingkang anyiyagakaken panggenan anangkaraken yatra, mawi kalimrahaken ing kathah, yen sadhengah tiyang kenging anitipaken yatranipun ing sakawontenanipun, wonten ing panggenan wau, sarta kaprajangjiyan bilih yatra ingkang katitipaken punika kangge ing samasa-masanipunkenging katedha wangsul. (S.M.) Taksih wonten candhakipun.
Manungkara ing Kadipala.

Andhe uminta sraya sakingpandonga sampeyan ing mangke anggen kula ambudi wedharing cangkriman sampeyan ingkang dereng kula batang sampun angsal wewengan kadosla: cangkriman sampeyan ongka 2, punika batanganipun raos ingkang ongka 4, punika batanganipun tuma, dene ingkang ongka 3 punika kula dereng anggayuh.
Katandhan Arsa.

Panjurung Pambatang
Ing sarehning ngantos kalih welas wedalan dereng wonten karsanipun para sarjana, aparing barkah pitedah, panyuwunipun mitr akula minta sih,, ingakng mungging bramartani ongka 10, dados kulak ok lumancang cumandhaka anyaosi urun panjarwa, wontdenten aturpanjawab kula manawi condhong, kados ing ngandhap punika pratelanipun.
Bab tembung ongka 1 kawastanan tembung Bawa Wacaka
Tembung ongka 2 kawstanan tembung Dayawacaka
Tembung ongka 3 kawastanan tembung karana wacaka
Tembung ongka 4 kawstanan tembung Kriyawacaka
TEmbung ongka 5 kawastanan tembung Adiguna
Tembung ongka 6 kawastanan tembung Bawa
Tembung ongka 7 kawastnanan tembung Sanantaotama Purusa

Makaten malih sesebutan kacanglanjaranpunika sangking pamanggih kula kalih tembung, kacang satembugn lanjaran satembung, ingkang satunggilipun malih, ugi kacang lanjaran, punika yen sigegipun la na nantya, tigang tembung awit kacang satembugn lan satembung jaran patembnung, yen ingkang kasebut ing nginggil wau, sigegipun la na talawya mila kalih tembung, sareng la panambang na dados lan mila tigang tembung.

Ingkang wasana lepat leresipun kula nyumanggaken katur ing ngarsanipun para parameng sastra.
Cinitra ari, rasa sapta, lek purnama sidhi, kawibyana, sadrasa, warsa karengya, sangkala Bramanangumbara samadyacondra.
Sastrawisita.

Manawikapareng sakin gpanggalihipun para sarjana mugi karsaha aparing wewengan ingkang andadosaken kodhenging manah kula, kados ingkang kula pratelakaken ingngadhap punika.
Ing wau saking pamanah kula condrasengkala punika watakipun miturut saking wuudipun kadosta: milacondra punika kadamel watak satunggal sareng saasa punika andadosaken kodheng kula dene kaangge watak 1 mongka lintang punika kathah cacahipun.
Sakingpamanah kula mila netra kaange watak 2, jalaran maripat punika cachipun 2 sareng lintah sabab punapa kaangge watak tiga, lo punika pamendhetipun kas pundit, kula temen kodheng, saking panuwun kula mugi wonten ingakng karsa aparig sumerep waton utawi kajenging punjongga ingkang damel sengkalan wau.
Katandhan Uminta

Bab criyosipun nyonyah kang gadhah griya pamondhokan kaliyan kaptining baita kapal, kasebut kalakemispunika, wonten ingkang kalintu pangecapipun, ingkang mungel ing saweneh, lereipun aweneh ing.
Manungkara

Candhakipun serat piwulang angitan enggal
Uninga caritanipun, sagung ingkang para putrid, duk jaman ing kuna-kuna, kan alami wah kang becik saruhu tamanin glampah pinirita kang utami. Wuwuh alukitanipun, lawan bektinireng laki, wadon kurang puruita, watak maring priyawani, sogol sugal ing pangucap, sirna pambekaning estri. Sring asring pisuh pinisuh yen padudon lir janma lit, kapyarsa saka dadalan, keh janma mandheg umaksi, yeku wong wiring babarang,palaremane mamain. Nora yatna marang kakung, saben ringlulurug ceki, karya sakipun wardaya, gampang yen ana kang jawil, puniku bena ben papa, dene yen putra bupati, Samene keh-kehanipun, kinen sakolah walandi, pangarsanira sudarma, kawentara yen winasis, pinujul sanuswa jawa, main armonika musik. Biyolah dhedhansah baut, wicara paras man Inggris, kumpul para nyonyah-nyonyah, sirna tabetira jawi, puniku lamun manira, tan nayogyani pamanggih. Pawestri benten lan kakung, yen gullet ing sabenari, wanh wani lawanpriya, dadine sok nora becik, sanes lawan para nonah, dhasar lamun mangun krami. Pribadi ngupaya kakung, sudarma muhung ngidini, parawanira wong jawa, yen ta biyat lir walandi, yekti kinarya paguyuwan, ciptane kang asring panggih. Temtu tan kawijil wuwus, yen wus tebih angrasani, pamrihipun nora nana, mong salakiya walandi, temtune sami sabongsa, mundhak karye waning laki. Yen arsa gugulang sunu dimen bangkit tampi tami, saben saben ibunira mijilan tamu manggihi, putra estri umatura, gugulang tata lan titi. Tan asaru sikunipun,kalamun putra bupati, panggih tuwa lawan nyonyah, yenkala umiring umi, benjang kalamun wus karma, away nganti pindho kardi. Malih kang wajib cinatur, lamun saresmi lan swami, andikaning rasulllulah, mring putra bagendha Ngali,mamrih saleh yen waweka,mijil nugrahaning widi.

Kanjeng Nabo lon denira angling, Ngali sutaningong, dipun eling yen sira karesmen, ywa cumban wekasanin gsaksi, iku nora becik, lan away salulut. Tanggal pisan padha nora becik, yen waweka awon, karem silip sayekti bocahe, miwah away petengan saresmi, kadadyaning siwi, sayekti balilu. Malem Ngahat lan rine tan becik, yen dadi bocah won,Karen ming dursila pakaryane, malem Rebo lan rine singkiri, lamun dadi bayi, cilaka satuhu. Wektu pajar ywa sira saresmi, babosutaning ngongm tunaliwat yen dadi bocahe, lawan aja tengange saresmi,lamun dadi siwi, akarem laku dur. Teksih wonten candhakipun.

Ongka 24, Kemis kaping 12 Juni 1879

SURAKARTA
Ing mangke nagari sanget anggenipun angudi, ingkang amurih sirnaning tiyang Cina ingkang manggen ing kajawen sasampunipun wonten papacak.

YOGYAKARTA
Sampun lami boten wonten pawartosipun tiyang kakecon sami kakinten bilih panggaotan wau sampun angalih dhateng sanes nagari, ananging ing mangke awit wonten malih, ing dhusun Trayu tuwin ing dhusun Wana Peti, bawah ing Pakualaman Mandar kecunipun wonten ingkang kataton ananging kenging karebat dening kancanipun kecu kathahipun ngantos tiyang tigangdasa, saben-saben ingkang kabekta rajakaya.
Wonten parawrtos anginan bilih wonten gegelenganipun para kecu kadenganngan pulisi, dados boten saged anindakaken pikajenganipun awon bilih pulisi lampahipun cukut tuwin patitis makaten saestulapah kadurjanan nunten badhe sirna, sarehnin gpratelaning pawartos wau boten patosa terang, pramila pawartos wau kaewokaken dhatng pawartos anginan ananging bilih saesytu makaten pulisi pantes den alembana.

Ing dhusun Jatingarang bawah kabupaten ing Nanggulan pun Mustai mentasdipun pandungi, lebetipun pun pandung sarana ambabah, ananging pun Mustami boten purun lapur dhateng kapulisen dene dipun takeni wanggsulanipun makaten sanadyan dak lapurna barnagku kang ilang iya ora bali, mandar Manawa aku anglapurake, aku kailangan dhuwit maneh, lan aku kapitunan gawe oleh ku wira-wiri dipariksa, kateranganipun ingkang sampun dados adapt bilih tiyang kapandungan minggahlapur dhateng kapulisen kedah anyangking tumpeng tiga, kanthi dhaharan sanesipun kalih welas warni, wah mawi bibingah warni yatra amurih angsalipun serat biwara, lalampah makaten wau saestu anebihaken pikajengipunpara tiyagn anglanguraken papandungan tuwin sanesipun kadurjanan pramila mugi kapayarsa apara wajib supados saged anyirnakaken lalampah wau, awit badhe anuwuhaken karisakanipun para alit. (Mataram).
Pp----------
(Pramil anak kula jaler kula kudang saageda dados pulisi, ngriki angsal patebasing rukun damel mawi taksih kenging anyambat para tiyang ing bawahipun dipun urupaken gugur gunung, saha kaeccakaken dhateng panggaraping padamelan ingkang sampun katebas ngrika asal tumpeng, dhaharan saensipun tuwin yatra. Juru gubah).

Ing bab Majid Indrapuri kenging kapracondhang denign wadya Nederlan.
Kala kaping 24 Maret kapengker punika wadya Nederlan Bidhal saking Cotbosoturi, ingkang dados panganjur gelengan ongka 2 dipun senapateni denign Obrusgodhin ingkang wonten ing wadya gelengan ongka 1 inggih punika wadya kapalan bataliyon ongka 5 ingkang dados pangirid kumpeni ongka 2, saking batalyon kacawelas.
Ing nalika saweg lumampah wadya panganjur kasanjatan saking peken bakah RIyu sarta sakingkampung anak gle ingkang dumunung wonten anggrani redi, kaptin Dhekrus tuwin sanesipun sami kabranan.
Mengsah ingkang wonten ing peken Bakahriyu katondhak dening mimisiipun wadyua Nederlan sanalika punika kompeni ongka 2 sakin gbataliyon ongka 2 kaabanan anyieg

panyanjataning mengsah ingkang saking anggraning redi, sarta ngoyak mengsah wau kesah saking ngriku.
Lampahing kompeni sanget pakewed awit mawi minggah ing redi miwah muwun ing jujurang, wah dipun senjatani dening mengsah boten kendhat kendhat ananging kengingn kawastanan begja, dene ingkang karaatan among seengsen bongsa Nederlan 1 tuwin juru pamawan sanjata bongsa Afrikah 7 iji.
Wadya ingkang kathah samilumampah ing margi ageng, margipunika sanget risak sarta wadya wau mawi dipun sanjatani dening mengsah saking kampong sameli tuwin kampong riki, boten watawis dangupanyanjataning mengsah kendel saha lajeng mundur dhateng ing Laut Wetan wasana sareng lampahipun wadya Nederlan dumugi ing nglekambi, tumunten dipun sanjatani malih dening mengsah.
Wadya panganjur lajeng kasanjatanan saking anggrani redi-redi, tumunten Kendal lampahipun wonten ing ngriku, sarta angrakit mariyem kakalih sareng mariyem kaungelaken sanalika panyanjataning mengsah saking anggrani redi-redi wau kendel.
Sareng Bataliyon ongka 50 dumugi anggraning redi Glekambi, kompeninipun satunggil tumunten angrakit mariyem kakalih kaangge mriyemi masjid Indrapuri ingkang kapwernah wonten sabrangan lepen watawis 250 jangkah tebihipun panyanjataning mengsah boten kendhat-kendhat.
Sareng barisan ageng dumugi ing kampugn riki lajeng apacak baris wonten ingpasabinan ngriku, sarta wonten wadya, 2 kompeni ingkang minongka dados tatameng:
Sasampunipun mangkaten wadya tigang kompeni saking Bataliyon ongka 5, kaangkataken dhateng ing Glekambing, kawewahan sabragada, saha kala samanten wadya kapalan sagelengan lumampah dhateng lepen Medal iringaning redi ingkang kapernah sisih ler, tuwin malih wadya kapalan tigang kompeni saking bataliyon ongka 39 kaangkataken dhateng ing Glekambing, kawewahan sabragada, saha kala samanten wadya kapalan sagelengan lumampah dhateng lepen medal iringaning redi ingkang kapernah sisih ler, tuwin malih wadya kapalan tigang kompeni saking bataliyon ongka 5 lumampah wonten iringaning redi kapernah sisih kidul angener dhateng sawenehing panggenan ingakng nglangkungi lepen kenging dipun sabrangi.
Lampahipun wadya Nederlan kasisiwo dening panyanjataning mengsah ing

Ongka 25, Kemis kaping 19 Juni 1879

PANGUNGUN

Pawartos kawat katitimangsan kaping 12 wulan punika, ingkang sakin gkitha Pareis amratelakaken bilih panjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati anom Narendra Putra, ing Nederlan ajujuluk Willem Nikolas Aleksander, Predhereik karel Hendrik Prinse Oranye, seda, menggah jalaranipu surud dalem wau dereng kaptratelakaken awit pawartos kawat adapt naming karingkes kemawon, wiyosanipun nalika kaping 4 September 1840 dados ing mangke dereng tetep yuswa, 39 taun sanadyan seda dalem wu sampun tinakdir ing gusti Allah, ananging surud dalem maksa adamel rudatosipun para bongsa Nederlan boten naming awit anggenipun sami asih sumungkem dhateng trahing Oranye, ananging anggenipun kacuwan ing panggadhang-gadhang pamundhinipun dhateng ingkang tilar donya, sanadyan ing sugeng dalem naming amangun karsa dalem alanana, nunten pindhah sakin gpraja adalem wonten ing kitha Pareis awit sampu kacihna ambeg ruhur tur wasis ing pangolahing kaprabon tindak tanduk dalem panen pantes jumeneng nata, den sihi para kawula.

Menggah pindhah dalem saking praja wau, boten kenging kawedharaken amargi tumuwuh saking nalar pagedhongan wonten ingkang mastani jalaran gesehing rembag bab ing palakrami.

Rayi Dalem Gusti Kanjeng Pangeran Aleksander, ing mangke saweg alalana dhaten gtanah Asgires arsa anyakecakaken ingkang sarira, amargi gerah, nalika tindak mawi lerep wonten ing kitha Pareis apapanggihan kalihan ingkang rana, dhuh gusti Allah ingkang sipat rahmansinten ta ingkang saged agayuh nalar punika, teeka wonten jalaranipun ing saderenging surud gusti kakalih wau ingkang saweg pulih sungkawanipun katilar seda ingkang ibu tuwin ingkang paman kanjeng pangeran Hendrik saged apapanggihan ingkang kawekasan.

Sandraning sangkala tinengeran terusing sabda mangesthi gusti: (Juru ngarang).

SURAKARTA

Saupami pulisi tuwin pangagenging pakampungan sami amarsudi dhateng saesnipun papageripun ingpagriyan amasthi nambahi aseinipun nagari, urut margi pageringpakampungan sami remot warung-warung sadaya naming ompol-ompoke kemawon wah manawi dalu kadamel palindhunganipun saseretan para bajingan lo punika para pulisi kabupaten punapa boten kawogan anyaruwe, punapa inggih mung sumendhe dhaten gwong during ana dhawuhe nagara, iya cik bene kemawon, saestu bilih para pulisi wau, sami sumerep dhateng kawajibaning pun Parentah ageng mayar.

Kacariyos nalika malem Isnen punika, ing bawh kabupaten Sewu titiyang sami kaget amargi wonten sawara cerek-cerek anedha tulung, jalaranipun makaten wonten saweneh pangindhung ing sonten wau galok-galok amaos serat Wara Srikandhi amaguru manah, dene ingkang estri anggenipun tilem celak kalihan ingkang jaler, sareng ingkang jaler anggenipun maos dumugi lampahipun raden Janaka amulang Wara Srikandhi ajamparing, dhasar wasis pangukeling tatembunganipun kados kagagas tumanduking tatembungan wau ing sawantahipun punika lajeng kanggeg-anggenipun amaos anyelaki dhateng ingkang estri, asta den candhak sekunging tyas ambrengengeng lir bramara angingsep sarining kusuma, ananging sarehning ingkang estri saweg angelu dados dhatean anglanggati dhateng karsaning jalu puputing adereng, jaler tan sronta lajeng anyandhak dhuwung, kilap badhe katamakaken dhateng ingkang estri, utawi awit saking pepeting budi badhe anganyut tuwuh punika

boten kacariyos dhuwung kenging karebat dening ingkan etri, nunten acerek cerek anedha tulung, sareng wonten tongga tapalih ingkang dhateng, teeka kaleresan temen awit sang ambeg raden Janaka, daweg tetah tinetahan kalihan ingkang estri, wicantenipun makaten kabangeten temen pak net hole, wong sumaya sadhela bae, teka ora kanti, sareng sami miring wiraos makaten tongga tepalihingkang dhateng lajeng sami wangsul sawi gumujeng. (Tiyng esaestu bilih para priya daweg makaten wau, mongka boten den langgati, inggih anelasaken budi, Juru ngarang).

SAMARANG

NIkah ingkang boten apsah

Wonten sawenehing tiyang estri anama Ca griya ing kampong, Ka, (Samarang) kawartos sampun kesahpurik dhatengkampung, Pe, ngantos langkung sadasa dinten laminipun wonten ing kampong Pe, kemawon sarehne boten kasusul susul dening lakinipun lajeng emah-emah, nalika minggah kawin ing masjid mawi saksi, sarta amratelakaken dhateng ingakng nikahaken bilih lakinipun sampun pejah dumugi sapriki sampun 2 taunlaminipun ugi lajeng kalampahan kanikahaken dening ketib ingkang pinuju jagi, sareng lakinippun miring watos bilih estrinipun emah-emah, tumunten sowan dhateng pangagenging dhistrik nebut boten narimah, prakawis lajeng kaladosaken dhateng kabupaten ing mangke saweg katitipriksa dening Kadliamar.

HAMA PANTUN

Kawontenanipun taneman pantun ing dhistrik Singen Kidul salebetipun taun punika kenging kawastanan medal sarta lema, sareng pantun wau wiwit awoh saha wohipun sampun wiwit sepuh, lajeng katedha dening hama, inggih punika walang sangit sarta kathah ingkang ganyug para tiyanging dhusun ngriku kathah ingkang ngresula awit kapitunan kathah manawi katimbangkaliyan pantun kala taun kapengker botenpurun kawon ananging angsal angsalanipun kathah kala taun kapengker.

SAMARANG

Enggal punika wonten wanita asli saking dhusun Kebumen kadhistrikan Sumawana Afdheling Temanggung,(Kedhu) kalebetaken dhateng griya pangenanipun mulasara tiyang sakit Ngungaran, jalaran saking tatunipun wondene serepipun polisi, wonten ing sacelakipun wana, kinten-kinten satengah pal tebihipun saking dhusun Meluweh, kadhistrikan singen Lor, dipun dangu aturipun dipun kaniaya ing jaler rencangipun sami lumampah, sabab pyambakipun dipun remeni boten purun polisi tumunten anglari pun druaka wau.

Kawartos ing nagari Padhang wonten wang kertas tiron regi satus rupiyah,sarta gangsalatus rupiyah, awit saking punika sinten ingkang tampi wang kerts sampun kirang prayitna.

BATAWI

Asring kalampahan ingngriku Ki Tuwin ing nagari liyan bilih telikipun ingkang amaosi wewenangipun aside apyun anyepeng tiyang tanpa dosa, awit panyepengipun jalaran saking serik ing manah, akalipun telik wau asangu apyun sarta kadekek badaning tiyang ingkang badhe dipun pitenah.

Enggal punika ing ngriki wonten tiyang Cina anama Lim Ngo Lin kaukum kunjara amargiprakawis apyun ing nalika kaluwaran saking kunjara awit sampun pundhat wawangening paukumanipun dereng ngantos dumugi ing margi ageng lajeng kacepeng dening opas pulisi, jalaran kadakwa ambekta apyun peteng, tumuntenkalebetaken kunjara malih, pamancasing pulisi rol pun Cina boten kalepatan kanggenan apyun peeng, jalaran kalawedalipun saking kunjara sampun katitipriksa badanipun resik boten bekta punapa-punapa.
Suwawi kabatnga, opas wu kaleres anggsal paukumanpunapa boten sabab manawi Cina wau tatela boten bekta apyun amesthi apyun punika au pinangkanipun saking opas.

Bupati ing Pandhegelang kagungan maenad anak –anak sukunipun among tiga, akathah tiyang ningali sami eram.

Bedaning Jaman
Kathah kemawon tiyang ingkang nyariyosaken bab wontenipun gandarwo,banaspati, jrangkong, tuwin sanesipun nanging kula pyambak dereng nateo sumerep wujudipun kaelokan wau, among saking umukipun tiyang ingkang kami geganen dhateng wiraos jarene, angomongaken bilih gandarwo sasaminipun wau bagnsaning lelembut, ingkang asring angridhu tuwin amedosi dhaten gtiyang miwah rare, wondene jalaranipun boten katingal wujudipuningkang yekti, awit kasabab sarta ngatingalipun among sak klebetan kemaon, manawi niyat kapandeng ing sak dlerengan lajeng musna.
Cariyos nginggil punika kilap leres utawi dora,kula among angummambang paguyubanipun tiyang kathah, awit kula pyambak panen tiyang cekuk balilet, miwah sampun alit mila, anggen kula kagunturan ing cariyos aeng wau, ngantos pangathik-athik punika saged lumengket ing sanubari kula, ananging bilih kula amawa cariyosipun tiyang ahli budi, ingkang kenging kaagep mangretos, punapa dene nyindikaken cariyosing lalampahanipun tuwan Kolombus ing kang sampun ajajah tanah-tanah meh ing sajagad sarta amanggih pinten-inten pulo boten wonten tiyangipun tuwinan ingkang pancen dereng nate kaambah ing tiyang, punika boten wonten cariyosipun yen tuwan Kolombus sumerep sarta kasiwo dening lelembat pramila ilih kula anggas kabuntasanipun tiyang Eropah mangkaten wau, angel pitajeng kula dhumateng kaumukan ingkang dereng kantenan yen wonten kayektosanipun punika, ewadene labet saking sangetipun kabodhowan kula, teka kula dereng kadugi andorakaken atasing prakawis ingkang kula boten pisan-pisan saged anggayuh wau, inggih punika babaganing kaelokan tuwin kasembawan, amargi pinten pinten kawruh kina ingkang sapunika sampun boten katindakaken sarta tiyang ingkang sapunika sampun boten kuwawi anyranani kalampahannipun anjawi saking aras-arasen inggih sampun sanes jamanipun, pramila gampilaning ucapipun tiyang ingkang boten andungkap engetanipun lajeng mastani, yen cariyos kina ingkang aeng –aeng dipun anggep tanpa kayektian, mongka bilih kula anggagas gugubahan tuwin ikayatipun para pujangga ing jaman kina, tiyang sapunika pancen rumaos wegah sarta boten nyandhak lidipun, dene tutuwuhaningpanggraita teka lebet temen ing suraosipun kados ta serat cariyos jawi ingkang dipun namani, Serat Pustakaraja Purwa, Serat Pustaka Raja Madya, tuwin Serat Pustaka Raja Wasana, kula lajeng saged mastani salencaning pamanggihipun tiyang kina kaliyan tiyang sapunika, kawruhipun tiyang sapunika upami katandukaken dhateng kawruhipun tiyang kina

boten mempan, awit sampun sanes jamanipun, kilap tiyang sapunika kesagedan utawi kabodhonen.
Wasana andadosaken bangahipun manah kula, cariyos gandarwo ing ngandhap punika kula dongengaken dhateng Semangtri, inggihpunika konca kula gugon tuhon wondene kaot kula kalayan Semangtri, gugon tuhon kula tanpa amanjangaken pambudi, wangsul gugon tuhonipun Semangtri jalaran sampun antuk wululang ingkang linangkung.
Ing slompret Malayu ongka 43 Mei kaping 31 taun 1879 wonten cariyosipun kala wulan kang kapengker salebeting griyanipun pun Resawinangun kampugn Banyudan (Panaraga) wonten kadadosan ingkang radi aeng, wedhi kasawur-sawuraken sarta sasawat pating kalothak boten kantenan sangkanipun ngantos amecahaken bala pecah ing sawatawis, langkung malih ingkang andadosaken eraming manah, jangan wonten ing kwali mawi dipun adhep tiyang, lajeng dhawah mangkureb kados dipun tumplak, inggih boten kantenan ingkang mandamel, sarta boten murwat awit pangglewangipun kados katandukan daya ingkang ageng, ingkang punika gampilanipun kathah ingknag mastani, yen pandamelipun gandarwo ingkang calunthangan, mila kawstanan makaten ciptanipun, bilih sampun kapurugaken dhateng pandamelipun lelembat, kapurugaken dhateng ing pundit malih, awit ingkang nyuraos dumeh sami badan wadhak.
Ngantos pinten-pinten dinten tumanduking riridhu wau, andadosaken ribeding manahipun pun Resa Winangun sagotrahipun, alah kathah tiyangingkang nyoba angyektosaken, sareng anujoni sasawat lajeng cengkelak wangsul, mila tansah andadosaken ngenglengipun tiyang ingkang karem angular-ulur panggagas, awit saking dereng purun anglepataken sarta angleresaken satunggil tunggil kawruh dereng kawiyak lalangitanipun ingkang estu, malahkathah kemawon tiyang ingkang mastani, yen gendarwo punika sumerep sarta mangretos sasolah bawanin manungsa, amargi manawi wonten tiyang ngayoni, mawi amimisuh utawi anggugujeng, pun gandarwo kados mangretos bilih kaungelaken ing sawiyah-wiyah, mila lajeng anderesaken sasawur tuwin babalang.
Sareng sampun antawis lami tingkahipun gandarwo wau kawartos lereb, awit Resa Wianngun minta nyarakaken dhateng satunggaling tabib bongsa jawi, punika ingkang saged anulak ngesahaken bangsaning lelembat, mila ngantos dumugi sapriki kyai gandarwo mantun angenipun ugal-ugalan.
Kula kinten cariyos ngingggil punika angencengaken anggenipun gugon tuhon pun Semangtri, awit kalegan manahipun anujoni cocoking manah, nanging gugon tuhonipun semangtri jalaran sampun antuk kawruh ingkang dipun naggep linangkung,punika sampun mawi ewed pakewed anyriyosaken dhateng tiyang ingkang botdho sanget, inggih punika awak kula, ewadene semangtri rekanipun mawi …dhadarmawasita, punika embok manawi kamungka benta saking gendhungipun kemawon.
Sarehning reka kula taksih kewedan dhateng atasing kawruh kasunyatan kalayan kawruh kaelokan, mila kula kedah mratelakaken sabaresipun dhateng semangtri, punapa panggugunipun ingkang katuhonan wau amun ambelo tumut sapton, punapa kados pundit, yen saestu semangrei nginggihi angubyung-umbyung tawon kambu punika nalisip saking tembungipun, sarengat lakuning badan sarta wawadhah ing tatakrami.
Manungkara ing Kadipala
(Tiyang tabib wau punapa inggih saged andhatengaken bangsaning lalembut, suwawi para gujana kula aturi anggagas srinanipun gandarwo wau. Juru gubah).

Kasusahanipun tiyang anarik Lotrei, Yatra, pamenang ongka 1
Sawenehing tuwan tukang besi ing Pareis anama Abriot, anarik lotrei yatra pamenang ongka satunggal ing ngrika, kathahipun 150 ewu, sasampunipun yatra pamenangipun tampeni, tuwan Abriod tampi serat kintunan pinten pinten atus saking titiyang ingkang dereng nate dipun wanuhi, suraos tan liya sami miminta ujuran nyambut tuwin sanesipun, upas kuli ing ingkang wajib ambekta serat kintunan nantos boten sanggup anyykakaken serat kadng dhateng tuwan
Abriot bilih tboten dipun bantoni.
Abriot Jaler estri susah, ngantos boten purun medal medals aking capurinipun kuwatos ing manah, bilih dipun gubel kapintanan ujuran ing tiyang kathah, wonten ing margi-margi.
Upami saweneh ing tiyang nedha dipun turuti, tuwan Abriot kedah nyawisi yatra edasa menten engkas, punika bokmanawi saged ceekap, sarehning tuwan abriot bote badhe anglegani dhateng panedhanipun ing sanes mila abriot dat tumunten angecapaken serat ungelipun mangkaten: tuwan,,,,,,manawi kula miturutana pamintanpun saweneh, amesthi kula bdhe anandhang kacingkrangan langkung saking nalika kula dereng angsal kabegjan anarik lotri wau,mila kula boten sged mituruti punapa sapanedha sampeyan.
Tabe saking kula Abriot.

Nglaamatipun kaserat tapak tanganipun pyambak, kadamel mangsuli sakathahing serat ingkang sampun dipun tampeni.
Ing sawaunipupn tuwan Abriot boten gadhah mengsah satunggil-tunggila, samangke mengsahipunpinten-pinten awit sakit manahipun ingkang sami katulak panedhanipun (Munika pundit ingkang leres, Jurugubah).

Mitra kula Sastrawisita, anggenipun paring barkah pitedah panyuwun kula saserpan bab tembang kados ingkang kasengbut ing bramartani ongka 10 kula dereng saget nyosi panrima saana kula dereng angsal wawaruhon kalimranipun.

Wondene anggen sampeyan karsa nyaruwe dhumateng panyuwun kula barkah pitedah wau, o inggih sakalangkung langkung ing panuwun kula, ewadene kula taksih ngajeng-ajeng namaning tembung ingkang kasebut ing Bramartani ongka 10,manawi ing tembe kula badhe marneni nyuwun brkah saserepan malih, ingkang pantes saha nambahi regening pabaratan bramartani.
Mintasih.

TAMATIPUN SERAT WULANG ANGGITAN ENGGAL
Lan ywa sanggama malem riyadi, sutanira awon, gung duraka mring yayah rename, nadyan besar riyadi tan becik, dadi bocah misil, iku watakipun. Lawankaki sira ywa karonsih, kalamun kasorot,denign surya yen dadi rarene, doh ing begja wa sira saresmi, deg adegan kaki, yen dadi kang sunu. Duwe lara beser iku pasthi, ywa sira karoron malem saptu kalawan rinane, lamun dadi bocahe bilahi, sring kalebu wariy, lan aya wulang hyun. Kanthi esira ngucapi parji, ing dariji babo, miwah Dakar tan becik dadine, rarenira tuna kurang budi, lah away saresmi, kanthi imbal wuwus. Lamun dadi rare duwe sakit bisu,ywa karoron,lawan miyat ingparji dadine, rare wuta away akaronsih, maring sangisor wit,pinangan wohipun. Lamun dadi bocah tan sayekti, gung niyaya linyok, malem bera siriken karesmen, lamun dadi bocah

nandhang sakit, salami tan mari, ywa sira salulut. Maring padhayowa nora becik, , cilaka sayektos lamun dadi ing bejang rarene, away sira anunggali gulng, lagya kelpawestri,ala dadinipun. Bocah duweni budhug kanga kit, lah ngalisutengong amiliya kang becik dinane, malem Senen lan rinane becik,yen dadi kang siwi,pakaremanipun. Sregep ngaji yen sira saresmi, malem Slasa kaot, nadyan rina becik kanadyane, keh kang tresna mring sutamu kaki, malem kemis becik,lawan rinanipun. Lamun dadi rare sinung mukti, begjane tan pedot, malem Sukra becik lan rinane, lamun dadi bocah sarwa wasis, wigya ing sakalir,lah sira wulang hyan. Ri Jumungah sadurunge lingsir, lan ri Kemis karo sadurunge lingsir kadadyane, benjang dadi pangulu kang siwi, dene wong saresmi, iku sunatipun. Nebut bismillahrahmanirrakim, malih wong karoron, amaca atangawut becike, sunat uga lamun nora mawi,yen dadi kang siwi,tyasira balilu. Dipun sami mituhyeng pawarti, kadis kang suraos, denira met puniki,purwane,marma kanthi sinawunging gendhing,ywa kembang kang myarsi, den sami anggilut. Kemis legi denira amarni, sapta wlas linakon, wulan Rabingulakir warsa Be, wuku galungan sangkaleng warsi, astha sirna esthi angayuh sitengsu. Deng pangindhung kang mamatiragi, nem betuk babendon, kinendelan sangkingpakaryane, pamadipura Rahadyan Bei, wadana ing dhistrik Temayang ing dangu.

Ongka 25, Kemis kaping 19 Juni 1879

PANGUNGUN

Pawartos kawat katitimangsan kaping 12 wulan punika, ingkang sakin gkitha Pareis amratelakaken bilih panjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati anom Narendra Putra, ing Nederlan ajujuluk Willem Nikolas Aleksander, Predhereik karel Hendrik Prinse Oranye, seda, menggah jalaranipu surud dalem wau dereng kaptratelakaken awit pawartos kawat adapt naming karingkes kemawon, wiyosanipun nalika kaping 4 September 1840 dados ing mangke dereng tetep yuswa, 39 taun sanadyan seda dalem wu sampun tinakdir ing gusti Allah, ananging surud dalem maksa adamel rudatosipun para bongsa Nederlan boten naming awit anggenipun sami asih sumungkem dhateng trahing Oranye, ananging anggenipun kacuwan ing panggadhang-gadhang pamundhinipun dhateng ingkang tilar donya, sanadyan ing sugeng dalem naming amangun karsa dalem alanana, nunten pindhah sakin gpraja adalem wonten ing kitha Pareis awit sampu kacihna ambeg ruhur tur wasis ing pangolahing kaprabon tindak tanduk dalem panen pantes jumeneng nata, den sihi para kawula.

Menggah pindhah dalem saking praja wau, boten kenging kawedharaken amargi tumuwuh saking nalar pagedhongan wonten ingkang mastani jalaran gesehing rembag bab ing palakrami.

Rayi Dalem Gusti Kanjeng Pangeran Aleksander, ing mangke saweg alalana dhaten gtanah Asgires arsa anyakecakaken ingkang sarira, amargi gerah, nalika tindak mawi lerep wonten ing kitha Pareis apapanggihan kalihan ingkang rana, dhuh gusti Allah ingkang sipat rahmansinten ta ingkang saged agayuh nalar punika, teeka wonten jalaranipun ing saderenging surud gusti kakalih wau ingkang saweg pulih sungkawanipun katilar seda ingkang ibu tuwin ingkang paman kanjeng pangeran Hendrik saged apapanggihan ingkang kawekasan.

Sandraning sangkala tinengeran terusing sabda mangesthi gusti: (Juru ngarang).

SURAKARTA

Saupami pulisi tuwin pangagenging pakampungan sami amarsudi dhateng saesnipun papageripun ingpagriyan amasthi nambahi aseinipun nagari, urut margi pageringpakampungan sami remot warung-warung sadaya naming ompol-ompoke kemawon wah manawi dalu kadamel palindhunganipun saseretan para bajingan lo punika para pulisi kabupaten punapa boten kawogan anyaruwe, punapa inggih mung sumendhe dhaten gwong during ana dhawuhe nagara, iya cik bene kemawon, saestu bilih para pulisi wau, sami sumerep dhateng kawajibaning pun Parentah ageng mayar.

Kacariyos nalika malem Isnen punika, ing bawh kabupaten Sewu titiyang sami kaget amargi wonten sawara cerek-cerek anedha tulung, jalaranipun makaten wonten saweneh pangindhung ing sonten wau galok-galok amaos serat Wara Srikandhi amaguru manah, dene ingkang estri anggenipun tilem celak kalihan ingkang jaler, sareng ingkang jaler anggenipun maos dumugi lampahipun raden Janaka amulang Wara Srikandhi ajamparing, dhasar wasis pangukeling tatembunganipun kados kagagas tumanduking tatembungan wau ing sawantahipun punika lajeng kanggeg-anggenipun amaos anyelaki dhateng ingkang estri, asta den candhak sekunging tyas ambrengengeng lir bramara angingsep sarining kusuma, ananging sarehning ingkang estri saweg angelu dados dhatean anglanggati dhateng karsaning jalu puputing adereng, jaler tan sronta lajeng anyandhak dhuwung, kilap badhe katamakaken dhateng ingkang estri, utawi awit saking pepeting budi badhe anganyut tuwuh punika

boten kacariyos dhuwung kenging karebat dening ingkan etri, nunten acerek cerek anedha tulung, sareng wonten tongga tapalih ingkang dhateng, teeka kaleresan temen awit sang ambeg raden Janaka, daweg tetah tinetahan kalihan ingkang estri, wicantenipun makaten kabangeten temen pak net hole, wong sumaya sadhela bae, teka ora kanti, sareng sami miring wiraos makaten tongga tepalihingkang dhateng lajeng sami wangsul sawi gumujeng. (Tiyng esaestu bilih para priya daweg makaten wau, mongka boten den langgati, inggih anelasaken budi, Juru ngarang).

SAMARANG

NIkah ingkang boten apsah

Wonten sawenehing tiyang estri anama Ca griya ing kampong, Ka, (Samarang) kawartos sampun kesahpurik dhatengkampung, Pe, ngantos langkung sadasa dinten laminipun wonten ing kampong Pe, kemawon sarehne boten kasusul susul dening lakinipun lajeng emah-emah, nalika minggah kawin ing masjid mawi saksi, sarta amratelakaken dhateng ingakng nikahaken bilih lakinipun sampun pejah dumugi sapriki sampun 2 taunlaminipun ugi lajeng kalampahan kanikahaken dening ketib ingkang pinuju jagi, sareng lakinippun miring watos bilih estrinipun emah-emah, tumunten sowan dhateng pangagenging dhistrik nebut boten narimah, prakawis lajeng kaladosaken dhateng kabupaten ing mangke saweg katitipriksa dening Kadliamar.

HAMA PANTUN

Kawontenanipun taneman pantun ing dhistrik Singen Kidul salebetipun taun punika kenging kawastanan medal sarta lema, sareng pantun wau wiwit awoh saha wohipun sampun wiwit sepuh, lajeng katedha dening hama, inggih punika walang sangit sarta kathah ingkang ganyug para tiyanging dhusun ngriku kathah ingkang ngresula awit kapitunan kathah manawi katimbangkaliyan pantun kala taun kapengker botenpurun kawon ananging angsal angsalanipun kathah kala taun kapengker.

SAMARANG

Enggal punika wonten wanita asli saking dhusun Kebumen kadhistrikan Sumawana Afdheling Temanggung,(Kedhu) kalebetaken dhateng griya pangenanipun mulasara tiyang sakit Ngungaran, jalaran saking tatunipun wondene serepipun polisi, wonten ing sacelakipun wana, kinten-kinten satengah pal tebihipun saking dhusun Meluweh, kadhistrikan singen Lor, dipun dangu aturipun dipun kaniaya ing jaler rencangipun sami lumampah, sabab pyambakipun dipun remeni boten purun polisi tumunten anglari pun druaka wau.

Kawartos ing nagari Padhang wonten wang kertas tiron regi satus rupiyah,sarta gangsalatus rupiyah, awit saking punika sinten ingkang tampi wang kerts sampun kirang prayitna.

BATAWI

Asring kalampahan ingngriku Ki Tuwin ing nagari liyan bilih telikipun ingkang amaosi wewenangipun aside apyun anyepeng tiyang tanpa dosa, awit panyepengipun jalaran saking serik ing manah, akalipun telik wau asangu apyun sarta kadekek badaning tiyang ingkang badhe dipun pitenah.

Enggal punika ing ngriki wonten tiyang Cina anama Lim Ngo Lin kaukum kunjara amargiprakawis apyun ing nalika kaluwaran saking kunjara awit sampun pundhat wawangening paukumanipun dereng ngantos dumugi ing margi ageng lajeng kacepeng dening opas pulisi, jalaran kadakwa ambekta apyun peteng, tumuntenkalebetaken kunjara malih, pamancasing pulisi rol pun Cina boten kalepatan kanggenan apyun peeng, jalaran kalawedalipun saking kunjara sampun katitipriksa badanipun resik boten bekta punapa-punapa.
Suwawi kabatnga, opas wu kaleres anggsal paukumanpunapa boten sabab manawi Cina wau tatela boten bekta apyun amesthi apyun punika au pinangkanipun saking opas.

Bupati ing Pandhegelang kagungan maenad anak –anak sukunipun among tiga, akathah tiyang ningali sami eram.

Bedaning Jaman
Kathah kemawon tiyang ingkang nyariyosaken bab wontenipun gandarwo,banaspati, jrangkong, tuwin sanesipun nanging kula pyambak dereng nateo sumerep wujudipun kaelokan wau, among saking umukipun tiyang ingkang kami geganen dhateng wiraos jarene, angomongaken bilih gandarwo sasaminipun wau bagnsaning lelembut, ingkang asring angridhu tuwin amedosi dhaten gtiyang miwah rare, wondene jalaranipun boten katingal wujudipuningkang yekti, awit kasabab sarta ngatingalipun among sak klebetan kemaon, manawi niyat kapandeng ing sak dlerengan lajeng musna.
Cariyos nginggil punika kilap leres utawi dora,kula among angummambang paguyubanipun tiyang kathah, awit kula pyambak panen tiyang cekuk balilet, miwah sampun alit mila, anggen kula kagunturan ing cariyos aeng wau, ngantos pangathik-athik punika saged lumengket ing sanubari kula, ananging bilih kula amawa cariyosipun tiyang ahli budi, ingkang kenging kaagep mangretos, punapa dene nyindikaken cariyosing lalampahanipun tuwan Kolombus ing kang sampun ajajah tanah-tanah meh ing sajagad sarta amanggih pinten-inten pulo boten wonten tiyangipun tuwinan ingkang pancen dereng nate kaambah ing tiyang, punika boten wonten cariyosipun yen tuwan Kolombus sumerep sarta kasiwo dening lelembat pramila ilih kula anggas kabuntasanipun tiyang Eropah mangkaten wau, angel pitajeng kula dhumateng kaumukan ingkang dereng kantenan yen wonten kayektosanipun punika, ewadene labet saking sangetipun kabodhowan kula, teka kula dereng kadugi andorakaken atasing prakawis ingkang kula boten pisan-pisan saged anggayuh wau, inggih punika babaganing kaelokan tuwin kasembawan, amargi pinten pinten kawruh kina ingkang sapunika sampun boten katindakaken sarta tiyang ingkang sapunika sampun boten kuwawi anyranani kalampahannipun anjawi saking aras-arasen inggih sampun sanes jamanipun, pramila gampilaning ucapipun tiyang ingkang boten andungkap engetanipun lajeng mastani, yen cariyos kina ingkang aeng –aeng dipun anggep tanpa kayektian, mongka bilih kula anggagas gugubahan tuwin ikayatipun para pujangga ing jaman kina, tiyang sapunika pancen rumaos wegah sarta boten nyandhak lidipun, dene tutuwuhaningpanggraita teka lebet temen ing suraosipun kados ta serat cariyos jawi ingkang dipun namani, Serat Pustakaraja Purwa, Serat Pustaka Raja Madya, tuwin Serat Pustaka Raja Wasana, kula lajeng saged mastani salencaning pamanggihipun tiyang kina kaliyan tiyang sapunika, kawruhipun tiyang sapunika upami katandukaken dhateng kawruhipun tiyang kina

boten mempan, awit sampun sanes jamanipun, kilap tiyang sapunika kesagedan utawi kabodhonen.
Wasana andadosaken bangahipun manah kula, cariyos gandarwo ing ngandhap punika kula dongengaken dhateng Semangtri, inggihpunika konca kula gugon tuhon wondene kaot kula kalayan Semangtri, gugon tuhon kula tanpa amanjangaken pambudi, wangsul gugon tuhonipun Semangtri jalaran sampun antuk wululang ingkang linangkung.
Ing slompret Malayu ongka 43 Mei kaping 31 taun 1879 wonten cariyosipun kala wulan kang kapengker salebeting griyanipun pun Resawinangun kampugn Banyudan (Panaraga) wonten kadadosan ingkang radi aeng, wedhi kasawur-sawuraken sarta sasawat pating kalothak boten kantenan sangkanipun ngantos amecahaken bala pecah ing sawatawis, langkung malih ingkang andadosaken eraming manah, jangan wonten ing kwali mawi dipun adhep tiyang, lajeng dhawah mangkureb kados dipun tumplak, inggih boten kantenan ingkang mandamel, sarta boten murwat awit pangglewangipun kados katandukan daya ingkang ageng, ingkang punika gampilanipun kathah ingknag mastani, yen pandamelipun gandarwo ingkang calunthangan, mila kawstanan makaten ciptanipun, bilih sampun kapurugaken dhateng pandamelipun lelembat, kapurugaken dhateng ing pundit malih, awit ingkang nyuraos dumeh sami badan wadhak.
Ngantos pinten-pinten dinten tumanduking riridhu wau, andadosaken ribeding manahipun pun Resa Winangun sagotrahipun, alah kathah tiyangingkang nyoba angyektosaken, sareng anujoni sasawat lajeng cengkelak wangsul, mila tansah andadosaken ngenglengipun tiyang ingkang karem angular-ulur panggagas, awit saking dereng purun anglepataken sarta angleresaken satunggil tunggil kawruh dereng kawiyak lalangitanipun ingkang estu, malahkathah kemawon tiyang ingkang mastani, yen gendarwo punika sumerep sarta mangretos sasolah bawanin manungsa, amargi manawi wonten tiyang ngayoni, mawi amimisuh utawi anggugujeng, pun gandarwo kados mangretos bilih kaungelaken ing sawiyah-wiyah, mila lajeng anderesaken sasawur tuwin babalang.
Sareng sampun antawis lami tingkahipun gandarwo wau kawartos lereb, awit Resa Wianngun minta nyarakaken dhateng satunggaling tabib bongsa jawi, punika ingkang saged anulak ngesahaken bangsaning lelembat, mila ngantos dumugi sapriki kyai gandarwo mantun angenipun ugal-ugalan.
Kula kinten cariyos ngingggil punika angencengaken anggenipun gugon tuhon pun Semangtri, awit kalegan manahipun anujoni cocoking manah, nanging gugon tuhonipun semangtri jalaran sampun antuk kawruh ingkang dipun naggep linangkung,punika sampun mawi ewed pakewed anyriyosaken dhateng tiyang ingkang botdho sanget, inggih punika awak kula, ewadene semangtri rekanipun mawi …dhadarmawasita, punika embok manawi kamungka benta saking gendhungipun kemawon.
Sarehning reka kula taksih kewedan dhateng atasing kawruh kasunyatan kalayan kawruh kaelokan, mila kula kedah mratelakaken sabaresipun dhateng semangtri, punapa panggugunipun ingkang katuhonan wau amun ambelo tumut sapton, punapa kados pundit, yen saestu semangrei nginggihi angubyung-umbyung tawon kambu punika nalisip saking tembungipun, sarengat lakuning badan sarta wawadhah ing tatakrami.
Manungkara ing Kadipala
(Tiyang tabib wau punapa inggih saged andhatengaken bangsaning lalembut, suwawi para gujana kula aturi anggagas srinanipun gandarwo wau. Juru gubah).

Kasusahanipun tiyang anarik Lotrei, Yatra, pamenang ongka 1
Sawenehing tuwan tukang besi ing Pareis anama Abriot, anarik lotrei yatra pamenang ongka satunggal ing ngrika, kathahipun 150 ewu, sasampunipun yatra pamenangipun tampeni, tuwan Abriod tampi serat kintunan pinten pinten atus saking titiyang ingkang dereng nate dipun wanuhi, suraos tan liya sami miminta ujuran nyambut tuwin sanesipun, upas kuli ing ingkang wajib ambekta serat kintunan nantos boten sanggup anyykakaken serat kadng dhateng tuwan
Abriot bilih tboten dipun bantoni.
Abriot Jaler estri susah, ngantos boten purun medal medals aking capurinipun kuwatos ing manah, bilih dipun gubel kapintanan ujuran ing tiyang kathah, wonten ing margi-margi.
Upami saweneh ing tiyang nedha dipun turuti, tuwan Abriot kedah nyawisi yatra edasa menten engkas, punika bokmanawi saged ceekap, sarehning tuwan abriot bote badhe anglegani dhateng panedhanipun ing sanes mila abriot dat tumunten angecapaken serat ungelipun mangkaten: tuwan,,,,,,manawi kula miturutana pamintanpun saweneh, amesthi kula bdhe anandhang kacingkrangan langkung saking nalika kula dereng angsal kabegjan anarik lotri wau,mila kula boten sged mituruti punapa sapanedha sampeyan.
Tabe saking kula Abriot.

Nglaamatipun kaserat tapak tanganipun pyambak, kadamel mangsuli sakathahing serat ingkang sampun dipun tampeni.
Ing sawaunipupn tuwan Abriot boten gadhah mengsah satunggil-tunggila, samangke mengsahipunpinten-pinten awit sakit manahipun ingkang sami katulak panedhanipun (Munika pundit ingkang leres, Jurugubah).

Mitra kula Sastrawisita, anggenipun paring barkah pitedah panyuwun kula saserpan bab tembang kados ingkang kasengbut ing bramartani ongka 10 kula dereng saget nyosi panrima saana kula dereng angsal wawaruhon kalimranipun.

Wondene anggen sampeyan karsa nyaruwe dhumateng panyuwun kula barkah pitedah wau, o inggih sakalangkung langkung ing panuwun kula, ewadene kula taksih ngajeng-ajeng namaning tembung ingkang kasebut ing Bramartani ongka 10,manawi ing tembe kula badhe marneni nyuwun brkah saserepan malih, ingkang pantes saha nambahi regening pabaratan bramartani.
Mintasih.

TAMATIPUN SERAT WULANG ANGGITAN ENGGAL
Lan ywa sanggama malem riyadi, sutanira awon, gung duraka mring yayah rename, nadyan besar riyadi tan becik, dadi bocah misil, iku watakipun. Lawankaki sira ywa karonsih, kalamun kasorot,denign surya yen dadi rarene, doh ing begja wa sira saresmi, deg adegan kaki, yen dadi kang sunu. Duwe lara beser iku pasthi, ywa sira karoron malem saptu kalawan rinane, lamun dadi bocahe bilahi, sring kalebu wariy, lan aya wulang hyun. Kanthi esira ngucapi parji, ing dariji babo, miwah Dakar tan becik dadine, rarenira tuna kurang budi, lah away saresmi, kanthi imbal wuwus. Lamun dadi rare duwe sakit bisu,ywa karoron,lawan miyat ingparji dadine, rare wuta away akaronsih, maring sangisor wit,pinangan wohipun. Lamun dadi bocah tan sayekti, gung niyaya linyok, malem bera siriken karesmen, lamun dadi bocah

nandhang sakit, salami tan mari, ywa sira salulut. Maring padhayowa nora becik, , cilaka sayektos lamun dadi ing bejang rarene, away sira anunggali gulng, lagya kelpawestri,ala dadinipun. Bocah duweni budhug kanga kit, lah ngalisutengong amiliya kang becik dinane, malem Senen lan rinane becik,yen dadi kang siwi,pakaremanipun. Sregep ngaji yen sira saresmi, malem Slasa kaot, nadyan rina becik kanadyane, keh kang tresna mring sutamu kaki, malem kemis becik,lawan rinanipun. Lamun dadi rare sinung mukti, begjane tan pedot, malem Sukra becik lan rinane, lamun dadi bocah sarwa wasis, wigya ing sakalir,lah sira wulang hyan. Ri Jumungah sadurunge lingsir, lan ri Kemis karo sadurunge lingsir kadadyane, benjang dadi pangulu kang siwi, dene wong saresmi, iku sunatipun. Nebut bismillahrahmanirrakim, malih wong karoron, amaca atangawut becike, sunat uga lamun nora mawi,yen dadi kang siwi,tyasira balilu. Dipun sami mituhyeng pawarti, kadis kang suraos, denira met puniki,purwane,marma kanthi sinawunging gendhing,ywa kembang kang myarsi, den sami anggilut. Kemis legi denira amarni, sapta wlas linakon, wulan Rabingulakir warsa Be, wuku galungan sangkaleng warsi, astha sirna esthi angayuh sitengsu. Deng pangindhung kang mamatiragi, nem betuk babendon, kinendelan sangkingpakaryane, pamadipura Rahadyan Bei, wadana ing dhistrik Temayang ing dangu.

Ongka 26, Kemis kaping 26 Juni 1879

Surakarta

Kacariyos sareng sampeyan daem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan amiyarsa, bilih kanjeng gusti pangeran adipati anom narendra Putra tanah Nederlan seda, wanci sonten lajeng tedhak dhateng dalem paresidhenan amangihi kanjeng tuwan residhen gupuh anglairaken ing sungkawa dalem ing sedan wau, awit katandhing rudhatosing pangalih dalem mentas kasedan putra dalem kakalih, maksa boten anyameni kalihan sungkawa dalem ingkang sinuhun kanjeng raja, kasedan putra dalem ingkang sampun ginadhang gadhang anggentosi kaprabon dalem.

Mas Bei Wigyapranata, abdi dalem mantri pulisi prajurit kaudur saking kalenggahanipun.

Raden Ngabei Citra Sewaka, abdi dalem panewu jaksa ing pradata kabupaten Sragen kaundur saking kalenggahanipun awit saking panuwunipun piyambak.

Nalika malem dinten Salasa tanggal kaping 3 wulan Juni punika, griyanipun Nyonyah Cina anama Swi Bing ing dhusun Murwa, dhistrik Tawang bawah ing Sukaarja kalebetan durjana koyok kenigng barnagipun warni-warni gunggung regi 103 rupiyah, lebetipun durjana mawi sangani amartamu nedha kori badhe jajan, kocapa sareng dipun wengani, kori, maripatipun nyonyah Wi Bing lajeng dipun kapyuk ing toya lombok dening ingkang mandhang tamu, sanalika nyonyah kapiwara, pun amandha tamu saged andumugekaken sedyanipun boten wonten ingkang mambengi: awit saking tranginasipun pulisi, sapunika sampun saged amikut un julig tiyang 3 iji, sasihna barang ingkang sampun kaaken dening nyonyah Wi Bing, wasana pun julig sampun kalebetaken ing kunjara Sukaarja, kilap kadadosanipun.

Nalika malem dinten Saptu tanggal kaping 20 wulan Juni punika, para tiyang ingkang agagriya secelaking ardi Marapi, amireng swara gumaledheg agigirisi sareng umiyat pucaking redi katingal wonten dahana murub boten antawis dangu pakampungan bawah kabupaten Ngampel ajawah awu.

Sampun sawatawis katingal amikantuki pamrintahipun pulisi dhaeng bawahipun tiyang pakampungan salebting nagari, awit sawawratipun jawah ngacepreh ewa dene meh boten wonten margi ageng tuwin margi alit ingkang risak katimbang kaliyan rendheng ingkang kapengker, wontdening ingkang sampun kacihna ragi sae, margi tuwin kalen-kalen ing salebeting baluwarti, awit panggarapipun mawi dipun biyantoni tiyang karya paksan, awit saking trangginasipun para tandang, tuwin sami purunipun durjana kalihan para tandang, ing nalika samanten ngantos kados paperangan alit alitan sanadyan ingkang gadhah griya sami katatón ananging ing sanalika para kecu sami kenging kapikut sadaya, pamuhinipun ing kathah embok ing salajengipun para konca siti, anandukna patrap makaten kados kenging kaajeng-ajeng nuntenipun sirna lalampahan mangecu.

SAMARANG

Dereng lami mentas wonten saweneh ing cina isngkek sadeyan tahu goreng, sareng lumampah ing margi kampung Kapuran pikulanipun ketanggrok ing tunggak wit waru, wajanipun panggorengan tahu anglewang, lisahipun ingkang saweg umob angwutahi badanipun ing nalika punika pratingkahing cina kados tiyang ewah, clananipun ingkang kawutahan lisah lajeng kasuwek suwek awit saking boten saged anahanaken benter, boten dangu kulitipun sami katingngal amalenthung, para tiyang ingkang meningi sami welas

dhaeng pasambatipun sarehning cina wau boten tahan angangge clananipun ingkang sanget benter, denign lisah, lajeng enggal wuda kantun angange rasukan kemawon, begja dene pun cina taksih saged ambekta mantuk pikulanipun.
Sakalangkung andadosaken eram dene ing waktu mangke akathah tiyang sade apyun peteng, sarana kaideraken dhateng ing dhusun dhusun sawetanipun Samarang, inggih punika kadosta: ing dhistrik Singon Lor, singon kidul tuwin ing Srondhol.
Ing salebtipun tigang dinten kula sampun amider mider ing dhusun bawah dhistrik titiga wau, kula kapangih tiyang gangsal ingkang sami asade apyun peteng, boten liya inggih tiyang ing bawah dhistrik Singen kilon kados ta ing dhusun Klayaran Prujakan Ambaklorok tuwin Nyangkringan sarta tiyang ing dhusun Jago bawah dhistrik Singen Kulon wau ugi tumut sade apyun peteng dipun ideraken, ing wektu punika ungsumipun tiayng mantu, mila tiyang ingkang sade apyun peteng wau sami andhatengi nawekaken daganganipun sampun masthi kemawon tiyang milih tumbas apyun ingkang miring reginipun apyun peteng wau satail regi 6 rupiyah, manawi tumbas apyun ing pakan brumbung satail regi 11 rupiyah ing akan ageng samarang satail regi 12 rupiyah.
Tiyang Cina ingkang dipun pitados sade apyun ing Br cariyos dhateng kula, bilih tiang dhusun ingkang waunipun sami tumbas apyun 2 tail ingmangke amaung tumbas satail cina wau anggadha

BATAWI
Serat pawartos Indiya Nederlan anyariyosaken bilih mentas punika, tiyang dodosan ing kunjara Bekasi paresidhenan Betawi sumedya anjebol ananging awit saking kakendelan tuwin wgigipun mandhor Opas, boten kalampahan saged anjebol,.
Ing wanci siyang tedhanipun tiang pasakitan kalebetaken ing kunjara kados seben, saweneh ing tiyang pasakitan ingkang leres kapatrapan paukuman pejah, sampun golong akaliyan kancanipun anedya jebol ing nalika korining kunjara kawengakaken badhe amandum tedha, pasakitan ingakng kaleres kapatrapa paukuman pejah wau, tumunten malumpat saking kamar amendhet sabet ingkang wonten ing ngriku, lajeng kaliga badhe katamakaken dhateng tiyang jagi, mandhor opas ingkang pinuju wonten ing ngriku, enggal angunus dadamelipun sabet kaangge anangkisi pamedhangipun pasakitan sarta katamakaken kaping tiga, pasakitan ngantos dhawah anandhang brana, nalika punika wonten pasakitan sanes ipun badhe angrebat sabetipu upas ananging enggal dipun pedhang tatu rekaos.
Para pasakitan lajeng sami lumebet ing kamar sowang sowang boten damel onar malih, tiyang pasakitan kakalih wau kabekta ing griya pamulasara, liyanipun badhe kapriksa.
Ing mangke sasakit kewan taksih kemawon kala wingi enjing lembunipun tuwan Dh.L sami dipun pejahi, jalaran wonten kalih utawi tiga ingakng sakit lembu wau sami bagus bagus sarta wedalan ing nagari Walandi tuwin ing Benggala, anggenipun kanjeng gupremen ambayari kapitunanipun para tiyang ingkang gadhah lembu dipun pejahi sampun langkung saking tigang atus ewu rupiyah, ewa dene arta tigang atus ewu rupiyah wau dereng nyekapi, ing mangke kanjeng gupremen sampun anyigakaken yatra kalih atus ewu malih.

NAGARI CINA

Kala taun ingkang sampu ewon titiyang ingkang sami manjarung arta kadamel mitulungi para tiyang malarat ingkang sami kikirangan tedha, ing mangke akathah titiyang nagari sami pitaken punapa arta wau sampun kalampahan dipun damel mitulungi tiyang malarat kintenipun boten kathah ingkang dipun unthet dening para priyantun.

Ing San Gai mentas punika wonten lalampahan ingkang anemenaken panginten wau, inggih punika wonten sawenehing cina nem-neman anama: Yang Ying, sampun anandhani nama ing serat ideran kala taun kapengker Yang Ying sagah manjurung dhateng titiyang malarat wau kathahipun 30000 rupiyah, sareng arta katedha ngantos rambah-rambah Yang Yiing tansah semados kemawon boten purun asok, pangangenging polisi ing San Gai tumunten angintunaken priyantun polisi titiga dhaeng ing griyamipun YangYing, supados anyepeng pun Yang Ying sarta kaladosna dhaeng kantor Yang Ying kapeksa asok arta kasagahanipun bilih boten purun asok badhe kapatrapan paukuman awrat awit saking nalar mangkaten punika kathah titiyang sami wicanten saupami para priyantun boten angsal kauntungan amasthi boten ngantos dipun lampahi kangelan, inggih leres tiang wau sagah manjurung, ananging sareng boten purun asok kadamel punapa dene mawi kapeksa, awit ing mangke panjurung wau sampun boten kaangge.

Jendral Lo ingkang ngangsah ing Kocincan saking kajengipun piyambak awit serik manahipun dhateng raja Si Nang, ing mangkje ngungsi dhaeng ing Pana Paiyuan jalaran katitih perangipun akaliyan balatontra Cina, ing Saro wonten angin ribut sarta aluning saganten sanget ageng , andadosaken tuwasing para baita,

Baita Enggris anama, Wongjetmen sarta baita Dhitse Kasankrat wagel jangkaripun kentas ing dharat.

Ing Peking tuwin ing lIyanipun panggenan kathah tiyagn sade jampi kadamel angendelaken tiyang ingkang sami nadhah apyun dhokter Enggreis aniti priksa jampi wau kadamel saking galepung tuwin apyun jampi mangkaten punika adamel karisakaning manungsa.

Kula pinuju aleledhang dhateng satasiyun ing Surakarta, teka pancen inggih angigigirisi lamaphing telikipun pak Apyun, margi ingkang sami nyegat ing panggenan pakendelaning kareta asep wau, ing Benglapan sarta ing Purwasari, sinten ingakng kagledhah saestu nandhang kalingseman, awit patraping pamriksanipun wau, boten pisan anandukaken tata krami sakedhik kedhika, priya utawi estri inggih boten wonten bedanipun, ingkang makaten wau kok namtokaken angsal inggih boten, terkadhang ingkang pancen bekta bok manawi saged lepat jalaran saking riyeling tiyang ingkang kagledhah, makaten wau punapa pancen sampun terang ing parentah. (Panjurung).

Sambetipun Bab Sapparbank .

Ing pranatanipun bab anangkaraken yatra punika mangkaten, yatranipun tiyang kathah wau dipun kalempakaken tumunten kalampahaken mawi pikantuk anakan, wondene sapinten petanging pawitanipun satunggil tunggilng tiyang ingkang katitipaken punika, juru serat ingkang wajin amemuti, namanipun ingkang gadhah yatra, kathah kedhiking yatra wit, badhe sapinten angsalipun anakan ing alem sataun sawulan tuwin sadinten: ewadene ungpami wonten tiyang ingkang nedha wangsuling yatranipun, ing griya

panagkaran ugi lajeng amangsulaken yatranipun wetah, dalah sapetanging saremanipun jangkep.
Mangke tuwan-tuwan igang jumeneng dhireksi ning atasipun griya panangkaran yatra wau, boten mawi pkantuk kauntungan saigar-igara, kajawi amung amendhet yatra anakanipun ing wit wau saperangan, kadamel ambalonja sakathahing para garap, kados ta juru angrimati yatra (kassir) punapa dene para carik sanajan tuwan tuwan dhireksi boten angsal putwas punapa-punapa, suprandene ing saben dinten sampun tamtu mriksani katranganipun yatra ingkang mlebet utawi medal sarta nguningani serat serat pemutanipun kalayan prasasa boten metang kangelan.
Saking panawang kula embok manawi kathah ingkang sampun mangretos bilih masalah kasebut nginggil punika, ing tembungipun welandi dipun namani: **Spaarbank** ing tanah Jawi ngriki inggih sampun lami anggenipun kaedegan griyaenggen anangkaraken yatra mangkaten kadeos ta salebeting kitha Batawi, Samarang, tuwin Surabaya, malah sampun kathah tiyang ingkang nyemplungaken yatranipun wonten ing panangkaran ngriku, jalaran sampunnajoni kawontenanipun reka ingkang melagani dhateng ing klamaratan,.
Enggal punika kawartos kawontenanipun tiayng ingkang anitipaken yatranipun wonten ing griya panangkaran yatra ing Samarang, salebetipun taun punika tiyang jawi kathahipun 59 tiyan Cina 44 bilih bilih gungunggunging tyiyang ingkang titip wau amung samanten kenging dipun wastani sakedhik sanget, langkung malih yen katandhing kalayan gunggunganipun tiyang ingkang nangkaraken yatra wonten panggenan panangkaran ing wekasanipun taun 1878, punika kathahipun 2765.
Sabab saking punapa dene boten patos sakathah tiyang ingkang kapilayu anangkaraken yatranipun wonten sawenehing panggenan anangkaraken yatra wau, embok manawi kasabab saking dereng patos kathah tiyang ingkang mudheng dhateng kawontenaning manalanipun, sarta bok manawi kasabab saking sanesipun.
Suprandene asring –asring apireng, pinten pinten tiyang ingkang sami nyuraos, upami wontena ingkang ngawontenaken **Spaarbank**. Ingkang kasiyagakaken dhateng bongsa Jawi, saestu kathah tiyang jawi ingkang akwengan budinipun lajeng anyelengi yatra wonten ing ngriku, wangsulan kula: dereng tamtu, ingkang awit benjing punapa kemawon anggenipun trecepan ing pawesthi wau, sabab ing mangke dereng kenigng dipun ajeng-ajeng wontenipun panggenan anangkaraken yatra ingkang migunani dhaeng tiyang jawi pyambak pramila manawi wonten bangsa jawi niyat kapengen paidahipun pamanggih ing nginggil wau, kenign gugi yatranipun lajeng kadekekna dhateng ing **Spaarbank,** Welandi kemawon **.** Menggah sayektinin gpigunanipun prakawis anangkaraken yatra punika langkung parlu tumrapipun dhateng saweneh, langkung malih dhateng tiyang ingkang amung gadhah pamedal langkung sakedhik sakin gingkang kadamel amujudaken betahing griya, upaminipun mangkaten kados ta ingang miskin gadhah pamedal kawan ringgit ing dalem sawulan-wualnipun, mongka ing dalem sawulan sampun cekap pyambakipun amung angawontenaken balonja kalih ringgit, dados ingkang kali ringgit kapetang yatra mirungga, punika kengin glajeng katitipna dhateng griya panangkaran yatra wau, supados angsal bingahan, wondene paidahipun malih dhateng tiyang miskin kalih prakawis sapisan: kadamel anamengi panggasahan awit saweneh ing tiyang en anyepeng yatra, awis ingakng saged angenepaken pikajengan, ingkang limrah lajeng kadamel andugeni ciptaning manah sadungkapipun, anyipta mumpung gadhah yatra, temahan boten ngengeti, yen kajengipun sapele punika badhe anumanaken sarta magang dados sekaring karisakan mangkaten wau sampun kalebet

wateking manungsa boten kasinungan marem-marem, amboseni ingkang sampun wonten, amengini ingkang taksih dados pangajeng-ajeng, ing sanalika kasupen lampahipun agemeni saking sakedhik, labet bote angengeti dhateng ungel-ungelan: *sing sapa ora bisa simpen dhuwit sadhuwit iya bakal ora duwe saringgit*, mila gampilanipun kadamel anamengi pamuyaping manah wau, punapa boten prayogi bilih langkunganing yatranipun punika katitipna dhateng ing enggen anangkaraken yatra, paidahipun ingkang kaping kalih: (S.M) taksih wonten candhakipun.
Manungkara ing Kadipala .

(Kula mireng bawah Mangkunagaran sampun wonten paklempakan panangkaring yatra, winastan Kasbondhalaksan,
Jurungarang)

//ndra// manising gita wajib kinardi, kakidungan mrih resep kang myarsa, nagri Batawi ganare, tingalan ran Musiyum, pantes ginelar dening palupi, sangking endahing warna, barang-barang penuh, prasasat isinin gswarga, sabuwana ing musiyun amepaki, tinata rinarengga. Sakilening alun-alun Gambir, wisma gedhong ageng pager bata, ing ngasa wonten gambare, reca diponga prunggu, mring palata ageng tur inggal, binatur bancikira, dadya mangkruk-mangkruk, sami taritis ing wisma, pambukaning musiyum muhung saben ri, minggu kathah kang mirhat. Sapa-sapa kang nedya ningali nora mawi waragat bayaran, namung nandhani bukune, ring tanggaling pandulu, miwah sihnaing wisma sinadhiyan kursi, meja mangsi lan kalam. Saben sampun sung asma gya manjing, sakarsane miyata tigalan, kamar kang kidul isine, ing jawi ngajeng intu, sakeh ringgit-ringgit karucil, jinajar wetan dwara, nguni asalipun, sangking nagri Pasuruwan, nora pati bagus warnane kang ringgit, sairip ringgit purwa. Kathah ngangge jamang gelung keling, amakutha enthong datan pelag, wus mangsem ecet pradane, kekedhok topeng agung, jroning kamar tembok kang sisih, kilen ringgit wacucal, purwa asalipun, sing gusti pangran dipatya, Arya Mangkunagara masungsung nguni, meh pepak salampahan. Taksih inggal pinarada sami, bagus bagus dhasar piniliyan, keh rangkep warna-warnane, nulya na gambaripun, nateng siyem kang spuh nguni, agenge samanungsa, tekenan cet bagus, busana aprajuritan, maring tembok kang kilen sumendhe keksi ing sangandhaping wayang . Arta jene perak lan dembagi, ageng ngalit kethip talen miwah, wukon nyuarupiyah jejer, ardana ringit agung, sami arta moncanagari, ing satanah Eropa miwah sanesipun, artaenggal lan arta kuna, warna-warna nganti kewran kang ningali sangking gunge ardana. Aneng meja tinutuping beling, katon saya gumilaping warna, ting palancur tingpancoret, pungkasan kang ler sinung, astra buda buda menuhi, tan bankit ulun marna, aneh-aneh agung, saweneh janma wawarta, yeku gada warna-warna, tan kena ing ngetung, lan tanwruh wijanging nama, sisih wetan artaning buda wong jawi, gotog andhil atusan. Sak ler meja wonte kenap alit, sinung gambar pulo Undrus Pelag, yeku nguni pakirtyane, paranteyan binaut, dupi bangkit karya puniki, wartane ing ngaksama, kang ler celak pintu, wonten pedhang ageng panjang, wangun wlandi nguni kinarya nelasi, jendral kang malih tingal. Nginggil tembok wetaning kori, cinanthelan arta-arta kertas, nyadasa miwah nyalawe, nyatus lan ngalih atus, nigangatus poncatus tuwin, arta nyewu akathah, lir gambar pinatut, kidul-kilen wonte kamar, jejel isi buku tinata respati, maring rak kajeng kathah. Warna-warna sastra lya nagari, miwah sastra buda mring karopak, tansusah pinanjangake, sangajeng jawi pintu, wonten reca ageng tur inggil, gambar bahtara Rama , sela item bagus, jaja mangangge makutha, cara buda kamar kilen reca sami, kathah awarna-warna. Kidul wonten arca sisirah tri, tinunggilken sami bangsanira, ing kidul kilen gambare, arca bathara Guru, ageng alit sami tinunggil, miwah arca pra dewa, kanan kerinipu , ing kilen bathara Kala, sangyang Gana kinumpul ageng lan alit, ler kathah moncawarna. Wekas wetan gambar golek jawi, xznbkinb wreksa ha wong nang pakirtyan wonten malih gambar aneh, kajeng kasar winangun, kadi janma sarwi malangkrij, wartane sangking padhang, nguni asalipun, wreksa kang mentas kinarya, gantung janma puniku nulya kinadi, rinewa-rewa janja. Mongka cihnaning janma kang ngurip, pina puja kinarya brahala, nguni asingit kabare, kamar ler isi penuh, tatingalan endah kaeksi, dhasar kalintang wirya, urut pinggir sinung, sanjata waon lan pedhang, upacaranipun sagunging narpati, ing tanah-tanah sabrang. Sami liligan ginosok putih, , waos eluk enceng celak panjang, ageng lan ali jinejer, pedhang bengkok lan suduk, karya sining rarenggan pani, longkange mung sadhesa, denya nata urut, tumbak pedhang langkung kathah, sisih kidul lemari kaca kang isi busananing wong buda. Miwah wastra-wastrane wong Bali, sumping iket udheng gilig jamang, palintangan petangane, kinarya gambar kakung, kadi ringgitt mawarni-warni, lan wonten sastranira, lir jawi kang tembung, busana Bugis Makasar, Padhang Ambon Ternate busana ngacih, kabeh maring jro kaca . Awon sae wonten binaludir, tinaretes banyu mas kang wastra, kurung-kurungan jinejer, pacul garu waluku, jipat jiret mawarni-warni, jala jejaring mina, kathah warnanipun pethel arit kudhi

terang, lapak –lapak cekathakan larap jawi, miwah kang upacara. Bawat payung kathah monca warni, gilap seret dhog satugel pethak, bupati lan punggawane, swarnaning priyantun, alit alit denya akardi, gelang kekalung kathah, miwah kelat bau, busananira narendra, sultan ngacih kabandhang wektu ngajurit, keh gambar wisma-wisma. Pathak janma untune marngingis, sangking dhayak mring almari kaca, gamelan mandoning kilen, sarancak warnanipun, galodhogan sami ing ngukir, dipun cet pinarada, miwah gongsa anglung, sangking bumbung lawan nujksa, tengah mujur mangilen meja geng beling, kathah isi curiga. Pedhang waos sangking moncanegri, tatawanan wektu bondayuda, sadaya wonten nomere, ing buku gancaripun, jroning meja gelas kang adi, sagung retna kancana, ing ngriku kinumpul, jamang kelat bau gelang, pending sengkang ting –anting susupe kancing, badhong sawa kancana. Busana sabrang busana jawi, sangking gungira anganti kewran, tan bangkit atur sakehe, miwah banderanipun, Sultan Banten kasoring jurit, Sultan Ngacih Sadaya, maring jro musiyum, kamar ler kang tembing wetan, iku kabeh busana kang sarwa adi, bagus lan endah-endah. Reca tiga kancana kinardi, mugn sagandhik agenge rineka, gambaring Siyem rajane, kang kalih e stri ayu, prameswari nang narpati, datan mawa rasukan, bnusana umancar, tatiga sami rinengga, makuthaning garendra awarni lincip, lir nata ringgit Cina. Agegelang kelat bau pending, kalng tundha rinonyok sosotya, ting galebyar ting karetes, weh sengseming pandulu, rehning ulun datan udani, reca yekti kancana, lawan sanes-sanesipun, miwah taburing sosotya, yekti dora ulun tan purun ngarcupi, wit tan ana kang wawarta. Meja kaca kang eler pribadi, isi brana ingkang sarwa pelak, lawan pusaka sagunge, kat ga waos kinumpul pedhang medhang balongsong rukmi, saking para narendra, tinaretes muru ing retna miwah sosotya, kranging pedhang binabur dening erthathit, warnaning kang warastra. Nora pati angebat-ebati, panjurunging kang para narendra, anamung uparengane, ukiran selutipun, sami tinaretes retnadi, wonten sajuga pedhang, bagus dhapuripun, waronka blongsong kancana, tengahira sineling suwasa sari, mendhak rinonyok mubyar. Pasungsunging nguni kanjeng gusti, nenggih pangran adipati Arya, Mangkunagara wartane, puniku sestu mungguh, lawan wonten inten sarakit, barleyan geng kalintang, meh kalih kalungsu, ujwa lanang ra gumebyar, lir kartika ing saka mar amadhangi, karya etbating nala. Dhuh puniku kanggeya li-ali, para putri kang endah ing warna, kang rurus alit asane, mucuk riwangunipun, miwah ingkang anemu giring, iba sambadanira, mara bani semu, akarya lam-laming driya, nora kudu samusiyum andarbeni , mung inten sakembaran. Yen cinatur sadaya mneawi, kirang papan luwih kang jinarwa, muhung pinugut prelune, marma mitra sadarum, lamun dereng miyat batawi, kenging winastan tiwas, tetbyen dah pandulu, titi denira mangripta, depa ngindhung kang lagya sumarah takdir, resi Gondhawijaya.

Ongka 27, Kemis kaping 3 Juli 1879
Pratela panariking loterei yatra Rodhetreis
Pamenang 100,000 ingkang anarik ongka 19079
Pamenang 20,000 ingkang anarik ongka 2126
Pamenang 10,000 ingkang anarik ongka 21650
Pamenang 5,000 ingkang anarik ongka 512
Pamenang ingkang nyewu ingkang anarik ongka 1849, 20340, 20719, 16629, 4521, 6922, 10556, 11944, 5228, 3365. Pamenang ingkang gangsal latus ignkang anarik ongka 19454, 15355, 15779, 11032, 19574, 22838, 4317, 2196, 5326, 7979, 1337, 2657, 5017, 7841, 20987, 1492, 13194, 13516, 20507, 16856.

MESIR

Tanah Mesir ing mangke sanget resahipun ingkang jumeneng Kedhif Sang Ismail Basah angereh praja wau boten pindhah pindhah arsaha amranata, manut wiradat ingkang anentremaken lalampahanipun nagari, sambutan sang saya mindhak pahasilanipun nagari ingakng kadhadhapaken sambutan wau, kenging winastan boten ajeg asokipun awit sampun salong kaeming, tiyang alit ngantos sami angresula, para prajurit tuwin para nara praja sampun lami boten anampeni balonja, lalampahan makaten wau anuwuhaken kandheging sadaya pakaryan pramila para praja tanah Eropah ingakng kawulanipun sami sudagaran dudunung wonten ing tanah ngriku saha angedalaken bondha, anyampeti ing kacingkranganipun praja Mesir, sami asung rembag supados Sang Kedhif amitadosa bongsa Eropa kakalih, ingkang sampun kacihna pinujul ig pangolah ing pahasilanipun nagari, kapatahha amranata prakawis wau, rembag wau inggih kalampahan kalaksanan satunggal bongsa inggris ingkang satunggal bongsa Pranse ingkang kapatah, ananging amung kadamel samudana kemawon ing saestonipun sangsaya mempeng resahiung lalampahanipun Sang Kedhif ngantos para kawula ingkang boten atampi balonja, sami ayon badhe purun dhateng nagari, mandar kawanatus opisir ingkang sami kaundur, saha dereng atampi waledaning balonja, sami angesuk malebet dhaeng dalemipun Sang Kedhif sarwi degsura wicantenipun ing kawekasanpun para prabja ageng tanah Eropah, rumaos kawogan ananggel pejah gesanging kawulanipun ingkang sami dudunung wonten ing Mesir, kadosta: Dheitselan Prangkreik tuwin Inggelan nalika kaping 24 Juni, sami amratelakaken dhateng sang Kedhif amurih tentremipun tanah Mesir prayogi anywyna lumengser saking paparentahanipun bilih boten praja titiga wau badhe angudi dhateng praja Turki, unduripun sang Kedhif tuwin pangkat gumantosa dhatengpangeran Alim Basah, ing mangke pawartos kawat katitimangsan kaping 26 Juni, angedharaken bilih Sang Kedhif asumungkem ing timbalanipun Sinuhun Sultan Turki, sapunika sampun aseleh paparentahanipun ingkang kasuwunaken anggentosi anakipun pangeran Tewik Basah, menggah salajengipun dereng wonten pawartosipun.
Sangkala tinengaran sarira sirna mangesthi gusti: Juru ngarang

Pawartos kawat saking Eropah.
Layonipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom Prinse Van Oranye samun kakonduraken dhateng ing Nederlan.

Kulawisudhan
Raden Mas Ariya Purbaningrat, bupati ing Demak amrgi sampun kathah labetipun dhateng nagari, kaganjar pangkat Adipati
Raden Martadiwinata, Asisten Wadana ing Nawangan bawah ing Semanten kaangkat dados Bupati ing Pacitan pangkat Tumenggung.
Raden Ngabei Sura Adikusuma, patih ing Pamalang, kaangkat dados bupati ing Pamalang pangkat Tumenggung.
Babah Ko Tyang Han kaangkat dados Litnan Cina ing Bayalali
Babah Li Cion Kun kaangkat dados Litnan Cina ing Klathen
Raden Tumenggung Reksanagara, bupati ing Pamalang, luru mangser sakingpaparentahanipun kalayan kalulusaken ing pangkat kaluhuranipun.
Raden Tumenggung Marta Adinagara, bupati ing Pacitan lumengser saking paparentahanipun saha amargi sampun lami tuwin sedya tuhu pangawulanipun mawi kaganjar pangkat adipati.

SURAKARTA
Nalika dinten Isnen punika wonten pasamuhan inggih punika anggenipunkanjeng tuwan residhen angemban timbalan dalem ingakng sinuhun kanjeng raja Nederlan angaturaken tatenger Komandhuring Ordhe Prinse Yosep mawi bitang saking ingkang sinuhun ing Ngyastenreik dhumateng ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan menggah tata lampahing pakurmatan kados ing ngandhap punika:
Pakurmatanipun emeh sami kalayanlebetipun serat saking Betawi, kaotipun amung wewah dreling abdi dalem prajurit lebet kalih kompeni rambah kaping 3, wondene gancaripun kados ing ngandhap punika,
Ing dinten Senen tangal kaping 10 wulan Rejep taun Be ongka 1808, wanci jam 9, abdi dalem prajurit lebet kalih kompeni, tindhih mayor satunggil, baris ingpalataran abdi dalem musik sabragada sowan ing palataran, prajurit jawi kalih kumpeni,tuwin prajurit Jagasura sawatawis bai\ris ing ngalun-alun, ing siti inggil mawi gongsa monggang, Jam 10 abdi dalem wadana kaliwon panewu mantri jawi lebet carik tuwin gandhek sami kautus methuk dhateng loji paresidhenan bekta bering mas lurub kesting jene, kaampil Mantri Carik, songsong gilap kalih kaampil abdi dalem Jajaka parak, kareta satunggil ingkang angusiri walandi, tuwin panyomprete telani kalih Kanjeng Raden Adipati Sagranagara, Patih Dalem ingakng Sinuhun sowan jujug ing loji paresedhenan Kanjeng Pangeran Ariya Purbanagara Koloneling prajurit dalem Jawi Lebet Sadaya, tuwin Litnanipun Kolonel dalah Mayor-Mayor iingakng boten nindhihi baris, sami sowaning Sri Panganti.
Kendel Jam 10 sampeyan Dalem miyos saking kadhaton tdhak ing Pandhapi Sasana Sewaka, agem dalem Kanigaran lajeng lenggah ing dhampar mamenga ler, kaprenah wonten saantawising saka guru ingkang kidul, kaurmatan ungeling kagungan dalem musik.
Kanjeng Gusti Pangera Adipati Anom Amangkunagara ngagem Kanigaran, sowan ing ngarsa dalem tapering kilen.
Para Bandara Pangeran putra santana, sowan wonten salering saka guru ingakng ler, sakidulipun saka pananggap, iingkang wetan sapalih ingkang kilen sapalih,
Angkatipun saking loji paresidhenan tetenger ingkang winastan Komanduring Ordhe Pranse Yosep wau kawadhahan beri mas kauruban kesting jene, kaampil Litnan

Drahgunder Walandi, lajeng anumpaki kreta pethukan songsong gilap kalih kabeber kadamel anongsongi, abdi dalem wadana kaliwon panewu mantri sapanunggilanipun sami anjajari wonten ing ngajeng, nunten panyompret welandi, nunten kareta titiyanipun tetenger, ngajeng wingking mawi kajajran Drahgunder Welandi, nunten kareta titiyanipun Kanjeng tuwan Residhen kareta titiyanipun kanjeng gusti pangeran Adiapti Arya Mangkunagara, lajeng kareta tumpakanipun para tuwan-tuwan, dumugi ing pagelaran kanjeng radenAdipati Sasranagara, wadana kaliwon sami lukar rasukan tetenger wau kaamil abdi dalem wadana gedhong, kasongsongan dening abdi dalem kaliwon kaparak, dumugi ing Sri Panganti, kaampil abdi dalem wadana kaparak dumugi ing teratag pandhapi katampeni Litnan Drahgunder Walandi.
Kanjeng Tuwan Residhen sasampuning tatabeyan lenggah ing sawatawis, Kanjeng Raden Adipati Sasranagara, kanjeng pangeran Kolonel Ariya Purbanagara sowan mingggah ing pandhapi ngarsa dalem, wondene abd dalem wadana lebet riya sowan wonten sawingkingipun para pangeran ignakng sisih kilen wadana jawi litnan kolonel mayor mayor ingkang boten nindhihi baris, sowan wonten sawingkingipunpara pangeran ingakng sisih wetan abdi dalem kaliwon sami sowan ing teratag sapalih wonten wetan, sapalih wonten kilen. Sasampuning tetenger komandhuring Ordhe Pranse Yosep kasaosaken, kajeng tuwan Residhen lajeng anagemaken, saha anaturi wilujeng tabeyan, kanjeng gusti pangeran adipati ariya Mangkunagara, para tuwan tuwan sami urmat ngaturi wilujeng:
Tumunten inuman sumaos, ngunjuk sapisan wilujeng dalem ingkang sinuhun kanjeng raja ing nagari Nederlan, kaurmatan ungeling musik miwah dreling prajurit lebet kalih kompeni iga rambahan, sarta drelingprajurit jawi kalih kompeni tiga ramabahan, kasauran ungeling mariyem kaping 27.
Ngunjuk kapingkalih, wilujeng dalem ingkang sinuhun ing Ostenreik
Ngunjuk kapign tiga, wilujengipun kanjeng tuwan ingakng wicaksana guprenur General ing Indhiya Nederlan.
Ngunjuk kaping sakawan: wilujeng dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan General Mayoripun ingkang wadya bala Nederlan, Komandhuring Ordhe Nederlan Seleyo, saha komandhuring mawi bintanging Ordhe Pranse Yosep ing Ostenreik.
Ngunjuk kaping gangsal wilujengipun Kanjeng tuwan Residhen ing Surakarta, komandhuring Ordhe Pranse Yosep ing Ostenreik.
Ngunjuk kaping nem wilujeng saha karaharjanipun tanah jawi
Lajeng kasaosan ngunjuk wedang
Boten antawis dangu kanjeng tuwan residhen, kanjeng gusti pangeran Adipati Arya Mangkunagara, para tuwan tuwan, pamit lengser saking ngarsa dalem.
Boten antawis dangu kalayan koduripun kanjeng tuwan residhen, sampeyan dalem ingakng sinuhun kanjeng susuhunan Jengkar anadhaton,
Ugi boten antawis dangu malih ingkang sami sowan kalilan bibaran
Kondoriun saking kadhaton kanjeng tuwan residhen atindak dhateng Mangunagaran andumugekaken tindakipun anggening angemban timbalan dalem ingakng sinuhun kanjeng raja, anampekaken tatenger Ridering Ordhe Eiseren Krum saking ingakng sinuhun ing Ngustenreik dhumateng kanjeng gusti pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, dumuginipun dalem kamangkunagaran kanjeng tuwan residhen kalihan para tamu sanes lajeng atata lenggah, kados adat bilih wonten pasamuan kaotipunnamung para Opisir tuwi para narapraja boten sami majeng minggah ing pandhapi, rawuhipun

kanjeng tuwanresidhen tinengeran ungeling gongsa monggang, tuwi prajurit ingakng siyaga wonten ing palataran sami urmat boten antawis dangu tatengering Ordhe wau kang saosaken kadhawahan wontening berimas mawilurub kesting jene, ingkang angampil kajeng angeran ariya Londa Siswara, para opisir tuwin para nara praja lajeng sami majeng minggah dhateng ing pandhapi, kanjeng tuwan residhen nunten jumeneng tatenger kaagemaken dhateng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, Kanjeng asuka wilujeng, para tamu sanesipun inggih nunten sami majeng angaturi wilujeng, para Opsir tuwin para narapraja lumengser saking pandhapi.
Tumunten inuman sumaos ngunjuk enem rambahan kados wonten ing kadhaton kaotipun namung ngunjuk kaping gangsal wilujengipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, ngunjuk sapisan lajeng prajurit sami drel kasauran ungeling mariyem binarung patabuhing gongsa monggang, sareng sampu angunjuk boten antawis dangu para prajurit lajeng kaebahaken wontening palataran kanjeng gusti tuwin kanjeng tuwan residhen ginarebeg para tamu sanesipun sami jumeneng tindak dhateng ing ngemper amirsani barisipunprajurit saeng sampun lajeng atata lenggah sakedhap engkas lajeng kondur.

Kacariyos bilih ing kampug KA wonten tiyang estri, ing wanci sonten katilar jagong ingkang jaler wonten ing griya piyambakan saeng wanci sireping tiyang amireng bilih kontenipun kadhodhog sarehning kakinten bilih ingkang jaler mantuk lajeng guuh angengakaken konten ananging awit aripipun dados boten amapadakaken wujudipun tiyang ingkang malebet ing griya sarta lajeng ambruk anglajengaken anggening tilem boten dangu lajeng karaos bilih dipun ajak gugujengan ananging tansah anglepos tilem kemawon lajeng kasaru amireng konten dipun dhodog malih, estri inggih lajeng adwengani konten saha mawi amelehaken dhateng ingkang jaler, wong mau uwis mulih bae, nganggo lunga maneh, ingkang jaler amangsuli, kapriye ta: jagong lagi muleh saiki, teka ditreka wus muleh bali maneh, lah sing jaluk lawang dak wengani mau sapa, sareng mireng wicanten makaten ingkang jaler anesu, tan saronta anyled obor, sajawining griya dipun obori, ananging boten wonten punapa-punapa, sanadyan kalampahan punika kalebet elok mugi samu anuwuhaken gugon tuhon

SAMARANG
Durjana pandung ingkang adamel kacilakan
Kala angrinenaken tangal kaping 14 Juni kapengker punika, ing dhusun Tanmang dhistrik Srondhol wonten durjana amandung kalapa ignkang taksih gumandhul ing wit klapa tumunten kagendhong badhe kabekta mudhun wasana klapa wau rentah andhawahai tiyang estri anama Patimah ingakng pinuju langkung ing sangandhaping wit ngantos boten saged ambekan dangu-dangu saged ambekanmalih, nanging badanipun sakojur abuh, sareng pandung sumerep lalampahan mangkaten wau enggal malorot lumajeng, ngantos sapunika upadosan dereng kapanggih.

BATAWI

Miturut wartos saking kanjeng tuwan residhen ing Batawi ingakng kawrat ign serat kabar winastan Jawasekoran bilih sasakit kewan ing Afdhelng Bogor, Mister kOrnelis sarta Tangerang sanget ing B ogor wiwit kapign 14 dumugi kaping 21 maesa ingkang kapejahan 116 iji, ing Afdheling Mister Kornelis wiwit tanggal kaping 19 dumugi kaping 24 Mei maesa ingkang kapejahan 51 iji, ing Afdheling Tangerang wiwit tanggal kaping 23 dumugi kaping 24 Mei maesa ingakng kapejahan 324 iji, ing Batawi wiwit tanggal kaping 14 dumugi tanggal nem ing wulan Juni maesa ingakng kapejahan 90 iji. Ing mangke sasait kewan wau angrebda wonten ing Afdheling Serang sadaya, dumugi sapunika kanjeng gupremen sampun angedalaken yatra 700000 sumerepa tempahing maesa, ignkang kapejahan

SAMBET SARTA TAMATIPUN BAB SPAARBANK

Paidahipun ingkang kaping kalih Araling kawula upami kaparak ing sakit boten saged beberah, nanging sarehning sampun gadhah yatra ingkang kacelengan wonten ing griya panangkaran dados boten kabetah ing bab kang kadamel amujudaken ing sarating gesang, langkung malih bilih anggenipun nyemplungaken dhateng ing panangkaran sampun lami, mongka boten dipun ewah-ewah, saestu nglemakipun kathah, kabingahanipun kenging kababaraken dhaeng ing anak rayat pumawana dhateng kadang kadeyan, temahan saged ambentenaken kalayan kawontenanipun pekir, ingkang tansah andhadhepa minta pariman melasih turut radinan.

Bilih sampun kasuraos liding nalar punika, tuwin kacondhangan kedah mawi sarana kalantehanipun kaklempak saking sakedhik-sakedhik, supadosipun saged anglempak kathah, awit sanajana maujud ageng pisan inggih saking kempelipun wujud parincen, punika embok manawi dados margining panggagas boten wonten ingkang ngungkuli, manpangatipun rimat yatra, tegesipun dipun cemplungaken ing griya panggenan anangkaraken yatra inggih sae, kasimpen wonten ing griyanipun piyambak inggih sae, anggeripun serep rekanipun anggemeni, sarta saged angecakaken nalaripun amrih cakap, kedah sarana kaklempakaken sakedhik-sakedhik. Sinten tiyangipun ingakng boten amati openi dhateng prakawis thinthing-thinthing kerig sumerep sakathahing yatra pamulungipun tiyang sepuh miwah rare ing sadinten-dintenipun dhaeng juru sadeyan embok manawi awis kajekan panginten, yen atasig tutumbasan punika asring wonten ingkang boten kantenan pingunanipun ingkang estu, mila layak kemawon saweneh ing tiyang rumaos kacocok ing ngajeng, amargi sakin koruping manahipun, kang mawi salebetipun kitha –kithaning nagari turut madinan rinten dalu boten kirang samukawis ingkang anggegasah dhjateng kaengetan, kadosta: ing saweneh tiyang saged anumbas dhadhaharan eca, sandhangan endah-endah, tuwi sanes-sanesipun malih, ingkang anglangkungi rekaos kiipataken punapa ingkang asring amalahi, sabab burusing manah ing sanalika kandhah deing langkaning kajengipun, sregep tuwi kawekelanipun ing damel aklindhih dening kabingahanipun sakedhap netra, ing sawaunipun amung agembyaki, dangu-dangu korup manahipun jumeneng pribadi, wasana sareng sampun boten gagadhah kantun angraronta prihatin tuwin kaduwung, temahan samukawis ingakng dipun upadosi boten kapanggih, kakajenganipun tansah kacuwan, sarta amadosi ingkang boten saged kapangih, inggih punika upados jenjeming manah.

Inggih leres sawenehing tiyang wektu anggadhahi parlu, mantu, netakaken nnataken rae, tuwin gadhah damel naliya-liyanipun, kathah kemawon sanak sadherek sarta mitra nipun

ingkang manjurung wragading tumbas sesegah, inggih punika ingkang dipun namani: pasumbang, ananging taksih pinten pinten bab ingang pinrih atinaken prakawis yatra, kedah angwontenaken kalayan pambudidayanipun pyambak, kadosta tiyang: yasa griya, andadosai griya, tuwin tumbas prabotting griya, miwah pirantos ingang kedah parlu kawontenaken kadamelo angenjahaken sejanipun, pnapa dene anumbnasa sandhangan enggal kaangge pasamuwaning grebegan utawi ing masa pameran sanes-sanesipun amrih boten saru, sarta kapendhet ing samadyanipun, ingkang punika sapinten rumaosing kabegjanipun tiyang ingkang sampun gadhah celengan saking anggenipun kaklempakak sakedhik-sakedhik, amrgi wonten ignkang kajagekaken kadamel andugeni ign saparlunipun, boten kedah nantos atusan, sanajan dasan kemawon inggih sampun kawical begja sanget. Sumanten malih bilih wonten apesipun kobongan kabanjiran tuwin kasangsran saking sabab sanesipun, inggih sampun radi ayem, awit wonten ingakng ginajulaken, ingkang kadamel angenthengaken kasangsaran tuwin kamlaratanipun kang nembe sinandhang.

(S.M.)

Manungjkara ing Kadipala

Ongka 28, Kemis kaping 14 Agustus 1879

Kula angaturi uninga dhumateng para ingkang sahangemin serat Bramartani, bilih pangecapan sampun kabikak malih, dene kandhegipun serat Bramrtani ing salebetipun wulan Juli punika igakng sami angemin badhe angsal pituwasipun sami ing ngaturan serat pananggalan nyatunggal wekdalipun taun gnajeng punika.

Para mitra ingakng asring sarju amanjurung, sami kula aturi engal angatingalna sih katrisnanipun dhumateng kula.

Juru ngarang.

SAMARANG

Kala kaping 1 Juli punika llulurah ing Opasipun Asisten Residhen Pulisi akaliyan Walandi telik dhateng ing Klayaran mawi ambekta arta kathahipun f 600, badhe kaangge samudana tumbas candu, sadumuginipun ing Klayaran Opas angentosi wonten ing margi kemawon ananging walandi telik wau tumunten malebet ing griyaning kanjeng saha nembung tumbas candu, arta f 600 , kaulungaken dhateng kaji, sanalika kaji lajeng angwedalaken daganganipun candu peteng dumunung wonten ing sosis walandi telik engal anyepeng pun kaji dipun biyantoni dening Opas, sarta candunipun kenging karebat, kinten wawrat 4 kati, arta f 600 wangsul dhateng walandi telik salajengipun kaji ingkang anerak awisanipun kanjeng gupremen kaladosaken dhateng jaksa, sarta tumunten kalebetaken ing kunjara.

Mentas punika pambelahing berok manggih rare estri ngumur 5 taun wonten wingkinging kantoripun tuwan Apen Mister, rare wau dipun pitakeni anakipun sinten saha ing pundi griyanipun dereng saged anerangaken sampun sawatawis dinten kabekta mider ing para kampungan dereng wonten ignakng ngaken gadhah dados ing mangke rare wau taksih dipun openi akalayan sae dening pambelah..

Sampun sawatawis dinten punika ing kampung Pondhok Kaliwungu Samarang wonten saweneh ing rare jaler ngumur 18 taun dados dhukun prewangan ananging solah bawa tuwin watekipun kados tiyang estri sarta angangge sengkang tuwin panganggening estri. Rinten dalu boten wonten kendhatipun akathah para bongsa jaler estri sami andhatengi, satunggil tunggil tiyang benten-benten sedyanipun wonten ingkang anyampekaken sasakitipun wonten ingakng nedha palarisan saeweneh wnten ingakng mecakaken utawi ametangaken badanipun wondene rare wau sajatinipun dhede rare jawi, ananging anakign Cina singkek kala ngumur 1 ½ taun katitipaken dhateng tiyangjawi, sareng bapakipun mantuk dhateng nagari Cina, rare lajeng kadadosaken Jawi, wasana sareng anggesolah bawa tuwin watekipun kados tiyang estri saha lajeng dados dhukun prawangan.

Tiyang anama KA, ing kampung Kelengan enggal punika megat estrinipun barnag-barnag gadhahaning ngestri ingkang nama Gini ugi kabektakaken pun KA, amung angantunaken ayam 3 iji, sadyanipun katangkaraken, liya dinten tiyang estri wau dhateng ing griyaning tilas semahipun inggih punika pun KA, perlu nedha ayam tiga iji ingkang kantun ananging pun KA, boten ngulungaken tiyang estri tumunten kawedal pisuhipun kathah –kathah dhatengipun, , ngantos andadosaken jalaraning paben salebetipun paben wonten tiyang kakalih dhateng boten kasumerepan nama griyanipun tanpa saronta lajeng amenthung dhateng pun KA, ngantos kalenger akuthah rah tiyang kakalih wau tumunten kacepeng dening pulisi.

KENDHAL

Nalika angrintenaken tanggal kaping 23 Juni kapengker punika griyanipun Paktergadhe ing Kendhal kalebetan durjana pandung sarana ambotol tembok kenigng barangipun awarni mas inten ingkang kasimpen ing pethi, sadaya gunggung regi f 4000 pambikaking pethi amusarana kabejad, saking pamanggihing para tiyang ingkang gigriya celak ing ngriku, anggenipun paktergadhe kapandungan wau jalaran saking kainanipun piyambak amargi Paktergadhe ing salebetipun kitha Kendhal amung satunggal saestu simpenanipun barang gantosan langkung kathah, sabab punapa temboking griya ingkang kadamel simpen barnag-barang gantosan teka amung kadamel satengah batu, sarta pethinipun kirang santosa tondha kenging kabejad, pulisi ugi sampun tumindak galedhah ing kampung-kampung, nanging dereng sage nyepeng durjana wau dalah cacihnanipun,

CIYANJUR:PRIYANGAN

Kawartos sawenehing tiyang estri ing padhistrikan Cidamar awit saking risaking manahipun jalaran kapegat dening laki, lajeng tuwuh mentalanipun amejahi anakipun alit kakalih sarana kalelep-lelepaken ing lepen rare wau ingkang satunggil ngumur 2 taun satunggilipun ngumur 3 ½ taun.

BIRMA

Akathah wadya Enggris sampun dhateng ing Mandhalai, inggih punika kithanipun ageng ing Birma, raja ing Birma ingkang jujuluk ***Theebaw*** ingkang angumbar awa nepsunipun amejahi para warganipun saemper kados amituhu dhateng kajenganipun Enggelan ananging dereng kenging kaanggep temen sang raja adhadhawah nglempak dhaeng para wadya ing ngarsanipun kalayan sidheman kautus anyambut arta dhateng titiyang dagang ing Rangun sarehne panyambutipun ing dalem sawulan amawi sareman, 2 persen mila ugi wonten ingkang purun angaturi sambutan.

Akathah tiyang sami nginten bokmanawi badhe tempuk aprang kaliyan Enggelan punapa dene sang raja sampun amacakaken wartos wonten ing serat kabar winastan Mandhalain Sante, bilih kirang sawatawis dinten tiyang Inggris badhe minta aksama datheng sariranipun dene tumut-tumut ing prakawisipun saha tiyang boten wenang anyaruwe awit sang raja anelasi abdinipun piyambak sarta boten kereh ing raja amonca.

WARTOS CAMBORAN

Wonten sagawon ageng satungal saben saben anondhol ulam gadhahanipun Peklekek anuju saweneh dinten nalika sagawon wau angogondhol ulam lajeng dipun kodholipun dipurugipun awit Peklekek badhe sumerep sinten ingakng gadhah sagawon caluthak wau, wasana segawon lumebet ing griyanipun Prokurur, sarta kayekten bilih ingkang gadhah, sareng peklekek sampun sumerep lajeng enggal mantuk dandan sarta lajeng dhateng kantoring Prokurur wau anedha rembak wicantenipun makaten: tuwan Prokurur kula gadhah prakawis sakedhik, kula kaparenga nyuwun rembak kala wau wonten sagawon

anggondhol ulam gadhahan kula, punika ingkang gadhah segawon punapa boten kedah asuka tetempah regining ulam Prokurur amangsuli: wus mesthi bae kang duwe asu kudu ambayar tetempuh, reganing iwak yen ora ambayar amasthi tak sereg prakarane, sarta anamtokake bakal menang, Peklekek wicanten, ingkang kagungan sagawon sampeyan kula nyuwun tetepah regining ulam gadhahan kula sarupiyah, Prokurur tanpa wicanten lajeng ambayar sarupiyah dhateng Piklekek salajengipun Peklekek mantuk akayan bingah, sanes dinten Prokurur angintunaken rekening dhateng Peklekek ananging boten purun bayar sarta lajeng dados prakawis karampunganipun Peklekek kaleres kawon awit sinten-sinten ingkang nedha rembag dhateng Prokurur pasthi suka prabeya, sarta peklekek kaleres ambayar wragading prakawis ngantos f 100 Prokurur anggugujeng sanget dhateng Pelekek.

PARIWARA DARMA

Wonten saweneh ing sudagar ingkang saben saben lalana anjajah ing para nagari, ambekta daganganipun awarni-warni, manawi dagang sanipun pajeng artanipun lajeng kakilakaken barang-barang ingang kainten badhe saged pajeng akalayan angsal bathi sawatawis kathah, awit saking punika lami-lami andadosaken sugihipun siptanipun sudagar langkung prayogi biih amendhet semah, awit sanajan kacekapan boten wonten ingkang ngopeni anggening agigriya, langkung malih sarehne kerep kesah tebih.
Sudagar tumunten emah-emah kaliyan estri ingkang ayu warninipun miwah sae kalakuwanipun salebetipun gadhah semah ngantos sawatawis lami boten nate linggar saking griya, sarta manggung seneng gesangipun akaliyan semahipun wau. Aannging sudagar mesthi kedah kesah among dagang, weah malih sarehne kulinanipun saben-saben lalana anjajahi para nagari, dados angraehs boten sakeca lami-lami angangur wonten ing griya kemawon, anuju ing saweneh dinten sudagar sanjang dhateng semahipunmanawi badhe kesah among dagang, semahipun pancen sanget asih rumaos boten kawawi bilih katilar kesah tebih, ewa dene sarehne kesah ing lakinipun angupados kauntungan inggih dipun turuti, amung pamurihipun manawi kacondhongan enggala wangsul awit piyambakipun pinuju saweg wawrat.
Sudagar prasetya manawi boten kapambeng dening sabab inggih badhe enggal wangsul ananging bilih dereng wangsul mongka semahipun agadhah anak manawi lair jaler kanamakna pangajeng-ajeng, bilih estri kanamakna pitulungan
Dsreng sudagar badhe bidhal lajeng pamitan sarta semahipun mawi dipun ambung, semahipun asuka wilujenging lampah akalyan boten saged angampet ign pamrebesmilili, sudagar lajeng mangkat anumpak baita kapal.
Wonten satengahing saganten baita \nipun sudagar katemuh ing angin ageng miwah ombak meh andadosaken jalaraning kerem sudagar boten angadhahi cipta manawi badhe gesang, mila amung amasrahaken badanipun dhaeng kang maha agung, awit saking pitulunging Allah nora pracondha wau boten andadosaken tiwasipun saha boten watawis dangu kapranggull saweneh ing baita, salajengipun sami labuh, ing baita wau wonten tiyangipun sepuh sanget wigya saha sampun sumerep dhateng kawruh lampah-lampah ing alam dunya, sudagar akaliyan tiyang sepuh lajeng mimitran sae, kacariyos ing nalika sami lilingihan tiyang sepuh awicanten: yen kowe arep salamet ing dunya elinga marang wuwulang iki

1. Aja anggugu marang wuwulanging sawiyah wong

2. Aja ngarah sumurup marang prakaraning liyan
3. Ing salawase kudu sabar.

Manawa kowe anggugu wuwulang ku iki, kowe mesthi bakal nemu kabegjan sarta ora orane ing buri nganti kaduwung.

Boten dangu baita kakalih tumunten layar sowang-sowang purugipun, baitanipun sudagar lajeng dumugi sawenehing nagari ignkang dereng nate dipun ambah, sudagar enggal mentas ing dharat amlampah-mlampah nedya tataken margi, boten telangke kapangih satunggiling tiyang jaler gagah prakosa, sudagar dipun takeni saking pundi pinangkanipun saha badhe dhateng pundi purugipun sudagar amratelakaken manawi awit saking baitanipun katempuh ing angin ageng kapeksa amampir ing nagari punika ingkang dereng nate kaambah, sarta ing mangke saking sedyanipun badhe gegramen wonten ing ngriku, tiyang gagah prakosa wau mangsuli: yen kowe arep oleh kauntungan akeh lan kasenengan liwata ing kene, iki dadala omba lan lawang gedhe, meh kemawon sudagar badhe angega wicantenipun tiyang gagah, ananging lajeng enget wuwulanging tiyang sepuh wau, aja angggugu wuwulanging sawiyah wong, dados sudagar boten siyos anggega, saha lajeng ngupados margi sanes inggih punika margi ciyut ingkang sepi tuwin boten kathah tiyangipun langkung, dangu-dangu sudagar dumugi saweneh ing kitha ageng ing ngriku kumireng wartos bilih sinten ingkang ngambah margi ageng wau amasthi kabegal dening kancanipun tiyang gagah, mila sudagar sanget narimah dhateng wuwulanging tiyang sepuh, awit saupami anggega apisanjangipun tiyang gagah amasthi manggih cilaka.

Wonten ing kitha sudagar amanggihi tiyang ingkang gadhah griya pamondhokan nembung nedha mondhok ugi dipun lilani sarta katampen akaliyan sukarena barang daganganipun sudagar kasimpen wonten ing ngriku, saben dinten kesah daheng ing peken sasadeyan.

Kacariyos anuju saweneh dinten tiyang ingakng gadhah griya pamondhokan peken kaliyan kancanipun kancanipun wau ngantos kalampahan dipu pejahi, antukipun sudagar saking peken sumerep tiyang ingkang dipun pondhoki taksih nyepeng dadamel ligan agupak rah, nalika punika sudagar andarbeni sedya badhe atataken ananging lajeng yitna wuwulangipun tiyang sepuh, aja ngarah sumurup marang prakakaraning liyan sudagar dados boten estu atataken.

Lami-lami daganganipun telas kasade sarta angsal bathi kathah anuju saweneh dinten sudagar pamitan mantuk dhateng tiyang ignakng dipun pondhoki saha anglairaken panarimah, tiyang gadhah griya pamondhokan asuka wilujenging lampah tuwin anykani bibingah awarni sabet ingkang gupak rah kala dipun tingali dening sudagar tiyang ingkang dipun pondhoki wicanten tujune kowe ora takon apa sababe wenang iki gupak getih, saupama kowe takon amasthi tak pateni, amarga nalika samana aku isih nepsu, ing mengko saka pamujiku kowe slamet ing laku tumuli teka ing omah.

Kacariyos kala sudagar mantuk wonten ing margi tansah amanggih rurubed kaetang saking angkatipun langkung gangsal welas taun laminipun saweg dumugi ing griya, nalika sudagar dumugi ing griya samun wanci dalu, korining griya kaineb sareng sudagar anginjen saking jawi sumerep estrinipun linggihan kaliyan sawenehing jajaka, sanget amuring-muring, saking dakwanipun jajaka wau bedhanganing estrinipun mila saking sedyanipn bdhe enggal lumebet ing griya amejahi esrinipun tuwin jajaka remenanipun ananging tumunten yitna wuwulanging tiyang sepuh salawase amesthi kudu sabar nepsunipun sudagar lajeng lilih sarta enggal anothok

kori, estrinipun angwengani, sareng sumerep bilih ingkang thothok-thothok kori wau bojonipun lajeng dipun rangkul sarwi dipun ambung, saha jajakanipun undang mawi dipun wicaneni: lah iki baakmu kang ora tau ko sumurupi, sarta sudagar lajeng dipun sanjangi, punika rak putra sampeyan ingkang sampeyan tilar nalika taksih wonten ing ngetengan sareng lair kula sukani nama Pangajeng-ajeng miturut weling sampeyan sudagar enggal ngrangkul anakipun sarwi dipun ambungi, saha lajeng anggagas manawi wuwulanging tiyang sepuh wau leres sadaya, saupami boten angega amasthi badhe katiwasan utawi kaduwung.
Criyos punika sambada, kinaryaha ing palupi, ywa kita anggugu wulanging sawiyah janmi, wit ko wuwulang sisip kang weh moit temahipun ping dwi ywa nganti kita sadar pananwikani, prakara kang taman magepokan sira. Awit tatal kang pratistha, neng netra piliyan mami,kita abangkit uninga, ananging bolak kang munging angekwatan udani, ngumuleh tan arta werus awit punika marma, kalamun kita mrangguli, sawijining konca kita ingakng tiba. Iya ing sabisa-bisa, sira tutulugna aglis away nanti sira idak, mrih wimbuh awrat kaping tri aja nganti nuruti iya marang kanepson mu, marga sing sapa-sapa amburu nepsu ne asring, sang cipta ne cuwa tan api cilaka.

Rawuhipun Kanjeng Pangeran Ariya Londa Siwaya ing kitha Arenem

Nalika tanggal kaping 28 wulan Juni ing wanci jam kalih siyang, kanjeng pangeran Ariya Londa Siwaya rawuh, wonten ing griya yasa samuan panggelaring barang ing kitha Arenem rawuhipun mawi dipun pethukaken para tuwan ingkang sami angereh pandamelan ing ngriku saha dipun ancarani lumebet dhumaeng ing panggenan ingkang dipun siyagakaken anampeni para tamu, ingakng pantes dipun papanaken sareng sampun tuwan Bresma ingkang mandhegani pandamelan wau, amatur dhumateng kanjeng pangeran Ariya Londa Siwaya ing tembung malajeng suraosipun makaten.
Kanjeng Pangeran
Nalika sampun tamtu bilih ing kitha ngriki, bdhe aelaraken barang tutuwuhing pakaryaning tanah Nederlan tuwin tanah –tanah wawengkonipun wonten rembag malih: punapa para tuwan ingkang sami amandhegani panggelaring barang wau, boten amangangkah samuanipun pagerlar wau,kalayan binarung ungeling gongsa. Golonging rembag para tuwan wau nunten sami sowan amanggihi kanjeng tuwan Niweneisen ingkang sakalangkung anyondhongi, saha angalih boten wonten pakewedipun bilih para tuwan wau lajeng asaosa atur ing panjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati ariya Mangkunagara, ingkang nunten sami dipun leksanani. Amengkeraken enem akad taminipun para tuwan wau sami anampeni serat kawat saking kanjeng tuwan residhen ing Surakarta, ingkang suraosipun anuwuhaken renaning manah, awit panjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati ariya Mangkunagara, sanget dhanganing panggalih dalem anameni serat aturipun para tuwan wau, saha parenging karsa dalem anampeni serat aturipun para tuwan wau saha parenging karsa dalem badhe anyambadani anuwunipun tuwin badhe angintunaken gongsa sarancak dalasan niyaganipun, pawartos punika sakalangkung adamel bingah ing para tuwan wau, awit anembe punika ing tanah Eropah amiyarsa ungeling gongsa:

Ananging ingkang agawokaken pangajeng-ajengipun para tuwan wau, inggih punika pawartos ingkang katampen wingking, asuraos bilih pura dalem kanjeng pangeran Ariya Londa Siwaya, kadherekaken wayah dalem raden Mas Sunarya badhe rawuh, arsa ajenengi pangelaring barna ing kitha Arenem salajengipun tindal paapara amirsani tanah Eropah.
Nalika panjenengan rawuh ing ngriki, panjenengan nunten ing ngaturan para tuwan wau, mugi karsa atindak dhateng ing griya ingkang kadamel agelaraken barang, supados para tuwan wau saged anyagekaken rawuh panjenengan.
Punapa malih kapiadreng panuwunipun para tuwan wau, mugi panjenengan karsa asaos atur dhumateng panjenengan dalem kanjeng gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, bilih para tuwan wau sanet angenipun angaosi, dhumateng karsa dalem angintunaken gongsa dalasan niyaganipun, kajawi punika sakalangkugn langkung ing pamundhinipun awit panjenengan karsa rawuh saha karsa lerep tuwin lajeng amasang grahan wonten ing kitha Arenem, ingkang saestu anglairaken rumaket panjenengan sampun prasasat panjenengan wonten ing dhagenanipun pawong mitra
Ing wasana pangajeng-ajengipun para tuwan wau, ing sadangonipun para niyaga wonten ing ngriki, mugi sampun ngantos kacuwan saha ing sasaged-saged badhe anyambdani, punapa ingkang andadosaken kasedhenganipun supados benjing wangsulipun dhaenging tanahipun sami rumaosa bilih pangangggepipun para tiyang ing ngriki dhumatengpara niyaga, sami kados dhadherekipun ingkang wonten ing sabrang.
Sasampunipun atur pambage wau dipun jawab ing kanjengpangeran ariya Londa Siwaya, para tuwan tuwan ingkang amandhetani panggelar wau,, sami majeng kawanhaken dhateng kanjeng pangeran nunten sami atindak dhaten ging pangenan tatingalan amiyarsakaken ungeling musk, siyangipun wanci jam sakawan kanjeng pangeran atindak dhaeng dalemipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana Grapanglimbarehsirum ingakng anyarirani sameyan dalem ingkang sinuhun Kanjeng raja wonten ing tanah Gelderlan saha dalem wonten karajanipun inggih punika kitha Arenem lalenggahan sakedhap kajeng pangeran nunten kondur, kanjeng tuwan ingkang wicaksana panglimbureh Stirum inggih amangsuli tuwin dhateng kanjeng pangeran angening saming papanggian wonten ing griyanipun tuwan Nortir.
Nalika tangggal kaping 2 Juli amarengi panggelaranging babarang tatanen kanjeng pangeran ariya Londa Siwaya, kadherekaken ingkang putra, rawuh wonten ing kitha Neimegen kanjeng pangeran mangagem cara jawi, ignkang pura mangagem cara Walandi, rawuhipun wonten ing Setatsiyun kanjeng pangeran mawi kapethuk saha kabagekaken dening tuwan Panekelom pangajengipun para tuwan ingang sami amandhegani pangelaring barng tatanen wau, nunten sami andumugekeken lampahipun ingkang mawi karengga samuanipunmakaten ing ngajeng musik prajurit mardika, nunten kaeta enem ingkang kalih mawi rakitan sakawan kap sami kabikah sadaya, ingkang ngajeng katitian kanjeng pangeran nunten kareta ingkang katitian ingkang pura, kalian sawatawis tuwan ingkang mandhegani panggelar wau, mawi kajajaran erewah, tuwa n wan kalihwelas sami mangagem cemeng, dipun tindhihi tuwan Pander Wedhen sosoranipun pangajenging para tuwan ingkang sami mandhegani panggelar wau, ing wingking musik prajurit usar saking kitha Sehertogenbos, wanci jam satengah sawelas siyang rawuh ing panggenan pangelaring barnag tatanen wau:

Rawuhipun kanjeng pNageran mawi kabagekaken dening kanjeng tuwan Beilefel ingkang angasta panguwasa ing kitha Neimegen kajarwakaken ing tembung Malayu dening tuwan dhekaty lajeng kajawab dening kanjeng pangeran mawi anglairaken panimrahipun atasing angening angrenga rawuhipun wonten ing kitha Neimegen.
Salajengipun kanjeng pangeran atindak dhaeng ing griya pasamuan kairid kanjeng tuwan Beilepel kadherekaken tuwan Dhekat ignkang anjarwani sadaya pandangonipun kanjeng pangeran ing atasing sadaya pirantosipun tatanen katawis bilih kanjeng pangeran sanget ing pamarsudinipun.
Sasampunipun dhahar, wanci jam satengah satunggal lajeng sami minggah ing panggungan nunten miwiti balapan.
Sontenipun kanjeng pangeran dipun sugata, wonten ing griya pamondhokan wicanten Beirehendhal bibar dhahar kanjeng pangeran kondur wangsul dhateng ing Renem.

Ongka 29, Kemis kaping 21 Agustus 1879

SURAKARTA

Kala salebetipun wuilan Juli kapengker punika wanci dalu kebonipun tiyang nama Sadrana ing dhusun Plukisan bawah ing Bayalali, wonten swara jumethot sarta kemrosak ngantos andadosaken kagetipun tiyang tilem sareng enjengipun Sadrana nuweni dhateng ing kebon sumerep tanemanipun pisang raja kusta medal tuntukipun ingkang andadosaken eram dene gulunipun banyak panjang ngelawer meh kelangsrah ing siti, sareng karubung dening tiyang kathah lajeng angecocong salajengipun akathah tiyang jaler estri sami dhateng angalap barkah dhateng Kyai Pisang, kalayan nayosi sasaji ing sakadaripun piyambak-piyambak.

Ing mangke kanjeng parentah nagari katingal sanget pangudinipun dhateng sinaning griya ingkang nyahak wawengkoning radinan ageng. Saking pamanggih wontenipun griya nyahak wawengkoning radinan ageng wau jalaran saking kirang tumemenipun ingakng kawajiban amamengi ing nalikanipun saweg dipun wiwiti ing pandamelanipun saupami tumemena saestu negari boten susah mawi kemlawe dhateng prakawis ingkag kalebet remeh mangkaten, bilih nagari karsa amatrapi paukuman dhateng para ingakng kawogan bab ing prakawis wau, kados ing tembe lalampah makaten punika sirna.

Kasebut ing serat Bramartani katiti amngsan kaping 14 Agustus punika ongka 28 rumaos soten saged angampet welas kula dhaen glae kalih ingkang dipun pejahi biyangipun mila saupami teganing biyangipun wau amung jalaran angening kapegat ingkang jaler, punika pantes pulisi angularaken prakawisipun, supados pangadilan anyandhangi paukuman ingkang awrat, kajawi bilih pun musibat wau uga sakit ewah.

Nalika dinten Saptu tanggal kaping 16 Agustus punika,. Griya bangonipun tiyang sade lisah petroliyum prenah sawetan dalem kapatiyan mawut-mawut badhe kabesemen saking urubing sasadeyanipun lisah, jalaran lisah wau ingkang saeblek kateetesan latunipun lare ambekta colok sareng lisah amubal eblek lajeng kagolingaken wasana lisah anglabar latu mubal ngantos badhe anyalat dhateng pagering griya sacelaking bango wau.

Amargi saking katrampiling para tandang dereng ngantosa nyalat tu sampun pejah katubruk kalayan sinjang O, inggih sanadyan ingakng sade lisah punika awakipun sami malonyoh, janji boten pejah sarta latu boten kalajeng dados.

Serat Mil saking tanah Eropah anyariyosaken bilih kanjeng pangeran Ariya Londa Siwaya rawuh ing kitha SegrapenHage, kang rajanipun tanah Nederlan inggih punika kitha, ingakng dipun kadhatoni sampeyan dalem ingakng sinuhun kanjeng raja, , Kanjeng pangeran lerep wonten griya pamondhokan winastan Belefe, ingkang nampani rawuhipun kanjeng tuwan residhen Lamres Van Turenbureh, tindakipun dhateng dalemipun kanjeng tuwan ignkang wicaksana minister Pan Koloniyen, tinampen ageng-agengan sanes dinten nunten kanjeng tuwan iingkang wicaksana amangsuli tuwi dhateng kanjeng pangeran wonten ing pamondhokanipun. Menggah ingakng andadosaken renanipun para ageng tuwin sanesipun awit alus tapsilanipun kanjeng pangeran saha ingakng putra, kacihna bilih sampun kulina dhateng tatakraminipun para ageng bongsa walandi, kacariyos nalika agelaraken ungeling gongsa, tuwin agebyakaken jogetipun mas Warsi saha mas Reki, pambukanipun ing gongsa gendhing Srebegan punika kathah para tiaygn ingkang sami cuwa, amargi kathah began nunten kathah ingkang sami kesah, ananging sareng gongsa kaungelaken gendhing sanes ginunjing, bribil surengdriya, binarung

pangeliking ringgit kakalih wa gentos-gentos lah punika titiyang ingkang kesah wau., nunten sami wangsul ajejeg rebat panggenan punap amalih sareng mungel gendhing genjong, dhawahipun dhateng eling-eling pathet nam lajeng sami karaos nyes utawi sami ajenger adulu luwes gendhesipun solah tingkah ing ringgit kakalih wau, wonten ing papan ing panggelaripun barnag, panatanipun gongsa kaya sakaken griya, mawi kapayu ing dami saha warni kados griya ing tanah Jawi

Pawartos Mil ingkang dhateng wingking
Kanjeng pangeran Ariya Londa Siwaya, kadherekaken ingkang putra sampun sowan sampeyan dalem ingakng sinuhun kanjeng raja, wonten ing kagungan dalem pasangggrahan Etlong, mawi kasunggata nunggil dhahar sasampunipun kanjeng pangeran nunten anyaosake pisungsungipun ingkang rama, awarni sabet nagari Bali, wangkingan tuwin waos sadaya sami tinaretes ing sosotya, kamurwat aregi: 13000 rupiyah, sampeyan dalem ingkang sinuhun kanejgn raja angangkat kanjeng pangeran ing gelenganipun ridering Odhegaodhenley, ingkang putra kaangkat ing gelenganipun ridering Ordheeikenkrun.

YOGYAKARTA
Malika ing dinten Ngaad tangal kaping 3 ing wulanAgustus punika, wonten 1, tiyang jaler nami Pawiradikrama, griya ing kampung Gondakusuman, awanci jam 1 siyang, manadya dhateng ing kebon anuweni tanemanipun, kang sarta kakinthil ingah-ingahanipun 1 segawon estri, wusana pawiradikrama wau sareng dumugi ing pakebonan, kapethukaken denign sawer koros ageng salengen panjang 1 dhaepa, ingkang punika wau sawer sareng sumerep ing manungsa dadak sekala abekos sarta anjengek manedya purun, Pawiradikrama semu ajrih amundur-mundur ngupados sela, manedya kadamel bandhem sawer ingkang ambek purun wau, sareng Pawiradikrama sampun angsal sela, tumunten boten sranten sawer kabandhem ananging lepat , katalika wau segawon sareng sumerep ing sawer, anulya ajegrag wuluning githok angsung pratondha purun ing sawer, tumunten ajeng gok sarta anerajang purun.
Sawer sareng katrajang ing segawon sekala amapan milar sarta segawon kenging kasaut, lajeng kapulet dhadha miwah bangkekaknipun sakingga kagaddhi, ingkang puika segawon kajadhi ing bondayudanipun, tansah amung kowang kaing ingkang kadadosaswaranipun,ugi anglekgoso boten saget lawan, ingkang pnika Pawiradikrama sareng sumerep yen segawonipun satengah pejah tansah kithah-kithah ingkang dados solahipun, awit sekewet anggenipun badhe ambiyantoni ingkang sampun kajadhi wau, tumunten Pawiradikrama amlajar mantuk angungdang segawonipun ingkang tesih kantun ingriya, wau segawon 2 iji, sareng mireng kasingenan ingakng gadhah sekala pating thuruthus dhateng , ugi lajeng kaoyahaken, supados ambiyantonana ingknag bondhayuda wau, katalka wau segawon 2, sareng sumerep kancanipun anglekgoso kapulet ing sawer, lajeng atranginas ajegog sarta anyakot pethiting sawer, sang sawer sareng kaebut 3, dadak seka udhar mamuletipun.
Wau segawon ingakng anglengoso: sareng kapitulungan lir mendah kasiliring samirana, lajeng karigah abakot warganing sawer, kagebeg-gebekaken seklangkung rame. Ingkang punika ugi dados tatingalanipun sedaya tiyang ingakng griya celak ing ngriku, selajengipun sadegsa kasirna marga layu, dening sesona, 3 wau. (Darmawasrsita).

BATAWI

Dereng lami ing kampung Petojo wonten tiyang estri gadhah anak sasampuning dhukun andeleh bayi wonten ing tampah, lajeng kesah ngupados lading badhe kaangge ngiris puser, sawangsulipun dhukun sakin gmendhet lading bayi sampun boten wonten titiyang kathah ingkang nginten manawi bayi wau kabekta setan ananging makaten punika boten manawi boten yekti, ingkang ngempering kagondhol ing sagawon

OMBAROWA

Wonten saweneh ing sudagar ageng bongsa Cina tampi pethi satunggal iji saking kareta Asep ingkang mawi alamat genah dhateng sudagar wau, nanging sinten ingkang kintun boten kasumerepan saeng pethi kabikak andadosaken kagetiun sanget jalaran isinipun apyun peteng awratipun langkung saking 50 kati, saehne sudagar sumerep bilih apyun punika saged damel cilakaning badan mila sanget gumeter sarta atresing manahipun saha lajeng enggal sowan ing kantor polisi kanthi pethi saisinipun ing mangke polisi saweg ngupados katrangan sinten ingkang kintun pethi wau.

SURABAYA

Kala ing wulan Juli kapengker punika wonten sawenehing tiyang mentas tangi tilem lajeng amuring saha amenthung estrinipun ngantos dados gotongan, tiyang estri wau tumunten kalebetaken ing griya pamulasara kausadan dening dhokter, menggah ingkang dados sababipun tiyang wau amisakit esrinipun dereng kasumerepan.

Kawartos kala salebetipun wulan Juni kapengker punika, tiyang amanggih jisimipun tiyang Cina, ingakng anganyut-tuwuh sarana lading panyukuran tatu jangganipun meh tigas jisim kabekta dhateng ing griya pamulasara.

Menggah jalaraning panganyt tuwuh kakinten ing kathah mangkaten, Cina wau pinangkanipun saking Majakerta, dhatengipun ing Surabaya nedya anjampekaken maripatipun awit maripatipun ingkang satunggl rumiyin sampun sakit ngantos boten cetha kadamel aningali, wasana maripatipun ingkang satunggal lajeng anututi sakit kausadakaken dhateng dhukun Cina boten saged wauya sareng wonten ing Surabaya angundang dhukun jawi ananging dhukun wau sampun boten kadugi maluyakaken jalaran sampun kasep Cina gadhah panedha maripatipun kairisa, dhukun boten purun anglaksanani, awit sanajan kairis ingih tanpa damel sarta tambah sakit saking panginten Cina wau sanget wirang dene taksih anem teka prasasat sampun calaina, mila lajeng ananyut tuwuh sarana lading panyukuran.

CAMBORAN

Taun punika kataksir kanjeng gupremen badhe pikantuk Kahj Waingbanah jawi 912670 pikul ing padhang sarta taren nuli, 122940 pikul. Sapundhating wulan Mei Kah waing kang sampun kalebetaken ing gudhang-gudhang tanah jawi 45657 pikul ing Padhang sarta ing Tapanuli 48695 pikul.

Saweneh ing tiyang Dhitse sugih tilar dunya wonten ing kitha Berlin tiyang wau boten gadhah anak bojo, nanging warganipun sanget kathah, para warga punika sami nyipta amasthi badhe pikantuk pusaka kathah, ananging sareng mireng ungeling serat wasiyat kados ing nandhap punika lajeng adongong.
Ing nalika aku mlarat ora ana warga ku siji-sijiya gelem tutulung marang aku, wus kaping pira bae gonku kirim layang marang dheweke kang mawa pitembungan sengak meh ora ana siji kang kesdu amangsuli: wong kang lagi wanuh bae kambi aku gelem tutulung, nganti andadekake jalaraning sugihku, ing sawuse aku sugih, banjur tompa layang pirang pirang atus saka wargaku, layang-layang mau tak rawati kabeh, ing mengko manawa aku tinekakake ing janji mulih marang jaman kalanggengan sabarang darbeku tak lilakake marang tuwan A.B. lan C. awit pitulungane nganti andadekake jalaraning sugihku, dene para wargaku tak purih anampani bali layang kiriman e dhewe-dhewe kan gmarang aku.
Serat wasiyat wau boten wenang dipun ewahi sarta katindakaken anetepi ungeling serat pranatan para warganipun boten kenging adamel prakawis.

PANJURUNG
Ingkang mugi sampun andadosaken eruning panggalihipun resi Gondawijaya, dene kula calak anyambeti panjurungipun cariyos gancaring nagari Batawi, boten ta kula amaoni, namung saking reseping manah kula amaos panjurungipun, mila sareng kula uininga wonten saprakawis cariyosipun ingkang geseh kaliyan kayektosanipun kula lajeng enggal ngaturi katrangan kados ing ngandhap punika.
Ing pada kaping nem, anyebutaken nulya na gambaripun nateng siyem kang sepuh nguni, punika leresipun gambaripun sultan ing nagari Kute, tanah Bang Kidul wetan ing Pulu Burneyo, ingkang ajujuluk kanjeng ***si;tam <ila,ad si;e,am Mado; Kalipatul*** Mukminin inggih punika besanipun Raden Adipati Panji Cakranegara, bupati ing Surabaya.
Kaserat ing Betawi kaping 14 wulan Juni taun Ngisa ongka 1879

SAMBRAMA
Sakalangkung sanget bingah kula, ing sapunika pangecapanipun serat Bramartani sampun kabikak malih, awit saking pamanah kula ing ngatasipun tanah Jawi, punika kaolebet anengsemaken sanget mila sapunika nagari Ngayogyakarta amedalaken serat kabar Jawi anama Darmawarsita, anggen kula mastani sakalangkung ing prayoginipun.
Antawis sampun kalih dasa taun sapriki, wiwit wedalipun kabar Bramartani, bilih kula boten kalintu ingkang murwani ngadeaken pangecapan tuwan Artephel wasana wedalipun bramartani wau amung sawatawis taun anunten kendel, sakendelipun bramartani menggah tiyang ingakng remen maos serat kabar, angraos kemba.
Lami-lami serat Bramartani kawedlaken malih, wiwitipun anama Jurumartani anunten kagantos nama Bramartani, dados kala wiwitan pisan sarta seratanipun ingkang mungel Bramartani, mindhak sae saha pantes sanget inggih punika seratan ingkang kangge dumugi sapriki kawartos seratan wau anggitan saking Madiyun capipun kadamel ing nagari Walandi.

Wedalipun Bramartani sasampunipun ngangge seratan wangun engal sanget amewahi bingah ing manah, mil akala kandheg enggal punika satengah kula andherek priatos sarta amumuji mugi kawedalna malih.
Sarehne sapunika puji kula kabul serat kabar Bramartani kawedalaken malih, wasana panjurung kula kawilujengan pinanggiya ing panjenengeanipun ingkang ngawasani serat Bramartani wau, sarta pangajeng-ajeng kula mugi wedalipun Bramartani lastantuna ing salajengipun.
Panuwun kula dhateng priyagung juru ngarang, manawi panjurung kula punika boten kagalih saru, mugi karsa amreloaken macak ing Bramartani.
Dipakarya

Santunipun namanin gsrat pawartos dados Bramartani, punika wawinih saking karsa dalem awit ingang sampun kalampah salaminipun juru martani punika, kaagem jujuluking putra dalem bilih wonten ingkang dipun jumunengaken ing pangkat panembahan.
Jurungarang.

WIWARADARMA

1. Rarassing gita manuk memanis, denira mrih marsudi mangarah, ngangarah wruh adununge, beda-bedaning tembung, ira sorah tepeng palupi, darsana kinalalar, renis karanipun, prasarjana gyanta gelar, datan esah, tinandukluki keng tulis, tatamaning utama.
2. Tarlen mongka sra medhang budi, budi ing kaambengkas kang nala, arda, marang pangantine, dening kang ngangit kidung, de kalangkung kandhah ing pikir, denya sanget pruita, dhumaten gmangayun, mamayun labet utama, kotam ring luki kanipun pakarti, munguh ing pasuwitan.
3. Kongsi siyang miwah pan ra ratri, bureng bruwet riwut mamang maras, tan montra gumeleng angleng, nadyan tan kurang tutur, tumuturing pitutur jati, gancarre wus binabar, pustakaning tuduh, nanging tebah bisa nadha, marma mangkin, mangrodapaksa manganggit, ing kintaka punika.
4. papethikan asli saking warti, pawartine palaman makuna, ing bab kelokaning pangreh, pangreh saliring laku, lan kaanan kodrating widhi, nihan ta pangriptanya, ari Sabtu nuju, lekira kaping dwidasa, tabuh astha ing ratri dumunung nagri, Surakartadiningrat.
5. Dulkangidah condra kang lumaris, warsa wawu sangkala pinetang, nata muluk pujang lane, ing dit wajibul wujud, wuku pahang sapta maseki, mung srana sing kaardan, tur teksih ngapunggung, sumlengkreng memba sarjana, tangeh yen wrin marang sastra kramaniti, tan ketung ing ngeseman.
6. Kang kinarya jejering pawarti, anajan maju gambek pandhita, wiwara darma juluke, padhepokanin ggunung, tinengran ing arga manik, darbe atmaja priya, wus diwaseng tuduh, sisilih dyan darma Siswa, warna pekik, julig mubarang pakardi, sarta abetah tapa.
7. Tan ngucira, ing solah bawaning, limpat marang pasangring grahita, mung dasa-widasa kabeh, miwah kagunanipun, guna-guna sampu ngumpuni, budayan

kasantikan sedheng nalikengku, wis ngawula srinarendra, aneng praja, ing ngandel karyaning aji, pinidih titih karya.

8. anujuni, risang bagus pamit, tuwi marang padhepokanira, ing rama atur bektine, sarta minta pitutur, lalakone denira ngabdi, sarehning wus santosa, piyandeling prabu, nging tanpegat dening soba, sareng rama myarsa sukane tan sipi, putra ginendeng nyelak.
9. Sawusira kang putra marpeki, ramatan sah malem Banangudang, sigra mecakan wulange, dhuh kaki sutaningsun, sun tuturi, rata pasuwitan, kang kitung ing kalbu, mungguh ing sasulangira, laku cipta, parincine siji-siji, lah nak ingsun kayata.
10. Ngisor iki sun cathet ing tulis, linge lingen away kongsi ilang, titinen dipun ateteh, cathehtaning sun iki, nalikeng sun meksih taruni, angawula neng praja, sadurunge ingsun, tilar praja amandhita, siyang ratri manglingling kartining budi, kapikut tata krama. Taksih wonten candhakipun

Menggah kabaripun wonten ing Bramartani dongeng punika, namng sarana singidan awit pancen sampun lami sanget sumimpen ing parimatan kapanujon mulungipun ingkang angadani anggitan punika, dhumateng mitranipun ingkang kaanggep darah, kasukanan lilah nedhak utawi nurun gunggungipun ngantos 7 sekar, ing dalem sasekaripun ingkang langkung panjang boten kirang saking 50, 60 pada, ingkang celak tan kiran gsaking 28 34 pada, ananging lajeng kaceled malih, tehdakan wau saking boten saronta dening kang kaanggep sarta panggiludipun lajeng kapanjurungaken punika, yen ing tembe kadenangan lajeng kaseled ingkang parlu-parlu tan tumut kapanjruungaken ing balah getun kula.
Sastradarma

Ongka 29, Kemis kaping 21 Agustus 1879

SURAKARTA

Kala salebetipun wuilan Juli kapengker punika wanci dalu kebonipun tiyang nama Sadrana ing dhusun Plukisan bawah ing Bayalali, wonten swara jumethot sarta kemrosak ngantos andadosaken kagetipun tiyang tilem sareng enjengipun Sadrana nuweni dhateng ing kebon sumerep tanemanipun pisang raja kusta medal tuntukipun ingkang andadosaken eram dene gulunipun banyak panjang ngelawer meh kelangsrah ing siti, sareng karubung dening tiyang kathah lajeng angecocong salajengipun akathah tiyang jaler estri sami dhateng angalap barkah dhateng Kyai Pisang, kalayan nayosi sasaji ing sakadaripun piyambak-piyambak.

Ing mangke kanjeng parentah nagari katingal sanget pangudinipun dhateng sinaning griya ingkang nyahak wawengkoning radinan ageng. Saking pamanggih wontenipun griya nyahak wawengkoning radinan ageng wau jalaran saking kirang tumemenipun ingakng kawajiban amamengi ing nalikanipun saweg dipun wiwiti ing pandamelanipun saupami tumemena saestu negari boten susah mawi kemlawe dhateng prakawis ingkag kalebet remeh mangkaten, bilih nagari karsa amatrapi paukuman dhateng para ingakng kawogan bab ing prakawis wau, kados ing tembe lalampah makaten punika sirna.

Kasebut ing serat Bramartani katiti amngsan kaping 14 Agustus punika ongka 28 rumaos soten saged angampet welas kula dhaen glae kalih ingkang dipun pejahi biyangipun mila saupami teganing biyangipun wau amung jalaran angening kapegat ingkang jaler, punika pantes pulisi angularaken prakawisipun, supados pangadilan anyandhangi paukuman ingkang awrat, kajawi bilih pun musibat wau uga sakit ewah.

Nalika dinten Saptu tanggal kaping 16 Agustus punika,. Griya bangonipun tiyang sade lisah petroliyum prenah sawetan dalem kapatiyan mawut-mawut badhe kabesemen saking urubing sasadeyanipun lisah, jalaran lisah wau ingkang saeblek kateetesan latunipun lare ambekta colok sareng lisah amubal eblek lajeng kagolingaken wasana lisah anglabar latu mubal ngantos badhe anyalat dhateng pagering griya sacelaking bango wau.

Amargi saking katrampiling para tandang dereng ngantosa nyalat tu sampun pejah katubruk kalayan sinjang O, inggih sanadyan ingakng sade lisah punika awakipun sami malonyoh, janji boten pejah sarta latu boten kalajeng dados.

Serat Mil saking tanah Eropah anyariyosaken bilih kanjeng pangeran Ariya Londa Siwaya rawuh ing kitha SegrapenHage, kang rajanipun tanah Nederlan inggih punika kitha, ingakng dipun kadhatoni sampeyan dalem ingakng sinuhun kanjeng raja, , Kanjeng pangeran lerep wonten griya pamondhokan winastan Belefe, ingkang nampani rawuhipun kanjeng tuwan residhen Lamres Van Turenbureh, tindakipun dhateng dalemipun kanjeng tuwan ignkang wicaksana minister Pan Koloniyen, tinampen ageng-agengan sanes dinten nunten kanjeng tuwan iingkang wicaksana amangsuli tuwi dhateng kanjeng pangeran wonten ing pamondhokanipun. Menggah ingakng andadosaken renanipun para ageng tuwin sanesipun awit alus tapsilanipun kanjeng pangeran saha ingakng putra, kacihna bilih sampun kulina dhateng tatakraminipun para ageng bongsa walandi, kacariyos nalika agelaraken ungeling gongsa, tuwin agebyakaken jogetipun mas Warsi saha mas Reki, pambukanipun ing gongsa gendhing Srebegan punika kathah para tiaygn ingkang sami cuwa, amargi kathah began nunten kathah ingkang sami kesah, ananging sareng gongsa kaungelaken gendhing sanes ginunjing, bribil surengdriya, binarung

pangeliking ringgit kakalih wa gentos-gentos lah punika titiyang ingkang kesah wau., nunten sami wangsul ajejeg rebat panggenan punap amalih sareng mungel gendhing genjong, dhawahipun dhateng eling-eling pathet nam lajeng sami karaos nyes utawi sami ajenger adulu luwes gendhesipun solah tingkah ing ringgit kakalih wau, wonten ing papan ing panggelaripun barnag, panatanipun gongsa kaya sakaken griya, mawi kapayu ing dami saha warni kados griya ing tanah Jawi

Pawartos Mil ingkang dhateng wingking
Kanjeng pangeran Ariya Londa Siwaya, kadherekaken ingkang putra sampun sowan sampeyan dalem ingakng sinuhun kanjeng raja, wonten ing kagungan dalem pasangggrahan Etlong, mawi kasunggata nunggil dhahar sasampunipun kanjeng pangeran nunten anyaosake pisungsungipun ingkang rama, awarni sabet nagari Bali, wangkingan tuwin waos sadaya sami tinaretes ing sosotya, kamurwat aregi: 13000 rupiyah, sampeyan dalem ingkang sinuhun kanejgn raja angangkat kanjeng pangeran ing gelenganipun ridering Odhegaodhenley, ingkang putra kaangkat ing gelenganipun ridering Ordheeikenkrun.

YOGYAKARTA
Malika ing dinten Ngaad tangal kaping 3 ing wulanAgustus punika, wonten 1, tiyang jaler nami Pawiradikrama, griya ing kampung Gondakusuman, awanci jam 1 siyang, manadya dhateng ing kebon anuweni tanemanipun, kang sarta kakinthil ingah-ingahanipun 1 segawon estri, wusana pawiradikrama wau sareng dumugi ing pakebonan, kapethukaken denign sawer koros ageng salengen panjang 1 dhaepa, ingkang punika wau sawer sareng sumerep ing manungsa dadak sekala abekos sarta anjengek manedya purun, Pawiradikrama semu ajrih amundur-mundur ngupados sela, manedya kadamel bandhem sawer ingkang ambek purun wau, sareng Pawiradikrama sampun angsal sela, tumunten boten sranten sawer kabandhem ananging lepat , katalika wau segawon sareng sumerep ing sawer, anulya ajegrag wuluning githok angsung pratondha purun ing sawer, tumunten ajeng gok sarta anerajang purun.
Sawer sareng katrajang ing segawon sekala amapan milar sarta segawon kenging kasaut, lajeng kapulet dhadha miwah bangkekaknipun sakingga kagaddhi, ingkang puika segawon kajadhi ing bondayudanipun, tansah amung kowang kaing ingkang kadadosaswaranipun,ugi anglekgoso boten saget lawan, ingkang pnika Pawiradikrama sareng sumerep yen segawonipun satengah pejah tansah kithah-kithah ingkang dados solahipun, awit sekewet anggenipun badhe ambiyantoni ingkang sampun kajadhi wau, tumunten Pawiradikrama amlajar mantuk angungdang segawonipun ingkang tesih kantun ingriya, wau segawon 2 iji, sareng mireng kasingenan ingakng gadhah sekala pating thuruthus dhateng , ugi lajeng kaoyahaken, supados ambiyantonana ingknag bondhayuda wau, katalka wau segawon 2, sareng sumerep kancanipun anglekgoso kapulet ing sawer, lajeng atranginas ajegog sarta anyakot pethiting sawer, sang sawer sareng kaebut 3, dadak seka udhar mamuletipun.
Wau segawon ingakng anglengoso: sareng kapitulungan lir mendah kasiliring samirana, lajeng karigah abakot warganing sawer, kagebeg-gebekaken seklangkung rame. Ingkang punika ugi dados tatingalanipun sedaya tiyang ingakng griya celak ing ngriku, selajengipun sadegsa kasirna marga layu, dening sesona, 3 wau. (Darmawasrsita).

BATAWI

Dereng lami ing kampung Petojo wonten tiyang estri gadhah anak sasampuning dhukun andeleh bayi wonten ing tampah, lajeng kesah ngupados lading badhe kaangge ngiris puser, sawangsulipun dhukun sakin gmendhet lading bayi sampun boten wonten titiyang kathah ingkang nginten manawi bayi wau kabekta setan ananging makaten punika boten manawi boten yekti, ingkang ngempering kagondhol ing sagawon

OMBAROWA

Wonten saweneh ing sudagar ageng bongsa Cina tampi pethi satunggal iji saking kareta Asep ingkang mawi alamat genah dhateng sudagar wau, nanging sinten ingkang kintun boten kasumerepan saeng pethi kabikak andadosaken kagetiun sanget jalaran isinipun apyun peteng awratipun langkung saking 50 kati, saehne sudagar sumerep bilih apyun punika saged damel cilakaning badan mila sanget gumeter sarta atresing manahipun saha lajeng enggal sowan ing kantor polisi kanthi pethi saisinipun ing mangke polisi saweg ngupados katrangan sinten ingkang kintun pethi wau.

SURABAYA

Kala ing wulan Juli kapengker punika wonten sawenehing tiyang mentas tangi tilem lajeng amuring saha amenthung estrinipun ngantos dados gotongan, tiyang estri wau tumunten kalebetaken ing griya pamulasara kausadan dening dhokter, menggah ingkang dados sababipun tiyang wau amisakit esrinipun dereng kasumerepan.

Kawartos kala salebetipun wulan Juni kapengker punika, tiyang amanggih jisimipun tiyang Cina, ingakng anganyut-tuwuh sarana lading panyukuran tatu jangganipun meh tigas jisim kabekta dhateng ing griya pamulasara.

Menggah jalaraning panganyt tuwuh kakinten ing kathah mangkaten, Cina wau pinangkanipun saking Majakerta, dhatengipun ing Surabaya nedya anjampekaken maripatipun awit maripatipun ingkang satunggl rumiyin sampun sakit ngantos boten cetha kadamel aningali, wasana maripatipun ingkang satunggal lajeng anututi sakit kausadakaken dhateng dhukun Cina boten saged wauya sareng wonten ing Surabaya angundang dhukun jawi ananging dhukun wau sampun boten kadugi maluyakaken jalaran sampun kasep Cina gadhah panedha maripatipun kairisa, dhukun boten purun anglaksanani, awit sanajan kairis ingih tanpa damel sarta tambah sakit saking panginten Cina wau sanget wirang dene taksih anem teka prasasat sampun calaina, mila lajeng ananyut tuwuh sarana lading panyukuran.

CAMBORAN

Taun punika kataksir kanjeng gupremen badhe pikantuk Kahj Waingbanah jawi 912670 pikul ing padhang sarta taren nuli, 122940 pikul. Sapundhating wulan Mei Kah waing kang sampun kalebetaken ing gudhang-gudhang tanah jawi 45657 pikul ing Padhang sarta ing Tapanuli 48695 pikul.

Saweneh ing tiyang Dhitse sugih tilar dunya wonten ing kitha Berlin tiyang wau boten gadhah anak bojo, nanging warganipun sanget kathah, para warga punika sami nyipta amasthi badhe pikantuk pusaka kathah, ananging sareng mireng ungeling serat wasiyat kados ing nandhap punika lajeng adongong.
Ing nalika aku mlarat ora ana warga ku siji-sijiya gelem tutulung marang aku, wus kaping pira bae gonku kirim layang marang dheweke kang mawa pitembungan sengak meh ora ana siji kang kesdu amangsuli: wong kang lagi wanuh bae kambi aku gelem tutulung, nganti andadekake jalaraning sugihku, ing sawuse aku sugih, banjur tompa layang pirang pirang atus saka wargaku, layang-layang mau tak rawati kabeh, ing mengko manawa aku tinekakake ing janji mulih marang jaman kalanggengan sabarang darbeku tak lilakake marang tuwan A.B. lan C. awit pitulungane nganti andadekake jalaraning sugihku, dene para wargaku tak purih anampani bali layang kiriman e dhewe-dhewe kan gmarang aku.
Serat wasiyat wau boten wenang dipun ewahi sarta katindakaken anetepi ungeling serat pranatan para warganipun boten kenging adamel prakawis.

PANJURUNG
Ingkang mugi sampun andadosaken eruning panggalihipun resi Gondawijaya, dene kula calak anyambeti panjurungipun cariyos gancaring nagari Batawi, boten ta kula amaoni, namung saking reseping manah kula amaos panjurungipun, mila sareng kula uininga wonten saprakawis cariyosipun ingkang geseh kaliyan kayektosanipun kula lajeng enggal ngaturi katrangan kados ing ngandhap punika.
Ing pada kaping nem, anyebutaken nulya na gambaripun nateng siyem kang sepuh nguni, punika leresipun gambaripun sultan ing nagari Kute, tanah Bang Kidul wetan ing Pulu Burneyo, ingkang ajujuluk kanjeng ***si;tam <ila,ad si;e,am Mado; Kalipatul*** Mukminin inggih punika besanipun Raden Adipati Panji Cakranegara, bupati ing Surabaya.
Kaserat ing Betawi kaping 14 wulan Juni taun Ngisa ongka 1879

SAMBRAMA
Sakalangkung sanget bingah kula, ing sapunika pangecapanipun serat Bramartani sampun kabikak malih, awit saking pamanah kula ing ngatasipun tanah Jawi, punika kaolebet anengsemaken sanget mila sapunika nagari Ngayogyakarta amedalaken serat kabar Jawi anama Darmawarsita, anggen kula mastani sakalangkung ing prayoginipun.
Antawis sampun kalih dasa taun sapriki, wiwit wedalipun kabar Bramartani, bilih kula boten kalintu ingkang murwani ngadeaken pangecapan tuwan Artephel wasana wedalipun bramartani wau amung sawatawis taun anunten kendel, sakendelipun bramartani menggah tiyang ingakng remen maos serat kabar, angraos kemba.
Lami-lami serat Bramartani kawedlaken malih, wiwitipun anama Jurumartani anunten kagantos nama Bramartani, dados kala wiwitan pisan sarta seratanipun ingkang mungel Bramartani, mindhak sae saha pantes sanget inggih punika seratan ingkang kangge dumugi sapriki kawartos seratan wau anggitan saking Madiyun capipun kadamel ing nagari Walandi.

Wedalipun Bramartani sasampunipun ngangge seratan wangun engal sanget amewahi bingah ing manah, mil akala kandheg enggal punika satengah kula andherek priatos sarta amumuji mugi kawedalna malih.
Sarehne sapunika puji kula kabul serat kabar Bramartani kawedalaken malih, wasana panjurung kula kawilujengan pinanggiya ing panjenengeanipun ingkang ngawasani serat Bramartani wau, sarta pangajeng-ajeng kula mugi wedalipun Bramartani lastantuna ing salajengipun.
Panuwun kula dhateng priyagung juru ngarang, manawi panjurung kula punika boten kagalih saru, mugi karsa amreloaken macak ing Bramartani.
Dipakarya

Santunipun namanin gsrat pawartos dados Bramartani, punika wawinih saking karsa dalem awit ingang sampun kalampah salaminipun juru martani punika, kaagem jujuluking putra dalem bilih wonten ingkang dipun jumunengaken ing pangkat panembahan.
Jurungarang.

WIWARADARMA

1. Rarassing gita manuk memanis, denira mrih marsudi mangarah, ngangarah wruh adununge, beda-bedaning tembung, ira sorah tepeng palupi, darsana kinalalar, renis karanipun, prasarjana gyanta gelar, datan esah, tinandukluki keng tulis, tatamaning utama.
2. Tarlen mongka sra medhang budi, budi ing kaambengkas kang nala, arda, marang pangantine, dening kang ngangit kidung, de kalangkung kandhah ing pikir, denya sanget pruita, dhumaten gmangayun, mamayun labet utama, kotam ring luki kanipun pakarti, munguh ing pasuwitan.
3. Kongsi siyang miwah pan ra ratri, bureng bruwet riwut mamang maras, tan montra gumeleng angleng, nadyan tan kurang tutur, tumuturing pitutur jati, gancarre wus binabar, pustakaning tuduh, nanging tebah bisa nadha, marma mangkin, mangrodapaksa manganggit, ing kintaka punika.
4. papethikan asli saking warti, pawartine palaman makuna, ing bab kelokaning pangreh, pangreh saliring laku, lan kaanan kodrating widhi, nihan ta pangriptanya, ari Sabtu nuju, lekira kaping dwidasa, tabuh astha ing ratri dumunung nagri, Surakartadiningrat.
5. Dulkangidah condra kang lumaris, warsa wawu sangkala pinetang, nata muluk pujang lane, ing dit wajibul wujud, wuku pahang sapta maseki, mung srana sing kaardan, tur teksih ngapunggung, sumlengkreng memba sarjana, tangeh yen wrin marang sastra kramaniti, tan ketung ing ngeseman.
6. Kang kinarya jejering pawarti, anajan maju gambek pandhita, wiwara darma juluke, padhepokanin ggunung, tinengran ing arga manik, darbe atmaja priya, wus diwaseng tuduh, sisilih dyan darma Siswa, warna pekik, julig mubarang pakardi, sarta abetah tapa.
7. Tan ngucira, ing solah bawaning, limpat marang pasangring grahita, mung dasa-widasa kabeh, miwah kagunanipun, guna-guna sampu ngumpuni, budayan

kasantikan sedheng nalikengku, wis ngawula srinarendra, aneng praja, ing ngandel karyaning aji, pinidih titih karya.

8. anujuni, risang bagus pamit, tuwi marang padhepokanira, ing rama atur bektine, sarta minta pitutur, lalakone denira ngabdi, sarehning wus santosa, piyandeling prabu, nging tanpegat dening soba, sareng rama myarsa sukane tan sipi, putra ginendeng nyelak.
9. Sawusira kang putra marpeki, ramatan sah malem Banangudang, sigra mecakan wulange, dhuh kaki sutaningsun, sun tuturi, rata pasuwitan, kang kitung ing kalbu, mungguh ing sasulangira, laku cipta, parincine siji-siji, lah nak ingsun kayata.
10. Ngisor iki sun cathet ing tulis, linge lingen away kongsi ilang, titinen dipun ateteh, cathehtaning sun iki, nalikeng sun meksih taruni, angawula neng praja, sadurunge ingsun, tilar praja amandhita, siyang ratri manglingling kartining budi, kapikut tata krama. Taksih wonten candhakipun

Menggah kabaripun wonten ing Bramartani dongeng punika, namng sarana singidan awit pancen sampun lami sanget sumimpen ing parimatan kapanujon mulungipun ingkang angadani anggitan punika, dhumateng mitranipun ingkang kaanggep darah, kasukanan lilah nedhak utawi nurun gunggungipun ngantos 7 sekar, ing dalem sasekaripun ingkang langkung panjang boten kirang saking 50, 60 pada, ingkang celak tan kiran gsaking 28 34 pada, ananging lajeng kaceled malih, tehdakan wau saking boten saronta dening kang kaanggep sarta panggiludipun lajeng kapanjurungaken punika, yen ing tembe kadenangan lajeng kaseled ingkang parlu-parlu tan tumut kapanjruungaken ing balah getun kula.
Sastradarma

Ongka 30, Kemis kaping 28 Agustus 1879
Surakarta
Sarehning ing mangke kados sampun wiwit mangsa katiga, sadaya mau jud dados garing, mugi para tiyang sampun kirang prayitna dhateng panjaginipun bancana latu, sudhiya toya jembangan akalayan kopoh, sarta ing saben saben anyemproti griyanipun ingkang murih nebihaken babaya latu wau, punapa malih embok inggih para pulisi, anyaruwe asarah-sarah ingkang sami ngandhegaken ilining toya kalen wah amambenga para tiyang ingkang sami melagrong, adamel bango wonten ing sanginggiling kalenan manar makaten wau nagari sampun andhawuhaken pancen boten kalilan.
Ing kampung Gandhekan Tengen Kabupaten Purwadiningratan, Surakarta, wotnen tiyang anama TA, watawis ngumur 24 taun, nalika ing dinten Rebo angrintenaken tanggal kaping 20 Agustus punika, wanci jam 5 enjing pun TA gadhah pamanggih rumaos bosen sampun boten rena aningali lalangening dunya, sumedya anyekakaken takdir anganyut tuwuh, sarana pedhang suduk katamakaken lambungipun piyambak sanalika wau saged kadengangan para waris, pun TA sampun kapanggih gumlingting ing siti, wasana grubyuging para tandang binarung panjeriting tangis, ngantos adamel kuwuring manah, sawangsuling para tandang, sami pating garundel pun TA karembag urut margi, tembungipun makaten, O pancen gendhungan yen si TA iku marga ora sapisan iki bae gone agawe sangsarane awake ngarep uga wis tau niba saka nggone menek uwit kambil Ahem kongsi taptapan atiku tak sengguh ana geni sumurupa yen si TA kang gawe garagodha, ora obah saka sendhong aku.

CARIYOSIPUN NALIKA KANJENG PANGERAN ARIYA LONDASIWAYA ASOWAN ING SAMPEYAN DALEM INGKANG SINUHUN KANJENG RAJA

Nalika kanjeng pangeran Ariya Londasiwaya sowan ing Sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng raja, wonten ing kalangenan dalem Paleisetlo, mawi anyaosaken pisungsungipuningkang rama, konjuk ingkang sinuhun kanjeng raja, menggah tata lampah ing pisowanipun tuwin warnining pisungsung kawijangaken ing ngandhap punika:

1. sabet agemipun para ageng tanah Bali, warongka kabolong samas elus-elusan jejeran partima kancana, tinatrapa hawa retna:
2. Wangkingan agemipun para ageng tanah Jawi, jejeran tuwin warongka kajeng candhana, kandelan mas kabutu ing salorok tinaretes ing sosotya barliyan.
3. Waos dederanipun kajeng timaha, godhi balongsong salaka, abyor ing sosotya barliyan.

Dadamel titiga wau panggarapipun peni, saha wilahipun sami dipun sarasah ing mas tuwin sadaya dipun murwat aregi Rp. 13.000,--.
Rawuhipun Kanjeng Pangeran Ariya Londasiwaya, wontening kitha Apeldhuren wanci jam kalih siyang, dipun ateraken ajudan dalem kanjeng tuwan Jendral Persapik, nunten kapethuk ing titihan dalem kareta, kap mawi kabikak pratondha badhe katitihan para ageng, dene ingkang kapatah amethuk Ordhenanse TopisirYonghir Pandhebos lumebetipun ing kalangenan dalem paleisetlo dipun ancarani ajudan dalem kakalih, kanjeng tuwan Grapdhumonso, tuwin Kanjeng tuwan Baron Benting, lajeng kairid ing

kamar ingkang dipun sadhiyakaken sasamunipun santun ing busana, nunten sami tindak dhateng ing patamanan dipun ateraken Kanjeng twan titiga wau, sareng wanci jam satengah enem kairid sowan ing ngarsa dalem sampeyan dalem ing tangsi nuhun kanjeng raja tuwin sang prameswari boten mawi kendhat wijiling wacana, dhumateng kanjeng pangeran Ariya Londasiwaya, tuwin dhumateng ingkang putra, angajengaken wanci jam enem lajeng lenggah dhahar kanjeng pangeran ariya Londasiwaya lengggah wonten kering dalem ingkang sinuhun kanjeng raja, ingkang putra wonten kering dalem sang prameswari, ing sadangunipun dhahar ing kang sinuhun kanjeng raja tuwin sang prameswari, sami andugekaken anggening karsa imbal wacana, menggah ingkang anjarwani kanjeng tuwan Jendral Perpik manawi imbal wacana dhumateng ingkang putra boten mawi dipun jarani, awit ingkang putra wau sampun wasis dhateng ing tembugn Walandi.
Sabibaripun dhahar wisungsung kaajengaken ing ngarsa dalem ingkang sinuhun nunten andhawahaken timbalan dalem dhumateng kanejng pangeran Ariya Londasiwaya, ing nadikakaken amaringaken tarima kasih dalem dhumateng ingakng rama, punapa lih pisungsung wau dipun anggep pratondha sung bektinipun ingkang rama, kalihan ing panjenengan dalem sang nata, saha ingkang sinuhun amiyosaken pangandika, bab ing sumengkemipun ingkang rama, saha suwargi ingakng eyang eyang dhateng ing pamengkunipun praja Nederlan sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng raja tansah lumintu ing pitajengipun ing lalampahan makaten wau, badhe boten saged ginggang kalayan trah ing Mangkunegaran ing salaminipun.
Minongka pratondha kaparenging karsa dalem kanjeng pangeran Ariya Londasiwaya tuwin ingkang putra, sami kaparingan tatenger dipun akad dados Ridder, kanjeng pangeran ing gelenganipun Ordhegaodhenleyung ing Nasao, ingkang putra ing gelenganipun Ordheeikenkrun.
Sasampunipun aparing sasmitaning kondur dalem ingkang sinuun nunten jengkar saking palengahan dalem kanjeng pangeran taksih lalenggahan ing sawatawis dangunipun konduripun ugi dipun ateraken kados nalika rawuh, tindakipun dhateng ing kareta mawi dipun irid para ageng, ingkang sami caos wonten ing ngarsa dalem.
Tanggal kaping 17 Juli kanjeng Pangeran Kadherekaken ingkang putra, asowan dhateng Kanjeng Prinse Frederik manawi Kanjeng Prinsen Frederik mangandikan kalihan Kanjeng Pangeran ingkang anjarwani ingkang putra piyambak.

YOGYAKARTA

Sampeyan dalem ingkang sinuhun ing Yogyakarta utusan kaji sakawan dhateng Mekah andadosi kagungan dalem griya ingkang kangge pondhokanipun titiyang ingkang sami mingah kaji boten mawi bayar prabeya, angenipun amaringi pragat ngiras kaangge sangu, 4000 rupiyah.
Serat kabar ingkang anamu Surabaya Sekoran angwartosaken bilih ing taman Tutra Bandhah wonten sela dhawah sakin gngawang-awang agengipun sagajah, tujunipun sala wau boten andhawahi sirah ing tiyang, amung andhahi wit pala tuwin wit kemiri ngantos tugel.

BATAWI

Salaminipun ing nagari Batawi wonten Sositit Cina, akathah tiyang Cina angupados kabingahan sarana amain bolah, sarta wonten ingkang kalebet wasis dhateng main bolah wau, awit saking pakempalan akaliyan para mitra tuwin kekaruh ingkang sae ing kalakuan saha omong-omongan prakawis ingkang pantes sarta utami, ing mangke Cina-Cina wau sami kadunungan kaengeetan mulya sarta kalakuan sae.

SAMARANG

Saweneh ing tiyang Cina Singkek ing kampung Bubakan sampun angethok darijinipun sakawan iji sarana dadamel bendho, jalaran sakin gkaken manahipun dene ing salebetipun kalih wulan angenipun ngabotohan Po kawon-kawon kemawon.
Kala angrintenaken tanggal kaping 25 Agustus punika, griyanipun Nyonyah B tuwin tuwan V.G. ing Demak kalebetan durjana pandung ing nalika durjana lumebet ing griyanipun tuwan V.,G. tuwan V.G. wau kaget sarta tangi saking tilem durjana enggal lumajeng medal sarta boten kacepeng sanalika, sareng tiyang alok wonten pandung, polisi ingkang ambawahaken tumunten dhateng ing ngriku, sarta lajeng angupadosi durjana wau amrika-mrki, dangunipun anggenipun angupadosi saweg angsal kalih jam, lajeng saged adengangipun pandung sareng enjing ipun durjana dalah sacihnanipun kenging kacepeng:
Menggah polisi ingkang makaten punika saestu pantes kaalembana ing kathah:
Pangadilan Yustisi sampun amancasi prakawisipun tuwan Mister Kohen Stiwart pangageng juru ngarang serat wartos ingkang winastan Dhelokomotif tuwan wau kadakwa anenacad dhateng kanjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur jendral wonten ing serat wartos karanganipun kaleres kaukum kunjara nem wulan laminipun.

PANARAGA, MADIYUN

Tiyang anama Sadimeja ing dhusun Olangan dhistrik Panaraga, dosa amandung maesa, kaleres kapatrapan paukuman bucal laminipun 5 tahun wonten ing Ombarawa saweg angsal tigang taun sangang wulan lajeng miruda, nalika taun 1878. kacepeng wonten ing dhusun Palu dhistrik Nguteran Madiyun tumunten kakintunaken wangsul dhateng ing Ombarawa, anggenipun andumugekaken paukumanipun saweg angsal gangsal dinten tumunten miruda malih, kala kaping 10 Agustus punika kacepeng dening Polisi ing dhusun Penjeng Onder dhistrik Kemiri dhistrik Pulung Panaraga ing mangke nagari dereng tampi dhawah saking kantor bilih sasakitan wau minggat malih.

WARTOS CAMBORAN

Ing tanah Jawi wonten tiyang wuta anaken dados dhukun sarta saged dhateng sakathah ing dunga, ingkang puruita ugi sampun wonten ananging anggenipun amulangaken dunga dunga wau boten andadosaken kasugiyanipun wangsul anandang kamlaratan kemawon.
Anuju saweneh dinten wonten durjana pandung amanggihi ki dhukun wicantenipun mangkaten e kyai dhukun kandhaning wong kowe iku bisa marang sakehing elmu, ananging saka pandelengku kowe mlarat bae, manawa kowe temen bisa marang dunga sirep payo padha maling ing saweneh kampung saka kene dohe kira sa pal ana sapi kebiri lemu siji iku bae padha dimalingi, manawa kowe wus nyirep marang kang duwe omah,

sapi nuli di jupuk tiyang wuta anyuwaweni dhateng rembaging durjana. Sareng ing wanci dalu kinten jam sadasa lajeng sami mangakt dhateng kampung panggenaning sapi, pun wuta dipun tuntun dening durjana, sadhatengipun ing panggenan ingkang kajujug tiyang wuta enggal amatrapaken saliring dunganipun ingkang amurih boten kawanguran angenipun anglampahi kadurjanan nalika samanten kaleresan tiyang ingkang gadhah sapi pinuju tilem, sapit tumunten kwedalake saking kandhang boten wonten tiyang andengangi, pn durjana ingkang nuntun pun wuta gocekan bantat sareng dumugi ing margi tiyang wuta dumadakakan kacegur ing sumur ngkang pejah kaprenah wonten sapinggiring margi wau, angenipun gocekan buntut boten purun uwal malah dipn kencengi, awit saking awrat buntut sapi nantos anglinyem tiyang wuta kapeksa uwal anggenipun gocekan saha dhawah ing sumur, sarehne sapi karaos sakit dening nglinyeming buntutipun lajeng nepsu anggudag dhateng pun pandung nantos satengah pejah, sapi angithar mantuk enjingipun durjana kadengangan tiyang kathah agelang saran wonten ing siti katawis tatu singa lempengipun wuta kelop-kelop wonten ing sumur taksih nyepeng cuwilan buntut sapi, salajengipun kacepeng katur parentah, karampunganipun. 5 taun pun wuta kaleres angsal paukuman kunjara sataun laminipun, menggah pawartos punika boten dora.
Mandhoripun saweneh ing tuwan toko ing Prabalingga tampi arta kertas taron satunggal iji regi satus rupiyah, saking cina panter madat anamak wehe menggah pandameling arta kertas wau sae sarta alus tandhanipun bilih tiron saking seratanipun ingkang mungel , *Onderdgulden* leresipun *honderdgulden* ing mangke prakawis punika sawek kapriksa.

Ing Sidayu wonten pranatan bab ing kawajibaning modin ing kampung utawi ing dhusun ingkang pantes kagelaraken ing serat wartos kados ing ngandhap punika.

Ingkang sapisan
Modin ing kampung utawi ing dhusun kedah kapilihaken tiyang stya sarta saged angaji, tuwin malih remen anglampahi wajibing agami Islam saha boten kenging amadati miwah angombe arak,.

Ingkang kaping kalih
Modin kabebahan anyumerepi tiyang ing dhusunipun ing kang badhe nikahan utawi pegatan sarta angirid dhateng ngarsaning pangadilan akalayan sampurna utawi resik sampun ngnatos kenging papambeng ingkang andadosaen kandheg.

Ingkang kaping tiga
Manawi wonten tiyang anandhang kasusahan kados ta: tiyang gadhah anak utawi tiyang sakit ingkang katingal sangsara, modin kabebahan tutulung tumut biyantu jagi nalikanipun ing wanci dalu, sarta kedah lapur dhateng pangageng ignkang celak ing ngriku, ambok bilih wonten kawelasanipun asuka jampi utawi pisungsung ing sakminatipun ing kang damel tambah ing pitulungan.

Ingkang kaping sakawan
Bilih wonten tiyang pejah, sasampunipun modin anglampahi kawajibanipun ingih punika sahantukipun sakin gkuburan amerlokna wangsul dhateng panggenanipun tiyang ingakng

kasripahan kajawi ngepang sidekah kedah anglilipur dhateng ingkang sami prihatin awit tegesipun modin tiyang methakan ingakng remen anandukaken pandamel sae, saha minongka dados nami sepuhipun titiyang salebeting dhusun mila ing saben kaum masthi angsal sidekah utawi jekat pitrah, sarta angsal bagiyan sabin ingkang jejer dados tedhanipun.

Ingkang kaping gangsal
Padamelaning modin ingkang awigatos, ing wanci dalu utawi siyang ing sasaged-saged kedah angengetaken sarta anyumerepaken dhateng titiyang salebeting dhusunipun bab ing wajibing manungsa saged sawonten ing alam dunya, supados anyuda asaliring pandamel awon saha anukulna kaengetan ingkang sae, murih salaminipun gesang amanggih kasenengan akalayan kawilujengan kajawi punika padamelaning mod8in ing saben dinten ingkang kalebet lalahanan, kadosta: dipun tedhani tulu nyembeleh maenda dipun undang andongani wilujengan tuwin sanesipun sanajan kawajiban ingkang mangakten punika kajawekaken saking pranatan ananging saestu kedah dipun lampahi akalayan taberi.
Bilih para modin anglampahi kawajibanipun kados ingkang sampun kapranata wau, amesthi pantes kaalembana sarta saestu saged anyudakaken prakawis kadurjanan amargi anggenipun titiyang sami purun anandukaken kadurjananipun kadosta: ambradhat ambegal angecu tuwin amejahi tiyang, jalaran kabekta saking bodho utawi boten sumerep dhateng agami mulya, boten saged anyegah niyatipun ing sanalika saha rumaos gagah prakoswa, ngantos asring ambradhat utawi ambegal saha ambadali pamarsudining polisi ingkang amurih karta tuwin tentrem.

Kauningana para ingkang nguningani Bramartani ongka 29, manawi panjurung kula wiwara darma: wonten kecering panyerat utawi bok bilih pancen kalintu panyithakiun.

1. Manukmeng leresipun Manuksmeng
2. Dudunge leresipun Dununge
3. Pangantine leresipun Pangabtine
4. kakabaripun leresipun Kababaripun
5. Dening kang kaanggep sarta panggilutipun leresipun dening panganggep sarta pangiludipun, panggilutipun.

Utawi malih pancenipun kadosta

6. Ngangarah wruh adununge, leresipun ngarah ngawruhi dununge

Amila sakin gpanuwun kula, para ingkang nguni-nani cariyos wau, punapa dene sawarnining pacakan sanes-sanesipun ingkang wonten kalintunipun kados kang kula aturaken pratelanipun ing nginggil wau, mugi sampun ngantos sami dunungan kemba, ugi kaduwung, saestunipun wonten kang pancen betan wonten kang namung klintuning panyithak. (Sastradarma)

Ongka 31, Kemis kaping 4 September 1879

Surakarta

Ing mangke sareng wiwit mareng katiga, akathah rare alit ingkang sami watuk tuwin pileg watukipun ngantos rekaos sarta jampin-jampinanipun angel.

Sarehne ingmangke sampun wiwit mara katiga, anginipun tansah angidit kula angandhut sumelang bok bilih para rare ingkang sami angungelaken long tuwin marecon sacelaking griya, gampil anjalari wontenipun babaya latu.

Kawartos kagungan dalem Sima Tutul ing krangkeng punika ucul salebetipun dereng kapanggih, kula tansah mireng ujaring tiyang manawi sima wauyanipun sakin gmanungsa ingkang kawastanan gadhungan katondha dene saged ucul saking krangkeng ingkang santosa, sarta lajeng musna boten kantenan purugipun.

Saibata owelipun tiyang ingkang boten remen angulur pikir lajeng pitados dhateng ujareing sawiyah tiyang ingkang namung sumendhe dhateng agugon tuhon.

Nalika dinten Akad tanggal kaping 13 wulan Siyam punika, abdi dalem bupati pamaosan ing Bayalali, raden Tumenggung Singaranu yuswa 80 taun atilar dunya.

YOGYAKARTA

Wonten kabar kcariyos ing kathah manawi antawis dinten, ugi wulan punika, wonten tiyang nami pun Ta Wikrama, pakaryanipun tukang penatu saha griya ing kampung Menduran, sampun anginggataken semahipun tiyang nami pun Kramasetika, griya ing kampung Jayaningratan, mongka tiyang estri ingkan gdipun inggataken Tawikrama wau, tilar anak alit, tansah saben dalu nangis kemawon, andadosaken kawelasanipun para tongga tepalih sadaya.

Panuwun kula mugi wontena karsanipun priyantun pulisi andhawahaken timbalan ngupados biyung ingkang tega nilar anakipun, sarta kawangsulna dhateng ingkang jaler. (Darmawarsita).

Nalika tanggal kaping 22 ugi wulan Agustus punika, kaduli wanci jam 4 enjing, griyanipun tiyang nami Bok Pawira, ing kampung Gandhekan kabesmen, jalaran dilah patraliyum ingkang kasandhing tilem dhateng anakipun estri kadhupak, lajeng agledhang dhaeng ngamben, lisah patraliyum lajeng mubal-mubal, griya ingkang telas 3 iji, tuwan pumpa ugi rawuh, ananging sarehning kaciyutan margi ingkang dhaeng pakampungan wau, tuwan pumpa boten saget maringi toya, tansah namung para kurawanipun ingkang sami nglarihi sarana mawi tong ingkang punika awit sampun rambah-rambah bilih lisah patraliyum asring ngasring dadosaken sangsara, para priyantun ingkang ngagem lisah wau, mugi sami kula aturi ngatos-atos. (Darma Warsita).

SAMARANG

Kawartos ing padhistrikan Singen Singen Lor tuwin ing Grogol sareng tanemanipun pantun ing sabin sabin sampun telas ama tikus lajeng dhateng ing dhusun-dhusun adamel risaking tataneman ing pakebonan sarta angrikiti barnag-barnag ingakng karawatan salebeting griya, langkung malih manawi tikus wau sumerep kuthuk lajeng kemawon katedha ususipun kalah pantun ingkang sampun kalebetaken ing lumbung ingih dipun tdhani, ngantos kalampahan sangingiling tumpukan pantun dipun tilemi tiyang,

samantena bagus dongos boten anggadhahi erep sakedhik-kedhika, malah tiyang ingkang jagi wau dipun krikiti darijinipun tangan tuwin suku ngantos tatu, tiyang ingkang dipun krikiti ing nalika tilem boten kraos nanging sareng tangi kraos perih.
Kala kaping 23 Agustus kapengker punika wanci dalu pangageng utawi lurah gerdhu ing Gebang Anomn dhsitrik Singen kulon sampun anyepeng tiyang ambekta candu, tiyang wau saweg medal sakin gwana sapinggiring saganten ing ngriku, kathahipun sableg isi, 17 sosis wawrat 300 tail menggah tiyang ingkang ambekta candu wau pinangkanipun inggih saking ing dhusun Gebang anom salajengipun tiyang dalah candu kapasrahaken dhateng jaksa.
Kala kaping 18 Agustus kapengker punika ing padhistrikan Grogol Singen Lor sarta Singen Kulon akathah griya tuwin tataneman ingkang sami sol jalaran katempuh ing prahara, nalika punika ing lepen Kondhang lajeng mambeg toyanipun lajeng angelebi dhateng padhusunan.
Para tiyang sami eram dene ing mangke masa katiga teka kados masa rendheng.

BUJANAGARA
Kawartos bilih kanjeng raden Mas Tumengung benjing salebaring wulan Ramelan punika adamel rarame Swatangan Senenan wonten ing alun-alun sadaya para prayantun jawi sami anumpak kuda angregep watang, manawi saged kalampahan saibaramenipun awit sampun pinten pinten taun boten wonten raramen ingakng makaten wau.

BATAWI
Opas Pos anama Asan sampun ambikak serat ingkang ngalamat dhaeng tuwan Sekemaker isi pos wisell regi 3 rupiyah, ongka tiga punika dipun damel ongka 30, rupiyah, sarta dipun tandhani namanipun Tupan S, Asan lajeng kengkenan sawenehing kuli anampenana arta wau, nalika punika tuwan Komisi Pos lajeng sumerep jalaran ing ngebuk kaserat 3 rupiyah, teka wissel wau regi 30 rupiyah, kuli dipun pitakeni tampinipun saking sinten wangsulanipun saking asan kapurih anampeni artanipun saking wos kantor, asan lajeng kacepeng kaladosaken ing parentah, karampunganipuning Landrat kaleres kapatrapan paukuman anyambut damel peksa mawi rante laminipun 6 taun.

JEPANG
Kanjeng Gupermen Indhiya Nederlan asal pawartos bilih ing Yokohamah sarta ing dhistrik Kobe tuwin Osaka Jepang ing nalika wulan Juli kasrambah ing sasakit kolera ingkang ambabayani sanget awit saking punika gupermen Jepang andhawuhaken parentah kados ing ngandha punika:
Sakehing prau asep kang teka saka ing pelabuhan elabuhan kang kasrambah ing lalara kolerah amesthi leren dhisik ana ing pelabuhan Nagawah, lawase sapuluh dina, kang nunggang siji-sijiya ora kena mudhun ing dharat dhisik prau prau kang padha layar luwih saka pitung dina sarta wonge ora ana kang kasrambah lalara kolera, banjur kena angudhunake wongkang padha anunggang marang ing dharat.

Manawa wong lumaku dharat arep marang ing Tokiyo, ora kena banjur lumebu marang sajroing nagara, kudu ana ing kampung kampung sacedhaking kutha Tokiyo lawase limang dina.
Sanajan Kanjeng Gupermen Jepang sampun sapinten kemawon anggenipun anjagi supadosa sakit punika sampun ngantos tular tumular, ananging boten saged kaleksanan sapunika ing Kiyoto sarta ing Kobe sampun wiwit kasrambuh ing sasakit kolera wau.

WARTOS CAMBORAN

Tiyang Turki anama Abdul Hamid Apandhi, angggadhahi sasakit padharan cahyanipun ngantos kuning, maripatipun boten kumelip ilatipun garing, Abdul lajeng medhukun panjampekaken sasakitipun wau, dipun sukani jampi urus-urus sareng urus-urus katedha boten dangu tumunten wawratan angedalaken kewan awarni wrecita mawi sisit sarta buntut agengipun sadinten ing botol.
Menggah jampi mangakten punika maedahi sanet dhateng tiyang ingkang gadhahi sasakit mangkaten wau.

PANJURUNG

Awit saking pamireng kula pawartos ingkang pancen sampun kalilan kalairaken dening acunganipun parentah dhumateng para wajib panyadhonging katrangan, prakawisipun dodosan kakalih 1 nama Kramadrana ing dhusun Saba , sonta Lesana ing dhusun Tumpang sami bawah Baturetna, Mangkunagaran ingkang prakawis punika: kaladosaken saking pangadilan Pradata Kadipaten Mangkunagaran wau.
Kala kaping 23 Juli taun punika, Pangadilan dalem Pradata ageng sampun andhawuhaken karampunganipun dosan ongka 1, kapatrapan ukum karya peksan mawi karante, laminipun 20 taun dosan ongka 2, 15 taun kalepatanipun ingkang ongka 1 tatela sampun maangimpes utawi maamejahi tiyang nama Karyakrama ing dhusun ngriku ugi, sarana dadamel landhep sarta penthung dosan ongka 2, sabiyantu atasing prakawis punika.
Menggah jalaranipun dosan ongka 1 nandhukaken ing alanipun wau, semahipun dosan ongka 1 kininten Alambangsari kaliyan Karya Krama ingkang sampun dipun pejahi, pun semah inggih angakeni bilih temen acampuh resmi kaliyan karya Krama, sarta nalika pananadukipun pialanipun dosan ongka 1, mawi titindhih ingkang minongka andel-andeling sang druhaka inggih punika sarayanipun dosan, ongka 1, tiyang anama ti tidana, ingkang sanalika thukuling nalar punika pun tidana lajeng miruda, saking tumemenipun ingkang rumaos kawogan pun tidana ing mangke sampun kapikut dening polisi ingkang darbe bubujengan prakawisipun saweg katindakaken wonten parentah Mangkunagaran.
Kawontenaning titiga punika, ing tembe samangsanipun dosan kakalih wau sampun mangkat kadunungaken wonten panggenan anggening kedah anglamahi paukumanipun parentah ageng nagari ugi badhe andhawahaken undhang-undhang kawrat ing serat kapacak sarta katempleken saparlunipun wonten ing balabaging dhusunipun dosan kalih punika, dadosa tuladha pangengah utawi sirnanipun para tiyang ing ngriku ingkang sami kadunungan manah druhaka.mila kula parlu manjurungaken wonten paedahipun sawatawis kados ing ngandhap punika.

Semining nalar punika, kena kinarya palupi, sawenehing nuswa pada, mungguh ajaler mraestri, kalamun estri uwis ing kakung datan piturut yogya nulya birata, gya ngambila liyane estri, away kongsi lir dodosan Kramadrana.
Ngunjarken hawa napsunya, datan niyat den simpeni, kinunci lan kinunjara, cindtakanira nemahi, nampeg marang ing dhiri, wantune adrenging kumrprung, drubiksanira nuksma, angreming manah durjuti, tujunira nora kapatrapan kiasas. Yeku mucung, prabawa kang ngasta kenur kenuring ngreh praja, ambeg marta santa budi, wicaksana jer maton bab ping tri dasa. Langkung pitu, kanang pustakanin gkukus, lan mawasarana, tumindak kesal sih titi, den tiniti, titine kang uwis tatal.
Saupami dodosan kramadrana nemahi kakisas mongka sampun mireng wiraos punika, ing balah kaduwungipun, panon bawa.
Yen Kramadrana nemahi kakisas ing mongka sampun kaetrapaken punapa badhe saget kaduwung. (Juru ngarang).

Kala ping 21 wulan Agustus ing taun punika, tiyang nama Trunadipa, gagriya ing dhusun Dersana Dhistrik Sima Ngampel, nuju wonten ing griyaning sadherekipun nama Wanadimeja, ing Ngrogah Tlaga, wanci jam 1, dalu Trunadipa saweg lalenggahan wonten pandhapinipun Wanadimeja, sarta wanadimejanipun mentas sami saur, pun Trunadipa wau kasanjata dening sang Druhaka saking jawining griya, kenging baunipun kalih pisan Trunadipa lajeng musna yitmanipun sami sanalika, pun Druhaka ingkang angupadamel ing mangke dereng kacepeng, margi nalika punika: tan saget terang sinten tiyangipun ingkang nglampahi Druhaka wau.
Kanthining pupuji tuhu, dhateng kang rumasa wajib rumeksa tentreming bawah, dipuna mempeng ngulari, pun Druhaka kang nanjata, kongsi sageda kapangih. Katitiha ing panemu, murinani mring nagari, ta pisan sing para durmuka, murka gegelahing bumi, mastutiya: tutuladan tuladan nateng prajadi. (Panoning kadliamar).

Sampun sawatawis wulan punika, pangandilan dalem Pradata Ageng andhawuhaken karampunganing dodosan ingkang taladosaken saking pangadilan dalem Paradata kabupaten Kalathen cacahing tiyang dodosan 10 iji, prakawisipun sami anglampahi ngecu sarta ambesmi griyanipun Nyonyah Van Setralendhoref ing dhusun Brengosan Klathen ngantos sawatawis atus karugiyanipun Nyonyah dosan 10 wau, ingkang 2 kapatrapan ukum kaya paksa namung anggangsal taun mawi rante, dosan ingkang 8 iji, sami kapatrapan ukum karya peksan mawi karante laminiupn, ngalih dasa taun satunggiling tiyang.
Nalar punika kajawi pamarsudinin gselsihipun pamariksa kalayan titi, mawi kanyina barangipun Nyonyah sawatawis sarta para druhaka wau sawatawis sami wonten ingkang ngakeni, tur para druhaka punika utawi durhaka sanesipun malih, kathah ingkang sami tiyang saking liya nagari.
Mamanising: sambrama sayakti, yeka pantes tataling tulaan atan tudhireng wajibe, data prakara iku, gebengane, gung kewuh rumpil teka kapikut samya, siji tan akantun katrap ing ukum sadaya, lah iyeku, tetela lamun binudi, budi ring wicaksanan. Ing panuwun kita mugi-mugi, lestantuna saliripun nalar, kaya mangkono dadine miwah taliyanipun ingkang sami kawogan wajib wajibing reng rumeksa, rajaning prajagung, samiya sedya ambuncang, kabuncanging si murka druakeng bumi, ing baka sumbageng ngrat.
(Pakoning Wiwara darma)

Sakalangkung angayogyani kabulipun, Jurungarang.

Bramartani katitimasa kaping 21 Agustus punika ongka 29 wqonten panjurung ingkang katandhan nama Sastradarma, karsa amedharaken piwulang, winastan wiwaradarma, punika sakalangkung gelaning manah kula, awit dintenipun kemis lajeng kantheg ing dugiipun, mongka kula pancen anyondhongi sanget dhateng ing wulang wau, jalaran kula gadhah niyat badhe suwita in praja, bokmanawi kenging kula angge tutuladan ing sajati, amila risang sastra darma mugi kaparenga anglajengaken panjurungipun wau, dumugi ing tamatipun, menggah jarwaning piwulang punika yen boten kalintu pamangih kula, wiwara tegesipun wuwulang darma tegesipun pituduh, le pnika amratandhani yen saged angleresaken leres lepating panyerat, bok inggih kapareng andumugekaken pamacakipun wondening kencenging manah meksa badhe sumerep candhakipun wau, awit bilih boten lepat kula sampun asring srawungan kaliyan risang sastradarma, ing salebeting manah kula ragi ngungun kamomoran getun sumerepa yen kagungan piwulang singidan makaten rumiyin rumiyin kula rak sampun sowan sumedya ngalap barkah ewa sumanten sapunika kula gadhah niyat badhe tepang jalaran sakalangkung bodhoning manah kula, patraping panyerat saha tembung, punapa malih parigelipun pasuwitan.
Katandhan Kewrat.

Sasambetanipun Wiwaradarma

11. Mung pambudi, dudununging yakin pupunton kang kaesthi ing nala, parlu kudu ring benere, lah lowu tembenipun dumadiya tepa palupi, tumrap saliring siswa, wandawa nak putu, kang samya darbeni cipta, gayuh marang kautamaning dumadi, lan utameng ngawula.
12. Gampang angel wong suwita kaki, nora kena, lamun ginagagas kagagasing pangarah de, panujuning panuju, nora pisan kena binudi, utawa winasama, sarta yen tiniru, wus inasthi tan kenowah, adillolah karsaning hyang murbeng bumi, tan kenging sininggahan.
13. Ujerana, panujuning galih, gusti pangran mring kang ajalaran cucut lucu, angacopres ana kapareng nuju, dhangan mring kang mung anjalari, ngupayaken rerenan ana kang pauju jalaran sing taberiyan tumemening panambut kardi nastiti, weneh saking kagunan.
14 Warnining kang kagunaning janmi, kayata kang ullah kasusastran kaprawiran apa dene, ullah lukiteng tembung, ullah marang lukiteng gendhing, lukitaning suwara, ullah lunya cucut ullah nalar ullah praja, ullah kriya, ullah ngilmu ullah titi, utama lamun bisa.
15. Salir guna den bisa nyrambahi, kang darapon wuwuhing sihira, mabara tanapinileh, , lan ywa darbeni kidhung, kidhung yeku kauningati, bisa karya ngucira, nging yen tan kacakup away sok pilayu mimba, narimaha, nute ombake ing keh dhingin kaya kang uwis ana.
16. Sawijining kawulane gusti, kang sumeja kelu kang panujuwan, karya lucon wasana ne, gusti tan reneng kalbu, kang amuled samya ngewani mung ginuyu keh raywa, tur raya lid lamun kang wis limpat lulungitan pangguyune, mung sarana amancahi, tangeh yen angrenakna.
17. Lurung ingkang, jedhugen pangesthi, karya sukarena ning wardya, kongsi ngrumentahken sihe, yeku kathah kalangkung, uga ana kang srana saking, pakaryan nora

layak nging satemenipun nora nana katumimbang, kaya dene isarat wekeling budi, sungkem tumemen ing tyas.
18. Den waspada, marang barang karti, narima asawujud kewala, kang wis dadi sangemane, kacongahing kalbumu, upamane gaduging ngati, mung bisa musumiwa, away lyan kang kitung, sanadyan neng sasamuwan nging ya aja, tinggal ombakin gsasami, sirik lamun tinggala.
19. Kaya lamun kancanira sami, ngingel keplok ywa sok gegem tangan ambarung swara padene, away nyathem anjetung, ing kubi sakarya jalaring jubeling kaniyatan, gingggangken sihipun gusti lan ywa sok amancah karemane ingkonca sawiji-wiji, krana laku ning titah.
20. Nora kena kakiyen pinikir, pikir kira, kira cina campah, ana pon parikramane, sapa wonge kang weruh, uler teka dadya wastradi, marma sagunge ingkang, darbening mamayun kang kinbocapaken ngarsa dipun sami, puruita amastuti, tataling pariwara.
21. Mula-mula wong suwiteng gusti luwih maneh yen lasti tan juga, iku kang langkung kewuhe, kene katuju sarju ing kana nega, anudingi, kanuka tuju dhangan kenega, amben dupa dene yen gustinira, ingkang sanget taruna keh parenganing, guna apariguna.
22. Pae lawan gustinira kaki, kang sinebut kondha ing triloka, titiah sang namun sumeh, adil geng tepanipun para marta tansah pinusthi, datan ambeda-beda, kanakene kimpun desing wis kawengku samya, nadyane ewuh, pakewuhe lading ing nguni, jubel kethering daya.
Taksih wonten candhakipun.
(Sastradarma, tulis sae)

Ongka 32, Kemis kaping 11 September 1879

Pawartos kawat saking Ngacih
Lambaru tanggal kaping 6 Agustus
Kolone satunggal bidhal dhateng Lamsobah
Imam Lambadhah sowan dhateng komandhan angaturaken panungkulipun ing wau Imam Lambadhah sampun amatah Cundakasa watawis sowan dhateng Komandhan angturaken panungkulipun ananging boten katampen sarta komandhan andhawuhaken dhateng Cundaka wau, bilih Imam Lambadhah kedah sowan piyambak ing ngarsanipun sareng sampun kalampahan sowan lajeng kadhawuhan angaturaken pasrahipun sakathahing dadamel pirantos sarta praboting aprang, dhawuhipun komandhan wau ugi dipun laksanani.
Kala kaping 2 Agustus Habib Mahmut dhateng ing pabarisan inggih punika ingkang kapatah angaturaken serat dening Tuku Mudhahhut Tuku Tanah Abi sarta tuku Lamtabu, suraosipun angaturaken panungkulipun saha prajaji badhe amangsulaken bala ingkang wonten ing redi-redi tuwin angrampungaken aprang.
Para Tuku ingkang sami angaturaken serat wau kadhawahan sowan saderengipun wulan Siyam ing nalika punika Tuku Mahmut amangen wonten ing pabarisan ageng.
Kolone ingkang dipun tindhihi kapitan Alepein saged ambuyaraken mengsah ingkang sami andhelik wonten ing redi.
Sareng wadya Nederlan dumugi ing Lamtobah para tiyang ing nagari sami miris.
Ing silipunn akathah para prayantun ingkang sami sumewa nungkul
Kala kaping 3,Agustus kampung Kapadhupah (Lamtobah) dipun ayoni, para pangageng lajeng sami ngungki ing redi tanpa wadya.
Para wadya ing Mukim XXVI sarta mungkim XXII sami sowang-sowang wangsul ing kampungipun.

SURAKARTA
Sarehning dhawahipun garebeg wonten ing Kemis apramila kula angaturi uninga biih Bramartani ingkang medal Kemis ngajeng punika, badhe kaedalaken wonten ing dinten Saptu.
Juru ngarang.

KULAWISUDHAN ING MANGKUNAGARAN
Nalika tanggal kaping 21 wulan Siyam punika.

1. Mas Angabei Poncasentika panewu pulisi ing Baturetna kaelih dados panewu Atministratur Tirtamaya
2. Raden Angabei Sastrareja panewu Jaksa Mangkunagaran kaelih dados panewu pulisi Baturetna.
3. Kyai Ngabei Arjaubaya Mantri Kampung tengah kaelih dados Mantri Pura
4. Mas Prawira Bisana Irstelitenan Infantri kaelih dados mantri Kampung Tengah, sarta kapatedhan nama Mas Ngabei Arjabisana

5. Raden Mas Citradipura Carik Jeksa Mangkunagaran kawisudha dados Mantri Gripir Pradata Mangkunagaran sarta kapatedhan nama Raden Mas Ngabei Citradipura.
6. Raden Tisna Carik Pulisi Wanagiri kawisudha dados Mantri Gunung Wuryantara (Baturetna) sarta kapatedhan nama Raden Ngabei Arjasaronta.

Kala kaping 5 wulan Agustus ingkang saweg kapengker, lare estri nama Satinem saweg ngumur 3 taun anakipun tiyang nama Surawijaya ing dhusun Cendhol Dhistrik Gesikan anemahi cilaka kacemplung ing sumuripun Surawijaya pyambak ingkang dereng kapageran andadosaken ngajalipun Satinem, menggah jajalaranipun wanci jam 3 siyang ing dinten punika wau, bapa biyungipun satinem sami kekesahan dhateng sabin andhaut sarta tanem pantun pun Satinem katilar wonten ing griya ijen sareng jam 5 sonten saweg sami mantuk pun Satinem sampun katingal japupung wonten salebeting sumur, ing mangke pun Surawijaya kabubuh ing kasusahanipun awit sampun kaecalan anak mawi kapatrapan ukum kunjara utawi krakal awit saking anggenipun boten angestokaken sadhawuhing parentah sumuripun dereng dipun pageri, ngantos andadosaken kacilakanipun Satinem sanadyan pun Satinem wau anakipun Surawijaya piyambak.
Lah punika, kenging minongka pepemut lena sarta daleyaning panjagi dhateng rare alit sarta anglirwakaken dhawuh ing nagari, ingkang pancen mikantuki ing saweneh sarta tumrap ing jasating pyambak. (Kintunan).

Kala kaping 16 Agustus taun punika, wonten satunggiling tiyang nama Mertawijaya gagriya ing dhusun Kalesan dhistrik Taraman anemahi babaya, dhawah saking anggenipun menek uwit kalapa, boten watawis dangu andadosaken ngajalipun, menggah ingkang dados ing jalaranipun pun Mertawijaya wau angendelaken kasuran sarta kawanteranipun ing ngatasing kawasisisan dhateng pepenekan amargi nalika punika wiwitipun amenek sampun wanci jam ½ 6 sonten ngantos jam nenem dereng kapareng mudhun ananging malah eca-eca mathangkrong amapah mendhet I mancung sarta bongkotaning papah kalapa ingkang sampun sami garing, wasana papah ingkang dipun enciki mertawijaya anyulayani, lah punika inggih bok bilih pun papah kadunungan serik manahipun sarehning sampun wanci dede wancinipun pun Mertawijaya teka teksih karenan amamendheti mancung.
Dene kalapa punika sampun katitipariksa dening polisi uwit kalapa kaukur inggilipun 40 kaki. (kintunan).

Nalika kaping 30 Agustus saweg kapengker punika, tiyang nama Bok Ibrahim gagriya ing kampung Nusupan mentas kakesahan saking Bakonang, sareng lampahipun dumugi ing lurung ageng dhusun Widarakandhang, Dhistrik Nglaban bok Ibrahim kabegal ing durmruka, barangipun ingkang kenging karebat dening durmruka wau, satunggal timang salerepipun mripat inten dhapur jlebrah argi 140 rupiyah slaka, kancing tangan sak sagagragan argi 35 rupiyah slaka, tujunipun bok Ibrahim wilujeng, boten mawi manggih panganiayanipun durmruka, Panuwun kula, para wajib utawi saweneha samangsanipun mrangguli barang punika mugi inggal lalapur parentah, sampun dupeh sarana gadhe utawi tumbas. (kintunan)

Kala kaping 6 September punika wanci siyang, ing kampung sawetan prapatan Gemblegan wonten swara rame sarta surak-surak titiyang ing kampung sacelakipun ing ngriku sami anggagas bok bilih ingkang dipun suraki wau kagungan dalem sima tutul ingkang oncat saking krangkeng ngantos samangke dereng kapangih, sarta tansah kacariyosaken angambah ing pakampungan salebeting nagari, mila para tiyang ingkang sami mireng wau lajeng enggal medal saking griya anyepeng dadamel waos sabet dhuwung tuwin sanes-sanesipun lajeng amurugi panggenaning rame-rame, sedyanipun badhe angrocok dhateng pun sima, ing nalika punika kathah ing tiyang ingkang dhaeng saking keblat sakawan amawi dadamel meh boten kenging kaetang, ananging tatelanipun ingkang dipun suraki wau dede kagungan dalem macan tutul ingkang sampun sawatawis dinten oncat saking krangkeng, ananging tiang nayab sinjang kacepeng ingkang lajeng kaladosaken dhateng polisi, dados para tiyang ingkang sami ngendhu-endhu nedya poncakara kaliyan sima wau lajeng sami wangsul sowang-sowang, sarta radi katawis lingsemipun dene kecelik nanging punika dereng ngungkuli lingseming kece likipun tiyang kampung kauman enggal punika, kacariyos wonten satunggiling tiyang watek jirih sumerep sagawon ageng inggil satunggil ulesipun belang uyang, ingkang lumebet ing griyanipun pawon andilati wajan awit saking jirihipun sarta ing nalika punika pinuju saweg anggagas dhateng kagungan dalem sima tutul ingkang oncat saking krangkeng, segawon wau kanyana sima sarta lajeng kaelokaken, macan macan tongga tepalih sampun masthi kemawon lajeng sami dherakal lam lumajeng sakin ggriyanipun pyambak-pyambak anyepeng dadamel nedya angrocok dhaeng sima ingkan gdipun lokaken wau.

O, saiba alingsemipun sareng sumerep manawi ingkang dipun lokaken dede sima ananging sima panasar lilin.

Ing salebetipun kagugnan dalem sima tutul ingkang ucul dereng kapanggih meh saben dalu ing pakampungan dipun wartosaken kaambah ing sima, mongka kala winginipun wonten sima tutul ucul malih saking kagungan dalem karangkeng, ananging lajeng konangan palajengipun kasanjata lajeng pejah, uculipun sima wau ageges palanging karangkeng, saged oncat lajeng malebet ing kandhang ayam wanci jam sakawan enjing ingkang gadhah kandhang wau, mireng karekut karekut dipun kinten bilih kuwuk amongsa ayam medal ambekta colok anuweni kandhang wau, ananging sareng angengakaken kontening kandhang, lajeng kapethukaken pun Kiyai, tatabeyan sarana kagraut rainipun sima lajeng andugekaken lampahipun asonja dhaeng dalemipun raden ngabei Wiryadipura, tan pasubasita lajeng malebet ing senthongan wonten ing ngandhap kandhil mongka ing kandhil wau wonten ingkang anilemi, ingkang sareng mireng suwaranipun pun sima, sanalika lajeng kasrambah ing sasakit beser, tiyang oncatipun saking senthongan medal ing jandhela, sima lajeng kasenjata dhateng tuwan Remref.

Nalika tanggal kaping 8 wanci siyang bawah kadipaten wonten griya besmi, sarehning papanipun pemahan ingkang kabesmen wau, griya griya ragi wonten pencaripun pramila latu boten waged maraman.

Kala tanggal kaping 9 wanci dalu ing kampung Salompretan inggih wonten griya kabesmi cacah wuwung namung telas griya enem iji mugi parentah karsaha angencengaken dhawahipun boten amarengaken para tiyang amlagrong wonten ing nginggilipun kalenan, saiba ewedipun bilih ing kiwa panengenipun Secayudan wonte

bancana latu, ing ngriku sadaya kalenan prasasat sampun sami pepet sadaya, awit dipun palanggrongi para Cina.

JEPANG

Ing mangke bongsa Jepang sanget pangudinipun dhateng pikantuking kauntungan ing wulan ignkang sampu nkalampahan akathah titiyang sugih sami bathon angintunaken titiyang kuwasanipun dhateng ing tanah Eropah, anyade barnag dagangan wedalan ing nagari Jepang, boten perlu mawi pitulunganipun bongsa sanesipun, mangkaten malih tiyang Jepang wau ing mangke damel kantor Asiransi utawi gedhong pananggeling pituna, pawitaning pun sayuta ringgit awit saking punika sakathahing kantor Asiransi ing Hongkong amasthi kapitunan kathah, saking sedyanipun tiyang Jepang boten purun asuka kauntungan utawi bathi dhateng bongsa sanesipun.

Ing Sangke ing Jepang kasrambah ing sasakit kolerah ingkang sanget ambabayani, wiwit tanggal kaping 1 dumugi tanggal kaping 23, Juni tiyang ing Osaka ingkang pejah jalaran sasakit wau sampun 1850 iji, ing tanggal kaping 24 tiyang ingkang pejah 206 iji, sarta ing salebetipun kalih utawi tigang jam kemawon tiyang ingkang pejah sampun wonten 60 iji , akathah tiayng ingkang waunipun boten karaos sakit punapa-punapa, sareng medal saking griyanipun amlampah-mlampah wonten ing radinan ageng, boten ngantos dangu lajeng ambruk pejah awit saking kasrambah ing sasakit kolerah wau.

Kala tanggal kaping 26 Juni tiyang ing Iyokohamah ingkang kasrambah sasakit kolerah 315 iji, boten sawatawis dangunipun tiyang ingkang pejah sampun wonten 200 iji. Gupremen ing sasaged-saged amandum jampi, ananging boten amikantuki, tiyang ingkang kasrambah sasakit kolerah ingakng kathah juru angupdos ulam jalaran ulam ingkang buthuk boten pajeng kadade, temahan dipun tedha pamiyambak saupi boten mangakten ambok bilih boten wonten sasakit kolerah ngantos tular tumular kawartos ing Koba sampun wiwit wonten sakit punika, ing nalika Mail bidhal dereng kasumerepan kathah kedhiking tiyang ingkang pejah jalaran kasrambah ing sasakit kolerah wau.

PANJURUNG

Wonten tiyang estri lanjar anama Bok N.R. gagriya ing dhusun Tlobong, bawah dhistrik Pamijen ing Grogol, andarbeni atur gugat dhumaten gparentah, ngantos kauluraken katuripun ing ngarsa pangadilan anebut boten tarimah, awakipun dipun lambangsari dening lurahipun bekel ing dhusun ngriku ugi anama S.P.W. ngantos kajendhelan wawrat ptiung wulan, kedah boten awakipun angucing adreng, mugi wonten a pasihaning ngadil kalampahanipun dipun ningkah: S.R.W.: ananging pangucinging adreng bok N.R. ngadil boten wajib amituruti, jalaran :1. S.P.W. ingkang katarka mempeng kikibipun , 2. Gancaring nalar katelak yen tetelanipun ingkang sampun acampuh resmi kaliyan awakipun ngantos kajandhelan wawrat inggih punika tiyang anama Tradipa, ugi karan anak pancebret ingkang sampun lajeng miruda saking balegriyanipun saking pamireng kula bab punika malah wonten saenehing panggalih aning para gegelenganipun ingkang wenang anggalih, bok N.R. wau kedah anglampahi paukuman wesiyasatipun nagari miturut kungkuming Agami Islam, apesipun dipun kunjara, kakrakal utawi kagebag ing janget amargi saking anggenipun sampun alampah jinah, kawartos ing mangke bok N.R. wetenganipun sampun lair jabang bayi esti.

Suksma ran yen pinikir, kataline laku ala, kaya lakone bok N,R. tur iku sedyaning nala, ngupaya tomengongga suciya reregedipun ywa nganti nak-anak kowar.
Barang kang ngarandan rowangi, karang kang katharang-tharang, temah mung barang wirange, jer wis lupute priyongga, gelem rinojong laknan, bok maune teka mupus mupus yen babaring kasar.
Dhatan sarurubet kendjil nampeg jitheg leletheg, ngrumpyang kumrumpyang mekruhe, kawentar nisthip pinistha, marman sanggyanira, kan gngapunggung taminipun parlu lamun nyinggahana,
Titi pemuting panulis arigara pon panuju, kaping kalih likur leke, sasi Ramelan ing masa, katiga warsanira, Ebe sangkalaning taun dwija sirna ngragasuksma.
Siswaning wiwaradarma.

Sasambetanipun Wiwaradarma
23. yaning pangabdi, keh warnane kaingarandaya, tan susah sun gelarake, mungkang ing nganggep prelu, ngowel tis-tis comprenging kardi, kardi ring kuwajiban kang milu rumengkuh, rumeksa sihing gustinya, marma dahat sinuyudan ing sujanmi, miwah liliyan bongsa.
24. Nora larang linabetan pati, patinira, sayekti hyang suksma, angantungi ganjarane, jer lugune wus gadhug, gadhug tandhes kandhasing urip nglenggahi astha brata, brataig prajagung, wajib samya muja montra ing ring ratri, tembe nemahana gusti, dadya pandampandoman.
25. Ing babakal kawentaring bumi, ngatas angin bawah angin kongas anggon paripurnane, wah makin wus katuju, tujuring sang narpaprajadi, sandi makaming ngripta, dados syiking kalbu, samya owel yen tan mangkana, langkung-langkung sing panyerang ari-ari, mamangun wawangunan.
26. Aja mengeng, jaiten ing ngati, ngestokaken wajibing ngawula, taniyat dudu bernere, ywa kongkih ring mamadu, dipun mathem den angrungkebi, temen tancepna nala, kuwajibanamu, karyane kanjeng parentah, aja lena, lawan dicancuti resik dene mungguh ing tekat.
27. Den ngegungna panarimeng pasthi, den ngluhurna kamurahanenging hyang, bara tindak ywa ge-age, kalamun durung putus, kawruhira rehing ngaurip nadyana wis mangkana, kudu kudu parlu sumarah narimeng titah, praogane, karepan dipun aririh-rereh sabar tuwekal.
28. Ngingwus lumrah tumrap ing samangkin sakehing kawula dalem magang, yen lagya anaprempenge, dera mangun Mamayun undhakira pangkating kardi, ardeng tyasa prabata, daya dayeng kayun, tumulyan tuk kaganjaran jeng parentah cilik cilik yen wis dadi, abdi dalem narendra.
29. kang ingajab limrah ala janmi, pirabara kinacek sasama, sumenga digung ambege galamatan kajurung, kumaruwuk sebute keksi, O Allah boya talah, talah jeng prentah gung, dene tatan adil lawan datan ana kawlasaning marang abdi, lamatan ginaliha.
30. Adhedhapur nutuh marang gusti, wit rumasa wus kamantyan lama, denira atur karyane, ngayahaning sang prabu, lan rumasa lamun tan sisip sarta pangrasanira, guna-guna ngimpun ngungkuli ing kancanira, iku malah mayutan amangih sisip, kadwi jejering lepat.

31. kang kapisan derakeng Hyang Widhi, kaping pindho dosa marang nata tan wruh yen angane dhewe, dudunungipun luput pangreh praja amung kinardi, marginign lelantaran thukuling wahyumu, ngantas purbaning hyang suksma, lan srinata, wus sipat ngalimun kaki, tan samar yen sinamar.
32. Cipta kang mengkono iku sirik puput luput panyangkok panyeba, wijining rurubet gedhe, wiji rubet kang tuwuh, anenarik kembaning ati, leleda andaleya, temah anem lincur, anulya dadi kakembang, kembanging kang dhawuh ing prentah kumancing, undure sing suwitan.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 33, Kemis kaping 18 September 1879
Nalika ping 9 wulan September punika, wonten tiyang anama Tayana gagriya ing dhusun Basin bawah Kanupaten ing Klathen panuju malebet anyambut damel dhateng pabrik ing Gondhang, dipun wajibi anengga sarta mratikelaken pagodhoging gendhis wonten ing kawah, demadakan pun Tayana kadunungan karenanipun ing manah, angajak gugujengan dhateng umobipun ing gendhis utawi bokbilih pancen saking karemipun dhaeng legi sanget boten watawis dangu pun Tayana anggadho gendhis ingkang taksih sumawah umobipun dalah iwakipun katut kacimplung…..ngantos sami malonyoh, lajeng kapitulungan kaentasaken dening para kancanipun begja dene teka pun ?Tayana boten lajeng ngajal sami sanalika, katrangan pamariksanipun tuwan dhokter militer ing Klathen pun Tayana wau kininten boten badhe saget mantun ananging masthi lajeng dados ing ngajalipun jalaran saking malonyohipun ing badan sawatawis sanget sanadyan sampunlajeng kausadanan wonten griya pamulasaraning tiyang sakit ing ngriku. (Kintunan)

Kala kaping 6 September punika, tiyang estri anama bok Setrasemita gagriya ing dhusun Karangkepojh bawah kabupaten ing Bayalali, ing wanci dalu dinten punika wa amedal saking griyanipun tanpa pamit dhateng ingkang jaler, , dipun lacak dhateng ing tongga tapalih sarta dhateng sanesipun panggenan meksa boten kapangih, ingkang jaler sakalangkung ngungun, sarta thenger-thenger, mawi kagubed dening ngeresipun ing manah, awit para anakipun taksih alit-alit sami angaroyog pating carengek nangis pitaken biyungipun wekasan boten saronta pun Setra Semita jaler, lajeng ambarubuh tumut nangis pisan ngantos sadalu amingseg-mingseg barebes mili, boten saged tilem sareng wanci jam 5 enjang Setra Semita jaler dhateng kebon angemban anakipun wasana sumerep yen semahipun sampun gumeyong wonten ing uwit nongka, kaprenah sawetan griya sawetawis tebihipun ing ngriku setra samita jaler sansaya boten kantenan polahipun O, saiba ta kasusahanipun pun Setra Semita jaler
Sasampunipun lajeng kalapuraken salejngipun parentah pulisi aniti pariksa dhateng sababipun, menggah iingkang dados jalaranipun kacariyos yen bok Setra Semita wau, sampun sarwa awis dinten anandhang sakit panas dene saderenging sakit panas ngantos angendhat boten nate sulaya utawi kacuwan dening ingkang jaler, utawi kalayan sanesipun ing tiyang. (Kintunan).

Kala kaping 10 ugi September punika, tiyang nama KramaSetika ing dhusun Kregan bawah kabupaten ing Klathen anemahi cina kakang boten kamaha amargi pun Krama Setika angadani kajengipun anegor uwit randhu ing pemahanipun agengipun sami galugu, saking kirang wewekanipun sapunggeling panegor uwit randhu angebruki Krama Setika, sami sanalika kapisanan katitihipun pun Krama Setika, lajeng ajal ing ngenggen. (Kintunan).

BATAWI
Sultan ing nagari Sambas mentas sowan ing ngarsanipun Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana guprenbur Jendral saking sedyanipun anyuwunaken pangapura ingkang rama, ingkang ing mangke wonten ing Cianjur, kang rama wau kalepatan dhateng Kanjeng

Gupremen kabucal saking nagarinipun dhateng Cianjur ing salaminipun gesang, boten kenging mantuk dhateng Sambas ing mangke anggenipun wonten ing Cianjur sampun pinten-pinten taun sampun sepuh sarta sakiten mila sultan anyuwunaken pangapura kalilana mantuk ing nagarinipun, panuwunipun sultan ing Sambas wau inggih sampun kaparengan:

SAMARANG

Wonten saweneh ing tiyang anama Umar pinangkanipun saking Cilacap amondhok wonten ing kampung Dharat awit sedyanipun badhe mingah kaji dhateng ing Mekah, kala ing dinten Jumuwah tangal kaping 15 wulan punika Umar dhateng Masjid Samarang perlu sembahyang ambekta payung motha 1 teken bungkul salaka 1 ing nalika sembahyang payung tuwin tekenipun kaselehaken wonten ing ngiringanipun wasana lajeng kaseler dening bajingan saking wingking Umar boten sumerep sanajan sumerep pamasthinipun inggih kendel kemawon jalaran manawi ngantos angelokaken utawi nyanruwe dhateng pun bajingan saestu badhe angenipun sembahyang, dados barangipun wau lestantun ical, ing saben jumungah wonten tiyang 1 utawi kalih ingkang kaecal-ecalan, kang ical ingkang kathah trumpah, jalaran saben dinten Jumunwah kathah bajingan ingkang dhateng masjid anyalimur tumut sembahyang, boten kasumerepan bilih anggadhahi kandhutan awon, mila ingkang sami kawogan rumeksa masjid wau, mugi anandhakna budi daya ingkang amurih sirnaning lampah makaten wau.

Wonten sawenehing tiyang estri anama Bok B griya ing kampung Pejagalan dereng lami dhaeng ing griyanipun tiang estri nama Bok Pangi ing kampung Bubutan criyosipun sumedya badhe tumbas barang mas inten ciptanipun bok Pangi kaleresan jalaran piyambakipun pancen badhe nyade barangipun mas inten mongka wonten ingkang nedya numbas sanalika barang gadhahanipun lajeng katedahaken dhateng bok B sarta mratelakaken regenipun 350 rupiyah Bok B inggih angajengi, nanging pamurwating regi kedah katarosaken dhateng kemaan rumiyin, bok Pangi ingggih anyondhongi, barng lajeng kaulungaken dhateng bok B, sareng bok B samun anampeni barang lajeng angandhir kesah, anetepi suraosipun paribasan rindhik asudi gitik sumerepipun bok Pangi bilih dipun apusi dening Bok B, jalaran dipun entosi wangsulanipun ngantos sawatawis dinten boten dhateng salajengipun bok Pangi lapur dhateng Polisi.

BANJARNAGARI (BANYUMAS)

Kala tanggal kaping 31 Agustus kapengker punika, kanjeng tuwan Residhen ing Banyumas sampun amatedhakaken awit saking asmanipun kanjeng gupremen kandelan jene satunggal iji dhumateng pangagenging dhusun pager gunung padhistrikan Karang Kobar, sumerep ganjaran anggenipun cakep dhateng padamelanipun sarta sanget pamarsudinipun dhateng bab pananeming kahwa, anetepi kados ingkang kasebut ing pranatan enggal kandelan wau mawi kaukir titimasa, tuwin angkaning serat kakancingan dhawahipun kajeng gupremen ing nalika amatedhakaken wonten ing kabupaten mawi kaeteban dening para tuwan-tuwan para priyantun tuwin para pangagenging dhusun amawi kaurmatan ungeling mariyem kaping tiga, kabarung suraking prayantun ingkang sami wonten ing ngriku.

MADIYUN

Dereng lami wonten kasangsaran ingkang ngantos andadosaken jalaraning pejah, inggih punika tiyang estri anama biyang Senik rencangipun mas Bei Prawira Atmaja jaksa ageng ign Madiyun menggah mula bukanipun mangakten: Mas Bei Prawira Atmaja wau adamel sandawa badhe kadamel kembang api, ing nalika saweg naoreng ingkang kaurih negga rencangipun wau, ananging sampun dipun pisanjangi panjaginipun ingkang murih samun ngantos kenging latu, wasana boten dangu sendawa ingkang kagoreng wutah dhateng keren sarta lajeng mubal manginggil latu abalan dhateng biyang Senik penganggenipun ngantos babas kabesmi sadaya saha badanipun gosong, dalunipun biyang Senik wau dumugi ing ajalipun.

Ing inggil punika dados sapepenget sampun ngantos amasrahaken pakaryan ingkang pancen kedah dipun lampahi piyambak bilih boten makaten temahanipun masthi ambilaheni.

SURABAYA

Ing ngriki wonten dhokter jawi kakalih ingkang satunggal rumeksa ing griya pamulasara, satunggilipun rumeksa ing Pegeriyan dhokter kakalih wau kenging katamtokaken masthi anyambut damel wonten ing griya pamulasara kakalih punika ngantos sadinten muut dados manawi wonten tiyang jawi utawi bongsane sanesipun sakit nedya nedha jami dhateng dhokter jawi badhe boten kalampahan awit dhokter pinuju wonten ing griya pamulasara, sarehne ing mangke para tiyang jawi tuwin bongsa sanesipun sampun kulina angangge jampi dhokter, dados manawi wonten ingkang sakit kapengin sanget angange jampi dhokter, badhe ngundang dhokter Welandi Boten mampu ambayar wragadipun dados kedah angangge jami saking dhokter jawi mila saking pangajeng-ajeng ipun para tiyang mugi dhokter jawiing Surabaya kawewahana akalayan balonja ingkang panter.

Wartos saking Ngacih

Kutharaja kaping 17 Agustus 79

Tuku Ayer Alang akalayan putranipun tuwin lulurah ageng satunggil sampun sami anungkul.

Kolone Gerlak sampun rawuh ing Selimun mengah tindakipun ing Lamtobah rekaos sanget sarta amanggih beteng satunggil wonten ing guwa, lajeng kaalap.

Mengsah ing Lomelong salong wonten ingkang dipun angsah lajeng sami ngungsi ing redi anama Lesongbayu wonten kampungipun satunggil ugi kenging kaalap

Kolone Alewein sampun angangsah durjana begal sapontha sarta wonten ingkang kenging kacepeng 3 iji.

KAP AFRIKAH

Titiyang jaer ing Sulu manawi sampun ngumur 16 taun amasthi dados prajurit pangangenipun pethak sarta saderengipun angatingalaken kakendelanipun wonten ing paprangan boten kenging rabi, manawi sampun kacihna kakendelanipun wonten ing rana pangangenipun santun cemeng saha kenging rabi, ing Sulu boten wonten tiyang estri

satunggil-tunggila ingkang purun dipun rabeni dening tiyang ambeg jirih utawi ingkang dereng katonto sudi ranipun ing ngalaga, samasa wonten perang titiyang estri sami tumut ambekta tetedhan tuwin sanesipun ingkang perlu kangge ing salebetipun paprangan mara estri wau dados saged angyekteni sinten ingkang jirih utawi ambeg wanter, ing taun ingkang kapengker para prajuritipun raja ing Subusetwayo, kathah ingkang taksih amangangge pethak sadya wau anggenipun dados prajurit sampun lami, anaming sarehne boten wonten perang-perang, dados sami boten kenging santun pangangge cemeng sarta rabi, jalaran mangkaten punika ngantos angupados margi saten dipun andon yuda aliyan sadhengahha, setawayo saemper kados kapeksa tempuk aprang kaliyan praja Enggris awit prajuritipun ingkang taksih sami mangangge pethak ambradhati raja kayanipun tiyang Enggris para ingkang sami gadhah ingah-ingahan wau, ingkang sami anglawan lajeng dipun pejahi.
Para prajurit ingkang amangangge pethak wau sangety sudiranipun ing ngaprang, mila tiyang Enggris kathah ingkang pejah.
Guperne Enggris angintunaken kaprajurit malih dhateng ing Kap Dhegudheup supados anangulangi kakendelanipun tiyang Sulu, pawartos ingkang kantun piyambak amratelakaken bilih tiyang Sulu kawon perangipun saha Setwayo kasepo

WARTOS CAMBORAN
Ing kithanipun alit ing nagari Honggari, wonten sawenehing juru racik jampi tilar dunya, anuju ing wanci enjing juru seratipun imbal wacana akaliyan bedhanganipun wasana boten dangu piyanturan polisi tuwin Miskamer dhateng, badhe damel serat pratelan kawontenaning barnag-barang ing griya usada ngriku, awt saking gugupipun juru serat anggenipun badhe angesahaken bedhanganipun lajeng kalebetaken ing lemari kothong sarta wiyar, tumunten dipun ineb kontenipun sasampunipun para priyantun wau rampung anggenipun titipriksa kawontenaning barang, lajeng anyegel sakathahing lemari lemari, dene lemari ingkang isi tiyang inggih dipun segel sapinten kemawon bingungipun juru serat dene lemari ingkang kaage angrawati bedhanganipun teka tumut kasegel sedyanipun badhe ambikak nanging ajrih sa nget dhateng gaagantunganing paukuman dangu-dangu sarehne juru serat telas budinipun lajeng angaturi priksa dhateng ingkang kajibaha titiprisa wau, ingkang dipun aturi pariksa enggal dhateng ing griya usada akanthi pangungun lajeng angwedalaken tiyang estri bedhanganing juru serat wau saking lemari.
Soldhadhu kakalih bongsa kulit cemeng dhateng ing nagari Pranse, amain komidhi ing ngriku lajeng sami totohan 1000 ruiyah sinten ingkang saged utawi betah lingih dangunipun 6 jam mawi anenedha tanpa kendel wiwitipun pukul 12 siyang dumugi pukul satengah nem boten mebah, sadangunipun linggih ingkang katedha ulam bawal goreng 8 iji, daging maenda goreng wawrat 12 kati, sampil sapi alit goreng wawrat 8 pon sayuran wawrat 2 kati, tigan 12 iji, keju ingkang agengipun saklapa 1 roti wawrat 12 pon anggur 15 botol ingkang satunggal sareng sampun rampung panedhanipun lajeng angadeg aktingal seneng, sarta lajeng angukup pamenangipun sarwi anggugujeng dhateng kancanipun

Panjurung bab nalaripun tiyang ingkang badhe anganyut tuwuh boten kapacak awit badhe ambikak wadi.

Panjurung saking bawah kadipaten Bontenkapacak awit bilih pancen terang priyantun pulisi bawah ing ngriku anampeni besel prayogi lajeng kaaturna dhateng nagari kemawon.
Juru ngarang.

DARMAYASA

//Sinom// Mah raja mudha Urmansyah, ing Samarkandhah nagari, Kalikaning janabek arja, legawa para martani, amumpuni salwiring kautaman ambeksadu, miwah kalabanira, tetela amirastani, sararabing andika mardaweng kata. Lepas pasanging graita, wicaksana tan ngendani, mungguh kasudananira, mas Urdwisdhan lane tampi, lawiyaning dumadi, wadak damanjorken tembung, pasanging cakra apa, ngrenggep manuhara manis, sarta manggung mahatma aksamanira. Mila saweneh ingjanma, kanang samya mudaani, mulat lesmining subrata, kadarpan amangastuti, byaktaning tyas manjunih, umalap darsaneng lagu, sarjana susilarja, sumuluh ya lunganglaweni, anglalami ngalelaluruning nala. Dumilah tuhu ngumala, sumilaknya laki maring, prawatyaning reh paras, tumerah lir parsasari, sumirat amarbuki, sugonda lekas tarwilun, ratrasing basa gita, gatining kang minangkani, kaancar lan kentaring reh darmayasa. Myang kalaraja aringan ngwering lelejeming ngelmi, datan amawagn sujanma, sanadyan endhas terasi rinenggep den slondhohi, yen tinon tabiyatipun, sawastu kadunungan, sampating kapasang putih, miwah manrupamindining kanintya man. Mila molih pangapikan, kamantyane dera marsudi, puwaran tuk kaladesa, nirmalakam maleng batin, temah ingkang kaesthi, tan lyan kasatyan ing ngmpun, myang ring reh parikrama, panganggepe maring dasih, datan paeki kulit daging sadaya. Nahan wuywaning walgita, carita ingaknng pinethik, tatkala raja Hurmansyah, kasengsem asring kakaring, karenaninra yening, wanci surya tunggang gunung, mengameng muhung dharat, mangkana ing sajugari, sedhengira kajeng raja lumaksana. Maring wit pingir padesan, amanoni dhukuh asri, taremaning pakarangan kathah nedheng angemohi, resmining ron angrapit, tinon wilis ledhung-ledhung , labet toya tumumpang, raharja wanguning panti, nanging datan ana janma kasatmata. Muhung tegal banjar andhap, wonten janmane satunggil, saweg andhudhuki kendha, mah raja tandya nyaketi, sarwi tatanya aris, kakang apa karanapun, gon mu anambut karya, ijen kancamu ring ngendi, kang tinaya tumenga alon turira. Milambang datan parowang, awit konca kula sami, saweg ayon kakesahan, ningali srinara dhadhar, wartosipun kakaring, amung dharat tedhakipun, kula kantun piyambak kapambeng angangkat kardi, margilangkung parlu pados upajiwa. Maraha aris wacana, lah sabab apa sireki, teka tan kepengin mulat, angombak kancanireki, tya dhusun matur malih, boten wonten sababipun, malah ing wau kula, angsupe enget sakedhik, nyerepaken yen tiyang remen kesahan. Aningali ing sadhengah, sawastu tan maha lani, atasin tyas dhusunan, aluwugarapa sabin, menggah konca kang sami, kesah nilar damelipun, inggih mesthi kecalan, pituwas samurwatneki, sadangune genipun sami kesahan. Kang mongka kula punika, saestu boten kuwawi, angombak dhumateng konca, ngicalken pituwas awit, saking sanget ameskin denten anggen kula mungkul, asuku suku jajar, kabele badhe ngingoni, anak rayat cacah sirah gugung gangsal. Ingkang sarta semah kula, saweg ginanjar benter tis, aran yen kula botena, anegeni nyambut kardi, suduk guning tatu dwi, mangkaten temahanipun, saking genging ruwida, babasan tan kondha kanthi, wewah batih anandhang rogatiarda. Wangwang mah raja Hurmansyah, dupi myarsa lir

katanging, ngeresing driya kagagas, kadya bela arudatin, nayaka memesum, malah netranya kumucuh, kongas yen tibra, musthi wekasing pangesthi, nolih maring wadya amundhut kujinya. Wasana rum angandika, lir ngrarapu ngarih-arih, winong basa manuhara, mamayyu yuning arjanti, titikanya pinidih, myang ngacuen astanipun, lah iki tanpanana sira ingsun wehi kuji ing jro mesi picis enggonen pawitan. Muhung mong kaular-ular, sarana nemina kreti, ngruruhhi sarating gesang, manawa bisa lestari, nyampurnaken pambudi, kaya sojarira maju, amrih pangupajiwa angger truna sawetawis waskita widada. Sanggyaning paras. Nanging etungen pamurwat, amadi lawan marsudi, Mardi wedaling ardana, marsudi sidaning dadi, saking gemi nastiti, ngatiyati baang kayun, anganggo waduduga, watara ignkang prayogi, yekti bangkit koripanira kabakat. Wit nyipta dyanawimala, ora kudu mati ragi, mung taberi barang karya, sarta trapna narimesih, babagan kang sathithik, lawas-lawas yekti nglumpuk, mungguh ing roganira, rabinta puniku mari, ing usada kalawan pamulasara. Dahat suka sukuring wang, myat sira legaweng batin, tewekal datan kelikan, dwisdhanta adreng marsudi, ingsun urun pamuhi, gusti kang sipat ngalimun, muga muja dahana, paring ganjaran sademi, myang engeta medaning kang darmayasa. Yeku reh angkara cipta., anrang sumiranging niti, katitik pawitanira, nuruti rotaning ngati, duryasa den karemi,lagu amurang silarju, druahaka tan kaetang, , jaja dhahajaning janmi, jibar-jibur saking tinuntun ing setan. Sira sayogya wawarah, mring konca kanca mu sami, ingkang ing mau umenter, yen ingsun srinarapati, tedhak parlu mriksani, gonira taberi macul, golek pangupajiwa, langkung renaning tyas mami, anunggoni gonira anambut karya. Mula sara palemahan, ywan kasiden tumrah riris, bumi kang den awuk temah, anenesp kanang warih, metokake tumuli, wiwiji sinebar thukul, makoleh ing manungsa, kang padha anambut kardi, ekti engal anemu barkah ing Allah. Ananging lamun noraha, pinulasara wit saking, janma kagebeng kelikan, lemah geras rusak mesthi, rurungkute andadi, datan ana ajenipun, cedhak pangipat-ipat, anggrah-anggrah den obongi, awit datan angsung pikuwating gesang.
Manawi manawi wonten sambetipun
Manungkara ing Kadipala.

Ongka 33, Kemis kaping 18 September 1879
Nalika ping 9 wulan September punika, wonten tiyang anama Tayana gagriya ing dhusun Basin bawah Kanupaten ing Klathen panuju malebet anyambut damel dhateng pabrik ing Gondhang, dipun wajibi anengga sarta mratikelaken pagodhoging gendhis wonten ing kawah, demadakan pun Tayana kadunungan karenanipun ing manah, angajak gugujengan dhateng umobipun ing gendhis utawi bokbilih pancen saking karemipun dhaeng legi sanget boten watawis dangu pun Tayana anggadho gendhis ingkang taksih sumawah umobipun dalah iwakipun katut kacimplung…..ngantos sami malonyoh, lajeng kapitulungan kaentasaken dening para kancanipun begja dene teka pun ?Tayana boten lajeng ngajal sami sanalika, katrangan pamariksanipun tuwan dhokter militer ing Klathen pun Tayana wau kininten boten badhe saget mantun ananging masthi lajeng dados ing ngajalipun jalaran saking malonyohipun ing badan sawatawis sanget sanadyan sampunlajeng kausadanan wonten griya pamulasaraning tiyang sakit ing ngriku. (Kintunan)

Kala kaping 6 September punika, tiyang estri anama bok Setrasemita gagriya ing dhusun Karangkepojh bawah kabupaten ing Bayalali, ing wanci dalu dinten punika wa amedal saking griyanipun tanpa pamit dhateng ingkang jaler, , dipun lacak dhateng ing tongga tapalih sarta dhateng sanesipun panggenan meksa boten kapangih, ingkang jaler sakalangkung ngungun, sarta thenger-thenger, mawi kagubed dening ngeresipun ing manah, awit para anakipun taksih alit-alit sami angaroyog pating carengek nangis pitaken biyungipun wekasan boten saronta pun Setra Semita jaler, lajeng ambarubuh tumut nangis pisan ngantos sadalu amingseg-mingseg barebes mili, boten saged tilem sareng wanci jam 5 enjang Setra Semita jaler dhateng kebon angemban anakipun wasana sumerep yen semahipun sampun gumeyong wonten ing uwit nongka, kaprenah sawetan griya sawetawis tebihipun ing ngriku setra samita jaler sansaya boten kantenan polahipun O, saiba ta kasusahanipun pun Setra Semita jaler
Sasampunipun lajeng kalapuraken salejngipun parentah pulisi aniti pariksa dhateng sababipun, menggah iingkang dados jalaranipun kacariyos yen bok Setra Semita wau, sampun sarwa awis dinten anandhang sakit panas dene saderenging sakit panas ngantos angendhat boten nate sulaya utawi kacuwan dening ingkang jaler, utawi kalayan sanesipun ing tiyang. (Kintunan).

Kala kaping 10 ugi September punika, tiyang nama KramaSetika ing dhusun Kregan bawah kabupaten ing Klathen anemahi cina kakang boten kamaha amargi pun Krama Setika angadani kajengipun anegor uwit randhu ing pemahanipun agengipun sami galugu, saking kirang wewekanipun sapunggeling panegor uwit randhu angebruki Krama Setika, sami sanalika kapisanan katitihipun pun Krama Setika, lajeng ajal ing ngenggen. (Kintunan).

BATAWI
Sultan ing nagari Sambas mentas sowan ing ngarsanipun Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana guprenbur Jendral saking sedyanipun anyuwunaken pangapura ingkang rama, ingkang ing mangke wonten ing Cianjur, kang rama wau kalepatan dhateng Kanjeng

Gupremen kabucal saking nagarinipun dhateng Cianjur ing salaminipun gesang, boten kenging mantuk dhateng Sambas ing mangke anggenipun wonten ing Cianjur sampun pinten-pinten taun sampun sepuh sarta sakiten mila sultan anyuwunaken pangapura kalilana mantuk ing nagarinipun, panuwunipun sultan ing Sambas wau inggih sampun kaparengan:

SAMARANG

Wonten saweneh ing tiyang anama Umar pinangkanipun saking Cilacap amondhok wonten ing kampung Dharat awit sedyanipun badhe mingah kaji dhateng ing Mekah, kala ing dinten Jumuwah tangal kaping 15 wulan punika Umar dhateng Masjid Samarang perlu sembahyang ambekta payung motha 1 teken bungkul salaka 1 ing nalika sembahyang payung tuwin tekenipun kaselehaken wonten ing ngiringanipun wasana lajeng kaseler dening bajingan saking wingking Umar boten sumerep sanajan sumerep pamasthinipun inggih kendel kemawon jalaran manawi ngantos angelokaken utawi nyanruwe dhateng pun bajingan saestu badhe angenipun sembahyang, dados barangipun wau lestantun ical, ing saben jumungah wonten tiyang 1 utawi kalih ingkang kaecal-ecalan, kang ical ingkang kathah trumpah, jalaran saben dinten Jumunwah kathah bajingan ingkang dhateng masjid anyalimur tumut sembahyang, boten kasumerepan bilih anggadhahi kandhutan awon, mila ingkang sami kawogan rumeksa masjid wau, mugi anandhakna budi daya ingkang amurih sirnaning lampah makaten wau.

Wonten sawenehing tiyang estri anama Bok B griya ing kampung Pejagalan dereng lami dhaeng ing griyanipun tiang estri nama Bok Pangi ing kampung Bubutan criyosipun sumedya badhe tumbas barang mas inten ciptanipun bok Pangi kaleresan jalaran piyambakipun pancen badhe nyade barangipun mas inten mongka wonten ingkang nedya numbas sanalika barang gadhahanipun lajeng katedahaken dhateng bok B sarta mratelakaken regenipun 350 rupiyah Bok B inggih angajengi, nanging pamurwating regi kedah katarosaken dhateng kemaan rumiyin, bok Pangi ingggih anyondhongi, barng lajeng kaulungaken dhateng bok B, sareng bok B samun anampeni barang lajeng angandhir kesah, anetepi suraosipun paribasan rindhik asudi gitik sumerepipun bok Pangi bilih dipun apusi dening Bok B, jalaran dipun entosi wangsulanipun ngantos sawatawis dinten boten dhateng salajengipun bok Pangi lapur dhateng Polisi.

BANJARNAGARI (BANYUMAS)

Kala tanggal kaping 31 Agustus kapengker punika, kanjeng tuwan Residhen ing Banyumas sampun amatedhakaken awit saking asmanipun kanjeng gupremen kandelan jene satunggal iji dhumateng pangagenging dhusun pager gunung padhistrikan Karang Kobar, sumerep ganjaran anggenipun cakep dhateng padamelanipun sarta sanget pamarsudinipun dhateng bab pananeming kahwa, anetepi kados ingkang kasebut ing pranatan enggal kandelan wau mawi kaukir titimasa, tuwin angkaning serat kakancingan dhawahipun kajeng gupremen ing nalika amatedhakaken wonten ing kabupaten mawi kaeteban dening para tuwan-tuwan para priyantun tuwin para pangagenging dhusun amawi kaurmatan ungeling mariyem kaping tiga, kabarung suraking prayantun ingkang sami wonten ing ngriku.

MADIYUN

Dereng lami wonten kasangsaran ingkang ngantos andadosaken jalaraning pejah, inggih punika tiyang estri anama biyang Senik rencangipun mas Bei Prawira Atmaja jaksa ageng ign Madiyun menggah mula bukanipun mangakten: Mas Bei Prawira Atmaja wau adamel sandawa badhe kadamel kembang api, ing nalika saweg naoreng ingkang kaurih negga rencangipun wau, ananging sampun dipun pisanjangi panjaginipun ingkang murih samun ngantos kenging latu, wasana boten dangu sendawa ingkang kagoreng wutah dhateng keren sarta lajeng mubal manginggil latu abalan dhateng biyang Senik penganggenipun ngantos babas kabesmi sadaya saha badanipun gosong, dalunipun biyang Senik wau dumugi ing ajalipun.

Ing inggil punika dados sapepenget sampun ngantos amasrahaken pakaryan ingkang pancen kedah dipun lampahi piyambak bilih boten makaten temahanipun masthi ambilaheni.

SURABAYA

Ing ngriki wonten dhokter jawi kakalih ingkang satunggal rumeksa ing griya pamulasara, satunggilipun rumeksa ing Pegeriyan dhokter kakalih wau kenging katamtokaken masthi anyambut damel wonten ing griya pamulasara kakalih punika ngantos sadinten muut dados manawi wonten tiyang jawi utawi bongsane sanesipun sakit nedya nedha jami dhateng dhokter jawi badhe boten kalampahan awit dhokter pinuju wonten ing griya pamulasara, sarehne ing mangke para tiyang jawi tuwin bongsa sanesipun sampun kulina angangge jampi dhokter, dados manawi wonten ingkang sakit kapengin sanget angange jampi dhokter, badhe ngundang dhokter Welandi Boten mampu ambayar wragadipun dados kedah angangge jami saking dhokter jawi mila saking pangajeng-ajeng ipun para tiyang mugi dhokter jawiing Surabaya kawewahana akalayan balonja ingkang panter.

Wartos saking Ngacih

Kutharaja kaping 17 Agustus 79

Tuku Ayer Alang akalayan putranipun tuwin lulurah ageng satunggil sampun sami anungkul.

Kolone Gerlak sampun rawuh ing Selimun mengah tindakipun ing Lamtobah rekaos sanget sarta amanggih beteng satunggil wonten ing guwa, lajeng kaalap.

Mengsah ing Lomelong salong wonten ingkang dipun angsah lajeng sami ngungsi ing redi anama Lesongbayu wonten kampungipun satunggil ugi kenging kaalap

Kolone Alewein sampun angangsah durjana begal sapontha sarta wonten ingkang kenging kacepeng 3 iji.

KAP AFRIKAH

Titiyang jaer ing Sulu manawi sampun ngumur 16 taun amasthi dados prajurit pangangenipun pethak sarta saderengipun angatingalaken kakendelanipun wonten ing paprangan boten kenging rabi, manawi sampun kacihna kakendelanipun wonten ing rana pangangenipun santun cemeng saha kenging rabi, ing Sulu boten wonten tiyang estri

satunggil-tunggila ingkang purun dipun rabeni dening tiyang ambeg jirih utawi ingkang dereng katonto sudi ranipun ing ngalaga, samasa wonten perang titiyang estri sami tumut ambekta tetedhan tuwin sanesipun ingkang perlu kangge ing salebetipun paprangan mara estri wau dados saged angyekteni sinten ingkang jirih utawi ambeg wanter, ing taun ingkang kapengker para prajuritipun raja ing Subusetwayo, kathah ingkang taksih amangangge pethak sadya wau anggenipun dados prajurit sampun lami, anaming sarehne boten wonten perang-perang, dados sami boten kenging santun pangangge cemeng sarta rabi, jalaran mangkaten punika ngantos angupados margi saten dipun andon yuda aliyan sadhengahha, setawayo saemper kados kapeksa tempuk aprang kaliyan praja Enggris awit prajuritipun ingkang taksih sami mangangge pethak ambradhati raja kayanipun tiyang Enggris para ingkang sami gadhah ingah-ingahan wau, ingkang sami anglawan lajeng dipun pejahi.
Para prajurit ingkang amangangge pethak wau sangety sudiranipun ing ngaprang, mila tiyang Enggris kathah ingkang pejah.
Guperne Enggris angintunaken kaprajurit malih dhateng ing Kap Dhegudheup supados anangulangi kakendelanipun tiyang Sulu, pawartos ingkang kantun piyambak amratelakaken bilih tiyang Sulu kawon perangipun saha Setwayo kasepo

WARTOS CAMBORAN
Ing kithanipun alit ing nagari Honggari, wonten sawenehing juru racik jampi tilar dunya, anuju ing wanci enjing juru seratipun imbal wacana akaliyan bedhanganipun wasana boten dangu piyanturan polisi tuwin Miskamer dhateng, badhe damel serat pratelan kawontenaning barnag-barang ing griya usada ngriku, awt saking gugupipun juru serat anggenipun badhe angesahaken bedhanganipun lajeng kalebetaken ing lemari kothong sarta wiyar, tumunten dipun ineb kontenipun sasampunipun para priyantun wau rampung anggenipun titipriksa kawontenaning barang, lajeng anyegel sakathahing lemari lemari, dene lemari ingkang isi tiyang inggih dipun segel sapinten kemawon bingungipun juru serat dene lemari ingkang kaage angrawati bedhanganipun teka tumut kasegel sedyanipun badhe ambikak nanging ajrih sa nget dhateng gaagantunganing paukuman dangu-dangu sarehne juru serat telas budinipun lajeng angaturi priksa dhateng ingkang kajibaha titiprisa wau, ingkang dipun aturi pariksa enggal dhateng ing griya usada akanthi pangungun lajeng angwedalaken tiyang estri bedhanganing juru serat wau saking lemari.
Soldhadhu kakalih bongsa kulit cemeng dhateng ing nagari Pranse, amain komidhi ing ngriku lajeng sami totohan 1000 ruiyah sinten ingkang saged utawi betah lingih dangunipun 6 jam mawi anenedha tanpa kendel wiwitipun pukul 12 siyang dumugi pukul satengah nem boten mebah, sadangunipun linggih ingkang katedha ulam bawal goreng 8 iji, daging maenda goreng wawrat 12 kati, sampil sapi alit goreng wawrat 8 pon sayuran wawrat 2 kati, tigan 12 iji, keju ingkang agengipun saklapa 1 roti wawrat 12 pon anggur 15 botol ingkang satunggal sareng sampun rampung panedhanipun lajeng angadeg aktingal seneng, sarta lajeng angukup pamenangipun sarwi anggugujeng dhateng kancanipun

Panjurung bab nalaripun tiyang ingkang badhe anganyut tuwuh boten kapacak awit badhe ambikak wadi.

Panjurung saking bawah kadipaten Bontenkapacak awit bilih pancen terang priyantun pulisi bawah ing ngriku anampeni besel prayogi lajeng kaaturna dhateng nagari kemawon.
Juru ngarang.

DARMAYASA

//Sinom// Mah raja mudha Urmansyah, ing Samarkandhah nagari, Kalikaning janabek arja, legawa para martani, amumpuni salwiring kautaman ambeksadu, miwah kalabanira, tetela amirastani, sararabing andika mardaweng kata. Lepas pasanging graita, wicaksana tan ngendani, mungguh kasudananira, mas Urdwisdhan lane tampi, lawiyaning dumadi, wadak damanjorken tembung, pasanging cakra apa, ngrenggep manuhara manis, sarta manggung mahatma aksamanira. Mila saweneh ingjanma, kanang samya mudaani, mulat lesmining subrata, kadarpan amangastuti, byaktaning tyas manjunih, umalap darsaneng lagu, sarjana susilarja, sumuluh ya lunganglaweni, anglalami ngalelaluruning nala. Dumilah tuhu ngumala, sumilaknya laki maring, prawatyaning reh paras, tumerah lir parsasari, sumirat amarbuki, sugonda lekas tarwilun, ratrasing basa gita, gatining kang minangkani, kaancar lan kentaring reh darmayasa. Myang kalaraja aringan ngwering lelejeming ngelmi, datan amawagn sujanma, sanadyan endhas terasi rinenggep den slondhohi, yen tinon tabiyatipun, sawastu kadunungan, sampating kapasang putih, miwah manrupamindining kanintya man. Mila molih pangapikan, kamantyane dera marsudi, puwaran tuk kaladesa, nirmalakam maleng batin, temah ingkang kaesthi, tan lyan kasatyan ing ngmpun, myang ring reh parikrama, panganggepe maring dasih, datan paeki kulit daging sadaya. Nahan wuywaning walgita, carita ingaknng pinethik, tatkala raja Hurmansyah, kasengsem asring kakaring, karenaninra yening, wanci surya tunggang gunung, mengameng muhung dharat, mangkana ing sajugari, sedhengira kajeng raja lumaksana. Maring wit pingir padesan, amanoni dhukuh asri, taremaning pakarangan kathah nedheng angemohi, resmining ron angrapit, tinon wilis ledhung-ledhung , labet toya tumumpang, raharja wanguning panti, nanging datan ana janma kasatmata. Muhung tegal banjar andhap, wonten janmane satunggil, saweg andhudhuki kendha, mah raja tandya nyaketi, sarwi tatanya aris, kakang apa karanapun, gon mu anambut karya, ijen kancamu ring ngendi, kang tinaya tumenga alon turira. Milambang datan parowang, awit konca kula sami, saweg ayon kakesahan, ningali srinara dhadhar, wartosipun kakaring, amung dharat tedhakipun, kula kantun piyambak kapambeng angangkat kardi, margilangkung parlu pados upajiwa. Maraha aris wacana, lah sabab apa sireki, teka tan kepengin mulat, angombak kancanireki, tya dhusun matur malih, boten wonten sababipun, malah ing wau kula, angsupe enget sakedhik, nyerepaken yen tiyang remen kesahan. Aningali ing sadhengah, sawastu tan maha lani, atasin tyas dhusunan, aluwugarapa sabin, menggah konca kang sami, kesah nilar damelipun, inggih mesthi kecalan, pituwas samurwatneki, sadangune genipun sami kesahan. Kang mongka kula punika, saestu boten kuwawi, angombak dhumateng konca, ngicalken pituwas awit, saking sanget ameskin denten anggen kula mungkul, asuku suku jajar, kabele badhe ngingoni, anak rayat cacah sirah gugung gangsal. Ingkang sarta semah kula, saweg ginanjar benter tis, aran yen kula botena, anegeni nyambut kardi, suduk guning tatu dwi, mangkaten temahanipun, saking genging ruwida, babasan tan kondha kanthi, wewah batih anandhang rogatiarda. Wangwang mah raja Hurmansyah, dupi myarsa lir

katanging, ngeresing driya kagagas, kadya bela arudatin, nayaka memesum, malah netranya kumucuh, kongas yen tibra, musthi wekasing pangesthi, nolih maring wadya amundhut kujinya. Wasana rum angandika, lir ngrarapu ngarih-arih, winong basa manuhara, mamayyu yuning arjanti, titikanya pinidih, myang ngacuen astanipun, lah iki tanpanana sira ingsun wehi kuji ing jro mesi picis enggonen pawitan. Muhung mong kaular-ular, sarana nemina kreti, ngruruhhi sarating gesang, manawa bisa lestari, nyampurnaken pambudi, kaya sojarira maju, amrih pangupajiwa angger truna sawetawis waskita widada. Sanggyaning paras. Nanging etungen pamurwat, amadi lawan marsudi, Mardi wedaling ardana, marsudi sidaning dadi, saking gemi nastiti, ngatiyati baang kayun, anganggo waduduga, watara ignkang prayogi, yekti bangkit koripanira kabakat. Wit nyipta dyanawimala, ora kudu mati ragi, mung taberi barang karya, sarta trapna narimesih, babagan kang sathithik, lawas-lawas yekti nglumpuk, mungguh ing roganira, rabinta puniku mari, ing usada kalawan pamulasara. Dahat suka sukuring wang, myat sira legaweng batin, tewekal datan kelikan, dwisdhanta adreng marsudi, ingsun urun pamuhi, gusti kang sipat ngalimun, muga muja dahana, paring ganjaran sademi, myang engeta medaning kang darmayasa. Yeku reh angkara cipta., anrang sumiranging niti, katitik pawitanira, nuruti rotaning ngati, duryasa den karemi,lagu amurang silarju, druahaka tan kaetang, , jaja dhahajaning janmi, jibar-jibur saking tinuntun ing setan. Sira sayogya wawarah, mring konca kanca mu sami, ingkang ing mau umenter, yen ingsun srinarapati, tedhak parlu mriksani, gonira taberi macul, golek pangupajiwa, langkung renaning tyas mami, anunggoni gonira anambut karya. Mula sara palemahan, ywan kasiden tumrah riris, bumi kang den awuk temah, anenesp kanang warih, metokake tumuli, wiwiji sinebar thukul, makoleh ing manungsa, kang padha anambut kardi, ekti engal anemu barkah ing Allah. Ananging lamun noraha, pinulasara wit saking, janma kagebeng kelikan, lemah geras rusak mesthi, rurungkute andadi, datan ana ajenipun, cedhak pangipat-ipat, anggrah-anggrah den obongi, awit datan angsung pikuwating gesang.
Manawi manawi wonten sambetipun
Manungkara ing Kadipala.

Ongka 34, Kemis kaping 25 September 1879

Surakarta

Kula mentas amangihi juru gambar sorot Tuwan Kruger, wonten ing griya pamondhokanipun tuwan Pineker, sadaya panggarapipun ingkang warni gambar, gambaripun tiyang utawi sanesipun kenging kawastanan angungkuli panggarapipun para juru gambar sorot sanesipun pramila para ingkang sarju meling gambaripun dhateng tuwan Kruger, ing tembe badhe boten kacuwan.

Ing mangke saben rahinten ing Dirgantara kawruyan padhang sumilak awit saking cahyanipun diwangkara boten kalimputan ing mendhung, temahan benteripun anglangkungi, anginipun pinten dalu tansah angidit kumrusuh swaranipun sadaya maujud sami garing aking, mila para tiyang mugi sampun ngantos lena dhateng panjagi ingkang amambengi dhateng wontenipun babaya latu, obor-0bor tuwin andeleh damar sampun ngantos celak akaliyan samukawis ingkang gampil kobaripun engeta ingkang sampun.

Ing mangke sampun masa katiga, para radinan salebeting kitha sami ambaledug mila prayogi sanget bilih para polisi andhawahaken dhateng para tiyang kampung ing bawahipun piyambak-piyambak supados saben sonten anyiramana margi kados ingkang sampun murih boten sanget sanget anggenipun angrisakaken kasarasaning maripat.

SAMARANG

Dereng lami puinika rare jaler anama Kahana kinten ngumur 12 taun ingkang padamelanipun saben dinten anyadekaken daganganing lurahipun anama Pojo, ing Karang bidhara awarni sate maenda, ing salebetipun kalih dinten boten wonten mantuk pn Kahana dipun padosi boten kapanggih, ingkang kapanggih amung pambatan sarta kranjangipun kemawon wonten sapinggiring margi ageng, ingkang gadhah lare jaler tumunten lapur dhateng polisi, ngantos ing mangke pun Kahana dereng kapanggih,

Kala kaping 1 September taun punika wanci siyang, saweg nedhengipun benter sanget jajaka anama kamit rencangipun tiyang Cina anama Owi Tiyangcu juru damel mercon ing kampung Cina dhistrik Kaliwungu, kapurih ngepe sendawa denign lurahipun ingkang kadekek wonten ing tampah ageng, pun Kamit ing wau sampun dipun weling wantos-wantos supados anggenipun anjagi kalayan pangatos-atos sendawa wau sampun ngantos kenging barnag-barnag ingkang anuwuhaken babaya, ananging nalika punika pun Kamit kasupen welinging lurahipun angemek-emek sendawa ingkang dipun epe akalayan ses dumadakakan latuning sesipun amletiki, andadosaken urubing sendawa, ingkang lajeng ambesmi badanipun Kamit ngantos gosong, awit saking karaos benter sanget boten ngantang pakewed lajeng anyegur sumur, pamurihipun badanipun dadosa asrep ananging malah malonyoh kados lele dipun goreng, wasana antawis tigang dinten pun Kamit tilar dunya.

Semahipun tiyang nama Kariya ing dhusun Giling Dhistrik Salatiga manak medal estri ingkang sakalangkugn anganeh-anehi, jalaran sirahipun sanget ageng, benten kaliyan bayi sanes-sanesipun ing mangke lare wau sampun ngumur 6 utawa 7 wulan sirahipun ugi saya mindhak ageng, sami kaliyan kalapa ingkang taksih tabonipun sirah ing lare wau ing tengah kaprenah ngunyeng-unyengan boten wonten balungipun manawi dipun pened ing dariji ngantos saged ambles sa dim lebetipun awit saking agenging sirah maripatipun ngantos boten katingal.

Baita anama Prines Hendrik ambekta leyo saking nagari Welandi dhaeng ing Samarang, Leyo wau pinangkanipun saking Sulu ing tanah Afrikah, mila kabekta mriki awit badhe kacaosaken dhateng ingkang sinuhun Kanjeng Sultan ing Yogyakarta, rupining leyo wau bagus sanget mila kathah ingkang sami aningali.

BATAWI

Nalika wulan ingkang saweg kapengker punika baita asep walandi anama Oper Eisel mancal saking Batawi badhe dhateng ing tanah Eropah, sarehning baita wau mawi mampir ing Judah, dados kathah titiyang ingkang badhe minggah kaji tumut numpak kinten wonten 175 tiyang, kajawi punika akathah para tuwan ingkang numpak badhe dhateng Nederlan.

Ing saben-saben baita asep bidhal saking Batawi dhateng Eropah sasampunipun lumebet ing laut Tan Arap sarta dumugi ing Aden ing salebetipun 20 utawi 25 dinten amasthi kintun wartos kawat dhateng ing Batawi ananging ngantos lami boten wonten wartosipun para titiyang ignkang sami gadhah sanak sadherek anumpak baita wau, sam kawatos ambok bilih baita Oper Eisel kerem wotnen satengahing saganten sarta ingkang numpak sami tiwas pejah kendhang sadaya.

Wasana anujoni ing dinten Rebo angsal wartos saking Aden kados ing ngandhap punika: Baita Asep Opereisel sampun remuk babar pisan ananging begja dene ingkang numpak sami ketulungan dening baita Enggris anama Madamar, sarta kabekta dhateng ing Aden boten wonten ingkang nandhang sangsara.

Dereng lami punika wonten soldhadhu 31 iji, miruda saking tangsinipun ing Mister Kornelis lajeng sami andhelik wonten keboning pakampungan salebetipun wonten ing ngriku tiyang ingkang gadhah pakebonan boten purun suka isarating gesang, awit saking sanget anggenipun anandhang luwe, lajeng amanasi sarta mendheti taneman katela tuwin uwi, ingkang wotnen ing pasabinan sacelakipun kampung Salembah, nalika Jumungah ingkang kapengker soldhadhu wau dipun ayoni dening tiyang kampung kathahipun 200 iji, sarana dipun penthungi temahan kathah ingkang kacepeng, sanadyan leres ananging patrap amenthungi wau anelakaken ambeg siya dhumateng samining tumitah, mongka kodrat Allah boten ambedakaken jinising manungsa.

PANARAGA MADIYUN

Kala kaping, 19 Agustus 1879, wanci siyang bok Rasih semahipun tiyang nama Suraleksana ing dhusun Ringin anom dhistrik Arjawinangun samun ambucal anakipun jaler umur 20 dinten wonten ing margi dhusun Dhuwet dhistrik Jebeng, tujunipun lare wau dipun panggih dening bok Maiya tuwin Bok Jayaarsa lajeng dipun lapuraken dhateng polisi ing mangke rare wau taksih gesang, menggah sababipun mila Bok Rawi wau ambucal anakipun jalaran saking sakiting manah dene pijer tilar mlancong kalayan ingkang jaler, sarta katilar beberah dhateng Blitar.

BUJANAGARA

Ing kampung Pacul wonten pawestri amanak medal tiga iji sami estri sadaya, ananging eman temen dene anggenipun sumerep ayem padhang dereng ngantos dangu lajeng pejah, saupami lestantun gesang amasthi badhe dados titingalanipun para titiyang kathah.

SURABAYA

Kawartos bilih ing kitha punika wonten arta kartas tiron regi nyatus rupiyah, nembe punika sawenehing tuwan ing Surabaya angintunaken arta 7000 rupiyah, sadaya arta kertas sami regi 100 rupiyah, dhateng ing Prabalingga, katukaraken arta salaka, wasana wang kertas wau wonten ingkang tiron satunggal iji, tuwan ingkang gadhah arta lajeng katarik dening pangadilan Justisi, kapriksa aturipun arta tiron wau asli saking tuwan Toko, ingkang kapriksa boten sumerep pinangkaning arta tiron wau, ing manke polisi saweg angurusaken katranganipun.

Serat warts ingkang anama Surabaya Handle Seblad amratelakaken bilih nembe pnika tuwan Antonis ingkang gadhah pabrik gendhis ing Pasuruwan tilar dunya, ingkang kawrat ign serat wasiyatipun sadaya pusaka gadhahanipun sanes ingkang kabage dhaen gwaris ingkang kadanakaken dhaeng lare lola tuwin tiayng ingkang nandhang kacingkrangan inggih punika dhateng waragading gareja Rum ing Pasuruwan 15000 rupiyah, dhaten ggriya pamulasara ning lare lola ing Surabaya 5000 rupiyah, dhaten ggriya lare lola protestan sarta griya lare lola Rum ing Samarang sami 5000 rupiyah, dhateng griya lare lola Prapatan intg Batawi 5000 rupiyah.

Ing Babae kuncaraning warti, janma ingkang asih ing sasama, lega weng kasudanane, danane gung andunung, mring sanggyangning tiyang priahatin kang pened wineslasan dadi kang kadyeku, anuhoi ing babasan janma ingkang netepi lawiyeng titih, sanajan sampun muksa. Masubing rat ngarcana Hyang Widhi, gandanira maksi umrik ngambar, kadi her mawar wangine, lir burat kang rum arum lir dudupa ingkan gmarguki, lir sekar arum kongas nalika tumanduk ring parsana maweh kredyat nganti karya ----------senut miring panoning ati, kakenan kalelengan, angudra saka dayaning warih…angaleba balara mandhala sumsulna karapeden endon angelangut, swasanane widik-widik saksana kasuluhan dening sunaripu ing rarisang dinangkara, gilang-gilang ngunguwu banjur nelahi , panoning tribawana.

BONTEN bawah MAKASAR

Tuwan Asisten Residhen Y.F. Sekeng Isen ing wanci jam tiga siyang amarengi sae, lajeng kaget adheradhatan awit wonten satunggiling tiyang tanpa saronta lumebet ing gedhong Jinemrik naliika tuwan Asisten Residhen badhe wungu, lajeng katandukan ing Bendhong kenging larapanipun nganton andadosaken ambruking Buntala, wasana lajeng katutuh malih kaping kalih temahan tuwan Asisten napat gada alit alit cacah 20 panggenan, tiyang nruhaka wau lajeng andalajah ing kamar, ing ngriku sumerep wayangan wonten salebeting kaca, ugi sumedyanipun prejaya, amensthi kemawon c\kancanipun remuk dados sawalang-walang malesat ing ngrika-nriki, salajengipun ing kang nedya soroh amuk medal saking kamar, kaleresan kapethuk kaliyan tuwan T.N. Sekengisen kaprenah sadherek akaliyan tuwan Asisten Residhen ingkang nalika punika sampun siyaga angreges sanjata pitulung, pun Druhaka nedya amrejaya dhateng tuwan

wau, ananging lajeng kasanjata dhawah ing siti anjerbabah. Tuwan Asisten Residhen wau labetipun sanget ananging saking kinten boten andadosaken punapa.
Serat Makasar Andhel Stladblad anyariyosaken bilih wontenipun lalampah mangkaten punika kabekta saking seriking manah, jalaran sadherekipun tiyang ingkang ngamuk wau kenging paukuman nymabut damel peksan.

WARTOS SAKING ACEH

Raja Cunda,pangagenging Paseg pangageng kampugn Lalebah sarta pangageng kampung Durang ing Mukim XXII sampun prajangji nungkul rajasunda wau ing mangke kaliylan angangge …….Nederlan
Para tiyang ignkang sami anglesaking mukim XXVI sampun kathah ingkangwangsul dhateng kampungipun pyambak-pyambak.

CINA

Ing mangke sang raja Cina adhadhawah adamel santosaning beteng-beteng sarta andadosi baita perang, wondene ingkang dados karsa dereng kasumerepan, sang raja sampun amborong baita perang titiga saking ing nagari Engelan ingkang amawi mariyem ageng ageng satunggil tunggiling mariyem mimisipun wawrat 600 pon sarta sang raja ameling baita tiga ingkang langkung ageng, saking panginten badhe tempuk aprang kaliyan Jepang, sang aja amatedhani wala dhateng Jendralipun ingkang wonten ingkang ….sa ha…supados angintunaken para putranipun Yakup Beng dhateng Peking inggih punika Rasonipun sang raja Cina, menggah Yabupbe punika ing wau raja Ingkanghar ingkang sampun kasor perangipun akaliyan sang raja Cina, sata putranipun kakung inten gangsal utawi nem ingkang sami kacepeng ingkang pambajeng saweg yuswa 10 taun, dene ingkang dados karsanipun sang raja dhateng para putranipun Yakupbe wau dereng kalairaken amung saking panginten ambok bilih badhe dipun siya-siya kados putranipun Bengkali, menggah Bengkali punika ing wau tempur aprang kaliyan sang raja Cina, ananging lajeng katitih sarta kasambut ing payudan para putranipun kakung sami dipun cepengi saha dipun bicih, manawi para putranipun Yakpbe wau badhe dipun damel sawenang-wenang mangkaten saestu amelas asih, punapa para raja sanesipun boten kawasa ambengapan damel ingkang kiran gprayogi mangkaten punika……(buku rusak).

JEPANG

Sang raja Cina sampun akintun telegram dhaeng sang raja ing Jepang, suraosipun aminta katerangan punap aingkang dados sababipun dene sang raja Jepang anglolos sang raja Liyukiyu saking kaprabonipun sarta angalap nagarinipun snag raja Cina katingalipun aduka sanget awit inggih leres nagari Liyukiyu boten kabawah dening Raja Cina, nanging saben taun asok upekti, dados inggih kados kabawah ugi, dene raja Jepang anjawab utawi boten mere kasumerepan awit punika wados sanget ing nalika nagari Liyukiyu kalap nagari Cina saweg andon yuda kaliyan Kashar, kadossa raja Cina boten kober amunasika dhaten graja Jepang, ing mangke sarehne sampun ludhang, sang raja Cina badhe saged anglawan dhaeng Jepang, menggah kawekasanipun dereng kinten.
Saakit kolerah ingkang kawartosaken Mail nembe punika ing mangke sampun mendha, saking palapuraning polisi wiwitipun wonten sasakit kolerah wau kalajuning dumugi

kaping 28 Juni tiyang ingkang kasrambah 28362 iji, ingkang lajeng pejah tiyang 16199 iji, dados kathah ingkang pejah katimbang ingkang gesang.
Kala kapign 23 Juli ing toko arah Kabesen ageng, griyanipun para bongsa Eropah meh kabesmen sadaya, griyanipun tiyang Jepang inggih kathah ingkang kobar, menggah kapitunaning kobaran wau kathahipun kinten sayuta rupiyah.
Ing saben ing Jepang wonte Kobaran amasthi ageng, mila kathah ingkang eram sarta angagas punapa pancenipun maha

POCUNG

Mingak-minguk lir wong punuk kesa pocung, katitah ngembatan amanjelut kanan kering, tanpa kasa, wit ater satemah aprang. Asre tembung, bramartani tan saparju, sulayeng paminta, dadya dongeng anyelani, murweng kata janma sudra andaluya. Tan paurus, ing satata prande tulus, kasinan kabegyan, ing reh mung mahabek lalis, ywan katangor pakewet mangayam lina. Kang saharju, puniku minongka pemut, kang saiba iba, janma dimahambeg ening, linambaran lir pak Banjir jalma nakal,. Anggadebus sejatine oora pecus, sumarma malarat, pak Banjir salami-lami, kurang budi ing pakarya tan sah singlar. Pijer ngepluk ayem-ayem methuthuk, marma gung katunan, ing Bogarta sabenari. Si spak banjir adarbe kadang sajuga. Wasta Tajem pak Tajem atine mungkul, tabereng pakaryan, kang bunukti ngati-ati, nora kaya pak Banjir anggere ana. Tanpa etung bikut puluke sagenuk, sesuk nunjang- nunjang, ngupaya yen wus tan polih, andhedhep mring pak Tajem kadang tuwa. Dhasar cukup sugih kebo darbe lumbung, isi pari kebak, Pak Tajem lan sugih siwi, lan keringan mringjanma monca padesan. Kedhep lamun micareng mring jalma dhusun, pak Tajem semana, kaweken dera marsudi, mring pak Banjir ngeboseni saben dina. Pijer jaluk anaruthuk saben kesuk, tan arsa umintar yan tan sinung boga picis, angethiwul kaya kere papariman. Yen wus antuk pak Banjir lunga sumebru, dhaplang bungah bungah,, sesuk maning bali maning, ipenira bok Tajem gung ngundhat undhat. Nguwus uwus nanging pak Banjir baludhup, ipe saya karas, ngumanu-uman tanpa uwis, malah-malah kerep anudingi mata. Dangu-dangu, pak Banjir atine mreguk, ngupaya paekan kadung …..kang den usil. Reh kacuwan tan sinung ing ngujar-ujar. Wadhuk suwung, kalapan tur kinerawus, ring suta myang somah, biyang Banjir kaduk wani, nora moh mring laki Cina ra pudhah, dupi surup pak banjir lunga baludhus mring wismaning kadang, pak Tajem datan udani, yen pak Banir prapta nginjen-injen kandhang. Dupi sampun, diwasesang ratri sumaput, anuju petengan, lan mendhung riris garimis, pak ne Tajem sakeca denira nendra. Leneng kalbu, ing sapangu dereng kantung, yata kala desa, pak Banjir kandhang cinukil, wusnya minga uumulap mesa sajuga. Wus tinuntun lepa mring engah wana gung, kang samanten dahad, peteng dhedhet lan garimis paran dene pak Banjir tanpa riringa. Dadya kukus kadursilane jinurung, pamurweng sakata, katamanira seng ngurip, yata dupyantara prapteng tengah wana. Mesa sampun ing nguger-uger denerut, lan wating pelasa, pusara pating berlandhit, sinupaya angela yen ing nguculan. Wus nya kukuhpak Banjir mantuk jarunthul, nusup lang-alangan, kang estri datan udani ing pakarya pak Banjir duk prapteng wisma. Lelur-lelur, munggeng latar aitekur, ngeub soring bendha, tingkah, akading semadi, biyang Banjir umun umum dupi medal. Kasalimur,. Kagya ta prasta weng pandulu, mara ngujar-ujar, lah dene iku pak Banjir, minggat suwe tanpa antuk apa-apa. Lah dikepruk, endi pakane sutamu, pak Banjir tumenga, mojar Nyai den aririh, bok manawa nemu begja pupungkuran.

Taksih wonten candhakipun.

Ongka 35, Kemis kaping 2 Oktober 1879

SURAKARTA

Ing mangke kagungan dalem Krangkeng Sima dinamel saking tosan pandamelipun santosa sata kenging kawastanan awig saestu boten adamel kawatos yen sima ingkang wonten ing ngriku saged oncat.

Kawartosa lebeting kitha Bayalali, sampun kacihna saening wradinan ageng, awit pinggiring wradinan kiwa tengen mawi dipun rengga, kataneman uwit johar, ingkang sawatawis ageng, sarta sapunika kathah para tuwan tuwan ingkang besus sami angrengga papan pemahanipun ingkang tinon anuwuhaken resep ing para ingang saking ngamonca, makaten punika saestu kemawon angindhakaken karaharjaning kitha, jalaran saben wanci jam 5 sonten tansah anglur para tuwan saha nyonyah ingkang sami ameng-ameng urut waradinan saha nalika sonten punika bilih sayah lajeng sami rawuh ing kamar bolah, sarwi amirengaken ungeling musik, dumadakan sampun sawatawis dinten wonten sawenehing tuwan-tuwan, saben ing wanci sonten anamtokaken alelangen gongsa kalenengan lah punika sangsaya rejanipun, amargi solah bawaning para enem ingkang remen aniningali, tansah pating garubyug. (kintunan)

Kula mireng midhanget pawartos besanipun Mas Demang Poncawirana, ing Pedan, gagriya dhusun ing Getas kadhistrikan Daleman kabupaten Kartasura, salebeting wulan Siyam punika, wanci dalu katamuwan tiyang ingkang boten nate dipun ajeng-ajeng, inggih punika mas Kecu, ingkang rawuh lajeng mendheti barang sakarsa-karsa , mongka ingkang darbe griya kawartos dhasar gusih, dados boten cuwa pun kecu, sareng sampun mundhut kang dados senenging pangalih, unduripun kalayan wilujeng, pakabaran namung tiyang tandang wonten ingkang nandhang labet kilap pejah gesangipun, inggih ta lah pun ambeg candhala, sampun kaping pinten kemawon kawontenanipun pawartos tiyang kakecon, dereng wonten kecu ingkang kaprangul pulisi rondha, pamuhi kula pun durbrata tumuntena kapikut dhateng para kawajiban sageda terang sacihnanipun. Anon pamyarsa

Panjurung tiyang kasamber gelap

Sami-samiya rendhengan punika kawontenaning jawah panjang sanget, punap amalih pamireng kula kathah tiyang kang kacilakan dipun samber ingg gelap, awit nalika ngangkat labuh, sacelaking peken Tekaran bawah Mangkunagaran, wonten tiyang sade pohong celak rolak margi ageng, pinuju wonten tiyang kalih ingakng badhe numbas dipun samber gelap sapi sap tiyang tiga gumalinting malah tangganipun ingkang dhasar satunggil tumut kapidhara, sareng panen tiyang sade dhawet wonten sabin bulak ing Nglangsur, kasamber ing gelap boten nganping kalih sareng sampun ragi lebar tiyang anderepaken sacelaking dhusun taman tiyang usng-usung pantun dipun samber gelap pejah sak kal, tiyang ing dhusun Kauman Masaran, tiyang mantuk saking derep dipun samber gelap kapisanan, wulan Siyam punika tiyang derep salering dhusun topeng inggih dipun samber ing gelap, mongka punika sampun mongsa katiga, teka taksih wonten gelap ngosek, punapa dipun tedhani sekul mawi sambel dene galak-galak.

Embok Bilih Amaedahi

Sampun sawatawis laminipun, kula dipun cariyosi bab jampi sasakit kolerah, ingkang sampun dipun damel anjampeni sasakit kolerah wau, saged amitulungi tiyang sakit ngantos anyarasaken langkung tiyang 50 iji, menggah ingkang kadamel jampi, ciyu ingkang kawastanan Kapala 1 kopi, bubukan mrica sulah sagelas pangunjukan pait, jae sadasa grigeh dipun gecek, rajangan bawang jaler gangsal bungkul jicing ingkang taksih tulen awrat 20 mripat, yen sampun dipun kum ing Ciyu, antawis sadinten sadalu lajeng kagojag, manawi panggojag wau sampun rambah tigang enjing, tumunten dipun saring ingkag prayogi, punika kalajeng kenging kajamekaken, manawi tiyang sepuhipun sukanana ngombe sapisan kalih gelas pait, manawi rare ingkagn sakit dipun unjukana, sagelas manawi ingkang sakit karaos ngelak sampun suka ngunjuk toya wantah, ananging dipun sukanana ngunjuk wedang jae, sampun ngantos kaladuk enggenipun nyukani gendhis, tuwin badanipun ingkang sakit kedah dipun pap kalayan wedang ingkang ngantos waradin.

Manawi tiyang ingakng sakit katingal dereng sakeca antawis satengah jam dipun jampenana malih katakera kados nalika ngunjuk sapisan, yen katingal mayar namung dipun unjukana jampi sapalih ing taker kemawon, manawi ingkang sakit wau saget tilem tuwin satangining tilem karaos luwe, dipun sukanana nedha bubur, sampun ngnatos dipun unjuki jampi malih, ngadad lajeng saras menggah cariyos ing nginggil wau kayaktosanipun nalika taun alip ongka 1803, ing padhusunan bawah dhistrik Mekenan tuwin bawah dhistrik ing Tawang Kawadanan Sukaarja, kathah tatiyang ingkang nandhang sakit kolerah, sareng jampi wau dipun jampekaken angsal tiayng 32 ingkang saras tiyang 28 iji.

Ingkang kalajeng pejah tiyang 4 ingkang damel jampi wau, lajeng lapur dhateng kadhestrikan ingkang bawahaken, tiyang ingakng sami kapitulungan kapratelakaken nama tuwin engenipun gagriya, sarta wujuding jampi, rehning jampi wau ing nalika punika amitulungi dhateng tiyangnandhang sakit kolerah, supados anglapurna dhaeng kabupaten, amargi paparingipun jampi Karbusir, saking kabupaten ing nalika punika boten saget mitulungi, ananging atur pratelanipun tiyang ingkang manggih akal wau, sanajan kenging kayaktosaken dhateng tiyang ingakng sampun kapitulungan semunipun boten kagalih prelunipun, dilalah delasan anakipun demang Jaya Prabongsa, gagriya caket ing kadhistrikan, kenging sasakit kolera dipun unjuk jejampi punika inggih, mulya, ngantos rare kalih ing sadangunipun, wonten ambahan sakit kolera ingang sami ngunjuk jampi punika tiyang, 79, iji, ingakng pejah tiyang 8 sarta ingakng pejah wau boten wonten ingakng kadadak, pundi ingakng sampun katutan jampi, ingkang sakit ngantos kuwawi nahanaken tigang dinten tuwin kawan dinten, saweneh wonten tiyang wasta Naya Semita, punika sampun saras nggenipun sakit kolerah, watawis sampun nem dinten, tiyang wau sampun kuwawi dhudhah tumpukan pantun kathahipun 40 gedheng, saha lajeng tumut ngrembat dipun sade dhateng peken, wonten ing peken tiyang wau ngunjuk cao telas kalih gelas, sareng mantuk dumugi ing griya karaos sakit malih kalajeng pejah, tatela tiyang mentas sakit punika, kedah dipun jagi panedhanipun, tuwin anentremna badanipun, ing mangke rehning wonten cariyos sakit kolerah kanjen g gupremen amandumi jampi nanging dereng amitulungi, bokmanawi cariyos kula punika kenging kayektosaken punapa malih dados apamirsa dhateng sasakiting manusa punika saestu jejodhon, nanging jampi ingkang kacariyos punika sampu kathah tatalipun.(Panjurung ngusada

Ingkang Bramartani ongka 31 September taun 1879 wonten cariyosipun para tiyang among tani, kadhestrikan Singen Kidul ing Singen Ler tuwin Grogol (Samarang) satelasing pantun ing sabin, ama tikus lajeng manggen ing dhusun, andugekaken karsanipun angrisak barang para boting tiyang gagriya, langkung malih dhateng tatedhan pantun sapanunggilanipun, bagus dongos boten erep dhateng manungsa, sanajan tumpukan pantun ing nginggil dipun tilemi ingkang gadhah, inggih taksih purun anisili, malah tiyangipun ingkang tilem dipun krikiti sukunipun.
Kula tumut mamuji tumuntenipun sirna bagus dongos, tuwin lajenga karsa kendel nggenipun nindakaken sawenang-wenang, amargi kula dherek kuwatos kawontenanipun tiyang amongtani rendheng punia, bawah nagari ing Surakarta ngriki, sabin ingkang medal kaliyan ingakng boten, saking pamatawis kathah ingkang boten katulusan, langkung malih ing sukawati wetan tuwin sabin wangsulan ing gadhon, dalasan ingkang sami nanem pantun wilujeng, maksa katrajang ama menthek saweneh gabug, mila ing mangke pangaosing uwos sampun kalebet pajeng ing peken padhusunan wos pethak 1 bethakan wolung kati 6 ½ kethip uwos wuluh sabethakan 6 kethip saking agenging jawah lebaringpanen tiyang tani kewedan ingkang dipun tanem wonten ing kang nyebar dhele pejah kabanjiran, sareng sat lajeng dipun tututi kasebaran kacang ruji, lajeng pejah kabanjiran malih, sarta jawahipun sangsaya ageng, badhe nanem pantun wangsulan ajrih manawi lajeng bethat jawahipun rehning boten wonten ingkang ngrigenaken sarta para wajib boten karsa nyantosani bendungan ingkang pancen saget mitulungi, temahan sabin kabeakaken tiang sami nganggur, yen ta para kawogan karsaha angrigenaen dhateng para among tani, sanajan pasabinan ingkang celak pareden manawi kapersudi, kados saget kados sabin sowrotan manawi mongsa labuh saged angrumiyinaken wiji, tuwin yen wonten bethatan swatawis kenging kasdamel mitulungi sabin ingakng kirang toya, mangkaten wau sanajan saget tumindak kaliyan ongkos sapele, katimbang pikantukipun saha sampun dados ngadat pirukunanipun tiyang padhusunan, enggenipun sami mamrih lestantun prayogi ning among tani nanging yen boten wonten angrigenaken sarta nyantosani inggih boten kalampahan, mongka ingkang kawajiban namung marsudi ingkang sakinten damel untunging sarira pribadi, punapa boten kagalih yen katulusan para among tani badhe nentremaken manungsa {kintunan}.

SAMARANG
. Wonten sawenehing tiyang Cina singkek asade tetedhan wonten ing dhusun Sida Gemah, dhsitrik Singen Kulon dipun tumbasi denign wanodya pangaos 25 sen sareng pun Cina singkek dipun bayar oten purun anampeni, ananging lajeng anggarejeg ngambung dhateng wanodya wau, sareng konangan dening kang jaler, pun singkek lajeng lumajeng anggenjret nilar daganganipun kabujeng ing kahah saged kacepeng lajeng kaladosaken dhateng polisi, wondene nalika sang wanodya dipun aras dening pun singkek wau, sanget anggenipun kipa-kipa sarta jelih-jelih.
Kala kaping 25 September kapengker punika, asisten wadana Karang Tengah akalayan tuwan Amtenar apyun tuwin telik sami angledhah ing griyanipun tiyang nama Siban ing kampung Gendhingan ing nalika punika tiyang nama Kawi pinuju ses candu wonten ing ngriku, sareng sumerep konca gledhah dhateng ing ngriku, candu sawadhahipun godhong engggal dipun emplok nedya kauntal ananging sarehning candu wau ageng, dados boten

saged kolu, gulunipun kapilajeng katekak dening asisten wadana , candu kang wonten ing cangkem dipun rogoh badhe kawedalaken darijinipun asisten wadana dipun geget dening pun Kawi ngantos anandhang labet ananging wekasanipun candu saged medal sakedhik –sakedhik.
Kala kaping 23 wulan punika, ing griyanipun wadana Singen Kidul kaambah ing gelap ingkang medal saking ngandhap meja, temahan andadosaken remuking bala pecah ingakng wonten ing meja sarta kaca gambar, latu lajeng mubal ngantos anelaksaken empyuk tiga iji.

SURABAYA

Serat kabar ingkang anama: Makasar handle Sebald angwartosaken tuwan layar kalayan baita gadhahanipun piyambak anama M saking Ostraliyah badhe dhateng Nungswa Kei, wasana tuwan wau dipun pejahi dening para pambelah, baita dipun keremaken para pambelah wau lajeng anumpak sakoci oncat saking Nungswa Kei wau: baita perang gupremen kapatah angulari katranganipun prakawis punika

Kabar saking pasuruwan amratelakaken manawi kala kaping 14 wulan punika jam 11 siyang, ing peken Batu Malang wonten tiyang durjana ambesmi bangonipun tiyang pawestri, sareng latu sampun mubal tiyang wau lajeng angrayah sasadeyaningkang kadhasaraken wonten ing peken durjana angles boten kantenan, menggah tiyang ingkang sami sasadeyan wonten ing ngriku kathah ingkang sami tumut nandhang pituna.

PALEMBANG

Dereng lami punika wonten Sersan Bos Eropah kakalih sami dhateng ing peken tumbas tetedhan ing nalka saweg anganyang ingakng nedya katumbas sersan ingakng satunggal kasuduk ing tiyang, ambengok sapoisan lajeng dhawah ign siti murca jiwanipun kancanipun sareng mireng swara anjelih tumunten anolih, nanging dereng ngantos sumerep punapa-punapa , sampun katandukan ing dhuwung kenging iganipun anjerbabah dhawah ing siti, let gangsal dinten lajeng pejah, jalaran dhuwung wau terus ing manah, nalika punika ing peken Geger Puyengan para tiyagn lajeng sami lumajeng sasasran anilar sesadeyanipun tiyang ingkang ngamuk amalang migung wonten ing tengah peken kala samanten amung wonten upas satunggil sarta sanget ajrih yen anyembadanana dhateng ingakng saweg angamuk wau, boten dangu anunten wonten sawenehing soldhadhu mariyem dhateng nanging tanpa dedamel pun ngamuk lajeng agacar dhateng soldhadhu sumedya amerjaya, soldhadhu cukat anyandhak bongkotan deling katamakaken dhateng tiyang ingkang ngamuk kenging sirahipun gumalinting dhawah ing siti, sareng tiyang kang ngamuk sampun angathang-athang satengah pejah, lajeng kathah para pulisi dhateng, sami anggebagi sarta anangsuli.
Ing Magelang Residhensi Kedhu kala kaping 31 Agustus kapengker punika wonten lindhu, ebahipun sanget wiwitipun saking ler mangidul ing mangke dereng wonten wartosipun pun lindhu wau damel kasangsaran utawi boten.
Ing Betawi wonten kaji ingkang tansah ambalilu dhateng para tiyang kampung criyosipun ing Betawi badhe wonten lindhu ingakng langkung sanget boten wonten panulakipun

malih, kajawi jimat daganganipun regi 10 sen satunggal iji, jimat wau kagantunga wonten sangajenging patileman.

Panjurung Camboran

Ing dinten Isnen kaping 29 wulan Ruwah warsa Be punika ongka 1808 ing kadhistrikan Mekenan bawah Sukaarja, kakinten wanci Asar, ing Dirgantara katingal jalada angendhanu, saasmaraning guntur getuk sasauran, boten antawis dangu, rame kapireng alokipun rare angon sami pirsa carat warsa prenah kidul wetan, tumunten swara gumaludhug kados kareta sepur anarik grobag isi gendhis tigang dasa ingggih punika lampahipun sang nila pracondha, magnaler mangidul , boten antawis dipun susuli kadangipun sang pancawora tarik, lampahipun sangking kidul leres, sarta kasarengan jawah anglangkungi deres, lah ing ngriku ramening tiyang padhusunan sangkign girising manah mamuji kawilujengan awarni-warni, wonten ingkang mungel liwat-liwat ingakng bongsa santri sami donga tuwin adan, saweneh bucal sekul kalih mungel sangu sangu, wonten ingakng basmi padupan ananging sang bayu bajra boten marem dipun pisungsungi tatedhan, taksih kedah nyangking punapa sakarsanipun, kados ta ing dhusun Kambengan, kathah deling ingakng pepes wit pisang sami rebah, waringin ingakng kathah ronipun sempal, griya ingkang santosa wuwungipun katut wonten empyakipun agebyag griya pawonipun kaum wasta Ahmad kapidin anggloso, griyanipun prayantun dhestrik empyakipun gajah ingkang ler tumurun, ing dhusun Krajegan wit glega gadhah anipun raden demang Jayaarja sami tugel, griyanipun mas Demang wongsadimeja ing dhusun Tanjung, karebahan wit glega ingkang sasisih remuk, punapa denten griya los ing grogol kalih ing Jethis tiga salebeting Mekenan gadhahanipun tuwan Karel Dheken sami ambruk, ananging nalika punika tiang boten wonten kang manggih sangsara sangking kawontenaning maruta wau, sareng dinten Akat kaping 6 wulan Ramlan punika sindhung aliwawar ingkang kulling mangaler wasul kondur mangidul medal ing dhusun Guyangan taksih karsa anyampeg lega, ngantos sol angrebahi griyanipun kuli Wirakarsa, boten mawi grantes babalunganipun mangalo blandar sami remuk empyak jumereng ing siti, ingkang darbe wisma saanak rayat wilujeng, sareng dinten Akat ping 13 tunggil wulan Warsa punika, kinten wanci jam ½ pitu enjing ing dhusun dhusun bawah dhistrik Mekenan tiyang sami karaos wonten lindu, ebah ing siti sawatawis dangunipun griya griya ngantos mungel gumerot, inggih talah punapa lindhu punika kalebet akrapiun kalih mas prahara, ingakng ambeg sawenang-wenang, kumapurun bikak empyakipun griya panewu dhestrik sarta dael risak kagunganipun griya los tuwan Dhelken, punapa mas lesus boten ajrih ing wawenangipun pulisi. Angrengga pawarta sajati.

Candhakipun dongeng pak Banjir.

Yata kawarnaha enjang, pek ne Tajem satanginya aguling lungyeng pintu lan kakemul, tyasnya gung melang-melang, surasyeng tyas apawah ananing kalbu, pijer pijer terataban, sandeyeng tyas tana uwis. Dupya mamedi wardaya, rare pangon lan si Tajem Baribin, lo dene kebone wolu, apa ilang sajuga, kandhang menga kebo ne kari pipitu, benere yen duratmaka, malap Kebo nora siji. Apese telu pat lima, pakne Tajem myarsa agya nuweni, estu yen lacakin gpandung, samantara gya opyak, tetanggane kagyat prapta ambarubul, niniti labeting lacak, binadhe dursila julig. Rempek embage praweda, maling iki mung

karya icip-icip, ing buri sawastu agung, pak Tajem den prayitna, ora wurung amal mu bakal den usung, malah lamun sira bonga, mene-mene den lunasi. Pak Tajem neter tyasira, kaya pucat gya mojar marang rabi, byang tajem undangen gupuh, pak banjir pijer paran, ana susah sicubluk nora ngrampelu, tandya pak Banjir ing ngundang, kapanggya sumaur wengis. Tan wrin jalma kasusahan wingi luwe saprene durung bugti, ing ngundang ewuh ngalegur, tapi itu prekara dhari krebo ilang saya sudhah tau, nyang bilang parimboning wang, trak bole justakkumusthi. Kang kinontutur pratela, mring pak Tajem lir wicaeng pak Banjir, pak Tajem ngungun lan bekuh, lah dene iku biyang, Tajem kowe myang pak Banjir angerawus, bosen jinalukan sega nora pengaji nem picis pak Tajem agya umintar mring wismanya pak Banjir wus kapanggih, moja banjir apa tuhu, wruh kaboka…pak Banjir ngucap itu saya sudhah tau, petang tadhi male ilang, dhing tutur parimbon mami. Pak Tajem mojar ngrarepa, apa musthi kebo ku bisa bali, lan ana sandeyeng kalbu, kebo siji tan ngapa, wuri bakal durjana angadhul-adhul, yen luputta tomboknyawa, dwi dasa durjana prapti. Parandhi pratikelira, pak ne Banjir tanginas dera angling, itu saya sudhah tau,lo yen magsih manira, nora sida durjana tan bisa laju, pak Tajem suka miarsa, payo tuduhna tumuli. Enggone kebo kan gilang, banjir angling apapitu wasmami, lah genah ena opamu, ngling Tajem yen kapangya, sira banjir sun opahi limang suku,lan saben dina jaluka, nadhah mring pawismman mami. Banjir umadeg sumranthal, maring wana pak Tajem atut wuri lan akrap loro tut pungkur, pak Banjir munggeng ngarsa, lakunira mingak-minggok karya ewuh, lir matak aji pagandan, tan antara sampun prapti. Ing ngenggen mesa cinancang, pak ne Tajem sukanira tan sipi, mesa ing ngucul gupuh, binekta mantuk sigra, prapteng wisma kang tumingal sami ngungun, weneh amangalembana, dadi dhukun pakne Banjir.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 36, Kemis kaping 9 Oktober 1879

Wartos saking Ngacih (Aceh):
Kutharaja kaping 14 September 1879
Akathah pangageng alit alit sami tumut nungkul
Ing Mukim XXII tiyang ingkang sami wangsul ing kampungipun sangsaya kathah
Ing nagari Pedhir kasrambah ing sasakit cacar wana ingkang langkung sanget.
Kala kaping 15 September tiyang ing Mukin XXIV langkung sewu ingkang saweg sami angulah siti.
Kerep jawah awor angin
Bab kasarasan boten kirang prayogi
Palapurannipun kanjeng tuwan gupernur ing Ngacih sabawah wawengkonipun katitimangsan kaping 8 September, amratelakaken kados ing ngandhap punika.
Panglimabantan inggih punika ingkang angrenggep paprentahan ing antawising lamtobah, ing wau badhe nungkul amawi prajangji, ananging ing mangke boten purun prajangji punapa punapa, sareng kaping 4 September dhateng ing Kutharaja kaliyan Tukuremamboan pangageng ing Mukim lamtobah, tuwin akanthi pangagenging kampung bawahipun 6 iji, kairit dening kolonelam panas sedyanipun badhe anungkul sarta prasetya amituhu parentahipun gupermen indhiya nederlan akalayan supaos.
Sawatawis pangageng ing lampanas ugi wonten ingkang prapta anyarengi para pangageng wau.
Ing nalika tangal kaping 2 sarta tanggal kaping 3 wulan punika, Tengku Imam Bantan pangageng ing Piyeng, Kesik Abas pangageng ing Sayah, wakil Yusup pangageng ing Pyeng tuwin Pangimbrahim sadaya wau pangageng ing Mukim V, saha Tengku Wakil Nuk inggih punika pangageng kampung Limah, tuwin sawatawis pangageng sami prapta ing Kutharaja.
Sasampuning para pangageg wau supata, lajeng sowan ingkangjeng tuwan gupernur.
Palapuranipun tuwan Kontrolir ing Mukim XXII, amratelakaken bilih Kecik ing kampung Merabo (Mukim Montasik mukin V) sarta Tengku Mat amin inggih punika bapakipun Wakil ing Tebing Pui, sarta Kecik ing kampung Tibariyah, sami anglairaken sedyanipun anungkul sasampunipun lajeng sami wangsul ing kampungipun piyambak-piyambak akanthi wadyanipun sawatawis ingkang sampun sami lumajeng.
Makaten malih Imam Imam ing Lamarah Mukim VII, ing jeruk dipun wartosaken bilih sampun lebar wulan siyam badhe dhateng ing Kutharaja.
Wonten kabar ingkang kenging dipun pitados bilih Tuku Mudha Nyamalim tilas raja ing Simpang Olim tilar dunya wonten ing kampung Tiron Mukim Pedhir XXII, sarta tuku Wayah tuubala ing Mukim CCVI, kacariyosaken sakit sanget wonten ing kampung Tiron wau.
Ing nalika kaping 5 September kanjeng tuwan Gupernur ing Ngacih andhawahaken undhang-undhang ungelipun kados ing ngandhap punika:
Andhawuh arang pakenira, para Opisir, para amtenar lan para Onderopisir apa dene para wadya kabeh, awit saka lurugan perang anglawan Mukim XXVI, kang wekasan ing celimun iku, nagara Acih gedhe sawawengkone ing saiki wus katindhih, para wong isining nagara soslot-solote padha bali marang kampung e dhewe-dhjewe, lan para panggedhe akeh kang padha nungkul dene liya-liyane kena kaarep-arep iya bakal nungkul saka pangira ora nganti perang gedhe maneh, ananging ora antara lawas wadya

bakal anulung anganakake paprentahan kang becik sarta amranata prakaring ing nagara, mungguh perangan ing mUkim XXII lan ing Mukim XXVI, kang kawiwitan ing sasi Juli taun kang kapungkur iku wekasane luwih mulya, awit saka iku andaddekake saha misuwuring jenengmu, lan kayakten yen ratu Kusri Bagendha maharaja kena angegungake sarira awit saka wadya bala dalem ing dharatan ing lautan kang uga awit saka asma dalem anyantosakake pangerehing India Nederlan.
Mugi luhura jumeneng dalem Sri Bagendha Maharaja Kanjeng Tuwan Guprenur ing Ngacih.
Pander Eidhe

Surakarta
Kawartos abdinipun kamisepuh kanjeng pangeran Ariya N.B. anama Mas Bei K.R. awit saking anyeling manahipun ingkang tumuwuh saking murang sarak ing anak lajeng nekat anganyut tuwuh sarana ngombe ingkang ana Makarbolsi.
Sanadyan ingkang mangkaten punika nama anggege ing takdir, ananging kenging kaalembana, dene teka kendel temen boten saben tiyang purun anganyut tuwuh, ingang kathah remben dhateng wirang. (kintunan)

YOGYAKARTA
Wonten saweneh ing rare anakipu prayantun Jaksa anama Raden Bagus Samadi, kinten ngumur 24 wulan kala kaping 24 wulan Siyam kapengker punika jam 6 sonten sumerep wonten layangan pedho kasangsang ing wit rangu sasisih ing griyaning bapakipun sampun adatipun manawi rare sumerep layangan pedhot manahipun sakalangkung geger kacelu tumunten andarbeya, rare wau enggal amendhet ondha kadamel angarah layangan ingkang kasangsang, ananging boten dumugi ing panggayuhipun jalaran wit randhu langkung inggil ewadene sarehne sanget tumecer lajeng nekat menek ing pucak sarta linggih wonten ing pang, tanganipun kulih pisan anyepengi genter anyengget layangan punika wau, sareng kenuripun sampun agubed ing genter enggal dipun tarik layangan pedhot malih raden sumadi kaget lajeng dhawah ing siti ngantos anandhang tatu, sareng bapakipun amireng swara gumebruk kados nongka dhawah, enggal medal ing jawi, sareng sumerep anakipun gumalinting ing siti akuthah rah lajeng dipun boyong, kabekta lumebet ing griya, nalika samanten taksih gesang, ing ngriku lajeng dipun rompa-rompa dening parapag ingkang sami nangis umyung swaranipun sareng jam 12, rare wau tilar dunya.

SAMARANG
Kala malem Saptu kang kapengker ing kalen Karang Tengah wonten bangkenipun tiyang Afrikah, sareng katitipriksa ing pulisi kayekten bilih tiyang ingkang remen ajagi ing waktu dalu ing griyanipun tuwan W., tiyang wau pancen anggadhahi sakit ayan, bokmanawi nalika adus ing ngriku lajeng kumat sakitipun.

AMANGAYUBAGYA Pranataning Para Kaum.

Bromartani katitimangsan kaping 28 Agustus ongka 30 anyariyosaken ing Sedayu wonten pranatanipun kaum Nagari miwah ing padhusunan, ngantos gangsal bab, bab pranatan wau boten susah kacariyosaken pantes ingakng sami maos bramartani sampun uningani, ing saupami pranatan prayogi makaten punika, katulat ing praja liyan kados langkung mikantuki dhaten gpara tiyang ingkang bodho, tuwin kawula dhusun, sabab badhe angandhakaken saserepanipun dhateng agama Islam, tuwin anglulu ri sarak rasullullah, ananging inggih upami katindakaken kalayan kenceng punapa saprelu wajibipun, embok manawi kathah penalan kaum, langkung malih ing padhusunan sampun ingkang nama kaum sageda sah pangajinipun Purkan, bok ingkang jumeneng panewu Naip, kados demang Patahudin dhusun Semawung yen kapriksa pangaosipun kados inggih boten saget sah kurupiun, tur ta punika sampun dipun cepengi panguwasa ana tarukuning agami Islam, dhumateng tiyang ing padhusunan ingkang kalebet bawahipun, utawi kalebeta bari anglampahi padnamelan maksiyat, kados ta karem madati, remen ngabotohan kertu salikuran sapanunggilanipun, ngantos kalampahan kaundur genipun dados demang pulisi ing mekenan jalaran genipun kauningan kasukan wonten ing dhusun Sendhen sarta yen jagong sanajan boten tumut joget tuwin nginum sajeng anangin gkalebet rena mirsani nayub, trekadang anggembyaki para nem-neman anjajawat ringgit mila ingkang kasebut cariyos pamilihipun kaum, kajawi milih janma ingkang seca tuhu miwah saged ngaos, prayogi milih ingkang wanci satengah tuwuh, saking pamatawis manawi taksih nem-neman sanajan ngalim taksih gampil nangingipun godha rencana, wantuning nganeman manawa kerep kabluwak ing selokan uwi, yen ngantos katungak badhe boten sah sembahyang ipun, jalaran angedalaken najis.
Menggah sae pikantukipun bongsa kaum tuwin tiyang dados santri punika, nggenipun sugih cariyos sawarga akaliyan naraka, mongka pambekanipun tiyang jawi agugon tuhon, dados saget angengah sawatawis dhateng lalampahan maksiyat, yen ing kina tiyang jawi botena kadunungan watek gugon tuhon iba resahipun.
Kaserat ing Lembuasta kaping 5 wulan Sawal ing warsa Be ongka 1808
Katandhan kawula pun Asradenta.

Manawi pareng ing panggalihipun tuwan Redhaktur, saseratan kula punika mugi akarsaha macak ing pustaka Bramartani, kawedalna tumunten minongka atur panjurung kula, anuwun sihing sagunging para sarjana, mugi9 karsa aparing pitulung kodhenging manah.
Jalaran anak kula pun Samidin dherek sowan bagda dhateng nagari, anak kula wau nuju nignai topeng dhaten gGodlippan, antukipun wonten margi ageng ingkang iring kilen celak uwit asem manggih cuwilan serat waosan sekaripun dhandhanggendhis, namung kalih pada, sareng anak kula dherek kodur \ipun dara den bei Gestrik serat enggenipun manggih wau dipun sukakaken ing kula sareng kula tingali ungelipun pangraos kula boten kantenan, yen ta sampun namaWilagu, kados sampun boten kadugi pisan pisan kula aningali, awit suraosipun boten saget kalenget ing manah, anak kula pitaken namanipun serat punika, wangsulan kula ingkang cuwilan layang embahya, anak kula lajeng lumebet ing griya, cuwilan serat kula engge buntel sate wonten ing Jepan, antawis sanes dimten kula katamuwan karuh konca nagari kampung peken Kaliwon nama Mas Wongsa Sentika, sadangunipun sami lenggahan tamu kula sumerep cuwilan serat bantel sarta punikanipun ningali sasampunipun tamat apitaken dhateng kula tembungipun

makaten (lo mas dene niki cuwilan layang Nitisruti, napa onten tunggale) atur kula boten wonten tunggilipun, sarta kula pratelakaken kados ingkang sampun kula cariyosaken ing ngajeng wau, kalih wontena tunggilipun serat boten kantenan makaten dipun engge punapa, ingkang remen mireng aken tuwin kadugi maos sinten. Tamu kula mas Wongsa gumujeng ngantos kaselak-selak, kula matur pitaken kados pundi mas dene kula sampeyan gagujeng, wangsulanipun tamu kula makaten e mas ampun kalintu serep nggen kula gumujeng punika dene sampeyan mastani serat wuwulang nitisruti tanpa paedah, mongka punika anggitanipun pujonga kina, tuwin kula mirneg wonten ingkang anjarwani (nitisruti, jatining waweka), lo saiba parlu kanggening dhateng manungsa, kale sampeyan manah tanpa damel tur ta sampeyan punika kalebet carik, yen ta punika tumrap dhaten ingkang saget merdeni saestu mupangati.
Ing sanalika kua kendel wamah sageda angsal piwulang indhaking saserepan anemah kula rasaja ing baliluning manah tuwin nyariyosaken lampahanign badan tembung kula makaten, o mas ingih endah punapa carik ing dhusun, kalih saestunipun kula punika rak boten kalebet pamagang kula carik ing kadhestrikan jalran cotho dhateng saseratan walandi tuwin tembung malajeng, dene gen kula taksih dherek wonten kadhestrikan punika angetutaken anak kula pun samidin dados abdi punakawan ing kadhestrikan kula piyambak kaetang sampun boten lumampah damel, dene pandamelan kula manawi wonten tiyang gadhah parlu matur ing parentah nyambat dhateng kula damel serat aturan mawi suka patuwas punapa samurwatipun mila sampeyan sampun kaget gen kula boten pirsa dhaten gserat nitisruti tegesipun kula punika dede carik, nanging bok inggih sampeyan paring berkah, kados pundi jarwanipun supados madhangna ing manah bodho balilu kados kula punika.
Wangsulanipun tamu kula: inggih boten sged, ananging suka ancer-ancer tembungipun makaten, niku adhi kajaba sampeya bisaha angaturake tuwan ingkang nguwasani kabar bramartani manawa onten sihe karsa macak ing pasamuning bramartani, amasthi para sarjana, boten kaweken werdining srat niti sruti, mila kula lajeng sumengka, nuwun lumunturing sih prayantun ingkang sampun mangih jarwanipun cuwilan kula serat sruti ing ngandhap punika, dadosa pangenget-enget mudhari ing tyas punggung.
Angagem bisa den sambi liring, liring laren yen kaduk gumisa, waluya tiwas temahe, bisa waranganipun, nedya ngrasuk rasane kadi, satatataning tamtima, tan mantra ing sawu, angebyaken jrah ning naya, manawi hyanten sujana ana yadi, nisnaya ininteya. Ing nginggil punika salebeting pada lingsa enem tirahanipun.
Gara-gara eh kagiri-giri, beda-beda masaning sangara, tumipa ing paekane, waraga ana ratu, pasang citra cara salwirning, wani ya yen wahyaha, wiyate katutur, yadyan pratike ngasimpar, awlasarsa sawadhakaning ngaspi, supaya waluyaha.
Kawula Sastra kaceda
Punapa cuwilan kasebut ing nginggil punika dereng kajarwakaken wonten ing srat nitisruti, ingkang kadhasaraken wonten ing pangecapan ing ngriki.
Jurungarang.

//ndra// Kasmaran ulun umaksi, riyadining Panaraga, saklangkung dening ramene, tontonan gung moncawarna, karya ascaryeng driya, wajib pinurwa ing kidung, kinarya ing dadongengan. Marengi ri Kemis paing, warsa Be sangkalanira, murtinir estrhi tunggile, wiwit wontening tingalan, ribudaing tirdasa, ramelan wekasanipun marengi ingkang tingalan. Kanjeng gusti adipati, Bupati ign Panaraga, buda manis tingalane,

wiwit enjjang rameniora, ing peken apasaran, ewon leksan sungsun timbun, janma kang sami pepasar. Kathah saking moncanegri, moncadhistrik monca desa, gumlendheng gili paptane, kadya kang ngudadi pasang, gunging janma balabar, nganti kebak lurung-lurung, medal sajawining pasar. Ciptane janma kan gprapti, kalih tiga kapat karya, dhingin angupaya pamer, tetumbas wastra busana, miwah babetah wisma, boga sugateng tetamu, dene yun ari riyaya. Kad wingiras yun umaksi, tontonan arsa ing ngarak, kang kaping tri riyayane, kacatur sontene watang, marma kabina-bina, gunging janma estri jalu, dene kang sami sadeyan. Kathah pawestri yu luwih, angadi-adi busana, besus besus tan agane agagonda asesekar, dimen resep kang tumbas, bakul Surakarta agung, dhasar sinjang sasawitan. Akirtyan genesan adi, sinampir jinajar-jajr, urut sami seratane, sapondha kang latar seta, sapondha latar kresna, bakul Sala ing los kumpul, dene para babaweyan. Dhasare ing pinggir margi, samya kinuwungan motha, pating kaledher tingale, kacurinen terentengan, kathah gung monca warna, sutra jenar reta wungu, calcul salendhang atusan. Sangklat bludru tanpa wilis, sutra pranelan kulitan, duryas citak weh warnaneng, ngundhung-undhung lir gunungan,s arwa tinanyahana, muhung nari artanipun, wonten kang dhasar barnag glas. Sirpistih lan sirpisbukti, wisuan lampu akathah, ginantungan ting carenthel, sendhok cukit lan parisan, nganti dhusinan, palencreken nganti penuh, tetedhan ulam ulaman. Puspa miwah burat wangi, singa kang tinanya ana, kang endah lawan kang aeng, sadaya rasa nggenira, lipet kongsi tan limrah, dene pinggir lurung-lurung, wewahing bango akathah. Kang dhasar kanthi mimilih, endah lan pelag ing warna, perlu kang sarada mentres, uleng-ulengan kang sami tumbas, sagung para taruna, neng na sonten pulul catur, munya tengaraning bakda. Tidhur wekasaning sasi, ramelan binarung mungang, cara balen kodhok ngorek aneng sajroning pandhapa, pradongga babrekatan, yeku kyai Guntur Madu, pusaka kasurya bratan. Geng arumswara ngrangin, tandya kang para pratiwa, wadana lawan ondere, palang bekel wus samakta, munggeng paseban jaba, kumpul ing pinggir lun alun, tontonan maneng kaneka. Gung sato kewan wanadri, kang den telad warnanira, gajah ngendhukur agenge, sami lanesthi sanyata, kweh warnaning diponga, saratine mangkruk-mangkruk, ignkang kinarya manungsa. Kethu cailipun abrit, rasukan seta calanan, panji panji brit warnane, sarwi amusthi cisira, kanan kering sinungan, bandera lan umbul-umbul, winanjer mungeng palana. Sukunipun ponang esthi, prasami sinung glindhingan, lampahe kanthi sineret, wonten esthi tinumpakan, saratine wong-wongan, dene sisimanan agung, lampahe sineret janma. Mongloreng tutul prasami, ontanan tinon jenggarang, wiyanggan babaan krete, maesanan lan lembonan, banthengan manjanganan, warahan kidangan wedhus, sagawonan yam-ayaman. Sarpanan panjang nglangkungi, sadaya sinung glindhingan, dimen entheng panarikne, sajuga juganign warna, nganti rangkepnya dasa, miwah kalih dasa langkung, saking kathahing tingalan. Wit sami mawa pribadi, wadana asistenira, mantri mantri sakthahe, palang bekel jor jinoran, ungkul sami ungkulan, marma endah-endah agung, prasasat konggres balaka. Reyoge datan pawilis, barongan topeng wong-wongan, tinunggangken kuda kabeh, belo kriwik babathilan, tinuntun ing sujanma, den erutan patikukuh, lenggat-lenggut lampahira. Wong-wongan gung monca warni, wonten sinepa walonda, babrengos jenggotan godheg, tetopen jas lan calanan, wonten rineka cina, kekusir ngacar ign pungkur, wonten kang rineka koja. Sadaya ngangge kethu brit, rasukan kabayak pethak, wonten malih wont-wongane, kang sinepa janma arab, sadaya ngangge sreban, baju jubah ingkang pungkur, puniku wong-wongan jawa. Kathah lawan moncawarni, kukulukan ket-iketan, moyag-mayug tingalane, yen

tinon saking mandrawa, kadya janma sanyata, tansah denya mangut-mangut, angambuh pakirtyanira.
Taksih wonten candhakipun.
Widayaka

Kula boten maelu para tiyang anyebut gusti utawi sasebutan sanesipun dhateng ing bandara, ananging bilih pancen sanes leresipun mindhak badhe anuwuhaken rengating penggalih.

Ongka 37, Kemis kaping 15 Oktober 1879

Surakarta

Amaengi dintenAkad Legi ing dalem Mangkunagaran wonten pasamuan ageng, inggih punika Kanjeng Tuwan Residhen amatedhakaken ganjaran dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Raja Dhumteng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, awarni tatenger KOmandhuring Gelenganipun Ordheeikenkrun, wnci jam sadasa enjing Kanjeng Tuwan Residhen kapapag titihan kareta pameran saking Mangkuangaran ingkang kapatah methuk kanjengpangeran Ariya Prbau Prawadana, kalihan Kanjeng PangeranAriya Londasiswara, tindakipun angajengaken satengah sawelas enjing,mawi kadherekaken para tuwan tuwan militer, para tuwan tuwan amtenar tuwin mardika, para kanjengpangeran ing Kasunanan ingkang sami ngrangkep pangkat militer, rawuhipun ing dalem Mangkunagaran lajeng atata lenggah, sareng drel mariyem tuwin sanjata, tatengering rawuhipun kanjeng tuwan residhen wau kendel lajeng kanjeng gusti aparing sasmita, nunten para opsir legyan mangkunagaran sami majeng minggahing pandhapi,s etandar munggweng madiyanipun para opsir wau, makaten ugi para narapraja tuwin para ulama, inggih sami majeng mingahing pandhapi, sareng sampun sami majeng sdaya kanjeng tuwanresidhen jumeneng, kanjeng gusti Pangeran Adipati ARya Mangkunagara ing ngaturan jumeneng wonten ing ngarsanipun Kanjeng tuwan residhen nuten amangandikaakaken bilih rawuhipun angemban timbalan dalem ingkang sinuhun kanjeng raja, amatedhakaken ganjaran dalem dhumateng panjenengan dalem kanjeng gusti, awarni tatengering gelenganipun Ordheeikenkrun nawala dalem ingkang sinuhun kanjeng raja lajeng kawaos ingkang mawi dipun kaping kalihi ing tembung jawi, sasampunipun tatenger komandhuring Ordheeikenkrun ingkang sampun cumawis kaampil dening kanjeng pangeran Ariya Aria Londasiswara, kaasta lajeng kaagemaken dhumaen gkanjeng gusti munggweng jongga, kanjeng tuwan residhen nunten tatabeyan asung wilujeng dhumateng panjenengan dalem kanjeng gusti, sarwi angwedharaken bilih tumuwuh ingg sih nugraha alem ingkang sinuhun kanjang raja wau, awit saking setya bektinipun kanjeng gusti ing prjaa Nederlan punapa malih awit saking wegigipun anindakaken pranatan ngantos ing mangke kacihna raharjanipun bawah ing Mangkunagaran salajengngipun pangandikapamuninipun kanjeng tuwan residhen mugi-mugi gusti Allah aparinga barkah minanjangna yuswanipunkanjeng gusti, supados panjeennga dalem kanjeng gusti sageda dumadi ing kabingahanipun sasampunipun nunten para opisir para nara praja tuwin para ulama sami lumengser, lajeng para tamu sarenti sami majeng, angaturi wilujeng dhumateng panjenengan dalem kangjeng gusti piyambak piyambak kendel sakedhap kanjeng tuwan residhen angunjuk wilujeng dalem ingkang sinuhun kanjeng raja, ngunjuk kaping kalihipun wilujengipunkanjeng gusti pangeran adipati ariya Mangkunagara, sadaya sami tinengeran edreling prajurit ingkang saijibeg wontening palataran kasauran edreling mariyem tuwin ungeling gongsa mogang ingkang awit saking tambaning panabuhipun amurugaken dhateng karaosingmanah luhuripun ganjaran wau, sakendelipun edrel nunten kanjeng tuwan residhen jumeneng, salajengipun pasamuan kados adat amarengi dinten Akad Legi, wanijam satunggal alenggah dhahar,bibar dhahar wancijam satengah tiga kanjeng tuwan residhen kondur, para tamu sanesipun inggh nunten sami pamit mantuk boten angentosi beksanipun wiring enggal bondasubastra, beksanipunmawi tameng tuwin sabet aliya punika wonten malih pantes kawartosaken ingkang kenging kaewokaken dhateng kaelokan amarengi nedhengipun dhahar, wonten angina ingkang ngantos gumbrubug sawaranipun ing dirgantara anbgendhanu mendhungipun nunten jawah deres sanget boten ngantos dangu jaahipun Kendal ing

ngawiyat katingal tingkas mongka ing kiwa panengenipun ngriku ingkang caket caket boten jawah, ciptanipun para tumitah ingkang sanadyan sami rumaos alitipun ewadene kumedah anggayuh nalaripun angina tuwin jawah wau, embok bilih punika cihnanipun manawi ingkang kagungan Eiradat tuwin kodrat sanghyang mahakuwasa angudaneni ingkang kalampahan ing dinten wau.
Sarehning ing mangke sampun kalampah, ingkang kaangge waton murwating pamaosipun pasiten kathah kedhiking babaonan pasabinanipun pramila prayogi sanget bilih pangukuring pasiten kabebahna dhateng tiyang, ingkang sampun winenangaken dening kanjeng upreme saestunipun saged terang, tuwan bures ingkang wau dados mayor Artileri ing mangke dados juru ukur wonten ing nagari ngriki, menggah wragading ukur mawi kapangkat-pangkat manut wujudipun pasiten ngare utawi pa…..den.
Sarehning uing mangke awanipun boten sakeca sanget dhateng sarira,…..l;it marinding pating prakinting, lathi garing angintip irung pengar, ingaknng kathah….lajeng karaos gregs-greges adapt titiyang lajeng aneba dhateng sesegeran punika mugi ragi kacegaha, awit sesegeran ing mongsa ingmongsa makaten asring kathahingkang lajeng amurugaken dhateng sasakit.
Awit saking dhawuh ing polisi, ingmangke para tiyang ing pakampungan saben sonten sami trangginas anyiram mi margi ebahanipun piyambak piyambak..
Lah mangkaten punika prayogi sanget jalaran anyuda ubaling baledug ingkang ngrisakaken kasarasaning tingal.
Ing dinten saptu dalu angrintenaken Akat tanggal kaping 6 ing wulan Sawal Warsa Be punika, ing dhusun Bondhanan dhistrik Prambanan baah Klathen, sakingpawartos ingdhusunngriku wonten tiyangkatamuan kecu, unduring durjana katungkeban para tandang tuwin kasambadanan dening pulisi ngantos abondayuda, lahpunika kalaksanan pamuhi kula, pun kecu kawartos ejahing ngenggen tiyang 2 ingaknng amethukaken sami raharja, manawi pamireng kula punika yaktipantes para wjib kaalembana ing ngakathah (kintunan).
Nalika in dinten Kemis angrintenaken tanggal kaping 9 Oktober taun punika, wanci jam 1 satunggal dalu, griyanipun Mangun pangindhung ing kampong Jamseren kabesmen rahayunipun latu dereng ngantos maremen sawek anelasaken griya satunggal lajeng sirep. Anyarengi dalu punika wancijam satengah tiga, griyanipun Karta Semita, sudagar Nglawiyan ugi kabesmen dening latu durjana, ngantos bebas, karugiyanipun kalebet barng ingkang tumut kabesmen sadaya gunggung, satus tigalikur rupyah. Pramila pamuhi kula sarehning bribik-bribik wiwit wonten durjana dolanan latu, mugi para ingkang remen griya payon atep kaparenga amurih sumingkiring bebaya wau. (kintunan)

BATAWI
Serat wartos ingknag anama Bintang Barat anyariyosaken bilih ing gedhong panyitren gupremen ing mangke agubah serat angger paukumanipun tiyang ing Indiya Nederlan ingkang kasantunan jawi saking basa Nederlan denin bupati Kudus panjenenganipun bupati wau angsal ganjaran Medhalyemes saking Kanjeng Gupermen, menggah pamuhinipun para wajib tetdhakan wau, ing tetembunganipun mugi sampuna nyeplesi kados ingkang sampun kaedalaken ing kanjeng gupremen awit kilap saking saenipun tetembunganipun ngantos kathah ingkang asring kodheng ing panampinipun.

SURABAYA

Kala kaping 20 wulan Kapengker punika, ing dhistrik Bongas perangan Pemalang paresidhenan TEgal wonten angina rebut andadosaken karisakaning griyanipun para tiyangngatos atusan sarta kathah wit witan ingkang sami rebah, pasangggrahan ing Gombong tuwin kutha inggih risak salajengipun akathah jawah, lepen lepen sami ambaludag andadosaken karisakaning margi-margi.

Ing Pasuruan wonten sweneh ing tiyang angsal arta tiron regi nyarupiyah, pandamelipun se sarta kepleng, ngantos kangelan sagedipun andengangi bilih tiron manawi boten saraa katandhing wwratipun akaliyan arta ingakng boten tiron menggah arta tiron wau entheng tinimbang kaliyan ingkang boten tiron.

MUGI KAPACAKA ING BRAMARTANI'

Sakalangkung andadosaken suka bingahing manah kula jalaran ing samangke sahandhaping sanpeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng Susuhunan asring-asring karsa animbali abdi dalem bongsa pamerthakan dhumateng ing langenarja kakarsakaken maos kagungan dalem kitab warni-warni, mila pmanggih kula kasinggihan sanget karsa edalem ingkang mengkaten wau, amargi saben abdi dalem pamethakan mila kalampahan kaabdekaken ing ngajeng pnjenenganipun pangulu ageng sampun angunjukaken panimbanging ngatasing kasagedanipun lah ing mangke sahandhaping sampeyan dalem sampun saestu angudaneni piyambak ing kayektosanipun ingknag sampun sami dipun unjukaken dening pangulu ageng, bab kaagedanipunpara pamethakan wau, yektos saged ngaos anyekapi ing kawajibanipun utawi boten sami katonton leleripun piyambak-piyambak wonten ngarsa dalem ing Langenarja, mila ing samangke sawarnining abdi dalem pamethakan sami kathah priatosipun langkung malih ingkang taksih sami bodho prasasat gabah den interi, anggenipun sami marsudi kaagedan ngaos kitab wonten ingkang ngaos kitab Tepsir, wonten ingkang ngaos kitab Mukarar, sapanunggilanipun sanes-sanesiping ingkang sami dipun aos pundit ingkang dipun kinten kitab wau badhe kakarsakaken maos wonten ing langenarja inggih lajeng sami dipun sinau,o pamanggih ing para abdi dalem pamethakan mengkaten wau kula boten anayogyani kanga wit pamireng kula kagungan dalem kitabpunika skalangkung kathah, ngaos kitab tepsir bokmanawi ingkang badhe kakarsakaken maos kitab….utawi sanesipun bilih, dereng sged osul kados pundit cepakipun mongsa sageda methek karsa dalem,tur anggenipun sinau kitab tepsir wau dereng tamtu bilih kasil sataun, mila kula angaturi prayogi dhumateng para abdi dalem pamethakan ingknag sami taksih kaupetan ing kawruh mugi sami karsaha sinau wawatoning tembung Arab kdosta: Nahwu, Saraf, Mantek, Minkal, Ngarul, LUgt, sapanunggilanipun, kang wit bilih sampun sgged wawatoning tembung Arab wu kados-kdos badhe bdhe boten kewran atasing maos kitab dalah murad suraosipun pisan, sanadyan kitab ingkang dereng nate kasumerepan inggih ugi saged maos sarta sumerep murad suraosipun, awit sampunsumerep inwawatonipun, upminipun tiyan bilih sampun saged dhaeng wawatoing tembung jawi kadosta: Pramasastra, wyakarana, Bausastra kawi, sapanunggilanipun, punika badheya maos serat punapa sanadyan serat ingkang derneg nate kasumerepan inggh tamtu saged sasrta sumerep suraosipun, o sampuna wonten karsa dalem mengkaten saestu para abdi dalem pamethakan kathah ingkang sami kalajeng-ajeng anggenipunkabesturon manahipun katutupana ing kamukten ingkang lumeber sakingsih kamirahan palamarta dalem ingkang sinuhun,mila dangu dangu ingkang kula tetah inggih abdi dalempamethakan, kasangeta anggenipun lembon manahipun kecanen anggenipun ngraosaken endeming kapriyayen,ngantos kasupen anggenipun marsudi ing kawajibanipun, boten kengetan bilih anggenipunkaabdekaken punika, parlunipun

kakarsakaken andongakakaken wilujenging karaton dalem gemah arjanipun nagari dalem tata tnetrmipun prja dalem panjangipun yuswa dalem, jumenengipun panggalih dalem angrenggani ing suka kasenengan, mila pamhi kula mugi lestantuna ing slaminipun karsa dalem nimbali para pamethakan wau supados samiya nglilir manahipun ingkang lembon.
Kula angaturiprayogi malih dhumatengpara abdi dalem ingkang sami kakarsakaken maos kitab wonten ngarsa dalem ing Langenarja, mugi sampun sami ngagem makna cara ing pasantren mindhak angel suraosipun, prayogi angangge atetembungan ingkang anetepi wawatonipun tembung jawi anggeripun boten ngewahaken suraosing lafal, supados sakeca kamirengaken sarta gampil suraosipun andadosaken suka senenging panggalih dalem ingkang sinuhun utawi para priyantun agneg ingkang sami andherek miringaken wonten ing ngarsa dalem. DYANIDHARYWA.

O rak angel nun anjarweni kitab niku, tembung ing kitab niku sanes kalihan tembung ingkang kaange ing padintenan tiyang ingkang kenging binasakaken sampun ahli,inggih kathah ingkang asring kodheng ing murad tuwin maksudipun ingkang kathah-kathah niku rak naming gathuk rungon tular tinular kemawon sumongga kagaliha kadosta: imam keblat sakawan punika, sami amangku sareatipun kanjeng nabi rasul dados maligi naming sareat satunggal kenging punapa sami anggadhahi pamanggih piyambak piyambak mongka abdi dalem pamethakan punika pancen anmungkantun ambetipun kemawon kados ingkang mengku adil inggih boten kakilapan saha agung ing parimarma. (Juru gubah).

CANDHAKIPUN RIADI PANARAGA

Janma-janma satuhu, sinungan kedhok neh-aneh agung, kang sinepa kaedya nyang kasakan dhemit, gigilani warnanipun wonten ingkang sarwa godhong. Sinjng rsukanipun wonten konteng wulung, wonten ing kang arwa ijo. Wonten bit wonten wungu, wonten jaler miwah wonten dadu, warna-arna wonten sinjang wulu sami, pating galidrah kadulu, miwah sami ting paregol. Jajolen isinipun, kethek jiningga sami sinangsarung, jejolenan malih isi windadari, tandhak binusan murubah sadaya sami ginotong. Busanane sadarunm, sinau sami-sami wilis bajunipun, teka dumling dhasar pinilih kangkuning, mandul madul lampahipun, keksi sami ting parelok. Busananing priyantun, para wadana lan onderipun, mantra mantra sadaya sami klinteni, prajuritan palangipun, numpak kuda ngagge songsong. Ngirit tontonanipun, para wadana kang sami besus palang bekel denetur ponang kulambi, kabeh sutra warna wungu, kadya tengu araraton. Sapal kapara langkung, dereng telas tontonan kang pungkur, rame oreg sapraja wong niningali, prasasat kadi susulung, untabing janma nanonton.Gumeledheg gumaludhug, nganti peteng samadyeng lulurung, lebu meleg kaambah gunging lumaris, swarane lir gunung gugur, wimbuh gmelaning reyok. Balebegi kang ngruku, sangking gungira ta rebang angklung, salomprete arya srining pamiyarsi, lamat-lamat swaranipun, kadya panjriting wong wadon. Solah ingkang dudulu, ngalir ngidul nut salampahipun, kang tontonan prasasat angering-iring, smarga sangsaya wuwuh, wonten kang miyat sitembok.wonten kang mangkruk-mangkruk, wonten kang menek wonten aneng pintu, praanodya wonten ngintip aking panti, wonten sing candhela dulu, waket jaja manglong-manglong.Kasunar jwalanipun, kanang baskara kang arsa surup, payudara kapipita lundhakaning, candhela mendhek kadulu, gumbyar meh meh macothot. Pukul nem praptanipun, ing lun-alun Temugelang kumpul, nulya bibar malemipun Kemis Paing, pasanggrahaningpriyantun, sadaya rame swareng gong. Smi pating carengkung,

anggaladhi ing tontonanipun, janma miyat midar-mider wira-wiri, jalwestri angemban sunu, gunging janma nganti ewon. Dupi wus pukul wolu, para pratiwas wus sami kumpul, marak sowanmaring dalem kabupaten,amawa tontonanipun, pinilih kang elok-elok. Yeku wadana slatung, kang limpat karya sengseming kalbu, tontonane aneh-aneh becik becik, kang wiwit majeng rumuhun, palwa ga papat jajodhon. Pinulas wulanipun, ngangge kotang rasukan sesarung, cinalanan panji panji warna abrit,dene kang mong kestrinipun, sami ing nganggenan oto. Cinancang lan pinecut, janma kalihkang nyepengi pungkur, kalih pisan kinembar ingkang kulambi, sami ageng alitipun, arasukan sutra ijo. Gamelan kendhang kempul, boning lan keprak palwa ga catur, sami ngadeg ambektsa prasasat janmi, kekalih pawestrinipun, kadya taledhek sayektos. Sarisik mager timun, miwah anglayang dene kang jalu, kadi badhut lincak-lincuk sarwi ngliling, tansah denya manggut-manggut, lengak-lengek gela-gelo.Saben gong pacak gulu, srwi mere amewahi patut, kapiyrsa kadi senggaking sujanmi, irih alus swaranipun, ungeling palwa ga wadon. Saben kang gendhing suwuk, catur wanra arangkul rinangkul, bung-ambungan lir cara caraning janmi, weh ebat ingkang dudulu, gumer gujengena nonton.Kethek sawusing mundur, nulya kekajen kehipun atur, ngangge kedhok wacucal bendhung kinardi, cemeng warna dhiwut-dhiwut, agagodheg jenggot berngos, Sasrebanipun pingul, rasukan jobah pethak sarwa landhung, nuyepeng trebang sami dhikir asasingir, dhanadhana rekanipun, gela-gelo anggembelo. Nulya natan ndhak tumut, sami catur ambeda sing pungkur, dupi kaji uninga tandhaksing wuri, tandya santun beksanipun, kadi badhut ing paregol. Sarisik mager timun sasingiran temah dadi pantun, cara Mlayu angereki catur ringgit, srebane kabeh jinabut, den sinungken mongka tembok. Mungkantun ingkang kethu, saya berag solah tandangipun, gujenging wong kadya angrubuhna langit, catur kaji wus nya mundur, prasinoman kang gumantos.//ndra//. Taksih wonten candhaipun. Widayaka.

Ongka 37, Kemis kaping 15 Oktober 1879

Surakarta

Amaengi dintenAkad Legi ing dalem Mangkunagaran wonten pasamuan ageng, inggih punika Kanjeng Tuwan Residhen amatedhakaken ganjaran dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Raja Dhumteng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, awarni tatenger KOmandhuring Gelenganipun Ordheeikenkrun, wnci jam sadasa enjing Kanjeng Tuwan Residhen kapapag titihan kareta pameran saking Mangkuangaran ingkang kapatah methuk kanjengpangeran Ariya Prbau Prawadana, kalihan Kanjeng PangeranAriya Londasiswara, tindakipun angajengaken satengah sawelas enjing,mawi kadherekaken para tuwan tuwan militer, para tuwan tuwan amtenar tuwin mardika, para kanjengpangeran ing Kasunanan ingkang sami ngrangkep pangkat militer, rawuhipun ing dalem Mangkunagaran lajeng atata lenggah, sareng drel mariyem tuwin sanjata, tatengering rawuhipun kanjeng tuwan residhen wau kendel lajeng kanjeng gusti aparing sasmita, nunten para opsir legyan mangkunagaran sami majeng minggahing pandhapi,s etandar munggweng madiyanipun para opsir wau, makaten ugi para narapraja tuwin para ulama, inggih sami majeng mingahing pandhapi, sareng sampun sami majeng sdaya kanjeng tuwanresidhen jumeneng, kanjeng gusti Pangeran Adipati ARya Mangkunagara ing ngaturan jumeneng wonten ing ngarsanipun Kanjeng tuwan residhen nuten amangandikaakaken bilih rawuhipun angemban timbalan dalem ingkang sinuhun kanjeng raja, amatedhakaken ganjaran dalem dhumateng panjenengan dalem kanjeng gusti, awarni tatengering gelenganipun Ordheeikenkrun nawala dalem ingkang sinuhun kanjeng raja lajeng kawaos ingkang mawi dipun kaping kalihi ing tembung jawi, sasampunipun tatenger komandhuring Ordheeikenkrun ingkang sampun cumawis kaampil dening kanjeng pangeran Ariya Aria Londasiswara, kaasta lajeng kaagemaken dhumaen gkanjeng gusti munggweng jongga, kanjeng tuwan residhen nunten tatabeyan asung wilujeng dhumateng panjenengan dalem kanjeng gusti, sarwi angwedharaken bilih tumuwuh ingg sih nugraha alem ingkang sinuhun kanjang raja wau, awit saking setya bektinipun kanjeng gusti ing prjaa Nederlan punapa malih awit saking wegigipun anindakaken pranatan ngantos ing mangke kacihna raharjanipun bawah ing Mangkunagaran salajengngipun pangandikapamuninipun kanjeng tuwan residhen mugi-mugi gusti Allah aparinga barkah minanjangna yuswanipunkanjeng gusti, supados panjeennga dalem kanjeng gusti sageda dumadi ing kabingahanipun sasampunipun nunten para opisir para nara praja tuwin para ulama sami lumengser, lajeng para tamu sarenti sami majeng, angaturi wilujeng dhumateng panjenengan dalem kangjeng gusti piyambak piyambak kendel sakedhap kanjeng tuwan residhen angunjuk wilujeng dalem ingkang sinuhun kanjeng raja, ngunjuk kaping kalihipun wilujengipunkanjeng gusti pangeran adipati ariya Mangkunagara, sadaya sami tinengeran edreling prajurit ingkang saijibeg wontening palataran kasauran edreling mariyem tuwin ungeling gongsa mogang ingkang awit saking tambaning panabuhipun amurugaken dhateng karaosingmanah luhuripun ganjaran wau, sakendelipun edrel nunten kanjeng tuwan residhen jumeneng, salajengipun pasamuan kados adat amarengi dinten Akad Legi, wanijam satunggal alenggah dhahar,bibar dhahar wancijam satengah tiga kanjeng tuwan residhen kondur, para tamu sanesipun inggh nunten sami pamit mantuk boten angentosi beksanipun wiring enggal bondasubastra, beksanipunmawi tameng tuwin sabet aliya punika wonten malih pantes kawartosaken ingkang kenging kaewokaken dhateng kaelokan amarengi nedhengipun dhahar, wonten angina ingkang ngantos gumbrubug sawaranipun ing dirgantara anbgendhanu mendhungipun nunten jawah deres sanget boten ngantos dangu jaahipun Kendal ing

ngawiyat katingal tingkas mongka ing kiwa panengenipun ngriku ingkang caket caket boten jawah, ciptanipun para tumitah ingkang sanadyan sami rumaos alitipun ewadene kumedah anggayuh nalaripun angina tuwin jawah wau, embok bilih punika cihnanipun manawi ingkang kagungan Eiradat tuwin kodrat sanghyang mahakuwasa angudaneni ingkang kalampahan ing dinten wau.
Sarehning ing mangke sampun kalampah, ingkang kaangge waton murwating pamaosipun pasiten kathah kedhiking babaonan pasabinanipun pramila prayogi sanget bilih pangukuring pasiten kabebahna dhateng tiyang, ingkang sampun winenangaken dening kanjeng upreme saestunipun saged terang, tuwan bures ingkang wau dados mayor Artileri ing mangke dados juru ukur wonten ing nagari ngriki, menggah wragading ukur mawi kapangkat-pangkat manut wujudipun pasiten ngare utawi pa…..den.
Sarehning uing mangke awanipun boten sakeca sanget dhateng sarira,…..l;it marinding pating prakinting, lathi garing angintip irung pengar, ingaknng kathah….lajeng karaos gregs-greges adapt titiyang lajeng aneba dhateng sesegeran punika mugi ragi kacegaha, awit sesegeran ing mongsa ingmongsa makaten asring kathahingkang lajeng amurugaken dhateng sasakit.
Awit saking dhawuh ing polisi, ingmangke para tiyang ing pakampungan saben sonten sami trangginas anyiram mi margi ebahanipun piyambak piyambak..
Lah mangkaten punika prayogi sanget jalaran anyuda ubaling baledug ingkang ngrisakaken kasarasaning tingal.
Ing dinten saptu dalu angrintenaken Akat tanggal kaping 6 ing wulan Sawal Warsa Be punika, ing dhusun Bondhanan dhistrik Prambanan baah Klathen, sakingpawartos ingdhusunngriku wonten tiyangkatamuan kecu, unduring durjana katungkeban para tandang tuwin kasambadanan dening pulisi ngantos abondayuda, lahpunika kalaksanan pamuhi kula, pun kecu kawartos ejahing ngenggen tiyang 2 ingaknng amethukaken sami raharja, manawi pamireng kula punika yaktipantes para wjib kaalembana ing ngakathah (kintunan).
Nalika in dinten Kemis angrintenaken tanggal kaping 9 Oktober taun punika, wanci jam 1 satunggal dalu, griyanipun Mangun pangindhung ing kampong Jamseren kabesmen rahayunipun latu dereng ngantos maremen sawek anelasaken griya satunggal lajeng sirep. Anyarengi dalu punika wancijam satengah tiga, griyanipun Karta Semita, sudagar Nglawiyan ugi kabesmen dening latu durjana, ngantos bebas, karugiyanipun kalebet barng ingkang tumut kabesmen sadaya gunggung, satus tigalikur rupyah. Pramila pamuhi kula sarehning bribik-bribik wiwit wonten durjana dolanan latu, mugi para ingkang remen griya payon atep kaparenga amurih sumingkiring bebaya wau. (kintunan)

BATAWI
Serat wartos ingknag anama Bintang Barat anyariyosaken bilih ing gedhong panyitren gupremen ing mangke agubah serat angger paukumanipun tiyang ing Indiya Nederlan ingkang kasantunan jawi saking basa Nederlan denin bupati Kudus panjenenganipun bupati wau angsal ganjaran Medhalyemes saking Kanjeng Gupermen, menggah pamuhinipun para wajib tetdhakan wau, ing tetembunganipun mugi sampuna nyeplesi kados ingkang sampun kaedalaken ing kanjeng gupremen awit kilap saking saenipun tetembunganipun ngantos kathah ingkang asring kodheng ing panampinipun.

SURABAYA

Kala kaping 20 wulan Kapengker punika, ing dhistrik Bongas perangan Pemalang paresidhenan TEgal wonten angina rebut andadosaken karisakaning griyanipun para tiyangngatos atusan sarta kathah wit witan ingkang sami rebah, pasangggrahan ing Gombong tuwin kutha inggih risak salajengipun akathah jawah, lepen lepen sami ambaludag andadosaken karisakaning margi-margi.

Ing Pasuruan wonten sweneh ing tiyang angsal arta tiron regi nyarupiyah, pandamelipun se sarta kepleng, ngantos kangelan sagedipun andengangi bilih tiron manawi boten saraa katandhing wwratipun akaliyan arta ingakng boten tiron menggah arta tiron wau entheng tinimbang kaliyan ingkang boten tiron.

MUGI KAPACAKA ING BRAMARTANI'

Sakalangkung andadosaken suka bingahing manah kula jalaran ing samangke sahandhaping sanpeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng Susuhunan asring-asring karsa animbali abdi dalem bongsa pamerthakan dhumateng ing langenarja kakarsakaken maos kagungan dalem kitab warni-warni, mila pmanggih kula kasinggihan sanget karsa edalem ingkang mengkaten wau, amargi saben abdi dalem pamethakan mila kalampahan kaabdekaken ing ngajeng pnjenenganipun pangulu ageng sampun angunjukaken panimbanging ngatasing kasagedanipun lah ing mangke sahandhaping sampeyan dalem sampun saestu angudaneni piyambak ing kayektosanipun ingknag sampun sami dipun unjukaken dening pangulu ageng, bab kaagedanipunpara pamethakan wau, yektos saged ngaos anyekapi ing kawajibanipun utawi boten sami katonton leleripun piyambak-piyambak wonten ngarsa dalem ing Langenarja, mila ing samangke sawarnining abdi dalem pamethakan sami kathah priatosipun langkung malih ingkang taksih sami bodho prasasat gabah den interi, anggenipun sami marsudi kaagedan ngaos kitab wonten ingkang ngaos kitab Tepsir, wonten ingkang ngaos kitab Mukarar, sapanunggilanipun sanes-sanesiping ingkang sami dipun aos pundit ingkang dipun kinten kitab wau badhe kakarsakaken maos wonten ing langenarja inggih lajeng sami dipun sinau,o pamanggih ing para abdi dalem pamethakan mengkaten wau kula boten anayogyani kanga wit pamireng kula kagungan dalem kitabpunika skalangkung kathah, ngaos kitab tepsir bokmanawi ingkang badhe kakarsakaken maos kitab….utawi sanesipun bilih, dereng sged osul kados pundit cepakipun mongsa sageda methek karsa dalem,tur anggenipun sinau kitab tepsir wau dereng tamtu bilih kasil sataun, mila kula angaturi prayogi dhumateng para abdi dalem pamethakan ingknag sami taksih kaupetan ing kawruh mugi sami karsaha sinau wawatoning tembung Arab kdosta: Nahwu, Saraf, Mantek, Minkal, Ngarul, LUgt, sapanunggilanipun, kang wit bilih sampun sgged wawatoning tembung Arab wu kados-kdos badhe bdhe boten kewran atasing maos kitab dalah murad suraosipun pisan, sanadyan kitab ingkang dereng nate kasumerepan inggih ugi saged maos sarta sumerep murad suraosipun, awit sampunsumerep inwawatonipun, upminipun tiyan bilih sampun saged dhaeng wawatoing tembung jawi kadosta: Pramasastra, wyakarana, Bausastra kawi, sapanunggilanipun, punika badheya maos serat punapa sanadyan serat ingkang derneg nate kasumerepan inggh tamtu saged sasrta sumerep suraosipun, o sampuna wonten karsa dalem mengkaten saestu para abdi dalem pamethakan kathah ingkang sami kalajeng-ajeng anggenipunkabesturon manahipun katutupana ing kamukten ingkang lumeber sakingsih kamirahan palamarta dalem ingkang sinuhun,mila dangu dangu ingkang kula tetah inggih abdi dalempamethakan, kasangeta anggenipun lembon manahipun kecanen anggenipun ngraosaken endeming kapriyayen,ngantos kasupen anggenipun marsudi ing kawajibanipun, boten kengetan bilih anggenipunkaabdekaken punika, parlunipun

kakarsakaken andongakakaken wilujenging karaton dalem gemah arjanipun nagari dalem tata tnetrmipun prja dalem panjangipun yuswa dalem, jumenengipun panggalih dalem angrenggani ing suka kasenengan, mila pamhi kula mugi lestantuna ing slaminipun karsa dalem nimbali para pamethakan wau supados samiya nglilir manahipun ingkang lembon.
Kula angaturiprayogi malih dhumatengpara abdi dalem ingkang sami kakarsakaken maos kitab wonten ngarsa dalem ing Langenarja, mugi sampun sami ngagem makna cara ing pasantren mindhak angel suraosipun, prayogi angangge atetembungan ingkang anetepi wawatonipun tembung jawi anggeripun boten ngewahaken suraosing lafal, supados sakeca kamirengaken sarta gampil suraosipun andadosaken suka senenging panggalih dalem ingkang sinuhun utawi para priyantun agneg ingkang sami andherek miringaken wonten ing ngarsa dalem. DYANIDHARYWA.

O rak angel nun anjarweni kitab niku, tembung ing kitab niku sanes kalihan tembung ingkang kaange ing padintenan tiyang ingkang kenging binasakaken sampun ahli,inggih kathah ingkang asring kodheng ing murad tuwin maksudipun ingkang kathah-kathah niku rak naming gathuk rungon tular tinular kemawon sumongga kagaliha kadosta: imam keblat sakawan punika, sami amangku sareatipun kanjeng nabi rasul dados maligi naming sareat satunggal kenging punapa sami anggadhahi pamanggih piyambak piyambak mongka abdi dalem pamethakan punika pancen anmungkantun ambetipun kemawon kados ingkang mengku adil inggih boten kakilapan saha agung ing parimarma. (Juru gubah).

CANDHAKIPUN RIADI PANARAGA

Janma-janma satuhu, sinungan kedhok neh-aneh agung, kang sinepa kaedya nyang kasakan dhemit, gigilani warnanipun wonten ingkang sarwa godhong. Sinjng rsukanipun wonten konteng wulung, wonten ing kang arwa ijo. Wonten bit wonten wungu, wonten jaler miwah wonten dadu, warna-arna wonten sinjang wulu sami, pating galidrah kadulu, miwah sami ting paregol. Jajolen isinipun, kethek jiningga sami sinangsarung, jejolenan malih isi windadari, tandhak binusan murubah sadaya sami ginotong. Busanane sadarunm, sinau sami-sami wilis bajunipun, teka dumling dhasar pinilih kangkuning, mandul madul lampahipun, keksi sami ting parelok. Busananing priyantun, para wadana lan onderipun, mantra mantra sadaya sami klinteni, prajuritan palangipun, numpak kuda ngagge songsong. Ngirit tontonanipun, para wadana kang sami besus palang bekel denetur ponang kulambi, kabeh sutra warna wungu, kadya tengu araraton. Sapal kapara langkung, dereng telas tontonan kang pungkur, rame oreg sapraja wong niningali, prasasat kadi susulung, untabing janma nanonton.Gumeledheg gumaludhug, nganti peteng samadyeng lulurung, lebu meleg kaambah gunging lumaris, swarane lir gunung gugur, wimbuh gmelaning reyok. Balebegi kang ngruku, sangking gungira ta rebang angklung, salomprete arya srining pamiyarsi, lamat-lamat swaranipun, kadya panjriting wong wadon. Solah ingkang dudulu, ngalir ngidul nut salampahipun, kang tontonan prasasat angering-iring, smarga sangsaya wuwuh, wonten kang miyat sitembok.wonten kang mangkruk-mangkruk, wonten kang menek wonten aneng pintu, praanodya wonten ngintip aking panti, wonten sing candhela dulu, waket jaja manglong-manglong.Kasunar jwalanipun, kanang baskara kang arsa surup, payudara kapipita lundhakaning, candhela mendhek kadulu, gumbyar meh meh macothot. Pukul nem praptanipun, ing lun-alun Temugelang kumpul, nulya bibar malemipun Kemis Paing, pasanggrahaningpriyantun, sadaya rame swareng gong. Smi pating carengkung,

anggaladhi ing tontonanipun, janma miyat midar-mider wira-wiri, jalwestri angemban sunu, gunging janma nganti ewon. Dupi wus pukul wolu, para pratiwas wus sami kumpul, marak sowanmaring dalem kabupaten,amawa tontonanipun, pinilih kang elok-elok. Yeku wadana slatung, kang limpat karya sengseming kalbu, tontonane aneh-aneh becik becik, kang wiwit majeng rumuhun, palwa ga papat jajodhon. Pinulas wulanipun, ngangge kotang rasukan sesarung, cinalanan panji panji warna abrit,dene kang mong kestrinipun, sami ing nganggenan oto. Cinancang lan pinecut, janma kalihkang nyepengi pungkur, kalih pisan kinembar ingkang kulambi, sami ageng alitipun, arasukan sutra ijo. Gamelan kendhang kempul, boning lan keprak palwa ga catur, sami ngadeg ambektsa prasasat janmi, kekalih pawestrinipun, kadya taledhek sayektos. Sarisik mager timun, miwah anglayang dene kang jalu, kadi badhut lincak-lincuk sarwi ngliling, tansah denya manggut-manggut, lengak-lengek gela-gelo.Saben gong pacak gulu, srwi mere amewahi patut, kapiyrsa kadi senggaking sujanmi, irih alus swaranipun, ungeling palwa ga wadon. Saben kang gendhing suwuk, catur wanra arangkul rinangkul, bung-ambungan lir cara caraning janmi, weh ebat ingkang dudulu, gumer gujengena nonton.Kethek sawusing mundur, nulya kekajen kehipun atur, ngangge kedhok wacucal bendhung kinardi, cemeng warna dhiwut-dhiwut, agagodheg jenggot berngos, Sasrebanipun pingul, rasukan jobah pethak sarwa landhung, nuyepeng trebang sami dhikir asasingir, dhanadhana rekanipun, gela-gelo anggembelo. Nulya natan ndhak tumut, sami catur ambeda sing pungkur, dupi kaji uninga tandhaksing wuri, tandya santun beksanipun, kadi badhut ing paregol. Sarisik mager timun sasingiran temah dadi pantun, cara Mlayu angereki catur ringgit, srebane kabeh jinabut, den sinungken mongka tembok. Mungkantun ingkang kethu, saya berag solah tandangipun, gujenging wong kadya angrubuhna langit, catur kaji wus nya mundur, prasinoman kang gumantos.//ndra//. Taksih wonten candhaipun. Widayaka.

Ongka 38, Kemis kaping 23 Oktober 1879

SURAKARTA

Wisudhan kala ing dinten Isnen kaping 20 Oktober punika

1. Raden Mas Panji Kartadirja Santana Buyud dalem putranipun swargi Raden Tumenggung kartadipura kawisudha dados Abdi Dalem Manri Kabupaten GEdhong Kiwa,kapatedhan nama Sarta sesebutan Raden Ngabei Kartamartana, akalayan lenggah siti dhusun caah 5 jung.
2. Raden Wigyasantana putranipun swargi Raden Tumenggung Martawadana Abdi Dalem bupati pamaosan Klathen kawisudha dados abdi dalem Mantri Gladhag Gelenganing Kabupaten ngajeng, kapatedhan nama Sara sesebutan Rade Ngabei Jagasarjana, paring dalem lenggah siti dhusun caah 4 jung
3. Mas Ronggaarja Pranata abdi dalem mantra Polisi kabupaten Gehong Tengen kapatedhan ganjaran dalem lenggah siti 5 jung, sarta kapatedhan sesebutan Angabei.
4. mas Lurah Prawira Mlaya Abdi dalem lurah Niyaga, kawisudha dados abdi dalem demang wiyaga, kapatehda nama sarta sesebutan mas demang Guna Sentika, akalayan lenggah siti dhusun 8 jung, sami jungjungan ing Surakarta.

Raden Ngabei mangkudiwirya Abdi Dalem Mantri Bumi, kaundur saking Kalenggahanipun waris boten kagentosaken.

Mas Ngabei Kartatiyasa Abdi dalem Mantri Gedhong Kiwa, kaundur saking kalenggahanipun ugi waris boten kagentosaken.

Salebetipun mongsa benter punika ing kampong: Ka, kula sumerep sampun rambah kaping kalih kathah tiyang pating balulung, jalaran amireng sabawaning cerek cerek awit saking pandameling tiyang anggodhog lilin miwah soga, bludag dhateng latu lajeng mubal, lah ingkang makaten wau sarehning angineipun tansah angidig saestu adamel sumelanging manah, amila mupung dereng kabancen prayogi para ingkang remen anggulawenthah lilin sasaminipun mugi angatos-atosa kalayan nastiti, supados anyepenaken bancana latu.

Kawartos ing wradinan ageng, sacelaking kampugn Amungthrusthan Surakarta, wonten rare estri watawis ngumur 7 taun panuju dolan pinggir wradinan punika lajeng katrajang kareta andhong dhateng sepur, ngantos anandhang tatu sirahipun penal, saknalika rare wau botenenget, saking ciptaning para tyang kathah, kajawi dereng kasurupan ing takdir, boten saged ananggel panjanging umuripun rare, awit aningali tatuning sirahipun anggigirisi, wondening kusir ingkang nglampahaken kareta kaladosaken ing kapulisen, bokmanawi badhe kapriksa ing ngarsa rol, O allah katarik welasing manah aningali ujuding rare, ngantos angwontenaken pupuji, bok inggih pun kusir saged angsal paukuman awrat,margi kajawi dosa kirang pangatos-atos bok manawi kenging kaewokaken nerak udnahng-undhang bab tiyang anumpak kareta, kapal sasaminipun (kintunan)

Kala dinten malem Senen tanggal kaping 4 wulan Dulkangidah taun Be ongka 1808 wanci pukul tiga dalu, griyanipun tiyang nama Ja Wikrama ing kampong LUmbung KIlen kalebetan durjana pandung, medal ing konten ngajeng, ananging Ja Wikrama kaleres anglilir miring anggenipun bucal kancing sang pandung wau,Jawikrama andugi bilih griyanipun kalebetan pandung lajeng prayitna sarta anggugah kancanipun tilem tuwin asikep dadamelipun waos pusaka saking luluwuripun lajeng andingkik wonten ing tretepan pojok ing griyanipun wusana Jawikrama sumerep sang pandung

amedalaken sawung, lajeng dipun sapa dhateng Jawikrama malah mlajeng diun purih nutut badhe dipun cepeng maksih mlajeng kemawon jawikrama kaliyan ngetutaken mlajenging pandung sareng dumugi sakilening sitinggil Jawikrama anandukaken kanepsonipun, pandung dipun ancari mawi waosipun pusaka, kaprejaya iga wekasaipun kang tengen ananging pandung taksih saged mlajeng rindhik-rikan, wusana lajeng dipun tampeni tiyang patrol ing ngalun-alun sang pandung dipun waos kenging pulung manahipun lajeng andhawah pejah kapisanan, ananging mawi tilar suwanten makaten, Ya borot ususku, sapejahing pandung ponang pulisi RadenRonggawirya pranata rawuh, aniti priksa pandung kan gpejah wau sarta sanget pangungunipun dene sang pandung sudhah trelalu tuwa, untunya sudhah abis semuwa, sareng smpun terang papriksanipun ponang pandung dalah Jawikrama lajeng sami katur dhateng nagari. (Kondhestu).

Tiyang dodosan, anama Resa Setika, gagriya ing dhusun Gegunung dhistrik Nguter Sukaarja, ingkang kadhawuhan karampunganipun pangadilan dalem Pradata Ageng kedah kapatrapan ukum kisas jalaran saking kalepatanipun sampun amejahi marasepuhipun jaler setri, sarta anatoni semahipun pyambak sami sarana dadamel dhuwungsarta bednho, dosan Resa Setika wau sasampunipun dipun paringi uninga,lajeng adarbe atur kawrat ingserat panuwun konjukipun ing sahandhaping sampeyan dalem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan sarta kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur Jendral,mugi awakipun pinaringan a pangapuntenlinepataken saking paukumanipun kisas.
Kawartos ing mangke panuwunipun REsa SEtika wau kaparengaken sarta namugn kalintu paukuman karya peksan laminipun kalih dasa taun mawi karante, milanipun panuwunipun REsa Setika kaparengaken amargi wonten nalar ingkang nelakaken nalikanipun Resa Setika anandukaken pialanipun: saweg salebeting nandhang sakit benter.
Bab punika radi wonten titika aneh ingkang adamel ngunguning manah, jalaran ing sasampunipun kamirengan manawi resa setika kaparingan pangapunten saking ukumipun kisas: para warisipuningkang pejah ugi ipenipun dosan REsa Setika pyambak sami pepe ingngarsanipun parentah nagari, anebut botennarima, manawi resa seitka boten nemahi kakisas aluwung awakipun pyambak dipun belakna tiyang sepuhipun ingkang sampun ajal ngantos saben dinten parentah bosen anggening nyerepnyerepaken dhaten gwaris wau, ananging meksa adreng drueoloning sedyanipun ingkang aneh, ngantos andadosaken gugujengan saupami kula pacaka sadaya wonten ing ngriki bab punika amasthi langkung wartos kirang papan, cekakipun bok manawi tiyang wau sampun gumolong sulanging mangretosanipun dene para waris wau sapunika lajeng sami mundur mantuk ing griyanipun bok bilih sampun andadosaken maremipun ing pamanggih, ewadene kilapmunawi sanes dinten lajeng thukul malih druwoloning manah ingkang aneh wau. (kintunan).

Kala kaping 9 September taun punika tiyang nama Rana Setika ing dhusun Tulas bawah dhistrik Taraman Kartasura, watawis saweg ngumur 26 taun, ing dinten wau jam 2 siyanganuju menek kalapa deres saweg angethukaken bumbunging legen klapa ingkang dipun deres wau kasamber ing gelap saking sangeting kaget lajeng gregeli dhaahing siti,sanalika andadosaken ajalipun Rana Setika (kintunan).

Kala kaping 10 ugi wulan September kapengker punika, tiyang anama Irasana ing dhusun Kalen dhistrik Samdhung Macan Sragen, ing dinten punika wanci dalu panuju nglilir saking angggenipun tilem kaliyan estrinipun lajeng mituruti sedyanipun ngupaya kanikmatanipun saatawis sami ambakar pisang sarta jadah wonten ing latu badhiyang salebeting griya, dereng ngantos mateng pambakaringjadahsartappisang, iIrasana jaler dipun sanjata denign durmruka saking jawining griya, anandhang tatu mimising sanjata kaprenah pilingannipun butul sacelaking githok sami sanalika Irassana dados ing ngalipun.
O, boten kadosa dene sampun eca-eca tilem teka nglilir ambabakar, nuruti aluamah wasaa dereng ngantos kamamah nemahi pejah. (kintunan)

Kala kaping 27 Sptember kapengker punika, ing bawah kabupaten Kalathen katrajang prahara ageng,kathah karangkitri griya sapanunggilanipun ingkang risak sarta rebah, ing dhusun tule caah ing griya ingkang ebah 12 iji, ing dhusun Jambon 8 iji, ing dhusun Batu Urip 4 iji, sami payon atep balungan kajeng taun utawi jati, begja dene boten ngantos wonten tiyang ingakng kasangsaran saking kyai Prahara wau.
Kala kaping 30 Sptember 19 punika ugi, anakipun tiyang nama SAwidrana ing dhusun Kenalan bawah dhistrik Kalisoga Klathen, kacemplung ing sendhang sacelaking dhusun ngriku, dados jalaraning ajal, ujaring padhusunan rinojoging gugon tuhon bokmanawi ajalipun rare wau katedhak kyai ing dhemit ingkang tengga sendhang, ananging nalaripun among malah saking katuwuken anggening dhahar toyaning sendhang.
Kala kaping 10 wulan Oktober punika, wanci jam 11, siyang tiyangina anama ciyo, babauning prembe panyadening tike ing Tlawong dhistrik Koripan Bayalali, lumampah badhe malebet taker tike, mawi ambekta arta 50 rupiyah sarenglampahipun dumugi lurung sawetan dhusun Pendhokan Bayalali kabegal ing durmruka, caahing tiyang begal kakalih, saran kagapyuk wenyedan loombok jemprit sasampuning arta kplajengaken dening upn begal wau, Ciyo teksih kengetan tresnanipun dhateng artanipun botenketangmeremmripatipun ananjuk-anjuk ambujeng pun begal mawi bengok-bengok nedha tulung, sumelanging begal arta 50 rupiyah kabual teksih jangkep,
Inggih punia tondha yektinipun Wiraosing ucap-ucapan sapa kang banget dhemen iya didhemeni sanadyana warniya arta utawi barnag, kados pun Ciyo wau.
Nalikakaping 11 wulan Oktober punia tiyanganama Sawijaya ing dhusun Kenthong Bayat histrik Kalisoga Klathen panuju lumampah wonteninglurung sakilening dhusun Tegalreja Klathen marengi jawah deres pun Sawijaya tatu ing githok sarta bokongipun ingkang kiw gasong, Sawijaya sanalika dados ajalipun.

PANJURUNG
Kula miring biih pandamelipun kapatreg ing Grompol sampun rampung mongka sampun pinten taun laminipun ing lepen Grompol wau boten mawi kapasangan karetek awit kamanah tanpa damel amargibiih lepen ing Grompol ageng toyanipun amasthi saged andhadhalaken kareteg wau, anangin gsareng kanjegn raden adipati Sasranagara atindak pribadi, amarengi mirsani radinan ageng ingkang anjog dhateng ing Ngawi, lajeng kagungan pamanggih bilih pakewed wau kenging dipun oncati, pramila lajeng andhawahaken parentah dhumateng abdi dalem arsitek tuwin Bikar, supados anglaksanana pamanggihipun wau, ngantos kalampahan kareteg wau ing mangke sampun dados sadaya tuwan tuwan ingkang sami medal ingngriku, dados

saged anyipati piyambak sami angalembana dhgateng panggarpaipun ing kreteg kula inggih amangayobagyani makaten wau, ananging saking pamanggih kula piyambak ingkang pancen pantes dipun alembana rumiyin inggihpunika panjeneneanipun kanjeng raden adipati Sasranagara, ingakng saking kencenging panggalih ngantos saged anuwuhaken pamanggihipun sapinten ta pamuhi padonganipunpara alit ingkang sami gagramenmedal ing ngriku, sirna rakaos saged cancut inglamapahipun, benjing ing dinten akad ngajeng punika, kanjeng raden adipati bdhe tindak dhateng ing Grompol karsa amirsani saha ambikak kareteg wau nuntenkaanggenipun dhateng ing ngakathah menggah rawuhipuningkang kajujug ingpasiten pamaosanipun yuesn Dhabo, sakingpaartosipun sadaya wau mawi pasamuan. Katur nalikawulan Dulkangidah tangal kaping 5 angkaningwarsa sinengkalanan mangesthi pamidiking sarira iku.
Pun Bagus Suyasa.

YOGYAKARTA
Nalik ing dinten Kemis tnggalkaping 25, wulan September, wanci jam,5sonten, jawahipun rgi deres, griyapandhapinipuntiyang anmi Jagapati abdi dalem panakawan ing Pakualaman sarehing griya sampun sayah anggenipun ngadek salaminipun waktu wau karsa sareyan angerbahi dhateng bok jagapati kalayan anakipun alit-alit 3 iji, wondene Jagapati jaler sawek pinuju ngluruk dhatengkambengan puyuh ing Pakuning Prangan, sareng kasusul dhateng tiyang nami padmasari anyukani pirsa tembungipun makaten, griya sampeyan sapunika rebah,pun uwa estri karebahan jagapati kagetipun sanget lajeng lumajar mantuk sarta wicanten e cilaka aneh, tiyang ingkang wonten kambengan sadaya bibar lajeng sami tandang, sadhatengipun jaga pati jaler bok Jagapati kalayan anakipun tiga sampun sami kapidhaa lajeng kabekta dhateng pawon sami kapulasara kausadan rahayunipun kawula teksih ginanjar umur panjang lare tiga wau lajeng sami waluya, naming bok Jagapati dumugi sapunika teksih karaos sakit (Darmawarsita).

Cacriyosanipuntiyang tani taun Be, 1808 ing mongsa katiga, kathah jawah taun Botenlimrah tiyang tani sami bingah tegilkapethal dadosaken sawah.
Nulya
Jawah angonoti pantun kang katanem sami mati
Tiyang sami bribes mili margi boten wonten kang kaentosi
Tiyang lajeng:
Sami mutung, tegil kapethal toh otot balung,
Balik kataneman jagung, amurih angsalipun untung.
Ugi
……..ananem katela kawestanan Amat Marekan
miwah Raden Kasepa: katiga rendheng kenging kajagekake utang ugi dados ganjelipun tiyang luwe.
(Darmawarsita).

Candhakipun Riadi Panaraga
Sangsaya ambatu rebah, gujenge kang nii Ngali, badhut papat langkung kewat, rerebatan lawan kaji, saru laman winarni, ing sasolah tandangipun, pinugut kang carita, sawusing amundur sami, nulya mijil juga….tandhak. Bok Ajeng Dilem anama, tuhu musthikaning….estri, sedheng dedege pideksa, pamulu jatmika manis, kewes

dhemes sakalir, sing dadya kakembangkidung, lir gambar wawangunan, ngasorkensalir absari, prapratiwa malongo denya umiyat. Panandhakira wiraga, swara rum mamulet ati, agung denya nabet ulat sedhat sedhet nganan ngering, kumesar kang linirik, kadya pecat yitmanipn lungkrah sami sakala, satemah kandhutwan kingkin, sarwi nesek kang tumingal rebat ngarsa. Ucaping janma naningal, dhuh eman eman wong iki, dene teka dadi tandhak, tan sambada ing kawarni, pantes kawengku gusti, sedheng nama raden ayu, apese mring klangenan, lir ratih-ratih ing ratih, rencangira alon anambungi sabda. Saking pawartane kathah,nguneku dadya sarimpi, tuwan Gonlip Surakarta, nging murut temah mariki, marma endahkapati, parigel sasolahipun, kongsi dangu anandhak, dene sadaya priyayi, suka suka gathi tan widenya bubar. Dupi wus pukul sakawan, tengara maryem umuni, pratondha malem riyaya, pukul gangsal enjang gusti, kanjeng radian dipati, wus ngrasuk busananipun, angagem cara Arab, sangsaya awimbuh wingit, ngenggeng sugreng kadya resi Dewabrata. Pandhita ambeg prawira, karet pameran nitih, milor kuda brit sapasang, juga putralit umiring, kusir angangge teni, ingmasjid denira sujud, sagunging prangulama,para kyai para tabib, sasalaman sarwi anguswa kang ngasta. Kumrubut uleng-ulengan, rebatan ingkang dhingini, dhasar praja Panaraga, kasub gungipun ngulami,bapa babuning kyai, ing Tegalsari puniku, siti ageng mradikan, atusan kyai lit alit, kondurira kanjeng gusti pukul sapta. Wau ta rarenggan jaba, palataraning pandhapi, saingga dugi pasowan, pinggir lun-alun rinakit,jajarran rontek pipit, kawan kaki longkangipun ing kanan kering marga, dugi ing pasowan jawi, nulya mrapat jajaran rontek atusan. Tengah lun-alun martiga,marga kang dumugi loji, ngidul ngetan ing pacinan, kang ngilen maring jro masjid, ngidul ngilen dumjugi, ing poncad pojok lun-alun, kang nyepeng rontek jajar, Jagabaya saking dhistrik, busanane sadaya kinarya racak. Angangge salempang pedhang, sangkelat langking plisir kuning, ana kang palisir reta, yen tinon amemedeni,bekel sami nindhihi, dodotan angangge kuluk, sadaya bangun tulak,dodot bekel Panaragi,lurahira kaote apapayungan. Abrit sineret parade, ing pinggir ngandhap tigang dim, ing lun-alun ambalabar, tontonan jibeg rumanti, ing kanan kering wringin, sengkeran denira kumpul, lun-alun dhasar pelag, wimbuh sriden busanani, tengah tengah saler waringin sengkeran. Pinanjeran ing bandera, kinerek manara inggil, kaledher katingalan, lir kukuwunging wiyati, regoling kabupatin, ing jero lan jawenipun, pinanjeran bandera, umbul-umbul kalih supit, palataran kabupaten kerikanan. Sinungan pucang-pucangan, kacuri nenteng ing nginggil, galugune ageng panjang, rinampelas den lengani, marma lunyu kapati,kalih sisih denira sung, nengen na ing pandhapa, pitrah dalem wus rinakit, linuruban oranye ing sutra jenar. Dene panunggalanira, pitrah ing wayah lan siwi, Santana abdi sadaya, linuruban wastra putih, aneng tengah pandhapi, sakingler muur mangidul, jibeg kang upacara, kang arsa angering-iring, pukul asthapraptane ketib sadaya. Pangagenge ketib lurah,miwah marbot lawan modin, kang ngarsa angering pitrah, lampahe den iring-iring, upacara bupati,jajaran sami tutpungkur, anggarbeg kanang pitrah, sarwi sinongsongan kuning, agem dalem kang jeng gusti Panaraga. Warnaning kang upacara,bupati pangkat dipati, kang waos ngawin ta tiga, sodor bawat anyatuggil, sanjata ngawin siki, sajuga kandhaganipun, padha aran satunggal, lante uga mung sawiji, kakarungan turonga ingkang sakawan. Epok pakecoan juga, gapit bumbung anyatunggil, semambu uga sajuga, ampilan pedhang kakalih, tameng kekalih sisih, dadi gugungipun catur, songsong waos gem juga, panurung sekawan sisih, dadi astha sarta pangiringing janma. Tridasa catur sadaya, nanging kang kinarya ngiring, ing pitrah panora kathah, mung pinet kang pantes sami, dupi jam sanga enjing, angkating pitrah gumrudug kinurmatan pradongga cara balen ingpandhapi kanthi dipunurung-urung ing samarga. (taksih wonten candhakipun). Widayaka.

Ongka 39, Kemis 30 Oktober 1879

Kulawisudhan ing Yogyakarta
Gusti Pangeran Arya Suryengalaga, angsal patedhan dalem klilanngagem cara Walandi,pangkat mayor Pansetap.
Raden Mas Mujana, putranipunjaler suwargi Pangeran Arya Adinegara, dados Ahli waris pangkat bupati anom perangan reh kadipaten anom apatdhan nama Raden Yumenggung Mangun Kusuma, lenggah sabin 12 jung bayar 52 ½ rupiyah abrit sawulan.
Ngabei Singa Prawira, panewu Macanan anakipun jaler Tumenggung Ranadireja, ingkng sampun ngajal, sapunika dados ahli waris pangkat bupati anom perangan kumisi lair, tetep nama tumenggung Ranadireja,lenggah sabin 12 jung, bayar 52 ½ rupiyah arit sawulan.
Raden Tumenggung Patmadipura, bupati anom panumping rehning sampun sepuh, kaliyer dados bupati reh kadipaten anom ingkang gentosi dados bupati panumping, raden Riya Lobaningrat.
Raden Mas Mugiya, anak iiunjaler raden Riya Suryataruna, ingkang sampun seda, sapunika dados ahli waris pangkat Riya, perangan lurah kusuma putr reh kori, tetep nama Raen Riya Suryataruna, lenggah sabin 5 jung, bayar 17 rupiyah abrit sawulan.
Polisi Dhistrik ing Kreteg bawah Bantul Kadireja, kaliyer dados panewu miji, reh kapatiyan nama Raden Riya Kertaatmaja, lenggah sabin 5 jung, bayar 17 rpiyah abrit sawulan.
Panewu kabupaten bantul Kadireja, Raden Ngabei Sumadirja, dados pulisi ing Kreteg nama Raden Panji Jayaatmaja lenggah sabin 6 jung, bayar 12 rupiyah abrit sawulan.
Panewu kapatiyan kaliyer dados panewu ing Bantul Kadireja,nama Raden Ngabei Jayadireja,lenggah sabin 3 jung, bayar 7 rupiyah abrit sawulan (Kintunan)

SURAKARTA
Manut panjurng ingkang kasebut ing BRamartani ongka 38 nalika ing dinten Akad Kanjeng Raden Adipati saestu tindak dhateng ing Grompol arsa ambikak kareteg enggal kaangenipundhateng ing ngakathah, tiyang alit mawi dipun tayubaken.
Kula aningali bilih tiyang monca sami manjurung wedhi dhateng ing karaton ananging kula mesakakenpara tiyang wau ing pamendhetipun wedhi teka mawi dipun rusui para bajingan mugi para wajib akrsa anyaruwe lampah resah wau.
Ing serat pawartos Surabaya angwedharaken bilih ing kampong Sepudan pasar Kaliwon salompretan tuwining kampong Tambaksegaran punika smi panggenanipun agugulang tiyang awon awit ing pakampungan wau panggenanipun tiyang angabotohan ageng.

Pawartos bab tatelanipunkatulaning piala
Menggah pangungsedipun katerangan, parentah nagari bab pejahipun tiyang dodosan anama Paguna ing dhusun Plumbungan bawah Sela, igkang wonten salebeting kagungan dalem kunjara ageng ing ngriki kala tanggal ping 21 Sptember kapepngker punika, inggih punika ingkang pejahipun Paguna anyalawados boten jalaran saking sabab punapa-punapa, naming ing gulu tatu gosong.
Ing mangke sampun pakantuk katerangan saking paturanipun para donosan ingkang nunggil sakamar ongka 10 pejahipun paguna wau dipun kaniaya denign dosan anama Tidana sarana katekak gulunipun, menggah ingkang dados nalaripun sakawitipun pun Paguna kang sampun ajal dipuntedhani pitulung dening pun Tidana angupayakna

pirantos warni tatah, kanggge ambobol tembok supados kajurunga sedyanipun badhe miruda, amurihipun punika saran anyukani arta sarupiyah sumerep reregining tatah dhumateng Paguna, wasana paguna boten mujudaken arta katelasaken,mila kuwuhaken pamuringipun tidana, pun Paguna lajeng dipun pejahi wau.
Ing mangke prakawis punika saweg katindakaken wonten polisi. Dene pun Tidana punika lebetipun kunjara wau inggih saking prakawis raja pejah, ingang prakawisipun saweg katindakaken wonten pangadilan ugi, sarta pun Tidaa wau inggih punika sarayanipun Kramadrana ingakngmejahi Takrama kasebut Bramartani ongka 31.
Mila kula amumuji, tiyangingakng kados tidana mugi wontena karsaning adil yen ta limraha ingkukum pantes kapatrapana ukum sarana dipun tuweg gulu kakethok endhasipun katanjir, lah punika badhe anggigiris.

BATAWI

Kanjeng Gupremen sampun angwedalaken arta malihkathahipun 150000 rupiyah kangge waragad anglintoni regiing kewan ingkang sami dpun pejahi, awit kasramba ing sasakit makaten wau naming amanggangkah sirnaning sasakit kewan.
Raden Adipati Tirtawikrama bupatiing Japara, Residhensi Japara kapatedhan songsong jene, minongka ganjaran ing Bab kawekelan sarta setyanipun anggening anglampahi kawajibanipun.

JEPAN

Kawartos ing nagari punika kiran gseneng, katingal terang ugi badhe perang kaliyan nagari Cina prakawis pulo Liyukiyu, awit gupermen Japan dhadhawah damel sandawa sanjata tuwin mariyem langkung kathah. Minister ingkang ngasta prakawis salebeting praja ajuuluk Ito aminta reereh saking pangkatipun awit pyambakipun boten rena bilh Jepang andon yuda kaliyan Cina, tuwin Mikadho, raja Jepang among miring ken wacananipun para minister sanesipun kemawon nedya tempuk aprang kaliyan Cina, Mikdho sampun angintunaken minister dhateng Enggelan sarta dhateng Ruslan amasthi ngrembag prakawis perang wau.
Ing saestu andadosaken eram kados pundit dene Mikadho yitna dhateng yuda, mongka ing nagarinipun pyambak wonten onar sartra kacilakan, ing tokiyo wonten prayantun titiga dipun pejahi deing tiyang ing ngriku ugi.
Sasakit kolerah saya dangu saya sanget, satunggiling kampong ing Pauka enggenan tiyang 320 iji, ing mangke among kantun 20 iji, sanesipun sami pejah jalaran kenging sasakit kolerah wu, ing kampong sanesipun tiyangipun ingkang gesang among 2 iji, para tiyang monca praja ingkang wonten ing Jepang, ing waunipun boten kenging sasakit kolerah ing mangke ugi kasrambah, ing Yokohamah ing sapunika sampun kathah tiyang monca ingkang pejahjalaran kenging saakit kolerah wau.
Sakingpelapuranipun gupermen Jepan wiwit wonten sasakit kolerah dumugipundhating wulan Agustus tiyang ingkang kenging sasakit kolerah sampun 111518, iji, ingkang pejah, 50193 iji,
Andadosaken eram dene Mikadho teka boten mawi anggalihdhateng ingkang mangkaten punika, dene teka among amanyuka ing galih kemawon enggal punika mikadho adamel andon bojana ageng, ingkang prapta kasedhahan tiyang 3600 ing nalika dalu wau dilah ingkang kasumet wonten 70 ewu, padhangipun ngantos kados ing wanci siyang, sapinten kemawon arta ingakng kaeceh-eceh, mongka wos ing ngrika awis, kathah tiyang ingkang kaluwen. (kintunan).

AFGANISTAN

Bab titiyan gEnggris ingkang kapejahan wonten ing Kabul nagarinipun ageng ing Afganistan wartosipunkados ing ngandhap punika:

Pamralaya punika sawenehing kacilakan ingkang nagari boten saged anjagi utawi amambengi, salebetipun Mayorka Pangari pangagenging Cundaka gupermen Engggris wonten ing Kabul titiyang ing kitha sami angajeni ing sapantesipun sarta mayor wau amimitrankaliyan Amir Jakuphan saya lami saya supeket, manawi ing wanci sonten mita sakaliyan anumpak kuda akakaring ngantos dumugi sajawining kitha ananging kapasang yogi ing nalika tiyang Enggris punika prapta ing Kabul ing nagari ngriku kadhatengan kacilakan asring wontenlindhu ingkanglangkung sanget ebahipun ngantos andadosaken rubuhing griyagriya, wasana lajeng wonten sasakit kolerah, mindhak dinten mindhak sanget ngantos wadya pinilih ingkang ambaureksa Emir wonten ingkang pejah 200 iji awit saking kasrambahing saasakit kolerah wau, saking panggagasing tiyang bodho bab punika bektanipun titiyang Enggris.

Akathah unta dhateng saking Benggala amawrattetedhan sarta barang kangge para tiyang Enggris ing Kabul titiyang Afganistan sami wicanten bilih kewan wau ambekta babata sarta jimat jimat kangge tttiyang Enggris tuwin malih wonteningkang ambabolehi dahteng tiyang bodho wau, mila lajeng sami pitados dhateng ujar ingakngpancen sepen jatinipun.

Anuju ing wanci dalu tiyang Afganistan atusan dhansahipun saking sajawining kitha Kabul dhateng pakuwoning tiyang Enggris sarta amejahi mayor kapangari tuwin para kanthinipun kados kasebut ing telegram ingkang sampun kacublik ing serat wartos. Pancen sampun rumiyin angggenipun Seri ali bapakipun Jakuphan suka sumerep samasa titiyang Engggris manggen ing Kabul ambok manawi dipun pejahi dening titiyang ing ngriku. (kintunan).

Sakilening dhusun ing tuna….. lari Ngayogyakarta, wonten ……..lebet, lepen wau saben banjir……toaken medal selanipun a….anggenipun mastani sela Krepu , warninipun pethak….nggal mawi mancorot lir pendah slaka sinangling, bilih…….wis sawulan warninipun malih semu biru, bilih mawa……surya tuwin kakum in gtoya, warninipun abrit sae……sela wau waweratipun sami kaliyan timah, ananging bilih dipun ….sakalangkung gampil ing nglebet mawur kados wedhi, sela wau bilih pun ben sami bangsanipun medal latu kados sela api dipun thithik mawi waja.

Saking inten kula saderengipun banjir tuwin siti longsor, sela wau pancen kapendhem ing siti, utawi manawi kapirid sakin gkathahipun memper sela wau papelikanipun siti ing ngriku.

Kula sampun asring yobi sela wau kula bubuk lajeng kula dekek ing kowen lajeng kula besem ing latu sarta kula udhek sareng sampun ical ambetipun ingkang kados walirang, ingkang ngandhap piyambak dados timah kalebet kathah, ampasipun ing nginggil wedhi, creiyos kula punika naming sawantahipun kemawon, boten ngirangi tuwin boten mewahi.

Ingkang makaten wau bilih wonten karsanipun kanjeng gupremen utawi para tuwan angyasani murih medala timahipun ingkang kathah, kinten kula sakalangkugn prayogi.

Kajawi saking punika kula nyuwun saserepan dhateng panjenenganipun mas Nawung Kridha, ingkang asring ngunculaken kawruhipun dhateng Katur Kindhe, menggah selaingkang mengkaten wau kadadosan saking punapa mas Nawung KRidha mugi andhangana paring seserepan sarta amratelakna pratondha yekti ingkang

angencengaken pamanggih, ananging mas Nawung KRidha mugi sampun seling serep,sabab manawi kula ngantos paben mindhak dipun dukani lurah kula: Raden Riya Danu Atmaja ing Pantog.
Katandhan Demang Jaya Santana ing Kapiton.

Wangsulan
Leres karsanipun Juru gubah tembugn Arabpunika angel awit tembung padintenan sanes kalih tembung ingkang kapacak wonten ing kitab malah tembung ingkang kapacak wontening kitab punika pancen alus kados tatembung Arab padintenan (Fin) tegesipun ana ing ngendi, punika upami tembung jawi prasaasat tembung dipun wancah, wetahing tembung, ping aeng, tegesipun ping ana aen(ain) ing ngendi, mila atur pamrayogi kula dhumateng para pamethakan, mugi sami karsaha sinau wawatoning tembung Arab naming supados kawruhipun bilih dipun….lur-ulur sageda panjang, utawi dipun jereng-jereng sageda wiyar, boten ta, yen badhe utawi mirib kaliyan imam Mutahid sakawan ingkang sami ngampil sarengat rasulullah minongka pujangganing agami Islam, para pamethakan wau namig wontena ambet-ambetipun sawatawis kemawon sampun pinten-pinten saiba sukaning panggalih dalem gusti kula ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan bilih para pamethakan sami saged maos kitab,tur ingkang ngasta panguwasa inggihmong sakiranga palimarma, ananging ingkang katandukan palimarma wau bok inggih sampun sangeten anggenipun ambeling, malah ing mongsa sapunika anakipun ketib ngulama sampu limrah ingkang sami dipun gulang bangsanipun pathenthengan anggeripun sampun ngangge timang inten sarta,,,dhanganipun sarwa sae sampun lega manahipun, saben dalu lajeng sami plesir dhateng Cayduan……ta sami agiyak-giyak ura-ura sisindhenan urut margi, rare pancen boten sumerep sudi ngaos ingkangsepuh inggih boten niyat badhe mredi, anggenipun mengkaten wau sa….dunungan pamanggih bilih boten cirri ing nagari anamtokaken badhe anggentosi…gah anipun ingkang sepuh, boten susah mawi kangelan ngaos, o, panjenengan ipun juru gubah kula aturi wuninga, limrahipun para pradikan ing dhusunkathah ingkang kacopetan ing kawruh bilih dimun purih maos kitab sampun prasasat endheg endhegan lempu,,,,, kawruhipun dhateng agami Islam naming anonpamireng, suprandene gadhah kandhutan angangge….ken agaminipun piyambak angungkuli agami sanes-sanesipun, lah kados pundit anggenipun boten agumunaken. Dyaning dharya.

Mongka ing sapunika nagari pancen sanget anggalih saged dipun kinawula abdi ingkang saged suprandosipun taksih kathahpara sepuh ingkang kabesaroon dhateng adapt kina, boten……..dhateng sato ter tuwins ali…….ing pasamuahan, menggah rare…..saged ayektosi dhaten gawon u…..jabanipun ingkang tamtu lajeng pothar-pathir.
Juru ngarang.

……Wiyang MOndraguna tuwin Wikuretna siliguci sami boten kappa…..watonaken sasebutan gusti naming hdateng lapuran ingakng kalantur…..pun konca dhusun paribasanipun melu grubyug ora idhep ing tembung: manira, pakenira, punika tembung karaton kaanggenipun bilih….tan ing ngarsanipun ratu, kajawi punika boten kaangge, ing sajawininpun apuri ka…….wonten ing dhawuhipun para agneg abdi nipun ratu mangandhap. Sasebutan gu……..punika ingkan wenang ngagen punika naming ingkang wajib anindakaken kukumullah, sampun den kedel samanten

kemawon oncok-oncok punika, dangu-dagu katingal betonipun mindhak boten prayogi.
Juru ngarang …(naskah rusak)

Candhakipun Riadi Panaraga
Kanjeng Gusti busana wus, Gruteni angagem kustim, akampuhankuluk manthak biru rsukan baludir, sikepan ageng sangkelat biru sepuh urut pinggir. Untu walang bludiripun, jongga jajalengensami, bludir jene sasekaran,oranye lawan wit eik, saingga mubengmangandhap, pinggir rasukan kang wingking. Kawan tengah wiyaripun, dim nederlan lengen kalih, ing pucuk jongga lanjaja, mangandhap mubeng ing wingking, kao tekang songsong jenar, bludiring jaja manginggil. Baleber mubeng ing pungkur, sumampiring pundhak kalih, wingking pegatipun astha, dim nederlan marma keksi, gumebar agebar-gebyar, ujwalanira mrabani,. Kadya renenggeng kukuwung, sajro pandhapa tuhwa sri, tempuh ing burcilan renda, wimbuh ukup pamen kuning,gagombyok boliyun jenar,kampuh parang rusak klithik. Blenggen urut pinggiripun, clana cindhe sekar ati, ing ngandhap tinepi renda, ingpasmen kawan tengah dim, dhasar kang ngagem sambada, wileting jatmika wingit. Tajem mring driya rahayu, angranggoni sadu budi, aris ing reh utamengrat,purnama wardaya wening, Kaunang-unang pinunjul, gunawan putus nastiti, amungkul ing kapujanan, raharja ayuning budi, denya sanes karengkrama, para marta sih ing dasih. Ahya gumebyar ngunguwung, angler diwangkara minging, sedhenge ujwalanira, maha dipaning narpati, abrari nenggeng sasongka, sorobing jaladiyaning.Mesem amanising semu, nawengi srining tatami, rumaba sengtribawana, maha redya mardun subbing, ninditaning diwangkara, kasangsayaning narpati. Nuringrat kabir ing dangu, mahadipayakup siwi, kamiduning pramudita, menggep mauyara bangkit, kari mangweh maker tirta, kang durdurjanengrat sami. Lenggah ing bangku amungguh, ing ngayap ing para dasih, pratiwanulya ngandikan, kang rumanti aneng jawi, gumledheg para punggawa, knag umanjing ingpandhapi. Gruteni sarwi kekampuh, sikepan ageng bintludir, kasonganing diwangkara, pating prangangah kaeksi, sakala sangyang aruna, surem ujwala katitih.Kalimputing prabaningpun, dupi manjing ing pandhapi, pepatih para wadana, onderwadana lan mantra, kumetir kopi sadaya, sami alenggah manginggil.Palang bekel denya lungguh, mring talon dhag ingpandhapi, sisih kilenprangulama, naib naib miwah ketib,wit pandhapa panaraga, plestere sinungsunkalih. Dhasar gung punggawanipun,kanjeng gustiPanaragi, angrangkep kekalih praja, samarata panaragi,marma keksi ambalabar,meh cuwak ingkang pandhapi. Sangking gungipun priyantun pepatih prasasat kalih kanan patih Panaraga, ing kering pepatih lami, wadana ing Samarata, sasirnaning pun nagari. Dadya wdana tinantun, patih purun anglampahi, nging busana mantra muka, lestari dipun idini, den angge marma katingal, pepatihipun kakalih. Manawi jang wijangipun, priyantuning Panaragi,pipitu ponang wadana, Asisten ongka satunggil, gunggunggungipun sadasa, deasisten nomer kalih. Muhung sanga kathahipun kolektur dak satunggil, ajung jaksa mung sajuga,pangulu uga sawiji, juga mantra kabupatyan, degunging kumetir kopi. Sadaya kathahe catur, mantra cacar amungkalih, mantra luhulu sajuga, juru seratingbupati, lawan jru nitraning daksa, onder kolektur nyatunggil. Kekalih jru serat kantur, ongka juga ongka kalih, sapta jrunitrawdana, juga jru serat kontrolir,mantra godhang kopi ongka juga sadasa gung neki. Kang ongka kalih kehipun, naming sakawan de mantra, gurukang ongka sajuga, puniku naming sawiji, mantra gurukalih ongka, uga anamung sawiji. Elep onder weser gungung, sadasa dene kwekeling,

mungkekalih kathahira, sadasa kadhastir mantra, dhokter jawi mung sajuga, gunggunggungipun priyayi.
Taksih wonten candhakipun Widayaka.

Ongka 40, Kemis kaping 6 Nopember 1879

SURAKARTA

Kawartos nalika tanggal kaping 19 September taun punika, dhusun Gondhangan dhistrik Gesikan,Klathen, tiyangipun sami anemahi sangsara, kaobrak-abrik ing durjana koyok, jalaran sareng pun durhaka sampun angsal barang griyanipun lajeng dipun besemi, saksana latu amubal ngantos abeleberi griya, 189 ingkang bebas, karugiyanipun kapetang gunggung, 11179 rupiyah, kalebet sirnaninng amal, o pintena ingakng naming sirnaning barang utawi griya, sanadyan sangsara nangingyen purun atheker-theker malih lami-lami saged wangsul,bilih pun Setrasetika, 2 pun REsa Setika, saestu inggih cures, awit umuripun ambelani samipejah sarana nandhang tatu, bok manawi saderenging kabesemen sampun pejah kaperjaya ing durmurka.

Ngayogyakarta

Nalika tanggal kaping 3 wulanRuwahingkangkapengker punika, wonten tiyangkalihing dhusun Tambak, wanci jam 7 sonten sami patrol gerdhu ing dhusun Dhalangan, dhistrik Sawang Arja, kabupaten Karang Kumuning sareng sampundumugipatrol lanngrikulajeng sami nabuh tengara kenthongan sami mapanlinggih, boten antawis dangu tiyangpatrol wau sumerep riyayi dhateng ing gerdhu cacahipun tiga,sarta mawi pitaken dhateng tiyagnpatrol, ewong patrol kancamu wong pira, tiyang patrolmatur, naming tiyangkalih, priyayi pitaken malih, ayo aku terna mulih menyang omahku, tiyangpatrol lajeng dherekaken, wasana sareng dumugi sak wetan dhusun Ngrandhu priyayi tiga wau musna botenkantenan, tiyang patrol kalih sareng ningali priyayi wau ical botenkantenan, lajeng bingung boten sumerep ler utaw kidul sarta sampun sami rumaos methangkrog wotnen wit randhu wana sanginggiling kramatan sangking sanget ajrihipun tiyang kalih sami ayon bengok-bengok nedha tulung, boten antawis dangu tiyang ingdhusun ngriku sami dhateng mawi bekta obor,sareng katingal tiyang patrol kalih wau methongkrong wonten wit randhu wana, lajeng dipuntulungi mawi ondha, tumunten tiyang kalih sami tumedhak pating garumut.

Hi githok kula lajeng marinding, wulu sami ngadek sadaya, mas dhemit ingkang mindha priyayi wau teka boten ajrih kaliyan tiyangpatrol punapa boten sumelangdipun aturaken dhateng mas Behi dhestrik utawi dipun aturaken dhateng ingkang dados patih kabupaten,saupami mas dhemit wau anggenipunngriridhu dahteng tiyang patrol repota dhateng kula rumiyin tamtu kula botensuka, sabab punika bilih mas dhemit kadengangan ingpulisi, boten wande tamtu kabalenggu utawi kadhawahan kang patrapan dhendha. (Darmawarsita).

BATAWI

Pangadilan Mider amariksaprkais kados ingngnadhap punika:

Wonten sawenehing tiyang Islam andarbeni sabin 2 kedhok awit saking nandhang kacingkrangan sabinipun ingkang sakedhok dipun gantosakensaha boten saged anebus anakipunjaler pambajeng jalaran saking kawekelanipun dhateng padamelan saged angendthil-enthil arta, ign nalika miring bilih sabin gadhahaning bapakipun wonten gantosan enggal makidhupuh wonten ngajenging bapakipun wicantenipun mangkaten: ra ma, sampeyan mugi welasa dhumateng kula, sabin sampeyan ingkang wontening gantosan kaparenga kula layoni, manawi boten mangkaten amasthi badhe kalajeng dhawah tiyagn sanes sudarma inggihanayogyani dhaten gpamintaning weak pambajeng, sareng sabin sampun dados gadhahaning weak lajeng wiwit dipun olah,

Kajawisabin wau sudarma inggiht aksih gadhah sabin malih cakedhok ingkang atepang wates akaliyan sabin ingakngsampundhumawah ing wekanipun sarehnine galenganingkang dados watesing sabin kakalih wau alikak-likuk tumunten kadamel lepang dening sudarma, nangingpandamelipun lempeng wu andadosaken kapitunaning sabinipun weak pambajeng, ila temahanipun lajeng dados ngudur, udur wau teka mawi damel serik sarta pangigit-inggiting manahipun sudarma, ingkang enggal angwengani dhateng awa nepsu, inggih punika aminta saraya dahteng tiyang ing dhusun Condhet supados amejahana dhateng wekanipun pambajheng, mawi dipun sukani arta pituwas 30 rupiyah, sarehne tiyangingkang sinambut andarbeni melik dhaengpituwas wau,inggihlajeng anyuwaweni,sang sudarma tumunten anandukaken lampah sandi, seengadi kenngkenan dhaten ganakipun amedhet barang dhateng ing dhusun Condhet pun weak pambajeng sarehne boten anypta bilih badhe dipun pitenah,inggih lajeng anayogyani, weak tumunten mangkat akaliyana adhinipun acanthi janma sarayan sareng dumugi ing lepen sacelaking dhusun Condhet tiyang tiga sami adus wasana tanpa saronta janma sarayan lajeng anyuduk dhaten gpun weak pambajeng ngantos anddosakenpejahipun karnanipun kairis badhe kadamel tondha, sadherekipun weak pambajeng ing nalika punika sanget bingung manahipun sarta apitaken dhateng tiyang wau, sabab napa dika amaten kakang kula, janma sraya amangsuli,kowe menenga bae, kang ngakon rak bapak mu dhewe, kupingiki arep tak tuduhake marnag bapakmu,dadiya tondha yen enggone ngakon marang aku amateni kakang mu wis kalakon jisimipun weak pambajeng kendhang saparandon wasana kapanggih wontening Kampong Melayu,sareng parentah ngupados katerangan saged angsal saking lare adhinipuningkang dipu pejahi wau.Yakti kang maos sadaya, akabyatan eram sami,deta wonten lalaksitan, yayah kadunungan wengis mentala amateni,mring sutane tuwajalu, kang mongka iradatan pisn pisan darwa sisip najan sisip apa taiya mentala. Karana ing reh kadyeka,mungukayatnaningjanmi, yen panoning rat puniki, ing sawastu akeh janma akeh cipta.

Serat kabar ingkanganama Batawiyahandel Staatblad angwartosaken bilih nalika tanggalkaping 27 wulan September nembe punika, kampong Cinaing Pontiyanak kabesmen wiwitipun latu amubal ing wanci sonten jam pitu, srepipun sampun langkung ing wanci madyanig dalu,menggah ingkang kobar rumiyin griyanipun sawenehing tiyang cina, sarehning nalika samangten anginipun pinuju angidit mila urubing latu lajeng andados ngalad-dalat temahankathah griya sami bebas dados awu, kapitunan kamurwat wonten 28 000 rupiyah.

PANARAGA, MADIYUN

Kala tanggal kaping 20 Oktober nembe kapengker punika nuju wanci dalu tiyang dodosan ing dhistrik Parang anama Sontadrana kadakwa mandung oncat saking kunjara sarana medal ing jandhela ingkang mawi ruji kajeng, mila jandhela wau ngantos kenging dipun margeni, jalaran rujinipun kabesmi satunggiling mangke tiyang dodosan sonteadrana dipun upadosi akalayan kenceng dening pulisi dereng saged kacepeng.

Kala tanggal kaping 27 Sptember kapengker punika bok Dhe, estrinipun tiyang ana,a EM ing dhusun Sawo bawah dhistrik Sawo,Arjawinangun kesah dereng genahing purugipun sareng kapadosan amarengi tanggal kaping 30 September pinanggih wonten ing guwa sacelaking dhusun Sawo wau, menggah dumuginipun bok Dhe wontening guwa jalaran kasingidaken dening priya badhanganipun cacah 3 iji, satunggil tunggiling priya anyukani arta utawisinjang.

Kala kaping 4 Oktober nembe kapengker punika, polisi ing dhusun Suren bawah dhistrik Bendungan anyepeng tiyang nama Pajaya ing dhukuh Pendhem awit miruda sakign paukumanipun.
Kala kaping 5 OKtober nembe kapengker punika, tiyanganama Singamerta ing dhusun PIkeran bawah distrik Jeruksing Kutu adhudhuk-dhuduk badhe damel kandhang maesa, wasana amanggih mriyem prunggu alit alit 5 iji, warninipun bagus sarta awig ing pandamelipun.
Ing salebetipun wulan Oktober nembe kapengker punika, tiyang ing dhusun Paringan dhistrik PUlung angundhuh tanemanipun katela rambat katela wau wonten ingakng aneh satunggil agengipun tikel sadasa tinimbang panunggilanipun sarta anggadhahi irung, maripat cangkem saha jongga, wujudipun angemperi peksi bango,inggilipun 2 kaki, agengipun mubeng 150 dim nederlan tiyang satunggal ngantos boten kawawi anjunjung. (S.M.)

SURABAYA
Kala kaping 17 wulan punika jisimipun tiyang anama Pak Markawi ing kampong Kedhung Klinter, kabekta dhateng ing griya pamulasara, ingkang pejah jalaran saking anglampahi kadurjananamandung, ing nalika pak Markawi saweg anandukaken kadurjananipun ingkang gadhah griya tangi enggal anumbak dhateng pak Markawi kenging dhadhanipun terus ingjantung, sarta iganipun wonten ingkang tugel jalaran kenging waos wau, pak Markawi ambruk ing siti tumuntenpejah.

AMBAHRAWA
Kala kaping 25 Oktober nembe kapengker punika, ing Ambahrawa jawah deres awor gora pracondha sarta jawah who, awit saking bantering samirana akathah griya griya ignakng jebol empyakipun gendheng oncat saking rengipun malesat dhateng ing pundit-pundi, witwitan kathah ignakng sol utawi sempal pangipun ing nalikapunika kathah tiyang sami kemrubut anadhahi jawah wonh sarta lajeng kauntal awit sakingjawah who wau radi sanget payon griya tuwin siti sami pethak amemplek (S.M)

Abusekan searaning janma wurahan, wor panjritira ralit, sing kaplengen dahat,kupaking hyang kuwala,,gaywana sisiring thahtit, kumilat kilat tuhu ngebat-ebati. Nging renanya tan pijer nambuti weak, lalu denya nadhahi, ing es ikang lagya, tumrun sing cakrawala, sutanira sangsaya jrit, nging tanpi arysa lakinira murugi. Mring donira rabi kang lagya mong suka, sarwi angepel bithi, datan patinanyane, pan srujinaguran, sambat sambat adhuh mati, wong lanang edan kaparak bok ya uwis. Tambuh tambuh wong sapraja kagegeran, ya truh saya dres dhatengi, mawor poncawora, wraksa sol kaparpal, saweneh ana nibani, ing wisma dadya galasah bosah-basih. Hyang andanunglinmuti gaganantara, tmeh dhedhetan aantawis, wimbuha puyengan, praptanireng jam sana, kendel sangyang Bajrapati, denya lumarap rerem ingkang rarabi. Lir sinapu sirnaning hyang Goragadha, tmeh mradipta nelahi, dekang candhik ala, marbang bang akalangan, ginatya nimbaning rabi, lengeng kawruyan,berag kehning ingkang janmi.
Soenggoeh poenoentoeng, karana tiadalah sa'orang jang dapat tjilaka dari itoe hal. (S.M.)

CAMBORAN

Ing nagari Anyer wonten caranipun tiyang juru upados ulam ingkang anggawokaken ambok manawi ing nagari Sanesipun boten wonten caranipun tiyang ngupados ulam kados ingkang kacariyosakenpunika.

Manawi juru upados ulam anggadhahi baita enggal ing saderngipun kaangge angupados ulam mawikapala kramakaken rumiyin akaliyansawenehing jarring ulam juru upados ulam anyedhahipara warga,mitra tuwin kawanuhanipun dhateng ing baita sartaangundang pangulu, ing baita wau kasadhiyananan sekul ulam tuwin panganan badhe kangge andon bujana, pangululinggih wonten salebeting baita majeng ngilen ingkanggadhah baita sila ing ngajengipun pangulu, sarta lajeng nembung dhatengpangulu anikahna baitanipunkaliyan jarring, mas kawinipun sangag perak baita kasebutnama, Wangsajati, dene jarring kasebut nama Nyai Ratu Oriyanjati, pangulu lajeng anikahaken ucapipun ugi kados anikahakenmanungsa, ingkang gadhah baita minongka walinipun sasampunipunpangulu angingkahaken inggih lajeng donga kados bilih aningkahaken tiyang kawinan sareng sampun rampung tumunten sami bujana, sarta lajeng ambesmi menyan baita dipun borehi burat arum, risampuning baita apalakrama lajeng kenging kabekta ngupados ulam.

Kala kaping 18 September kapengker punika wanci enjing para tiyang Islam sami dhateng ing Masjid asembahyang, para juru upados ulam inggih ugi dhateng masjid asembayang, sareng sampun bibar sembayang para ingakng andarbeni baita pemayang sami dhateng ing baitanipunpyambak pyambak ambekta sekul ulam sarta panganan sarta lajeng ngundang pangulu tuwin tiyagn sanes-sanesipun sasampuning pangulu dunga, lajeng sami bujana, pangulu dhatengipun ing baita ngalih-ngalih mawi andodonga kados ingkang sampun kapratelakaken pangulu wau amesakaken jalaran wiwitipun pukul 10 enjing pukul 5 sonten sawek kendel.

Ing nalikapunika saliring baita sami dipun rengga, paugeranipun layer sami kapasangan umbul umbul ingkang kadamel saking sinjang ingkang kadamel saking sinjang ingkang adiwarninipun saha ing sadinten muput tansah angobar dupa. Manawi kamanah titiyang wau dede Islam nanging miturut agami buda. (S.M.)

Wonten bujang ageng inggil wangunipun wangunipun lakar, sura panggah, kalinteran wonten sangajenging Koplak tiyang estri ingkang dhasar wontening koplak au aningali makaten ragi sumelang, …lajeng dipun saruwe, dipun takeni,kowe iku sakesuk kalinteran ana ing ko……karepmu apa,buang amangsuli iya bener, sanajansakecuk aku during kaisenan apa-apa, ewa dene yen ana kang nemu uwang aku bakal temen tiyangestri ing koplak wau pancen cethil saha rahap dhatneg amal amurugaken kalintuning pamireng dipun kinten pun bujang amanggih barng, kewedan anggenipun anyingkirakenlajeng dipun udangmalebet ing koplak dipun suba suba ing tetedhanpun bujang tan suba sita lajeng anyandhak olah olah ungrawa, tigan pindhang, dipun tuwuk-tuwukaken anggenipun nedhi, saren gsampunlajeng asendhen saka,nunten anglinting klobot udut anglesus pun estri anyerlak sarwi angrimuk embok iya balaka lan wujuda a oleh mu bakal temen kowe anemu barng apa, aku mau kelangan kantong isi uwang,tur boten kaecalan punapa-punapa, punbujang kendel kemawonandugekaken anggeniing udut sareng sampun lajeng amangsuli dhateng pun estri, kowe iku rak kaliru tampa mu menyang calathuku, calathuku raknek ana kang nemu uwang, akuakal temen l;ahsasuwenme akuana ing kene, apa ana kang nemu uwang,dene oleh ku manganpangannamu mau., rumangsa ku ko suguh iya banget panrimaku, saiki uwis wareg aku pamit lunga,bujang lajeng medal saking koplak andumugekeken lampahipun pun estri rumaosipun kados dene dipun upasi, lajeng

cerek-cerek anedha tulung, kathah tiyang ingkang sami dhateng sareng anggiyaraken nalaripun estri mandar dipun gugujeng,elidipun dongeng sing sapa kang anandukake pratingkah mangarah, iku ing wekasan bakal kawirangan.

Wonten tiyangkalih sami wicantenan ingkang satunggal ataken apa ta margane kapenakan tanpa anyambut gawe, dipun wangsuli kancanipun lo iku gampang,kidul iki ana wong sugih, malebu ha ing omahe banjur ambukakak kabenete,, mengko kowe rak di pilalaur wong gedhe, landipanggonake ing omah gedhe nganggo di jagani, sarta dicadhongi sadina-dinane.

Candhakipun Riadi Panaraga

Ingkang winahya ing ruhur,nawadasa lan satunggil, meh pepak prpta sadaya, wiwit denya saos begti, kanjeng gusti lenggah ngandhap, dene palang bekel sami. Tan kalilan denya ujung, yen kasaru tami prapti, sagungpara tuwan tuwan, kanjeng gusti marepeki, jumenengcelak ngandika, pawoeng mitraning sun sami. Tan susah sireku ujung, wus ingsun tarima sami, nora liwat jenenging wang,paring pandonga supadi, sawek kula wrganta, pinaringan basuki. Sdaya umatur nuwun, swab barkah dalem gusti,sawusipun sinugata,ingwedang sadaya sami, kinen mundur ingpasowan, anamungradyan maspatih. Lan dwi wadana ing ngutus,methuk jeng tuwanmringloji, saonderipunwadana, palang bekel sawatawis,sami anumpak turongga, dene taradyan makpatih. Nitih rata lampahipun, dupi jampi sadasa wani, rawuhipun kanjeng tuwan, asisten residhen kanthi, tuwan kontrolir busana, gruteni ngangge baludir. Pra tuwan kathah kang rawuh, anitih kareta sami,nit lan cina busanane endah, angangge rasukankustim, kang saemper ringgit cina, baludir ing ngarsa wuri.Lir capit tatopenipun, suka kang sami ningali, tan dangu mundhut minuman, sampanyah wiwit kuthisi,jeng tuwan andikanira, kanjeng radian mas dipati. REhningripuniki wektu, riyadi ulun tur puji, wilujengipun sudaa,sagrwa putra pamili ing yuwana kayuwanan, rahajeng salajengneki. Kaping kalihpamudyeng sun, maring sagunging priyayi, tinebihna poncabaya, cinelakna suka singgih, sawekahalanwarganira, katigapanuwun mami. Maring yhang kang maha luhur,karaharjaning nagari, tentreming janma padesan, dinulura ing sakapti, tulusa anambut karya, ywa nganti kurang binuti. Surak use sami minum gumlengger maryem ngurmati, tinarung kanang pradngga, ktahah kapilengkang myasi,tandya presidhening landrat, tumutur atur kundhisi. Tan siwah pakurmatipun, swareng maryem wanti-anti, surake ambata rebah, nuluya mijil the lan kuwih, minuman mawarna-warna,miwah ingkang sarwa manis.

Para pratiwa kabeh waradin, sami sinung minum endah, sinarah pakaremane, munya pradangganipun, angrarangin dipun sindheni, karya srining pandhapa, muring ring kang ngrungu, bok ajeng dilem swaranya, teka nurut rumambat maring taritis, sakin graras rumira. Membat-membat nut rarasing gendhing, kadya rinding renyah kenyahira, ngangawang-uwung uwenge, karya sengsemin gkalbu, wus antara tontonan manjing, sangsaya wewah kathah kang prapta ambubul, catur titiyanging sundha, binusanan kang sarewa rewa encik, mencak lan papedhangan. Tinabuan kadhencong ing tritis, rame senggak satwi ngerik sumbar, bangkit wasis pamencake, amedhang gaprak gapruk, dangu datan wonten ngeneni, karya suka kang miyat, tansah denya ngungun, kathah katemben uninga, encik mencak basilat miwah sepedhi, wonten egrang egrangan. Inggilipun nganti sundhul tritis, mung kekalih bkibembar, sarwa brit clana klambine, wonten ladosanipun, dyan mas onder kitha sarakit, deling kadya gawangan, cinenthelan kacu, tangsule kanthi kerekan,

cinepengan ingjanma kanan lan kering, pinasang ingpalatar, Ingkang ngrebat reyog asasirig, numpak kuda kudanan sadya, pating paregol jogete, saben angrebat kacu, kekerekan sigra ginarik, tandugi denya nglunjak, yen kapareng antuk, kalangkung denira suka, angaleter sisirig kudane nirig, rame dadya gujengan. Gagajahan mongmongan ing nguni, lelembonan sarpanan mendanan, sawarnaning kewan kabeh, kang wus winahyweng ruhur, muka buntut sami den sungi, marecon rerentengan, sinumet sadarum, gegeter ris swaranira, kadi belah pratala sasat ginonjing, sru oreg magenturan. Piyak ingknag tinarajang sami, yel-uyel ajrih yenkasalat, dening marecon agnine, neng na pucanganipun, kalenkeri pplataran janmi, kathah ingkang marambat, menek yen wus dhuwur, nulya sineret ing ngandhap, mring rewange kang sami andarbe milik, dhawah malih ing ngandhap.(taksih wonten candhakipun.
Widayaka

Ongka 31,Kemis kaping 13 Nopember 1879

Surakarta
Kala ing salebetipun wulan Agustus ingkang nembe punika siswa ing Pacrabakan calon Guru Jawi ingMagelang sarta ing Poret Dhekok sasampunipun katandhing-tinandhingaken bab ing kasagedanipun sami katarimah dening tuwan Bansepeturing Pacrabakan bongsa Jawi ing tanah Indiya Nedrelan inggih punika tuwan Y.C.Kumer ing Magelang sarta tuwan Dhokter H.M.D.Pan Rimsedhik ing POret Dhekok menggah namaning para siswa ingkang sami katarimah wau, ing Magelang:
Raden Sasrakusuma saking PUrwadadi Madiyun
Marja saking Nglanan REmbang
Wirareja saking Cabedan madiyun
Raden Buwana saking Kudus Japara
Mas Santri saking JEruk Bagelen
Raden Umarmadi saking PUrwakerta Banyumas

Namaning para siswa ing POret Dhekok
Darmakusuma saking Padhang Ilir
Jakariya saking Padhang Udhik'
Mukamat Taip saking Padhang Udhik
Sati saking Padhang Udhik
Aem saking Padhang Udhik
(SM)

Serat kabar Bramartani katitimangsankaping 6 Nopember taun punika 40, angwartosaken bilih pangadilan Mider amariksa prakawisipun tiyang ingkang kadakwa ngaken dhateng ing sanes amejahi anakipun pyambak ing mangke awit saking karampunganipun pangaidlan mider bapa ingkang kolu dhateng pejahing anakipun pyambak wau kapatrapan paukuman pejah, dene tiyang ingakng dipun resaya amejahi inggih kapatrapan paukuman pejah. (S.M.)

Kados ingkang kasebut ing serat pawartos Mataram nalika malem Sabtu angajengaken wanci jam satunggal ing Yogyakarta wonten lindhu naming sawatawis dangunipun menggah ebahing bantala kenging kawastanan ragi sanget awit para tiyang ingakng sampun tilem kapatos ngantos sami kaget sadaya

YOGYAKARTA
Nalika ing dinten Slasa tanggalkaping 12 wulan Dulkangidah punika, kanjeng gusti Pangeran ADipati Arya PrabuSuryadilaga, sampun miyos dhaten ging kilen pragi, pasanggraan wonten ing dhusun Ngadikarta, asareng ing dinten wau wanci siyang, ing dhusun Agung dhistrik Sawang Arja kabupaten Karang Kumuning, wonten maesa ngamuk mlajar saking kilen, sareng dumugi ing radinan ageng, sumerep tiyang estri nuju kendel lajeng kabijik kaleres gegeripun ngantos galasaran, wasana para tiyang ingkang sumerep inggal sami nabuh tengara gundhala, boten dangu para tiyang ing dhusun sami dhateng bekta dedamel warni-warni, wonten ingkang bekta sabet waos utawi alu sapanunggilanipun, wondene priyayi demang wanekar ingkang tugur wontn pasanggrahan ngadikarta ugi sami tandang, lahing ngriku sebawaning gundhala, kaareng ungelng lesung tinitr, binarung panjriting tiyang alok tulung tulung ana kebo ngamuksaingga kyai maesa tan nedya ajrih.

Lir sindur, sang ambek sawenang=-wenang, mulat jalma gungprapti, ambekos janggirat,maleleng kipat-kipat, gedhek-gedhek amacicil,lir singhalodra, bekos akirik-kirik. Tan waguken lumayua ngenthar mangetan, dhusun Bendungan prapti, lumebeng pantinya bekel ran monggacaram pawonira den brak-abrik, saksana rebah, solah nya gegirisi.Sang maesa winaos datan tumama, teguh kepati-pati, kathah kapracondhang, para panekar demang, kang sunurung sipat kuping, ajeranthalan, weneh mathangkrong ing wit.u ta katalika dhatengipun mas ngabei dhestrik, Ong, Wi, sareng pirsa maesa ambeksa wenang-wenang, boten saged nahanaken dukaning galih, mas Bei dhestrik lajeng cancut ataliwonda, anarik sabet sarwi wicanten makaten aja ana melu-melu padha sawangetn bae dak ayonane dhewe, wonten 1 kancanipun nami Mas ALurah Wicanten makaten mas Bei Mas Bei, ngatos-atos naming kula badhe menek tirisan ngriki rumiyin,mas Bei Dhestrik lajeng inggal murugi maesa kang soroh amuk sarengkyai maesa sumerep tiyangkang ambek purun inggalamurugi,mas Bei dhestrik prayitna, maesa dipunpedhang kenging sungunipun sangsaya duka, mas bei Dhestrik dipun tubruk anggiwar, ing ngriku langkung rame sanget, kados memper caceiyosanipun serat babat nalika Raden Jaka Tingkir nyepeng maesa ngamuk wonten ing NGardi Prawata, dangu-dangu maesa kenging dipun pedhang sukunipun prenah kencent kang wingking, rumaos boten kuwagang karsa sareyan mak legoso, para tiyangkathah saeng sumerep kyai maesa sampun rebah sami aebat ngajeng badhe ngalap berkah ameteki sarana alu sabet utawi wos, botenkuwawi anandhang kanin kyai maesa nyawanipun tinjo ing ngakerat, saehning maesa boten kantenan ingkang gadhah ulamipunlajeng karencak ing tiyang kathah.
Lah dalah, punika ta, mas Bei Dhestrik, Ong, Wi, wau kenigng dipun wastani priyayi kendelan banter, sumerep ing kawajiban ngnatasing pandamel pulisi, pantes kaalembana ing ngakathah.
(Darmawarsita).

Kula miring kabar nalika ing wulan ruwah ingkang kapengker punika wonten satunggal tiyang bongsa Ngulama, anami Kaji RE,,,,,,griya ing dhusun Klayon dhisrik Sawangarja,kabopaten Adikarta, anamung kaji wau mlampah damel wonten bawah kabopaten Pengasih, punika pyambakipun gadhah pangobeng lare estri kadugi ngumur 12 taun sakaleres dinten pekenan peken ing Glaeng, ingkang estri simahipun tuwan Kaji wau kesah dhateng peken sumeja tumbas betah, sarenglampahipun bok kaji wau kadugi sampun tebih, tuwan kaji waulajeng kadunungan manah sedheng, anandhang brongta, smerep lare kang sawek nyerat wau kados dene sumerep asem kang sawek kemladhakan akemecer akemocor ngulu idu calegak-caleguk tuwan kaji wau karsanira amemper putra Jadipati Raden Gathutkaca, manawi badhe mothol sirahing kurawa Ngastina, kadya jangkung miling-miling, noleh kiwa tengen ler kidul sepen tan wontenjalma katingal tuwankaji lajeng malebet ing griya sarwi ngundang lare kang sawek nyerat wau, tembungipun mekaten eh dhuk dhenok kowe mreneya, sarta mlebet medal sang bekel cnekgek tansah gedobal gedabel, lare estrikendel kemawon sarta anggenipun nyepeng canthing gemeter, tuwan kaji selak boten kuwawi nahanaken tiwikramanipun bekel cengkek genira badhe bayar paos, lare kang nyerat wau lajeng kacepeng tanganipun kaceneng malebet ingpanti, lare botenpurun badhe bengok- cangkemipunlajeng dipun tutupi sarana sreban, wekasan rehne lare estri inggih kawon rosa, dados lajeng kinging kabekta manjing ing karesmen, rising bekel cengkek lajeng sak kersa-kersa nggenira bayarpaos sang wanita ugi anampeni.
O, inggih ta lah pangunguning manah kula tuwan kaji wau pancenipun rak sampun nelas dhateng ing ngukum sarta kadunungan manah suci, keok mawi teksih

nglampahaken penggalihkang kados si kula, sok mekatena amungkadamel tomeng kemawon ngaken akuputih aku memplek aku setikan, punika boten sumereb bilih kecepretan dubang. (Darmawarsita)
Sanadyan kang jirak inggih tiyang tamas, Juru gubah.

Bahrawa
Prawitanireng gambuh, wit karantaning tyas dahat getun mangagenanening duk ing Saptu ari, Oktober lek Poncalikur, Julungwangining pawukon. Sangkalanireng taun guweng resi esthi tunggilipun wonten kedhik prakawis yogyapinarsi, sakathah ig sanak ulun, njuwa nalikeng samono. Tengange wancinipun maetalaha panas kalangkung, wit hyangngarka asanget denya madhangi, riwe umah ya lir adus, yayah anggebyra gupoh.Ing Kedhung datan ketung, wit tan kawawa anahen mepu, dangu-dangu hyang ngaruna manginggati, sangking katawenging sangup imakaratemah dados. Limut dhedhet ngendhanu, yayah ing tribuwana kalimput myangkukuwung malengkung dinuk ing aksi kilat asisiring wagyat akarya marasi batos. Gora gadha gumludhug liwerangelap kumupak asru, gledheg jebret yayah amecahna kuping, praptanira ingkang sindhung, jaladama temah jawoh. Bajrapati kumrusuk saya aderes miwah ingkang surur wor lanriris kenthel gengira sakmiri, titimbangan kathahipun lan ranu kang lagi dhawoh. Myang asrep raosipun tanpa es lane s damelan ngemul kaot kedhik sawatawis ragi amis apingul ing warnanipun dadya prabutaning prawong. Alok gurnita umung elo-elo jebul udan uwuh, endi endi rowange mijil ing jawi, prapta lajeng denya nguwuh, o o iya dhing sayektos.sigra pareng kumrubut rerebutan malap udan uwuh,kumaresekkadya gabah deninteri, saking katemben andulu, rurupan ingkang mangkono. Cipta suki ing kalbu, apuwara geteringtyas kang wus awit sanghyang Bayu duka nyatan sipi, ngowak-awik solahipun sakeh kang katrajang ruboh. Wisma tan apigubug keh anjerum tan kawawa pungguh, welit katut kabuncang mulukking nginggil tinon ngiku kupu tarung, gumulung anggolong-golong. Daut kang taru-taru, weneh nibani ingwangun-wangun, temah belah janmane lumayu gendering, dupi mehpraptaning surupa dinangkara aneng kulon. ……mendha hya sindhung riwut, grak sanur kawus marika rungu, jaladang ra….i mdatan kaeksi, padhang sumilak ing luhur, langening wiyat ka……nton. Lawening sangyang layu, maratani ingjagad sadarum amimbuhing srining sabarng kaeksi, masemu jenar dinulu, wus pulih tyasing para wong. (Darmawarsita)

KEDHU
Ing salebetipun wulanOktober ongka 1879 ingnegari magelang wonten pranatan enggal, kadosta,kmargi-margi ing kampong-kampung, ing sangajenging griya-griya, kapurih buntu, angemungaken dados satunggil margiingkang pancen mesthi, sarta margiingkang wonten pajagenipun, ingkang punika seklangkung ing susahipunpara konca mitra karuh utawi para bendara ingkang griyanipunngongkang ing margi ageng, kados pundit yen boten susaha, tiyang margi sampun wonten ing sapinggiring margi ageng, kok kapurih buntu, sumongga kula aturi anggalih, saupami wonten griya kobar, utawi titir ingkang boten mesthi wancinipun amesthi kemawon bilih miring, sami kadhung sangan pados margi medal saking karasipun, ingggih yen pinuju tebih, yen pinuju led rdinan saiba susahingmenggah panggaliyanipun,prakawis margi wau among kapurih ngempal dados satunggil dhateng margi ing satengahing kampong, Ananging saking kaengetan kula, bokmanawi saking kirang tamating

anggenipun mirengaken dhawuh saking karesidhenan ingkang kadhawuhan makaten pancen ing dhusun-dhusun margilongopan ingkang boten patos kangge, kang kapurih nguntoni, kok dados kadhawuhaken ing negari kang kados makaten,mila para karuh mitra, tuwin bendara sami sedhih menggah prakawis punika.
Ing slaebetipun taun punika, ing pamulangan jawi kabupaten Magelang amangsulaken lare kathah, ingkang sumedya sinau ing ngriku,mila kawangsulaken jalaran panggenanipun sampun boten kamot awit saking kathahing lare, ingkang punika saking panuwun kula, mugi kangjeng gupremen karsa abikak pamulangan malih ing dhistrik dhistrik awit ing magelang taksih kathah dhistrik ingkang dereng wonten pamulanganipun, biilih boten makaten mesthi adamel sedhih ing para lare lare ingkang sumedya sinau kawangsulan.
Ing dinten malem SEtu, ingngalun-alun Magelang, wonten tatingalan ingkang saklangkung ramenipun, tiyang bongsa kulit pethak anggenipun mastani, Kermis, kula gumun sanget menggah kathah para tuwan tuwan tuwin para tiyang tiyang ignkang aningali, saklangkung menggahkathahipun ingkang sami ningal, dene ingkang ngedegaken kermis wau bongsa Kumpeni, tiyang ningali waucaruk toya kirang langkung wontentiyang 12, ewu camboran. Panjurung.

MALAKAH

Kacariyos ingkang nembe punika bilih tiyang Cina bawah ing dhistrik Parak sami oreg tuwan laoresidhen ing Malakah Pamit dhateng nagari Cina, tanggal kaping 3 Oktober saweg rawuh ing laut dereng dangu anggenipun rawuh ing dalem tumunten tiyang Cina atusan cacahipun sami dhateng ing ngriku sdarwi anywara rame sarta adamel reresah,kaleresan ing nalika punika juru basa Cinapinuju boten wonten ing ngriku, dados tuwanResidhen boten saged mangretos dhatengkajengipun para tiyang cina wau, salaejngipun tiyang Cina wau lajeng anyawati kalayan sela dhateng para soldhadhu bongsa Banggala cacah 70 tiyang, tuwin litnan 1 bongsa Enggris ingkang jagi sangajenging dalem paresidhenan tiyang Cina ingkang andarbeni patrap amngkaten punika sampun kaamutaken dening litnan ananging boten pisan-pisan amaelu sarta taksih deres ing pambadhemipun sanajana anggenipun emut-emut litnan boten kagega,ewadene ingmanah taksih bar, boten angabani dhateng para soldhadhu supados anyanjata dhateng titiyang Cina wau, sareng tiyang Cina amistul dhateng soldhadhu, ngantos wonten ingkangkabranan kalih, litnanlajeng angabani dhateng soldhadhu supados amalesa, sareng tiyang Cina kasanjata kaping sapisan tumunten sami lumajeng sasaran boten kantenan purugipun anggenipun andhelik tiyangCina ing kang pejah 29iji, dene ingkang kataton ambok bilih inggih kathah,jalarankathah labet wdalingrah.
Sadaya tko-toko Cina katutup tiyang Enggris boten saged tutumbas punapa-punapa, prayogi sanget dene boten dangu wonten baita pertnag dhatenging ngriku saha lajeng angudhunaken soldhadhu 100 iji sapirantos dadamelipun.
Wiwinih ingreresah punika tetelanipun jalaran gupermen Enggris badhe damel pakter apyun ananging pranatan mangkaten punika lajeng kasandekakennamung beya apyun kemawon kaindhakaken, ing waunipun saben apyun saglundhung ingkang loumebet inglaut masthi asoka prabeya 2 ringgit ing mangke kaindhakaken dados 5 ringgit awit saking pranatan mangkaten punika gupremen badhe tampi kauntungan ing dalem sataun 50 ewu ringgit (S.M.)

PUNGKASANIPUN RIADI PANARAGA

Sinurakan ginagujeng sami, dene wau pinggiring palatar, lir pekengung sadeyane, ulengan kang ngatuku, pukul sawlas siyang tetami, sami bibar konduran, bedhug denya wangsul, dhahar maring kabupaten, prawadana tumut ingmeja abukti, dene onder wadana. Para mantra sami sinung bukti, mring srambi gathi tanwi bibar, jam sakawan kumpul maneh, mring pinggir alun-alun, nitih kuda watang rinakit, basahan kukulukan, sarwi ngangge baju, sikepanpethak sadaya, sodor-sodor ingnganggit lan janur kuning kangjeng gusti busana. Sasawitanparang rusak klithik, ginarebegpraputra Santana, ingpasowan myat karamen, pratuwankathah rawuh nulya wiwit para priyayi, sami tata tandhingan, mandhi sodorripun, anirigaken turongga, ginamelaning munggangkathah winasip, panguluna baba samya. Tumut watang angangge baju langking, sarobanan dene kudanira, kathah rinajut wrnane, sestu kalamun mungguh gunging janma kang niningali, datan kenging winical, nganti sungsun timbun, tan kasawiji tuwan, tumut kiter manjing kalangan priyayi, dadya tontonan kathah.
Upsindering Water Setat nagri,Panaraga wasis ing rongga, rada aneh tingalane, meh surup bibaripun,nulya sempal para priyayi,marak aneng paseban, sinunggata setru….., miwah kang toya walonda, sel sweater kangjeng gusti rum deny angling ngetari maningwang. Denya padha sung reneng angeksi,nulya bibar malem sukra kempal, pratuwan tuwan nyonyahe, mring kabupaten rawuh, tur wilujeng mring gusti putrid, gung denya suka-suka, mamain anutug, para pratiwa sadaya, ageng alit sami kempal ingpandhapi, sami ngangem bapangan, dene ri sukra enjinge, sagung para priyantun, tinimbalan maring pandhapi, mamain suka-suka, setoter salikur, sarwi miring kenpradongga, angrarangin bok mas dilem us rumanti, bakda dhaharan siyang. Para pratiwa tayuban sami, pukul gngsal denira bibaran, riseptu sonten karamen, kapatiyan nanayub, paraputra Santana sami, rinemalih topengan,kathah kang dudulu, topeng saking surakarta,mas sugriwa puniku mongka pangirit, abdi cakrangran, Surakarta sami wasis wasis, kewes ng baksa luwes sasolah,bangkit akarya guyune,kan gsami andadulu,mas sugriwa lucu kapati,lamun amimba embank, kweh priyaka puyuh, kenes drewes lamun nglana, gagah srigak dhasar sambada kang warni, jenar dedeg parusa. Rarampunging riya di jeng gusti,denyapring ardana mring janma, ngangarah sukarenane, bela-belaning laku, iya ingkangmawa pangeksi, padmaning kang raenggan, mawarna pinunjul, dipun pundhetken at kas, pusaka geng betul mal kang aneng masjid, raremen lastariya.
Ignkang ngaturi panjurung kula pun Widayaka.

Ongka 42 Kemis kaping 20 Nopember 1879

Yogyakarta

Nalika tanggal kaping 2 ing wulan NOpember punika, ing kampong Jayaningratan, wonten saweneh tiyang wasta pun Truna Semita, ing waktu punika ragi manggih kemayaran anggenipun pados pangupajiwa, sarana samikaganjar dening para ningali tanemanipun wit pisang koja, ingkang darbeni tenaya miyos saking siti celak ing wit sampun maujut pisang, angermpoyok mungging gagang, kadugi wonten saking 60 uler, ageng sak jenthik-jenthik, pucak pisan mawi sekar, ingkang winastan jantung, wau jantung saking alitipun ngantos lir pendah kukuning ringgit wacucal ingkang winastan WErkudara, amingit-mingit abrit.

Wasana sakingkathahing para ganjar yatra, celaking wit pisangkadunungan wadhah yatra werni pengaron, kaisenan sekar utawi toya kkonyoh, lahing ngriku lir pendahlaron kaselu lebeting yatra dhateng pengaron.

Wondene para ningali ingkang kadunungan manah gugon tuhon sami gadhah panyuwun dhateng nyai ageng pisang, supados sarehning dereng nate gadhah anak saget ta lajeng gadhah anak, saweneh sageda kacekapan, wonten sageda laris anggenipun mande, ugi warni-warniingkang dados pikajenganipun ing ngriku sami abesemi dupa, supados tumuntena kaleksanan ingkang dados panedhanipun wau, katemahan para gugon tuhon wau sami royal anggenira nglebetaken yatra dhateng pengaron pancen naming sedhuwit ngantos langkung saking sedhuwit wau (Darmawarsita)

Nalika dinten malem Jumuwah Kliwon tanggal kaping 15 wulan Dulkangidah punika, komandhan jagi Upwah Karesidhenan ing wanci dalu angrundhani kancanipun sakilwak dhateng ing pos sangajenging dalem karesidhenan, dumugi ing ngriku komandhan jagi sumerep tiyang dolanan sanjata, kabekta mlampah-mlampah wangsal-wangsul, kadugi sanjata kumpeni,komandhan jagi angengetaken tembungipun makaten,sapa dolanan bedhil ana sakilwakan iki, yen wong ora sakilwak ora kena, tiyang wau inggal nyelehaken sanjata lajeng kesah menek uwit bulu dumugi ing nginggil tiyang wau sirna botenkantenan,komandhan jagi ugi tumunten pitaken dhateng kancanipun kang sakilwak, naming mas Sakilwak amelongo kendel kemawon ngantos ¼ jam dereng wicanten wicanten, dangu-dangu amangsuli tembungipun makaten,em kilurah, kala wau kula kadhatengan tiyang, Oallah,pangraos kula ageng inggil sanget, lajeng nyepeng sanjata kula, kula lajeng boten saged wicanten, sareng mas Sakilwak wicanten makaten komandhan jagi andugi bilih tiyang ingkang dolanan sanjata wau gendruwo amindha-mindha manungsa.

Olah sapinten getunipun mas sakilwak, dene simbah gendruwo teka remen nyepeng sanjata, kula dugi remen dados prajurit Ifantri, saupami simbah gendruwo karsa asobat dhatng kula, badhe kulapurih dados prajurit ingantri ing lesiyun Pakualaman kemawon saiba bilih palesir mawi busana gruteni ngagemkarsset, ihhi, tamtu pantes katingalan ing ngakathah.

Darmawarsita

SAMARANG

Kami sepuh ing dhusun Baru dhistrik Singen Kidul wanci dalu lumampah rundha aniti priksa para titiyang patrol kocap sareng dumugi pajagenipun tiyang nama Wirakersa kapinujon pinanggih tilem angles tumunten dipun gugah, wirakersa kaet guragapan kasengguh bilih wonten durjana pandung sarta mawi anyandhak

sandhinganipun penthung,pun kamituwa kakintendurjananipun lajeng dipun tamani punpenthung ngantos anandhang brana Wirakresa lajeng kaladosaken ing parentah.

Wartos kala atrap banoning Masjid Ageng ing Nagari Aceh ingkang kawitan Kala salebetipun wulan ingkng nembe punika kula sampun angwartosaken ing bab nalika atrap banoning masjid ageng ing nagari Aceh ingkang kawitan ananging sarehne wartos wau kawrat ing telegram dados among ringkesan kemawon sarta boten mawi anggancaraken ing bab raramen utawi pasamuanipun ing mangke serat wartos ingkanganama Jawa Sekoran katiti mangsan kaping 7 wulan Nopember punika anyariyosaken kawontenaning pasamuwn wau ingkang sawatawis panjang, saking kintenan kula kados kathah ingkang sami kapengin miring, mila ing mangke kula pethik tumrap ing serat pawartos punika, supados kauningan dening para maos ingkan anaruwe ing bab nagariAceh tuwinpranatan sarta patrapipun kanjeng gupermen dhateng nagari ingkang nembe kabawahaken.

Menggah nalika atrap banoning masjid ageng ing nagari ACeh ingkang kawitan punika kajenengan dening pangageng lautan militer sarta sipil saha para raja, Utamangga tuwin pangageng bngsa Acehsakalangkung denig kathah, sawdya balanipun ewoncacahipun inggih punika sakingpaisir kilen sarta saking sagitig ing Aceh ageng kajawi punika akathah bongsa sanesipun ingkang sami tumutur angetebi pasamuan wau.

Wanci enjing jam 10 1/4 , prayantun kakalih ingkng kapatah dados liding komisi bujana sampun sowaning dalemipun kanjeng tuwan guprenur angaturi tedhak dhateng dununging badhe masjid wau, sareng kanjeng tuwan gupernur rawuh lajeng katampenan deining presidhen sarta sekretarising komisi.

Ing panggenan badhe masjid waukaedegan madeyasarinengga akalaha monca warni, sarta ing salebetipun mawi wonten panggunganipun ingkang kasiyagakaken badhe kadamel lenggah dening kanjeng tuwan guprenur sareng kanjeng tuan gupernur sampun lenggah tumunten anglairakenpangandika dhaeng para panggeng sakarereyanipun ingkang sami pakalempakan wonten ing ngriku aparing sumerep menggah kajengipun ing pasamuwan wau.

Wondene masjid ageng kina ing nagari Aceh punika prawasa kala perang ingkang kapisan sareng kanjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur Jendral rawuh ing Aceh aprasetya badhe adhadhawah amabangun mesjid kina ingkang risak wau, sarta badhe tumuntendipun lekasi, saha awit saking padamelan aparing tondha dhateng para tiyang Aceh biih botenpisan-pisan badhe angewahaken aami ngadat angadati pun bongsa Aceh, saking pamuhi nipun kanjeng tuwan gupernur mugi babaya sartakasusahan ing nagari Aceh ingkang tumuwuh sakingperang tumuntena sirna.

Sareng kanjeng tuwan gupernur sampun angwedharaken pangandika wau akaliiyan basa walandi, tumunten kabasakaken Malayu dening tuwan Asisten Residhen ingkang kapatah daos komisining bujana, saha lajeng abasakaken Aceh dening tungku Kadlimalikul Adil,

Awit saking namanipun para panggeng ingkang sami pakalempakan wonten ing ngriku ahli tumunten anglairaken panarimah dhateng kanjeng upermen awit saking ganjaran ingkang saijab ijabipun wau, sasampunipun mangkaten lajeng atrap banoning masjid ingkang kawitan mawi kapacihnan ungeling mariyem kaping 13.

Ingkang amaos dunga nalika punika ngulama ageng anama tungku Dhilampayah, salajengipun para tiyang nagari sami asidhekahingkangsarana wragad saking nagari.

Bujana wau ngantois dumugi pukul 9 dalu saha nalika punika boten wonten sambekalanipun lestantun wilujeng

Dene para raja sarta utamangga punapa malih para pangagenging Aceh ingkang sami angetebi pasamuwan wau ingkang pantes kapratelakaken kados ing ngandhap punika:
Saking Pasisir Wetan.

Tungku Ci Hik inggih punika raja ing Edir Ageng
Nyaknag inggih punika putranipun raja ing Edicut
Tungku Abu inggih punika putranipun raja ing Jolok Ageng
Kejuruwan mudhah inggihpunikaputranipunmantu raja ing Perlak
Tungku Mudha Cut Latip inggihpunika raja ing Semantok Merbao sarta ing Bangkahi.
Panglia prang bak Arun inggih punika wakil Raja ing Merbao
Tungku Nyaklamkot inggih punika raja ing Simpang Olin
Tungku Kutanci Cundha nggih punika ingkang rayi raja ing Cundha.

Saking Pasisir Ler
Tungku Main inggihpunika raja ing Aiyerlebu
Tungku Suleiman inggih punika pangrndipatiing Pedhir
Tuanku pangeran Husin
TUngku Mataraja inggihpunika raja ingDheluk Semawe
Tungku Bitara Mudha inggih punika raja ing Klumpang Dhuwah
Tungku Maharaja Pasagan
Tungku Panglima inggihpunika kang rayi Raja ing Jangkabuiya
Tungku Cihik inggih punika raja ing Merdu
Taksih wonten candhakipun.

NAGARI CINA
Enggal punika nagari Cina angsal baita perang, 4 iji anggenipun tumbas saking Enggelan ingkang kadamel saking waja, lampahipun sanget lepas sarta tampi mariyem ageng-ageng, kajawi baita punika akathah pirantos perang ingkang kasadhiyakaken awit tiyang Cina satengah aneksa andon yuda kaliyan Jepang.
Ing Kwinhon kawatos kikirangn rijeki,akathah lare kasade dening tiyang sepuhipun awit tiyang sepuhipun wau bote saged….ngoni.
Serat kabar ingkang nama Batawiyah Handel Seblad angwartosaken bilih tamanipun sawenehing tiyang islam ing kampong tanah Nyonyah sacelakipun peken Senen wonten wit pisang tuntutipun, 12 para tiyang ingkang sami dhatneg ningali pisang aneh wa ngantos ewon cacahipun.

JEPANG
Ing nagari punika ingkang karembag boten wonten malih naming bab anggenipun badhe tempuk bondayuda kaliyan nagari Cina, wonten wartos saking Tokiyo bilh raja Jepang angagya minister dhateng Eropah, perlu kautus anyambut arta badhekangge waragading perang wau, wonten kabar saking Sangai bilih titiyang Cina anepsu sanget dhateng tiyagnJepang ing Bab anggenipun angalap pulo-pulo LIyukiyu.
Titiyang ing lIyukiyu ugi anepsu dhateng gupremen Jepang, sarta boten purun kaparentah dening Jepang, ing nalika guprenur Turika agya dening gupremen Jepang dhateng pulo wau supados dados panggenging panprentahan ing ngriku, sedyanipun badhe amatrapaken pakaryan dhaeng tiyang Liyukiyu 20 iji ingkng nalika taksih rajanipun anyepeng padamelan ananging kabadal boten dipun leksanani, ing

Yomagate wonten kaanggsaran ingkang melas asih sanget inggih punika kunjaran ing ngriku kabesmi dening tiyang durjana, tiyang dodosan ingkang wonten ing kunjara wau 80 iji, ingkang katulungan among tiyang 20 iji, sanesipunsami pejah, engggal punika ing Jepang kadengangan wonten arta kertas tiron ing mangke ingkang kadakwa dae arta kertas palsu wau sampun kacepeng, ingkang dados pangagengipun bongsa Eropah, mila pantes manawi tiyangJepang saged anuladha dhatengsaliring pakaryan, ing mangke ing nagari Jepang kathah tiyang adamel pethi tosan kados damelan ing Enggelan.

PETHIKAN CARIYOS SAKING TANAH ARAB

//Asmaradana//wonten janma jalu siki, mirsaban panengranira, karo kalayan rabine,dyah Barotiwastanira, kang kasub ing pawarta, citranira sangdyah ayu, sumorot kadya sasongka. Pingpat belas andhadhari, sarira gilig araras, lir partimamasemune, pinuja bias wacana, gandes luwes pasaja, ing yas mung susilanipun, kacihna dahat ngumala. Sungkem sumawiteng laki, tanimpang tuduh ing priya, sabarang pakon linakon,mangkana mirsaban gadhah, rencang jalu awasta, pelahing pakaryanipun, anggermaning met kukila. Tiyang luwan raja wali, julig yen bedhak mimikat, ulanganmamrih cumbune, myang mas rka wigyanira, anulad ungelng kang, sato-sato manuk-manuk, mila mirsaban sih tresna. Tan pisah-pisah manawi, mirsaban bedhak mimikat, mring wana myangnaliyane, pelah kikinthil neng wuntat adan kala samana,ing sajuga rianuju, mirsaban bereg arina. Pun pelah dherek ananging, pijer grndhel lampahira,mangkana ing panggagase, kayungyun yuning bandara, kang tinilar neng wisma,katatangi osikipun, temah tuma……. Sumuking driya nekani, kadadak wirodranira, dumadi pangidhepe, sihing bandara tan ketang, among ingkang kawangwang, ba….ing ayunipun, sedheng den tohana jiwa. Saksana ni….yoni, nyalimpet wangsul mring kitha, samudana yen kinongkon…puma sakuranga, pawadan kan gcayogya, amrih katemune muhung,…jani jenan kewala. Gampang nandukenpangudi, mamelas myang ngroda paksa, wus data nana ewuhe, wondene kalamun a,,,,, kagidhuhi mrih gagar, masangontrak kena rumput,garinting myang,,,salameta. Pelah tandya nyimpang margi, anyinyilip lampahira, amrih tan konangan ing wong, manahe wdhak widhikan, angge-angge panggiya, ginelak lampah nya rawuh, katuju sepi sujanma. Pelah panggih dyah baroti, mrasajakaken kang sineja, sang dyah kantyan kagete, lir karidhu ing drubiksa, gumeter kamigilan, kasahsar winguwus-uwus, tan oleh maring griwata. LUput mu…anglimputi, pelah nglengger tan wacana, lir den lolosi ba…na, sewu dahat datan nyana, yen baroti lumuha, ananging ka….nipun, taksih angupaya arga. Amrih kalunturaning sih, mi,,,narsa mrawasa, mung legeg driya ajomblong, gegetuning solah, dumi enget umanter, datan pegat mandhek mangu, sarta tebah tebah…jaja. Saking kagubet prihatin, kongas sumuking parudah,…..ning wisma galoso, tansah panglocitanira, dene lir singa…bak, mamas an kari anggilut, wurung datan pakaran. Wasana salin kang kesthi, cipta angruruh karenah, nuruti ing kanepsona, kang binate king wardya, nedya karya cintraka,mring baroti malih lampus,mangkaten ing akalira. Srananing upaya sandi, …nya karya kaladesa, mawi pados menco roro, kang sajuga…radi pun gulang, ngocehken tembung Arab, mangkana ing tegesipun, …..varoti tuhu endah.Ayune tan atumadhing, angruruh,,,sahantuka, wdon kang kaya mangkono, begjane lurah mirsaban, dene ingkng satunggal, ginulang pangocehipun, mawi basane wong Prasman. Tegese dhek mau bengi, sang dyah Baroti, dhemenan,lan wong tunggu lawangkae, malah tangine karinan, karone gundandapan, dupi pangathikerampung, cumanthel eneng wardaya. Tandya pelahkesah malih, ngulati

bandara nira, tandangu panggih tinakon,matur lamun katlisiban, sigegen kang winarna, mirsaban lajeng umantuk, pelah wangsul mring dunungnya. Dadeken liring pambudi, kala anyipta karenah, wus antuk kang menco roro, denulig ing saben dina, sing tlatening panggulang, kadya kang kasebut wau, cekaking crita wus wigya. Ocehe teka patitis,kang miharsa keh kacaryan, nanging sakehing wong kono, tan anakangmangartiya,ocehing peksi ingkang, cara Prasman baanipun , dinuga padha kewala. Tegese ngalem baroti, tanwruh yen sanes artinya, kuneng sareng sampun lanteh, pelah marepek mring mirsaban, ngaturken menconira, dene kabangkitanipun, ngocehmakaten punika. Bandara pened darbeni, kinarya akelangenan,inggih bok manawi dados, tambahipun kaarsayan, tandya peksi kang bias, basa Arab ngoceh asru, kadya kang kocaping ngarsa. Mirsaban dupi miyarsi, anguguk gumujengira, sarwi andikanira lon, peksi muroro punika, sira sungkema ring wang, dahat ing panrimaningsun, yekti weh sukaning driya. Kuranggan nunten cinangking, sinungken mrin ggarwanira, pinintoken pangocehe, baroti eram kalinta, ngrasapakening raka, ingakng angengken nyinau, mong,,,,,,,,,,panembramanira. (taksih wontencandhakipun. Manungkara ing Kadipala.

Ongka 42 Kemis kaping 20 Nopember 1879

Yogyakarta

Nalika tanggal kaping 2 ing wulan NOpember punika, ing kampong Jayaningratan, wonten saweneh tiyang wasta pun Truna Semita, ing waktu punika ragi manggih kemayaran anggenipun pados pangupajiwa, sarana samikaganjar dening para ningali tanemanipun wit pisang koja, ingkang darbeni tenaya miyos saking siti celak ing wit sampun maujut pisang, angermpoyok mungging gagang, kadugi wonten saking 60 uler, ageng sak jenthik-jenthik, pucak pisan mawi sekar, ingkang winastan jantung, wau jantung saking alitipun ngantos lir pendah kukuning ringgit wacucal ingkang winastan WErkudara, amingit-mingit abrit.

Wasana sakingkathahing para ganjar yatra, celaking wit pisangkadunungan wadhah yatra werni pengaron, kaisenan sekar utawi toya kkonyoh, lahing ngriku lir pendahlaron kaselu lebeting yatra dhateng pengaron.

Wondene para ningali ingkang kadunungan manah gugon tuhon sami gadhah panyuwun dhateng nyai ageng pisang, supados sarehning dereng nate gadhah anak saget ta lajeng gadhah anak, saweneh sageda kacekapan, wonten sageda laris anggenipun mande, ugi warni-warniingkang dados pikajenganipun ing ngriku sami abesemi dupa, supados tumuntena kaleksanan ingkang dados panedhanipun wau, katemahan para gugon tuhon wau sami royal anggenira nglebetaken yatra dhateng pengaron pancen naming sedhuwit ngantos langkung saking sedhuwit wau (Darmawarsita)

Nalika dinten malem Jumuwah Kliwon tanggal kaping 15 wulan Dulkangidah punika, komandhan jagi Upwah Karesidhenan ing wanci dalu angrundhani kancanipun sakilwak dhateng ing pos sangajenging dalem karesidhenan, dumugi ing ngriku komandhan jagi sumerep tiyang dolanan sanjata, kabekta mlampah-mlampah wangsal-wangsul, kadugi sanjata kumpeni,komandhan jagi angengetaken tembungipun makaten,sapa dolanan bedhil ana sakilwakan iki, yen wong ora sakilwak ora kena, tiyang wau inggal nyelehaken sanjata lajeng kesah menek uwit bulu dumugi ing nginggil tiyang wau sirna botenkantenan,komandhan jagi ugi tumunten pitaken dhateng kancanipun kang sakilwak, naming mas Sakilwak amelongo kendel kemawon ngantos ¼ jam dereng wicanten wicanten, dangu-dangu amangsuli tembungipun makaten,em kilurah, kala wau kula kadhatengan tiyang, Oallah,pangraos kula ageng inggil sanget, lajeng nyepeng sanjata kula, kula lajeng boten saged wicanten, sareng mas Sakilwak wicanten makaten komandhan jagi andugi bilih tiyang ingkang dolanan sanjata wau gendruwo amindha-mindha manungsa.

Olah sapinten getunipun mas sakilwak, dene simbah gendruwo teka remen nyepeng sanjata, kula dugi remen dados prajurit Ifantri, saupami simbah gendruwo karsa asobat dhatng kula, badhe kulapurih dados prajurit ingantri ing lesiyun Pakualaman kemawon saiba bilih palesir mawi busana gruteni ngagemkarsset, ihhi, tamtu pantes katingalan ing ngakathah.

Darmawarsita

SAMARANG

Kami sepuh ing dhusun Baru dhistrik Singen Kidul wanci dalu lumampah rundha aniti priksa para titiyang patrol kocap sareng dumugi pajagenipun tiyang nama Wirakersa kapinujon pinanggih tilem angles tumunten dipun gugah, wirakersa kaet guragapan kasengguh bilih wonten durjana pandung sarta mawi anyandhak sandhinganipun penthung,pun kamituwa kakintendurjananipun lajeng dipun tamani punpenthung ngantos anandhang brana Wirakresa lajeng kaladosaken ing parentah.

Wartos kala atrap banoning Masjid Ageng ing Nagari Aceh ingkang kawitan Kala salebetipun wulan ingkng nembe punika kula sampun angwartosaken ing bab nalika atrap banoning masjid ageng ing nagari Aceh ingkang kawitan ananging sarehne wartos wau kawrat ing telegram dados among ringkesan kemawon sarta boten mawi anggancaraken ing bab raramen utawi pasamuanipun ing mangke serat wartos ingkanganama Jawa Sekoran katiti mangsan kaping 7 wulan Nopember punika anyariyosaken kawontenaning pasamuwn wau ingkang sawatawis panjang, saking kintenan kula kados kathah ingkang sami kapengin miring, mila ing mangke kula pethik tumrap ing serat pawartos punika, supados kauningan dening para maos ingkan anaruwe ing bab nagariAceh tuwinpranatan sarta patrapipun kanjeng gupermen dhateng nagari ingkang nembe kabawahaken.

Menggah nalika atrap banoning masjid ageng ing nagari ACeh ingkang kawitan punika kajenengan dening pangageng lautan militer sarta sipil saha para raja, Utamangga tuwin pangageng bngsa Acehsakalangkung denig kathah, sawdya balanipun ewoncacahipun inggih punika sakingpaisir kilen sarta saking sagitig ing Aceh ageng kajawi punika akathah bongsa sanesipun ingkang sami tumutur angetebi pasamuan wau.

Wanci enjing jam 10 1/4 , prayantun kakalih ingkng kapatah dados liding komisi bujana sampun sowaning dalemipun kanjeng tuwan guprenur angaturi tedhak dhateng dununging badhe masjid wau, sareng kanjeng tuwan gupernur rawuh lajeng katampenan deining presidhen sarta sekretarising komisi.

Ing panggenan badhe masjid waukaedegan madeyasarinengga akalaha monca warni, sarta ing salebetipun mawi wonten panggunganipun ingkang kasiyagakaken badhe kadamel lenggah dening kanjeng tuwan guprenur sareng kanjeng tuan gupernur sampun lenggah tumunten anglairakenpangandika dhaeng para panggeng sakarereyanipun ingkang sami pakalempakan wonten ing ngriku aparing sumerep menggah kajengipun ing pasamuwan wau.

Wondene masjid ageng kina ing nagari Aceh punika prawasa kala perang ingkang kapisan sareng kanjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur Jendral rawuh ing Aceh aprasetya badhe adhadhawah amabangun mesjid kina ingkang risak wau, sarta badhe tumuntendipun lekasi, saha awit saking padamelan aparing tondha dhateng para tiyang Aceh biih botenpisan-pisan badhe angewahaken aami ngadat angadati pun bongsa Aceh, saking pamuhi nipun kanjeng tuwan gupernur mugi babaya sartakasusahan ing nagari Aceh ingkang tumuwuh sakingperang tumuntena sirna.

Sareng kanjeng tuwan gupernur sampun angwedharaken pangandika wau akaliiyan basa walandi, tumunten kabasakaken Malayu dening tuwan Asisten Residhen ingkang kapatah daos komisining bujana, saha lajeng abasakaken Aceh dening tungku Kadlimalikul Adil,

Awit saking namanipun para panggeng ingkang sami pakalempakan wonten ing ngriku ahli tumunten anglairaken panarimah dhateng kanjeng upermen awit saking ganjaran ingkang saijab ijabipun wau, sasampunipun mangkaten lajeng atrap banoning masjid ingkang kawitan mawi kapacihnan ungeling mariyem kaping 13.

Ingkang amaos dunga nalika punika ngulama ageng anama tungku Dhilampayah, salajengipun para tiyang nagari sami asidhekahingkangsarana wragad saking nagari.

Bujana wau ngantois dumugi pukul 9 dalu saha nalika punika boten wonten sambekalanipun lestantun wilujeng

Dene para raja sarta utamangga punapa malih para pangagenging Aceh ingkang sami angetebi pasamuwan wau ingkang pantes kapratelakaken kados ing ngandhap punika:

Saking Pasisir Wetan.

Tungku Ci Hik inggih punika raja ing Edir Ageng
Nyaknag inggih punika putranipun raja ing Edicut
Tungku Abu inggih punika putranipun raja ing Jolok Ageng
Kejuruwan mudhah inggihpunikaputranipunmantu raja ing Perlak
Tungku Mudha Cut Latip inggihpunika raja ing Semantok Merbao sarta ing Bangkahi.
Panglia prang bak Arun inggih punika wakil Raja ing Merbao
Tungku Nyaklamkot inggih punika raja ing Simpang Olin
Tungku Kutanci Cundha nggih punika ingkang rayi raja ing Cundha.

Saking Pasisir Ler
Tungku Main inggihpunika raja ing Aiyerlebu
Tungku Suleiman inggih punika pangrndipatiing Pedhir
Tuanku pangeran Husin
TUngku Mataraja inggihpunika raja ingDheluk Semawe
Tungku Bitara Mudha inggih punika raja ing Klumpang Dhuwah
Tungku Maharaja Pasagan
Tungku Panglima inggihpunika kang rayi Raja ing Jangkabuiya
Tungku Cihik inggih punika raja ing Merdu
Taksih wonten candhakipun.

NAGARI CINA
Enggal punika nagari Cina angsal baita perang, 4 iji anggenipun tumbas saking Enggelan ingkang kadamel saking waja, lampahipun sanget lepas sarta tampi mariyem ageng-ageng, kajawi baita punika akathah pirantos perang ingkang kasadhiyakaken awit tiyang Cina satengah aneksa andon yuda kaliyan Jepang.
Ing Kwinhon kawatos kikirangn rijeki,akathah lare kasade dening tiyang sepuhipun awit tiyang sepuhipun wau bote saged….ngoni.
Serat kabar ingkang nama Batawiyah Handel Seblad angwartosaken bilih tamanipun sawenehing tiyang islam ing kampong tanah Nyonyah sacelakipun peken Senen wonten wit pisang tuntutipun, 12 para tiyang ingkang sami dhatneg ningali pisang aneh wa ngantos ewon cacahipun.

JEPANG
Ing nagari punika ingkang karembag boten wonten malih naming bab anggenipun badhe tempuk bondayuda kaliyan nagari Cina, wonten wartos saking Tokiyo bilh raja Jepang angagya minister dhateng Eropah, perlu kautus anyambut arta badhekangge waragading perang wau, wonten kabar saking Sangai bilih titiyang Cina anepsu sanget dhateng tiyagnJepang ing Bab anggenipun angalap pulo-pulo LIyukiyu.
Titiyang ing lIyukiyu ugi anepsu dhateng gupremen Jepang, sarta boten purun kaparentah dening Jepang, ing nalika guprenur Turika agya dening gupremen Jepang dhateng pulo wau supados dados panggenging panprentahan ing ngriku, sedyanipun badhe amatrapaken pakaryan dhaeng tiyang Liyukiyu 20 iji ingkng nalika taksih rajanipun anyepeng padamelan ananging kabadal boten dipun leksanani, ing Yomagate wonten kaanggsaran ingkang melas asih sanget inggih punika kunjaran ing ngriku kabesmi dening tiyang durjana, tiyang dodosan ingkang wonten ing kunjara

wau 80 iji, ingkang katulungan among tiyang 20 iji, sanesipunsami pejah, engggal punika ing Jepang kadengangan wonten arta kertas tiron ing mangke ingkang kadakwa dae arta kertas palsu wau sampun kacepeng, ingkang dados pangagengipun bongsa Eropah, mila pantes manawi tiyangJepang saged anuladha dhatengsaliring pakaryan, ing mangke ing nagari Jepang kathah tiyang adamel pethi tosan kados damelan ing Enggelan.

PETHIKAN CARIYOS SAKING TANAH ARAB

//Asmaradana//wonten janma jalu siki, mirsaban panengranira, karo kalayan rabine,dyah Barotiwastanira, kang kasub ing pawarta, citranira sangdyah ayu, sumorot kadya sasongka. Pingpat belas andhadhari, sarira gilig araras, lir partimamasemune, pinuja bias wacana, gandes luwes pasaja, ing yas mung susilanipun, kacihna dahat ngumala. Sungkem sumawiteng laki, tanimpang tuduh ing priya, sabarang pakon linakon,mangkana mirsaban gadhah, rencang jalu awasta, pelahing pakaryanipun, anggermaning met kukila. Tiyang luwan raja wali, julig yen bedhak mimikat, ulanganmamrih cumbune, myang mas rka wigyanira, anulad ungelng kang, sato-sato manuk-manuk, mila mirsaban sih tresna. Tan pisah-pisah manawi, mirsaban bedhak mimikat, mring wana myangnaliyane, pelah kikinthil neng wuntat adan kala samana,ing sajuga rianuju, mirsaban bereg arina. Pun pelah dherek ananging, pijer grndhel lampahira,mangkana ing panggagase, kayungyun yuning bandara, kang tinilar neng wisma,katatangi osikipun, temah tuma……. Sumuking driya nekani, kadadak wirodranira, dumadi pangidhepe, sihing bandara tan ketang, among ingkang kawangwang, ba….ing ayunipun, sedheng den tohana jiwa. Saksana ni….yoni, nyalimpet wangsul mring kitha, samudana yen kinongkon…puma sakuranga, pawadan kan gcayogya, amrih katemune muhung,…jani jenan kewala. Gampang nandukenpangudi, mamelas myang ngroda paksa, wus data nana ewuhe, wondene kalamun a,,,,, kagidhuhi mrih gagar, masangontrak kena rumput,garinting myang,,,salameta. Pelah tandya nyimpang margi, anyinyilip lampahira, amrih tan konangan ing wong, manahe wdhak widhikan, angge-angge panggiya, ginelak lampah nya rawuh, katuju sepi sujanma. Pelah panggih dyah baroti, mrasajakaken kang sineja, sang dyah kantyan kagete, lir karidhu ing drubiksa, gumeter kamigilan, kasahsar winguwus-uwus, tan oleh maring griwata. LUput mu…anglimputi, pelah nglengger tan wacana, lir den lolosi ba…na, sewu dahat datan nyana, yen baroti lumuha, ananging ka….nipun, taksih angupaya arga. Amrih kalunturaning sih, mi,,,narsa mrawasa, mung legeg driya ajomblong, gegetuning solah, dumi enget umanter, datan pegat mandhek mangu, sarta tebah tebah…jaja. Saking kagubet prihatin, kongas sumuking parudah,…..ning wisma galoso, tansah panglocitanira, dene lir singa…bak, mamas an kari anggilut, wurung datan pakaran. Wasana salin kang kesthi, cipta angruruh karenah, nuruti ing kanepsona, kang binate king wardya, nedya karya cintraka,mring baroti malih lampus,mangkaten ing akalira. Srananing upaya sandi, …nya karya kaladesa, mawi pados menco roro, kang sajuga…radi pun gulang, ngocehken tembung Arab, mangkana ing tegesipun, …..varoti tuhu endah.Ayune tan atumadhing, angruruh,,,sahantuka, wdon kang kaya mangkono, begjane lurah mirsaban, dene ingkng satunggal, ginulang pangocehipun, mawi basane wong Prasman. Tegese dhek mau bengi, sang dyah Baroti, dhemenan,lan wong tunggu lawangkae, malah tangine karinan, karone gundandapan, dupi pangathikerampung, cumanthel eneng wardaya. Tandya pelahkesah malih, ngulati bandara nira, tandangu panggih tinakon,matur lamun katlisiban, sigegen kang winarna, mirsaban lajeng umantuk, pelah wangsul mring dunungnya. Dadeken liring

pambudi, kala anyipta karenah, wus antuk kang menco roro, denulig ing saben dina, sing tlatening panggulang, kadya kang kasebut wau, cekaking crita wus wigya. Ocehe teka patitis,kang miharsa keh kacaryan, nanging sakehing wong kono, tan anakangmangartiya,ocehing peksi ingkang, cara Prasman baanipun , dinuga padha kewala. Tegese ngalem baroti, tanwruh yen sanes artinya, kuneng sareng sampun lanteh, pelah marepek mring mirsaban, ngaturken menconira, dene kabangkitanipun, ngocehmakaten punika. Bandara pened darbeni, kinarya akelangenan,inggih bok manawi dados, tambahipun kaarsayan, tandya peksi kang bias, basa Arab ngoceh asru, kadya kang kocaping ngarsa. Mirsaban dupi miyarsi, anguguk gumujengira, sarwi andikanira lon, peksi muroro punika, sira sungkema ring wang, dahat ing panrimaningsun, yekti weh sukaning driya. Kuranggan nunten cinangking, sinungken mrin ggarwanira, pinintoken pangocehe, baroti eram kalinta, ngrasapakening raka, ingakng angengken nyinau, mong,,,,,,,,,,panembramanira. (taksih wontencandhakipun. Manungkara ing Kadipala.

Ongka 43, Kemis kaping 27 Nopember 1879
Serat kawat saking Batawi Agiyaraken Kulawisudhan kados ing ngandhap punika.
Kanjeng Raden Adipati Danureja, papatih dalem ing Ngayogyakarta, kamantunan ing paparentahan mawi lulus ing kaluhuranipun saha kaparingan pensiyun tuwin kaangkat dados pangeran.
Raden Mas Tumenggung Sasranagara, Abdi Dalem Nayaka ing Ngayogyakarta, kaangkat dados Pangeran
Raden Mas Tumenggung Danu Adiningrat Mayor Komandhaning prajurit dalem ing Ngayogyakarta, kaangkat dados papatih ajujuluk Nunggak semi ingkang nembe mundur.

SURAKARTA
Kala wingi ing Prapatan GEmblegan wonten soldhadhu mendem saleyoran lampahipun da,el wirinipun titiyang ingkang sami dhasar sasadeyan tuwin tiyanglangkung, awit saking sangeting endem ngantos boten saged lumampah, temahan ambruk anggaloso wonten sacelaking jubleng pinggir margi, sarta lajeng tilem anglesus sareng kinten sampun radi yitna saking wuru tumunten tangi guragapan saha enggal anyelaki tiyang wadekarag pohong, ambok bilih karaos luwe, sareng anggenipun jajan kinten telas sadasa dhuwit soldhadhu lajeng ngadegkesah tanpa jawab dipun tedha bayaranipun anggening jajan pohong ayam kemawon, gumun sanget kulaprayantun pulisi ingkang gadhah bek ingngriku, teka boten karsa anyaruwe lalampah makaten wau, punapakamanah bilih badhe boten babayani dhateng salah satunggilipun.

SAMARANG
Ing salebetipun pendhak dinten punika kula miring pasambatipun para titiyang ingkang sami ider sade tetedhan ing wanci dalu, awit saking kerep dipun rebat sasadeyan utawi artanipun dening soldhadhu Bugis,kawartos ingkang angge pandhelikaniun soldhadhu Bugis ingkangasring anglampahi kadurjanan wau, ing enggok-enggokan kampong Sekolan kaleressangajenging griya pamulangan Karang Bidhara sarta pangggenan sanesipun pundit ingkang sepi-spi, malah wartosipun nembe punika soldhadhu Bugis lumebet dhaten gkampung Kapatyan, gndhingan nedya ngupados griya suweng tuwin angrebat darbekingtiyang dumadakan kadengangan dening kathah saha badhe kacepeng ananginglajenglumajeng dhateng panggenaningakng Sonya sarta angles boten kasumerepan purugipun.
Soldhadhu Bugis wau kala kaping 17 sampun ananggulang dhateng tiyang sadeyansaha maendang, sadeyan tuwin yatrani…… ngantos telas-telasan saha ingkang gadhah sadeyan dipun penthungi, tanpa wonten ingkang saged tutulung, jalaran tebih saking pajagen sartapa kampungan.

BATAWI
Nembe kemawon bongsa Islamkakalih ing Bekasi ingkang nama DAgul tuwin Kayun kapatrap paukuman pejah, awit anggenipun kadakwa maha anglampahi kadurjanankados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika:
Sadherekipun Dagul anama Birin andarbeni sabin sakedhok ing tnah Tambung, Dagul gadhah panembung dhateng Birin sabin wau suka adipun tumbas birin inggih anyukakaken sarta arta reginin gsabin katedha, Dagul ubanggi bilih sampun lebar panen Birin anyarantosaken saeng sampun lebar panen arta regining sabin dipun tedha

dening Birin ananging dagul ambalkenjani dereng saged asok awit sakingpun Dagul dipun gejeg ing panagih, Dagul kawistara nandhang lingsem sarta lajeng anukulaken mentalanipun dhateng kang sangsaraning sadherek inggih punika angupados tiyang dipun pupurun amejahi dhateng Birin ananging sampunnaros dhateng tiyang kalih utawi tiga sami lenggana anglampahi dhateng paken utawi pambujuk awon wau, wasana dagul anaros dhateng tiyang anam nama Kayun ing Tanjung ingkang lajeng anggahan kadugi anglampahi akalayan epahan 30 rupiyah.
Ing wanci sonten Kayun ing griyanipun Dagul boten dangu pun Birin inggih dhatenging ngriku, lajeng sami gineman ngantos meh madyaning dalu, pun Birin pamitan mantuk dipun teraken dening tiyangkakalih, sareng dumugi satengahing sabin pun Kayun enggal amadung dhateng punBirin kenging sirahipun gumalinting anjerbabah peja ngenggen.
Pandamel awon utawi kadurjananipun Kayun wa ngantos sawatawis lami boten kadengangan wasana anakipun Birin ingkang nama Ngarin angsal katrangan bilih ingkang mejahi bapakipun tiyangnama Kayun wau, pun Kayun tuwin Dagul lajeng kaladosaken dhateng pangadilan mider, sanajan sami kencenging selakipun ananging pangadilan amatrapi paukuman pejah, awit tatela dosanipun sampun maha mejahi tiyang pasakitan dagul tuwin Birin sami anggadhahi atur boten narimah dhateng pangadilan luhur, dene katetempaken dosa anglampahi kadurjanan maa mejahi tiyang sarta ginantungan paukumanpejah, ananging pangadilan ruhur anglastantunaken karampunganipun padil lan mider, pasakitan kakalih wau ugi andarbeni atur ingkang jeng tuwan ingakng wicaksana gupernur jendral anyuwun apunten supados linepataken saking paukuman ingkang ginantungaken dhatng bdadanipun ananging boten ka……

JAPARA
Menggah ing saratipun tiyangnanem karng kitri taun, ingkang sampun dumugi ing mongsa, mongka boten nate puruna woh-awoh, mendhet saking ila-ila cariyosipun tiyang ing jaman kina, wiwitan kados ta, pelem sapanunggilanipun, mawya isarat kasupa, langkung rumiyin kapenaka sajuga lare, ing nginggil lajeng witipun kagebak kaping 30 , seletan penjatos saengga nglothok utawi mlicet kulitipun ayam, kaliyan kaancam , puruna who punapa boten, bilih botena who kakethok kadamel pathok, maesanipun jeksa, wau lare kapurih jeleh-jeleh, kapok kapok kapok, awoh awoh awoh sampun kantos kangge pathok maesaning jeksa, cilaka dunya Insyaalah lajeng awoh, mila sedaya srana punika adamel gumunipun ing ngakathah, miwah gujenge para mitra liyan bongsa ingkang sami mirengna, naming yakin, ing wingking damel kasenenganipun para ingkang kagungan pakebonan, saha pethetan ingakng sami awoh.
(Darmawarsita)

BALI
Kala kaping, 18 Oktober nembe punika Bing Bali Ampenan amatrapaken paukuman sangsara sanget dhateng saweneh tiyang estri ing Sasak ingkang kadakwa bedhangan akaliyan anakipun mantu, wujuding paukuman mangkaten jaler estri ingkang kadakwa bedhangan dipun bekta dhateng sapinggiring saganten suku tuwin tanganipun dipun tangsuli akalayan santosa, sukunipun satunggil-tunggil dipun tangsuli angsal karung ingkang isi sela tuwin wadhi minongka bandhul sampun rampung anggenipun mirantosi, tumunten katumpakaken ing baita kabekta ing tengah saganten ing ngriku lajeng kacemplungaken ambok bilih ngantos kelem labet,

mangkaten punika, miturut pranatan nagari Bali ing tengah saganten ing ngriku lajeng kacempulungaken ambok bilih ngantos kelem lebet, mangakten punika, miturut pranatan nagari Bali ingkang sampun kalimrah, sinten sintena ingkang dosa anglampahi kadurjanan bedhang amasthi dipun cemplungaken ing saganten kados mangkaten wau.

KUDUS

Kaen ingkang kinata ing Kuswadurma, yeku ing Kudus nagri, duk ari Jumaat ingkang nembe punika, wayah TIbra layu sidi, wonten caracab deres ngebat-ebati. Sarta linudireng maruta tiarda, kumusuh tanpa lirip kilat aliweran namadyaning swasana, cumlerete naratabi, swareng gurnita, glegeg-gleger ngebeki. Ing sagelarira kang para mosesa, nyanyamber wrahaspati, jumebret swaranya, kadya nengker-nengkera, marang sulaksaneng ardi, bombak ngumbulna, sangaraning jaladri. Duk samana kadya anyasmitanana, yen arsa jaman titi, sangyaning prajanma, geter atresing driya, sadaya asamya wingwrin mijil sing wisma, sidhakep datan mosik. Ciptaning tyas lamun yun tumameng baya, marmaireku sami, amanru mumuja, mring hyang maha nityama, mugi-mugi akaswasih, masung prasida marang salir dumadi. Byatatita wisma akathah kang rebah, sinranging erawati, wasa ting jalempah, kocap lare estrri nama, ngadinah nalika lagi, krodhanin gbraja, ngobar dupane panti. Anunuwun mring sira sang sipat kodrat mugi nyirep kang angina nging pamudyanira, durung nganti samana, sinambadan ing hyang suykci, uwit kalapa kang aneng wingking panti. Sinrangbayumak garedeg esol dhawah, nanggulanggraning panti, amasthikewala, datan mawi suwala, kang griya dhepani siti, deta ngadinah, aweh belani mati. Lyan punika griya griya alit ingkang, ama….payon welit akathah kang jebat saking donanangira, amu……mbul binekteng angina mring jumantara, keksi lir aneng lengking. Kasekaraken saking slompret malayu dening S.P.

Cariyosipun prajurit Inggris ab solahipun tiyang Sulu

Kala saweg ramenipun paprangan tiyang Inggris kalayan kraman Sulu ing Afrikah, wonten prajurit Dragunder Inggris awsta Ernes Grandhiye kacepeng ing tiyang Sulu, nalika sumanten ingkang anyenapateni wadya bala Sulu awasta punggawa Ombalini. Sareng Grandhiye kacepeng enggal kaladosaken ing ngarsanipun Raja Katiwayu, kacaosaken kados bulubekti, Dumugi ing ngajeng anipun Raja Katiwayu pun Grandhiye pakeyanipun lajeng kapendhet, nunten kawudakaken dipun cancang ing tunggul lajeng pejah. Sukonipun kadhawung kados sukonipun gajah, bau tuwin tanganipun sampun boten saed ewah, inggih sampun ngemperi recanene boten waged ebah, anggenipun angih sangsara kados mangkaten ngantos pinten-pinten dinten, rinten dalu, jawah utawi panas boten saged angaubaken badanipun. Ing wanci enjing simanipun raja Katiwayu nuweni dhateng Grandhiye, sarta manawi piyambakipun katingal kasrepen lajeng dipun gebagi supados rahipun sampun ngenthel: ingkang supados pun Grandhiye sampuna pejah tumunten, saben dinten dipun loloh mawi jenang gagung, ing wusana raja katiwayu mara sudi aningali bandanipun, raja katiwayu pinarak ngajengipun Grandhiye, para nayaka sami lenggah wingkingipun sang raja, para ratu utawi putrid andherekaken sang raja, sami ngempliki bandan wau sarta dipun iduhi, nunten anyuwun mugi sang raja karsa amaringsih dhateng para wanodya, pun Grandhiye kasuwun badhe dipun picis utawi dipun suwek-suwek, ananging sang raja boten pareng.

Timbalanipun sang raja pun Grandhiye kapurih kawangsulaken dhateng Ombalini, dhawahipun bandan wau kedah dipun iris kados dhendheng, sang raja lajeng kondur ngadhaton, let sawatawis dinten pun grandhiye kakintunaken dhateng Ombalini, kairid tiyang Sulu kalih, wonten ing margi pun Grandhiye nuwunkalilana ngupados patedhan sakedhap kemawon sarana kaliren sanget, ugi kalilan, sareng sampun ucul saking tangsul sarta ingkang ngirid nyelehaken dadamelipun, wau pun Grnadhiye nubruk nynahak waosipun tiyang Sulu ingkang celak piyambakipun, Sulu wau dipun suduk pejah tumunten, bedhilipun ingkang satunggalipun ugi karebat, sareng tiyang Sulu ingkang kantun ningali solahipun Grandhiye, boten saged mikir sanesipun lajeng ngpretap lajeripun, pn Grandhiye lajeng andhelk ing Jurang sawetawis, sarta lajeng ngupados margi ingkang anjaok dhateng pasanggrahanipun bala prajurit Inggris, inggih ugi wilujeng lampahipun dumugi pesanggrahanipun kanjeng tuwan Jendral Senapati prajurit Inggris.
(Darmawarsita)

Candhakipun Cariyos Nalika Atrap Banon Kapitan ing Ngacih.
Sareng sabibaring pasamuan let kalih dinten calon raja ing Pedhir dipun sandhangi sumpah sarta lajeng katetepaken dados raja ing Pedhir kaparingan jujuluk Tengku Raja Pakeh Suleman Ipnu Tengku Raja Pakeh, ing nalikka dinten wau lubalang ing para nagari pasisir sarta ing Aceh Besar sami anjejeri wonten ing ngriku.
Ugi ing salebetipun pasamuwan wau tengku Raja Pakehh Sulen tumunten angaturi arta 600 dholar kabuntel ing sutra kuning kasaosaken ingkanjeng tuwan gupernur sumerep upekti miturut adapt ing ngriku ingkang sampun kalampahan wondene sang raja enggal pikantuk ganjaran awarni ORloji Jene sarantenipun.
Sakingpamanggihipun para titiyang bilih kanjeng gupermen akarsa damel bingahipun para bongsa Aeh ingakng embe nungkul wragadipun pambanguning masjid ingkang sampun kapratelakaken ngantos langkung saking kali atus ewu rupiyah, menggah saking pamanah kula inggih mangkaten ugi, amargi para bongsa Aceh sampun angraosaken sangsara wiwinih sakin gtempuking aprang ngantos tataunan laminipun ing mangke perangipun sampun kendel kantun perang dhustha kemawon mila pantes kanjenggupermen ing sasaged sagedangupados sarana anglilipur manahing tiyangingkang sampun teluk ing bawahparentahipun awit saking kasangsaran pinten-pinten ingkang sampun dipun raosaken utawi ingkang saweg kasandhang ing mangkepunika.
Sarta kula angemuti bilih masjid ageng ing Ngacih punika risakipun saking wadya Nederlan boten kalayan kamaha, ananging awit saking kala perang ingkang kawitan masjid wau kaangge beteng dening bala tontra ing Aceh akathah ingkang sami kempal ing ngriku badhe nglawan dhateng kanjeng gupermen mila sampun masthi komawon masjid ingkang minongka beteng wau lajeng kaangsah dening wadya Nederlan akalayan dipunmariyemi, temah ana prawasa dalah titiyangipun ingkang sami manggen ing ngriku.
Ing mangke kanjeng gupermen amiwiti angedegakenmasjid enggal ingkanglangkungprayogi tinimbang masjid ingkang wau, sarta awit sakign mangkatenpunika amasthi anelakaken bilih kanjeng gupermen boten pisan-pisan badhe angewahaken agami miwah tata ngadatipun nagari Aceh.
Bokmanawi ing wau titiyang Ngaceh sami kadunungan panginten bilih kanjeng gupremen badhe angewahaken agami utawi sarengatipun nagariAceh, ananging panginten ingkang mangkaten punika kalisir, jalaran tiyangACeh dereng sumerep terangipun ingkang sebut ing serat angger yasanipun kanjeng gupremen ingkang

anamtokaken paukumanipun para bongsa ing Indiya Neerlan awit ing ngriku sampun anamtokaken boten kenging aneksa dhaeng sawenehing bongsa nilar agami utawi sarengatipun sarta tiyang ingkang anglampahi agami utawi sarengatipun boten kenging dipun urubiru, anggeripun boten anerak papacaking kungkum igkang kalimrah ing salebeting nagari.
Mangkaten malih bilih kawulanipun kanjeng ugprmen badhe santun agami, kadosta: tiyang Islam manjing agami Ngisa, utawi kkosok wangsulipun punika boten kenging bilih kaarubiru utawi dipun awisi, mila para bongsa agami warni-warni ing bawah wawengknipun kanjeng gupermen sami saged kempal sarta mimitran akalayan tentrem boten dipun arubiru, awit kanjeng gupermen boten wenang amanceni dhateng pamanggihing tiyang ngatasing agaminipun ingkang sami dipun lampahi, ananging naming kapasrahaken dhateng pamanggihipuning piyambak-piyambak.

Candhakipun Pethikan Cariyos saking Tanah Arab
Nanging sandeyaning galih, dene peksi saking Pelah, kang wus kawuryan jatine, gyanira lampah druhaka, marmanya rinangkepan, rumagang wewekanipun ywa nganti kaduwung benjang. Pamanggihira manawi, panjoring kalawisaya, karti sampekanira mreh, akarya bilahinira, mila lair kewala, asih yemaring kang manuk, ngubyungi karsaning priya. Kacarita lami-lami, mirsaban aketauwan, mitra wus lawas pisahe,mentas dudunung neng Prasman, ngarti pangocehira, kukila sajuganipun, nanging kasidhem kewala. Awit osikingkang ngati, baya paidahe apa, bukak rahasiyaning wong, mundhakan akarya gendra, suprandene Manawa, menco ngoceh padha ngungun, wong Prasman jawil-jawilan. Nunten wonten kang nganthuki, tumuntenpandeng-pandengan, kalayan kancane lunggoh, dyan wonten sujanma ingkang watak dtn sabaran, wiantenira mawelu, eh Marsaban mitraning wang. Punapa dika mangarti, ocehe peksi punika,Marsaban surira lon,ingkng stunggal punika, kula mangretos terang, cara Arab baanipun, nanging satunggile ika. Taksih wonten candhakipun. Manungkar ing Kadipala.

Ongka 44, Kemis kaping 4 Dhesember 1879

Surakarta

Kala wingi enjing kanjeng tuwanResidhen kadherekaken para tuwan-tuwan amtenar, militer tuwin mardika, rawuhing dalem Kamangkunagaran anjenengi sumpitipun Raden Mas Suprapta, putra dalem Kanjeng Gusti Pangeran AdipatiARiya Mangkunagara, ingkangsampun wonten dalem Kamangkunagaran panjenengan dalem kanjeng gustipangeran adipati anom kadherekaken para kanjeng pangeran putra tuwins antana dalem ingkkang sinuhun sasampunipun atata lenggah, lajeng putra ingkang badhe dipun supiti kasowanaken ujung, sasampunipun nunten sami jumeneng tedhak ing pungkuran dalem anjenengi supitipun bibar supitan nunten wangsul atata lenggah malih, kanjeng gusti nunten paring sasmita, salajengipun gelas gelas ingkang sampun cumawis sami kailingan sampanye, kanjeng tuwan residhen nunten angunjuk wilujengipun raden mas suprapta, kanjeng gusti pangeran adipati Ariya Mangkunagara anjaab angunjuk wilujengipun para tamu, lenggah sawatawisw dangunipun kanjeng tuwan residhen nunten kondur ing sontenipun andumugekaken pasamuanmawi dhansah, sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan anedhaki, kadherekaken panjenengandalem kanjeng gustipangeran adipati anom tuwin para ageng sanesipun mawi kasegah tatingalan kembang api, menggah kondur dalem wanci jam sakawan enjing.

Tiyang bodho gampil dipun apusi

Sawenehing Cina anama S.G. ing wanci siyang kadhatengan tiyang kakalihjaler estri, kang estri nama: KA, ing dhusun Mudal Kalathen S.G. dereng tepang dhateng tamunipun wau, sarta salebeting papanggihan teka inggih boten nyajarahaken tiyang kang jaler tumunten nembung badhe tumbas barang, S.G. awit saking kirang weweka radi agahan angulungi barnag warni warni gunggung regi, 29 rupiyah, sareng tiyang jaler sampun aningali barang wau tumunten wicanten bah, barnag-barnag niki kula tapsirne regane dhisik teng sedulur kula ing kampong Kauman Cina, S.G. inggih lajeng angulungaken kemawon tiyang jaler tumunten kesah lampahipun rindhik sagawondipun gitik tiyang estri kantun wasana dipun entosi ngantos dangu boten wangsul-wangsul dipun padosi boten kepanggih, awit saking punika S.G. rumaos bilih dipun upasi, tiyang estri lajeng kacepeng kaladosaken pulisi,

Manawi tiyang wonten ingkareteg lepen awisan ingkang anjog dhateng Cayudan ing wanci siyang jam 4 aningal mangetan amatani sumerep sawenehing prayantun mantra alit ingkang kalangenan jemparingan wonten sapinggiring lepen wau ingkang sisih ler, mongka ing ngriku kadamel langkung para tiyang, patrap ingkang makaten punika kados kenging dipun emutaken dening pulisi, jalaran manawi kirang weweka jemparingipun badhe gampil angengingi tiyang.

Ing sarehning mongsapunika jawahipun sangsaya angriwis mongka angunduri badhe petengan, mila para wjib sami kula aturi angencengaken panjagining pakampungan saben dalu para tyang patrol sageda kerep angrundhani bagiyanipun piyambak-piyambak, supados saged amambeng para durjana ingkang angopeni barang remeh.

Kawartos bawah kabupaten ing Bayalali, wonten tiyang estri pejahkaglundhung ing jurang ingkang lebetipun 700 kaki, tur dhawah ing jurang boten ngantos dumugi ing ngandhap taksih sumangsang kajeng satengah ing jurang, ewadene bangkenipun ajur dados sawang-walang, ibabilih dumugi ngndhap saking watawis baledug dados galepung, wondening jalaranipun tiyang estri wau, anemahi sangsara, awit ing dinten punika ngarit rumput ing pinggir jurang, angranggeh rumput ingkang sawatawis

tebihipun bok manawi anggening ngranggeh wau siti ingkang dipun enciki oncat, saking sanget pandedelipun kageting manah ngantos saged amancelataken awakipun, mila sanadyan lalampah makaten punika tetela yen sampun dhumawah ing mangsanipun, nanging kemnging kaewokaken tyang gumluweh-gluweh, kesangetan anggening anyakedhikaken ajining nyawanipun, dene kok rumput tekad den tohi pati.

SAMARANG

Ing kampong Karang Kembang, Karang GEneng tuwin kampong Brumbungan dhistrik Samarang ing mangke katingal runkud sanget akathah siti ingkang maluwa boten dipun dunungi tiyang, isi cucukulan aarni alang-alang sarta glagah, punapa dene kathah wit witan ingkang ama pari, awit saking rungkudipun dipun angge pasenetaning andhapan miwah sawe ageng-ageng, lami-lami ambok manawi wonten simanipun saking panaang kampugn wau boten pantes bilih celak kaliyan kitha, ing mangke titiyangipun ing kampong ngriku kathah ingakng sami kesah angalihdhateng ing kampong sanes kilap ingkang dados jalaranipun dados ing sapunika prasasat suweng bleng meh kados wana. Ing saben saben wonten para tuwan anyanjaya andhapan dhateng ing ngriku, awit saking karemenen dene panggenan ambebetan teka celak akaliyankitha, manawi para tuwanwau anyanjaya masjid angangge mimis punika saestu adamel sumelang, bokmanawi ing nalika nyanjata pinuju wonten tiyang langkung, dumadakan mimisipun ingkang lumepas angengingi dhateng tiyanglangkung wau,punapa boten andadosaken kasansaranipu mila saking pamuji mugi pulisi ingkang kawajiban anggatekna ambebasaken saliring rurungkud ing kampong wau.

SURABAYA

Kala ing dinten Sabtu tanggal kaping 10 NOpember punika ing kampong Ampel kabesmen griya tembok payon gedhe ingkang kobar utawi risak caah 40 iji, kapitu lan kang murwat wonten 7000rupiyah, menggah jalaraniun kados ing ngandhap punika. Saeneh ing rare bongsa Jawi amasang dilah wonten sacelaking patileman lajeng katilar badhe masang dilah malih, wasana boten kasumerepan ingkang dados sababipun dilah wau lajeng anggoling, latunipun enggal ambesmi klambuning patileman awit saking punika andadosaken ubaling latu ambesmi griya-griya ingkang sampun kapratelakakening nginggil, pompa utawi pangisepan toya ongka 2 ingkang dhateng ing ngriku rumiyin, sarta lajeng enggal anyirami latu ingkang nedeng angalad-dalad ing ngriku pompa sanesipun lajeng dhaeng angebyuk biyantoni ingpanyiram ingkang onjo pitulungannipun nalikapunika tuwan Sekaotnon, Sekaot wau tumrapipun ing ngriki pala kampong utawi pangagennging siti.
Tuwan N sampun amitulungi maenad satunggal tuwanS amitulungi nyingkiraken kaca ageng satunggal sareng meh dumugi margi ageng dipun tumbuk ing tiyang lajeng rencem dados kangelanipun tanpa guna.

MAGELANG

Ing salebetipun wulan NOpember 1879 ing Pacinan mgelang wonten pangeram-eram langkung dening elok kados pundit ta yen boten eloka, tiyangbabi kok babi medal gajah, sareng sampun kapulasara babi ingkang manak wau, lajeng kabekta sowaning kantor karesidhenan, saembok anakipun pisan sadhatengipun ing kantor kathah para tuwantuwan tuwin para priyantun jawi kang wonten ing kantor ngriku, sami

angunandika dene kok aeng temen babi tinakdir ing gusti Allah manak gajah, sareng sampun kapariksa slesih, lajeng kabekta mantuk,let tigang dinten anak babi wau lajeng pejah,o saupami pinaringan umur panjang, amesthi damel sukaning ing ngakathah, awit salaminipun esang, saweg nembe sapisan punika umiyat kangnagkadyeku.

Nunggil wulan ing nalika dinten malem Ngaad kang sampun kapengker punika, ing kampong Kaputran kabupaten Magelang wonten tiyang Arab garwanipun ambabar putra medal dhapit kakung estri ingakng medal rumiyin jabang bayi kakung, lajeng jabang bayi putra, ngantos sapriki,jabang bayi kadwinya sami ginanjar raharja.

2- 12- 79, Kadwijanma

Ing nalika tanggalkaping 18 wulan Nopember 1879 kanjeng tuwan Residhen ing Kedhu, sampun karsa dhawuh adamel peken dene panggenan kang kadamel peken wau, kaprenah salering kitha Magelang kadugi tebihipun 1 ¼ pal inggih punika patilasan panggenan prajurit Walandi, dumunung ing sakidulipun dhusun menawa dene patilasan wau griya gedhong saka pilar,kathahipun kalih iji, jembaring satunggil tunggilipun griya, inggih amikantuki kadamel sasadeyan dene peken wau kadamel pendhak wage.

Makaten punika ingakng kula eermi nalika penggelaringpeken tiyang sasadeyan utawi tiyang ningali saklangkung dening kathah, papanipun ngnatos boten amot baleber ing radinan, kocapa sareng kadugi wanci jam 8 kadhatengan gara-gara, jawah nglangkungi deresipun sarta binarung ing angina, gumludhuging angis swaraning sujanma, lir pendah unduring prajurit saking kawon yuda.

Ting balesar wong nonton golek iyuban, janma jalu myang estri, uyel rebut papan, samya jorok-jorogan saking pepeting ing margi, tunjang tinunjang, saweneh tibak walik. Kang kaplesed ing margi tiba kalumah, sangsaya rameneki, gumrubyuging janma awot tangising raywa, binarung swaraning angina, angling gurnita, gumludhuga girisi. Kang saweneh angiyup griya los pasar,kang celak mlayu malih saeneh ing tiyang, ngiyup bango dodolan, sadaya wiwit pinipit, gabibir samya, samya meresi tapih. Kang sadeyan agugup ngiyubken bara, barang nyaden kukudi, kukut golek papan, papane wus sesekan, sesekan angesuk wani, wani taneti, etang barang kejawil. Warna-warna sesambate wona jalma, saweneh sambat rugi, saweneh kelangan saweneh kauntungan, untunge kang rada jail, jail andugal, dugale saya dadi. Dadi kisruh panjagane para lurah-lurah jagi pulisi, ing wau sadaya, apan wilujeng samya, tan wonten kutil kinutil, kutilan barang, mung siji kang keh gempil. Suprandene janma myak tan andha wegah, samya nekat ing ngatis, la nekat jeblogan, datan etang cetrikan, anempuh srana ling ngaling, samya payungan, paying kebabit riris.

Dene bibar ramening peken wanci jam 4 sonten dados unduring tiyang saking pesen wau, gubrubul kadya selabekini, punika sedaya samr medal nrejang ing kitha dados kitha saklangkung menggah ramening janma kang samya lumaksana.

14- 11- 78, Kadwijanma

Panarimahipun lare

Wonten jjaka anama Yusup, anuju satunggiling dinten mlampah-mlampah urut margi, sareng sanget kraosing sayahipun Yusup sumedya mantuk, nanging dereng dumugi ing griya selak kasaput ing mendhung lilimengan sarta lajeng jawah deres, gelapipun anyamber-nyamber, pun Yusup tansah adreng ajrihipun amirengaken suwanten kumrasak miwah kilat pating galebyar, osiking manah pun Yusup kedah badhe ngeyup sangandhaping uwit palem ingkang ageng sarta inggil, ananging pun Yusup boten pisan sumerep yen kakajengan ageng tuwin inggil punika asring kasrambah ing gelap, boten watawis dangu pangeyupipun, Yusup miring suwanten alamat-lamat

makaten, Yusup, Yusup inggal ta ngger ggonmu lumaku, kowe angowela marang sangsarane awakmu, Yusup kaget sarwi inggal anggening kesah saking sangandhaping uwit pelem, wasana uwit pelem lajeng kasamber ing gelap, pun Yusu kaet sarwi wicanten makaten, Oladalah, lrahayune aku wis lunga saka ngisor uwit pelem, saupama aku ora lunga-lunga, bokmanawa wis mati dithothol ing gluhug, mungguh suwara kang dak rungu alamat lamat mau tetela pangandikaning allah, awit saka pangowele marang patiku, mulane banget sukurku, dene gusti allah isih anitahake aku ana dunya luwih saka ing dina iki, boten watawis dangu wonten tiyang estri wicanten makaten, Yusup, apa kowe ora karungu ing pangundangkum dene kowe teka enak-enak angon wedhusmu, sareng pun Yusup sumerep dhateng tyang estri inggal amurugi sarwi wicanten tembungipun, bok, apa parlumu teka undang-undang mara aku, tiyangestri amangsuli, aku ora rumongsa ngundang kowe, kajaba ngundang anakku si Yusp kang lagi angon wedhus ana pinggir kali, supaya wedhuse inggal di giring, awit udane sangsaya suwe sangsaya deres, sarta gelape anyamber-nyamber, pun Yusup awicanten: O, O, dadi kang undang-undang nalika aku ngeyup ing ngisor pelem mau kowe, Tiyang estri mangsuli, Iya mangkono.
Yusup wicanten bok, yen mangkono kaleru banget yen aku duweya panarima ing gusti allah kaya kang wis dak lairake, nanging kudu duwe panarima menyang kowe, awit kang saupama kowe ora undang-undang marang anakmu, amasthi aku wis mati di samber gelap, marga sadurunge uwit pelem di samber gelap aku ngeyup ana ngisore, bareng aku krungu suwara lamat-lamat dak kira pangandikaningAllah, aku inggal lumayu,kang mangkono mau, saka panemuku ora parlu yen dak banjurna panarimaku ing gusti allah,mulane banjur tampanana, tiyang estri lajeng ambekis, lo, ngger, kowe aja salingsingan panemumu, mungguh panarimamu ing gusti allah iku, ora wajib kok cupet kowe sumurupa wetumu saka bilahi, iku saka kersaning allah, saupama wis wanci tumibaning takdir, bokkmanawa kowe ora pisan-pisan amaelu pangundang ku marnag siyusup nanging sarehning gusti allah isih anitahake uripmu ana ing dunya, dumadakan osiking pangeran babarengan karo calathuku, o ngger muga kawruhana ing salawase allah iku ora duwe pangandika apa-apa mara makluke, sarta kowe sumurupa yen allah iku luwih kuwasa, isaha nyembadani apa kang dadi panuwun mu katemen-temen, mulane aja cuwa ingpanarimamu.

Candhakipun Pak Banjir

Eh dhudhukun ingsun weca, kasanira sribupati, sira yan tan manggihena, mring kagengan raja putrid, sira westhi bilahi, wus wajib bapa raratu, tan kena sesembranan, sira iku ngong titeni,saben ngucapakanthi balemongjawal. Pak banjir miarsa wuwus, kacathet dirangin-angin, pan wau nalikanira, duta rorembag neng wuri, sarapate kaistara, yen kobra julig ingkang ngambil. MOngka pak Banjir satuhu, mring kobra julig dereng wrin, sumarma pak Banjir ngucap, nyalemong kobra lan julig, wicaranya leres uga, yen duratmaka jropuri. Kang samara panggenanipun, lan rinegsa sakeh jalmi, ing samajad datan wigya, ingkang wigya ngambil pasthi, duratmaka kang wus kobra, julige lawan sinelti. Nanging pak Banjir yen muwus, cangkiwingan tan dumeling, kangambil golek kancana, pasthi lamun kobra julig, dumadakan kaleresan, malinge sijobra julig. Sumarmi pating palinguk, maling ro nyana kaelik, yata malih winursita, ling nyajulig mamedeni, nging pak Banjir saya tatas, ayem ari denira ngling. Ehya kangmangkono tuhu, wus lumrah para narpati, ora kena sesembranan nangingmungguh nalariki, saya sudhah tau jugak,kiratra dhak kecil ati. Ing mau nalika ingsun, neng wisma uwis udani, yen maling nge roro genah, ya ta si julig miarsi, mring pak Banjir wuwusira, garjiteng tyasnya ta sidik. Julig kobra ting kacemut, ariyo

den arsa angling, merang denira belaka, nyandhung sikle pak Banjir, pak Banjir gumuyu latah payo belokoha nuli. Amywa ta asiira iku, yen saweca sun alingi, tan kurang pratikel ingwang, anger golek e wis bali, yata julig lawan kobra, mendhak aturira aris. Dhuh inggih kiyai dhukun, estu kawula kang ngavil, mangke ulunkang mangsulna, kagungan golek sang putrid, pak Banjir suka gya ngucap, goleka ana ing ngendi. Ki julig sigra umatur, kawula pendhem jro siti, pojok banon jroning pura, tan wonten ingkang udani, banjir manthuk-manthuk suka, sagsana lajeng lumaris. Tan antara prapta sampun, ing ngarsanya kyana patih, duta ngaturaken samya,mesem sang anindya mantra, dene dhukun dhapur kumpra, sagsana sampun denira….. Siwakkeng byantara prabu, narendra gupuh manggihi,ki dhukun kapareng ngarsa, sakeringnya kyana patih, sigra sareng denya nembah, pak Banjir tatag tan wigih. Sang nata ngandika asru, mangkono rupane banjir, ngrasa luhur iku mokal, eh banjir payo den aglis, golek kancana kang ilang, ing engko ana ing ngendi. Pak Banjir nembah umatur, pukulun srinarapati, jeng paduka sampun susah, ing mangke estu kang panggih, ingkang data nkalayatan, golek kancana kapasthi. Itu sayua sudhah tau, narendra miarsa runtik, sira ngucap cara apa, laline ngarsaning gusti, sudhah tau basa apa, basa Mlayu mung sacuwil. Mengko yen nora katemu, amesthi sria bilahi, yen ketemu ingsun ganjar, payo maturakang becik aja kaya janma jawal, pak anjir nembah tur nya ris. PUkulun ingkang saestu,kagungan sang raja putrid, kawarni golek kancana, tinaretes sosotyadi, ing samangke dereng ical, lagya pinendhem neng siti. Pojok banon jro kedhatun,kang mendhem pandung sinegti, janma saking katebihan,pun pndung amba wetawis, tan wangsul sabab uninga, ulun paduka timbale. Pak Banjir angawe gupuh, pun kobra lawan pun Julig, kalih kinen dhudhuk sigra, sareng mintar andhudhuki, tan antara wus kapanggiya, cingak kang samya ningali. Jalma jropura srungungun, dhukun awas setan sipi, sang prabu suka tumingal, ngandika mring kyana patih, ganjarrena si dhukun agya, kalawan junjungen linggih. Jenanga kiyai dhukun, lihen jenanenge pak Banjir,kyai Guru Kartabasa, dadiya dhudhukun mami, kalawan panjinen pangan, myang pasebane kang musthi. Ing tembe yen ana prelu, sun timbale den agelis, kyapatih matur sandika, golek wus katur sangaji, pinaringken mring sang retna, birat kingkinya sang putrid.
Pratikelira pak Banjir, lir dhukun Sidik sanyata, duratmaka sakarone, julig kobra langkung suka, deratn kawanguran, dening ra culikeng ratu, lulus ing pangabdinira. Temah janma romantuni, denira laku culika, wit jrih mring dhukun aase, tur kekalih jalma digbya, binalithuk mring kompra, julig kobra sru sumuyut, temah adarbe panyipta. Mring dhukun arsa nglabeti, ingkarya samongsa mongsa, kuneng kyapatih kang kinon, nembah lengsersaking ngarsa, pak Banjir wus binegta, sapraptanya dalemipun, pak Banjir sampun ginanjar. Ing arta kang satus ringgit, lan sinupanci wulanan, pak Banjir dajat sukane pamitan tuk wus kalilan, mangggul kanthong gya mintar, samarga-marga macucu, ketang denya kaleresan. Ing wuri datan pinikir ciptane yen kadrawasan,mung bakal ilang uripe, yata banjir prapteng wisma, cingak jalma sak desa, pak Banjir sumiweng ngratu, dupi mulih manggul reyal. Akrabe suka tan sipi, pakne Tajem milu bungah, gunggung pak Banir awase, ambarubul tongga-tongga,gumeder atetanya,pak Banjir nora sumaur, banjir niba lumah-lumah. Aneng bale lan menyanya, jangan banyak-banyak Tanya, yng itu musthi trak bole, bilng ati sudhah terang, dhari segala rupa,purbuku nyang bilang temtu, gumuyu sakeh kang myarsa. Lo salinlagu pak Banjir, kaya cana malih jawa, cara mlayu kitha Leplo,prandene kang gonagara, neng na kang samya suka, pakne Banjir mubra-mubra, yata genti winursita. Wonten juragan sinugih,unggul sasami nangkoda,, barang kang warna male, aslinira jalmakusta, dagang anjajah praja, wasta kang koda kubiyun, nalika neng prajaliya.

Taksih wonten candhakipun.

Ongka 45, Kemis kaping 11 Dhesember 1879

SURAKARTA
Anerusi panjurung ingkang kasebut ing Bramartani ongka 33,.
Menggah pejahipun tiyang nama Truna Dipa Sarana kasanjata dening durjana wonten ing griyanipun wanadi meja ing dhusun Ngronggatlaga: ing mangke saget sinambedan utawi jinurung kabuling pujinipun panon ingkang rinengga linuting sekar kinanthi cacah kalihpada, inggih punika panewu dhistrik ing Nglawang Ngampel, ingkang ambawahaken ing dhusun Ngronggah, sampun anyepeng tiyang titiga ingkang kaakwa lampah kadurjanan wau, prakawisipun sampun kauluraken wonten ing ngarsa pangadilan sarta ungapipun ing nalar wonten tetelanipun tiyang titigapunika sami anglampahi kalepatan kados ingkang dados tarka.
Amila kula sakelangkung amumuji lestantuning tumemenipun rumeksa ing tata tentrem panewu ing dhistrik Ngawang wau supados saget anuwuhaken katarimahipun nagari ngantos anjalari kamulyanipun ing tembenipun.

Katandhan Wartasjati.

Ing Bramartani ongka 44, Kemis kaping 4 Dhesember 1879 wonten palimarma amurih raharjaning pakampungan supados para ingkang wajib amarsudi kencenging parundhan dhateng salebeting kampong, jalaran sapunika bilih dalu asring riwis-riwis grimis tur petengan, kula asring leledhang dhateng tanah iring kidul panuju kabupaten Mataraman, patrolanipun suwengbleng, kula awon nganggur tanglet wangsulanipun ingkang kula tangledi pancen patrolan tanpa isi pangagengipun udur kaliyan kancanipun mantra tuwin pangindhung mila suwung, kula jomblong, dene prenahipun kiwa pajagenipun ngantos kapiran wangunipun kok kalajeng boten kagalih, upami kajagiya ing tiyang tur regeng, sarta boten damel rugi waragading padameling griya gredhu. Pun Pangowel
Mugi kagalihha para ingakng kagungan bek ingkampung wau.
Juru ngarang.

Enggal punika kula kintun serat dhateng tuwan H. Buneng, ing Yogyakarta, nedha tumbas buk sareng kula tampi welingan kula buk wau saking sepur sampun pinanggih udhal-udhalan sakin gbuntelipun sarta buk kipun katingal saatawis reged ambok manawi tilas dipun waos ing dalem 3 utawi 4 dinten pyambak sarta saking ciptanipun ingkang bkak bungkusan wau bok bilih wonten isinipun barang ingkang pengaji, wasana isinipun teka buku, inggih lowung naming dipun waos,menggah pratrap ingkang mangkaten punika punapa botena malampah kadurjanan sarta kenging kagugataken ing pangadilan.
Katandan B

YOGYAKARTA
Bawah Penatusawijaya ing dhusun Pandhawa dhistrik Gamping kabupaten Suleman kasrambah sasakit kewan maesa tuwin lembu ingakngpejah kenging sasakit wau wonten 10 iji, kewan ingakng kasrambah cakemipun murah, bdanipun anglelur sirna kakuwatanipun bten dangu mak kalengkeng lajeng pejah para tiyang dereng sumerep punapa ingakngdados wiwinih ing sasakit waku.
Kula wumerep tiyang anglampahaken garobag wasana lembunipun lajeng kaparag ing sasakit mangkaten wau sanalika ambruk mak galoso, ingkang gadhah enggal

anandukaken akal inggihpunika cangkeming lembu kacanga dipu lebeti gendhis jawi, sareng sagedngulu antawis dinten lajeng saras, saking pangintening tiyang tuwuh ign sasakit wau saking kalih prakawis ingkang sapisan ksaking walang racun ingkang manggen wonten ing rambut manawi kewan kalebetan amasthi lajeng sakit ingkang kaping kalih saking akalingpara tiyang supados para Pakter tumuntenna angsal kauntungan inggih punika ambucal warangan wonten ing parumputan ingkang kaangge angon maesa lembu. (Tuwan Mailse ing Surakarta sade jampi sasakit kewan sampun kathah kata linapun biluh jampi wau maedahi☺)
Tangggal kaping 1 wulan punika, kanjeng tuwan residhen kairid ing para amtenar Opsir, tuwan ingkang maos sisiti ing Ngayugya, sinarengan kanjeng gusti pangeran adipati Ariya Prabu Suryadilaga, sarta kurawa Pakualaman, rawuhing karaton dalem amethuk sampeyan dalem miyos sinewaka, prelonipun jumenengaken kanjeng pangeran Juru, kanjeng raden Adipati Danureja tuwin Kanjeng Pangeran Kusumayuda. SAreng ingkang sunuhun sampun ngarsakaken andhawahi tmbalan dalem, kanjeng tuwan residhen Panbruk Mratelakaken timbalan dhawuhipun kanjeng ugpremen, ing wusanakanjeng tuwan ngandika, bilih unduripun kanjeng raden Adipati Jalaran saking panuwunipun piyambak dene prateondha manawi kanejng gupremen tarimah anggeniun kanjeng raden Adipati wau, anindakaken padamelan nagari, inggih mila kaangkat dados pangeran sartapinaringan pansiyun.
Nunten kangjeng tuwan ngandika mratelakaken kuwajibanipun patih dalem ingkang kajumenengaken saking pamireng kula pangandikanipun kanjeng tuwan residhen kados mangkaten, raden adipati Kula among gadhah panedha, mugi gusti allah amarengi raden adipati kalilaana anglestantunaken tindakipun kyai pangeran Juru, lenggahipun raden adipati kula upamekaken kados lampahing toya ing benawi, toya wau saupami lampahipun ayem lestantuna kados karaharjanipun siti tuwin tiyang ageng alit sadaya, rehning tanem tuwuh tansah gesang, bilih benawi wau banjir kula pestekaken manawi dados karisakanipun sadaya,mila manawi pangerehipun raden adipati ayem kados toya kasebuting ngajeng wau, lestantun ugi raharjaning pun nagari. Mugi mugi manawi raden adipati amariksani siti padhusunanipun nagari Ngayugya, tiyang ageng alit salamenipun wageda muji karaharjanipun jalaran saening pranatanipun raden adipati, sampuna kirang tentremipun nagari, karaharjanipun tiyang alit ageng sadaya ingakng kula pasrah, ingang kula tikip in grade adipati, pamuji kula dumugi ing jangji raden adipati nglestantuna pitayanipun ingkang sinuhun kanjeng sultan utawi pitayanipun ratu kula winakil ing kanjeng tuwan ageng ingkang wicaksna guprenur jendral.
Darmarsita.

SAMARANG
Ing mangke titiyang ing kampong sauruting pasisir kitha Samarang sami anandhang susah,jalaran kaparag sasakit benter tis utawi kasrepen inggih punika ing kampong Tawang Bugisan tikung, pabeyan sarta tuwin kampong sanesipun sauruting pasisir, pasambating para tiyang ingkang kasrambah sasakit wau sami pating galereng ngantos rame, saben dinten amasthi wonten ingkang pejah, dene ingkang kasrambah langkung sanget sarta tiyangipun kathah ingkang pejah ing kampong Tawang, awit saking sasakit punika ngantos kathah griya ingkang sueung dipun tilar ngili utawi tirah dhateng ig kampong sakiduling kitha ingkang awanipun radi asrep griya griya ingkang dumunung ing kampong urut pasisir ngantos tanpa aji, sampun ingkang kapurih numbas yen puruna, ambok kapurih ngenggeni tanpa prabeya inggih boten purun awit awanipun anuwuhaken sasakiting sarira

SURABAYA

Tupan Inspektur Jendrale kareta api gupermen anyariyosaken biulih angsal-angsalanipun baaraning para tiyang ingkang sami numpak karetaapi ing Surabaya-pasuruwan tuwin Malang ing salebetipun wulan oktober ingkang nembe kalampahan 107515 rupiyah, ddos ing dalem sadinten kemawon angsal-angsalanipun langkung saking 3000 rupiyah.

Sawenehing bongsa Armender kala tanggal kaping 18 wulan ingkang kapengker punika sampun anganyut tuwuh sarana sanjata ingkanthonging rasukan wonten sertipun ungelipun makaten: Nyonyah rondhael ing embang aku tresna banget marang kowe, tansah dadi woding ngati, ing mengko kowe dak pujekake lastariha, aja kongsilali marang aku, amirit ungeling serat ambok manawi tuwan wau sengsem dhateng bokrondha, nanging boten kasembadan mila kelampahan nganyut tuwuh wau, kados rondha wau nyonyah Cina lathinya amingis-mingis.

Jurugubah

PANARAGA MADIYUN

Ing salebetipun wulan Oktober tuwin Nopember ingkang nembe kala,pahan punika ing dhistrik JIbeng katingal rame sanget awit sakathahing bendungan ingkang mentas rampung dipun dandosi, lajeng kapasangan tarub kaangge bujana drawina sarta mawi tayuban dene ingkang sami bujana inggih para prayantun ing dhistrik Jibeng sadaya tuwin pangagenging dhusun sawatawis ingkang dados pangagengipun raden ngabei Jayengdipura wadana dhistrik JIbeng akaliyan bekta janewer 2 ples konyak sabotol tuwin maenad satunggal lajeng kaunjuk sarta kasate wonten ing ngriku, sarta saben pasamuwan wonten ing bendungan klangenanipun taledhek kethek 4 iji ingkang sampun misuwur kala dinten Akad kajogedaken wonten ing pandhapi panaraga boten kenging kantun kantun ing mangke taledhek kethek wau sangsaya bagnkit sampun kados dene manungsa, sarta mangretos dhateng satunggil-tunggiling lagunipun ing gendhing.

NAGARI CINA

Nagari Cina taksih kemawon anggenipun siyaga badhe tempuk aprang kaliyan Jepang, ananging saking panginten wiwitipun aprang taksih lami,awit sadaya kemawon boten tatindakaken akalayan rikat pramila kakinten bok manawi sedyanipun among badhe nganggras dhaten gJepang kemawon supados ajrih lajeng amangsulaken pulo pulo Liyukiyu.

Jendral laut Cina sampun tindak atitipariksa baita perang ingkang wontening Poko, sawatawis baita peang badhe kaborong sakathahing jungperang sami kadadosan akathah tiyang monca praja dhateng ing nagari Cina sami amiminta kadadosna pandheganing baita perang, ananging wonten sawenehing serat kabar angenget dhateng para tiyang wau, supados adamela prajangjiyan ingkang terang akaliyan gupermenCina, awit pranatan ing ngriiku kirang prayogi,lepiyanipun kados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika.

Anuju satunggil dinten pandheganing baita perang Cina dhateng ing Kanton ing ngriku amanggih udur kaliyan swenehing putranipun priyantun ageng ngantos dados kerengan putraning prayantun ageng anandhang labet ing nalika pandheganing baita wangsul ing Poko tumuntenkacepeng tanpa kapriksa lajeng dipungebagi akalayan deling kaping 40 gebagan sarta kasuda pangkatipun ing wau blanjanipun 200 tail ing mangke mung 40 tail mangkaten punika ingkang dados pangadilanipun ing ngriku.

Wartos saking Poretdhekok redi inggil Padhang kados ing ngandhap punika
Wonten Cina singkek titiga nunggil sagriya, ing wanci enjig para cina wau sami nedha, boten dangu ingkang satunggal lajeng kantaka dhawah sngandhaping meja sarta pejah ngenggen satunggilipun karaos sakit padharanipun bingung anubras-nubras sarta engggal amendhet lading kadamel ambelek wetengipun sanalika usus ipun medal pating kelawe saha lajeng pejah, satungalipun mali ugi karaos sakit padharanipun pratingkanipun kalintangan nanging lajeng gadhah akal angombe toya klapa, ingkang lajeng andadosaken mayaring sakitipun saking pangintening polisi singkek titiga wau kenging wisa, nanging dereng katitik sinteningkang nandukaken.

Para sujanma Arus tuhu lamun amangarah gambuh marang pariwaraning sang maha yogi, ingkan gwus kontap mahanu, kretarteng sanggyaning kawruh. Ing Mekah dudunungipun kang wianrtekaken duk alunggguh, neng paoman mring pramurid kang sumiwi, samangkana sabdanipun, keh sakehe siswaningong, en jeneng para ayun molih dyana wila linuhung, yeku kaprasidan kang ginantung dening irayang sipat ngalimun direng rat pasuptandon. Aja wiyang sireku, angaastawa mring darmapitutur, wang astha bab ingkang tan moit rinirig, nahen sajuga babipun padha ngara ade pugoh. Pratiteng rehan tyasu alusa ing toya lenanipun anayuta mring salir bramateng ati, sapa kang gambuh puniku, tondha lamun budin wong. Kaping dwi kudu weurh, marnag sulak san pribadi mu, supaya doh saka sanggraning bilahi, ping tri mes tuwa sireku, mring gusti mu sang ngakatong. Karya atandhanpun ing sihira ngupya saliripun ingkang dadya kadarpan miwah angardi, sunyadya driyeng sang prabu, ping catur ywa nganti reyon. Lan mitra sahayamu balik dipunsih siniyan tuhu, wornis tuna sae kasupadimanggih, kaarsayaninditasru, kang tumuwuh sing kakaron. Lan away nganti purun ngwedharaken sanggyeng rahsanipun, sahaya myang pawong mitran ta sayekti,, ling-elingen away limut ping samalira kalamon. Nuju aneng kadhatun, maki dhupuh ngabyantareng prabu, den satata ngengis ken manising liring, nguni weh sira den luput, ya marnag sadhengah ing wong.Kang kasiden ing laku, kataman sihira sang aprabu, imen magnko rahayu mandrawasaki, pitenah kalawan asud, direngrat ingkang kalakon, Ingkang kaping nemipun mugi den tanpi lirip sabarmu, tanapi ngaksama mring sisiping swami, lan kayanana kanga gung,mrih tresna mring kwa kwatan reyon. Kang kaping saptanipun, yawn sira neng pasamuwan nuju, ywa kawahya basa mu keh-akeh nganti, yogya kang menang wong iku,mrih tebih saking kaduwong. Deta ping asthanipun Manawa sira darbe calathu, ingkang tan makoleh I tata tanapi, karya sira wong anggamu, ilat mu sik sanendumros.
Katandhan SastraSrengga

Tiyang alampah Culika: Kaduk Murka
Wonten tiyang titiga wategiupun sami culika, anuju satunggil dinten wanci dalu sami ruruknunan ngajak mandung, giliging rembagtiyang tiga samikesah, sumedya lumebet ing griyaning sudagar, ingkang kawical sugih, badhe amendheti barang amalipun sarehning sudagar punika sanget lenaning panyimpenipu amal, dados telas amalipun kabekta durjana, yatranipun ewon ingang katut, culika titiga lajeng sami andhelik wotnen ing griya alit tengah wana, dumugining panggenan punika pun culika ingkang kaleres sepuh awicanten dhateng kancanin ingkang enem tembungipun adhi rehning kowe kang kabener nom dhewe, becik tutukuwa panganan sarta omben-omben marang pasar, aku wong loro kang tunggu amale, culika ingkang enem amangsuli, iya ta kang aku duk lunga tutuku marang pasar, sarta anggawa dhuwit sawatara kehe,

boten dangu anunten mangkat watawis sepal tebihipun anggening malampah ingkang tengga amal angraosi makaten, kowe apa bungah yen amal iki mung did um kowe lan aku bar, kancanipun amangsuli, masthi bae, wicantenipun ingkang sepuh,lah Manawa mengkono si culika kang nuju lunga mengko yen mulih becik di telasi, kancanipun amangsuli, iya aku angrujuki, tiyang kalih sami ngasah berangipun sareng sampun amingis-mingis lajeng mapan sakiwatengening kontening griya, kaceiyos pun culika ingkang atutumbas sampun dumugi ing panggenan sacelaking peken, rumaos boten saged ana-anaken sayahipun, lajeng kendel athenguk-thenguk ngandhaping kajeng ringin, sadanguning kendel medal osiking manahipun makaten, saupama barang amal gon ku maling iku kabeh dadiya duwekku dhewe, iba banjur sugih ku, aku amasthi banjur gawe amoh, sarta banjur rabi loro kang ayu-ayu, dene dhuwit sarta amal mau banjur dak lakokake, yen wis akeh kaundhakane, aku banjur keri enak-enak mangan turu amuktekake awak sarta bojo ku bae, ah, yen mangkono luwih becik si bagsat loro kang ana ngomah dak patenane, supaya bias kaleksanan sedya kumau, pun culika inggal amangkat jujug ing peken panggenaning tiyang sasadeyan, atutumbasa parlunipun lajeng sadauya tumbasan ingkang warni panganan sami kaemoran warangan sareng sampun rampung panguletipun inggal kabekta mantuk lampahipun agegancangan sareng sampun dumugi sacelaking griya, pun culika anyuwanten, nyasmitani tilih piyambakipun sampun dhateng tembungipun ,e e konca-konca, padha kawruhana yen gonku lunga marang pasar uwis teka, padha udharana ta kencenging sabukmu, supaya bias enak pamangane tutukon ku saka pasar, bangsat kalih sareng miring kancanipun dhateng, inggl pamasanging bodhing angapit apit konten sarwi anyauri, lah dalah sakiki teka, o iya adhi sadurunge kok prantahi wis dak ulur-ulur sabuku, mula kumu bae enggal sekak ena, amrih sampurnane, awit aku padha ora kuwat ana anake ngeleh miwah inteir-intir wetengku, wasana sareng ingkang sawek dhateng jumangkah ing konten kasarengan dhatenging berang kakalih ingkang amingis-mingis saksana andhawah laeng pejah, bangsat kakalih sanget sukaning manahipun, boten saronta sarengpanyandhaking buntelan ing si tatedhan, saha dhokoh ing panedhanipun, nanging dereng ngantos dumugi warangan sampun anedha usus, tiyangkalih sami pating jebabah anggereng-gereng, boten dangu sami ngemasi.

Aliding dongeng mangkaten angatasipun ngagesang boten kenging apitados ing sabarang pratingkah sampun ngantos atilar weweka, langkung malih para ageng ingkang sneba para alit sampun ngantos kirang yitna, awit para alit punika asring boten wegah dhaten gpangunggung, naming amapanaken badanipun piyambak temahanipun saestu kados kamladhean angajak sempal.

CANDHAKIPUN Pak Banjir

Juragan KUbiyun manggih, who-who pinastan semongka, lintang geng langkung geng aneh isine, lan darbe pendhu sajuga, bongkot pucuk sinamar, manungsa ttan bias weruh, yawn kinarya babadheyan. Ki juragan darbe piker, arsa marang tanah jawa, nagri srawanti jujuga, ang prabu SRawantipura, kawrata sring kasukan, barang tinotohn agung sigra layer ki juragan. Barang bebektan miranti, daganga miwah tatedhan, lan tan kari semangkane, myang penthung kang sama rupa, kang badhe tinotohan, sira juragan Kubiyun, praptanya srwantipura. Wus sira mondhok prayogi,laju denira ngupaya,mring jalma kang wigya badhe, pepenthung miwah semongka, ing ngajak patarukan, toh kenceng adana agung, saleksamyang kalih leksa. Katur pounggawamyang mantra, nanging tan ana kawagang, wusana katur sang katong, pakabaraning juragan, narendra gya putusan, kyapatih ngandikan gupuh, tan

dangu sumiweng ngarsa. Sang nata ngandika aris, patih paran warteng jaba, juragan kustapraptane, apa kang kinarya ojat, kyapatih matur nembah, pukulun pawartosipun, juragan kang saking kusta. Kubiyun ponang wawangi, prelu ngejawi punika, darbe penthung langkung aneh, bongkot pucuk tankantenan, landarbe who semongka , ageng aneh isinipun, punika karsa tinotohan. Siten sinten kang kadugi, ambadhe penthung semongka, kang patitis salerese, pinten isining semongka, miwah penthung munika, kang saged mesani tuhu uningeng bongkot pucuknya.
Taksih wonten candhakipun.

Ongka 46, Kemis kaping 18 Dhesember 1879

Surakarta
Nalika dinten malem Ngaat ngrinakaken tanggal kaping 29 wulan Besar wanci jam ½ 4 griyanipun Kartawirana, pangindhung kabopaten Kaparak Tengen, katamuwan dursila pandung, sarana babah, barngingkang kawedalaken saking griya, warni sinjang bathik kasar-alus, kemben utawi iket, katepsir regi 250 rupiyah pethak, sang dursila tansah derteng narimah, taksih ngangah-angah, ningali sinjang ingkang sami sumampir, cangkelat tumunten wangsul, sedya ngukudi sinjang ingkang wonten sampiran wau, sanalika semahipun kartawirana, pinuju ngliir, kapinujon tiyang rondha pakampungan Mubenglanglang, ngubengi griyanipun kartawirana, sang pandung lajeng gambira, katungka panjritipun bok Kartawirana,sang pandung lajeng jejek gebyok, medal lajeng , lumameng genjret, dene barnag ingkang sami kawedalaken wau boten ngantos kabegta, taksih wetah sadaya.
Malah sang sursilanykani tilaran, rasukan, utawi gembes isi arta 4 dhuwit tesmsk msei tsjuy dsyunhhsl, mils nryrpi stibsdsn,psfod uvrnh, krvslsn frlrh.
Katandhan Darmacarita

Sanadyan ingkang kasebut ing nginggil punika anyariyosaken lampahipun durjana, ananging lalampahanipun pancen anggadhahi raos makaten sapa kang ora narima ing satitahing jiha ngudi marang melik temahane, tamtu kacelik.
Juru gubah

Tiyang jaler anama Dipawikrama, kuli ing dhusun Logasaba, Kedhu Kebo, berah ngrembat daganganing tiyang Bawehan ingkang panuju sasadeyan ing Surakarta, nalika kaping 14 Dhsember punik wanci siang saking ider mantuk ingpamondhokan ing ngriku dipawikramakapatah angiseni kendhi badhe kangge ngunjuk nanging kendhi wau dipun iseni uyuhipun lajengkaejogan toya, rahayunipun sawek sawatawispangunjukipun lajeng kacihna, sareng dipun pitakeni anggening gadhah patrapsasar susur punika, among supados dipun esihi lurahipun tiyang bawehan wau, daos yuhipunpunika kaanggep donga pangasiyan,mila pundiggil inggal kapurih kesah.

Nembe daluning dinten Jumungah wulan Besar punika, pinuju wulan sepuh petengan jawah riris kenceng meh sadalu pisan, dados para tiyang pakampungan sami aras-arasen medal tuwin sakeca tilem, prandosipun mas Bei,A ing Gemblegan tansah prayitna kerep medal anganglangi pagriyanipun, boten etang kajawahan, awit bramatya sarta mingut-mingut griyanipun pijer dipun tuweni durmuka kerep kenging ayamipun babon utawi sawung, terkadhang durmuka kuliling dhateng pawon barekat ucal-ucalan kang badhe dipun wade sekul senin jing enjing, pramila mas Bei amalem jumungah punika meh boten tilem sedalu, sabab sampun gadhah ing panyana yen pun durmuka dalu punika rawuh,sareng wancinipun sirep jalma pun durmuka dhateng, sak yektos ananging pun durmuka suerep bilih mas bei kerep medal anganglangi griyanipun, dados durmuka angentosi tilemipun mas bei, sareng meh bangun injing mas bei sawek leye-leyeh miring suwanten gemrobyag pun durmuka sampun mundhut sawung kang wonten pawon kabegta setunggal, mas bnei sareng sumerep dahat krodha gupuh narik dedamel medal ambnujung pun durmuka, ijen sami ijen, pun durmuka badhe lumajeng mangetan kang anjog radinan ageng ajrih tiyang patrol dados lumajeng belasak margi alit mangilen, sareng pun durmuka katututan saweg badhe kaprawasa ing dedamel lajeng mangkrak krodha nyandhak tugelan banon

katamakaken ing jajanipun mas bei sakayangipun, sanalika mas bei kataman ing tugelan banon kantep kapidhara dhawah lumah-lumah supe ingpurwawusana, ing ngriku kang sami anututi….sanget ngantos kados wonten brandhal, pun durjana lajeng lengkung-lengkung botn gagal nggene mundhut sawung, iba sumbarripun tutut Delanggu.
Panjurung.
Sareng dalunipun malih, durmuka kuliling anakoni griya sakidulipun griyanipun mas bei, ugi sami kampong Gemblegan sarehning ingkang dhawah griya boten nglegewa,pun durmuka kresa ambabah griya rambah kaping kalih panggenan prenah sakiwa tengening kori, pinuju ing ngriku wonten tiyang kaki-kaki, pun kaki sakedhap kedhap tangi…lan watuk-watuk, anaming pun kaki boten sumerep yen wontenpandung utawi yen griya dipun babah sampun sami bolong sedheng tiyang, ananming pun pandung siyos boten purun malebet ing griya, among konduripun pun durmuka mundhut babon satunggal kang wontnpawon lagi boten kauningan, ingkang kula gumuni dene celak patrolan boten mawi ajrih dhateng tiyang patrol.
Panjurung.

SALATIGA (SAMARANG, PRANATANING DHISTRIK)
Kula miring cariyosipun tiyang ing bawah dhistrik Tengaran (Salatiga) bilih ing dhistrik wau kaleres wates
Surakarta resah sanget sarta ing bawah ngriku wonten dhusunipun anama: Tingkir, punika pasingetanipun para titiyang awon.
Ing mangke kapranata prayogi sanget ing sakathahing dhusun bawahipun para carikipun amasthi sami nyerati tumrap ing register sadaya melikipun titiyanging dhusun kados ta ingkang awarni mas inten sarta barang suwek sarta barang pirantos pawon kadosta kendhil dandang tembaga, manawi tumbas utawi sade barang amasthi kedah lapur dhateng carikipun gunaning pranatan wau manawi wonten ingkang kapandungan sasaminipun panggenipun tiyang ingkang kenging tarka samun anglampahi kadurjanan amasthi kagledhah, carik bekta bukipun lajeng kaangge anocogaken kawontenaning barang, supami tiyang ingkang kagledhah pancen kanggenan barang kadurjanan amasthi lajeng katingal kemawon boten saged angawadaken bilih barnag wau anggenipun tumbas saking peken utawi saking wande.

JEPARA KUDUS.
Punika pikabaran menggah lampahipun pangaraking Penganten, ing kampong kitha nagari Kudus, ing mangke ngangge gagrak inggal, wau lare ingkang pinanganten, katumpakna reta mangirit kuda sarakit madya upacara songsong biru seret 1 dim neprelan, menur kapraos kaampil ing kusiran, penganten estri ngangge baka sri kang jalu basahan kulukanigaran tyang kang ngiring-iring sami dening nitih reta dhokar grobak, rasukanipun sami bludru inggris, dhasar ijem utawi wungu, sarimbit, bilih bongsa tuwan kaji rasukan sadariyah bludru ijem utawi wungi,kaplipita renda jene kang estri ngange rasukan bunten utawi surupan, sutra dhasar ijem utawi wungu, gelung bakor sinalangan, wonten ingang gelung kondhe cundhuk inten, kalung rante erloji ngangge kaset jene, kang jaler mawi angkuh angkuhan, ses srutu menila, caah kathahing reta grobak dhokar 50 iji ing ngajengan retanipun kang pinanganten, congklang lare jajaka 12 iji, rasukan jasjasan, clona panjen panjen tuwungwangun nagari, paculan, kaplipitan renda jene mawi bulu bulu muter ing margi ageng klayan nyander kawastanan jendralan, mila kang reta kang satunggal reta, sewanipun saingga

25 rupiyah, dhokar utawi grobak 3 rupyah kang semanten wau kangge sinoman, bilih waktu ngiring iring penganten boten saget pikantuk tumpakan mesthi bayar arta, sak regi sewanipunreta ing nginggil.
Darmawarsita.

MADIYUN
Kala kaping 28 Nopember ingkang nembe kalampahan ing dhusun Gambiran (Maespati)……. Damel sidekah bresih dhusun adapt bilih bresih dhusu amasthi mawi nata ….pradongga dipun ibing taledhek sagedhagan punika boten mawi, dumadakan wonten sawenehing wanita anama M, ingkang mastani…… mawi bok M kapanjingan setan ing nalika punika pra tiyang sepuh ing dhusun ngrika sami andhodhok wonten sangajengipun bok M, wau sarwi wicanten mangkaten, kula badhe anyarukrami,menggahrawuh panjenengan sampeya punapa wilujeng, bok M amangsuli: iya, sarta yen kowe during sumurup iya aku kang duwe omah joglo jejer pitu ingpundhen kae, teka ku marene iki arep takon ya gene aku ora di tangggapke taledhek mulane saiki akubakal anjaluk liru wong desa kene siji bae, para tiyang wau awicanten: o Kyai, samun duka mindhak damel susahipun putra wayah sampeyan nriki sadaya, benjing kula tanggapaken saunika sampeyan undur mawon bok M tumunten kapikul dhateng pundhen akalayan dipun kutugi sarta sinekaran urab-urab sareng sampn mantun kapanjingan setan lajeng kaantukaken.

MENADHO
Ing nalika pundhating wulan September raja ing Bolang MOngondho rawuh ing Menadho acanthi tiyangkathah, wartosipunbadhe papanggiya akaliyan kanjeng tuwan residhen, tangal kaping 4 Oktober kanjeng tuwan REsidhen atampi serat suraosipun amratelakaken mila rawuhipun sang raja acanthi tiyang kathah jalaran saking sedyanipun badhe damel dahuru wonten ing Menadho awit sakingpunika kanjeng tuwan residhen tumunten animbali tuwan asisten residhen militer komandhan tuwin jaksa, supados arerembagan punapa ingkang kedah dipun tindakaken murih sampun ngantos kalajeng wonten dahuru, kapanggih ing rembag kedah angatos-atos kalajeng wonten dahuru, kapanggih ing rembag kedah angatos-atos griya-griya pajagen dipun wewahi soldhadhu,saha baita perang trom kasadhiyakaken supados manawi sang raja lumajeng akalayan numpak baita lajeng kenging kacepeng, sasampunipun sadhiya kanjeng tuwan residhen tumuntenangaturi sang raja rawuh ingdalemipun ananging sang raja boten karsa rawuh, dipun entosi ngantos ing dinten isnen meksa boten rawuh, kanjeng tuwan residhen lajeng amatah tuwan kontrolir dhateng ing pamondhokanipun sang raja, anumpak karet kgunganipun kanjeng tuwan residhen mawi kairing ing soldhadhu kalih welas iji, sareng tuwan kontrolir kacundhuk akaliyan sang raja, amratelakakenbilih kautus angaturi, sang raja tumunten tumutur tuwan kontrolir salaejngipun kajujugaken ing riya kunjaran tumunten acanthi tiyang ingnagari ngriku anggadhahi atur bilih sang raja sampun parentah mejahi tiyang ing nagarinipun 27iji, ingkang boten gadhah dosa, saha sang raja sampunkathah anggenipun damel piawon awit saking mangkatenpunika kathah tiyang ingkang angajeng-ajeng langkung ….yogi ing nagari bolang kadoekekan prayantun bongsa Eropah amasthi titiyang ing ngriku boten wonten ingaknng dipun aniaya, sarta tiyang Menado boten saged dagang kopi peteng, ing amngke bilih wonten tiyang Menadho tumbas kopi peteng ingkang kedahlumados ingkangjeng gupermen, lajeng kintun

tiyang ing bolang MOngondho, angaturi bibingah senjata sae utawi barang liyanipun dhateng sang raja, awit saking punika tumunten angsal palilah angedalaken kopi.

Ing nagari Ilah bawah Ngambon (Ambon) wonten tiyangjaler umur 12 taun ignkang pinasthi aneh sarandunipun inggih punika ilatipun titiga, unanipun sap tiga, dariji dasijipun sapkalih, manawi wicantenugi boten wonten botenipun kados tiyang sanesipun, ing nagari Taleut inggih wotnen tiyang aneh, awit tea mawikasinungan singat dumunung wonten ing punyeng-ngunyengan dhapuring singat wau kados singating maeenda, ananging among satunggal.

Wartos Camboran Leleresan ingkang wegig.

Ing Ongari wonten sawenehing tiyang Yahudi dhateng ing Peken kewan jalaran badhe tmbs lembu, boten dangu saking dhatengipun lajeng angsal lembu estri satunggal regi 25 rupiyah, arta reginipun lajeng kabayar nanging sakng panedhanipun tiyagn Yahudi lembu supados kaeterna dening kang sade dhatenging griyanipun tiyang ingkang sade inggih anyagahi, tiyang Yahudi lajeng mantuk wasananipun sapi wau boten kaeteraken sarehning tiyang yahudi waspada dhateng wujudipun tiyang ingkang sade lembu lajeng kaupadosan saged piannggih, nanging tiyang ingkang sade sapi narik punika tumambuh dhateng tiyang yahudi sarta boten rumaos sampun sade lembu, awit sakingpunika tiyang Yahudi lajeng anggadhahi atur gugat ingparentah, tiyang sade lembu tumunten katarik ing ngarsa pangadilan sareng kapriksa aturipun mungkir boten rumaos sampun sade lembu dhateng tiyang Yahudi, sarehne nalika bayaran tanpa saksi, tiyang Yahudi masthi kawon prakawisipun pangagenging leleresanangunadika,mokal Manawa pancen ora tuku teka telem anduweni gugat ananging sarehne ora darbe saksi,prakarane dadi iya tak kalahake, boten dangu tumunten angsal akal ingkang badhe kangge mitulungi tiyang Yahudi ingaknng anggugat sarta lajeng animbali juru sade lembu lumebet ingkamar, panggeng leresan angandika mangkaten prakara mulawanan karo wong Yahudi tak menangake, ingmengko aku oleh apa saka kowe, juru sade lembu lajeng angulungi arta 10 rupiyah, dhatengpresidhen sareng arta katamataken katondha bilih tiron presidhenngandika, iki dhuwit palsu, Manawa kowe ora bias nerangake asline kowe amasthi tak cekel juru sde lembu mangsuli, arta punika piangkanipun saking tyang Yahudi, anggenipun nykani arta dhateng kula, 65 rupiyah, arta kertas regi 10 rupiyah, 6 lembar, arta selaka 5 rupiyah, arta samantenpunika tumonja regining lembu wau, Ing mangke tiyagn Yahudi sampun tetela tumbas lembu saking pyambakipun ingkang sampun kabayar reginipun tiyang Yahudi kaleres anampeni lembu, dene juru sade lembu kaleres angsal ukumjalaran sampun ma angapusi.

Candhakipun Pak Banjir.

Yen wonten ingkang nyagahi sapinten toh sinembadan, nang koda langkung sugihe, abdipunggawa sapraja, tan wonten kang kawagang, sang nata ngandika asru, yen mengkono ayonana. Si dhudhukun pakne Banjir, konen ambatang den inggal,sarta lawan patitise, pira tohe si juragan, iya sembadanana, eh patih panemuningsun, si Juragan iku ngina. Ing Srawantipura iki, tan ana isine janma, kang widagda waskithe reh, kyana patih matur nembah, pukulun yansembada, pak Banjir kawula tantun, rumiyin punapa sagah. Yen sagah batang patitis,pun Juragan tinimbalan, punika supadi dene, paduka ywa kalingseman, kasor lawan juragan, suka ngandika sangprabu, iku bener payo agya. Timbalana si pak Banjir, yen saguh lan kabeneran,

loro iku pambatange, agedhe ganjaraning wang, kyapatih nembah medal, sapraptanya dalemipun, pak Banjir gya tinimbalan. Tan adangu sampun kerit, prapta ngarsanya kyapatya, dhinawuana satitine, anggya nata bab juragan, kang darbebabadhekan, pak Banjir atur nya saguh, gya kyana patih siwaka. Pak Banjir binegtengpuri, sowan ing ngarsa narendra, wusnya nembah sakalihe, kyanapatih aturira, abdi pun banjir sagah, ambatang ingkang satuhu, kang datan ming kalih karya. Mesem ngandika sang aji, eh pak Banjir wruh asira, yensira bias ambadhe, agedhe ganjaran ingwang, yen sira bakal cidra, pesthi yen tugel gulumu, sabab sira karya wiring. Panjenengan narapati, kongsi kalahlan juragan, tandene ngeman tohane, pak Banjir mathengtheng nembah, sarya sru denya, moar, itu saya sudhah tau, dhuh gusti sampun sumelang. Narendra sereng miarsi, eh cacat sok kurang ngajar, eh iya muliya age, besuk apa saguhira, sun adu lan juragan, patih pajarren kang galur, bakale kang babadhekan. Kyana patih gya jarwani,babpenthung miwah semongka, semongka pira isine, kang penthung pinrih ambatang, kang dibongkot pucuknya, pak Banjir nalika ngrungu, ragi kadung driyanira. Denya lancing anyaguhi, tan nyana lamun mengkana, pak Banjir nembah ature, pukulun yawn kaparenga, nuwun sumene amba, ugi among pitung dalu, yawn sampun nunten panggihna. Yata sang nata ngstuti, angandika poma-poma, iya sun anti semono, nanging sira yawn sembrana, elinga kukuming wang, yen luput gulumu jabut, bakal dadi pakan dhandhang.

Kyana patih samuun kinen mijil, dhinawuh nimbali kang koda, banjir kinen mantuk age, ubanggi pitung dalu, yata kuneng juragan prapti, ngarsaningkyana patya, dhinawuhana sampun, lamunjeng srinaranata,ingkang karsa nembadani ing sak kapti nira pona juragan. Lawan piratohira kang pasthi, ki juragan alon aturira, pukulun ingpanujune, punika tohingpenthung, ambatohi saleksaringgit,kalih ewu langkungnya, semongka puniku kawula tohi saleksa, dadya gungung kalihlikur ewu kalih, penthung miwh semongka. Kyanapatih ngandika mring abdi, si juragan kukubiyun pondhokna, sacukupe lan bature, wangenan pitung dalu, tempukane pambatang pasthi,mungguh toh karo pisan, wus pareng sang prabu, sigra lengser ki juragan, pa,ondhokan anganti ing pitungari, ubanggining narendra. Dhukun Banjir wus wianti wanti, eh pak Banjir sira aja cidra,lah uwis muliya age, pak Banjir lengser sampun, kuneng lampahira neng margi, pak Banjir langkung susah, satengah kaduwung, denya saguh lan agahan,mongka kathong temah putek poyang-paying lumaku sengkoyongan. Uyang-puyung ngayam-ayam lalis, garunengan wirangnora bakal, sakeh akal tanpa gawe, wewekane wus kusul, kaya paran gone mangsuli, lalawanan juragan, wong suwung bragundungpak Banjir brangas teras, ras-arasen tumoleh mring somah siwi, wirandhung-nunjang-nunjang. KOngsi prpteng wisma tan udani, nunjang dhingklik tiba tengah jogan, banjur turon anggeloso, biyang banjir andulu, marang sarwi gupuh nguleni, wetenge nyana lara, dene nayapayus, biyas pucet megap-megap,gagap-gagap lempuyayun den cekoki, banjir tangi garegah. Nyengkah tangan mojar bekas-bekis, cekok lempuyang mongsa warasa, bakal mati wus pesthine, biyang Banir lon muwus, sabab apa thik bakal mati,jarene ora lara, apa kowe nglalu, pak Banjir sumaur sugal,cep menenga aja pijer aceriwis, wong wadon idhep apa.

Taksih wonten candhakipun

Ongka 46, Kemis kaping 18 Dhesember 1879

Surakarta
Nalika dinten malem Ngaat ngrinakaken tanggal kaping 29 wulan Besar wanci jam ½ 4 griyanipun Kartawirana, pangindhung kabopaten Kaparak Tengen, katamuwan dursila pandung, sarana babah, barngingkang kawedalaken saking griya, warni sinjang bathik kasar-alus, kemben utawi iket, katepsir regi 250 rupiyah pethak, sang dursila tansah derteng narimah, taksih ngangah-angah, ningali sinjang ingkang sami sumampir, cangkelat tumunten wangsul, sedya ngukudi sinjang ingkang wonten sampiran wau, sanalika semahipun kartawirana, pinuju ngliir, kapinujon tiyang rondha pakampungan Mubenglanglang, ngubengi griyanipun kartawirana, sang pandung lajeng gambira, katungka panjritipun bok Kartawirana,sang pandung lajeng jejek gebyok, medal lajeng , lumameng genjret, dene barnag ingkang sami kawedalaken wau boten ngantos kabegta, taksih wetah sadaya.
Malah sang sursilanykani tilaran, rasukan, utawi gembes isi arta 4 dhuwit tesmsk msei tsjuy dsyunhhsl, mils nryrpi stibsdsn,psfod uvrnh, krvslsn frlrh.
Katandhan Darmacarita

Sanadyan ingkang kasebut ing nginggil punika anyariyosaken lampahipun durjana, ananging lalampahanipun pancen anggadhahi raos makaten sapa kang ora narima ing satitahing jiha ngudi marang melik temahane, tamtu kacelik.
Juru gubah

Tiyang jaler anama Dipawikrama, kuli ing dhusun Logasaba, Kedhu Kebo, berah ngrembat daganganing tiyang Bawehan ingkang panuju sasadeyan ing Surakarta, nalika kaping 14 Dhsember punik wanci siang saking ider mantuk ingpamondhokan ing ngriku dipawikramakapatah angiseni kendhi badhe kangge ngunjuk nanging kendhi wau dipun iseni uyuhipun lajengkaejogan toya, rahayunipun sawek sawatawispangunjukipun lajeng kacihna, sareng dipun pitakeni anggening gadhah patrapsasar susur punika, among supados dipun esihi lurahipun tiyang bawehan wau, daos yuhipunpunika kaanggep donga pangasiyan,mila pundiggil inggal kapurih kesah.

Nembe daluning dinten Jumungah wulan Besar punika, pinuju wulan sepuh petengan jawah riris kenceng meh sadalu pisan, dados para tiyang pakampungan sami aras-arasen medal tuwin sakeca tilem, prandosipun mas Bei,A ing Gemblegan tansah prayitna kerep medal anganglangi pagriyanipun, boten etang kajawahan, awit bramatya sarta mingut-mingut griyanipun pijer dipun tuweni durmuka kerep kenging ayamipun babon utawi sawung, terkadhang durmuka kuliling dhateng pawon barekat ucal-ucalan kang badhe dipun wade sekul senin jing enjing, pramila mas Bei amalem jumungah punika meh boten tilem sedalu, sabab sampun gadhah ing panyana yen pun durmuka dalu punika rawuh,sareng wancinipun sirep jalma pun durmuka dhateng, sak yektos ananging pun durmuka suerep bilih mas bei kerep medal anganglangi griyanipun, dados durmuka angentosi tilemipun mas bei, sareng meh bangun injing mas bei sawek leye-leyeh miring suwanten gemrobyag pun durmuka sampun mundhut sawung kang wonten pawon kabegta setunggal, mas bnei sareng sumerep dahat krodha gupuh narik dedamel medal ambnujung pun durmuka, ijen sami ijen, pun durmuka badhe lumajeng mangetan kang anjog radinan ageng ajrih tiyang patrol dados lumajeng belasak margi alit mangilen, sareng pun durmuka katututan saweg badhe kaprawasa ing dedamel lajeng mangkrak krodha nyandhak tugelan banon

katamakaken ing jajanipun mas bei sakayangipun, sanalika mas bei kataman ing tugelan banon kantep kapidhara dhawah lumah-lumah supe ingpurwawusana, ing ngriku kang sami anututi….sanget ngantos kados wonten brandhal, pun durjana lajeng lengkung-lengkung botn gagal nggene mundhut sawung, iba sumbarripun tutut Delanggu.
Panjurung.
Sareng dalunipun malih, durmuka kuliling anakoni griya sakidulipun griyanipun mas bei, ugi sami kampong Gemblegan sarehning ingkang dhawah griya boten nglegewa,pun durmuka kresa ambabah griya rambah kaping kalih panggenan prenah sakiwa tengening kori, pinuju ing ngriku wonten tiyang kaki-kaki, pun kaki sakedhap kedhap tangi…lan watuk-watuk, anaming pun kaki boten sumerep yen wontenpandung utawi yen griya dipun babah sampun sami bolong sedheng tiyang, ananming pun pandung siyos boten purun malebet ing griya, among konduripun pun durmuka mundhut babon satunggal kang wontnpawon lagi boten kauningan, ingkang kula gumuni dene celak patrolan boten mawi ajrih dhateng tiyang patrol.
Panjurung.

SALATIGA (SAMARANG, PRANATANING DHISTRIK)
Kula miring cariyosipun tiyang ing bawah dhistrik Tengaran (Salatiga) bilih ing dhistrik wau kaleres wates
Surakarta resah sanget sarta ing bawah ngriku wonten dhusunipun anama: Tingkir, punika pasingetanipun para titiyang awon.
Ing mangke kapranata prayogi sanget ing sakathahing dhusun bawahipun para carikipun amasthi sami nyerati tumrap ing register sadaya melikipun titiyanging dhusun kados ta ingkang awarni mas inten sarta barang suwek sarta barang pirantos pawon kadosta kendhil dandang tembaga, manawi tumbas utawi sade barang amasthi kedah lapur dhateng carikipun gunaning pranatan wau manawi wonten ingkang kapandungan sasaminipun panggenipun tiyang ingkang kenging tarka samun anglampahi kadurjanan amasthi kagledhah, carik bekta bukipun lajeng kaangge anocogaken kawontenaning barang, supami tiyang ingkang kagledhah pancen kanggenan barang kadurjanan amasthi lajeng katingal kemawon boten saged angawadaken bilih barnag wau anggenipun tumbas saking peken utawi saking wande.

JEPARA KUDUS.
Punika pikabaran menggah lampahipun pangaraking Penganten, ing kampong kitha nagari Kudus, ing mangke ngangge gagrak inggal, wau lare ingkang pinanganten, katumpakna reta mangirit kuda sarakit madya upacara songsong biru seret 1 dim neprelan, menur kapraos kaampil ing kusiran, penganten estri ngangge baka sri kang jalu basahan kulukanigaran tyang kang ngiring-iring sami dening nitih reta dhokar grobak, rasukanipun sami bludru inggris, dhasar ijem utawi wungu, sarimbit, bilih bongsa tuwan kaji rasukan sadariyah bludru ijem utawi wungi,kaplipita renda jene kang estri ngange rasukan bunten utawi surupan, sutra dhasar ijem utawi wungu, gelung bakor sinalangan, wonten ingang gelung kondhe cundhuk inten, kalung rante erloji ngangge kaset jene, kang jaler mawi angkuh angkuhan, ses srutu menila, caah kathahing reta grobak dhokar 50 iji ing ngajengan retanipun kang pinanganten, congklang lare jajaka 12 iji, rasukan jasjasan, clona panjen panjen tuwungwangun nagari, paculan, kaplipitan renda jene mawi bulu bulu muter ing margi ageng klayan nyander kawastanan jendralan, mila kang reta kang satunggal reta, sewanipun saingga

25 rupiyah, dhokar utawi grobak 3 rupyah kang semanten wau kangge sinoman, bilih waktu ngiring iring penganten boten saget pikantuk tumpakan mesthi bayar arta, sak regi sewanipunreta ing nginggil.
Darmawarsita.

MADIYUN
Kala kaping 28 Nopember ingkang nembe kalampahan ing dhusun Gambiran (Maespati)……. Damel sidekah bresih dhusun adapt bilih bresih dhusu amasthi mawi nata ….pradongga dipun ibing taledhek sagedhagan punika boten mawi, dumadakan wonten sawenehing wanita anama M, ingkang mastani…… mawi bok M kapanjingan setan ing nalika punika pra tiyang sepuh ing dhusun ngrika sami andhodhok wonten sangajengipun bok M, wau sarwi wicanten mangkaten, kula badhe anyarukrami,menggahrawuh panjenengan sampeya punapa wilujeng, bok M amangsuli: iya, sarta yen kowe during sumurup iya aku kang duwe omah joglo jejer pitu ingpundhen kae, teka ku marene iki arep takon ya gene aku ora di tangggapke taledhek mulane saiki akubakal anjaluk liru wong desa kene siji bae, para tiyang wau awicanten: o Kyai, samun duka mindhak damel susahipun putra wayah sampeyan nriki sadaya, benjing kula tanggapaken saunika sampeyan undur mawon bok M tumunten kapikul dhateng pundhen akalayan dipun kutugi sarta sinekaran urab-urab sareng sampn mantun kapanjingan setan lajeng kaantukaken.

MENADHO
Ing nalika pundhating wulan September raja ing Bolang MOngondho rawuh ing Menadho acanthi tiyangkathah, wartosipunbadhe papanggiya akaliyan kanjeng tuwan residhen, tangal kaping 4 Oktober kanjeng tuwan REsidhen atampi serat suraosipun amratelakaken mila rawuhipun sang raja acanthi tiyang kathah jalaran saking sedyanipun badhe damel dahuru wonten ing Menadho awit sakingpunika kanjeng tuwan residhen tumunten animbali tuwan asisten residhen militer komandhan tuwin jaksa, supados arerembagan punapa ingkang kedah dipun tindakaken murih sampun ngantos kalajeng wonten dahuru, kapanggih ing rembag kedah angatos-atos kalajeng wonten dahuru, kapanggih ing rembag kedah angatos-atos griya-griya pajagen dipun wewahi soldhadhu,saha baita perang trom kasadhiyakaken supados manawi sang raja lumajeng akalayan numpak baita lajeng kenging kacepeng, sasampunipun sadhiya kanjeng tuwan residhen tumuntenangaturi sang raja rawuh ingdalemipun ananging sang raja boten karsa rawuh, dipun entosi ngantos ing dinten isnen meksa boten rawuh, kanjeng tuwan residhen lajeng amatah tuwan kontrolir dhateng ing pamondhokanipun sang raja, anumpak karet kgunganipun kanjeng tuwan residhen mawi kairing ing soldhadhu kalih welas iji, sareng tuwan kontrolir kacundhuk akaliyan sang raja, amratelakakenbilih kautus angaturi, sang raja tumunten tumutur tuwan kontrolir salaejngipun kajujugaken ing riya kunjaran tumunten acanthi tiyang ingnagari ngriku anggadhahi atur bilih sang raja sampun parentah mejahi tiyang ing nagarinipun 27iji, ingkang boten gadhah dosa, saha sang raja sampunkathah anggenipun damel piawon awit saking mangkatenpunika kathah tiyang ingkang angajeng-ajeng langkung ….yogi ing nagari bolang kadoekekan prayantun bongsa Eropah amasthi titiyang ing ngriku boten wonten ingaknng dipun aniaya, sarta tiyang Menado boten saged dagang kopi peteng, ing amngke bilih wonten tiyang Menadho tumbas kopi peteng ingkang kedahlumados ingkangjeng gupermen, lajeng kintun

tiyang ing bolang MOngondho, angaturi bibingah senjata sae utawi barang liyanipun dhateng sang raja, awit saking punika tumunten angsal palilah angedalaken kopi.

Ing nagari Ilah bawah Ngambon (Ambon) wonten tiyangjaler umur 12 taun ignkang pinasthi aneh sarandunipun inggih punika ilatipun titiga, unanipun sap tiga, dariji dasijipun sapkalih, manawi wicantenugi boten wonten botenipun kados tiyang sanesipun, ing nagari Taleut inggih wotnen tiyang aneh, awit tea mawikasinungan singat dumunung wonten ing punyeng-ngunyengan dhapuring singat wau kados singating maeenda, ananging among satunggal.

Wartos Camboran Leleresan ingkang wegig.

Ing Ongari wonten sawenehing tiyang Yahudi dhateng ing Peken kewan jalaran badhe tmbs lembu, boten dangu saking dhatengipun lajeng angsal lembu estri satunggal regi 25 rupiyah, arta reginipun lajeng kabayar nanging sakng panedhanipun tiyagn Yahudi lembu supados kaeterna dening kang sade dhatenging griyanipun tiyang ingkang sade inggih anyagahi, tiyang Yahudi lajeng mantuk wasananipun sapi wau boten kaeteraken sarehning tiyang yahudi waspada dhateng wujudipun tiyang ingkang sade lembu lajeng kaupadosan saged piannggih, nanging tiyang ingkang sade sapi narik punika tumambuh dhateng tiyang yahudi sarta boten rumaos sampun sade lembu, awit sakingpunika tiyang Yahudi lajeng anggadhahi atur gugat ingparentah, tiyang sade lembu tumunten katarik ing ngarsa pangadilan sareng kapriksa aturipun mungkir boten rumaos sampun sade lembu dhateng tiyang Yahudi, sarehne nalika bayaran tanpa saksi, tiyang Yahudi masthi kawon prakawisipun pangagenging leleresanangunadika,mokal Manawa pancen ora tuku teka telem anduweni gugat ananging sarehne ora darbe saksi,prakarane dadi iya tak kalahake, boten dangu tumunten angsal akal ingkang badhe kangge mitulungi tiyang Yahudi ingaknng anggugat sarta lajeng animbali juru sade lembu lumebet ingkamar, panggeng leresan angandika mangkaten prakara mulawanan karo wong Yahudi tak menangake, ingmengko aku oleh apa saka kowe, juru sade lembu lajeng angulungi arta 10 rupiyah, dhatengpresidhen sareng arta katamataken katondha bilih tiron presidhenngandika, iki dhuwit palsu, Manawa kowe ora bias nerangake asline kowe amasthi tak cekel juru sde lembu mangsuli, arta punika piangkanipun saking tyang Yahudi, anggenipun nykani arta dhateng kula, 65 rupiyah, arta kertas regi 10 rupiyah, 6 lembar, arta selaka 5 rupiyah, arta samantenpunika tumonja regining lembu wau, Ing mangke tiyagn Yahudi sampun tetela tumbas lembu saking pyambakipun ingkang sampun kabayar reginipun tiyang Yahudi kaleres anampeni lembu, dene juru sade lembu kaleres angsal ukumjalaran sampun ma angapusi.

Candhakipun Pak Banjir.

Yen wonten ingkang nyagahi sapinten toh sinembadan, nang koda langkung sugihe, abdipunggawa sapraja, tan wonten kang kawagang, sang nata ngandika asru, yen mengkono ayonana. Si dhudhukun pakne Banjir, konen ambatang den inggal,sarta lawan patitise, pira tohe si juragan, iya sembadanana, eh patih panemuningsun, si Juragan iku ngina. Ing Srawantipura iki, tan ana isine janma, kang widagda waskithe reh, kyana patih matur nembah, pukulun yansembada, pak Banjir kawula tantun, rumiyin punapa sagah. Yen sagah batang patitis,pun Juragan tinimbalan, punika supadi dene, paduka ywa kalingseman, kasor lawan juragan, suka ngandika sangprabu, iku bener payo agya. Timbalana si pak Banjir, yen saguh lan kabeneran,

loro iku pambatange, agedhe ganjaraning wang, kyapatih nembah medal, sapraptanya dalemipun, pak Banjir gya tinimbalan. Tan adangu sampun kerit, prapta ngarsanya kyapatya, dhinawuana satitine, anggya nata bab juragan, kang darbebabadhekan, pak Banjir atur nya saguh, gya kyana patih siwaka. Pak Banjir binegtengpuri, sowan ing ngarsa narendra, wusnya nembah sakalihe, kyanapatih aturira, abdi pun banjir sagah, ambatang ingkang satuhu, kang datan ming kalih karya. Mesem ngandika sang aji, eh pak Banjir wruh asira, yensira bias ambadhe, agedhe ganjaran ingwang, yen sira bakal cidra, pesthi yen tugel gulumu, sabab sira karya wiring. Panjenengan narapati, kongsi kalahlan juragan, tandene ngeman tohane, pak Banjir mathengtheng nembah, sarya sru denya, moar, itu saya sudhah tau, dhuh gusti sampun sumelang. Narendra sereng miarsi, eh cacat sok kurang ngajar, eh iya muliya age, besuk apa saguhira, sun adu lan juragan, patih pajarren kang galur, bakale kang babadhekan. Kyana patih gya jarwani,babpenthung miwah semongka, semongka pira isine, kang penthung pinrih ambatang, kang dibongkot pucuknya, pak Banjir nalika ngrungu, ragi kadung driyanira. Denya lancing anyaguhi, tan nyana lamun mengkana, pak Banjir nembah ature, pukulun yawn kaparenga, nuwun sumene amba, ugi among pitung dalu, yawn sampun nunten panggihna. Yata sang nata ngstuti, angandika poma-poma, iya sun anti semono, nanging sira yawn sembrana, elinga kukuming wang, yen luput gulumu jabut, bakal dadi pakan dhandhang.

Kyana patih samuun kinen mijil, dhinawuh nimbali kang koda, banjir kinen mantuk age, ubanggi pitung dalu, yata kuneng juragan prapti, ngarsaningkyana patya, dhinawuhana sampun, lamunjeng srinaranata,ingkang karsa nembadani ing sak kapti nira pona juragan. Lawan piratohira kang pasthi, ki juragan alon aturira, pukulun ingpanujune, punika tohingpenthung, ambatohi saleksaringgit,kalih ewu langkungnya, semongka puniku kawula tohi saleksa, dadya gungung kalihlikur ewu kalih, penthung miwh semongka. Kyanapatih ngandika mring abdi, si juragan kukubiyun pondhokna, sacukupe lan bature, wangenan pitung dalu, tempukane pambatang pasthi,mungguh toh karo pisan, wus pareng sang prabu, sigra lengser ki juragan, pa,ondhokan anganti ing pitungari, ubanggining narendra. Dhukun Banjir wus wianti wanti, eh pak Banjir sira aja cidra,lah uwis muliya age, pak Banjir lengser sampun, kuneng lampahira neng margi, pak Banjir langkung susah, satengah kaduwung, denya saguh lan agahan,mongka kathong temah putek poyang-paying lumaku sengkoyongan. Uyang-puyung ngayam-ayam lalis, garunengan wirangnora bakal, sakeh akal tanpa gawe, wewekane wus kusul, kaya paran gone mangsuli, lalawanan juragan, wong suwung bragundungpak Banjir brangas teras, ras-arasen tumoleh mring somah siwi, wirandhung-nunjang-nunjang. KOngsi prpteng wisma tan udani, nunjang dhingklik tiba tengah jogan, banjur turon anggeloso, biyang banjir andulu, marang sarwi gupuh nguleni, wetenge nyana lara, dene nayapayus, biyas pucet megap-megap,gagap-gagap lempuyayun den cekoki, banjir tangi garegah. Nyengkah tangan mojar bekas-bekis, cekok lempuyang mongsa warasa, bakal mati wus pesthine, biyang Banir lon muwus, sabab apa thik bakal mati,jarene ora lara, apa kowe nglalu, pak Banjir sumaur sugal,cep menenga aja pijer aceriwis, wong wadon idhep apa.

Taksih wonten candhakipun

Ongka 47, Kemis kaping 25 dhesember 1879

Surakarta

Wisudhan ing dinten Isnen kaping 22 wulan Dhesember taun punika.

1. Salowongipun abdi dalem panewu jaksa kabupaten Gedhong TEngen ingang kakrsakaken anggentosi Raden Ngabei Bujapradata, abdi dalem panewu jaksa Gladhag gegelengan kabupaten Ngajeng, kapatedhanama sarta sesebutan Rade Ngabei ARjapradata, akaliyanlenggah siti dhusun cacah 7 ½ jung.
2. Raden Ngabei Siswa Pradata, abdi dalem Mantri KOri jaksa ing kapatiyan kawisudha dados abdi dalem panewu jaksa Gladhag anggentosi ampas kalenggahanipun raden Ngabei Bujapradata kasebut ing nginggil kapatedhan nama sarta sesebutan anunggaksemi ingkang dipun gentosi akaliyan lenggah siti dhusun cacah 5 ½ jung.
3. Ronggasastra Supana Carikingjaksa Pradata ageng, kawisudha dados abdi dalem mantra Brajanala kabupaten ing Kaparak Tengen akalaya lenggah siti 4 ¼ jung, kapatedhan nama Mas Ngabei Jayasupana.
4. Kawula dalem pamagang anama Slamet kawisudha dados abdi dalem mantripambubut kapatedhan nama sarta sesebutan Mas Ngabei Wigyapandaya, akaliyan lenggah siti dhusun cacah 6 jung.
5. Mas Sastra WArdaya, abdi dalemJajar cariking kapatiyan kawisudh dados abdi dalem mantri Gladhag Gelengan Kabupaten Ngajeng, kapatedhannama sarta sesebutanMas Ngabei Jagawardaya,lenggah siti dhusun cacah 4 jung.
6. Kawula dalem Pamaganganama Wiryadipraya, kawisudha dados abdi dalem panewu kabayan nagari,kapatedhan nama sarta sesebutan mas Angabei Wiradipraya, akaliyanlenggah siti dhusun caacah 3 ½ jung.
7. Raden Rongga Sastra Sutirta abdi dalem mantra carik ing Pradata ageng, kawisudha dados abdi dalem mantra kori jaksa ing kapatiyan anggentosi ampas kalenggahanipun raden Ngabei Siswa Pradata, kados ingkang kasebut nginggil ongka 2 kapatedhan nama sarta sesebutanipun anunggaksemi ingkang dipun gentosi, akaliyanlengggah siti dhusun 2 ½ jung.
8. Kawula dalem magang anama Marta Atmaja, kawisudha dados abdi dalem mantra carik ing pradata ageng, agentosi ampas kalenggahanipun raden Rongga sastra sutirta, ingkang kasebut nginggil, ongka 7 kapatedhan nama sarta sesebutan Mas Ronggasastra Sutrana, akaliyan lengggah siti dhusun 1 jung sarta balonja sawulanipun 10 rupiyah slaka, gajih saben satengah taun sapisan 60 rupiyah slaka.
9. Mas Ronggasastra Prajana abdi dalemmantri carik ingpradata ageng,kakarsakaken anyenteg anglampahi sadamel-damelipun ronggasstra supana ingkang kasebut nginggil ongka 3 akaliyan balonja saben wulanipun 10 rupiyah slaka gajih 60 rupiyah slaka satengah taun sarta lenggah siti dhusun cacah ½ jung.
10. Kawula dalem magang anama Sapardi, kawisudha dados abdi dalem mantra carik ing pradata ageng, anglampahi ampas kalenggahanipun ronggasastra prajana ingakng kasebut nginggil ongka 9 kapatedhan nama Sara sesebutan Mas Ronggasastradirga, akaliyan paring dalem balonja sawulan wulanipun 10rupiyah slaka,sarta gajih saben satengah taun 60 rupiyah slaka.
11. kawula dalem magang nama Sastrasumarta, 2 Sastradirja, samikapatedhanganjaran balonja ing saben wulan 8 rupiyah slaka, sarta kalilan samimangangge saangge-anggenipung jajar carik ing kapatiyan kuluk kesting

cemeng rsukan sikepan sangkelatminongka tondha katarimahipun kasregepan kasagedan sarta mugeni budi tuwin sungkemipun ing pasuwitan.

12. anusuli wisudhan kala salebetipun wulan Besar taun Be kapengker punika, dereng kapacak ing wartos ngriki.

I. Mas Rongga wanengdimeja abdi dalem mantra Rongga dame ling kapatiyan kawisudha dados abdi dalem mantrikambeng, kapatedhan nama sartas esebutan mas Ngabei Darma margongsa,lenggah siti dhusun 7 jung

13. II. Bekel Kanoman ng kapatiyan kawisudha anggentosilelampahanipun mas Ronggawanengdimeja, kapatedhan nama sarta sesebutan anunggak semi ingkang dipun gentosi, akaliyan lenggah siti dhusun 2 jung, sadaya wau sami jungjungan ing Surakarta.

Katandhan Wartasajati.

YOGYAKARTA

Ing dhusun Magiyan dhestik Sawang ARja kabupaten Karang kumuning, wonten tiyang nami Cakrasetika, gadhahkapal ingkang lelageyanipun aneh, kapal wau ulesipun cemeng, dedeg 4 kaki, menggahkaturangganipun sae.Kados pundit anggen kula mastani lelageyanipun aneh, bilih badhe katumpakan ingkang badhe numpaki kedah dhodhok wonten sangajengipun rumiyin, menawi boten mawi dipun dhodhoki makaten sang turongga boten purun dipun tumpaki, tandhanipun boten purun lajeng bigar, nujah-nujah utawi giwar-giwar,yen ingkang badhe numpak …..sampun dhodhok wonten sangajengipun rumiyin. Sang turongga lajeng tutut kemawon, o gumunaken sanget dene wonten kewan teka gadhah manah kados makaten. (Darmawarsita).

Kendhal Samarang

Kala salebetipun wulan Dhesember rare anama Salam anakipun bok Sarening dhusun Mangkang wetan dhistrik Kaliwungu, saweg pinuju dolan amanggih tromol alit satunggil lajeng kabekta mantuk sarta kasukakaken biyungipun sarengpethi kabikak isi arta 100, 10, rupiyah, supe sarakit maripat inten lantakanmas 1 supe maripat pingul, 1 sikat inten tuwin waja, alik abok Saren ambikak pethi isi barang tuwin arta kados mangkaten wau sakalangkung kaget sarta lajeng kamitenggengen sapandurat boten saged ngucap,ing mangke barnag tuwin arta kasimpen wonten ing parentah, badhe paringaken dhateng tiyang ingakng ngaken gadhah sarana pratondha yekti.

JEPARA KUDUS

Kawula nuwun, ing nagari Kudus wonten sajuga priyagung estri sepuh, randhanipun piskal ing nagari Japara, nama Raden Ayu Sutareja, tampi pensiyun 35 rupiyah, ing mngke yuswanipun sampun 100 warsa, taksih bergas, bilihlumampah geger wungkuk, sirah tumungkul ing dhengkul, saprandening nettra taksih awas mulat tanpa tismak, rema palihankathah cemengipun katimbang klayan pethakipun ,semantena ponang waja taksih kekah, tinatah wiji timun kesikan bilih dhahar gorengan jagung, kemrapyak kadi dening mrecon barondongan, ngawonake kang neneman, gumun kula sakedhik, wonten satunggal

kalih waja kang rentah, kok saget thukul malih, ringih-ringih, kdya wajaning walang, waupriyantun ibadah salat gangsal wektu.
Ing dhestrik Undhakan, ugi wonten dhongkolanipun priyntun alit, nama Ki Tatruna, kang wau dados prajuritan dhestrik Undhakan, ing mangke taksih gesang sarimbit, yuswa 100 warsa, gumun kula sakedhik, tyang kalih wau anggenipun jajodhowan rayatipun, Jakarara, netranipun taksih sami awas-awas, wajanipun taksih sami kekah, dereng ebah, bilih ngalethaki balung sawung kadya ganyah kacang mentah, tyang kakalih wau sami saget ngoki bilih dhestrik katmuwan priyagung, pyambakipun ingkang masak-masak sami tanpa tismak weniwanipun boten sapintena, wau tyang asal sangking nagari Lemoengan abdinipun suwargi kanjeng raden adipati kang sinare ing pasareyan, Sedamukti. (Darmawarsita).

MAGELANG

Kacariyos wonten sagawon kagunganipun tuwan W, Dhepogel kontrolir kang bawahaken afdheling Magelang, segawon wau aneh sanget awit segawon kemawon pratikelipun kok kados janma, mawi siyam Senen Kemis, awit yen pinuju dinten Senen lan Kemis segawon punika boten purun nedha, sanajan kasukanan roti bregedel kangancen tedhanipun saben dinten inggih boten purun nedha, angemungaken tilem kemawon, purun-purun nedha bilih sanghyang bethara Surya sampun umasuk ing dhatulaya, pramila kula gumun sanget.
Sinten mawon tiyangipun ningali pratingkah makaten yen boten gumuna, sanajan ingkang kagungan inggih eram, tiyang segawon kok gadhah kaengetan kang kados makaten,
Prakawis punika kula samuna sumerep kiyambak amesthi boten pracados, sarta malih sampun nate karimatan dhateng ing prenah paman kula, ngantos sawulan lamenipun, inggih taksih kados makaten kemawon.
Dene cariyos kang kasebut ing nginggil punika, dereng kasumerepan ing ngakathah, angemungaken sagluthek ingkang kagungan tuwin prenah paman kula wau, sarta malih kula.
Magelang ping Diradaning nata, Dhesember tusdhaning pandhita ing ngaweran gusti,
Katandhan Kadwijanma
Manawii sagawon wau ugi boten nedha ulam celeng, sampun tamtu titisipun kaji.
Juru gubah.

INDIYA ENGGRIS

Mail ingkang dhateng kalawinginipun boten ambekta wartos kathah, saliring serat wartos basa Nederlan sami boten kabekta, wartos ingkang perlu saking indiya Enggris tetedhakanipun kados ing ngandhap punika.
Wonten wartos saking Kabul sae sanget ing wau wonten kabar bilih kathah pangageng sami kempal badhe anglawan dhaeng Enggelan ananging katranganipun wartos wau dora, Jendral Robret sampun parentah anglempakaken barang tetedhan wonten ing kitha Kabul ing mangke tetedhan wau sampun wonten kangge para soldhadhu ngantos 5 wulan laminipun among rumput punika angelpikantukipun jalaran pamendhetipun kedah saking redi, Jakupan anggenipun boten purun dados Emir sampun tita, kaceiyos langkung sae dados juru rumput awit badhe seneng ing manah, pyambakipun nganken bilih andhelikaken arta

sarana kapendhem inggih punika ingkang dipun panggih dening soldhadhu Enggris.
Ing Balaisar akathah pangangge kandel-kandel kepanggih, ingkang pancen kangge ing mas Asrep pangangge wau kapandum dhateng para kuli-kuli Enggris, jendraling Emir anama Salidin sarta tiyang Kabul sawatawis samikapatrapan paukuman kisas awit ingg griyanipun pinanggih barang-barang gadhahanipun Mayur kapaleri ingkang kapejahan wonten ing Kabul.
Akathah soldhadhu Engggris kaangsah denig para tiyag redi ing sela Sekiturgradhen sadaya meh pejah awit sendawa tuwin mimis mehpejah, tujonipun enggal katulungan dening soldhadhu liyanipun titiyang redi wau sami lumajeng.
Kala kaping 3 Oktober kareta api ingkang dhateng saking Balan….gere Benggala ambekta serat-serat mail manggih kasangsaran wonten ing Senamawit awit maleset saking ril tiyang salikur ingkang wonten ing kareta sami pejah kathah ingkang tatu.
Serat saha sinaroja pakurmatan mawantu-wantu, katur panjenenganipun tuwan redhaktur ingkang ngarang serat BRamartani.
Andadosna kauninganing para mitra ing nagari sanes bilih ingnagari Banyuwangi punika tiyangipun bongsa jawi, pitembunganipun inggih jawi, nanging cara kina.
Kadosta: basa Surakarta, aku ing Banyuwangi Ingsun
Kadosta: basa Surakarta, kowe ing Banyuwangi Sira utawi Rika
Kadosta: basa Surakarta, dheweke ing Banyuwangi Iyane
Kadosta: basa Surakarta, Ora ing Banyuwangi Using (sing)
Kadosta: basa Surakarta, kapriye ing Banyuwangi kelendi
Kadosta: basa Surakarta, mengkene ing Banyuwangi Kediki
Kadosta: basa Surakarta Mengkono ing Banyuwangi Kediku
Kadosta: basa Surakarta, apa ing Banyuwangi paran

Dene tembung Parana punika, kangge pitaken utawi wangsulan nanging manawi pitaken makaten boten kenging, kowe apa wis mangan, tiyang Banyuwangi, sira apa wis mangan, dados tembung paran boten kenging kaangge satengah ing ukara ingkang tigang tembung, kangge nipun naming wiwitaning ukara ingkang tigang tembung utawa ping langkung, anjawi ingkang kasebut nginggil punika kathah sanget beda-bedaning Sala, Klayan Banyuwangi, ananging boten usah kula prtelakaken, utawi malih manawi tmebung ngoko sala dados karma Banyuwangi kadosta: wulan Basakrama Sala sasi Basakrama Banyuwangi Klapa, Krambil.
Dados basanipun ngoko banyuwangi Klapa: wulan bocah ngoko: sala, Banyuwangi kadamel basa karma, ngokonipun rare, kathah kemawon ingkang wangsulan, wah malih tiyang jawi Banyuwangi, biloih anembungaken punapa punapa ingkang sarana, Nyuku, Ulu: taling tuwin taling tarung, ngangge aksara swara, O I I, I e, Ou, kados ing aksara Walandi au, ij, cj, ou, iku, dados ungeling suwara ing wekasaning tembung ikau, ikau, iki, dados ikei, ikij tuture tuture e toetoerij makatensalajengipun, punapa malih bilih anembungaken sagobang, ungelipun suwara sarta wedalipun pakecapan sagobyang, gambang, gambyang, tuwan redhaktur pramila kula lebetaken serat koran Bramartani punika boten pisan pisan kula maoni, jalaran sawatawis dinten punika sampun kapengker, panjenenganing para ageng banyuwangi,mundhut katrangan bab bedaning tembung Sala, akaliyan Banyuwangi, dhateng mantri gurungriku,kula inggihrumaos bilih tembung jawi, punapa dene ukara ning serat kula punika tumpang suh, nanging namung kula damel bathi wanuh, tuwin sageda srawungan dhateng para sujana ing sanesipun nagari, supados ing wingking sageda mindhak malih basa kula jawi.

Kacitra ping 4 Besar 1807, Katandhan Dwijawara
Kula sanget amangayobagyani panjurungpunika, mugi kalulusna amanjurung angudi indhakipun kaweruh, punapa malih kula amrayogekaken ing tembe, panjurungipun kadhapura pratela, sisih tembung Banyuwangi, sisihipun tembung Surakarta.

Candhakipun Pak Banjir.
Biyang Banjir meneng nuli linggih, dupi dalu pak Banjir karuna, sinung nadhah yen kaluwen, nanging tan arsa muluk, ngolang-angling tan bisa guling, mung ketang bakal ilang, ing kukum wus kosus, kinisas marang narendra, saya dadra pak Banjir temah daleming, wuwusira mangkana. Becik ngendhat dhewe awak mami, yen kongsi ya pinaten ing nata, saiba-iba wirange, okeh jalma kang weruh, dadi ujar salami-lami,yen ngendhat ora nana, manungsa kang weruh, biyang Banjir amiarsa, garunenge kanglanang sigra marpeki, sarwi mojar ngrearepa. Berambangi maras brebes mili, lo jamake wong abebojowan, yen mati weruh surupe, manira ora arus, kaya biyang ciblek ing Jethis, paduka rodhing lanang, padha rebut udur, biyang Ciblik wusira, yen dheweke apa barnag tan ngawruhi, idhepe adang manak. Kang mangkono wong wadon trayoli, llah pak Banjir Becik apa jare, lamun sidangendhat kowe, kabeh anak-anak....nora wurung gawe prihatin, ing ngong dhewe kawogan....., aku maneh ora bisa, kaya biyang Banjir...ne kepati, lunga aninggal anak. Pakne Banjir myarsa sigra alging, biyang thole sira sumurupa, kang bakal patingongkiye, wit saka luny wuwus, durung surup uwis nyaguhi, pamundhuting narendra, lamun nora jebul, babadhe kan kaluputan, karya wiranging nata lan karya rugi, uwang sepira pira. Marma ingong ginantungan pati, mesthi ginawe pangwane-ewan, ya yen nora ngembet embet, mring rayat lan sedulur, sumarmane sinidhem becik, ngong ngendhat dhedhewekan, tan ana wong weruh, ing becuk yen ana tanya, sira nuli tutura ywa wedi-wedi, nadyan utusan nata. Umaturra lamun ing ngong uwis,manjing sugci musna tan karuwan, mor lan para wali gedhe, prawali nora angsung, lamun ing \ong anyaruweni, mring tingkah paprenesan, marma ngong pinundhut, lah uwis sira kariya, ingong arsa anggebyur marnag ing kali, dimen bangke ku ilang. Biyang Banjir nangis angririntih, yen mengkono lah bok aja ngendhat, payo padha minggat bae, bengi aja na weruh, pakne Banjir aris nauri, minggat tan oleh ucap, manungsa linuhung, jumrunuh kasebut ala, wedi mati besuk nora wurung mati, nadyan padha matiya. Patut milih kang ucape becik, yata angu denya wawan ujar dupi wus wingi wayahe, pak Banjir ambaludhus, dhatan kena den gogondheli, ngindha marang bengawan, sawangan ing laut, milih kang keh driga manya, ciptanira ywa suwe gelisa mati, Pak Banjir byur nekat. Ambles mor bajul kang wira-wiri, demadakan tan cinaplik baya, myang den untal mina gedhe, temah keli kemampul, kadi bathang katut ing warih, pak Banjir angresula, detan gelis lampus, dahat matis datan betah, dhuh ya gene teka nora gelis mati,mundhak keh kang kaetang. Tingpanjelut pikir monyar-manyir, yen ginawe urip jam mak-jamak, iya bisoha ambadhe, pagene ora pecus, dikon modir dadak tan modir,meh kongsi gagat enjang, wadhuk nora mlembung, yata wus padhang rahina, denya ngeli wus andungkap ping jeladri, pak Banjir megap-megap. Kamicicilen mata mendelik, denya kinter prapteng gen baita, pak Banjir dase kajebles, ngisor candhik perahu, krasa lara dhse den gapi, nyana kabentus padhas, dene nora buncur, tangan ngalih gagap-gagap, wruh yen prau pak Banjir menek aririh, wus mentas sakin gtoya. Banjur linggih methangkrong neng candhik, dumadakan tan ana wong wikan, kalingan kelir gegedheg, dene keci puniku, ki juragan ingkang darbeni, kang darbe babadhekan, juragan kubiyun, kang sampun wontening praja, jro baita tinunggu jalma sakedhik, yata wonten sujalma. Jroning kelir tan wrin mring pak Banjir, kang rerasan kalih

sami pudhak, pinatah tengga praune, satunggil jalma sepuh, kang satunggil taruna maksih, jalma ingkang taruna, alon wuwusipun, paman weda ngong atanya, ki juragan kubiyun mring tanah jawi, kabar arsa badhekan.
Taksih wonten candhakipun.